Айдамирова Машар



# Айдамиров Абузаран дахар а, кхолларалла а

А-26

АЙДАМИРОВА МАШАР

# Айдамиров Абузаран дахар а, кхолларалла а



Элиста - 2007

ББК 83.3 Че
А 36

**Айдамирова М.А.**
А36 Жизнь и творчество Абузара Айдамирова. На чеч. яз. - Элиста: ЗАОр «НПП «Джангар», 2007. - 472 с.: ил.

ISBN 978-5-94587-234-9 © Айдамирова М.А., 2007

Айдамирова Машар Абузаровна

ЖИЗНЬ И ТВОРЧЕСТВО
АБУЗАРА АЙДАМИРОВА

*На чеченском языке*

Редактор – Машар Айдамирова
Корректор – Хамзат Юнусов
Набор – Машар Айдамировой
Верстка – Халимат Борхаджиевой
Технический редактор – Ш.Ахмаров

**Фотографии из семейного архива Абузара Айдамирова**

Подписано в печать 13.08.2007.
Формат 60x90/16. Бумага офсетная.
Печать офсетная. Усл.печ.л. 27,52+2,33 вкл.
Тираж 5000 экз. Заказ 3037.

Отпечатано в ЗАОр «НПП «Джангар»,
358000, Республика Калмыкия,
г. Элиста, ул. Ленина, 245.



*Айдамиров Абузаран ц1е яьккхича, и вевзинчар, цуьнан дош-г1уллакхаш дийцаре деш хезча, массеран а хаттар кхоллало - сел чолхечу заманан йохалла, муьлхха а 1едал т1едарах шен ц1е бех ца еш чекх муха валавелла иза, халкъан иэсехь ц1ена виса ницкъ муха кхаьчна цуьнан?*

*Тхан дас, Айдамиров Абузара, ша лайна халонаш, шен толамаш, иэшамаш, к1езиг хилла хазахетарш а, тхуна, шен доьзална, довзуьйтуш, ша дуьненчохь волуш дерриге а д1аяздира «Сан дахаран некъаш» ц1е йолчу дагалецамашкахь.*

*Цуьнан дагалецамашца, архивни материалашца ч1аг1деш, ас довзуьйту ешархошна г1араваьллачу яздархочун дахар а, кхолларалла а.*

Автор

6002

ГОСУДАРСТВЕННОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ
"ОТДЕЛ КУЛЬТУРЫ
ИТУМ-КАЛИНСКОГО РАЙОНА"

## АЙДАМИРОВ АБУЗАРАН ДАХАРАН НЕКЪАН АГ1ОНАШ

1929 шо – (лелош йолу хан 1933 шо) октябрехь вина А.Айдамиров.

1935 шо – Дуьххьара ишколе хьалхарчу классе деша вахна.

1942-43 шш. – Мескатарчу ишколехь ворх1 класс чекхъяьккхина.

1944 ш. – Казахстане д1абигна Абузаран ден 1абдулхьаькаман доьзал (февраль беттан 23-г1а де).

1944 шо, март бутт чекхболуш – КазССР Акмолински областан Акмолински районерчу №30 (Садовой) поселке д1акхаьчна церан доьзал.

1949-1950 шш. – Успеновкехь оьрсийн ишколехь шен 19 долуш шозлаг1а ворх1 класс чекхъяьккхина Абузара, бригадехь учетчикан болх а беш.

1950 шо, октябрь – 1951 шо, март – Успеновкерчу ишколехь библиотекаран болх бина.

1951 шо, март – 1956 шо, ноябрь – Успеновкерчу Т.Г.Шевченкон ц1арахчу колхозехь коьртачу бухгалтеран заместитель болх бина.

1952 шо, ноябрь – Фрунзе. Пишпекан юьртбахаман техникуме, бухгалтерийн говзалла 1амо заочно деша а вахана, цуьнан пхи курс чекхъяьккхина.

1957 шо, 1-ра сентябрь – Мескатарчу ворх1шеран ишколе хьехархо болх бан вахана.

1958 шо, июнь-август – Соьлжа-г1алахь хьехархойн кхаа беттан курсашкахь дешна.

1958 шо, август – Мескатарчу ворх1шеран ишколан директор х1оттийна.

1958-1963 ш.ш. – Нохч-Г1алг1айн пачхьалкхан хьехархойн институтехь исторически факультет заочно чекхъяьккхина.

1961 шо – Дуьххьарлера киншка «Ненан дог» (повесть) араяьлла.

1962 шо – «Винчу лаьмнашкахь» ц1е йолу стихийн гулар араяьлла.

1963 шо – Нохч-Г1алг1айн пачхьалкхан институтехь исторически факультет чекхъяьккхина.

1963 шо - «Лаьмнашкахь серло» ц1е йолуш дийцарийн гулар араяьлла.

1963 шо - Къоначу яздархойн Ерригсоюзан совещанехь делегат хилла Абузар Москвахь.

1964 шо. Апрель беттан 29 де – Нохч-Г1алг1айн АССР Лакхарчу Советан Презудиуман Указаца «Нохч-Г1алг1айн АССР школийн Сийлахь хьехархо» ц1е тиллина.

1964 шо. Октябрь беттан 2-г1а де – СССР яздархойн Союзан членашка т1еиэцна.

1965 шо – «Генарсолтин «хьуьнарш»» ц1е йолуш сатирически дийцарийн гулар араяьлла.

1966 шо – «Тхан эвлахь» повесть араяьлла.

1967 шо, сентябрь – 1969 шо, июнь – Москвахь Горькин ц1арахчу литературни институтехь шина шеран Литературан лакхарчу курсашкахь дешна.

1968 шо – «Маршонан ц1арах» роман араяьлла.

1969 – 1989 шш. – Нохч-Г1алг1айн яздархойн Союзан правленин декъашхо хилла.

1971 шо, сентябрь 25 – октябрь 10 – Турцехь хилла.

1972 шо – «Еха буьйсанаш» араяьлла.

1977 шо ноябрь беттан 24-г1а де – Нохч-Г1алг1айн АССР Лакхарчу Советан Президиуман Указаца «Нохч-Г1алг1айн АССР халкъан яздархо» ц1е тиллина.

1979 шо – РСФСР-н серлонан министерствон а, серлонан а, лакхарчу ишколийн а, 1илманийн учрежденийн а белхалойн профсоюзан Республикански комитетан соцамца «Отличник просвещения РСФСР» значок елла.

1980 шо. Декабрь беттан 9-12 деношкахь – РСФСР-н яздархойн V-чу съездан делегат хилла.

1981 шо. Июнь беттан 17-г1а де – СССР-н Лакхарчу Советан Президиуман Указаца «Къинхьегаман Ц1ечу Байракхан» орден елла.

1982 шо. Мартан 30-г1а де. – Нохч-Г1алг1айн КПСС обкоман III-чу пленумехь «Еха буьйсанаш» романна критика йина.

1983 шо. Декабран 15-г1а де – Соьлжа-г1алахь профсоюзан обкоман ц1еношкахь А.Айдамировн 50 шо кхачар даздеш суьйре хилла.

1985 шо. Март беттан 5-г1а де – СССР-н серлонан министерствон, серлонан а, лакхарчу ишколийн а, 1илманан учрежденийн а профсоюзан ЦК-н сацамца, «Отличник просвещения СССР» значок елла.

1985 шо. – «Ненан дог» ц1е йолчу гуларехь шозлаг1а арахецна дийцарш, повесташ, стихаш.

1985 шо – Иорданехь инарлас Юнусан Хьамида 1аьрбийн матте гочйина араяьлла «Лаьмнийн некъашкахула» киншка.

1993 шо, 18-г1а ноябрь – Соьлжа-г1аларчу Х.Нурадиловн ц1арахчу театрехь А.Айдамиров вина 60 шо кхачар даздира.

1996 шо, май – «Еха буьйсанаш» роман оьрсийн маттахь Москвахь араяьлла (20 эзар тираж йолуш). Иза араяьккхина Гериханов Хожас а, Ихвана а.

1996 шо. Декабран 27-г1а де – Нохчийн Республикан Халкъан Академин академикан ц1е елла, оццу Академин декъашхо а ч1аг1вина.

2003 шо. Декабрь беттан 14-г1а де – Гуьмсерчу администрацин Ц1а чохь «Еха буьйсанаш» роман араяьлла 30 шо кхачар билгалдаькккхира «Центр гуманитарных исследований» (Куьйгалхо Эльсункаев Недарсолта) д1адолорца. Оццу дийнахь НР-н Администрацин куьйгалхочо Кадыров Аьмад-Хьажас совг1атна «Волга» машен елира Абузарна.

2003 шо. Октябрь беттан 23-г1а де – Гуьмсан районан администрацин зала чохь «Вайн амалш» ц1е йолу керла книга йийцареяр.

2004 шо. Апрель беттан 3-г1а де – Гуьмсан районан администрацин ц1а чохь «Еха буьйсанаш» трилогин йийцареяр.

2005 шо. Апрель беттан 9-г1а де – Гуьмсан районан администрацин зала чохь д1адаьхьира А.Айдамировн произведенийн ялх том, «Дагийна латта» фильм йийцареяр.

2005 шо. Май беттан 27-г1а де – Айдамиров Абузар д1акхелхина.

2005 шо. Ноябрь беттан 7-г1а де – Абузар дагалоцуш Москвахь суьйре д1аяхьна.

2006 шо. Ноябрь беттан 2-г1а де – Айдамиров Абузаран Литературно-мемориальни музей схьайиллина Мескатахь.

*...Беза хьо, Нана-мохк –*
*Дай баьхна латта.*
*Хьоьца ду сан ирс а,*
*Ас мел ен ойла.*
*Хьан дуьхьа къахьега,*
*1ожал т1еэца*
*Ца луун долу к1ант*
*Дена ма войла!*

**А.АЙДАМИРОВ**

Генна лакхахь, лаьмнийн кийра бат1ош схьадаьлла Яьсси, аренна гергаг1оьртича а ца хуьлу шен каде болар дохош а, я аьрха амал к1адъеш а. Гаттийчу бердаша шен г1ад къийлар ца деза цунна, чхернаша куога к1ел ког тийсар ца лов. Яьсси х1орд-1алашоне хьаьдда доьду, ша сацон г1оьртинчунна, бакъ-т1емалочо санна, дера накха а бетташ. Лаза а до, 1овжа а до, т1аккха а шен некъах ца духу Яьсси. Мокхаза дуьхьало нисйелча гола туху турпалчу ахко, боккха готаса безаш а нисло, айми чохь пурх хьийзаш а соьцу, тоъал ницкъ гулбаллалц... хала х1ума ма ю дахар а, некъ а, цкъа чуоьзна са к1езиг ма ду и шиъ кхочушдеш дерзо. Йовхоно 1аьнаре дерзо г1ерташ хьийзадарх а, шелоно шак1ел теттарх а ца къарло Яьсси. Яьссин юхадолийла яц. Цуьнан некъ маршоне бу, сийначу маршоне. Нохчийн Яьссин йиш яц цига ца кхача... шен дуьхьа дацахь, шех тешна, шен ницкъах б1обоьлла схьакхеттачу кегийчу булкхийн, 1аннийн, шовданийн дуьхьа. Яьсси декхар ду уьш маьршачу х1орде д1акхачо.

**Иштта кхоллам бу-кха къеначу Яьссин...**
**Комаьрша Яьсси...**

Шен бердашца юькъа кхуьу хьаннаш, месала техка бецаш кхобу Яьссино. Латтанах худалой, дуткъачу тачанаша даьхначу хуора-пхенашкахула, шершшина доьдий, церан хьогахчу орамех хьаьрчий, уьш хьостий, дузадой, ораматийн-диттийн хелиг-мархалца маьлхан серлоне юха хьаладолу Яьссийн хи. Йовхоно къахкийна, хьогалло б1арздина дог1у экха-дийнат-сегилмат дукха х1уьтту Яьсси йисте. Хих зорхе 1абайой, ц1уока-наь1 дашадой парг1ат

довлий, роьта х1уьттуш соьцу уьш, Яьсси т1ера г1уьттучу 1аьнаран аьхналла дег1ана тайна. Хьогахниг хих 1абавой вохуьйту комаьршачу Яссино, сингаттамехь верг СА ойий верзаво, баланехь воллучуьнга ла а дуг1у, керчаш доьдучу шен хица цуьнан бала д1а а хьо, д1о-о генарчу паналлехь, цхьаьнне а зуламе боцчохь д1акхоссархьама.

Иштта ду-кха Яьсси, иштта бен хуьлийла а яц-кха Нохчмахкарчу Яьссин…

Яьсси йистехь, лекхачу рег1аца кхуьу дера хьаннаш д1а-са тоттуш, шена тоъал меттиг цаьргара схьаяьккхина, 1уьйренца схьакхетачу малха к1ел д1атаръелла еха шира Меската. Вайнехан турпалаллин иллешкахь хьехийра Меската, мехкан г1уллакхна маьрша к1ентий вовшахкхетачохь, «цкъа мескатой схьакхачийта вай!» - олий, т1амна 1амийна йуора дой урх озайой совцош меттигаш а яьхкина, шаьлтана буьххьехь хелхаран бохь буг1у каде къуонах санна, шаьш доллучохь уьш хьийза а деш. Акхачу бедан боларца, дуьненна къинт1ера довларан къажарца, Яьссин тог1ечуьра хьоькхучу мохо хьийзина гиччош ловзош, хин коьрте бог1учу мескатойн мехкаршна дуьхьал х1итта, цаьрца къамелашка бовла сатесна дукха листина х1оккхе генара а, уллора а кегий нах. Шовданера йог1учу йо1ана т1аьхьа хьожий, белшах теснaчу к1удалан йозалло халла къаьсташ саттийначу цуьнан букъан суртан тергам боккхий, кхин тоха са ца хуьлий, дин човхабой хьалхаоьккхура к1ант. Лаьтта вуссий, шеца цхьаьна-шина дашна сацахьара, олий дехар дора. Оьздачу к1антаца саца а соцура йо1, къамеле а йолура, воккхавуьйчу к1антах ирс а хьегош. Яхь йолчу к1енташна а, оьздачу маьхкаршна а къен яцара Нохчмохк цкъа а.

Иштта дуьйцура сийлахьчу къаноша. Къаноша харцдерг цкъа а ца дуьйций хаара кегийчарна…

1аларойн Мескатахь д1аяхара Абузаран жималла. Стигала-Деле хьалакхийдачу лаьмнаша а, 1аламатех юьзначу дерачу хьаннаша а, оьздачу адамаша а 1амийра хинволу яздархо. Махкана, халкъана пайде хила а, Дег1аста, цул т1аьхьа деригге дуьне деза а 1амийра эзарнаш шерашкахь луьттуш-ц1андина, дагош дахчийна, тахханалц лардина схьадохьучу вайнехан г1иллакхаша. Иллеша, эшар-

ша, дийцарша, туьйранаша гайтира дика-вуо, ц1ена-боьха, хазаирча къасторан билгалонаш. Ткъа даиман а х1окхуьннан бералла шена т1еехна, шех х1окхуьннан ловзар дина лаьттинчу Яьссино 1амийра ша санна маршо езаш а, комаьрша а хила, нехан дуьхьа вахар ирс хета.

Х1оккхара, х1окху башхачу ахка йистера доладелира оцу башхачу стеган дахар...

1аларойн тайпанан хьалхара да 1ала ша Нашхара охьаваьлча, х1инца 1аьлара юрт йолчохь ваха охьахиъна. Цуьнан ц1арах ю и юрт а, 1аларойн тайпа а.

1алин виъ к1ант хилла – Устарш, Кушу, Куту, Янг1ашар а.

Царах цхьаъ т1аьхье йоцуш висина, вукху кхаа к1антах доладелла 1аларойн тайпа. Мостаг1алла т1едеана Кушу, х1окху махкара д1а а ваьлла, арент1а вахана. Цуьнан т1аьхьенах ду 1аларойн тайпанан уггар доккха гар – кушбухой. 1аларойн-Эвлахь дукха бу уьш, к1ез-к1езиг баьржина Мескатахь,Согант1ахь, Замин-К1отарахь, Т1уртин-К1отарахь, Г1ансолчохь, Мартант1ехь, Теркайистехь, Малг1абекехь а бу.

Абузаран дай Мескатахь таро йолуш нах хилла даима. Ц1е яххана т1емалой, 1еламнах, хьажой а бевлла царах. Бийца дагахь бисинчу дайх барх1олг1а да Нитта ву. Хьал долуш, арахьа яккхий з1енаш йолуш вара, бохуш, вуьйцура иза. Цуьнан герггара доттаг1а хилла г1ебартойн эла Къахьарма. Кхузахь луралла т1е деача шина Терка юккъе Г1ушка олучу метте Къахьармин махка т1е ваха охьахиъна иза. Схьахетарехь, Ермоловн заманахь нохчийн а, оьрсийн а т1ом болабелча, Къахьармин хьехамца цигара бухваьлла Даймахка вухавирзина иза, Яьссин аг1онна т1е, Мескетана дуьхьал, х1инца Нитте-хе олучу меттиге ваха охьахиъна. Инзаре дукха даьхний хилла цуьнан. И шен даьхний кхаба Исма1алан-Лам а ца тоьъна, цхьадерш оццу эла Къахьармин махка т1ехь кхаьбна цо. Кхузахь цуьнан жа дажош ткъа 1у хилла. Цкъа шен жа лам т1е хьаладуьгуш, Г1оьрдалхула чекхволуш, цхьана стага олуш хезна цунна:

- Дависа, юьртана т1ера саг1ийна бен цхьа етт белара сан.

Шен жена юкъара къастийна уггар тоьлла кхузткъа ка белла Ниттас цунна.

Шен долара Нитта-хе олу меттиг юьртана, вакуф а йина, д1атесна Ниттас т1аьхьа. Иштта, Абузаран ден ден вашас Алус а, вакуф а йина, юьртана д1атесна х1инца Алун-Ирзе олуш йолу меттиг а.

Ниттин шалавина ши к1ант 1845 шарахь Коьжалк-Дукъахь инарла Воронцовн эскарца хиллачу т1амехь вийна. И шиъ вийна ц1а валийча, ша къена воллушехь, бекхам изца оцу т1аме вахча цигахь вийна Нитта.

Солтгериг1еран ден ваша, Ниттин 1ела, 1877 шарахь 1аьлбаг-Хьаьжа коьртехь волуш Нохчмахкахь г1аттам хилча, Гезлой-г1опе разведке ваханчохь вийна. Оцу г1аттамехь жигара дакъалаьцна Солтгериг1еран да Солтха 1878 шарахь лаьцна, Сибрех а вахийтина, хан яьккхина веана.

Солтханан йиша хилла Хьанна ц1е йолуш. Шемал йийсаре вахале ши шо хьалха имаман наибаца дов даьлла Солтха, лаьцна вигна, Г1ачалкхахь зиндана /лаьттах яьккхина набахте/ чохь латтош волуш, оцу Хьаннас, божарийн духар а дуьйхина яхана, буьйсана цу чуьра араваьккхина иза. Юьртал ша араяьлча цуьнан когара аьчкан буржалш д1а ца дахаделча, и шен ваша ги а воьллина, Аьккхин-Дукъа валийна цо. Шемал йийсаре ваххалц Солтха а, Хьанна а обарг лелла.

Солтгериг1еран дайх волу Дура наиб Г1ойтамаран дошлойн эскарехь хилла, из Хаьнгаш-Юьрта уллохь паччахьан эскаршца хиллачу т1амехь вийна. Дурин цхьа к1ант Чоьлтаг 1877 шарахь хиллачу нохчийн г1аттамехь дакъалацарна Сибрех вахийтина, доьза вайна. Шолг1а к1ант Духьиг, г1умкийн эла а вийна, лаьцна, Сибрех вахийтина вайна.

Абузаран ден ден ваша Бат1алш-Хьаьжа Шемал имам ваьллачу шарахь дуьйна, иза йийсаре ваххалц, оцу ткъа шарахь цуьнан эскарехь хилла. Шемала Гуьржеха йинчу Кахетински походехь дакъа а лаьцна цо. Шен 130 шо долуш, 1931 шарахь кхелхина иза. Лелла а, дуьне гина а, 1аламат хьекъале а стаг хилла Бат1алш-Хьаьжа. Цуьнан хьехамаш, хьекъале дешнаш а тахана а дуьйцу кху гонд1арчу ярташкахь.

Абузаран воьалг1ачу ден Виънин виъ к1ант хилла: Бака, Алу, 1аду, Цулти а. Алу т1аьхье йоцуш висина. Вукху кхаа вешин т1аьхьенах бу Мескетара кушбухой.

Бакин ши к1ант хилла: Айдамар-Хьаьжа/Абузаран ден да/, Бат1алш-Хьаьжа. Айдамар-Хьаьжин виъ к1ант хилла: 1абдул-Хьаькам/Абузаран да/, 1абдурахьман, Хьаьлам, Езед а.

1абдул-Хьаькаман бераш – Маржан, Канти, Абу, Зайнаби, Белижа, Абузар.

1939 шарахь Зайнаби кхелхира.1аламат хаза, куьце йо1 хилла иза. Канти а, Белижа а 1945 шарахь кхелхина, Ош областехь, махкаллин цамгарх. Маржан 1988 шеран 25 апрелехь кхелхина, Абу – 1990 шеран 4 апрелахь.

Абузаран дай лакхара охьа багарбича ишта хуьлу: Нитти - 1ела - 1аьмар -1умар – Виъни – Бака – Айдамар-Хьаьжа – 1абдул-Хьаькам.

Генна Нохчмахкал арахьа вевзаш, наха лоруш, сийдеш къонаха хилла Солтханан Солтгери (1аьмаран т1аьхье). XX-г1а б1ешо долалуш, шен пхийтта шо долуш Турце кхелхачу нахаца д1аваханера иза. Цигахь т1еман ишколе деша ваха г1ерташ, даима оцу ишколан не1аре хьийза иза к1орда а вина, туркойн эпсаро шена т1ара тоьхча, Солтгерис цунна шаьлта 1оьттина. Оцу т1ехула иза Турцехь набахти чу воьллинийла хиъначу Бат1алш-Хьаьжас, дуккха а ахчанца шен нах а бахийтина, ц1а валавайтинера иза.

Узун-Хьаьжа имам волуш цуьнан эскарехь а лаьттина Солтгери. Имаман берриг министарш, т1еман командираш а бевзара цунна. Т1аккха Шерипов Асламбекан эскарехь Советийн 1едалехьа т1ом а бина. Чахкара уллохь Шериповна лен чов хуьлуш а, иза леш а цуьнца а хилла иза. Нохчийн Ц1ечу Эскарна герз эца туркойн дозане бахийтинчу нахаца хилла Солтгери, цигахь ингалсхоша лаьцна, ц1ерпошта т1ехь Баку валош ведда к1елхьараваьллера.

Советан 1едал т1едеъча, партизанаш олучу милицин отрядехь г1уллакх деш, цхьана обарго схьатоьхначу тоьпо пхьарс баьккхинера цуьнан. И обарг оцу дийннахье вийнера.

1923 шарахь Нохчийн Автономи кхайкхош Хьалха-Мартанахь хиллачу нохчийн халкъан гуламан декъашхо а вара Солтгери. Цигахь суьрташ даьхначу баккхийчу нехан цхьана тобанна юкъахь ву иза. И сурт республикан мохкбовзаран музейхь дара. Солтгери 1970 шерашкахь кхелхина.

Паспорта т1ехь гайтина Абузар вина хан 1933 шо ю, амма иза нийса яц. Махкахдаьхча спецкомендатурехь цара шайна хеттарг язйина, ишта йисна. Йиша-вешина а ца хаьара билггала иза вина шо. Дийцарехь, жима волуш даима цамгарш лехьош, хьег1аш, эг1аза, дукха вехар вац олуш, г1ийла бер хилла. Йоккхах йолчу йишас Маржана дийцарехь, иза маре яханчу шарахь Абузар аганахь хилла. Цуьнца хьесап дича, 1929 шеран гурахь я 1930 шеран б1аьстенан юьххьехь дуьненчу ваьлла Абузар.

Дуьненчу ваьллачул т1аьхьа шена дуьххьара дагахь дисина ши х1ума дуьйцура яздархочо. « Арахь дарц а долуш, 1аьнан дийнахь суьйрана тхан да а, цуьнан ден шичан к1ант молла Беталгери а вара баьрччехь маьнги т1ехь хиъна 1аш.Х1окху аг1ор ц1ейоккхуш воккха 1еламстаг вара Беталгери, шен хьуьжарш а йолуш. Схьахетарехь, иза 1933 шеран январехь дара, 1едало динадай хьийзо болийча, шен хьуьжарш д1а къевлина, сахьташ тодеш хиллера иза. Оцу суьйрана цо суна сахьтан нег1арш /корпус/ деллера, сахьт деана ша аьлла. Можа дара уьш, т1ехь бустамаш долуш. И «сахьт» а ловзош, тхайн ц1ийнан лакхарчу кора т1е а х1оьттина со 1аш, оцу шиннан къамел доладелира. Юьртара лецна нах а, 1едало т1екхойкхурш а хьехабора цаьршимма. Оха тхайн дех Тута олура.

- Тута, шуьшиъ х1унда ца лоцу? – хаьттира ас, цаьршинга ла а доьг1на.

Вовшашка а хьаьжна, велавелира и шиъ.

- Тхойшинна т1е а кхочур бу хьуна уьш!

Цул т1аьхьа ши бутт балале лаьцна вигира и шиъ. Беталгери лаьцначуьра ц1а ца веара ».

Кхин цхьаъ а лаьттира дагахь, дуьйцура Абузара: «1932 шеран мартехь 1едална дуьхьал ахархойн г1аттам хилира Нохчмахкахь.

Цуьнан коьртехь вара Шоьнара Истамулов Моцу. «Моцу имам ваьлла хан»,- олу оцу хенах. Моцин а, цунна т1аьхьах1иттинчу нехан а сонталла бахьана долуш бехк-гуьнахь доцу эзарнаш адамаш х1аллакдира х1етахь 1едало. Юьрта беанчу Моцин б1оно ишколера партанаш, столаш, досканаш отуш, киншкаш ягош болх бинера. Ишколан кертахь киншкех барз бина, ц1е а тесна, уьш д1абахча, сан воккхахволчу шина вашас - Кантис, Абус, - оцу ц1ергара схьа а яьхна, ц1а еана маь1игаш яьгначу киншкаш т1ерачу суьрташка суо хьежна дага дог1ура суна. И суьрташ даима а б1аьргаш хьалха лаьттара».

Ишколе вахале яздан а, деша а 1еминера Абузарна, Кантис, Абус, Белижас а ц1ахь йоза-дешар вовшахдетташ. Хьалхарчу классе деша вахча, дика хаьа аьлла, сихха шолг1ачу классе, т1аьхьа кхоалг1ачу классера йоьалг1ачу классе ваьккхира. Иштта пхеа шарахь ворх1 класс чекхъелира цуьнан.

Да лаьцначул т1аьхьа хала шераш даьхкира боккхачу доьзална. Къаьсттина нанна Яхаргана а, йижаршна Зайнабина а, Белижина а. Дерриг а ц1ийнан дукъ оцу кхааннан кочахь дара.

Маре яхана цхьа бутт баьлча, ц1еххьана цомгаш а хилла, Зайнаби кхелхира.

Йо1 елча, к1ез-к1езиг г1еллуш, к1елйисира нана. 1941 шеран февралехь цамгаро меттахь сацийна иза, кхин ца г1аьттира. Март беттан пхоьалг1ачу дийнахь лаьцначуьра ц1а веара 1абдул-Хьаькам. Мотт сецна йолу иза шена х1усамда т1ех1оьттича, ши б1аьрг биллина, халла йистхилира:

- Хьо воцуш барх1 шарахь ас хала лол биттира доьзална... Х1инца хьоьга д1ало...

Цул т1аьхьа кхин йист ца хилира. 8 мартехь д1акхелхира жимчу Абузаран нана. Цуьнан х1етахь итт шо бен дацара.

Шен да ца вевзинера цунна иза Сибрера ц1а верззалц. Да а, нана а цхьаьна гар шатайпа, шен ерриг оьмарехь дагахь дуьсуш, балане хилира к1антана. Нанас са д1алуш 1абдул-Хьаькам цуьнца а витина, берриг ц1а чуьра арабевлча, корах чухьаьжира Абу-

зар. Да цуьнан г1евланехь хиъна вара, Ясин доьшуш. Оцу минотехь дуьххьара а, т1аьххьара а гира цунна и шиъ цхьаьна.

Нана еллачул т1аьхьа деца барх1 шо даьккхира к1анта.

Абузаран да лаккхара бусалба динан 1илма 1амийна вацара, амма баккхийчу 1еламнахаца хаддаза латтийна уьйраш, к1оргге-ра хаарш долуш вара. Цунна дагахь хаьара Къор1анан дуккха а сураташ, Пайхамаран (Делан салам хуьлда цунна) хьадисаш, эвлаяийн 1ер-дахарх лаьцна дийцарш а.

Йоккха поэзин корматалла яра цуьнгахь. Нохчийн а, 1аьрбийн а меттанашкахь назманаш язйора цо. Нохчийн маттахь дагахь «Лейла,Меджнун» поэма йоьшура цо. Ша язйинарш а, кхечеран а назманаш д1аолура. Назманан дешнашка а, чулацаме а хьаьжжина мукъам, аз а хуьлура цуьнан: дог ойуш, дог делхош, самукъане, б1аьхаллин а.

Нохчийн историн шатайпа хронолог вара иза. Нохчий Нашхара охьабевлчхьана схьайолчу хенахь халкъан исторехь хиллачу хиламийн терахьаш далош х1оттийна хронологи яра цуьнан, хиллачу т1емийн, къоман баьччанаш лелла, эвлаяаш дуьненчу бевлла а, д1акхелхина а,мацалла х1оьттина, ун деана, мохк бегийна, ц1оз деана, имамаш бевлла, кхи йолу а хенаш юьйцуш.

Лекха, элдар дег1ахь, горга юьхь, йоцца хаза тойина хьаьрса маж, мекхаш долуш, стигал басахь сийна б1аьргаш болуш, куьце, безамехь стаг вара иза.

Беран хенахь воккха романтик вара Абузар. Нохчийн маттахь ара мел яьлла киншка йоьшура цо, «История ВКП/б/. Краткий курс» бисте кхаччалц. Къаьсттина лерана ешнера Н.Островскийн «Муха дахчалора болат», «Дарцо бинарш», А.Горькийн «Нана», Саблинан, Фазинан «Чрезвычайни комиссар». Оцу киншкийн турпалхошка тарвала а г1ертара. Полководец, халкъан баьчча, ткъа т1аьхьа хьехархо хила сатийсира. Ден шина вешин ши к1ант вара цул жима, шега ладуг1ург цаьршинна цхьацца х1ума а лой, шайн бешара хадийначу б1аран лекхачу бух т1е а волий, «доклад» йора. Ткъа вукху шимма, цо шайна делла сег1азаш а 1уьйшуш,хьала а хьоьжуш, лерина цуьнга ладоьг1ура.

Де вешин тур а лачкъадой, хьераш а, чарх а йолчу уллохь бай т1ехь шен йоккха хилла бекъа хоьхкура жимчу «турпалхочо», тур хьала а лоций, шен «эскар» т1аьхьа а кхойкхуш, «мостаг1ий» а цоьстуш. Обарг а ваьлла, 1едална дуьхьал къийсам латто ойла хуьлуш меттигаш а нислора. Оцу 1алашонца тапча иэца ойла а кхаьбнера дагчохь, ткъа «ВКП/б/ истории» ешча, Ленин, Сталин, парти нажжазъ еш, халкъ 1едална дуьхьал г1аттаме кхойкхуш 1943 шарахь «прокломациш» а язйинера. Цхьанна гучу-м ца ехира. Мескета НКДВ тоба еана, ша а, шен да а, Г1ансолчу кхелхин воьдуш некъа йисттехь, хьуьнчохь лаьттах йоьхкира.

1942 шарахь шен дуьххьарлера «произведени» язйира Абузара. Т1урт1и-К1отарна т1ехула, Г1ансолчу воьдучу аг1ор дукъа т1ехь Уьди-Г1ала олуш цхьа к1отар яра масех ц1а долуш. Цигахь бехаш бара церан де шича Гакали а, цуьнан кхо к1ант а. Оцу шарахь цара хьаьжк1аш ен Коьжалка-Дукъахь ирзо деллера 1абдул-Хьаькаман доьзална. Асара вахча, садо1учу хенахь дас к1антана дийцира мацах цкъа, Шемалан заманахь оцу дукъа т1ехь нохчашний, паччахьан эскаршний юккъехь боккха т1ом хиллера, нохчаша дуккха а салтий, эпсарш, инарлаш а байинера, оьрсийн эскар дерриг х1аллакъхуьлчух к1елхьарадаьккхинера 1иса бохучу цхьана стага. Бага эрз а лаьцна, хи бухахула Яьссица охьа Гезлойн-г1опе а вахана, цо паччахьан эскарш далийнера, бохуш.

Т1аьхьа, масийтта шо даьлча хиира Абузарна шен дас х1етахь цунна бийцинарг 1845 шарахь Коьжалка-Дукъахь эла Воронцов коьртехь хилла оьрсийн эскарш дохийна т1ом хилар.

1943 шарахь гурахь НКВД тоба еара Мескета. Баттахь сов лаьттира иза юьртахь. Командиро лем иэца мосазза а т1екхайкхира 1абдул-Хьаькам. Иза юха а лаьцна Сибрех вахийтарна кхерабеллачу цуьнан вежарша, и тоба кхузара д1аяллалц цхьана ханна юьртара д1авалар дийхира цуьнга.

- Хьо воккха а хилла, хьан могашалла дика а яц. Юха а лацахь, Сибрех хан такха ницкъ бац хьоьгахь, - бохура цара.

Г1ансолчохь де шича волчохь 1а даккха висира Абузар шен деца а, дестечуьнца а. 1944 шеран январь бутт чекхболуш ч1ог1а цомгаш хилира 1абдул-Хьаькам. Дукха хан ялале шийла кхаъ беара царна: нохчийн халкъ дерриг а махках доккхуш ду, нахана шайн сал-палца эвла йисте д1агулбала ши сахьт хан елла аьлла.

Ши сахьт даьлча яссаелира юрт. Х1орш кхоъ доцург, цхьа адам а ца дуьсуш. Уьш д1абига вог1уш цхьа а вацара. Дерриг халкъ махках а даьккхина, шаьш ц1ахь дисарна кхеравелла жима Абузар, коьрта тиллина нохчийн сира холхазан куй, коча тесна детица кхелина тур а, юкъах йихкина детица кхелина шаьлта а йолуш, сирчу динахь вог1учу капитанна т1енисвелира. Цо цуьнга элира шаьш кху юьртара а дац, шен да ч1ог1а цомгаш а ву, шен стерчий, буг1анаш, салаз а яц, шаьш д1адига аьтто бахьара, аьлла. Миска, шаьш кхоъ ц1ахь дисина девлла моьттура.

Дукха хан ялале буг1анийн салаз яийтира царна.

Хьалхара буьйса, цхьана таь1начу меттехь, Г1ансолчу эвла йисттехь яьккхира цара, т1е ерзийна гуобаьккхина х1иттийна пулеметаш йолуш, гоунах луьстта х1оттийна салтийн ха а долуш. Шолг1а буьйса яьккхира Т1урт1и-К1отарна къилбаседехьа дукъа т1ехь. Т1аккха ши-кхо буьйса – Бешал-Ирзе уллохь. Цига яхка езара уьш д1адига кечйина машенаш.

23 февраль кхаччалц хаза маьлхан денош дара. Наха кхаш т1ехь оханаш а деш, ялташ ден кечлуш. Амма Дала цхьа оьг1азло йича сана, 23 февралехь ло диллира. Бешал-Ирзе дукъахь даим д1а мох, дарц, шело лаьттара. Г1одамийн ц1евнех, истангех баннаш йина, царна чу д1атарбинера зударий, бераш, къена нах. Бисинарш, шелбелча баннашна чу буьйлуш, арабуьйлуш а лелара. Бежнаш дойуш, жижигаш кхехкадора, массанхьа а летийначу ц1ерийн к1уьро а б1арздинера адам.

Доьалг1ачу дийнахь делкъал т1аьхьа американски «Студебекар» машенаш яьхкира уьш д1абига. Адам д1адигар буьйсанга а делира. Абузарна цкъа а ца дицлора цхьа-ши сурт. Царна т1аьххьара машен нисъелира. Мохь хьоькхуш, дарц хьийзош, шийла яра буьйса. Массо а машен т1е хьалаваллалц т1аьхьа сецнера иза. Цунна хьалха бер карахь машена хьалаяла г1оьртира цхьа къона


[library stamp]

зуда. Дуьххьара бен машен гина йоцу иза, бер карахь хьала ца ялалора. Т1аккха салтичо цуьнан карара бер, ши ког лаьцна озийна схьа а даьккхина, ластийна юьстах лайла кхоьссира. 1адийча санна мохь белира мискачу ненан. Абузара, шеца д1аяхьа кечйина киншкаш охьа а тийсина, ведда вахана к1ажъ оьхуш доьлху бер схьа а эцна, хьере хиллачу нене д1акховдийра. И шен бер мара а доьллина, машенан бортах хьалатасаелира зуда, ткъа салтичо цуьнан букъах автоматан бух беттара…

Т1аьххьара машен т1е хьалаваьлла Абузар, бортах охьа когаш а охкийна, охьахиира. Цунна шиний аг1ор автоматаш карахь ши салти а вара. 1уьйранна малх кхетачу хенахь 1аларойн-Эвлахула бевлира уьш. Юрт яьсса яра. 1оьхуш бежанаш, леташ, уг1уш ж1аьлеш, маьхьаьрий хьоькхуш котамаш. Охьайиттина, йохийна керташ, йиллина не1арш, аьтта кораш, хоттала 1енийна ялташ, д1асакхийсина нехан миска йийбарш…

Машен 1аларойн-Эвлах араяьлча ши стаг а, зуда а дара новкъахь. Х1окхарна т1аьхьа а хьуьйсуш, боьлуш, хелхабуьйлура уьш. Схьахетарехь, суьйлий бара уьш. Оцу аг1ор кхечу къомах кхин хуьлийла а дацара.

Гуьмсе станцехь товарни вагонаш чу боьхкира уьш, цхьана вагон чу ткъех доьзал а тарбеш. Ши г1ат нарашна т1е а, ц1енкъахь а. Ц1е яго х1оттийна чуьйнан «буржуйка» олу пеш а. Арахула дог1а тухура вагонан не1арна. Ха деш болу салтий тамбураш чохь хуьлура. Дийнахь цкъа я шозза есачу арахь эшелон а сацайой, нишка г1уллакхна иттех минотана арадовлуьйтура. Ц1ерпоштан некъан бохалла, вовшийн баккъаш тухий, лаьтта б1аьра а бог1алой, шайн г1уллакх дора. Йижарша, несарша, вежарша, дайша, наноша. Ца дича ца довлура. Эшелон сацаяле оцу г1уллакхо дукха ницкъ бора адамашна. Къаьсттина зударшна. Ахкаргаш лилхна зударий леш меттигаш а нисъеллера.

Баттахь сов бахбеллачу новкъахь дог1маш бехделлера адамийн. Меза бинера. Цамгарш яьржира. Делла адамаш эшелон сецча

ГОСУДАРСТВЕННОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ
ОТДЕЛ КУЛЬТУРЫ
КУРЧАЛОЙСКОГО РАЙОНА"

сихха лаьттах духкура, гомха каш а доккхий. Я станцешкахь декъий охьадохура. Оренбургехь шайн эшелон сецча довха хи лаха воьдучу Абузарна гира цхьана г1ишлон лохачу, дехачу корах чу нах хьуьйсуш. Ах лаьттах а йолуш г1ишло яра иза. Цхьана корах чу хьаьжча, цунна гира т1ек1ел д1адоьттина декъий. Уьш эшелонаш т1ера охьадаьхна беллачу нохчийн декъий дара.

Новкъахь товелира 1абдул-Хьаькам шен цамгарх.

Баттахь сов некъ бинчул т1аьхьа март бутт чекхболуш цхьана есачу арахь сацийра церан эшелон. Ц1ерпоштан некъаца лаьтташ говраш, стерчий, эмкалш йоьжна салазаш яра. Адамаш, церан сал-пал оцу салазаш т1е а йоьттина, берх1ийтта километр д1адигна, буьйсанна цхьана поселке охьадиссийра. И поселок ерриг а лай к1ел йоллура. Не1аршна а, корашна а т1е даьхна некъаш дара, ло д1а а туьйсуш. Д1ахьаьжча, мотталора и ц1енош лаьттах даьхна.

Оцу буса и дерриг адам т1ек1ел колхозан берийн яслин ц1енош чу д1атардира. Цхьана аг1ор эшелон-набахти чуьра маршадевлла даккхийдера адамаш, вукху аг1ор кхана шайх хиндерг цахааро дегнаш а дохийнера. Адамаш кхоьлина гича, Абузаран дас, 1абдул-Хьаькама шен хазчу мукъамехь г1айг1ане назма элира:

**Ва-а-а Делан суьйре хьо, ма г1айг1ане еа хьо,**
**Ва-а-а Делан кхане хьо, ма г1айг1гане йог1у хьо,**
**Масане йиша-ваша вовшех къастош кхечи хьо,**
**Ма г1айг1ане кхечи хьо, Делан суьйре хьо...**

Дуккха а адамаш делхийра оцу назмано. Т1аккха дегнаш хьаийна адамаш д1атийча, доцца къамел дира цо :

- Делан кхиэл лелла, махках даьккхина вайн халкъ. Вайх Ша реза воцург даьлла, та1зарна даьхна а хаац,х1ара бала а боссийна, Шега болу тешам зерхьама даьхна а хаац, амма лелларг Делан кхиэл ю, цунна реза а хилла, совцар декхар ду вайн. Цо д1атесна буьтур бац Шен миска, г1ийла леш, Цо къинхетам бийр бу вайх, нагахь вешан болх Шена т1е а биллина, Цо динчунна реза а хилла, вай совцахь. Дала аьлла, аш бахьанаш леладе,т1аккха Ша къинхетам бийр бу. Нехан хийрачу махка схьакхийсина вай. Дела воцург,

орцахвала стаг вац вайна. Вай бахьанаш ца леладахь, мацалла лийр ду вай. Варийлаш, шаьш х1усамашка д1атарделча могашниг, дег1-ехь ницкъ берг балха ара валалаш. Далла г1уллакх делаш жимчо, воккхачо, зударша, бераша а. Къолаш деш, саг1а доьхуш, харцонаш, хьарамлонаш лелош, оьзда доцурш дуьйлуьйтуш, х1окху бухарчу къомана хьалха вайн халкъан сий ма дайалаш. Шен сий дойучул мацалла, шелонна валар г1оли ю шуна. Х1инца ойланашка довлий, г1еллой ма 1е. Нагахь кху чохь белахь, пондар а лакха, эшарш а ала, хелха а довла. Бохаме нисдаларх, вай доьхна хьийзар доцийла хаийта кхузарчу адамашна. Дала Шен къинхетам бойла вайх, пайхамарш, эвлаяаш о орцах бовлийла вайна!

Пондар а карийра. Халхаран эшар а йолаелира. Хелха а бевлира. Забарш ян а буьйлира. Дегнаш чохь г1айг1анаш, баланаш белахь а.

Ишта чекхъелира хийрачу махкахь и хьалхара буьйса. Шолг1ачу дийнахь адамаш бане дига долийра. Поселкерчу спецкомендатурера баьхкинчу наха уьш берриге а учете а х1иттийра. Массарна а шайн х1усамаш а гайтира. Чохь кхаа дийнахь баго г1ий а болуш. Х1усамашка д1атарделла девлча колхозехь болх бан безар а хаийтира. Амма юьртара бахархой бацара царна гучубовлуш. Кхоалг1ачу дийнахь яслина генахьуо соьцуш, тобанаш а йина цаьрга хьийса буьйлира уьш, т1аккха к1ез-к1езиг герга г1оьртира. Т1аьхьа цара дуьйцура , шайга хьалхе хаам бинера, кхуза Кавказера далош цхьа къам ду, адамаш дойуш, дууш аьлла.

Уьш схьабалийна меттиг Казахски ССР, Акмолински область, Акмолински район, поселок №30 яра. Поселок Садовый а олура цунах. Цигарчу колхозан ц1е яра «Сталинская Конституция».

Х1ара поселок 1931-1933 шерашкахь йиллинера кулакаш бина кхуза балийнчу наха. Шаьш кхуза далийнчу х1окху есачу арахь 1ай, цхьана хьокха т1е тоьхна цхьа у дара бохура, т1е яздина «Поселок №30» аьлла цхьа дош а, цхьа терахь а долуш. Х1етахь дина баракаш тайпа ц1енош дара, т1ехь латта тесна тхевнаш а долуш, цхьана тхов к1ел барх1-шийтта доьзална х1усамаш а йолуш. Х1инца кхузахь бехаш бара оьрсий, украинаш, белорусаш, жуьгтий,

эрмалой, гуьржий, немцой, австрийцаш, г1алг1азкхий, корейцаш, молдованаш, кхечу къаьмнех а. Немцой а, корейцаш а т1ом болабеллачул т1аьхьа балийнера.

Х1окху поселке цаьрца балийнарш коьртачу декъана Г1ансолчуьра, Т1урт1и-К1отара, Шовхал-Бердара, Г1оьрдалара а бара. 1абдул-Хьаькам санна, шайн нахах хаьдда нисбелла Б1аьчи-Юьртара, Майртуьпара, 1аларойн-Эвлара а масех доьзал а бара.

Х1усамашка д1атарделла девлча колхозан балха бевлира уьш. Цхьаберш шайн доьзалшца цхьаьна аренан станашка, бисинарш поселкехь огородан бахамашкахь севцира. Аренийн бригадашкахь белхаш бечарна дийнахь 800 грамма кхаллар а, кхузза бовха кхача а лора, ткъа болх бан ницкъ боцчу баккхийчарна а, кегийчу берашна а 300 грамм кхаллар лора. И доьзалш, поселке а ца бог1уш, станашкахь 1аш бара. Ткъа поселкехь болх бечарна дийнахь 400 грамм кхаллар лора. Балхахь лург а, ц1ера д1адеана ялта а вовшахтоьхча, мацалла к1ел ца диса таро хуьлура.

Киргизехь мацалла дукха адам деллера. И мацалла яцара х1оккхарна. Церан колхозехь масийтта эзар гектара т1ехь кхиош ялта дара. Гурахь чудерзийна эринчу к1ен раьг1аш хуьлура, 1ай т1е ло а диллина, б1аьсте яллалц станце д1акхоьхьуш. Т1ом болчу хенахь пачхьалкхехь дууш дерг коьртачу декъана Казахстанера ялта ма дара. Даима и ялта вовшахдеттачу нохчаша кхехкош, кхорзуш, к1а, мукх, борц буура. Б1аьста ялта д1адуьйш а изза дора. Аьхка цкъа хьалха мукх, т1аккха к1а, горох, маьлхах1уш, картолаш, ж1онкаш, буракаш т1ейог1ура. Караеанарг юура цара, амма ц1а хьойла дацара. Гайш юзий, синош меца хуьлура. Ткъа къинхьегаман деношна дела ялта 1аьнах довла а ца тоьура.

Абузара шен деца хьалхарчу шина шарахь огородан бахамашкахь болх бира. 1абдул-Хьаькама огородехь белхаш бечу зударшна тускарш дора. Церан поселкана уллохула чекхдолуш Ишим ц1е йолуш доккха хи дара. Оцу хил дехьарчуваршашкара дуткъий серий а дохьуш, царах дора цо и тускарш. Ша дина тускарш бригаде д1аделча, къинхьегаман денош яздора цунна. Зударшна доьхкича, цхьана тускарх кийла кхаллар а лора.

Абузара ца беш болх ца бисира колхозехь. Хьалхарчу шина шарахь огородан бахамехь 1ай салазахь, б1аьста ворданахь кхаьлли кхоьхьура кхаш т1е, парникашка, теплицашка. Готанна ялх сту а бужий, охуна дора, мекха боккхура, х1у тосура, аьхка йол хьокхура иза т1егулйора, цунах раьг1наш йора, аьхка ворданахь, 1ай салазахь йол, ча а кхоьхьура. Шина 1ай колхозан кхузткъа сту а кхебира. Ца беш болх ца бисира. Уггар халаниг 1ай йол кхехьар дара. Шерачу арахь йина алан раьг1наш, 1ай мохо т1е ло а хьокхий, ерриг а лай к1ел хуьлура. Иза схьайоккхуш ши-кхо метр лекха диллина ло д1атийса дезара. Т1аккха раг1 лахъяларе терра йол лаха чуьра цкъа хьала туьйсура, т1аккха салаз т1е юттура. Къаьсттина хала хуьлура 40-50 градус шелахь, дорцо б1аьрг белла ца вуьтучу дийнахь. Мохо йол салаз т1е йилла а ца вуьтура, т1ейиллинарг т1ехь а ца юьтура. Оцу махкахь бехачийн кхакханан кетарш, аьхна хечеш, коьртахь довха лергаш долу куйнаш, когахь валенкаш а хуьлура, ткъа кхуза балийначу нохчийн духар беркъа, шийла дара.

1945 шарахь аренан станешка балха хьажийра Абузар. Церан бригада поселкана 18 километр гена яра. Аьхка цхьана довхачу дийнахь цуьнга хабар кхечира да, десте ч1ог1а цомгаш, больницехь 1уьллуш ду, чехка ц1а кхача аьлла. Оццу дийнахь г1аш сихха поселке вахара к1ант. Больница церан поселкехь яра. И шиъ ч1ог1а цомгаш карийра цунна. Цхьацца палатехь 1уьллучу цаьршиннан корашка а х1уьттуш, дог доьхна хьийзара Абузар. Делан 1ожалла хилла и шиъ лахь, ша д1а а муха дуллур ду-те, цаьршиннал т1аьхьависча шех а х1ун хир ду-те бохуш, ойланаш еш. Х1инццалц оцу поселкехь белларш берриг а цуьнан дас д1абоьхкинера, х1инца х1окхунна орцах мила вер ву-те. Шен йиша-ваша а совдаьлла, массо шен дег1ан ойла ян воьлла зама ма яра иза.

Дехьо диллинчу коре х1оьттина, цомгашчуьнца къамел деш лаьттинчу цхьана стага, т1е а веана, пхьарс лаьцна, больницан кертаца йолчу акацин 1индаг1е юьстахваьккхира сингаттамо хьовзийна Абузар.

- Хьо воьхна хьийза, к1ант. 1абдул-Хьаькам вала йиш яц вайн, иза кхузарчу нахана ч1ог1а оьшуш стаг ву, жимчун а, воккхачун а да хилла лаьтташ. Нагахь Делан 1ожалла хилла и шиъ лахь, сайн

дена-нанна айса лелондерг лелош д1адуллур ду ас, хьо хьайн йиша-вешех д1акхетталц, сайн вешин санна, хьан дола а дийр ду ас. Вохий ма хьийза.

Т1аккха к1ант да волчу палати чу а вигна, цуьнга а изза къамел дира.

1абдул-Хьаькам товелира оцу цамгарх, ткъа десте цхьана шарахь эха шарахь цомгаш 1иллинчул т1аьхьа кхелхира.

Махках дохучу хенахь Абузаран дейттолг1а шо доладеллера. Жима иза, къена да, десте. Цхьа а юьртахо а, гергара стаг а воцуш, оцу хийрачу махкахь уггар хала хилла и хьалхара диъ шо теккхира цо. Хьалхарчу шина шарахь шен йиша-ваша мичхьа ду а ца хаьара. Даима д1а царна сагатдора. Мацвелча, шелвелча, цатам, бохам хилча уьш дагара ца бовлура.

1946 шо доладелча эххар а Абуг1аргара кехат кхечира. Уьш Киргизехь хиллера, Джалал-Абадски областехь, Каравански районехь.

Йиша-ваша мичхьа ду хиъначул т1аьхьа цига д1адахийтар доьхуш коменданте а, Москва а заявленеш яздора Абузара. Х1орш шаьш долчу д1абахкийтар доьхуш иштта заявленеш Абус а яздинера. Эххар а 1946 шеран июль бутт чекхболуш, цига д1аваха цхьа тайпа аьтто боцчу хенахь бакъо кхечира. Ахча ца хилар-м хьехор а дацара, х1етахь да вара цомгаш. Ша х1ун дан деза ца хууш, воьхна хьийзара к1ант.

- Новкъа вер ву вайша, - элира дас. – Со ара-чу валало. 1ожалла Делан карахь ю. Сан 1ожалла яцахь, д1акхочур ву. Нагахь со новкъахь лахь, веллачохь а витина, д1аг1ор хьо. Къена со тахана ву, кхана ву а хаац. Хьо хьайн йиша-вешина т1екхача веза. Со товаллац 1ийча, вайшиннан бакъо чекхъер ю. Т1аккха иза юха маца хир ю хаац.

Мискано шен к1ентан ойла йора. Ша новкъахь велла а, Абузар шен йиша-вешина т1екхача лаьара цунна.

Д1аваха бакъо еана аьлча, ч1ог1а чам байнера поселкерчу нохчашна. Цигахь жимчо а, воккхачо а, массар а ч1ог1а лорура 1абдул-Хьаькам, иза шайн г1уллакхна дийнахь-буса а д1ах1оьт-

тина волу дела. Новкъа вала ахча доцийла хуучу цара вовшахтоьхна ши б1е туьма ахча делира.

30 июлехь дийнахь шийтта сахьт долуш Алма-Ата доьдучу кеманна т1ехиира и шиъ. Шалха т1емаш, дейтта кор долуш, шовзткъа стаг т1ехууш кема дара иза. Карагандахь охьа а доьссина, юха хьалаг1еттина кема суьйранна барх1 сахьт даьлча Алма-Ата кхечира. Могуш воцчу 1абдул-Хьаькама хала лайра кема.

Алма-Атара д1а Ташкенте ваха веза и шиъ, кхузахь кхаа дийнахь хьевелира. Дена хала йовхарш яра сих-сиха т1ейог1уш. Аэропортан вокзала чохь иза новкъа хилахь а аьлла, паркехь юьстах дитташ к1ел 1индаг1е охьа а хиъна, шаьшшима новкъа баькхина к1ен цу а бууш 1аш, оьрсийн цхьа къона стаг, зуда а т1едеара цаьршинна.

Къона стаг къамеле велира. Мила ву а, стенга воьду а хиттира. Т1аккха ден саде1аре ла а доьг1на, шат а яккхийтина, цуьнга лерина хьаьжира.

- Хьан да цомгуш ву, - элира цо . – Гена некъ бан могашалла яц х1окхуьнан. Со лор ву. Ас тхешан больнице охьа а вижийна,цхьана баттахь товийр ву, т1аккха д1аг1ор шуьшиъ. Х1етталц хьуна 1ен меттиг а карор бу ас.

Абузара шаьшшиннан бакъо д1агайтира.

- Х1окху т1ехь гайтина хан чекхъялале д1а ца кхачахь, новкъахь чувуллур ву тхойша…

Бакъо ешча, ша бохург дойла йоцийла хиира цунна.

Чам байна д1адахана и шиъ, цхьа ткъех минот яьлча духадеара. Газетех бина боккха масех п1аьлдиг цаьршинна хьалха охьабиллира оцу догдикчу адамаша. Царна чохь яра к1еда булочкаш, печенаш, 1ежаш, хьорматаш, кемпеташ. Х1окху шиммо стом кхаллаза диъ шо дара. Царел сов, ахча а делира. Оцу кхачанах а,ахчанах а доккха г1уллакх хилира. К1ен цу боцург, кхин даа рицкъа а, я эца ахча а ма дацара. Акмолинскера д1а Ташкенте кеманна цхьана билетан мах 805 сом бара. Цаьршингахь 2000 соьмах шина билетана 1610 сом д1адаьллера. Ташкентера д1а поездаца Намангане, цигара д1а машенца Караване ваха а ма везара…

3 августехь кеманца Ташкете вахара и шиъ. Аэропортера д1а, ши туьма делла машена а лаьцна, ц1ерпоштнекъан вокзале вахара. Масех эзар адам дара кхузахь. Дерриг а арахь. Да йовхарш етта воьлча, шайна уллохь ца везара нахана, д1авала олура цаьршинга. Цхьанхьара кхечухьа волуш, масех меттиг хийцина, эххар а кхин х1ун дийр ду а ца хиъна, есачу вокзала чу а вахана, оцу бурконе д1атарвелира.

Билеташ духку касса, вокзалехь йоцуш, Беш-Агач олучу г1алин цхьана ширачу районехь яра. Трамвайца цига вахча, рог1ехь лаьтташ б1е сов стаг карийра Абузарна. Церан спискаш яра наха шаьш х1иттийна. Ша т1аьххьара д1аязвайтара цо.1уьйранна цига воьдуш,суьйранна вокзале вухавог1уш, пхеа дийнахь раг1 ларйира к1анта. Билеташна дитинарг доцург, кхин кепек ахча дацара. К1ен цу а бууш, хан йоккхура. Рог1ехь лаьттара накхош саттийна орденш, мидалш йолуш т1еман декъашхой, инвалидаш. Царна юкъахь Абузар дукха г1ийла гора. Г1аддайна Абуга телеграмма йиллира, шаьшшинна дуьхьал вола аьлла. Доьалг1ачу дийнахь цул хьалха иттех стаг волуш д1акъевлира касса. Билеташ чекхдевлла аьлла, кор т1еч1аг1а г1оьртира кассир йолу йоккха стаг, оьрсийн зуда. Абузара шиний куьйга д1а а теттина, кор сацийра.

- Делан дуьхьа, ши билет дохкахьара ахь… Цомгаш воккха стаг да ву соьца… Пхоьалг1а де ду кхузахь со лаьтта. Х1ара бен, кхин кепек ахча а дац… Бепиг иэца ахча а доцуш, хан токхуш ву тхойша… Хьайн Делан дуьхьа…

Цо кор т1еч1аг1арна кхоьруш, сихдинера к1анта шен къамел.

- Господи! Ас х1ун де хьуна, к1ант? Кхин билеташ ма дац сан! Ца го хьуна и т1еман декъашхой, заь1апхой а? Уьш а ма бисина сан билеташ доцуш…

Даггара дехар деш, оза, беркъе иза гича, цо дуьйцург моттарг1анна доцийла хиъначу зудчо ши билет доьхкира. Охьахаа меттиг а боцуш.

7 августехь буьйсанна шийтта сахьт даьлча Намангане йоьдучу ц1ерпошта т1е хиира и шиъ.Цхьанхьа г1онтахь меттиг мукъабаьлча цига а хууш, иза цхьамма д1алаьцча, ц1енкъа а тарлуш. Цхьана сона а тебна, цу баа воьлча, уллохь хевшина 1ачу узбека-

ша кегийра ахча а, баьпган юьхкаш а елира цаьршинна. Царах г1е-дакх дира Намангане кхаччалц.

8 августехь буьйсанна итт сахьт долуш Наманганехь охьавоьс-сича, цигахь кхо де-буьйса даьккхира. Кхузара д1а Караване муь-лхачу аг1ор , муха ваха веза а ца хаьара. Иза кхечу республикехь ма яра. Хеттарш дича хиира иза цигара д1а 70 километр гена юйла. Машенна дала ахча а дацара, цомгашчу дена г1аш некъ а балур бацара. Абузара шаьшшинна дисинчу ахчанах, вархl соьмах, Абуга юха а телеграмма йиллира, шаьшшиъ Намангане кхаьчна, кхуза дуьхьалвола, аьлла.

Буьйса т1ееача чайхана чуьра а араваьккхира и шиъ, вокзала чу а ца витира. И кхо буьйса чайханан не1арехь, урамехь яккха дийзира. Цхьа де-буьйса д1аделира, дийнахь араволий, к1анта урамашкахь д1акхоьссина, йиса-йоьжна баьпган чкъуьйриг, стом - х1ума лоьхуш, волавелла лелаш. Цу кхачо гергабахнера. Ура-мехь туьркан лаг, ч1еран корта карийча а хазахетара, шена цхьа йоккха хазна карийча сана. Доьалг1ачу дийнахь, Караване боьду некъ лехна, г1алел аравелира и шиъ. Цомгашчу Дега г1аш некъ байта ца х1уттура Абузар, вешех Абух дог а ца дуьллура. Наман-гане а ца вог1уш уллорчу станце веана хир вац-те аьлла, ойла а хуьлура.

Г1али йистехь шуьйра, к1орга канал дара, чухула доьдуш док-кха хи а долуш. Цуьнан йистошца долчу дитташ к1ел 1индаг1е да охьа а хаийна, ойла йира к1анта.

- Туту, вайша г1аш новкъа ваьлча, хьуна некъ балур бац. Хьо кхузахь садо1уш 1е, Абу цига веанийла хьажа со гергарчу станце воьду. Со сихха вухавог1ур ву хьуна. Варийлахь, кхузара д1аса ма валалахь.

Вуханехьа вокзале а веана, хьалха д1айоьдучу товарни ц1ер-поштан вагонан лами т1е а х1оьттина, Чартакх станце вахара иза. Абу цигахь вацара. Юханехьа некъ г1аш бира к1анта. Цхьа Делан та1зарна санна, Чартакхе вог1уш, лами т1е хиъна 1аш, когара цхьа к1арх а боьжнера цуьнан. И берзина ког а бара лаьтта мосазза

буьллу йовхоно деттинчу жаг1анан т1улгаша а, т1ехь силам лелинчу шпалаша а багош.

Наманганна йисте кхаьчча, мацалла са а ца тохаделла, некъа йистерчу беша а ваьлла, х1етта мадъяла йоьллачу кемсийн ши кан а баьккхина, уьш бууш ног1уш шайн бешахь болх беш волчу кхаа узбеко сацийра г1елвелла к1ант. Цхьаъ воккхастаг вара, важа шиъ 25-30 шераш хир долуш.

- Кемсаш мичара евлла хьуна? – хаьттира къоначу шиннах цхьамма.

- Цхьана узбеко елла суна.

- Мичхьа?

- Д1ога, лахахь, - ша схьавеанчу аг1ор куьг тесира цо.

- Муха стаг вара иза?

К1антана гина берриг узбекаш цхьана сибатехь, цхьатера духарш долуш ма бара.

- Воккха стаг вара, т1ехь к1айн коч-хеча а долуш, коьртахь къорза пес йолуш.

Цара хеттарш деш сихйина кемсаш юуура к1анта, шегара схьаяхарна кхоьруш. Цхьадика, воккхастага шайн маттахь масех дош аьлла, сацийра цуьнга лем оьцуш волу къона шиъ.

Некъара юьстах а ваьлла, каналан йистонца вог1уш, цхьамма хьерчийна бацала д1асакхийсина суьрташ гира Абузарна. Цхьаъ схьа а эцна схьадаржийча, уьш цхьа шо хьалха поселкехь накъосташца даьхна цуьнан суьрташ дара. Кхуза мичахула кхаьчна? Оцу минотехь коьрте масех вуон ойла хьаьвзира. Цунна т1аьхьа г1оьртина, галваьлла вахана-те да? Я ламаз изца хи т1е г1оьртича чувахана-те? Я узбекаша, милицис вигна-те ?

Гуттар водуш, татолца хьалавахара к1ант. Х1окхо ша виттинчохь хиъна 1аш карийра цунна да. Узбекийн буткъа хьокхам а, кемсаш а юуш воллура иза.

- Х1орш мичара евлла хьуна?

- Цхьана-шина жимстага, т1е а веана, хьокхам, кемсаш елира суна. Ах хьуна а йитина ас.

Катоьхна схьаэцна шаьшшиннан таьлсаш чу хьаьжира Абузар. Царна чохь дацара цуьнан ден дато бустамашца кечдина

1аьржачу исхарин ц1ена чоа а, детица кхелина меттанаш долу доьхка а.

Хьокхам, кемсаш делла х1ара 1еха а вина, уьш эцна д1абахнера къуй…

Оцу дийнахь Караване новкъа ца велира и шиъ. Де суьйренга г1оьртича г1али йистехь, эрна арахь 1ен а ца лиъна, вокзале вухавеара. Буьйса вокзалан я чайханан не1арехь, урамехь яккха.

Абух дог а диллина, шолг1ачу дийнахь меллаша Караване боьдучу новкъа д1аволавелира да а, к1ант а. Новкъахь т1ехъюьйлучу машенашна куьг лоьцура, амма уьш ца совцуш, царшинна т1е ченан к1ур а тухуш т1ехйовлий, д1айоьлхура.

Чуьра бахам лачкъийна, х1инца дайделла таьлсаш шен белшах а тийсина, хала г1улчаш йохуш вог1учу дена улло а х1оьттина, д1аоьхура Абузар. Цкъацкъа да д1а а волаволуьйтий, иза б1аьргашна гучуьра  вала воллалц хуий а 1ай, т1аккха г1оттий цунна т1аьхьакхуьура. Я ша хьалха д1а а воьдий, иза т1екхаччалц хуий 1ара. Т1аккха цуьнга са а до1уьйтий, меллаша ший а д1аволалора.

Некъаца луьстта узбекийн ярташ яра. Бошмашкахь гора 1ежаш, хьорматаш, туьркаш, кемсаш, шапталш, кхидолу стоьмаш а. Юкъакара доттучу бепиган хаза хьожа а кхетара. Х1ора юьртахь, шаьшшинна кхалла х1ума яла там бара аьлла хетачу керта а воьдий, бепиг доьхура Абузара. Амма цхьана а юьртахь цхьамма а цкъа кхалла рицкъа ца делира цаьршинна. Диъ-пхи шо хьалха т1ом болчу хенахь кхузахь саг1а ца даларх-м цецвер вацара. Иза хала зама ма яра. Ткъа х1инца адам токх ма дара. Х1етте а цкъа кхалла а саг1ийна х1ума ца елира оцу масех юьртахь.

Хьалхара буьйса т1екхечира новкъахь. Саг1ийна цкъа кхалла а рицкъа ца лучу кхузарчу бахархоша буьйса яккха х1усаме вуьтур ву бохург хьехочохь а дацара. Цундела маьрк1ажан бода бола боьлча некъана юьстах лаьттачу цхьана бурсане доккхачу дитта к1ел д1аг1оьртира и шиъ. Дитта т1екхачале йолчу цхьана арыках дехьаволуш охьакхийтира 1абдул-Хьаькам. Халла айбина да хьала а г1аттийна, чуьра хьала а ваьккхина, дитта к1ел вигна, и буьйса цигахь яьккхира царшимма.

Шолг1ачу суьйранна Янги-Курган ц1е йолчу цхьана йоккхачу юьрта кхечира да а, к1ант а. Иза цигарчу районан юкъ яра. Юьртан майданахь цхьана йохкархочунна туьманах таьлсаш доьхкира Абузара. Мацалла г1елвеллера. Дехьо охьадог1учу хина т1ехула тиллинчу доккхачу т1ай к1ел, шовдана улло да охьа а хаийна, шаьшшинан туьманах хьокхам эца вахара иза. Майданна цхьана аг1ор парк тайпа беш яра, оцу беша ваьлча чайхана карийра цунна. Довхачу дийнахь коьртахь лергаш долу кхакханан куй, чу бамба биллина аьхна тужурка, хеча а йолуш, берзинчу когашца х1ара чу ваьлча, оцу чохь чай муьйлуш 1ачу узбекаша соьмаш а, кегийра ахча а делира цунна.

Ши хьокхам а эцна, чуьра аравала воллуш т1евеанчу цхьана узбеко, нахана юьстах хиъна чай муьйлучу милицин эпсарна т1евигира иза. Оьрсийн маттахь мила ву а, мичара вог1у а, стенга воьду а хиттина, х1окхуьнгара цаьршиннан бакъо д1а эцна, шайн маттахь узбеке цхьаъ элира цо.Мухха хиънехь а, цуьнца воккхастаг хилар а, иза мичхьа ву а хиънера эпсарна. Оцу узбеке и шиъ милицин отделени д1авигийтира цо. Цаьршинца цига кхин цхьа узбек а валийра.

Эпсар оцу районан НКВД отделан начальник хиллера. Сени чохь х1орш лаьтташ, хьалха узбек чу вигира. Йиллинчу не1арехула д1а Абузарна гора начальнико иза къиза чехош.. Карахь цхьа а тайпа документ а доцуш, цхьанхьара-м веанера иза х1окху районе. Цуьнан хаьнт1ера узбекийн урс схьа а даькхина, цунна мосазза а бетах т1ара туьйхира начальника. Иза сийсазвеш гича кхеравелира к1ант. Шаьшшинна т1ехь и сурт х1оттийча лалур а доцуш, дуьхьало йича тоьлар а воцуш киртиг т1ех1оьттинера. Эххар иза а чукхайкхира. Хьалххе цаьршингара д1а эцна бакъо начальникна хьалха стола т1ехь 1уьллура. Хьаьжа юккъе шад а х1оттийна, лем д1аболийра цо.

- Нохчий ду шу?

- Ду.

- Басмач? Фашист? Маса советски салти, коммунист вийна аш?

- Цхьа а.

- Уьш бойучарна г1о деш хилла?

- Ца хилла. Нохчаша ца байина советски салтий, коммунисташ…
- Сацае муц1ар, фашистийн к1еза! Бехк боцуш даьхна шу маххах?
- Даьхна.
Уллохь лаьтта цул лахара эпсар реза вацара шен начальникан къамелана.. Цо шайн маттахь масех дош аьлча, къамел хийцира начальника.
- Казахстанера вог1у шуьшиъ?
- Вог1у.
- Х1ара бакъо цхьанна елла, шолг1ачун бакъо мичхьа ю?
- Со т1ехьа т1е язвина ву…
Шолг1ачу эпсаро бакъо шега д1а а эцна, шиний аг1ор еша а ешна, юха а шайн маттахь масех дош элира начальнике.
- Х1окху райцентрера аравала ах сахьт хан ло шуна. Ах сахьт даьллачул т1аьхьа кхузахь каравахь, ас та11ийна чу а воьллина, мацалла вуьйр ву шуьшиъ!
- Х1ара сан да хьуна ма гарра цомгаш а, къена а ву. Буьйса т1екхаьчна яьлла, тхойша мича г1ур ву…
- Сацае и хьайн фашистски муц1ар! – стоьла т1е буй туьйхира цо. – Сан б1аьргашна хьалхара д1авала ший а!
Дарвелла иза шозлаг1а вист ца хуьлуьйтуш, ницкъ ма кхоччу сихвелла аравелира и шиъ..Маьрк1ажан хан хилла яьллера. Амма оцу юьртахь социйла дацара. Меллаша юьртах ара а ваьлла, цхьа километр д1а а вахана, дохийнчу цхьана божалан херцорашна юккъехь буьйса яккха сецира. Сахиллалц цаьршинна гонах уьдура дехкий, моьлкъарчий, яххьашна т1ехула текхара шереш, чхьаьвригаш, кхи йолу сагалматаш а.
Кхоалг1ачу дийнахь Караване боьдучу некъах ах сов чекхбаьллера. Х1инца шина дийнахь некъ бича, цига д1акхача хьесап дара. 1уьйранна де шеллах новкъа ваьлла, юкъ-юкъа са а до1уш, меллаша д1аоьхура ши некъахо. Цкъа да д1а а волавалийтина, Абузар хиъна 1аш, адамех йоьттина цунна т1ехъяьлла машен 1абдул-Хьакамна т1екхаьчча сецира. Машенара охьавоьссина цхьа стаг, дена т1е а вахана, цунна мараиккхира. Ванах, х1ара тхойшиннах къахеттарг мила ву-те аьлла, цецваьлла Абузар, г1еттина хьалха

д1ахьаьдира. Гергахьо г1оьртича, шен воккхах волу ваша Абу вевзира цунна.

Цаьршингара телеграмма кхаьчча, Ташкенте ваха комендатурера бакъо шена ца елча, цхьаъ бен боцу етт а боьхкина, цхьа а бакъо йоцуш цига вахана хилла Абу. Цигахь вокзалехь да а, ваша а ца карийча, масех больницехь а лехна, цхьанххьа кара а ца вина, дог диллина ц1а вог1уш х1инца цаьршинна т1екхаьчнера иза. Комендатурера бакъо а йоцуш, ша вехачу районера араваьллачу нохчочунна ткъа шо хан тухуш СССР Лакхарчу Советан Президиуман Указ дара х1етахь лелаш. Цхьа Делан къинхетам хилла органийн кара ца воьдуш висинера Абу.

Оцу машенца Узбекистанан а, Киргизстанан а дозанерчу Нанай ц1е йолчу узбекийн юьрта кхечира уьш. 1948 шеран 16 августехь, к1ирандийнахь дара иза. Нанай базара баьхкина дуккха а нохчий бара, мескатхой а цхьаьна. Уггар хьалха чайхана а вигна, 1абдул-Хьаькам а, Абузар а вузийра цара. Т1аккха базара юкъа а ваьккхина, т1еюха бедарш ийцира.

Х1ара Успеновка юрт Столыпинан заманахь кхуза кхелхинчу украинцаша йиллинера. Шина аг1ор лекха лаьмнаш долуш, шуьйрачу тог1ехь, ломан когашкахь. Юьрта юккъехула чекхболуш нийса, шуьйра урам а, пурхалшхьа юрт каппашка йоькъуш ишта нийса масех урам а. Юккъерчу урамна шина а аг1ор г1ашлойн некъаш а, луьстта дийг1ина дуккха а шерашкахь деха дитташ а. Дукхахдолу ц1енош Украинехь санна чах, эрзах тхевнаш болуш дара, амма гериган, эчиган тхевнаш болуш а дара дикка. Хаза йина килс а яра, х1инца юьртан клуб хилла лаьтташ.

Юьртахь бехарш дукхах берш украинцаш бара, йистошкахь баха ховшийнера ломара охьакхалхийна г1ирг1азой. Кхузахь шиъ ишкол яра – оьрсийн, г1ирг1азойн. Шиннан а куьйгалла цхьаъ а долуш.

Кхузара колхоз хьоле яра. Цуьнан долахь масех б1е гектар латта а, даккхийчу хьелийн, говрийн, уьстаг1ийн, гезарийн, хьакхарчийн, котамийн къаьст-къаьстина фермаша йолуш. Царал сов, ши эзар сов некх бара, масех мазлаг1е бекъна.

Нохчий кхуза балийча 1абдул-Хьаькаман ваша Хьаьлам а, Абу а кхузара охьа иттех километр гена Афлатун ц1е йолчу г1ирг1азойн юьрта нисвеллера. Цхьа шо хьалха Хьаьлам кхелхина Успеновке веанера.

1абдул-Хьаькамна шен ваша волчохь саца лиира.

- Хьо хьайн ваша волчохь 1е, со сайн ваша волчохь 1ийр ву, - аьлла, забар йира цо Абузаре.

Оцу гуьйранна кхелхина Успеновке хьалавеара Абу а. И 1а т1ек1ел а Хьаьлиман ц1еношкахь дьккхира цара массара а. Б1аьсте яьлча Абус шена ц1енош дира.

Сентябрехь колхозе балха вахара Абузар. «ЧТЗ» тракторан прицепщик. Цхьана баттахь болх бича, цунна ч1ог1а езаелира трактор. 1ай МТС-е трактористийн курсашка деша ваха сацам а хиллера, амма оцу 1ай ц1еххьана цомгаш хилира иза. Голаш йистинера. Казахстанехь деа 1ай, 40-50 градус шелонехь, т1едуьйхина довха духар а доцуш, аренашкахь бина болх а, йиъна шело а, хьегна къа а х1инцца гучудаьллера.

Успеновке кхаьчча, ц1ера д1аса ца валахь а, ша волчохь дика 1ийра 1абдул-Хьаькам. 1ай цомгаш, меттахь висира.

Б1аьста юха а тракторан прицепщик болх болийра Абузара. Оцу 1уьйранна иза балха воьдуш, кхин т1екхетта цамгар а йоцуш, хаза вист а хуьлуш 1аш вара цуьнан да. Юьртана ши километр генахь охуш бара уьш. Къегина хьаьжна малх а болуш, стиглахь мархин 1аьциг йоцуш довха де дара иза. Делкъан хан хуьлуш ц1еххьана чехка мох баьлла, стигал кхоьлира. Ши-кхо минот ялале мох сецира, мархаш д1а а евлла, хьалха санна екхаелира стигал. Цул т1аьхьа ах сахьт далале Абузар волчу стаг веара, да д1аваьлла аьлла.

И шиъ Казахстанера кхуза кхаьчна нийсса барх1 бутт буьзча, 1949 шеран 15 апрелехь д1акхелхира иза. Цхьанна а шех бала а ца беш, тийна, таь1на.

Лаьцначуьра ц1а вог1уш 1абдул-Хьаькамна деллачу паспорта т1ехь иза 1877 шарахь вина аьлла яздина дара. Кхузткъе иттцхьайтта шарахь ваьхнера иза дуьненахь. Шен дахарехь оццул

дукха халонаш, баланаш лайнехь а, юьхь т1ехь ц1ен бос ларбеллера цуьнан, цхьа а церг-кхел ца телхинера, Къор1ан доьшуш, цхьа х1ума язъеш бен куьзганаш а ца леладора. Дег1 букар а ца хьаьвзинера. Генна ша хьалха хьожуш шен хьаьрсачу цкъоцкъамашна т1ехула куьг лоцура цо. Аз а ларделлера, даима санна, цхьа шатайпа хаза. Ша мел халчу, доьхначу хьоле нисваларх собарх а ца вухура, забар ян а, адамийн дог иэца а, масла1ат дан а хаьара.

Хьекъал, майралла, оьздангалла,доьналла а дара цуьнгахь, кхин хилча ца маггал догдика а, къинхетаме а вара. Масех дашца аьлча, ц1ена бусалба а, ц1ена нохчо а вара иза. Адамашна диканиг дан, мискачарна, г1ийлачарна г1о дан г1ерташ шен дег1, ницкъ ца кхоош дуьненахь ваьхна д1авахара.

Цуьнца цхьаьна барх1 шо хан йоккхийла хилира Абузаран – 1941 шеран 5 мартера 1949 шеран 15 апрель кхаччалц. Цаьршимма цхьаьна яьккхинарг к1езиг хан елахь а, амма цо боккха 1аткъам бира яздархочун ерриг оьмаран кхолламна. Цунна гинера иза халонаш т1енисъелча а, баланаша юкъахьарчийча а, цамгаро б1арзвича а, къеналло г1елвича а. Амма цкъа а собарх, доьналлех воьхна ца гира.

«И барх1 шо эрна ца дахара сан. Нагахь соьца диканиг, оьзданиг, къихетамениг ларделлехь, уьш оцу барх1 шарахь сайн дегара схьаэцна ас», - олуш, и хан дагалоцуш билгалдоккхура г1арваьллачу яздархочо.

Шен исторически романийн оьзда, майра, собаре, къинхетаме, доьналле къонахийн васташ кхуллуш даима яздархочунна масал хуьлура цуьнан да 1абдул-Хьаькам. «Еха буьйсанаш» т1ехь Маккхал, Аьрзо а, «Маршонан ц1арах» романехь 1ела а, «Кхолламан цхьа де» повеста т1ехь 1абдул-1аьзам а, Мата а. Нийсса аьлча, оцу повеста т1ехь Абузара язбинарг шен а, шен ден а кхоллам бу. Яздархочо ша вийцина Мансуран, Берсин ц1ерашца.

1абдул-Хьаькам д1авоьллина Киргизехь, х1етахь Джалал-Абадски областерчу Каравански районехь, Успеновка юьртан йистерчу нохчийн кешнашкахь. Х1инца оцу меттиган адрес ишта ду: Кыргыстан, Ош область, Джанги-Джольски район, Успеновка юрт.

* * *

Махках баьхначу нохчашна х1оттийна шатайпа раж яра массанхьа а. Ялхийтта шо кхаьчначу нохчочунна шатайпа досье х1оттайора, юкъа цуьнан керл - керла суьрташ а дохкуш. Цунна х1ара тайпа документ лора:

## СПРАВКА

**№447 11 апреля 1952 года**

Выдана спецпоселенцу АЙДАМИРОВУ АБУЗАРУ, 1933 года рождения, с.Мескеты Ножай-Юртовского района,бывшей Чечено-Ингушской АССР.

В том, что он проживает в с.Успеновка Караванского района Джалал-Абадской области Киргизской ССР и без разрешения МГБ выезд с места поселения запрещен.

Действительно до 31 декабря 1952 года.

**Начальник РО МГБ**
**Капитан Колтыгин.**
**Комендант с/к**
**Мл. лейтенант Чалов.**

**11 апреля 1952 года.**

1946 шеран гуьйре чекхйолуш, 1а т1ег1ерташ, арахь ло а, дог1а а ийна т1едоьлхуш, ц1емза, йочане де дара. Нахе куьйгаш та1адайта комендант веанера юьрта. Колхозан конторехь сецначу цунна т1е а вахана ша дийна а, ведда цхьанххьа вахана цахилар а ч1аг1дан куьг а т1аийна, оцу контора чохь йолчу юьртан библиотека чу а вахана, киншкашка хьоьжуш воллура Абузар.

Комендант волчу чу оьхуш, арабуьйлуш нохчий а бара. Цига оьху адамаш лаг1делча, х1етта араваьлчу цуьнан юьртахочуьнга кхойкхуш йоь1ан цхьа хаза аз хезира Абузарна. Х1ун дара а хаац, и эсала, зевне аз долу йо1 ган лиъна сени чу велира иза. Ша олург а аьлла, учара чу еана йо1 сени чохь сецира. Иза дейтта-пхийтта

шо хенара жима йо1 яра. Т1еюьйхина раз кисанаш долуш г1еххьа лелийна шекъан басахь боьзан тужурка а, 1аьржа юбка а, логах хьарчош, т1ехьа шад бина коьрта тиллина боьмаша довха йовлакх а, когахь т1ерг1ан пазаташна т1ехула юьйхина узбекийн т1еш йолу калош а йолуш . 1аьржачу аматахь горга юьхь, 1аьржа б1аьргаш а, царна т1ехула т1амарш яржийна 1аьржа, дуькъа цкъоцкъамаш, кегийн горга куьйгаш, т1ехьахула охьахецна букъал лаха йолу 1аьржа ши ч1аба а.

Ца вевза к1ант леррина шега хьежа воьлча, иэхь хетта корехьа д1а а йирзина, ши куьг тужуркин кисана а доьллина, ара хьежа х1оьттира иза.Библиотеки чу а вахана, киншкаш а кегош, лакхахь ангалеш дехкинчу не1арехула цуьнга къайллах б1аьрг бетташ Абузар 1аш волуш, комендант волчуьра араяьллачу шина зудчунца д1аяхара йо1.

Цул т1аьхьа 1а а, б1аьсте а д1аелира цунна и йо1 ца гуш, амма цуьнан сурт цкъа а б1аьргашна хьалхара д1а ца долуш. Цхьана дийнахь 1уьйранна шен кет1ахь урамехь Абузар х1оьттина лаьтташ метигаш карахь колхозан асара йоьдучу х1окхуьнан гергарчу зудчунца Зарааца, йиллина д1а цуьнан дагахь лаьтта и жима йо1 т1енисъелира цунна. Зараъ саца а сецна, къамеле елира, амма жимачу стагана ца хезара цо дуьйцург, цуьнан ерриг а ойла оцу йо1ана т1ехь яра. Х1инца йо1ана т1ехь баьццара кегийра зезаг долуш к1айчу басмин коч а, коьрта тиллина оццу к1адин жима йовлакх а, когахь к1адинах бина к1архаш а бара. Шен ханчу яхазчу цуьнан меженаш а, дег1 а берачух тера дара х1инца а. Йист ца хуьлуш, лаьттан б1аьра а йог1аелла 1ен йо1 ц1еххьана Абузаре д1ахьажаелча, иза шена велакъежча, дуьхьал елакъежира. Т1акха ша к1анте хьажарх а, цунна елакъажарх а иэхь хетта, шен накъост а йитина, д1айолаелира.

Иза Мух1ажар яра. Абузаран хинйолу х1усамнана.Цуьнан доьзалан нана. Г1араваьллачу яздархочун турпалчу кхолламан тешаме накъост...

Дукха хан ялале оцу йоь1ан ц1е а, иза хьенан ю а хиира Абузарна. Мух1ажаран да а, де да а цунна вевзаш вара махках дахале. Мух1ажаран де да Хьаьмад 1абдул-Хьаькаман воккха доттаг1

вара. Сибрехара иза ц1а веача, сих-сиха церан х1усамехь хуьлура Хьаьмад. Цкъа 1абдул-Хьаькам цомгаш хилча, дийнахь-буса а бохург санна цунна уллохь а 1ийра, баттахь сов.. Цкъацкъа Абузаран х1усамехь, цуьнан да волчу баккхий нах гулбелча, Хьаьмдаца вог1ура Мух1ажаран да Халад. Дуьхехь х1уттий лаьттара, ша нуьцкъах охьа ца хаийча. Баккхийчара наггахь назма олуьйтура Халаде.

Мух1ажаран а, Абузаран а бералла дукхе-дукха цхьатера хиллера. Халадан, Совбин пхиъ бер хиллера – виъ к1ант а, цхьа йо1 а. Массарал а жимчу Мух1ажаран ши шо кхочуш д1акхелхинера церан нана. Мух1ажарна иза дага а ца йог1ура. Воккхах волу ваша 1адади махках дахале ц1ахь веллера, Шолг1аниг, Салади Киргизехь хала деанчу хьалхарчу шарахь, Халад лаьцна волуш, шайн доьзал мацалла к1елбисча, цунна рицкъа лаха араваьлча г1ирг1азойн лачкъийна газа гучу а яьлла, лаьцна вигна лагерехь веллера, шен пхийтта шо долуш. Важа кхо к1ант а, десте а деллера оцу мацалла х1оьттинчу шарахь. Цхьа шо даьлча, лаьцначуьра ц1а веача, дийна х1ара цхьа йо1, Мух1ажар, карийнера шен ваша Вах1ид волчохь.

Нана дага ца йог1ура Мух1ажарна, амма шайн дуьххьарлера десте ца йицйира цо ша дуьненахь йоккхучу хенахь. Иза шаьш дина нана цахилар бен, цкъа а шайна нана ца оьшуьйтуш дика а, къинхетаме а яра, олура цо. Ша жима йолуш дестечо даима гихькарахь лелайора, йоккха хилча оьшур ю бохуш, шена кучамашна к1адеш, г1абалина г1ирсаш, дашо х1умнаш а д1айохкуш хуьлура, олура. Ткъа шайн гомашера яьккхина шура цкъа а машенах яккха ца хьора, йовха йолуш веа к1антана малайора, церан дег1ехь ницкъ хилийта. Нехан берех летча цара эшор бу, нана елахьара ишта г1ийла, хесара хир бацара ца алийта.

Абузаран а, Мух1ажаран а ши десте 1аларойн-Эвлара хиллера. Башхо цхьаъ яра: Мух1ажаран десте цунна нана санна дика хиллера, ткъа Абузарниг ишта ца хиллера. Хьалхара ши десте елча, шиннан а шолг1а дестеш а хиллера.

Халад ша эвлаяъ санна дика стаг вара, массара лоруш, сий деш. Догдика, къинхетаме, хьанал, оьзда а 1еламстаг, ц1ена бу-

салба а вара иза. Киргизехь волуш а, даймахка ц1а вирзича а, юьртана т1ера саг1а даккха масех бежана лора цо х1ора шарахь ша дуьненара д1акхалххалц.

Лакхахь ма-аллара, Абузар беран хенахь воккха романтик вара. Шена хуучу туьйранийн, ешначу киншкийн а турпалхойх тарвала,- халкъ, г1ийланаш, мисканаш бохамех, мостаг1ех к1елхьарабохуш даккхий хьуьнарш шегара гайта сатуьйсура. Т1аккха, воккха мел хуьлу иза кхета вуьйлира оцу «хьуьнаршна» шена хьекъал, кхетам, хаарш дезаш хилар. Цундела, цкъачунна и «турпала хьуьнарш» т1аьхьалонна д1а а теттина, хьехархо хила сацам бира цо.

Газетехь хаам бара ворх1 класс чекхъяьккхина ялхийтта шо кхаьчна бераш Буйнакскерчу хьехархойн техникуме д1аоьцу аьлла.Ворх1 класс чекхъяьккхинера, амма ялхийтта шо ца кхаьчнера. Тешаллина т1ехь иза вина хан нийса язйинера – 1929 шо. К1антана ши шо т1еоьшура, цундела т1аьхьара ши терахь д1а а дайина, 1927 шарахь вина аьлла тойира цо.

Абузаран хенарчу эзарнаш нохчийн берийн сатийсамаш кхочуш ца хуьлуш халкъ махках даьккхича, т1аьхьа «Бералла» ц1е йолчу шен стихотворени т1ехь и юкъахбисина сатийсамаш дагалоьцуш цо яздира:

**Дагаоьху бералла**
**Самукъне, ирсе.**
**Юьртарчу школера**
**Чекхдовлу денош,**
**Лаккхара 1илманаш**
**1ама сатийсар,**
**Къестадар дахарехь**
**Дан лиъна некъаш**

Махках даьхначу хьалхарчу шерашкахь дешар хьехочохь дацара. Мацалла ца дала а, шайл баккхийнаш, кегийнаш ца балийта а г1ерташ белхаш бора бераша. Ткъа и хьалхара диъ-пхи шо д1адаьлча, яа сискал таръелча, ишколе деша доьлху хенаш д1аевлира церан. Т1е, нохчийн бераша дешарца бала болуш а дацара 1едал. Я нохчийн халкъан кхолламан бала болуш а. И халкъ цхьана дийнахь делла д1адаьлча, хазахета бен, халахетар долуш а.

1едало и халкъ законал арахьа х1оттийнера. Кхечу къомах болчу наха нохчо сийсазварх а, цунна тоьхча а, иза вийча а 1едало жоьпе ца озавора. Нохчаша вовшашлахь стаг вийча а, вовшашна х1уъу зулам дича а тергал ца деш дуьтура. Цара пачхьалкхана, кхечу къомах болчу нахана зулам ца дичхьана. Шаьш т1еч1аг1бинчу, цигара д1асабовлар дихкинчу районера д1аса ца бевлчхьана.

Нохчо, нохчийн халкъ боху дешнаш д1адаьхнера зорбанера.

Нохчийн мехкан ц1е д1аяьккхинера дуьненан карти т1ера. Иза ша борц санна даржийнера Казахстанан шуьйрачу аренашкахь а, Киргизстанан лаьмнашкахь, тог1ешкахь а. Оцу хьелашкахь цхьана б1е шарахь дисахь, бовр бара нохчийн къоман мотт а, истори а, культура а, эзарнаш шерашкахь лардина къоман оьзда г1иллакхаш а, ламасташ а. Нохчийн къам д1адер дара дуьненан истории т1ера.

Х1етахь жима хиллехь а, Абузар кхеттера оцу дерригенах.

Оцу махкахь кхечу къомах болчу нахаца дош-дашера даьлча, барт ийг1ича нохчочунна «фашист», «изменник», «бандит», «предатель Родины» олий, т1ехтохам бора. Оцу сийсазаллех нохчо ларван цуьнгахьа закон дацара. Ша сийсазвинчунна тоьхча бехке воцу нохчо жоьпе озавора, цунна та1зар дора, хан тухий лагершка д1ахьажавора. Оцу хьелаша уггар къинхетамечу нохчочун даг чу къизалла йоссайора, бекхаме кхойкхура. Шен оьмарехь цкъа а хьарамчу рицкъанна т1е куьг ца кховдийна, я кховдо ойла а йоцу стаг х1оьттинчу мацалло къоланна т1етоттура. Ша а, шен доьзал а мацалла ца балийта цо къола дора. Мацалло а, къелло а, т1ехь латточу харцонаша а дегнаш дардора, яхьах а, оьздангаллех а бохабора.

Киргизе веача наха Абузаре дуьйцура Джалал-Абадски а, Ошски а областашка балийнчу нохчашка 1944-1945 шерашкахь х1оьттана иэрча хьал. Мацалла беллера дийнна доьзалш. Белларш д1абохка ницкъ ца кхочура дог1машкахь г1ора доцчу дийначийн а. Беллачийн декъашна улохь 1охкура дийна бисинарш. Шайн дог1мийн дола дан ницкъ боцуш. Мацалла ца бала къолах бахана нах къизачу акхараллица байана меттигаш дукха яра.

И дерриге а цкъа а дицлур доцуш даг чу дижинера хинволчу яздархочунна.

Х1инца Абузар бераллехьлера романтик вацара. Цо боккъал а ч1аг1о йира уьш дерриг д1аяздан, шен къомана т1ехь латточу харцонна дуьхьал г1атта, цуьнан бакъонашкахьа къийса, цунна т1екхоьллина харц эладитанаш 1орадаха, бакъдерг дуьненна а довзийта.

Иза романтика яцара, ткъа ц1ена утопи яра. Сатийсамаш. Оцу хьелашкахь кхочуш хир боцу. Цкъа делахь,х1етахь Сталин дийна вара, пачхьалкхехь террораш марсаевллера. Бакъдерг аьлларг т1епаза войура. Уггар коьрта - и шен лаам, сатийсамаш а кхочушбан цуьнгахь хьекъал, кхетам, хаарш а дацара. Амма хенан йохалла уьш хиларе сатуьйсура к1анта.

Оцу 1алашонца деша ваха сацам хилира. Цкъа хьалха итт класс, т1аккха институт чекхъяккха. Караванехь, райцентрехь йолчу юккъерчу ишколан директоре заялени делира цо, бархх1алг1ачу классе деша д1аэцахьара аьлла. Амма цуьнан ворх1 класс чекхъяьккхина тоьшалла дацара. Иза уьш кхелхина Г1ансолчу доьлхуш Мескетахь дисинера. Ишколе д1а-м муххале а ца ийцира иза, муххa делахь а, оцу ишколехь доьшуш волу масех нохчийн к1ант а д1аваьккхира.

Амма Абузар шен сацамна т1ера вуха ца волура. Х1етахь ткъоалг1а шо долу къонаха, директоре дехар а дина, юьртарчу оьрсийн ишколе ворх1алг1ачу классе деша вахара. Кхойтта-дейтта шераш долчу берашна юккъе.

Иза 1949 шарахь дара. Цига воьдучу хенахь аренан бригадехь учетчик болх беш вара иза. Болх бьтийла а яцара, деша а дезара, Делккъалц деша воьдура, ткъа делкъал т1аьхьа шен сажа ги а юллий, кхаш т1е. Мукъа хан нисъелча еша масех учебник а хьора шеца.

Физика, математика, хими а предметаш ца 1емара к1антана. Берриг тидам т1ебахийтинарш а, дукха езарш а яра литература, истории, географи а. Оьрсийн мотт ледара хаьара, ткъа грамматика хаъане а ца хаьара. Къаьсттина хало йинера кхечу мехкашкарчу къаьмнийн меттанашкара т1еэцначу дешнаша. Церан маь1нех кхетор доьхуш дукха хеттарш дора оьрсийн мотт а, литература а хьоьхучу ишколан директоре Марковга. Шел пхи-ялх шо ке-

гийчу берашна юкъа Абузар деша а, кхета а веанийла хуучу Марковс ца к1ордош жоьпаш лора цуьнан хеттаршна, кхечарначул т1ех цунна т1е тидам а бохуьйтура. Эххар а цо к1антана «Словарь иностранных слов» киншка а елира.

Литературе нохчийн к1ентан безам хилар хууш, Абузара ворх1 класс чекхъяьккхича 1950 шеран октябрехь ишколан библиотекарь х1оттийра цо. Оцу чохь ткъех киншка бен яцара. Амма директора, дукхахдерг цуьнан дуьхьа, а дуккха литература ийцира библиотекана. К1анта аннех терхеш еш д1атарйира уьш. Библиотекарь болх бийра цо 1951 шеран март бутт чекхбаллалц.

Доцца аьлча, 1949 шарахь шен дахаран 1алашо а, хала некъ а къастийра Абузара. Оцу новкъа д1авахча ша мича кхочур ву-м ца хаьара къоначу нохчочунна...

Делккъалц марха къобал деш а лелий, делкъал т1аьхьа цхьацц-цанхьа керташка кегийрхой, мехкарий сакъера гуллуш г1иллакх дара х1етахь.

1949 шеран 16 августехь, оршот дийнахь марха достуш, делкъал т1аьхьа, Мух1ажаран де вешин х1усамехь синкъераме гулбелира мехкарий. Цаьрца яра оцу дийнахь дуьххьара синкъерамехь охьахиъна Мух1ажар а. Кегийрхой болчу аг1ор схьахьажа иэхь хеташ, ши б1аьрг ц1енкъа а боьг1на, йист ца хуьлуш 1ара иза. Абузара шега езарх лаьцна къамел дича, юьхь ц1ийъелла, аг1ор д1айирзира йо1.

Оцу дийнахь дуьйна кхойтта баттахь а, кхойтта дийнахь а цунна т1ехьийзира Абузар. Цхьа шо даьлча дег1, меженаш юьзна, гоьлахха йовлуш юькъа 1аьржа месаш йолуш, районехь ц1е яххана хаза йо1 хилира Мух1ажарах. Цхьана говзачу художнико лерна тодича санна хаза 1аьржа цкъоцкъамаш, балдаш, иза елаелча гучуйовлара нийса, к1айн цергаш. Къаьсттина а хаза дара цуьнан елаялар. Ловзаргахь иза санна товш, хаза хелхайолуш йо1 яцара. Цкъацкъа ши куьг цхьа хаза хьалалоцуш, т1аккха рогг1ана дег1а-ца охьадохуьйтуш дай ластош, хала хаалуш аьрру кога т1е а те1аш бай буьхьар когаш бохуш болар деш ловзарна гуо тосуш хал-

хайолура иза. Ша хаза халха а йолура, шеца ваьлларг халхаваккха а хаьара. Цундела ловзаргахь халхаволучу къеначо а, къоначо а шайца халхаялар доьхура цуьнга.

Ткъа Абузарна и ца дезалора. Казахстанехь волуш г1ехьчул дика халхаволура иза. Киргизе веача дитинера цо и г1уллакх. Ловзаргахь шега халхавала аьлча, шена хаац, цкъа а ваьлла вац олура. Амма массо а Мух1ажарца халхабийла боьлча и ца ладелла юха а д1адолийра и шен халхар. Шеций бен кхечу стагаца халхаялар а дихкира Мух1ажарна. Шега халхаяла аьлла стаг т1евеача, Абузаре хьожура иза. Цо резавацаре корта ластийча, хьала ца г1оттура.

Б1аьстенан юьххьехь дуьйна 1а доллалц балхахь хуьлура зударий. Арыкаш ц1анъеш, асарш дохуш, докъарш, ялташ чудерзош, складехь ялташ ц1андеш а. Зударий балха д1анисбеш Абузара даима Мух1ажарехьа озабезам бора. Арык ц1анъеш хилча ц1еночу меттиге, асарахь асар к1езиг долчу, хьаьттахь галеш ца уьйуча. Накъостел ханна а, дег1ана а жима ма яра иза. Мелла а цуьнан къинхьегаман денош кхечу зударийчул алсам а хуьлуьйтура. Оцу т1ехула забарш еш зударша хьийзавора учетчик волу Абузар.

Цкъацкъа беламе х1уманаш а леладора Абузара. Цхьана буса синкъерамехь долуш, ша кхана балха йог1ур яц элира Мух1ажара. Цхьана дийнахь иза ца гуш 1ийча тоха са доцчу Абузаран сагатделира.

- Хьо х1унда ца йог1у?

- Йина кибарчигаш 1овдаелла тхан. Кхана уьш херца деза сан.

- Мичхьа ю уьш?

- Эвла йистехь…

Синкъерамера арадевлча оцу чохь хилла берриг кегийрхой а бигна, ткъех минотехь эзар сов кибарчиг хаьрцира Абузара. Шолг1ачу дийнахь 1уьйранна цига ваханчу Халадана уьш хирцина карийнера. Ц1а веанчу дас и дийцича

Мух1ажарна хиънера иза хьенан болх бу. Ц1ахь 1а сецна Мух1ажар балха яхара.

Мух1ажарна т1ехьийзаш масех бутт баьлча, шега йола аьлла хьовзийра иза Абузара. Амма ша мел хьийзаярх хан ца юьллура

йо1а. Маре а яхана ц1енан дукъ т1елаца ша жима ю олура. Гуттар а ша хьовзийча дестечух яьхьар яц ша, амма жима йоккха хилча Абузар воцчуьнга маре ца яха закъалтана шен п1елгара ч1уг елира цо. Эххар цунна буьйса а йиллира.

Абузарна хууш дара Мух1ажаран десте, Халасат, иза лула юьртарчу цхьана зандакъочуьнга маре яхийта г1ерташ юйла.

Цхьана буьйсанна Мух1ажара араяла йиллинчу метте, церан луларчу узбекан бешахь цо тоьхна сахьт лардан охьахиира Абузар шен доттаг1чуьнца. Йиллина хан чекхъелира, цул т1аьхьа масех сохьт а делира, юьрт ерриг а набарна йижира, амма Мух1ажар йиллинчу мете ца еара. Ша 1ехорна оьг1узваханчу Абузара шолг1ачу дийнахь балхахь т1е а вахана барт туьйхира цуьнга.

- Айхьа йилланчу метте х1унда ца яьллера хьо сийсара?

- Со ц1ахь яцара…

- Стенга яханера?

- Халасата лулахошка яхийтинера…

- Х1унда?

- И зандакъо еанера шен к1ант валош, иза вист хилийта йигнера со…

Абузаран собар кхачийра.

- Сатосу хан хиллалц тхо узбекийн бешахь а латтош хьо-м самукъадаьлла 1ийна! Дукха 1ийрий хьо цигахь?

- Цхьана эха сахьтехь…

- Цул т1аьхьа хьо х1ун деш яра? Йиллинчу метте х1унда ца елира хьо?

- Халасат охьа ца йижира буьйсанна т1аьххьалц…

- Т1аккха, х1ун эли ахь оцу хьайн везаре?

- Суна т1аьхьа эрна некъаш а ца деш ц1ахь 1е, хьайн нана а ц1ахь сацае элира…

- Со ма 1ехавелахь, Мух1ажар!

- Сан цкъа а ца хилла шалха хабар…- Мух1ажар йилхира.

Мух1ажарх-м тешара Абузар. Цо-м цкъа а харцо ца йинера, я йиийр а яцара. Амма Халасата само латтайора цуьнца йолчу аг1онна т1ехь. Абузарна тешамана ч1уг ялар гуча а даьлла, иза а юхаяккхийтинера. Цхьа къайле йина, я нуьцкъах Мух1ажар маре

яларна кхеравеллачу цо сацам бира иза ядо. Бертаза ядийна, нуьцкъах, я йо1ана ца лууш ехна а йигарна дуьхьал вара Абузар. Х1етте а ша шена масла1ат дора. Мух1ажар ша везаш а, ян а реза хилча, и цхьа Халасат йоцург оцу захалонна дуьхьал кхин стаг а ца хилча, ша динарг къилахь а, иэхье а хир ма дац аьлла.

Цхьа-ши де даьлча доттаг1чуьнца барт а бина, колхозан хьаьжк1ашна асар баьхкина зударий вовшашна гена гена а х1иттийна, Мух1ажарна массарна а юьстах меттиг а къастийна, делкъал т1аьхьа говрашкахь иза ядо вахара и шиъ. Доттаг1чун говран урх ша д1а а лаьцна, иза Мух1ажарна т1е вахийтира Абузара. Х1инце-х1инце цо йо1 схьа а лаьцна, т1е а ялийна шега схьало бохуш дог детталуш 1ара иза. Цаьршиннен къамел дахделира. Мух1ажар б1аьргех коьртарчу йовлакхан т1емаг хьекха юьйлира. Т1аккха зуда ядо вахийтина доттаг1а велхха воллуш Абузарна т1евеара.

- Хьо схьа х1унда веа?

- Суна куьг ца тохадели цунах...

- Х1унда?

- Ас хьо ядо даьхкина аьлча иза йилхира... Шена орцахвала ваша воцу дела ша атта хеташ лела шу аьлла...

- Ой, цуьнгара пурба а даьккхина ядо езара вайша иза?

- Суна къахийтира цунах. Тхо кегий долуш, цуьнан ваша Салади сан доттаг1 вара...

- Х1ан, вало, хьо велххале д1авоьду вайша, - аьлла шен говрана шед туьйхира Абузара.

Дуккха а шераш девлла къаналле г1оьртича, уьш кхоъ цхьанакхетча и де а хьахадой йоьлура Мух1ажар. «Кавказская плениица» кино хазахетара цунна, къаьсттина а Никулинг1ар йо1 ядо сурт.

- Ядо даьхкина а олий ядайо ткъа йо1? – г1ад йоьдий йоьлура Мух1ажар, - Оцу кинохь санна т1екхетта схьа а лаьцна, та11ийна коьрта галий а доьллина, полла санна айбана д1а х1унда ца юьгура ашшиммо со!

Шолг1ачу дийнахь суьйранна хийисте веача елхаран къурдаш а деш Абузаре ч1ог1а бехк баьккхира Мух1ажара.

- Абузар, сайн дел т1аьхьа хьо цхьа стаг вара суна везаш а, со тешаш а. Амма мотт хаза а, дог къиза а хиллера хьан. Орцахвала ваша а, елха нана а, йиша а йоцу нуьцкъах текхош со ядо веанера хьо? К1ант воцу сан къена да атта хеташ лийлира хьо? Ас куралл-лаш йинера хьуна, хьо ца везаш а, хьоьга ян ца лууш а яра со? Ахь нуьцкъах йигча хьайна сох х1усамнана хир ю моьттура хьуна? Суна а, сан дена а иэхь деш нуьцкъах ахь йигча, кхин къинхетам а, оьздангалла йоцчу хьан х1усамехь буьйса ца яккха лийр яра со! Сайна яллал хьо везахь а…

Мух1ажаран х1ор дашо шаьлтано санна дог дорура Абузаран, юьхьахь ц1еран алу еттара. Цо и къамел ца дича а валлал дохко-ваьллера иза ша хьалхарчу дийнахь лелийнчунна. Х1ара бехкаш цо ца даьхча а. Абузар цецвуьйлура х1инца а ялхийтта шо кхача-за йолчу оцу жимачу йо1ан хьекъалх, оьздангаллех, доьналлех а. Иза олург аьлла а, йилхана сапарг1ат а ялийтана, вист хилира иза.

- Делхьа, Мух1ажар, ахь соьга баьккхина бехк нийса а, баккха бог1уш а бу. Оьздангаллин, адамаллин цхьа чо шен дег1аца бол-чу боьршачу стага нуьцкъах, бертаза зуда юьгур яц. Иштта йиги-на зуда ша оьзда елахь цуьнгахь 1ийр а яц. Хьан да а, хьо а атта хеташ ца лелла со. Хьан да а, со а шина доттаг1чун ши к1ант ву. Оцу аг1ор а, шолг1а иза ша ц1ена бусалба а, дика стаг хиларна а ас доггах лоьру хьан да. Иштачу ден йо1 хьо йолу дела хьан сий а до ас. Селхана айса лелийнчунна валлал дохковаьлла со. Де-лан дуьхьа суна къинт1ера ялахьа. И соьх баьлла бехк вай кха-анна бен ца хаьа. Суна хьо мел дукха еза хьуна а, х1окху райо-нехь мел волчунна а хаьа. Сайн сил дукха хьо езарна хьоьх суо валарна кхоьруш дара ас селхана лелийнарг. Хууш ма ду хьо езаш а, йига г1ерташ а дуккха а нах хилар. Цара ехийтина, я тешна-бехк бина ядийна, я 1ехийна хьо йигарна кхоьру со. Ас х1ун де? Хьайн ден а, дестечун а бертаза хьо а ца йог1у, хьо соьга яийта уьш реза а бац.

- Церан бертаза хьоьга еача дестечо б1аьрга п1елгаш 1уьттуш х1ара дуьне къахьдийр ма ду суна…

- Ткъа ас х1ун де?

- Еха нах бахкийтахьа…

- Халада захало ца дахь, со нахала вер ма ву. Дуккха а нехан луур дер ду сох.

- Халад дуьхьал вац оцу захалонна. Хьан ден дуьхьа а дийр ду цо и захало. Реза йоцург Халасат ю.

- Ой, х1ун ду иза суна реза йоцург дан мукъане а?

- Хьан ц1а-ц1е а дац, я хир долу тайпа а вац, деш ламаз а доцуш, кхобуш марха а доцуш, г1азкхи санна валлалц д1алелар верг ву бохуш, даима д1а Халадна лерехь зурма лоькху цо.

- Халад теший ткъа цо дуьйцучух?

- Ца тешахь а, дуьхьало ца йо.

Абузар г1аддайна велавелира.

- Сан ц1а-ц1е ца хилар бакъ ду. Оцу т1ехь харц ца лоь Халасат. Сайн хенарчу кегийрхоша дина ц1енош дан а, гулбина бахамаш гулбан а ницкъ боцуш а, карахдер доцуш а вац со. Амма да-нана доцуш сайн дег1аца г1аж санна цхьалха волчу сан дог ца дог1у ц1енош дан а, сайна бахам леха а. Хьо соьга еача цхьана-шина шарахь и нехан долу ц1енош а, бахам а хир бу вайшиннан. Кхин сов ца хилахь а. Ткъа Халасатана ас ламаз ца до, марха а ца кхобу моттахь иза галъяьлла. Х1окху районера берриг бохург санна кегийрхой малар молуш бу. Хьуна гина-кх уьш. Амма со ца гина хьуна цкъа а маларах къурд бина. Гур а вац. Сан да а, ден да а, нана а, ненан да а вевзана Халадана. Уьш муха адамаш хилла а хаьа. Суо мел къен-миска велахь а, Халасатана ма моьтту, церан сий а дайана «г1азкхи» санна волавелла лела сонта а вац со. Халада а, Халасата а и захало дахь а, ца дахь а, сайна а, хьуна а лаарна, хьан пурбанца хьо еха нах бохкуьйтур бу ас. Х1уъу дина а хьоьх волийла дац сан.

Халасата Абузарах лаьцна дуьйцу хабарш Халад санна ц1ена бусалба стаг цкъа иштачунна реза а хилла шен йо1 цуьнга йоуьйтур йолу хабарш дацара.

Ойла йича Абузарна карийра уьш совцо некъ.

Халад х1ора п1ерасканан дийнахь 1уьйранна кешнашка воьдуш гора цунна. Цхьана п1ерасканан дийнахь 1уьйранна иза цига воьду тергал а вина, цунна т1аьххье кешнашка вахара Абузар. Шайн веллачу цхьаннан кошан г1евленга а хиъна, Къор1анна т1е

а хьоьжуш Ясин деша волавелира Халад. Наггахь Абузар а вог1у-ра кхуза шен ден коша т1е х1отта, амма тахана кхечу ойланца веанера иза. Цуьнан кошан г1евланга а хиъна, голаш мара а къев-лина, г1ийла хьалха д1а а вог1авелла, Халадана хозуьйтуш ма хуь-ллу хазачу мукъамехь ясин дийшира к1анта, т1аккха 1аьрбан а, нохчийн меттанашкахь дехха до1а а дира.

Шолг1ачу п1ераскана дийнахь а Халадана т1аьхьхье вахана юха а изза дира цо. Кхаш т1ера леррина юьрта а вог1ий, шен говр ке-т1а кертах д1а а тосий, Вах1идан а, церан шичойн ц1а чу а воь-дий делкъан, малхбузан ламазаш дан а вуьйлира. И ламазаш а дора Абузара шен ц1ахь дечул совнаха.

Цхьа-ши к1ира даьлча шаьшшиъ цхьанакхетча, Мух1ажаре хаь-ттира цо:

- Х1ун боху Халадаг1ар? Халасат дукха луьй суна?

Мух1ажар елаелира.

- Ванах, Абузар, и Халад ма ч1ога хьайгахьа ваьккхина ахь!

- Х1унда бах ахь?- ца кхетачуха хоьттура вукхо.

- Ша кешнашка мосазза воьду хьо а вог1у боху цига. Ша Ясин Къор1анна т1е а хьоьжуш доьшу, ткъа ахь дагахь доьшу боху. Ний-са а, цхьа хазачу мукъамехь. Ахь цигахь деш долу до1анаш шена х1инца а ца хаьа, уьш хьайн дегара 1емана хир ду хьуна бохура. Иштта дика бусалба к1ант ца хуьлийла кхоам бара 1абдулхьаь-каман, шен да санна дика стаг хир ву цунах бохуш, хьо хеставо цо. Тхан юккъехь а ц1е яхана хьан цхьа а ламаз дуьтуш вац, бохуш.

- Халасата х1ун боху ткъа?

- Ахь лелораш моттарг1анаш ю боху.

- Халада?

- Цо и аьлча Халада човхийра иза. Х1инца Халад а, цуьнан ваша а, шичой а хьоьгахьа бевлла. Варлахь, мало ца еш айхьа долий-нарг чекхдаккхалахь, - йоьлура Мух1ажар, - Вайша цхьана кхет-талц мукъне а ледара ма хилалахь!

Мух1ажар еха нах бахийтар Абуга хьахадайтира.

Иза дара 1950 шеран сентябрь беттан 26 дийнахь. Оцу еарин буса Абузаран х1усаме ялийра Мух1ажар.

Х1етахь Абузаран ткъе цхьаъ шо, Мух1ажаран ялхийтта шо дара. Оцу дийнахь дуьйна иза дуьненара д1акхалххалц шовзткъе

цхьа шо, ялх бутт, кхо де а цхьаьна даькххира цаьршимма. Хала хилира цаьршиннан некъ, амма и ерриг хан бертахь, вовшийн дезаш, мерза яьккхира.

Абуг1еран цхьана ц1а чу д1атардира х1инцца цхьанакхетта къона ши адам. Керла даха хуучу цаьршиннен бахам цуьрриг а чолхе бацара. Бамба чу буьллуш аьхна цхьа юрг1а, бамбийн кенийн гоьн, кенех буьзна ши г1айба а. Пенах хьалаоьллана басмин къорза шаршо а, цхьаъ бен доцчу корана дуьхьал оьллана цхьа метр басма а. Чийлак, тас, г1уммаг1а, зока, нуй а.

Б1аьста яьлча ц1енош долийра царшиммо. Арахьарчу не1арх чоьхьа ваьлча еак1ов цхьа метр сени, цунна дуьхьал текх-цаца, Гали, кхин сов-ков х1ума чу йилла оццу барамехь жима ц1елаг а, сеничуьра д1а не1 йолуш ши ц1а а. И шиъ ц1а юккъехула доькъуш ога дара, не1 а йоцуш. Х1ор ц1енан цхьацца кор а.

Мух1ажар ялийнчул т1аьхьа октябрехь школан директора Формовс библиотекарь вигира Абузар. Баттахь 38 сом алапа дара цунна. Церан боцчу аьттоне хьаьжча доккха г1о дара иза. Мух1ажар хьалха санна бригадехь балхахь яра. Мукъачу дийнахь бен балхара юкъара а ца долуш дира царшиммо и ц1енош. Шаьшшимма кибарчигаш а еш, пенашна а юьллуш. Старца я вирца лома а доьдуш, цигара тхевнна дечигаш а кхоьхьуш. И лам а бара лекха, хьала т1е волуш некъ а боцуш. Лакха хьала а волий, арча олу дечигаш а хедайой, ц1анйой, текхош, керчош ломан когашка охьа а йохий, старца я вирца ц1а йохьура.

Ц1ийнан тхов чолхе а бацара. Юкъ ойуш дохаллашхьа диллина дукъо, оцу т1е шиний аг1ор тийсина орцхаш. Царна т1е чеш а ехкина, чешна т1ехула цхьа чкъор ча а диллина, т1ехула латта а тосий ц1енкъа юьллура. Не1-кор Халада дира. Иза колхозан пхьалг1ахь дечиг-пхьар вара. Ц1енош хьохуш дукха къахьийгира царшиммо. Абузара хьалха пенах стомма поппар а бетташ иза нисбора, Мух1ажара т1аьхьара шарбан г1ерташ цхьа бахьанаш леладора. Эххар а белхех зударий а балийна, цара хьаьхна чекхдехира уьш.

Абузар бригадехь учетчик волуш дика вевзанера колхозан коьртачу бухгалтерна Хисамовна. Цо учет-отчет а дика лелайора.

1уьйранна школе балха воьду х1ара а, конторе балха воьду Хисамов а х1ор дийнахь бохург санна ши урам морзахболучохь дуьхьдуьхьал нислора. Т1е мосазза кхочу цо Абузаре заахало дуьйцура конторе счетоводан балха ваг1ахьара хьо бохуш. Эххар а ша бохучунна т1еверзийра цо иза. Школан библиотекарь волчура д1а а ваьлла, 1951 шеран мартехь колхозан бухгалтере колхозникийн къинхьегаман денойн хьесап лело счетовод вахара иза.

Хисамов г1езло вара, шен белхан воккха говзанча а вара иза. Цхьа шо даьлча иза колхозера д1авахча цуьнан метта коьрта бухгалтер х1оттийра, х1етталц цуьнан заместитель хилла Пантелейчук Николай. Да молдован, нана украинка яра цуьнан, ша инзаре самукъне жимстаг а, Абузаран ч1ог1а доттаг1а а вара и. Николай коьрта бухгалтер х1оттийча, Абузар цуьнан заместитель х1оттийра. 1974 шарахь шен доттаг1 яздархо волчу Мескате хьошалг1а веана иттех де даьккхира цо.

Мух1ажар Абузаре еана цхьа шой итт де даьлча, 1951 шеран 8 октябрехь к1ант хилира цаьршиннан. Имам Шемалан ч1ог1а сий деш волчу Абузара цунна Шемал аьлла ц1е тиллира.

1953 шеран 9 сентябрехь шолг1а к1ант хилира. Даймехкан хьурматана аьлла, Казбек ломан ц1е тиллира дас цунна.

1952 шеран ноябрехь Фрунз г1аларчу Пишпекски юьртбахаман техникуман бухгалтерийн отделене заочно деша вахара Абузар. Бухгалтеран болх ша мел лерина, ц1ена бахь а, и болх безаш, бан ойла йолуш а ца вахара. Х1уъа дешар дешна а цунна юккъера образованин документ дезара, хьехархойн институте заочно деша ваха.

Атта г1уллакх дацара цуьнан дешар. Сессешка мосазза воьду спецкомендатурера бакъо яккха а, милицера паспорт даккха а дезара. Сессешкара ц1аверззалц йолчу ханна бен ца лора бакъо а, паспорт а. Цигара ц1а веача паспорт милице д1адала дезара. Х1етахь ярташкарчу бахархошна паспорт ца луш закон дара. Фрунзе д1акхаьчначу дийннахье спецкомендатуре учете х1отта а, ц1а вог1уш учетера д1авала а, ц1а кхаьчначу дийнахь меттигерчу спецкомендатурана т1еваха а дезара. Сессешка ваха Абузарна бакъо а, паспорт а луш доккха г1о дора МГБ РО начальник волчу капита-

на Колтыгина. Иза г1алг1азкхи вара, шен схьавалар Терка йистера а долуш. Нохчашкахьа озабезам бора цо.

«Д1аса вог1уш ц1ерпошта т1ехь а, кхалла х1ума иэца станцишкахь охьавоьссича а, г1али юкъаваьлча а, т1е мел кхаьчначу милцочо документ хоттура. Цаьрга сайн са ца гатдайта, вагона чохь лакхарчу полки т1е а волий охьавуьжура со. Х1ун дара а хаац, сан когаш гича а хаьара царна со нохчо вуйла. «Х1ей, нохчо, документаш гайта!»- олий когех х1ума тухура» - дуьйцура яздархочо и хан дагалоцуш.

Дуьххьарлера сесси йолуш техникуман юкъар1ойлехь 1ийра Абузар. Оцу хенахь студенташ бамба лахьо бигна яьсса яра иза. Шозлаг1а вахча а юкъар1ойлехь д1атарвелира. Амма буьйсанна студенташ ц1а баьхкича, иза вижина 1уьллучу ц1а чу лилханчу мехкарша цхьамма юрг1а, вукхо г1айба, кхечо гоьн д1а а яькхана араваьккхира. Гуьйре чекхйолуш шийла хан яра иза. И буьйса учительскин шийлачу ц1а чохь стоьла т1ехь охьа а вижана яьккхира цо.

Шолг1ачу дийнахь мехах шена чохь 1ан меттиг лаха аравелира Абузар. Цхьана урамехула д1авоьдуш, иза кет1а девзиг хьоькхуш йоллучу йоккхастагана нохчочунна т1енисвелира. Шен хьал а дийцана, мах белча цхьана баттахь чохь 1ен х1усам луш меттиг ца хаьа хьуна, аьлла хаьттира цо цуьнга.

- Мехах х1усам лоьху ахь? – бехк баьккхира цо, - Х1ара х1усамаш вайн ю-кх, хьайна паргг1ат бутт баккха а, шо даккха а. Хьол воккха а, хьан хенара а, хьол жима а кхоъ к1ант а ву сан. Д1а чу вало!

Г1аддайна волу х1ара шега дукха дехарш ца дойтуш, сихха т1етайра. Кхузза сессешка вахча цаьргахь 1ийра иза. Уьш Олхазар-К1отарара Дубаевг1ар бара. Имам Шемалан г1арараваьллачу наибан Дубин т1аьхьенах. Абузар чу вигначу зудчун ц1е Сепият яра. Цуьнан х1усамден ц1е – Тума. К1ентий бара Решид, Султан, Салман, йо1 Малика а. Воккха ши к1ант зударий балийна вара, Малика марера ц1а еана ц1ахь яра, ткъа Салман юккъерчу школехь уьссалг1ачу классехь доьшуш вара х1етахь. Салмана Абузарна г1о дора иза математикана экзаменашна кечлуш. Шен мокъачу

хенахь кертахь цхьацца г1уллакхаш деш г1о дора цо а. Х1етахь 1а долале шен х1усамаш йовлийта г1ерташ къахьоьгуш яра Решедан зуда. Амма аганахь йолчу цуьнан жимчу йо1а иза шен г1уллакхаш дан ца юьтура. Абузара ага а техкадора, йоьлхуш ца 1ийча аганара схьа а оьций, керахь д1аса а хьийзайора.

Оцу доьзало боккха аьтто бира Абузаран. Маьхза церан кхача а боуш, маьхза церан х1усамашкахь 1ийра иза кхаа сессехь. Тума а, Сепият а даймахка ц1а дирзинчул т1аьхьа д1акхелхира.

Т1аьхьа Малика Мамакаев Мохьмадан х1усамнана хилира, Мохьмад д1акхалххалц цуьнгахь 1ийра иза.

Цкъа, тайпана 1аларо волчу Советски Союзан Турпалхочун Висаитов Мовлидан к1анта Сайпис г1алахь шайга вигира Абузар. Цуьнан х1усамненан Хадижатан сибташ тера дара Маликех. Хьенан, мила ю аьлла цо хьттича елаелира иза.

- Тумаг1ера Решидан йо1 ю со. Вуьшта а хьо-м массарна а вовзара, амма жима йолуш дуьйна тхан доьзалехь сих-сиха хьо хьехош хезна суна. Фрунзехь доьшуш волуш хьо тхоьгахь 1ийна бохуш. Мосазза хьахаво, хьо оьзда к1ант вара олура.

- Ой, хьан ненас кертахь г1уллакхаш деш ас ага техкийнарг, кара а лаьцна лелийнарг хьо ю-кх!

- Дер ю. Иза а дийцара тхан ненас. Ас-м доккха дозалла до ахь сан ага техкийна, со карахь лелийна олий!

Шарахь шозза сессешка воьдуш хоржана ахча дезара. Ткъа иза хила а ца хуьлура. Шарахь болх бича къихьегаман деношна гуттар а дика нисделча б1е туьма хуьлура. Т1едухург а дара ледара. Тиша пальто я тужурка, салтин лергаш долу куй, борахчу механ костюм, кирзан иэткаш. Ша даьхьна к1езиг ахча гуттар кхоош леладора. Мух1ажарна а, шина берана а цхьацца совг1аташ дан лаьаш.

Оцу махкахь, къаьсттина а уьш долчу ламанан районехь х1ор шарахь берашна юкъа кхартанийн/коръ/, йовхарийн/коклюш/ цамгарш яьржара. Оцу цамгаршна лоьрашкахь дарбанаш дацара а хаац, я уьш лело хьелаш дацара а хаац, я ца леладора а хаац, амма оцу цамгарийх х1ор шарахь дукха кегий бераш лара цигахь. Кхартанийн цамгарх цхьа к1ира хан бен юкъа ца юлуш Абузаран

а, Мух1ажаран а ший а к1ант велира: Казбек – 1954 шеран 27 июлехь, Шемал – 4 августехь.

Юкъа к1ира хан бен ца юлуш ши к1ант валар ч1ог1а 1аьткъанера Мух1ажарна. Цкъа а ша йоьлхуш ца хазийтора цо Абузарна, балхамаш а ца бора. Амма г1елъелла, худаелла, цхьана а х1уманах самукъа ца долуш лелара. Ваша а, йиша а доцуш, я уьш хир бу ала меттиг а боцуш цхьалха йисанчу цуьнан ненан безамал совнаха вежарийн безамна оцу шина к1антана т1ехь бара. И шиъ воккха хилча шена к1ентийн а, вежарийн а метта хир ву бохуш.

Да-нана, йиша-ваша далар ч1ог1а 1аьткъа стагана. Амма шен ц1ийх, шен кийрара схьаваьлла, ша дийнахь, буса а са ца до1уш, наб ца еш кхиийна доьзалхо велча б1озза алсам 1аьткъа. И бохам лан уггар а хала хуьлу хьуна масла1ат дан, дог изэца, герггара стаг ца хилча. Ши к1ант лечу хенахь Мух1ажаран берх1итта шо а бен дацара. Шегара бала балхо а, балхийча цуьнан дог изэца а, масла1ат дан а нана а, ваша а, йиша а дацара.

Ош гонах цхьацца ярташкахь бара Мух1ажаран де йиша Хурма а, нена ваша Юьсп-Хьаьжа а. Бера хенахь уьш шена дика хилла дела дукха безара Мух1ажарна. 1944 шарахь дуьйна и шиъ гина а дацара цунна. Цхьана буса наб ца кхеташ 1уьллуш, эххар а шен кийрара бала балхийра Мух1ажара.

- Бузар…- кхайкхира цо х1усамдега.

- Х1ун бах ахь?

- Х1ара аг1о къахьъелла-кх суна…

- Х1ун де вайша? Дала динчунна реза а хилла са ца тоьхча ца довлу-кх вай, - масла1ат дан г1оьртира Абузар.

- Дала мукъалахь, Цо динчунна реза ю со. Цо собар а делла суна. Амма цкъацкъа кийра бала хьаьвза-кх. Кхузара цхьана аг1ор яхана цхьа хан яьккхича сайна масла1ат хиларе догдохура ас. Ошера деана цхьа стаг, зуда а кестта д1адоьду боху. Тхан нена ваша а, де йиша а йолчуьра ду и шиъ. Цаьршинца Оше яхийтахьа со…

- Дер йохуьйтур ю. Хьуна к1ордадаллалц цигахь а юьтур ю. Хьуна к1ордийча, ахь хабар даийтича хьо ц1а яло т1аьхьа а вог1ур ву.

Масех де даьлча Оше яхана Хурма а, Юьсп-Хьаьжа а долчохь ши бутт баьккхира Мух1ажара. Т1аккха Абузара т1аьхьа а вахана ц1а ялийра. Оцу шина баттахь мелла а садекъаделлера цуьнан. Юьхь т1е хьалхалера бос юхабирзинера.

Амма цул т1аьхьа цхьа шо даьлча керла бохам а хилира цаьршинна.

1954 шеран 25 августехь кхоалг1а к1ант хилира цаьршиннан. Леча аьлла ц1е а тиллира. Лечин 1ожалла а хилира ден а, ненан а дегнашна йоккха чов еш.

Уьш болчохь пешахь ягош йолу ягориг ча дара. Цуьнан ц1ерца 1ай ц1а дохдора, сискал-кхаллар а доттура, кхача а кечбора. Масеран ц1а чохь к1ез-к1езиг пеша уло охьадуьлле хуьлура ча. Цкъа сискал ятта дагахь цхьана дийнахь ча а дагош пеш а йохйина, текхцаца а, ахьар а схьа изца дехьа ц1елаг чу яьлча цаца ца карийнера Мух1ажарна. Ткъех метр лулахь йолчу зудчо и цаца баьхьна хилар дага а деана, пеша хьалха аганахь к1ант а витина и шен цаца ц1а бан яханера иза. Амма юха еача ц1а чохь ц1е яьллачу кхаьчнера. Ц1аро дукха ца вагийнера к1ант, амма к1уьро ницкъ бинера цунна.

И бохам хилира 1956 шеран 30 январехь. Оцу буса бала а хьегна, 31 январехь 1уьйранна д1авелира Леча.

* * *

Нохчийн халкъана т1ехь латточу харцонна дуьхьал къийса, исторически бакъдерг дийца йина ч1аг1о кхочушъян г1ерташ шен ницкъ ма кхоччу, амма доггах а, дукха а къахьоьгура Абузара.

Казахстанехь даьккхинчу деа шарахь цкъа а цхьа а киншка б1аьрга ца гинера. Поселкехь цхьанхьа хилла-м хир яра библиотека, амма киншкаш дагайог1учохь дацара церан хьелаш.

Киншкаш т1ехь а, газеташ т1ехь а нохчийн халкъах лаьцна дош лоьхура цо, амма цхьанххьа а ца карадора. Дуьххьара и дош карийра юьртарчу ишколехь завуч, историк а волчу цхьана татарехь. Цуьнгахь яра 1948 шарахь Москвахь араяьлла С.С.Дмитриевн «Хрестоматия по истории СССР» кхоалг1а том. Оцу киншки т1ехь

дара 1865 шарахь нохчий Турце кхалхорах лаьцна «Записки генерала Карцова по «чеченскому вопросу» документ. Цигахь гайтинера и документ 1925 шарахь Ростовехь араяьллачу Г.А.Дзагуровн «Переселение горцев в Турцию» ц1е йолчу документийн гулар т1ера схьа эцна аьлла. Нохчийн истори талла волалучу Абузарна дуьххьара карадеана исторически документ дара иза.

Юьртарчу библиотекера киншкаш ешна ваьлча райцентран библиотекашка велира. Къаьсттина дика киншкаш яра партин райкоман библиотекехь. Оцу чохь советски заманахь дуьххьара арахецначу «Большая советская энциклопедия» ерриг томаш карийра Абузарна. 30–чу тома юкъара «Кавказская война», «Чеченская автономная область», «Чеченцы», «Чеченский язык», «Шамиль» статьяш къайллах схьа а яьхна, ц1а яьхьира. Оцу чохь карийна М.Д.Багировн «К вопросу о характере движения мюридизма и Шамиля» статья т1ехь йолу 1950 шеран июлехь арадаьлла №13 «Большевик» журнал а, 1949 шарахь Тбилисехь араяьлла гуьржийн яздархочун А.Казбегин произведенийн ши том а каракхечира.

Москвахь арадолуш «Вопросы истории» журнал хилар хиъча, цуьнан редакце кехат яздира кавказски т1амах, нохчийн халкъан историх лаьцна статьяш йолуш журналаш делахь шена дайитар доьхуш.

Цигара дайитира цкъа цхьанаметта хьалхара диъ, т1аккха арадовларе хьаьжжина т1аьхьарнаш а, х1ара статьяш т1ехь йолу журналаш:

А.Даниялов. Об извращениях в освещении мюридизма и движения Шамиля. 1950 г.,№9.

Н.Смирнов. Шейх Мансур и его турецкие вдохновители. 1950 г. №10.

А.Фадеев. Мюридизм как орудие агрессивной политики Турции и Англии на северо -западном Кавказе в X1X столетии, 1951г., №9.

Из истории происков иностранной агентуры во время кавказских войн. 1950 г., №11.

А.В.Фадеев. О внутренней социальной базе мюридистского движения на Кавказе в X1X в. 1955 г., №6.

Конференция читателей журнала «Вопросы истории». 1956 г., №2.

А.М.Пикман. О борьбе кавказских горцев с царскими колонизаторами. 1956 г., №3.

Г.Д.Даниялов. О движении горцев под руководством Шамиля. 1956 г.,№7.

С.К.Бушуев. О кавказском мюридизме. 1956 г., №12.

Там же: Обсуждение вопроса о характере движений горских народов Северного Кавказа в 20-50 гг.Х1Х в.

1955 шераӈ июнехь Абузара, почтехула заказ а йина, яийтира оццу шарахь араяьлла «Кавказский этнографический сборник» /1 том/.Цунна т1ехь гойтуш яра Кавказах а, нохчех а лаьцна дуккха а литература. Цигара схьа а язйина, цхьайолчу материалийн копиш яийта шена аьлла, Ленински библиотеке кехат дахьийтира цо. Цара машинкица зорба а тоьхна, х1окху материалийн копиш яийтира:

С.Беляев. Десять месяцев в плену у чеченцев.СПб,1859 г.

А.П.Берже. Чечня и чеченцы. Тифлис,1859 г.

Властов. Война в Большой Чечне. «Русский инвалид», №167,1856 г.

И.А.Клингер. Два с половиной года в плену у чеченцев. «Русский архив»,М.,1850 г.

М.Я.Ольшевский. Кавказ с 1841 по 1866 г. О происхождении, образе жизни, нравах, обычаях чеченцев. Наш способ ведения с ними войны. «Русская старина», т.79, июль-сентябрь 1893 г.

М.Острогорский. Завоевание Кавказа / 1801-1864 гг./, СПб,1880г.

А.С.Свистунов. Очерк восстания горцев Терской области в 1877 году. «Военный сборник», №3-7,1896 г.

Н.Яковлев. Вопросы изучения чеченцев и ингушей. Грозный, 1927 г.

Махачкаларий, Тбилисерий туьканашкара почтехула заказ а еш, киншкаш оьцура Абузара. Цкъа ишта Тбилисера цунна яийти-

ра 1955 шарахь Батумехь араяьлла Ш.В.Мегрелидзен «Грузия в русско-турецкой войне 1877-1878 гг.» книга. Цуьнан 21-22 аг1онашна т1ехь яздина дара 1865 шарахь нохчий Турце кхалхорах лаьцна х1ара мог1анаш :

«Русский офицер капитан Зеленой, сопровождавший одну партию переселенцев в Турцию, рассказал, что горцы, оставаясь на открытом поле, страдали от холода и жалели о покинутой ими родине; после многих бедствий часть переселенных в Турцию направились по дороге к Александрополю, желая вернуться в пределы России. Но, когда две тысячи переселенцев двинулись к границам России с намерением возвратиться на родину, турецкое правительство стало отгонять их назад пушечными выстрелами».

Лахахь сноска яра хаамаш мичара схьаэцна: ЦГВИА, ф.400 Азиатская часть,оп.9, д.14, л.8-10, «Капитан Зеленой о переселении чеченцев. 28 декабря 1865 г.»

Оцу документан копи йоьхуш, амма цара ца йоуьйтуш, ЦГВИА мосазза а кехат яздира Абузара. Эххар а х1окху шина документан копиш яийтира:

Рапорты командующего Кавказской Армии генерал-фельдцейхмейстера Михаила и начальника Главного Штаба генерал-лейтенанта Карцова военному министру генерал-адъютанту Милютину:

О положении в Терской области после Шалинского дела.

№270, 3 марта 1864 г. ЦГВИА, ф,400,ВУА,д.6694,лл.2-5.

О положении дела водворения чеченских переселенцев. №1874, 8 декабря 1865 г. ЦГВИА, ф.400,1866 г., оп.9,д.14,лл.4-13.

Энциклопеди т1ера а, журналаш т1ера а статьяш, ша копиш яхийтина материалаш а ешча, Абузарна хьалха х1оьттира нохчийн халкъо иттаннаш шерашкахь шен маршонехьа латтийначу турпалчу къийсаман а, оьрсийн паччахьо цунна т1ехь лелийнчу акхачу къизаллин а сурт, кхийтира оцу декъазчу халкъана тахана т1екхоьллина эладитанаш буххенца харц хиларх а. Хиира 1865 шарахь нохчийн 5000 доьзал нуьцкъах а, 1ехош а махках бaьккхина Турце кхалхор а, цигахь цо лайна баланаш, халонаш а.

Х1ет дагадеара Абузарна нохчийн халкъо шен маршонехьа латтийнчу турпалчу къийсамах а, х1инца санна нуьцкъах махках баьхна б1арзбина лелийнчу нохчийн декъазчу кхолламах а лаьцна яздан.

Абузарна уггар а дагах кхеттера суьйлийн вежарша нохчий сийзабеш яздинарш. Х1унда аьлча и ши къам цхьа лулахой хилла ца 1ара. Б1ешерийн дохалла дика а, вуон а цхьаьна лайнера цара.

Лакхахь ц1е яьккхинчу шен статья т1ехь Даниялов 1абдурахьмана яздинера:

«Потерпев поражение при Ахульго, в штурме которого вместе с русскими войсками участвовало более 3 тысяч дагестанцев, Шамиль резко изменил ориентацию и стал опираться уже не на дагестанцев, а в основном на чеченцев. Вместе со своим наибом Ахвердил-Магома ушел в Чечню.

Чеченцы называли себя аристократами, господами гор, дагестанцев они считали «мужиками». Шамиль потакал чеченцам в их неприязни к дагестанцам. Поселившись в Чечне, он в 1839 г. приказал своим наибам: «Дагестанцев, проникающих в Чечню, обирайте. Если они люди ученые, лишайте их жизни. У пришедших за кукурузой отбирайте коней...» Шамиль потерял остатки своего влияния в Дагестане и стал опираться уже исключительно на разбойничью аристократию Чечни» / А.Даниялов. Об извращениях в освещении мюридизма и движения Шамиля. «Вопросы истории», 1950 г. №(, стр.10-11/.

Оццу хенахь районерчу туьканахь хинволчу яздархочунна каракхечира Расул Гамзатовн 1954 шарахь Москвахь оьрсийн маттахь араяьлла «Год моего рождения» стихийн гулар. «Имам» ц1е йолчу шен стихотворени т1ехь цо яздора:

**Что он охранял? Ярмо непосильного гнета,**
**Черный занавес лжи, униженье и голод и страх,**
**Для посевов пожары, бесправья и тьму – для народа,**
**Для змеиных притонов – гнездовья в чеченских лесах...**

И стихотворени ишта чекхйолура:

**Так закончил имам двадцатипятилетье обмана.**
**Издыхать – он не вернулся уже в Дагестан.**

**Труп чеченского волка, ингушского змея – имама,**
**Англичане зарыли в песчаный арабский курган…**

Даймахках а даьккхина, адамийн бакъонах а хедийна, Казахстанехь, Киргизехь даржийнчу жимчу нохчийн халкъана т1е шеташ еттара шена луъучо. Цуьнгахьа г1о доккхуш а, бакъдерг олуш а стаг вацара. Исбаьхьаллин произведени язъяр цкъачунна д1а а теттина, Шемал коьртехь волуш Кавказан ламароша иттаннаш шерашкахь бина т1ом шайн къоман маршонехьа, бакъонца т1ом хилар ч1аг1дан г1ерташ статья язйира къоначу нохчочо. Цуьнан ц1е яра «О борьбе кавказских горцев против царских клонизаторов в Х1Х веке». Шена ца хуучу маттаца, доцчу хьекъалца, хаарщца и язъян г1ерташ дукха къахьийгира цо. Т1аккха районерчу машинистке, цхьа интервал юкъахь а юьтуш, 17 аг1он т1ехь зорба а тохийтина, «Вопросы истории» журнале яхьийтира.

Цигара жоп деара, статья ледара ю, цу т1ехь далийна бакъдерш к1езиг ду, керла х1ума дац, оцу бахьанехь шаьш зорба ца туху аьлла. «Преподование истории в школе» журнале яхьийтича, цигара ишта жоп деара:

**Ваша статья «О борьбе кавказских горцев против царских колонизаторов» не может быть помещена в журнале, так как в ней, несмотря на ряд правильных положений и выводов, вопрос о движении горцев под руководством Шамиля освещен недостаточно обстоятельно и глубоко… Совершенно обойден вопрос о значении присоединения Кавказа к России… Нет и оценки мюридизма и газавата; указание о том, что они были неизбежны, не дает право говорить, что они были сами по себе положительными явлениями…» иштта д1а кхин а.**

Цигахь г1уллакх ца хилча, «Коммунист», «Вопросы философии» журналашка яхьийтира. Шинхьара а жоьпаш деара статья ледара а ю, цул сов оцу темина материалаш шайн журналаша зорба а ца туху аьлла. Т1аккха оцу статья т1ехь дуккха болх а бина, 24 аг1он т1ехь зорба а тоьхна, юха а «Вопросы истории» журнале яхьийтира Абузара. Иза 1957 шеран мартехь дара. Июлехь Киргизера ц1а веча, цунна жоп Мескета деара:

« №2809-317. 21 октября 1957 г. ЧИАССР, Ножай-Юртовский район, с.Мескеты. Айдамирову А.А

**Уважаемый тов.Айдамиров!**

**В ответ на Ваше письмо сообщаем, что Вашу статью «К вопросу о характере движения кавказских горцев в XIX веке», в связи с окончанием в журнале дискуссии по этому вопросу, мы не можем опубликовать в целом. Однако в одном из ближайших номеров журнала будет напечатана итоговая статья по этой дискуссии, в которой частично использован и материал Вашей статьи. После этого мы пришлем Вам текст статьи.**

**Зав. отделом истории СССР**
**досоветского периода**
**М.Е.Соловьев**

Нохчийн а, кхечу къаьмнийн а яздархоша, шайга шун кхолла-раллина т1е муьлхачу яздархочо 1аткъам бина аьлла хаьттича, оьрсийн яздархойн ц1е йоккху. Абузаран кхоллараллина 1аткъам бинарг, цо ша ма аллара, гуьржийн сийлахь-воккха яздархо Александр Казбеги вара.

1949 шарахь Тбилисехь оьрсийн маттахь шина томехь араевлла цуьнан произведениш ешча, ша х1ун яздан деза а, муха яздан деза а хиира цунна.

Киргизехь долуш цхьана воккхачу стага нохчочо Абузарна дийцира шена гинчу цхьана стеган тамашийначу кхолламах лаьцна. Паччахьан заманахь 1едална дуьхьал хиллачу г1аттамехь дакъалацарна бехке вина, итт шо хан а тоьхна, Сибрех вахийтина хилла иза. Тоьхна хан чекхъяьлча а ц1а ца воуьйтуш, маьршачу ссылкехь витина. 1917 шарахь революци хилча, махках ваьккхинчул т1аьхьа ткъа шо даьлча, къанвелла ц1а веана иза. Лоцучу хенахь ц1ахь зуда а, жима ши к1ант а дисина цуьнан. Оцу шен доьзалх

х1ун хилла хаъалц ша цхьанна а ца вовзийта сацам бина цо. Ша г1алг1азкхи ву аьлла цо буьйса яккха чу витинчунга. Х1усамдега, къоначу стаге хаьттина цо, мацах цкъа х1окху юьртахь цхьа доттаг1 вара шен, зуда а, ши к1ант а волуш, уьш болуш буй-те аьлла. Х1усаман дас аьлла, ахь вуьйцучу стеган шина к1антах цхьаъ ша ву, шайн да Сибрех доьза вайна, нана кхечу стагехь марехь ю. И шун нана ган лаьара шена аьлла схьакхайкхийтича, цунна вевзина шен шина к1ентан да. Хьаьжа т1ехь туьро йинчу чевнан муо хилла цуьнан. Сибрера ц1а веанчу воккхачу стеган хьурматна кхаа дийнахь ловзар х1оттийна юьрто. Х1окхуьнан зуда яханчу стага а, цигахь цо винчу к1анта а даьхний а дойуш. Маре яханчу шен зудчуьнца дерг нохчийн 1адатехь, шари1атехь а д1адерзийна цо, иза яханчу стагехь а юьтуш. Наха кхин зуда ялийна воккхачу стагана, амма оцу юьртах дог даьлла воккха стаг, и шен зуда а йитина, шеца Сибрех хилла накъостий болчу вахана вог1у ша аьлла д1авахана, вуха ца веана.

Оцу дийцаран буха т1ехь «Къонахалла» ц1е йолуш дийцар яздира Абузара. Т1аьхьа оцу дийцарх «Маршонан ц1арах» повесть йира, т1аккха цуьнан буха т1ехь кхоллаелира «Еха буьйсанаш» роман.

Нохчийн уггар нуьцкъалчу поэтах цхьаъ вара Чуьрча-Ирзера Гадаев Мохьмад-Селахь. Абузара цуьнан стихаш махках дахале ешнера, амма цкъа а гина вацара, Ошахь вехаш ву бохуш наха дуьйцу хазар бен. 1955 шарахь аьхка Ош г1аларчу юьртбахаман техникумехь йолчу пхийтта беттан бухгалтерийн курсашкахь заочно доьшуш волуш поэт ган а, вовза а аьтто белира цуьнан.

И цхьаьнакхетар хиллачул т1аьхьа Абузара цуьнга кехаташ яздора, цо наггахь жоп а доуьйтура. Х1инцца яздан волалучу къоначу яздархочо яздора нохчийн халкъан историх а, кавказски ламаройн къоман маршонехьа боламах а шена хетарш, ша ца кхетачу хаттарех лаьцна а, ша литературехь дийриг а.

1956 шарахь Алма-Атахь Казастанан яздархойн Союзехь нохчийн, г1алг1айн а яздархойн секци йиллира, цигахь нохчийн маттахь «Къинхьегаман байракх» ц1е йолуш газет арадаккха долийра.

Гадаев Алма-Ата д1авахара. Шен цхьана кехат т1ехь цо Абузаре яздира:

**« Хьан хьокъехь / хьан исторически белхан а, дийцарийн а хьокъехь/, ас дукхханца а къамелаш дина. Кху некъехь цхьа прозин гулар ю вовшахъетташ. Хьан повесташ цу юкъ а яхийта дийцина ас. Гуттар чехка уьш соьга схьаяхкийта авиапочтаца. Хьайн аьтто балахь, хьо веача дикахо ду. Бацахь, зенаш а ма де».**

И кехат шега кхаьчча сихха «Къинхьегаман байракх» газете шен «Къонахалла» дийцар а, «Суртана хьалха», «Ненан мотт», «Лермонтовн безамна» стихаш яхьийтира Абузара. Царах а, цо истори т1ехь бечу балхах а лаьцна ши кехат яздира Мохьмад-Селахьа:

**«К сожалению, я не сумею дать тебе обстоятельного ответа: во-первых, я не историк, а во-вторых, не располагаю временем. Скажу тебе без всякого преувеличения, что твои письма меня обрадовали до глубины души. Радостно видеть, что нашелся хоть один молодой человек, который решил посвятить часы досуга науке. А у нас почти не было и нет людей, интересующихся науками.**

**Ты очень удачно подметил, что политическая сущность освободительной борьбы народов Северного Кавказа нельзя определить тем, что ее различные «вожди» имели или не имели какие-то связи с другими государствами. Что бы там не думали или не делали Шамиль и деятели мюридизма, наш народ боролся за свою свободу, против колонизаторской политики русского царя.**

**Ты молодец, Абузар, все правильно подметил, правильно растолковал. Продолжай в том же духе…**

**Твой Магомед-Салих.**
**11 мая 1956 г.»**

«Алма-Ата ахь Арсановга яздина кехат а, «Ненан мотт» стихотворени а суна хьалха 1уьллу. Арсановс соьга еллера уьш хьажа. Литаг1онна т1е и тоха ойла хилла хьаьвзира тхо дерриг а. Амма иза хаза кхачам болуш ца хийти. Лермонтовн хьокъехь ерг юкъаяьккхира оха, иза ледара хийти. Цундела х1инца арайолуш йолчу литаг1он т1е ца тухуш йиси. Хьайн стихаш ледара хиларх цец ма валалахь. Д1а ма воллалу дика стихаш язлуш а ца хуьлу.

Ткъа хьан исторически дийцарна ч1ог1а реза бу кхузарнаш. Амма кху сохьта х1оьттина хьал бахьана долуш, газете ца доккхуш сацийна ду иза. Вай ц1а г1ахь, цигахь арадоккхур ду вай иза, ткъа кхузахь дисар хилахь, и хьан исторически очеркаш, киншка а йина, арахоьцур ю вай. Не отчаивайся!

Мохьмад-Селахь,
25 сентябрь 1956 шо ».

Цул т1аьхьа газетан редакцера ши кехат а деара.

«Поступивший к нам в редакцию Ваш рассказ «Къонахалла» мы обсудим на заседании литературного объединения, а Вам сообщим результаты обсуждения.

Привет.

Редактор газеты
«Къинхьегаман байракх» М.Абазатов
3 апреля 1956 г.»

«Къонахалла» ц1е йолуш ахьа яздина дийцар оха лерина дийшира. Коьртачу декъана и дийцар вуон яздина дац. И дийцар дешча гуш ду исбаьхьаллин произведенеш язъян хьан йолу шовкъ ахь тесна йита мегарг цахилар, яздарца говзалла лакхаяккхарехьа мало ца еш къахьега дезаш хилар.

Вайна ма-хаъара, вай тахана Киргизеххьий, Казахстанеххь-

**ий дехаш ду, цундела и тайпа чулацам болуш яздина дийцар цкъачунна газет т1е ца тухуш сацадар бакъахьа хета тхуна.**

**Литобъединенин секретарь З. Джамалханов.**
**22 август 1956 шо».**

«Къонахалла» дийцарехь а, «Суртана хьалха», «Ненан мотт», «Бералла» стихаш т1ехь а Абузара дуьйцура б1ешерийн дохала нохчийн халкъана т1ехь латтийна 1азап а, шен маршо ларъеш цо гайтина турпалá хьуьнарш а. Цундела ца ехира цара уьш зорбане. «Ненан мотт», «Бералла», «Лермонтовн безамна» а зорба туьйхира оцу газето 1957 шарахь, республика метта а х1оттийна, нохчий даймахка ц1а берза боьлча.

Доцца аьлча, Айдамиров Абузара дуьххьара яздинчу дийцарна, стихашна а т1ера схьа, «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романашна а хьалха 1едало дуьхьалонаш х1иттош, уьш зорбанехь араяха г1ерташ дуьззинчу ткъе кхойтта шарахь къийсам латто дийзира яздархочун.

Амма х1етахь, 1956 шарахь, цунна т1ера юьстах те1ар воцуш, шен литературни кхоллараллин некъ къастийра Абузара – нохчийн халкъана а, кхечу къаьмнашна а цуьнан историн бакъдерг довзийтар.

Сталинан раж йолчу хенахь советски исторически 1илманехь нохчийн истори бехъеш схьалаьцна кхоъ коьрта аг1о яра:

1. Б1ешерийн дохаллехь нохчийн халкъо латтийнарг шен маршонехьа къийсам бацара, керстанашна дуьхьал латтош динан къийсам бара, х1унда аьлча и къийсам динан байракх к1ел д1абаьхьнера, оцу къийсаман коьртехь берш динан фанатикаш бара.

2. Нохчийн къоман берриг а боламаш туркоша карзахбохуш беш бара, уьш берриг а Россин арахьарчу пачхьалкхашца т1ом болчу хенахь хуьлура, Турцис, Англис нохчашна герзаца, ахчанца а г1о дара.

3. Россин правительствос Нохчийчохь мел акха къизаллаш лелийнехь а , оьрсийн халкъо историна т1аьхьабисинчу боданечу нохчашна цивилизаци еара.

И кхуьа а ч1аг1дар бухxенца харц хилар гайта 1алашо йолуш, нохчийн халкъан шен маршонехьа боламаш х1етахь Россехь хиллачу оьрсийн, кхечу къаьмнийн г1овттамашца а, революцин боламашца а д1ахуттура яздархочо. Бакъду, нохчийн шайн къоман маршонехьа берриг а боламаш даима Россин арахьарчу пачхьалкхашца т1ом болчу хенаца нислора. Амма оццу хенашца нислора Россина чоьхьа оьрсийн ахархойн г1овттамаш а, революцин боламаш а. Х1унда аьлча, нохчаша а, оьрсийн ахархоша а, белхалоша а, имперехь дехачу кхечу къаьмнаша а говза пайда оьцура Россин кхечу пачхьалкхашца х1иттинчу галморзахаллех а, т1емех а, цуьнан герзийн ницкъаш т1амо д1алаьцначу хенах.

Нагахь нохчийн шайн маршонехьа боламаш туркоша я кхечара меттахбохуш хиллехь, ткъа оццу хенахь хилла оьрсийн ахархойн г1овттамаш, белхалой паччахьан 1едална дуьхьал бовлар а Турцис я Англис карзахбохуш бара ткъа? Нохчийн къоман маршонехьа боламийн коьртехь лаьттинарш бодане, б1аьрзе «динан фанатикаш» хиллехь, ткъа оьрсийн, украинцийн ахархойн боламашна коьртехь хилла С.Разин, Е.Пугачев, У.Кармалюк, кхи берш а, царна т1аьхьах1иттинарш а университеташкахь дешна нах бара ткъа? Цара айинарг х1ун байракх яра? Шайна Россера монархи д1аяккхаелча, муьлха пачхьалкх кхолла ойла яра церан, я цхьа а пачхьалкх кхолла хьекъал, кхетам, хаарш дарий ткъа церан?

Оьрсийн ахархойн боламашна а, г1овттамашна а коьртехь хиллачу куьйгалхошца буьстича, нохчийн къоман маршонехьа боламийн баьччанаш царел дуккха а хьекъале, майра, оьзда, къинхетаме, адамалле а бара. Уьш а, кхидолу исторически бакъдерш а шен трилоги т1ехь гайта 1алашо йолуш, нохчийн историн кхо мур схьалецира Абузара:

1.Кавказски т1ом, нохчий Турце кхалхор а /1825-1865 шш./.

Оццу хенахь Российски импери чохь хаддаза ахархойн г1овттамаш бара, оьрсийн-туркойн, оьрсийн-иранхойн, Крымски а т1емаш хиллера. Турце кхалхийнчу нохчийн кхоллам гайтарца 1944 шарахь махках баьхначу нохчийн кхоллам гайта аьтто а нислора.

2. 1877 шарахь нохчийн т1аьххьара хилла боккха г1аттам.

Оццу хенахь Россин 36 губернехь оьрсийн ахархойн г1овттамаш бара, яккхийчу шахьаршкахь белхалой 1едална дуьхьал а бевллера. Оьрсийн-туркойн т1ом а бара, Россехь революцин хьал а х1оьттинера.

3. 1904-1913 шш. Нохчийчохь 1едална дуьхьал ахархойн болам.

Зеламха, Россехь оьрсийн буржуазни хьалхара революции. Оьрсийн-японцийн т1ом.

1917-1920 шерашкахь нохчаша революцехь, граждански т1амехь Советийн 1едалехьа а латтийнчу къийсамах яздан ойла яцара яздархочун. Лакхахь гайтинчу кхааннах шина муьрах лаьцна, къаьсттина нохчий Турце кхалхорах а, 1877 шарахь Нохчийчохь хиллачу г1аттамах а историн 1илмано бина талламаш а, цхьа а исбаьхьаллин произведени а яцара. Ткъа 1917-1920 шерех лаьцна 1илманехь а, исбаьхьаллин произведенешкахь а 1аламат дукха яздинера.

Нагахь шен хан а хилахь, ницкъ а кхачахь, 1941-1945 шерашкахь хиллачу т1амехь нохчаша дакъалацарх а, х1етахь Нохчийчохь х1оьттинчу хьолах а лаьцна киншка язъян геннара 1алашо а яра.

И шен ойланаш, 1алашонаш а кхочушъян ницкъ кхаьчна хир бара цуьнан, болх бан витинехьара.

Ца витира...

1956 шарахь вовшашка кехаташ яздеш гергарло тасаделира Абузаран а , «Къинхьегаман байракх» газетан редакцехь болх беш волчу Джамалханов Зайндин а. Цкъа цо а, Мохьмад-Селахьа а цуьнга кехат даийтира, шаьш редакторца хьо газете балха иэцар дийцина, хьайна лаахь цига балха д1авола аьлла.

Цига балха вахча шена яздархой а бевзар бара, яздан а 1емар вара, ша язйинарш зорбане яха аьтто а хир бара аьлла ойла а йина, Мух1ажарх дагавелира Абузар.

- Делхьа хаац суна-м, Бузар, х1ун дича бакъхьа хир ду. Х1инц-ца халла нахе тарделлера вайша. Ц1а-ц1е, ков-керт а доьхкина, цхьалха дог1машца гена махка а дахана, хийрачу наха юкъа охьа-хиъча, вайшиннах х1ун хир ду-те? Халад воцург сан кхин йиша а, ваша а дац. Со йоцург кхин цуьнан бер а дац. Къена да а витина, со муха йог1ур ю цига? Ас-м хьуна луъург дийр ду...

- Х1ета, Халадах дагаялахьа. Цо боххург дер вайша...

Шен дагахь х1уъу хиллехь а, Халад реза хилира Абазара дага-лаьцначунна.

- Дала зудчунна т1едиллина декхар ду х1усамдена муьт1ахь хилар. Хьо сан йо1 елахь а, бакъо цуьнан ю. Абузарна лаахь, цуь-нца Алма-Ата а, кхин гена Сибрех а г1о. Суна са ма гатде. Со х1ин-ца цкъа могаш а ву, кхузахь соьца шиъ ваша а, йиша а, шичой а, юьртахой а бу. Шуьшиъ къона ду, шайн аьтто хир болу аг1о лаха. Сингаттам болуш хьал хилахь, ас хоуьйтур ду шуьга.

1956 шеран аьхка дуьйна, цхьа а тайпа 1едалера бакъо а йо-цуш, даймахка д1абаха боьллера нохчий. Бухарчу 1едало уьш т1е ца лоцура, шайн ярташка а, х1усамашка а ца буьтура. Цхьа а ни-зам доцуш, бухахь уьш т1еэца кечам а боцуш, дуккха а барамехь нохчий даймахка бухаберза боьлча, 1едалера бакъо йоцуш шаьш бехачу меттигашкара д1асабовлар дихкира царна. Кхелхина д1а-воьдучунна меттигерчу 1едалера бакъо езара. Нагахь иза колхо-зехь велахь – колхозникийн юкъарчу гуламан бакъо.

Абузара колхозан юкъарчу гуламе дехар дира Алма-Ата балха вахарца доьзна ша колхозан декъашхошна юкъара мукъаваккхa аьлла. Дехар гуламе диллича, иза мукъаваккхарна дуьхьалбевли-ра колхозера цхьа миска, сакхат нах, заь1апхой а. Уьш цхьа г1ул-лакх хилла колхозан конторе баьхкича церан хьашташка хьожура Абузар, председателе а ца хоьттуш, хийла церан г1уллакх а дара.. Цундела ца лаьара царна иза колхозера д1аваха.

1954 шарахь партин кхайкхамца колхозийн, совхозийн куьй-галлин балха баьхкира районийн, областийн, производствон куьй-галхой, говзанчаш. Царах «двадцатипятитысячникаш» олура. Ца-рах вара х1етахь церан колхозан председатель Мовлянов. Хьекъ-але, оьзда, низам ч1ог1а долуш а куьйгалхо. Абузар цигара д1ава-

ха кечвелча, цхьана суьйранна дика шун а х1оттийна, шайн ц1а хьошалг1а кхайкхира цо иза.

- Абузар, дика белхало а, тешаме к1ант а вара хьо, - элира цо. – Ас дукха тергам бина хьан. Хьайн болх дика а, лерина а бора ахь. Амма суна хаьара хьуна и болх ца безийла, иза хьан болх боцийла. Хьан дог кхечу даккхийчу г1уллакхашна т1е д1аг1ерта. И хьайн ойланаш кхочушъян хьекъал а, лаам а бу хьан. Сан ваша а ву яздархо. Фрунзехь, яздархойн Союзан секретарь. Хьайна хьайн даго хьоьххучу д1аг1о. Даламукъалахь, шу шайн даймахка ц1адоьрзур ду. Т1аккха цигахь оьшур бу хьо тайпа нах. Хьан дуккха а киншкаш ю боху. Уьш хьоьга хьайца д1аяхьалур яц. Хьуна цхьа сом дерг а ахча оьшу. И киншкаш ас колхозана оьцур ю, сайн кабинетана оьшу аьлла. Дала аьтто бойла хьан, Дала хьан даго бохурш кхочушдойла хьан.

Ц1енош, бежанаш, ялта а доьхкина, Алма-Ата д1аваха кечам бина ваьлча, цигара хаам кхечира Гадаевгара, хьуо волчура меттах ма вала, Нохч-Г1алг1айн республика меттах1оттош ю, т1едог1учу шарахь нохчий даймахка ц1а берзо болор бу, ша б1аьста яьлча даймахка д1аваха ойла йолуш ву аьлла.

Абузаран таро юьйхира. 1а т1едеана даьллера. Цуьнгара ц1енош эцначу г1ирг1азоша ма хуьллу сиха царна чуьра аравала бохура. Б1аьсте яьлча ц1а доьлху бохуш хилча, цаьрца мах бохо а, кхин ц1енош эца а ца лаьара. Абуг1еран ц1енош чу вахча, уьш а гаттехь бохкура. Эххар а цо сацам бира 1а даккха шен йиша Маржан йолчу Сулюкта а вахана, б1аьсте яьлча цигара даймахка д1аваха.

1956 шеран ноябрехь Сулюкта дахара Абузар а, Мух1ажар а.

Цигахь цхьаннахьа балха а ца воьдуш, шен статья т1ехь болх а беш, цхьацца х1умнаш а язъеш 1ийра Абузар. Пхоьалг1ачу курсехь техникумехь заочно доьшуш волу иза сессешка а ца вахара. Кхузара д1авахча, Кавказера схьа а вог1уш, иза чекхйоккхур ю бохург д1адаьллера. Амма цунна юккъера ишкол чекхъяьккхина аттестат дезара, институте деша ваха. Цхьадика, Сулюктарчу цхьана юккъерчу ишколехь экстерно экзаменаш д1аоьцуш меттиг а нисъелла, цигахь кхиамца уьш д1а а елла, аттестат даьккхира цо.

1957 шеран б1аьстенан юьххьехь Алма-Ата ваха дагадеара Абузарна.

Шен дийцарх, стихех х1ун деш бу а хьажа, яздархой а бовза. Апрель бутт чекхабала иттех де дисинчу хенахь Алма-Ата вахана иза, «Къинхьегаман байракх» газетан редакцехь цхьаьнакхийтира Арсанов Са1ид-Бейций, Мамакаев 1арбиций, Музаев Нурдиций, х1етта яздан буьйлабеллачу Эдилов Хасмохьмадций, Ведзижев Ахьмадций, Боков Ахьмадций, Ахматова Раисиций, Джамалханов Зайндиций. Гадаев Мохьмад-Селахь даймахка д1авахнера.

Абузар цигахь волуш дийцаре дира цуьнан «Къонахалла» дийцар а, стихаш а. Дийцарх лаьцна къамел дира Ведзижев Ахьмада. Ладоьг1уш бара Боков Ахьмад, Джамалханов Зайнди. Ахьмада къамел деш чувера Мамакаев 1арби а. Иза болх беш вацара цигахь, ша хьажа-х1отта чувеанера.

1арбин кхолларалла Абузарна жима волуш евзинера, ч1ог1а езаеллера. Цуьнан дуьххьарлерчу киншкин, «Терка тулг1еш» ц1е йолчу стихийн гуларан мужалт даима дагахь лаьттара цунна. Сийна Теркан тулг1еш, 1арбин сурт а. 1аламат ч1ог1а езаеллера цуьнан кхолларалла, къаьсттина «Аслаг1а, Селихьат» ц1е йолу поэма. 1942 шарахь лаьцна ГУЛАГ лагершкахь дейтта шо а даьккхина, дукха хан йоццуш ц1а веанера иза.

Ахьмада дийцар ледара ду элира. Къоначу яздархочунна, ша лелочух г1уллакх ца хила доллу-те аьлла, чам байра.

Ведзижевгара дийцар шега схьа а иэцна, юкъ-юкъа б1аьрг тухуш дийшира 1арбис.

- Х1ара дийцар ледара ду бохуш ахь дуьйцург дош дац, Ахьмад, - элира цо к1оршаме. – Ишта дийцар хьуна язлур а дац, хьо мел дукха вахарх. Классически шедеврашца дагардан мегар долуш ду х1ара. – Т1аккха Абузаран белшах куьг туьйхира, - Ахьмада и хабар йийцарх, хьо вохий ма хьийза, жима къонаха.

Дийцар кхид1а а хастийра 1арбис. Мотт а, чулацам а дика бу, бохуш, х1ун ю а ца хаьа композици, сюжет, кульминаци а хьехош, 1арбис ма хесттора и шен дийцар дика доцийла хаьара Абузарна. Х1етте а цуьнан къамело ч1ог1а масла1ат дира волалучу къоначу яздархочунна. Т1аьхьа цо ма аллара, оцу дог доьхначу минotаш-

кахь 1арби цига а ца нисвеллехь, цунна и масла1ат а ца динехь, хьанна хаьа, литературехь болх д1атесна а хила мегара цо.

Даймахка ц1аверза сатуьйсуш б1е шарал яхъеллера Сулюктахь йоккху хан. Д1аваха бакъо а ца лора. Соьлжа-г1ала Гадаевга кехат а дахьийтинера, цигахь шена ц1а ван бакъо яккхина хьажахьара аьлла. Цуьнан г1айг1а бан г1иртинера иза, амма г1уллакх ца нисделлера. Т1аккха Нохч-Г1алг1айн хьехархойн институте документаш дахьийтира Абузара. Дешарх шен г1уллакх хир доцийла хаьара, т1еоьцучу экзаменашка ша д1акхойкхуш цигара доуьйту долчу кехатаца д1авахархьама лийлира.

1957 шеран июлехь цигара еанчу извещеница некъана бакъо а яьккхина, ша кхойтта шарахь сатийсинчу даймахка ц1аверза новкъа велира Абузар Айдамиров.

Юрт ца евзачу яьллера. Махках дахале лаххарчу хьесапехь пхи б1е ц1а хиллера кхузахь, х1инца царах дийна дисинарш б1е кхузткъе итт дара. Бошмаш х1аллакйинера. Махках даьхча кхуза схьакхалхийна суьйлий инзаре халачу хьелашка нисбелла хиллера. Мацалла а, махкаллаш деш а дуккха а беллера уьш. Хьуьнах бахана дечиг дан дог1машкахь ницкъ боцуш бошмашкара стоьмийн дитташ, г1ишлойн тхевнаш, ц1енойн цхьана аг1ор ц1а чохь а 1еш, важа ах йохайой не1-кор, тхов а багош 1аьнах бевллера уьш.

Абузаран ц1енош дохоза дара. Царна чохь яра суьйлийн цхьа йоккха стаг а, цуьнан йо1 а. Цхьана ц1а чу д1атарбелира ц1абирзинарш а. Царал масех бутт хьалха ц1а баьхкина ткъех доьзал а бара кхузахь. Суьйлий кхузара д1акхалхош цаьргара царна мах а пуш шайн ц1енош схьаиэца дийзира нехан. Шайн дайша, я шаьш дина ц1енош. Уьш схьаиэца царна пачхьалкхо ссуда лора. 1едало комисси а кхоьллна оцу ц1енойн мах х1оттийнера. Ссуда шаьш схьаиэцна аьлла цара куьйгаш та1адора, ткъа суьйлаша ахча д1аоьцура. Цул совнаг1а шаьш д1абаханчохь ц1енош дан ссуда а лора суьйлашна, пачхьалкхана юхадерзор доцуш.

Даймахка ц1а бирзина нах шайна ц1енош дан, ярташ, колхозаш, ишколаш меттах1итто буьйлира. Иза х1умма а атта г1уллакх дацара.

Абузар а, Мух1ажар а уггар аьтто боцчу нехан мог1арехь дара.

Церан ц1енош дийна диснехь а, амма царна чохь кхойтта шарахь баьхначу суьйлаша уьш лардан куьг а ца тоьхнера. Абузаран нанас ша дийна йолуш хьекхна кираш, басарш дара пенаш т1ехь х1инца а. Ханнех дина нисделла божал, ялтадухкург, тховк1ело, кхин кегий ц1енош а дара церан уьш ц1ера бохуш. Суьйлий д1абахча керт-ков меттах1отто дийзира.

1957 шеран хьалхарчу сентябрехь юьртарчу ворх1шеран ишколе историн, нохчийн меттан хьехархо вахара Абузар. Х1инца кхочушхилира цо берахь дуьйна сатийсинарг. Амма и болх уггар халчу муьрехь кхечира цуьнга. Цкъа-делахь, оцу балхах цунна хууш х1умма а дацара. Шолг1а-делахь, ишколе даьхкина нохчийн бераш тайп-тайпана хаарш долуш дара, оьрсийн, г1ирг1азойн, узбекийн ишколашкахь дешна. Дукхахболчарна оьрсийн мотт ца хаьара, ткъа массарна а атталла нохчийн алфавит а ца хаьара. Ишколехь программаш, учебникаш яцара. Абузара шена хуург д1ахьоьхура газетех пайда а оьцуш.

1957 шеран аьхка хьехархой кечбечу кхаа беттан курсашка Соьлжа-г1ала деша вахийтира Абузар. Уьш масех б1е стаг вара, дукхах берш ворх1 классаш яьхна а болуш. Оцу хенахь Нажи-Юьртан районехь цхьа а стаг вацара лакхара дешар дешна. Ткъа Мескатахь виъ-пхиъ стаг вара юккъера ишкол чекхъяьккхина. И курсаш чекхъяьхна а валале ишколан директор х1оттош серлонан министерствос омра а делла, ц1а ваийтира иза. Х1етахь дуьйна 1987 шеран февраль т1екхаччалц, ткъе итт шарахь гергга оцу ишколехь директоран болх бира Абузара.

Оццу шарахь Нохч-Г1алг1айн хьехархойн институте, историн факультете заочно деша вахара Абузар, иза 1963 шарахь чекхъяьккхира.

Ша дагалаьцначу трилогина материалаш а гулъеш, оццу хенахь юкъ-кара повесташ, дийцарш а яздора Абузара.

Зорбанехь дуьххьара араяьлларг «Ненан дог» повесть яра. Иза Сулюктахь язйинера цо. Дуьххьара и повесть 1958 шарахь ешнера яздархойн Союзехь литконсультант волчу Мамакаев 1арбис. Ша иза ешна ваьлча, повесть дика язйина, амма чаккхе х1уманна

мегар яц аьлла д1акховдийра цо авторе. Юха язйина чаккхе, ша ла а дуг1уш, Абузаре шегга ешийтира 1арбис.

- Схьалол и соьга, - элира цо и ешна ваьлча.

И кхо-диъ кехат цуьнгара д1а а иэцна, стомма сийна даш долчу къоламца та11ош т1е хьаькхна жа1арш х1иттийра цо.

- Х1ан, юха язъе! – д1акховдийра цо кехаташ.

Шозлаг1а а изза дира 1арбис.

- Ва 1арби, ас х1ара муха язъян еза мукъне а дийцахьа суна! – дегабааме велира автор.

- Суна ца хаьа и ахь муха язъян еза. Со вац повесть язйинарг, хьо ву. Хьуна хаа деза, хьайн повестан чаккхе муха хила еза.

Кхозлаг1а язйинчунна халла реза хилира иза.

- Х1инца мегар ю, г1аддайча…

1арбин а, Абузаран а доккха доттаг1алла тасаделира иза яздархойн Союзехь литконсультант волуш. Цхьаьнакхетча деха а, дукха а къамелаш хуьлура цаьршиннан. Доза доцуш дукха дезара 1арбина нохчийн халкъ, цуьнан дуьхьа шен са д1адала кийча а вара иза. И шен халкъе безам б1аьрзе бацара цуьнан. И боккха безам хаалора цуьнан кхоллараллин х1ора дашца, и бахьанехь цо лайначу баланашца, халонашца, цхьана а ницкъана йохалур йоцчу цуьнан къонахаллица. Шен дахарх лоций к1езиг дуьйцура 1арбис, амма цуьнца лагерашкахь 1ийначу наха бовхачу безамца юьйцура цуьнан яхь, оьздангалла, къонахалла а.

1958 шарахь цхьа къийсам болабелира нохчийн яздархошна юкъахь.

- Тхан къийсамашна хьо юкъа ма г1ерталахь, - олура 1арбис Абузаре. – Иза тхо даккхийчийн г1уллакх ду. Ткъа ахь болх бе. Хьох ч1ог1а дегайовха ву со.

Оцу шарахь боккха бохам хилира Абузарна.

Августехь яздархойн конференци чекхъяьлча Абузарца Нажи-Юьрта ваха дагадеара 1арбина. Х1етахь КПСС Нажи-Юьртан райкоман секретарь волу цуьнан де вешин к1ант Мамакаев 1алви шен доьзалца райцентрехь вехаш вара. Иза а, Абузар а волчохь цхьа к1ира даккха а, шен литературни кхоллараллина цхьацца материалаш а гулъян, лаьмнашка б1аьрг а тоха 1алашо яра 1арбин. Амма

и к1ира доккхийла ца хилира цуьнан. Абузар волчохь кхо-диъ де доккхуш, юьрта хабар кхечира Солжа-г1алахь нохчий, г1алг1ай юха махках бахар д1ахьедеш митингаш, демонстрацеш еш бу оьрсий, цара партин обком а, кхин цхьамог1а пачхьалкхан учрежденеш д1алецна, нохчашна етташ бу аьлла. И г1уллакх ч1ог1а 1аьткъинера 1арбина.

- Ох, гады! – олура цо, сих-сиха чухула д1аса а волалуш . – Мало им вековое издевательство над моим народом! Его мытарства на чужбине, тринадцатилетнего изгнания. И снова хотят лишить его родины. Ох, гады!

Хуьлуш долчунна юьстах ца 1ен а, доьзална сагатделла а сихха Сольжа-г1ала д1аваха лиира 1арбина. Х1етахь юьртахь колхозан цхьаъ бен машен яцара. Цуьнца шаьшшиъ Гезлой-Эвла новкъа ваккхийтар а дийцина, шолг1ачу 1уьйранна машен яре ладоьг1уш кечвелла 1ара и шиъ. 1арби шен дог дика дац аьлла, когара мачаш д1а а ца йохуш д1атевжира. Хьалха шозза инфаркт хилла вара иза, т1аьххьара а хилларг шен йиша Тамара кхелхича а хуьлуш. Лоьрийн г1о иэшахь а аьлла, сихха колхозан конторе а вахана, 1алвига телефон туьйхира Абузара. Цхьа сахьт далале 1алви а, районан больницан коьрта лор а кхечира. 1алвига хала масех дош олуш вист а хилла, цхьа сахьт даьлча д1акхелхира 1арби.

Иза дара 1958 шеран 26 августехь.

Абузар воьхна хьийзара. Дуьненахь цунна уггар дукхавеза доттаг1 иза волчу хьошалг1а веача ц1еххьана д1акхелхинера.

1алвис Нажи-Юьрта телефон а тоьхна, масех машен ялийра. Юьртара нах а гулбелла, 1арби д1аволла а кечвина, суьйранна кхаа машенахь Лаха-Невре новкъа делира адам. Буьйсанна Сольжа-г1ала кхаьчча, г1алин йистехь долчу салтийн хано чу ца йитира церан машенаш. 1алвис цаьргарчу рацица обкоман секретарца къамел дира. 1арби т1ехь волчу машенца уьш иттех стаг а витина, важа накъостий шина машенца бухаберзийра. 1уьйранна сатоссучу хенахь Лаха-Невре кхечира уьш.

1арбин ц1еххьана хеназа кхалхаро боккха бохам беара цуьнан доьзале, гергарчаьрга, доттаг1ашка, дерриг нохчийн халкъе а.

Абузарна массарначул а т1ех 1аьткъинера иза. Доттаг1 кхалхар а, хьошалг1а веанчохь цуьнан х1усамехь кхалхар а. 1арби д1а а воьллина, Лаха-Неврера ц1авирзинчу буса язйира цо «Доттаг1чуьнга» стихотворени.

1арби ц1ена, бакъонца нохчийн халкъан к1ант вара. Цхьа гуш доцчу пхенашца шен халкъаца дозаделла дара цуьнан майра дог. Оцу дийнахь цунна карладевлла, 1аьткъина хир дара шен ден хьуьнаре дахар, Советан 1едалехьа цо латтийна къийсам, мостаг1ийн ямартлонца цуьнан хилла 1ожалла, бехк-гуьнахь доцуш ша лацар, ГУЛАГ лагершкахь ша яьккхина хан, шен халкъ махках даккхар, оццул дукха баланаш лайначу шен халкъах ца 1ебаш, оцу деношкахь цунна дуьхьал Соьлжа-г1алахь лелош дерг а …

1ожалло хеназа д1а а вигна, цхьана шаре а ца делира 1арбин а, Абузаран а ц1ена доттаг1алла. Амма оцу к1еззигчу хенахь лаьттина и доттаг1алла ерриг а оьмарна Абузаран даг чохь дисира…

Исторически произведенеш язъяран Абузаран коьрта 1алашо 1944 шарахь махках даьккхинчу нохчийн халкъах исторически бакъдерг аларна т1ехьажийна яра.

1944 шарахь халкъ махках даккхарх лаьцна язйинарг зорбанехь арайолуьйтур яцара, цундела б1е шо хьалха нохчий Турце кхалхорах лаьцна яздан г1ертара къона яздархо. Хрущевн заманахь, 60-г1а шераш дуьйладелча жимма маршо елира исторически бакъдерг ала. Амма х1етахь а цхьанхьа гучуйолуш яцара Къилбаседа Кавказера масех къам махках даккхарх лаьцна язйина цхьа а произведени. Х1етте а ша беш болу кхин белхаш цкъачунна д1а а тийсина, 1944 шарахь нохчий махках бахарх лаьцна произведени т1ехь болх болийра цо. Дерриг чулоцуш эпически произведени язъян хан яцара, цундела уггар хала деанчу хьалхарчу шеран цхьа де – 1945 шеран 23 февраль схьалецира. «Кхолламан цхьа де» повесть издательствос т1е ца лецира. Т1аккха КПСС обкоман хьалхарчу секретаран а, пропагандин, агитацин заведующщин а ц1арах масех кехат яздира и повесть араяккха бакъо йоьхуш, амма цхьана а кехатна дуьхьал жоп ца деара. Х1етахь архиве д1айиллина и повесть ткъе итт шарахь 1иллира.

Оццу шерашкахь шен трилогина хаддаза материалаш гулйора Абузара. Ленински библиотекера, СССР ЦГВИА, Грузински ССР ЦГВИА , Северо-Осетински АССР ЦГА архивашкара шена оьшучу материалийн копиш йохуьйтуш.

Трилогин хьалхарчу киншки т1ехь саццаза болх бора цо. Амма х1инца а иза т1аьххьара муха хир ю гуш дацара. Х1унда аьлча дуккха а материалаш оьшура. «Къонахалла» дийцарх «Маршонан ц1арах» повесть хилира. Иза 1960 шарахь «Орга» аьлманахан 3-4 номерш т1ехь зорба туьйхира. Жимма хийцамаш а бина, 1963 шарахь араяьллачу цуьнан «Лаьмнашкахь серло» киншки юкъа яхийтира. Т1аккха карахь йолчу материалийн буха т1ехь трилогин хьалхарчу киншкин къаьст-къаьстина кортош язбан вуьйлира Абузар. Вовшашца з1е йоцуш болу уьш зорба туьйхира «Орга» альманахан 1964 шеран №1, 3, 1965 шеран №2 номераш т1ехь.

Керла язбина кортош «Маршонан ц1арах» повестах д1а а тоьхна, изза ц1е йолуш 1968 шарахь киншка араяьккхира. Яздархочо дагалаьцначу трилогин хьалхарчуй, кхоалг1ачуй киншкин бух бара иза. Оцу шинна юккъехь хила езара 1877 шарахь Нохчийчохь хиллачу г1аттамах лаьцна шолг1а киншка.

Оцу хенахь Абузара бийриг 1аламат хала болх бара. Х1етахь нохчийн истори к1оргтера теллина язбина цхьа а болх бацара, я иза талла а, язбан а цхьа а 1илманча вацара. Х1етахь исторически 1илманан кандидаташ хила диссертацеш язъеш болчара толлурш историн 1905-1907, 1917-1920 шераш а, советски зама а яра. Нохчийн халкъан историна кхин к1орге г1орта ца лаьара цхьанна а. Нохч-Г1алг1айн 1илманан-талламан институт а х1етта кхоллаеллера, цуьнан библиотекехь атталла Абузара гулйина литература а яцара. Исторически материалаш ша гулъян а, талла а, церан нийса жам1аш дан а, т1аккха исбаьхьаллин произведенеш язъян а дезара цуьнан.

Цо яздеш дерг документальни буха т1ехь исторически бакъдерг хила а, дуьненан юкъарчу историца з1е йолуш а, нийса дог1уш хила а, советски исторически 1илманан, идеологин м1ара таса бахьана доцуш хила а дезара. Х1етахь республикехь вацара иза дагавала а, г1о деха а нохчийн халкъан истории хууш цхьа а стаг. Ткъа къоначу яздархочун хаарш, 1илманеха, литературехь а зеделларш к1езиг дара.

Хала а, жоьпаллин а некъ бара Абузара юьхьарлаьцнарг. Цо иттаннаш шерашкахь синтем боцуш хьоьгу къа эрна диса а мегара. Х1унда аьлча, и трилоги дуьненан литературан классически шедеврийн мог1аре х1отто мегар йолуш язйича а, 1едало зорбанехь араялийтаре догдохуьйлаш 1аламат к1езиг яра.

Амма цуьнан вухаволийла дацара. И ойла а, 1алашо а Абузаран ц1ийх а, т1амарх а йоьллера иза кхиазхо волчу хенахь дуьйна.

1965 шарахь партин а, пачхьалкхан а органаша дуьххьара шайн тидаме ийцира Абузаран белхан а, кхолларалин а г1уллакхаш.

Киргизера а, Казахстанера а халкъ ц1адирзича хала хьелаш кхолладеллера ишколашкахь. Г1ишлош ца тоьара, нохчийн меттан учебникаш, программаш, хьехархошна, дешархошна, дай-наношна г1оьналлина педагогически литература яцара. Казахстанехь, Киргизехь оьрсийн, казахийн, г1ирг1азойн, узбекийн ишколашкахь дешначу берийн хаарш тайп-тайпана дара, дукхах болчу лакхарчу классийн дешархошна оьрсийн мотт, нохчийн маттахь деша а, яздан а ца хаьара. Оцу халонех к1елхьардовла уггар атта некъ карийра республикан куьйгаллина: нохчийн, г1алг1айн берашна хьалхарчу классашкара хьала оьрсийн маттахь хьеха. Т1аккха ца оьшура учебникийн, программийн, г1оьналлин литературан а г1айг1а бан. Уьш ерриг а Москвахь оьрсийн ишколашна арахоьцуш яра. Хьехархошна, дешархошна, дай-наношна а. Амма и учебникаш, программаш оьрсийн ишколашна, оьрсийн берашна хала ю бохуш хаддаза аьрзнаш дара центральни газетийн, журналийн аг1онаш т1ехь, хьехархоша, дай-наноша яздина.

Х1етте а оццу учебникашца, программашца ишколашкахь деша охьаховшийра нохчийн а, г1алг1айн а бераш. Оьрсийн маттахь цхьа дош а ца хаьара дуьххьара хьалхарчу классашка деша дог1учу берашна. Ткъа ишколехь дешаран коьрта г1ирс мотт бу. Оьрсийн мотт ца хиъча, оцу маттахь язйина математика, физика, хими, кхийолу предметаш а 1емар яцара. Цундела ишколаша арахоьцучу нохчийн берех лаххара а 90 % программаша гайтина хаарш доцуш буьсура.

Нохчийн, г1алг1айн ишколийн д1адолор пачхьалкхерчу кхечу къаьмнийн ишколашка даржо г1оьртира Москва. Оцу хьокъехь республикан серлонан министра Умаров Мухьарис цхьамог1а статьяш язйира «Учительская газета», «Народное образование», «Русский язык в национальной школе» журналаш т1ехь. Амма РСФСР дуккха а автономни республикаша т1е ца лецира и д1адолор.

Нохч-Г1алг1айн ишколашкахь хьалхарчу классашкара хьала оьрсийн маттахь хьехар цхьаьнадог1ура партин, пачхьалкхан политикаца а, идеологица а. Х1етахь д1акхайкхош дара, вайн пачхьалкхехь кхуллуш ерг советски юкъаралла ю, къаьмнийн башхаллаш д1аяха еза, къона т1аьхье коммунистически дог-ойланехь кхио еза, кегий къаьмнаш, церан меттанаш заманан йохалла дуьненара д1адевр ду, царах цхьа мотт, цхьа культура йолуш советски цхьа къам кхоллалур ду, оцу къоман юкъара мотт «хаза, хьоле, нуьцкъала, сийлахь-боккха оьрсийн мотт» хир бу, ткъа тахана и Пушкинан, Толстойн, Ленинан ненан мотт пачхьалкхехь дехачу кегийчу къаьмнийн шолг1а ненан мотт хилла д1ах1отта беза, бохуш. Оцу политикан, идеологин генна лаьцна 1алашо яра: къаьмнийн мотт, истори, культура, ламасташ, г1иллакхаш дайина д1адахар, къаьмнех манкурташ дар.

Оццу хенахь республикехь юкъаялкхинера нохчийн, г1алг1айн меттанашкахь арадовлу газеташ оьшуш дац, уьш д1акъовла деза бохуш официале агитаци.

Нохчийн ишколашкахь хьалхарчу классашкара хьала дешархошна оьрсийн маттахь хьехаро церан хааршна а, кхетош-кхиорна а деш долу зулам гуш волчу Абузара цунах лаьцна йоккха статья язйира. Амма цунна т1ехь болх чекх а баьккхина, иза газете д1аяла кхиале Соьлжа-г1алахь, республикан пионерийн Дворецехь халкъан дешаран хьокъехь цхьа конференци хилира. Иза 1964 шарахь дара. Конференцехь дакъалоцуш бара обкоман берриг секретараш, отделийн заведующийш а, ерриг правительство а, халкъан дешаран куьйгалхой а, яздархой а, 1илманчаш а.

Трибуне хьалаваьллачу Абузара шен статьян коьрта тезисаш д1айийшира. Дуьненан педагогически 1илмано теллина, б1еше-

рийн дохалла зеделла, ч1аг1делла ду бераш юьхьанцарчу классашкахь церан ненан маттахь 1амо дезаш хилар. Кхечу меттанашкахь 1амо г1ертар церан хьекъална, кхетамна, могашаллина а зуламе хилар ч1аг1до педагогически, психологически а1илманаша. Оьрсийн ишколашкахь оьрсийн берашна шайн ненан маттахь хьоьхуш йолу учебникаш, программаш царна хала а, чолхе а ю бохуш, дуккха аьрзнаш ду газеташ, журналаш т1ехь Москва чохь бехачу хьехархойн, дай-нанойн, 1илманчийн а. Х1етте оццу учебникашца, программашца деша бохуш хьийзадо нохчийн, г1алг1айн бераш. Цундела царах 90% дешархой цхьа а тайпа хаарш доцуш арахоьцу ишколашкара, иза цкъа а нислур доцу доккха зулам ду оцу берашна а, дерриг къомана а. Шайн ненан мотт хьалха 1амо беза берашна, х1унда аьлча цара еш йолу ойла ненан маттахь хуьлу. Ненан мотт хьалха 1емича бен кхидолу меттанаш 1емар дац царна. Цундела ишколашкахь I-IV классашкахь дерриг дешар ненан маттахь хила деза,оьрсийн мотт предмет санна а болуш. Т1аккха V-X классашкахь ерриг предметаш оьрсийн маттахь а йолуш, ненан мотт предмет санна хила беза. Нагахь иза дан ца тарлахь, нохчийн къоман специфика тидаме а оьцуш 1-X классашна шатайпа учебникаш, программаш, дешнийн, орфографически, фразеологически, кхийолу дошамаш а, дешархошна, хьехархошна, дай-наношна г1оьнна литература а хила еза. Сийлахь-боккха оьрсийн мотт сада1а х1аваъ, мала хи санна оьшу пачхьалкъехь дехачу къаьмнашна, амма уггар хьалха царна оьшург ненан мотт бу, ненан мотт д1абаьлча, къоман истори, культура, ламасташ, г1иллакхаш д1адевр ду, доцца аьлча-къам ша а д1адер ду. Цундела нохчийн мотт 1амо, кхио, ларбан беза, и. д1а кхин а...

Цунна т1аьххье трибуни т1е хьалаваьллачу хьехархойн говзалла лакхайоккхучу институтан директора даррехь Абузар националист ву элира. Шолг1а къамел динчо, нохчийн мотт д1абаьлча шен киншкаш еша нах боцуш висарна кхоьру Айдамиров, цундела ву иза нохчийн меттан бала кхаьчна лелаш, элира.

Оцу дийнахь Абузаран коча «националист» аьлла ярлык оьллира.

Ишколехь доггах болх бора Абузара. Иза беза а безаш, юьртара бераша дика дешча, г1иллакхе, оьзда уьш кхиъча, цара техникумаш, институташ чекхъяьхча, царах юьртана, махкана пайде адамаш хиларе догдохуш. Цхьана шарахь шен ца нисделларш т1едог1учу шарахь нисдаларе догдохуш, мало ца еш къахьоьгура цо.

Амма ишколийн болх шо-шаре мел долу, толучу метана, галбуьйлура. Ишта хьал ерриг пачхьалкхехь дара, амма къаьсттина нохчийн ишколашкахь. Берашна деша оьшуш долу хьелаш дацара; церан г1айг1а беш 1едал дацара, деша лууш бераш а, цаьрга дешийта лууш дай-наной а бацара.

Киншки т1ехь беш болу болх а ледара д1абоьдура. Ишколо дукха хан д1айоккхура, дуккха а материалаш ца тоьара. Ленински библиотекера, архивашкара материалех копиш яххкийтарх кхачам ца хуьлура. Москва а вахана, цхьана-шина баттахь библиотекашкахь, архивашкахь болх бан безара, амма иза дан цуьнан аьтто бацара. Шен алапица доьзал хене баккха г1ерташ, хала кадетташ воллура иза.

1967 шарахь Абузарна дагадеара СССР яздархойн Союзехь йолчу шина шеран Лаккхарчу литературни курсашка деша ваха. Цигахь доьшуш болчу яздархошна баттахь 150 сом стипенди а, институтан юкъар1ойлехь 1ен цхьацца чоь а лора. Цига деша вахча, киншки т1ехь болх бан а, цунна оьшу материалаш гулъян а аьтто болура яздархочунна.

Абузар Москвахь 1967-1969 шерашкахь 1ийра. Занятеш чекхъевлча а, мукъачу деношкахь а Ленински библиотекехь а, Центральни пачхьалкан т1еман-исторически архивехь а трилогина материалаш гулйора, буьйсанна т1аьххьалц шен киншки т1ехь болх бора. Библиотекера нохчех лаьцна яздина цхьа а киншка ца йисира цо ца йоьшуш. Шена оьшучех к1езиг дерш схьаяздора, материалаш яккхий хилча, копиш йохуьйтура.

Уьш виъ доттаг1 вара: Мамакаев Мохьмад, Сулаев Мохьмад, Сулейманов Ахьмад, Айдамиров Абузар. Х1ораннан а доттаг1алла тасаделлера дуьххьара цхьаьна ма кхийттинехь. Хьалха Сулаев Мохьмадца, цуьнгахула вукху шинца а.

Абузар г1ала сессешка веача гостиницехь ца вуьтура Сулаевс. Цкъа цхьана аьхка цхьа бутт баьккхира цо иза волчохь Черноречьехь /Бух1ан-Юьртахь/. Сулаев Мохьмад догц1ена, адамалла долуш, оьзда стаг вара. Литература дукхаезара цунна, нохчийн маттахь араяьлла цхьа а киншка ца юьтура цо ца йоьшуш, къеначу а, къоначу а яздархойн, массарна а шен ницкъ кхочу г1о дан а г1ертара.

Мамакаев Мохьмадца Абузаран доттаг1алла тасаделира иза Москвахь Литературни лакхара курсаш чекхъяьхна ц1а веача. Абузарал ткъа шо воккха вара Мохьмад. Воккха поэт, философ а, майра, оьзда къонах а вара иза. Цо д1аязбина х1ора мог1а иза ша санна майраллех, доьналлех, оьздангаллех буьзна бара. Ала дезачохь майра, хьекъале, оьзда дош олуш вара, кхеравалар х1ун ду а ца хаьара цунна. И амалш а, шен халкъе безам а бахьана долуш 1937 шарахь лаьцна ГУЛАГ лагершкахь 19 шо хан яьккхира цо, юккъерчу хьесапехь царах ялх шо «одиночкехь» а доккхуш. Лаьцначохь цхьацца харцонаш т1е а кхоьллина, шозза тоьпаш тоха суд а йинера.

1956 шарахь ноябрехь, Сибрехара ц1а вог1уш Москвахь пачхьалкхан г1арабевллачу 1илманчийн конференце нисвеллера иза. Цигахь дийцаре х1оттийнера «О характере движений горских народов Северного Кавказа в 20-50-х годах Х1Х века» г1уллакх. Оцу конференцехь цо дина къамел доцца зорба тоьхна ду 1956 шарахь №12 «Вопросы истории» журнала т1ехь. ГУЛАГ-ан уггар луьрачу хьелашкахь 19 шо а даьккхина, ц1а вог1учу цо дина и майра къамел дан ваьхьар вацара оцу заманахь цхьа а маьрша нохчо.

Шена а, шен халкъана а т1ехь латто харцо 1аьткъина, кийрара схьабаьлла къаьхьа мохь гора цуьнан «Со адам ду…» ц1е йолчу стихотворени т1ехь:

**…Я человек! Я не бездумный скот.**
**И, хоть люблю полей родимых травы,**
**Мне вечно будет ненавистен тот,**
**Кому претят язык чужой и нравы!**

**Кто поучает маленький народ,**
**Как жить ему, какому богу верить...**
**Спаси нас от святых его щедрот,**
**Не дай, Аллах, детей ему доверить!**

Мила ваьхьар вара 1956 шарахь и мог1анаш яздан а, 1968 шарахь Москвахь арайолучу шен киншки юкъадахка а?

Мамакаев Мохьмадан а, Мамакаев 1арбин а, Айдамиров Абузаран а ойланаш, дахаран 1алашонаш а цхьаьнайог1ура. Кхаанне а доза доцуш ч1ог1а дезара нохчийн халкъ. Т1аьхьа шен дагалецамашкахь Абузара яздийр ду: «Шайн халкъана т1ехь латточу харцонна дуьхьал майрра дош олуш, оцу харцонца цхьа а тайпа машар боцуш дуьненара хеназа д1акхелхира и хьекъале, майра ши къонаха, нохчийн халкъан тешаме ши к1ант. Со къона волуш цаьршимма божийнчу суйнан ц1е ю сан дахарехь, литературни кхолларалехь а суна ницкъ луш, суна къилба хилла йогуш».

Сулейманов Ахьмад хьекъале, оьзда стаг а, воккха хьехархо а, поэт а вара. Цунна 1аламат дика девзара халкъан дахар, нохчийн къоман г1иллакхаш, ламасташ, легендаш, кицанаш. Нохчийн мотт хаза а, говза а буьйцура цо.

1972 шо чекхдолуш эххар а дуьненчу елира Абузара ткъех шарахь т1ехь болх бина, араяккха г1ерташ дукха къахьегна трилогин хьалхара роман- «Еха буьйсанаш».

Иза арахецийтар доьхуш дукха дехарш яздира цо КПСС обкоман хьалхарчу секретаре, пропагандин, агитацин отделан заведующига, издательствон, зорбанан г1уллакхашкахула йолчу Урхаллин председателе а.

Шен киншка ара ца ялийтарх царна дукха бехк а ца буьллура Абузара.

1950 шарахь дуьйна схьа советски исторически 1илманехь бакъдерг олуш дацара Къилбаседа Кавказан ламанхоша шайн маршонехьа латтийнчу къийсамах. Доцца аьлча, исторически 1илмано ч1аг1динарг х1ара дара: оцу боламийн байракх – бусалба дин дара, и къийсам керста халкъашна, ткъа уггар хьалха – оьрсийн халкъана

дуьхьал бара, оцу боламашна коьртехь лаьттарш динан фанатикаш, Турцин, Англин агенташ бара, цара ламанан къаьмнаш динан боданехь латтадора, шайн фанатизмаца уьш физически х1аллакьхиларе дуьгура, ткъа Россис а, оьрсийн эскаро а оцу фанатикийн а, туркойн, англичанийн а къизачу 1азапах, олаллех к1елхьардаьккхинера, ламанхошна цивилизации еанера и. д1а кхин а.

Оцу къийсамехь дакъалацарна цхьацца бехказлонаш а карош кхидолу кавказски халкъаш бехказа дохура исторически 1илмано. Махках даьккхана шех лаьцна бакъдерг ала а, харцонна дуьхьал дош ала, а бакъо йоцуш дисана деккъа цхьа нохчийн халкъ доцург.

Ламанан халкъашлахь барамехь уггар доккха а, къармазе, динан боданехь хилла из аду бохура иттанаш шерашкахь Кавказехь лаьттанчу т1амна а, 1енначу ц1ийна а бехке. Россина ша муьт1ахь хилла а ца соцура, важа ламанан халкъаш а шена т1аьхьа дозура, бохуш.

Хууш дара, 1917-1920 шерашкахь нохчийн халкъ цхьа а тайпа д1асахьийзар доцуш революцигихьа а, Советийн 1едалехьа даьлла хилар а, цаьргахьа къийсамехь нохчийн халкъан эзарнаш тоьлла к1ентий т1еман арахь герз карахь леташ турпала изгна хилар а.

Хууш дара 1941-1945 шерашкахь Даймахкехьа хиллачу т1амехь нохчийн халкъан к1енташа турпала хьуьнарш гайтина хилар а, цара к1иллолла гайтина, ямартло йина меттиг ца хилар а. Амма исторически 1илманехь, официале зорбанехь эладита даржийнера нохчийн халкъ революцина а, Советийн 1едална а дуьхьал дара, 1941-1945 шерашкахь Даймахкана ямарт хиллера, бохуш. И эладиташ 1едало даржийнера цхьа а тайпа бехк-гуьнахь доцуш 1944 шарахь ша махках даьккхана нохчийн халкъ бехдан г1ерташ, ша цунна т1ехь лелийнчу, дуьненан исторехь юьйцу ца хезначу къизачу акхараллина бух кхолла г1ерташ.

Хрущевн заманахь дуьйна кавказски ламанхойн шайн маршонехьа къийсамах мелла а бакъдерг ала маршо яьллера. Амма оцу бакъдолчунна тоьхна доза дара, цул дехьавалар- дихкина.

Ткъа Абузар шен романа т1ехь оцу дозанал генна дехьаваьллера. Цо яздинарг нийсса дуьхьал дара советски исторически

1илманна, я вуьшта аьлча – партин, пачхьалкхан политикана а, идеологина а. Цо ша ма дарра гойтура паччахьан Россис нохчийн халкъ нийсса ах къиза х1аллакдар, дисинчунна т1ехь латтийна къиза 1азап, 1865 шарахь нуьцкъах, 1ехош махках баькк-хина Турце кхалхийнчу нохчийн 5000 доьзалан декъаза кхоллам а.

Къинхетамза 1орайоккхура оьрсийн правительствон агрессивни, реакционни, т1еман-колониальни арахьара а, чоьхьара а политика. Амма партин, КГБ органашна ма-дарра ца хаьара Абузаран романа т1ехь дерг. КПСС обкоме ша яздечу дехаршна т1ехь цо ч1аг1дора романа т1ехь нохчийн халкъан историх лаьцна яздинарг марксизман-ленинизман а, советски исторически а 1илманийн, коммунистически партин а, советски пачхьалкхан а политикан, идеологин а лехамашна дуьззана жоп луш а, исторически фактийн, документийн бух т1ехь, советски халкъийн доттаг1алла ч1аг1дарна т1ехьажийна а ду, бохуш. Иза ч1аг1дира рукописна рецензеш язйинчу Туркаев Хьасана а, Сулаев Мохьмада а къайлабаьхьира цуьнан ма бара болу чулацам.

Киншкин дуьххьарлера ц1е «1аьржа денош» яра. И ц1е ца езаелира издательствехь. Иза киншкин кхоалг1ачу декъана а йитина, «Дагийна латта» язйира авторо. Цунна а реза ца хилира. И ший а ц1е дукха буьрса хийтира. «Дагийна латта» хьалхарчу декъана а йиллина, «Еха буьйсанаш» ц1е тиллира Абузара. Цунна хала резахилира.

Художнико В.П.Глушковс 1аламат хаза исбаьхьаллин оформлени йинера романна. Цо мужалта т1е а, киншки юккъе а дехкинчу сурташа ц1ена а, дика а гойтура романан чулацам, идей а, 1алашо а. И сурташ ца магийра цензуро. Оформлени кхечу художнике яйтира. Роман араелира х1етахь издательствон коьрта редактор волу Дыхаев Ваха хьекъале, оьзда, доьналле, ц1ена нохчо хилар бахьана долуш.

Халкъо дика т1еийцира «Еха буьйсанаш». Х1етахь нохчийн маттахь арахоьцучу исбаьхьаллин литературан тираж 2-3 эзар экземплярал лакхара ца хуьлура. «Еха буьйсанаш» романан тираж 5000 экземпляр яра. Туьканашка яьллачул т1аьхьа ши бутт

балале цхьа киншка ца юьсуш, ерриг а д1аийцира иза. Жимма хан яьлча библиотекашкара а д1аелира, еша яьхьначо юха ца йохьуш.

Т1аккха халкъалахь г1арзяьлча, наха д1аяьхьира Чеховн ц1арахчу республикански библиотекера а. Т1аьхьа, цхьа масех шо даьлча, ша далийтинчу г1алатах кхеттачу 1едало омра дира «Еха буьйсанаш», библиотекашкара д1а а яхий, ягае аьлла.

Амма республикан цхьана а библиотекехь цхьа а киншка ца карийра. Уьш ерриг а нехан карахь яра.

«Еха буьйсанаш» халкъо дика т1елацаран бахьана иза исбаьхьаллин аг1ор дика язйина хилар дацара. Оцу аг1ор юккъера мах хадо мегар дара цуьнан. Оцу хенахь нохчийн халкъана ца хаьара шен истории. «Еха буьйсанаша» цунна хьалха схьайиллира цуьнан турпалчу историн цхьа к1еззиг аг1онаш, бовзийтира нохчашна цкъа а ц1е йоккхуш ца хезна къоман турпалхой, халкъо шен маршонехьа б1ешерийн дохала латтийна турпала къийсам, хьегна 1азап, лайна халонаш, харцонаш.

1865 шарахь нуьцкъах, 1ехош а махках баьхна Турце кхалхийначу нохчийн 5000 доьзалан кхолламца гора 1944 шарахь нуьцкъах махках даьккхина, Казахстане, Киргизе а кхалхийначу халкъан декъаза кхоллам.

«Еха буьйсанаш» роман халкъо езаш т1е а эцна, литературни критико лакхара мах а хадийча дог-ойла г1еттина, трилогин шолг1ачу киншки т1ехь болх болийра Абузара.

1975 шарахь араелира цуьнан керлачу дийцарийн гулар «Лаьмнийн некъашкахула». Ша жима елахь а, халкъо езаш т1еийцира иза. Цу юкъахь яра «Шемалан леламаш» ц1е йолу исторически хроника. Цуьнца нахана евзира х1етталц шайна къайле хилла лаьттина нохчийн халкъан историн керла аг1онаш. И хроника язъян дагахь доцуш, амма язъян ондда бух болчу бахьанашца ц1еххьана язйинера Абузара.

1972 шарахь Москвахь араяьлла Гамзатов Расулан «Сан Дег1аста» ц1е йолу йоккха киншка яра Абузаре и язъяйтинарг. Лаккхахь ма дийццара, Сталинан заманахь Шемал а, иза коьртехь во-

луш кавказски ламанхоша шайн маршонехьа иттанаш шерашкахь латтийна къийсам а сийсазбинчу фальсификаторийн авангардехь вара суьйлийн къомах волу историк Даниялов 1абдурахьман а, поэт Гамзатов Расул а. Хьалхарчо шен статья т1ехь, шолг1ачо шен «Имам» ц1е йолчу стихотворении т1ехь къинхетамза нажжаз бора Шемал а, нохчийн халкъ а. 1839 шарахь Ахульгохь оьрсийн эскарийн г1оьнца дег1астанхоша вохийна, эккхийна Шемал ведда Нохчийчу ваханера, цигахь нохчийн «разбойникийн аристократис» иза шайн имам х1оттийнера, оцу т1аьхьарчу ткъа шарахь ламанхоша Россина дуьхьал бинчу т1еман декъахь дег1астанхой бацара, и т1ом бинарш беккъа цхьа нохчий бара, бохуш. Боьха мел йолу ц1е кхоьллинера цаьршимма Шемална а, нохчийн халкъана а т1е.

Х1инца, шен «Сан Дег1аста» киншки т1ехь Гамзатовс б1аьрхишца кхин дуьйцура. «Имам» стихотворени язъечу хенахь ша къона, хьекъал доцуш вара, пачхьалкхан, партин «доккхачу ц1а чохь» /Кремлехь/ дуьйцучух а, цуьнан дас /Сталина/ дуьйцучух а х1етахь ша тешара, х1етахь ша далийтинчу г1алатах ша кхетта, валлал дохко а ваьлла бохуш, шен халкъе шена къинт1ера далар доьхура цо. Х1инца Гамзатовс хестабора Шемал а, дег1астанхойн наибаш а. Ламаройн къаьмнийн маршонехьа беха къийсам латтийнарш а х1инца беккъа цхьа дег1астанхой хуьлуьйтура.

Гамзатовс оцу заманахь, ша къона волуш, и стихотворени язъярх цунна бехк буьллийла дацара. Оцу хенахь пачхьалкхехь дихкина дара бакъдерг дийцар. Харцо яра официале лелаш. Къаьсттина сийсаздора 1944 шарахь махках даьккхина нохчийн халкъ. Шен маршо ларъеш б1е шарахь сов цо паччахьан Россина буьрса дуьхьало ярна, я оьрсийн пачхьашна а, я советски 1едална а хьалха къарделла иза гора ца х1оттарна. Дуккха а адамаш тешнера пачхьалкхан, партин официале политико, идеологис нохчийн къам сийсаздеш лелочу пропагандех. Догц1ена тешарш а, шек берш а, ца тешарш а бара, амма оцу харцонна дуьхьал дош ала ца ваьхьара цхьа а.

Цундела, къона Гамзатов оцу эладитанех тешарх а, шен кхетам бацарна Шемал, нохчийн халкъ сийсаздеш оцу хенахь цо и стихотворени язъярх а Абузара цунна бехк ца буьллура.

Абузара цунна бехк буьллуш ши х1ума дара. Шемална реабилитаци йина яллалц цунах лаьцна дика дош ца олуш иза д1атаь1на 1ар. Иза а гечдан тарлора. Т1аьхьа делахь а, эххар а ша лелийнчунна дохковаьлла дош элира цо. Иза цунна къинт1ера ца волуьйтург кхин дара. Шен киншки т1ехь Гамзатовс шен халкъе доьхура, хьалха ша Шемал сийсазварна шена къинт1ера далар, амма и Шемал санна, оцу шен стихотворени т1ехь ша сийсаздинчу нохчийн, г1алг1айн халкъашна шена къинт1ера довлар ца доьхура. Атталла оцу киншки т1ехь оцу шина халкъах лаьцна диканиг олуш цхьа дош а ца яздинера.

Махках даьккхина, граждански бакъонах хадийна, ша сийсаздинчу 1едална дуьхьал дош ала бакъо а, ницкъ а боцуш, орца ала меттиг а боцуш долчу нохчийн халкъана букъа т1ехьахула шаьлта йоьг1нера. Иза дина а ца 1ийнера. 1едало сийсазбина и болам, цуьнан коьртехь хилла Шемал а, царах шаьш д1а а къаьстина, нохчийн халкъана кхоьссинера. Ткъа х1инца, Шемалх а, ламаройн шайн маршонехьа боламах а исторически бакъдерг меттах1оттийча, Шемал а, и болам а нохчийн халкъера д1а а баьккхина, дег1астанхошна д1ахьовзийнера!

Гамзатовн и киншка ешча оьг1азваханчу Абузара, охьа а хиъна, цхьана баттахь язйира «Шемалан леламаш» исторически хроника. Исторически буха т1ехь ма-дарра, ц1ена бакъдерг дуьйцуш. Шемал шен дег1астанхоша шайн махкара эккхор, нохчаша иза т1елацар, оцу т1аьхьарчу ткъа шарахь паччахьан Россина дуьхьал Шемал коьртехь волуш бина т1ом коьртачу декъана нохчийн халкъо бина хилар а дуьйцуш.

Кхузткъе уьтталг1а шераш юккъе довллалц мелла а синтеме хилира Абузаран дахар.

Массо а яздархо, поэт шайн цхьа киншка араяьлча сихха иза оьрсийн маттахь арахеца сихло. Иштта иза араяьлча ешархой алсам хуьлу. Абузаран масех киншка араяьллера нохчийн маттахь, амма цунна дага а ца дог1ура цхьа а произведени оьрсийн маттахь зорбане яккхийта. Уьш цхьа а иза реза волуш яцара. Уьш ешначу кхечу къомах стагана нохчийн халкъ довза, цунах б1аьрг

буза х1ума карадарх шеквуьйлура автор. Хиржича а ца карайора яздархочунна шен произведенешна юкъахь цхьа а ша дагца къобалъеш.

«Керлачу концепцин» авторша Кавказски т1ом хилла а бац, Россис ламарощца т1ом бина а бац, ламарой дозанца йолчу оьрсий бехачу меттигашна т1елетча бехкечарна та1зар дан Нохчийчу «эпизодически экспедициш» йора оьрсийн эскарша, цунах т1ом алар нийса дац, бохура. Цундела ялийнера историкаша и «так называемая Кавказская война» боху керла термин.

Издательствехь Абузаран романан редактор вара поэт Минтяк Иван Иванович. Веданан районехь хьехархочун болх беш волуш стихаш язъян воьллера иза. «Интернациональни» политика официале ч1ог1а йолчу х1окху республикехь жимма а литературни пох1малла долчу оьрсийн произведенийн киншка арайоккхура цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш, иза сихха СССР яздархойн декъашхошка т1е а оьцура. Минтякан стихийн гуларш арахоьцура кхузахь х1ора шарахь бохург санна, амма республикал арахьа цуьнан цхьа а мог1а зорба ца тухура, уьш ледара хиларна.

Романна дуьхьал болчу рецензенташа яздинчух жам1 а деш, т1аьххьара редзаключени язйира цо.

**МИНТЯК И.И. «Роман А.Айдамирова «Долгие ночи» уже издавался в 1972 году на чеченском языке. Теперь автор предлагает его в переводе на русский язык – т.е. многочисленному советскому читателю /да и не только советскому/. Однако нужен ли сегодня этот роман читателю? Думаю, что нужен, но не в таком виде, каков он есть в оригинале. И вот почему.../ далее ссылки на труды Ф.Энгельса, В.Ленина, на Договор о добровольном вхождении чеченцев и ингушей в состав России – М.А./.**

**Исходя из этих марксистско-ленинских положений и документа о добровольном вхождении Чечни в состав России, напрашивается вопрос автору: какой благотворный опыт для «непосредственной практической деятельности» извлечет современный читатель /особенно – нашей республики/, познакомившись с романом «Долгие ночи»?...Автор на страницах своего романа возрождает самые негативные факты русско-чеченских отношений в прошлом столетии – и это побуждает нас усомниться в приобретении читателем положительного опыта. Всего вероятнее – реакция будет обратной, которая будет усиливаться по мере углубления в роман, где читатель встретит такие выражения: «Разве я знал о существовании русских, пока они со штыками не ворвались в мой дом...Алексей Петрович работал в Чечне топором...Мы по необходимости прибегли к коренной русской исторической**

системе заселения...Он проповедовал народу непримиримость ко всякому иноверцу, особенно к христианам и в первую очередь к русским... Ты хочешь, чтобы все здесь с голоду умерли или стали христианами... Деньги оставались в карманах русских чиновников...Граф Евдокимов создал здесь для чеченцев своеобразную школу морального разложения... Важная государственная мера/переселение/ даст нам возможность свободно развивать колонизацию в предгорьях... Он бы /Ермолов А.П. – М.А./ давно смирил эту проклятую Чечню».

Цитировать еще можно было бы – словно автор не ведает, что часть его народа оказалась на чужбине в прошлом веке в результате реакционной политики царского самодержавия, а вовсе не по вине русского народа, такогоже бесправного и обездоленного в ту пору, как и чеченский. Царизм и местные власти /духовенство и старшины/ - они авторы «чеченской трагедии». В этом и должен был автор убедить читателя...Иначе для чего ему нужно было обращаться к этому периоду в жизни своего народа? Чтобы знали другие? Но всегда ли нас обогащает духовно знание негативных сторон истории или вообще человеческого бытия?...

Допустим, что роман «Долгие ночи» Айдамирова читатель получил. И,прочитав, он захочет сравнить «век минувший и век нынешний» в жизни чеченского народа: там была трагедия и здесь? /редактор имеет в виду трагедию 1944 года – М.А./. Так что же тогда изменилось?

Уверен, что автор, ошибаясь, задает читателю такой вопрос, потому что сам прекрасно знает, какой стала его республика за 60 лет Советской власти.

И название романа – «Долгие ночи» - думается, претенциозно.Ведь эта аллегория прочитывается и так: многолетние русско-чеченские отношения – это «долгие ночи» в судьбе чеченского народа?.. Если это так, то очень жаль, что современный народный писатель Айдамиров до сих пор смотрит на историю своего народа глазами некоторых ге-

роев из «Долгих ночей», и смотрит из прошлого века. А чечено-ингушский народ в это время спокойно и доблестно творит свою новую историю, созидая грядущий день, и не мыслит этого созидания без братского единства всех народов нашего Отечества, и прежде всего – без великого русского народа.

Обозревать историю в кривом зеркале – это значит самому заблуждаться и вводить в заблуждение тех, кто потом будет слушать подобное «обозрение». Поэтому считаю, что роман в данном варианте по своему строю и духу несостоятелен, антинаучен. Особенно это четко просматривается сквозь призму сегодняшнего дня, когда республика готовится торжественно отметить 200-летие добровольного вхождения Чечено-Ингушетии в состав России. И какое благородное чувство двигало лучшими представителями чеченского народа, подписавшими в 1781 году, «добровольно, чистосердечно», клятву о принятии их / и всего народа/ в состав России! Автору и следовало бы подняться к этим светлым истокам, где русско-чеченские отношения в основе своей, не искаженные антигуманной, реакционной политикой царизма, всегда были добросердечными, прогрессивными...

...И далее: автор именует свое произведение «романом». Однако по одной книге трудно определить, что это такое «Долгие ночи» - роман или просто «долгое» повествование? Утвердиться в жанре можно, лишь полностью прочитав все произведение...

Выводы:

1. Считаю «Долгие ночи» работой тенденциозной. И тенденциозность эта – отнюдь не от незнания А.Айдамировым поднимаемого материала, а от неправильного подхода его к оценке русско-чеченских отношений в прошлом веке. Такая оценка ничего не дает «для нашей непосредственной практической деятельности» - для идейно-нравственного и интернационально-патриотического воспитания молодежи и всего населения республики...

**...2. Пагубность «Долгих ночей» в современных условиях острой идеологической борьбы очевидна. Как очевидна пагубность и других работ А.Айдамирова – по тем же идейно-художественным мотивам /их несостоятельности/ была отклонена издательством и его книга очерков «По горным дрогам».**

**Категорически возражаю против издания «Долгих ночей» в предлагаемом автором варианте.**

**Редактор издательства**
**Иван Минтяк**
**28 августа 1980 г.»**

Мекарло йоцчу Минтяка ма-дарра охьаяздинера партин обкоман, органийн а дагахь дерг.

1980 шеран 23 октябрехь, издательствон директор Галаев Хьасанан кабинета чохь Абузар а волуш чувеанчу Минтяка и редзаключени цуьнга д1аелира. Юкъ-кара еша а ешна, цунна буха куьг яздайтира Абузара Минтяке. Директор волчуьра араваьлча Минтяк волчу кабинета чу вахара яздархо. Иза ша вара.

- Литература а, нохчийн халкъан истории а х1ун ю хьаьа хьуна? – оьг1азвахана Абузар собарх воьхнера. Дов генадолуш лаьттара.

- Ас сайн лаамехь ца яздина уьш... - к1айвелира Минтяк. - Соьга нуьцкъах яздайтира...

- Хьан?

- Дийца бакъо яц сан...

Цхьа к1ира даьлча Абузар издательстве веача Галаевс хаьттира цуьнга:

- Хьастаг1а ахь чу а веана, шега бага лейина бохуш, суна т1е а веана, воьлхуш ма вара Минтяк. Ахь х1ун аьллера цуьнга?

Галаев ша а вацара х1умма а ц1ена стаг.

- Ала деззарг аьллера.

- Цо арз дахь, хьан г1уллакх дика хир ма дац.

- Кхин х1ун галдалийта воллура хьо сан? Ахь дехьа и арз! Ерриг цхьа сексоташ ю шу!

Джусойти Нафис шозлаг1а язйина рецензи къайла а яьккхина, романна дуьхьал кхин рецензиш язъяйта г1ерташ бара издательствон куьйгалхой. Оцу хьокъехь Абузара кехат яздира НГ1АССР Министрийн Советахь йолчу издательствийн, полиграфийн, книгашца махлелоран г1уллакхашкахула урхаллин начальнике Шанин Владимир Федоровиче. Цо ша волчу д1акхайкхира Абузар а, издательствон коьрта редактор Айдаев Юша1 а.

- Профессорша Гриценкос, Джусойтис цхьамог1а меттигашна критика яр бен, романан лакхара мах хадийна, - элира Абузара - Киншки т1ехь шина баттахь болх бина, оцу шимма гайтина кхачамбацарш д1ададьхна ас. Издательствос шолг1а а ешийтина иза Джусойтига. Цо иза араяккха магийна.

- Гриценкос йина критика ахь тидаме ца эцна. Нийса аьлча, цо гайтинчу кхачамбацарех цхьа а д1а ца даьккхина ахь, - бохура Айдаевс. - Цундела издательство дуьхьал ю хьан роман х1инцалерчу хьолехь араяккха.

- Гриценкон критика нийса ма яцара. Иза ца кхета историн 1илманан а, исторически романан а башхаллех. Романан турпалхоша шайна хеттарг дуьйцу, ткъа историка Гриценкос, цара дуьйцург историхь нийса дац, ишта яздан ца деза олий критика йо. Цул сов, Гриценко исторически 1илманан доктор, профессор велахь а, иза а ма вац дерриг хууш а, хуучух нийса кхеташ а. Цуьнан г1алаташ ас яздина д1а ма гайтина шуна. Ткъа Джусойти вайн пачхьалкхехь, дозанал арахьа а г1араваьлла литературовед, кавказовед, яздархо а, ша кавказхо а ву. Цунна дика ма хаьа истори а, литература а х1ун ю. Цо шолг1а язйина рецензии къайла х1унда яьккхина аш?

- Тхо ца теша цо яздинчух. Цкъа-делахь, уггар коьрта, иза берриг махкахь г1араваьлла националист ву. Шолг1а-делахь, иза хьан герггара доттаг1 ву. И шен шолг1а рецензии хьан дехарца дика язйина цо.

Абузар оьг1азвахара.

- Цхьанна а вохкалуш, эцалуш воцчу оьздачу, ц1енчу стагана и «националист» боху ярлык коча уллуш хилар вайна хууш ду. Джусойти иштачу к1езигчу нахах цхьаъ ву кху Кавказехь. Иза вохка-

луш, эцалуш, т1араш тоьхначохь хелхаволуш велахьара, цунна орденш елла хир яра, лауреат а, социалистически къинхьегаман турпалхо а вина хир вара иза. Джусойти – хьекъале, оьзда, ц1ена ламаро, бакъонца халкъан к1ант, къонаха а ву. Цундела цунна орденш, титулш ца ло. Тхойшинна юккъехь доттаг1алла хилар а бакъ ду. Амма кхузахь кхин а ду цхьа бакъдерг. Джусойти-м сан доттаг1 бен вац. Иза сайн ваша хилча а, и ахь боху изхье дехар цуьнга ца дан и сайн роман ц1е тесна ягор яра ас. Ткъа ас ишта дехар шега дича, шена ца хетарг, бакъ доцург цо яздийр а дацара, яздича цуьнца долу сайн доттаг1алла ас д1а а хадор дара. Юша1, к1езиг белахь а, кху лаьмнашкахь къонахой болуш бу хьуна. И сан роман ахь а ма еллера Джусойтига, хьайна иза «националист», сан доттаг1 вуйла хуъушехь иза цуьнга х1унда еллера ахь?

Айдаев шек д1а а ца велира Абузара шега и къамел дича.

- Иза а, важа а т1аьхьа хиира суна.

- Т1аьхьа дац х1инца а. Хьайн леринарг ма кхоаделахь. Пусар дац хьан.

И къамел 1979 шеран б1аьстенан юьххьехь хилира цаьршиннан.

Оццу шарахь кхин цхьа беламе къамел хилира Абузаран а, КПСС обкоман пропагандин, агитацин отделан заведующин Тацитов Александр Ивановичан а. Обкоман хьалхарчу секретаран Власов Александр Владимировичан уггар тешаме стаг вара Тацитов. Идеологехула обкоман секретарь Бузуртанов Мохьмад Османович велахь а, идеологин болх Тацитовх тешийнера Власовс. Оьрсийн маттахь роман а ешна Абузар шена т1екхайкхира Тацитовс.

- Ас дукха лерина ешна хьан роман, - долийра цо. - Х1окху т1ехь, хьалхарчу аг1он т1ера д1аволавелла т1аьххьарчух чекхваллалц оьрсашна луьйш ву хьо. Уьш къиза хилла, цара нохчийнярташ ягийна, халкъ х1аллакдина, махках даьккхина бохуш, кхин, кхин яздо ахь. Къаьмнашна юккъехь барт бан, вежараллин доттаг1алла ч1аг1дан г1ерташ болх беш ю парти, ткъа хьан романа т1ехь ахь яздинарг нисса цунна дуьхьал ду. Х1ара киншка ешначу нохчочун даг чохь оьрсийн халкъе цатешам, цабезам кхоллалур бу.

- Романа т1ехь ас къиза гойтурш оьрсий, оьрсийн халкъ дац, ткъа оьрсийн инарлаш, чиновникаш а бу, - парг1ат дуьхьало йира Абузара. - Цул сов, ас къиза гойтурш цхьа оьрсийн инарлаш, чиновникаш хилла ца 1а. Иштта гайтина бу гуьржийн, эрмалойн, х1ирийн, кхечу къаьмнех болу паччахьан эскарехь г1уллакхдина, Нохчийчохь хиллачу т1емашкахь дакъалаьцна векалш а. Царна юкъахь бу нохчийн инарлаш, эпсарш а. Муьлххачу къомах, муьлххачу динехь уьш белахь а. диканаш дика а, къизанаш къиза а гайтина. Ас къаьмнаш, дин ца къестийна сайн романа т1ехь, исторехь ма хиллара яздина.

- Вайша-м кхетара ахь яздинчух. Мог1ара нохчо кхетар ма вац. Цунна дерриг оьрсийн халкъ иштта къиза хилла моьттур ма ду. Профессора Гриценкос хьуна 1аламат нийса хьехар делла. Хьалха хилла т1емаш, 1енийна ц1ий ма хьехаде, цо зуламе 1аткъам бийр бу таханлерчу къаьмнийн доттаг1аллина, оьрсийн-нохчийн юкъаметтигийн историн дика аг1онаш йийца бохуш…

- Диканиг а дийцина, цхьа а буха ца дуьтуш. Мелхо а ца хилларг а т1е а тухуш, хаздеш. Ткъа оьрсийн паччахьо, правительствос Нохчийчохь, нохчийн халкъана т1ехь латтийначу къизаллех, 1азапах б1олг1а дакъа а ца гайтина. Иза а ас д1адаьккхича, сан романа т1ехь цхьа хьаьрк а бакъдерг ца дуьсу, иза исторически роман хир яц, фальшивка хир ю. Ткъа сан иза дойла яц. Аьшпашна, харцонна, къизаллина т1ехь доттаг1алла а, гергарло а кхолладелла меттиг ца хаьа суна исторехь. Доттаг1ашна юкъахь къайле хила ца еза, царна хаа деза хьалха шайна юкъахь лелла диканиг, вониг. Диканиг лардан а, вониг кхин ца далийта а. Паччахьан заманахь а, Сталинан заманахь а нохчийн халкъ сийсаздеш, цунна т1е ца кхуллуш эладита ца дисина. Нохчий оьрсийн халкъана, Россина дуьхьал бара даима, уьш разбойникаш, адамашдаархой, фанатикаш бара бохуш, и харц эладитанаш царна т1е а кхоьллина, халкъ маххках даьккхира. И эладита даржийна х1окху пачхьалкхерчу дерриг къаьмнашна юкъа. Х1инца соьга исторически бакъдерг ма язде, иза къаьмнийн доттаг1аллина зуламе хир ду боху ахь!

- Иза кхин зама яра. Партис нисдина х1етахь дийлийтина г1алаташ. Стенна оьшу д1адахнарш кего?

- Г1алат аьшпаш буттуш ца нисдо, бакъдерг дуьйцуш нисдо!

Ша обкоме кхайкхича чу вахале Деле шена собар доьхура Абузара, ала ца деза дош олучух ша ларвелахь, олий. Амма цара х1ара тайпа провокациш а йой карзахвоккхура. Иза царна луург ма дара.

- Х1ан, кхин дуьйцур вайша, - бахбелла къовсам сацийра Тацитовс, - Роман чекхйолучохь цхьа меттиг ю, ахь тидаме эца суна лаьаш. Турцера ц1а бог1у нохчий Россин дозане кхаьчча, туркоша царна т1е яккхий тоьпаш тоьхча, Аьрзуна лен чов хуьлу. Иза вала воллуш цунна гонах хьийзаш бу туркой, курдой, гуьржий, эрмалой а. Амма оьрси вац.

- Вац.

- Х1унда вац?

- Цигахь оьрси ца хилла дела.

- Ой, хьо художник ма ву, Абузар, хьан бакъо ма ю хьайггара сурт кхолла. Аьрзу лечу хенахь, цунна улло лахвелла, цуьнан корта д1алаьцна воллуш цхьа оьрси гайта ца мегара ахь?

- Ца мегара.

- Х1унда?

- Цигахь оьрси ца хилла дела. Хиллачохь гайтина ас. Диканаш, вонаш а.

Тацитовс цхьа лорт1ахь доцург олуш, Абузар цунах воьлуш, эххар а барт ийг1ира цаьршиннан. Иза шолг1а тасадалар дара Абузаран оцу кхерамечу, стешхачу дуьхьалончица. Иза т1аьххьара а дацара. Д1а мел доладелларг Абузар оьшуш а доьрзура. Амма иза цкъа а къарвелла вуха а ца волура...

* * *

Оццу хенахь «шолг1а фронт» а яра яздархочунна дуьхьал жигара болх беш.

1979 шеран юьххьехь Абузара издательстве д1аелира трилогин шолг1а киншка – «Лаьмнашкахь ткъес». Хьалхарниг киншка

арайолуш шаьш далийтина г1алат юха ца далийта г1ерташ, оцу шолг1ачунна т1ехь сема тергам латтабора обкомо а, КГБ органаша а. Доцца аьлча, цунна дуьне гайта ойла яцара церан. «Еха буьйсанаш» оьрсийн маттахь араяларан а, «Лаьмнашкахь ткъес» нохчийн маттахь араяларан а кхоллам цхьаьна бозабелла бара. Хьалхарчунна т1е кхоьллина харц эладитанаш т1е а лаьцна, къарвелла Абузар сецча, «Лаьмнашкахь ткъес» араяларе догдохийла гуттаренна а д1айолура. Цундела и ший а книга к1елхьараяккха г1ерташ, хаддаза къийсам латтабора яздархочо оцу шерашкахь.

Абузаран романашна редактор оьшура, кхин т1ех ца хаахь а, цунна хуъучул истори а, литература а хууш, лаккхара редакторски корматалла а йолуш, авторан г1алаташ а, кхачамбацарш а гур долуш. Боккъал аьлча, ишта редактор издательствехь вацара. Ишта хьал товш дара яздархочун романаш арайовла ца луучарна. Цигахь болчу редакторех г1оли вара Саракаев Хьамзат, Осмаев Асламбек а.

Издательствон куьйгалле Абузара дехар дира оцу шиннах цхьаъ «Лаьмнашкахь ткъес» романан редактор х1оттор. Амма и дехар кхочуш а ца деш, цуьнан бертаза цара редактор ч1аг1вира Эдилов Хасмохьмад. Иза дика поэт вара, амма романна цо язйина редзаключени ешча гора цуьнан исторически хаарш юккъерчу ишколан ворх1алг1ачу классе хьаладевлла цахилар.

**ЭДИЛОВ Х. «В романе нет единого центрального сюжета... Они, действия, происходят во всей Чечне, вплоть до Кезеной-Ам. Здесь нет единого фронта борьбы, а происходят временные стычки во всех селах, на всех перевалах и горных реках. В большинстве своем это неизвестные села, перевалы, ущелья. Может быть, у них была известность в прошлом веке, но сейчас этих названий не встречается... Руководитель восставших чеченцев Алибек-Хаджи Алданов... ни военным знанием тактики и стратегии, ни опытом руководства народной массой, ни командованием армиями не наделен автором... Что за партизаны, состоящие из куринцев, казаков и осетинцев, ловили скрывающихся в лесах жителей? Партизан я знаю как**

народных мстителей и защитников, а завоевателей партизанами называть не могу... В числе руководителей так называемых автором партизанских отрядов числится Кутузов. Впереди он назван Голонищем-Кутузовым, имени главнокомандующего русскими войсками в Отечественной войне против французского нашествия в 1812 г. А в 1877 г. этот Кутузов не был живым, не принимал/и не принимал бы/ участия в завоевательной войне на Кавказе.

...По призыву Уммы в Чеберла прибыли тиндоевцы, чамалалцы, дидоевцы. Ни одной из этих трех наций я не знаю и не слышал их упоминаний в печати, ни в разговоре... От начала до конца автор упоминает милицию, как карательный отряд. При царской России функции карательных органов исполняла полиция. Я не могу понять, откуда в романе взяты милиция и милиционеры во второй половине Х1Х века?

...Рукопись не готова, как художественное произведение, из-за непостроения его на сюжетно-композиционной основе, которую должен иметь роман... Грамматическо-стилистическая неряшливость доводят рукопись до непонятного абсурда. Ввиду этих недостатков невозможно включить рукопись в план издания без коренной переработки и доработки. Сам автор не знает литературного чеченского языка. Для исправления рукописи по языку автору нужна будет помощь от знающего этот язык...

Редактор Х.Эдилов.
15 июня 1979 г.»

Юккъерчу ишколан ворх1алг1ачу классан учебника т1ехь яздина ду, ахархойн г1овттамийн юкъара центр а, куьйгалла а ца хуьлу, г1овттамхошна юкъахь з1е ца хуьлу, цхьанхьа г1евттинарш хьаьшча, кхечахьарнаш г1овтту, г1овттамийн коьртехь берш бодане, б1аьрзе ахархой хуьлу, ткъа царна дуьхьал летарш шайн коьртехь т1еман 1илма, хаарш, зеделларг долу инарлаш, эпсарш болуш, герзаца кечделла регулярни эскарш хуьлу, цундела ахархойн г1овттамаш цкъа а уьш тоьлаш чекх ца бовлу, бохуш. Иза а ца хаьара Абузаран

редакторна. Дег1астан, Нохчийчоьнан дозанца дехаш суьйлийн къомах тиндойн, чамалойн, дидойн тукхамаш дуйла а ца хаьара. М.И.Кутузовн фамили йолуш кхин оьрсий хила ца беза а моьттура. Кхин х1умма а ца хилча, Л.Толстойн «Хьаьжамурд» повесть ешначунна хаа ма дезара Х1Х б1ешарахь Кавказехь 1едало меттигерчу бахархойх вовшахтоьхна «милици» хиллийла.

Эдиловн редзаключени Абузара шега ешийтича, юьхь1аьржа х1оьттира Айдаев Юша1. Издательствона оьшург ишта беламе чулацам болу редзаключени ма яцара. Эдиловн редзаключени жимма а лорт1ахь хиллехь, цунна т1е а доьг1на, роман т1елоцур яцара издательствос, амма х1инца иза дан бух бацара церан. Романан нийса мах хадо хуур долчу говзанчашка рецензии ян ялар т1едожийра Абузара издательствона. Иза елира филологически 1илманан кандидате Вагапов Якъубе, яздархойн союзе а. Яздархойн союзо рецензина елира иза филологически 1илманан кандидате Туркаев Хьасане а, яздархочуьнга Шайхиев 1алвадига а.

Уьш кхоъ Абузарна мегаш вара. Якъуб хьекъале, оьзда, доьналле стаг а, к1орггера хаарш долуш 1илманча а вара. Хьасан цуьнан доттаг1 вара. Ткъа 1алвади Абузар волчу ишколехь дешна а, хьекъале, доьналла долуш жимстаг а, дика поэт а вара. Абузарна хала даьхкинчу оцу шерашкахь даима цунна тешаме хилла, ала дезачохь майра дош олуш чекх а велира 1алвади. Оцу кхааммо а цхьа ладам боццу критика яр бен лакхара мах хадийнера романан. Шина рецензенто магийча, произведени араяккха бакъо а, декхар а дара издательствон. Х1инца уьш кхоъ яра. Амма и магош кхойтта рецензи хилча а, роман араяккха ойла яцара издательствон. Иштта бара партин обкоман лаам. Цундела Туркаевн, Шайхиевн рецензеш шайга схьакхачаре а ца хьуьйсуш, сихха Абузаре кехат даийтира издательствос:

**«Чечено-Ингушское книжное издательство. 24 сентября 1979 г.№354. Чечено-Ингушская АССР, Ножай-Юртовский район, с.Мескеты.**

**тов. Айдамирову А.**

Уважаемый Абузар Абдулхакимович!

В издательстве внимательно изучили предложенный Вами перевод на русский язык первой части романа «Долгие ночи» и вторую часть на чеченском языке. Перевод рецензировался доктором филологических наук Н.Джусойты, доктором исторических наук, профессором Н.П.Гриценко, кандидатом исторических наук Р.Г.Маршаевым, которые, в целом одобряя роман, сделали ряд серьезных замечаний, касающихся идейной и художественной сторон его, а также качества перевода.

Кроме того, в связи с выявлением учеными новых документов, существенно меняющих устоявшуюся концепцию о насильственном присоединении Чечено-Ингушетии к России в 1859 г., и решениями 111 пленума Чечено-Ингушского обкома КПСС, издательство дало рукопись на рецензию литератору тов.Поваляеву Ю.С. Редакторское заключение по рукописи тов.Яблоковой Г.И. у Вас уже имеется.

Издательство отрецензировало также 2-ю часть романа «Долгие ночи» /на чеченском языке/.

Как видно из рецензий товарищей Поваляева Ю.С. и Вагапова Я.С. и редакторских заключений т.т. Яблоковой Г.И. и Эдилова Х.Э., обе части романа «Долгие ночи» требуют серьезной дополнительной работы автора и переводчика.

Издательство разделяет это мнение.

Высылаем рукописи романа, рецензии Ю.С.Поваляева, Я.С.Вагапова и заключение ведущего редактора редакции художественной литературы, члена Союза писателей СССР Х.Э.Эдилова.

С уважением<br>
Главный редактор Чечено-Ингушского<br>
Книжного издательства<br>
Ю.А.Айдаев»

Трилогин хьалхарчу киншкин йоллу «Еха буьйсанаш» ц1е тиллинера Абузара юьхьанца шолг1ачу романна а. «Лаьмнашкахь ткъес» ц1е т1аьхьа тиллира. Цундела кхузахь «Еха буьйсанийн» шолг1а дакъа олуш ерг «Лаьмнашкахь ткъес» ю.

Н.Г.Джусойтис, Н.П.Гриценкос, Р.Г.Маршаевс хьалхарчу киншки т1ехь а, Я.С.Вагаповс шолг1ачу киншки т1ехь а гайтина шайна хетта кхачамбацарш авторо д1адахаре а ца хьоьжуш, издательствос сихо йира и ший а киншка Абузаре юхаерзо.

Шайхиевн, Туркаевн рецензиш т1аьхьа кхечира издательстве: Шайхиевниг – 1979 шеран 28 октябрехь, Туркаевниг – 1979 шеран 26 ноябрехь. Оцу шимма х1ун олу хьажа ладог1а а ца лира издательствон куьйгаллина.

Издательствос лелийнарг нийса цахиларна тоьшаллаш а далош, Галаев Хьасане кехат яздира Абузара. Амма издательствон куьйгалла шайн сацамна т1ера духа ца долура.

Цхьа бутт баьлча оцу кехатна дуьхьал деха яздина жоп деара цуьнга:

**«Чечено-Ингушское книжное издательство. 22 октября 1979 г.№370.**

**Чечено-Ингушская АССР,**
**Ножай-Юртовский район, с.Мескеты**
**тов. Айдамирову А.А.**

**Уважаемый Абузар Абдулхакимович!**

**Считаем, что Ваше письмо от 25 сентября 1979 г. на имя директора Чечено-Ингушского книжного издательства построено на неправомерных претензиях к издательству. Обвинения в том, что издательство недостаточно внимательно подошло к 1 части романа «Долгие ночи» /перевод М.Албогачиева/, не имеют каких-либо оснований. Как отмечалось литературной критикой, на чеченском языке книга была из-**

дана спешно, без достаточной работы автора и издательства. Единственно наше желание при издании на русском языке не допустить этих ошибок, прежде всего идейного характера. Мы неоднократно в беседах с Вами в связи с Вашими заявлениями говорили об этом. Ваш роман посвящен т.н. Кавказской войне и как следствие ее – переселению горцев в Турцию. Тема очень сложная, исключает спешки, требует серьезного отношения автора, переводчика и издательства, особенно в связи с наметившейся после выявления новых исторических документов тенденции пересмотра некоторых научных концепций, прежде всего концепции о насильственном присоединении Чечено-Ингушетии к России. Об этом были изданы научные исследания, об этом говорилось на III пленуме Чечено-Ингушского обкома КПСС, большое внимание данному вопросу уделила недавно прошедшая в Грозном /2-3 октября 1979 г./ Всероссийская научная конференция «Прогрессивная роль России в исторических судьбах народов Северного Кавказа» / отчет см. в республиканских газетах/. Замечания такого порядка были высказаны и рецензентами книги. И в этом их мнение совпадает с мнением издательства. Кроме того, нас не устраивает на данной стадии и качество перевода. К сожалению, Вы до сих пор не устранили вместе с переводчиком недостатки, а ссылаетесь лишь на плохой перевод и просите найти другого переводчика, хотя т.М.Албогачиева в качестве переводчика издательству предложили именно Вы.

О серьезности и внимательности нашего отношения к роману свидетельствует и тот факт, что издательством только на рецензирование I части романа затрачено 652 рубля. Мы давали ее на рецензию тем людям, о которых Вы просили. При всей доброжелательности и объективности старшего редактора издательства т.Яблоковой Г.И. к вашему роману, Вы отказались от ее редакторства и настойчиво обвиняете ее в предвзятости. Такие необоснованные претензии не спо-

собствуют нормальному ходу дела. Но тем не менее, мы с Вашего согласия / в нарушение устоявшейся этики/ и по Вашему желанию обратились с просьбой быть редактором рукописи к московскому писателю Ахмету Мальсагову, на что он дал согласие. Но и он, ознакомившись с рукописью, отказался редактировать ее по двум причинам: во-первых, роман требует «тщательной, бережной редактуры стиля и некоторых граней содержания, композиции, устранения длиннот и повторов», а перевод во многом «сделан на уровне подстрочника», во-вторых, Вы сами начали писать ему письма с требованием начать немедленно работу, на что т.Мальсагов ответил отказом.

Над рукописью, как видно, нужна серьезная и кропотливая работа автора, переводчика и в свое время редактора.

По поводу II части романа, которую вы представили в издательство в июле месяце с.г. на чеченском языке, можно сказать следующее. И она, как свидетельствует рецензия и редакторское заключение , требует серьезной работы автора. Но вы выразили недоверие к редактору издательства т. Эдилову Х.Э., считая его необъективным, некомпетентным. Договор на издание этой части , о котором Вы просите издательство, может быть заключен после исправления Вами замечаний редактора и рецензента и одобрения рукописи издательством.

У руководства издательства нет основания сомневаться в объективности и компенетности редактора тт.Яблоковой Г.И. и Эдилова Х.Э. Оба они опытные, квалифицированные работники, члены КПСС, а последний к тому же и известный в республике писатель.

Вы просите, чтобы, если ни одна из этих двух частей романа не будет издана в 1980 году, включить в план переиздание Ваших повестей и рассказов и заключить с Вами договор. При настоящем состоянии рукописей III частей романа «Долгие ночи» уверенности в возможности издания их в 1980 году нет; что же касается переиздания повестей и рассказов,

**этот вопрос будет рассмотрен при представлении Вами авторской заявки с конкретными произведениями и мотивировкой целесообразности их переиздания.**

**С уважением**
**Главный редактор Чечено-Ингушского**
**Книжного издательства**
**Ю.А.Айдаев.»**

* * *

Айдаевс нийса ца яздинера оцу юккъехь хилларг, лелларг.

«Еха буьйсанаш» романна цхьамма, цхьаннахьа а цхьа дош аьлла а официале критика ца йинера иза ша воцчо. Юша1а шен шина статья т1ехь лакхара мах хадош хастийнера и роман, т1аккха т1аьххье иза исбаьхьаллин аг1ор кхачамбацарш долуш ю аьлла масех мог1а а язбинера /Ю.Айдаев. От эпических песен до эпопеи. Грозный,1975 г.,стр.87/. Кхин цхьамма а вуон цхьа дош ца аьллера оцу романах.

Албогачиев Мусана ша реза вац, цуьнан метта кхин переводчик лаха а ца аьллера Абузара. Иза авторна шена карийнера,т1е, цо йинчу переводана иза реза а вара.

Юша1а юьйцу рецензенташна йина 652 сом харж Абузаран дуьхьа йина яцара. Н.П.Гриценкос, Н.Г.Джусойтис роман магош язйинчу рецензишна реза а ца хилла, иза ца магош язъяйта Ю.С.Поваляевга еллера цара. Абузара ша муха доьхур дара роман Ю.Поваляевга, В.Чалмаевга, Г.Бровмане, кхечарга а рецензина ло аьлла?

Мальсагов Ахьмадца дерг а харцахьа даьккхина дуьйцура Юша1а. Н.Джусойтис аьллачунна т1е а доьг1на, Абузара Юша1е аьллера, роман редактировать ян шун компетентни редактор вац, арахьара редактор лахахьара аьлла. Ахьмад шена дага а веана, Юша1а цуьнца барт бира, телефонехула къамел а дина. Цаьршиннан къамел хуьлуш Абузар а вара Юша1 волчохь. Издательствос роман цуьнга д1аяхьийтале Абузара Ахьмаде кехат яздира издательствон а, шен а юкъаметтигех а, шен позиций а лаьцна.

Издательствос бохург а дина цуьнга роман ца йохаяйта. Цо яздинчух коьртаниг х1ара дара:

**«Уважаемый Ахьмад, ассалум 1алайкум!... У каждого писателя свой стиль, свои жизненные позиции, которые он воплощает в своих произведениях. Когда переводчик или редактор по своему кроет и кромсает произведения автора, тогда оно, вернее – автор, теряет свое собственное лицо. Этого мне не хочется, на это я не пойду. Я хочу, чтобы книга вышла такой, как я написал, без посторонних операций и прививок. Если редактор мне предложит лучший вариант, пожалуйста, я приму, да еще с благодарностью. Лишь бы критика была объективной, принципиальной, доброжелательной. Есть в книге моменты, от которых хотят освободиться. Вы узнаете о них, прочитав рецензии, особенно рецензию т.Гриценко Н.П. На это я не пойду. Идейно я стою на марксистско-ленинских позициях, факты, положенные в основу романа, исторически достоверны... Мои идейные позиция, стиль должны сохраняться неукоснительно. Я думаю, что обязанность редактора – отредактировать художественный язык /язык переводчика/, а все остальное я беру на себя, с этим я справлюсь...**

**Абузар Айдамиров,**
**15 мая 1979 г.»**

Оцу кехатна т1аьххье издательствос роман, рецензиш, редзаключени д1аяхьийтира Мальсаговга. Издательствос цунна т1едиллинера Гриценкон рецензица а, Яблокован редзаключеница а нисъеш, роман редактировать ян еза аьлла.

Ткъа Абузара шен кехата т1ехь сацам боллуш цуьнга д1ахьединера иза дича мегар дац аьлла. 1979 шеран 7 июнехь яздина Ахьмадера кехат кхечира Абузаре. Цо бохура, ша издательствоца договор а долуш редактор хилча, ша цара бохург дан деза, ца дича и роман цара арайоккхур яц, шена «сизифов труд» ца оьшу.

Гриценкос, Яблоковас аьлла цхьадерш шена нийса хетта. Амма автор уьш нисдан реза ца хилча, шена романна т1ехь болх балур бац. Ерриг схьалаьцча, романна реза вара иза:

**«...Кто бы ни был у Вас редактором, он обязан исходить из того, что в романе есть. Самое лучшее там – это Абузар со своей довольно-таки индивидуальной интонацией, распознаваемым языком, который надо трогать очень бережно / Муса подал пример такой бережности, уменья сохранить температуру стиля/. Но трогать надо, а там, где не язык Абузара – там надо пахать. Да и вообще после должного идейно-художественного обмолота легким редакторским цепом/чтобы не раздавить полновесные зерна/ способен стать интересным романом: работа проделана автором героическая, это работа человека, имеющего писательское достоинство и почти везде – объективный честный взгляд. Забыл сказать, что у Вас уйма повторов – их надо в ряде мест просто рубить, и будет большой выигрыш динамизма, доказательности. Но это, пожалуй, один из немногих случаев, когда рубить текст надо. Важнее – сберечь сад этой книги. Тут Вы правы, когда настроены воевать за каждое деревце/при умении сложить оружие, когда крыть нечем.../.**

**Рукопись Вам выслать? Сделаю незамедлительно. С этим письмом хорошо бы познакомить Юшу. Может, пошлю ему копию.**

**Жму руку, дорогой.**

**Ахмет Мальсагов.»**

Олуш ма хиллара, «шина юккъехь» висинчу хьекъалечу Ахьмадна кхераме доцу гечо карийра: цо и болх шена т1е ца лецира.

Оцу шерашкахь материальни хьелаш 1аламат ледара дара Абузаран. Цундела, 1980 шеран издательствон планехь йолу «Еха буьйсанаш» арайоккхуьйла ца нислахь, цуьнан барамехь 30 п.л.

шен хьалха араевлла произведенеш шозлаг1а араяхахьара аьлла, кехат яздира цо издательстве. Оцу хьокъехь къамел хилча, Айдаевс 10 п.л. лур ду шаьш элира. Цара яздархочуьнга кховдийнарг мецачу ж1аьлена кхуссу даь1ахк яра. Царна дика хаьара цуьнан материальни хьелаш. Цундела церан 1алашо яра цхьана аг1ор шен амале ваьллачу яздархочун къамкъарг материально 1аьвдина, шаьш бохучунна т1еверзо, гора вожо, вукху аг1ор – шайга дехарш дойтуш хьийзо. Иза ца дан мацалла вала реза вара Абузар. Цо т1е ца лецира и 10 п.л..

Т1аьхьа партин обкомо ша дехарш дира цуьнга, «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» араяккхар ма хьехадахьара, шаьш хьалха араевлла ерриг хьан произведенеш нохчийн, оьрсийн меттанашкахь арайохур яра, бохуш. Церан дехар т1е ца дитира Абузара. Я «Лаьмнашкахь ткъес» араяккха, ца яккхахь х1окху республикехь цхьа мог1а а шен произведенех зорба тохуьйтур бац аьлла, дуьхьалвелира.

Хала-м дера бара Абузара схьалаьцна некъ. Цунна хилла ца 1аш, цуьнан доьзална а. Амма д1аг1ортийна ког бухабоккхийла дацара. Баькхича, охьавужур вара, кхин цкъа а хьалаг1оттур воцуш.

Т1акхха довр дара халкъан дуьхьа бохуш дуккха а шерашкахь дийнахь-буса а синтем боцуш хьегна къа…

Роман къобалъеш Туркаев Хьасанан а, Шайхиев 1алвадин а рецензиш каракхаьчча, издательствоца т1ом карлабаькхира Абузара.

«Лаьмнашкахь ткъес» ца магийнарг веккъа цхьа Эдилов Хасмохьмад вара. Цо иза ца магош далийна тоьшаллаш мел беламе ду а гуш дара. Х1етте а цуьнан редзаключенина т1е а доьг1на, роман ара ца йоккху шаьш аьлла, кехат даийтира издательствос.

Туркаевн, Шайхиевн рецензеш схьакхаьчча боьхна хьаьвзира издательствон куьйгалхой. Роман ца магочу цхьанна дуьхьал иза магош кхоъ рецензи яра. Х1инца оцу кхаанна дуьхьал роман ца магош лаххара а шиъ рецензи оьшура царна. Хьекъале, оьзда, компетентни болчу наха уьш язъйийр яцара. Х1унда аьлча, хал-

къа юкъахь Абузаран боккха сий-ларам бара. Къайлах обкоме, органашка меттанаш кхоьхьурш а ца баьхьара зорбанехь цуьнан произведенешна критика ян. Абузарах ца кхоьрура уьш, наха шайна не1алт аларна кхоьрура. Цул сов, республикехь дуьххьара «Халкъан яздархо» аьлла ц1е тиллинчу веаннах цхьаъ а вара Айдамиров.

Амма массо заманахь, массо а халкъашна юкъахь карабо шайн ц1оканаш ларъелчхьана, изхь-бехк а, яхь-юьхь а х1ун ю ца хууш, Делах, нехан не1алтах ца кхоьруш, бохкалуш, эцалуш а болу цхьа шатайпа нах.

Издательствос роман рецензина елира нохчийн, г1алг1айн халкъаш «шайн лаамехь Россих д1акхетаран» концепцин коьртачу фальсификаторех цхьаъ волчу Умаров Сираждига а, издательствон лакхарчу редакторе Лепиев 1айндига а, радиокомитетан лакхарчу редакторе Ахмадов 1умаре а.

Умаровс, Лепиевс, Ахмадовс доггах кхочушдира издательствон куьйгаллехула лакхара охьа шайна т1едехкина декхарш. Оьрсийн маттахь «Еха буьйсанаш» нажжаз йинчу В.Федоровн, В.Чалмаевн, Г.Бровманан, Ю.Поваляевн, И.Минтякан а оцу кхааннан а хат1 цхьаъ дара. Хин ши т1адам санна, цхьаьнадог1уш, цхьатера. Тексташна юкъара цхьацца предложенеш хьалха а, т1аьхьа а яздинчех хедош схьа а йохуш, церан идейни маь1на Абузарна дуьхьал, 1едална товчу аг1ор а хьийзош. Мог1анашна юккъехь цхьацца интервал а юьтуш, машинкица зорба тоьхна церан рецензиш Умаровн – 15, Лепиевн – 11, Ахмадовн – 13 аг1онашна т1ехь яра. Роман язъеш авторо дуккха а къахьегна олий, шина-кхаа дашца иза хаста а вой, т1аккха инсинуациш охьаязйора цара.

**УМАРОВ С.Ц. «…Подлинно научные исследования по истории Чечни XIX в. пока не существуют, следовательно перед А.Айдамировым /автором романа «Долгие ночи»/ стояла сверхтрудная задача – самому подняться на такую высоту познаний, с которой можно было бы обозреть исторические горизонты не только прошлого, но и будущего… По убежде-**

нию пишущего эти строки, А.Айдамирову пока не удалось достичь этого, хотя работа проделана большая... Роман представляет собой весьма схематичное, очень растянутое и вольное изложение хроники военных событий в Чечне 70-х годов XIX века. Констатирующая мысль романа, базирующаяся на вольной, упрошенной и поверхностной интерпретации многочисленных исторических фактов и вымышленных образов-схем, являясь суррогатом концептуальности, отличается тенденциозностью.

... Все те, кто не поддерживает имама, объявляются «шакалами», «ничтожествами», «предателями», «лакеями», «собаками» и т.д... В «облике их нет ничего человеческого. Они бы могли сожрать саваны со своих покойных отцов». Это «офицеры, муллы и торговцы» /смысловой перевод мой/... «Нет, эти дворовые псы знают, что народ на правильном пути. Но для них ближе и дороже их собственные шкуры, чем судьба народа».

...Во-первых, восставшие составляли наиболее темное меньшинство чеченского населения. Подавляющее большинство /составляющее наиболее экономически развитые районы Чечни/ открыто выступило против восставших, не поддержало восстание. Так почему же это большинство сводить к нескольким семьям чеченских офицеров? На каком основании автор называет восставшие группы чеченцев «чеченским народом», а выступившее против восстания большинство народа «дворовыми псами»?.. Почему они не могли заранее предвидеть неминуемое поражение восстания и поэтому отказаться от его поддержки? К тому же еще свежая память об имамате Шамиля не могла вдохновлять чеченцев на новое восстание и не вдохновляла... Описываемый автором романа период 70-х годов XIX века вселял большие надежды в сердца первых просветителей из чеченцев и ингушей. Надежды эти связывались не с имамами и мюридами, а с Россией. Россия, по словам, например, Чаха Ахриева, «должна была помочь Чечне и Ингушетии поднять экономи-

ку»…Вайнахские просветители чаще всего писали «о русской гражданственности», о благотворном влиянии на горцев «смягчающего, цивилизирующего русского элемента»… И, естественно, просвещенные представители вайнахов того периода вместе с большинством местного населения не поддерживали идею о восстании…

А достаточно подчеркнутая исключительность чеченцев и всех их высоких достоинств /кроме горячности/ провозглашается во всех, почти, разделах романа…

Главная истина состоит в том, что ни в 30-е, ни в 40-50-е, ни в 60-70-е годы XIX века в чеченском обществе не было социальной базы для другого типа политического движения/направленного против официальной власти/, кроме как патриархально-крестьянской ереси – реакции против возрождения классовых отношений, вызванной силой сопротивления разрушающихся устоев патриархальщины. До сознания своих национальных интересов, осознания высоких идей и целей национально-освободительной борьбы чеченский народ тогда еще не поднялся.

… Возвращаясь к оценке мюридистского движения, замечу, что в конкретном процессе образования и гибели /т.е. в факте образования и последовавшей гибели/имамата я нахожу и определенный положительный исторический опыт… Я не сомневаюсь в том, что этот опыт оказал на горцев довольно сильное отрезвляющее воздействие. Выработав немалые навыки ведения борьбы против местной царской администрации, горцы, однако, не поддавались более так безрассудно на провокации шейхов и их мюридов…

… Единственно правильный путь к глубокому объективному и разносторонне-полному пониманию сути исторического развития Чечни, также как и других районов края, лежит через искреннее сознание того факта, что весь Северный Кавказ по крайней мере со второй половины XVIII века развивался как органическая часть великой многонациональной России… формирование чеченской народности шло па-

раллельно с процессом вхождения Чечни в состав России, прямо зависело от этого процесса как его результат, так плоды его. Я делаю особый акцент на этом вопросе преднамеренно. А именно потому, что в рецензируемом романе автор не смог показать Чечню как органическую часть России, то есть не смог передать свое икреннее убеждение в том, что историческая судьба чеченцев прочными живыми связями навечно соединена с судьбой России, с судьбой трудового русского народа…как, например, С.Арсанов в своем романе «Когда познается дружба»…

… В заключение следует сказать, что автор в течение многих лет с завидным упорством собрал, систематизировал, подробно описал очень большой разнообразный материал. Но он нуждается в глубоком и разностороннем анализе, строгом отборе, художественно-философском и историко-теоретическом обобщении…

Кандидат исторических наук
С.Ц.Умаров.
27 августа 1980 г.»

ЛЕПИЕВ.А. «…На рукопись второй книги А.Айдамирова имеются две развернутые рецензии кандидатов филологических наук Я.Вагапова и Х.Туркаева, а также материалы обсуждения книги на заседании Чечено-Ингушской организации Союза писателей от 16 апреля 1980 года… Обсуждение рукописи второй книги А.Айдамирова на заседании СП проводилось после доработки и устранения автором указанных рецензентами недостатков… однако автор не счел нужным учесть большинство замечаний рецензентов… Вместо этого автор в процессе доработки увеличил объем рукописи на 2 п.л., что не привело к улучшению качества. Несмотря на это, заседанием Союза писателей принимается решение рекомендовать Чечено-Ингушскому книжному издательству ру-

копись второй книги А.Айдамирова «Долгие ночи» /первоначально так называлась и вторая книга трилогии – М.А./ к изданию. На наш взгляд, данное решение не явилось результатом тщательного и вдумчивого ознакомления писателей с состоянием рукописи в идейном и художественном отношениях…

… В рукописи есть персонаж Абросимов и он же выступает автором записок Абросимова… Для чего в рукопись введены «Записки Абросимова», довольно трудно понять…его суждения о характере, быте, общественном строе, психологии, обычаях и традициях чеченцев для своего времени имели положительное значение, так как в какой-то степени реабелитировали поруганное достоинство чеченцев в официальной прессе царской России, а сейчас ворошить все это да с такими подробностями, кажется, нет надобности, потому что, независимо от желания автора, мысли, содержащиеся в записках Абросимова, могут подогревать националистические чувства у чеченского читателя…

Чтобы правильно определить тенденцию исторического развития того или иного народа в художественном произведении, автор не только должен владеть марксистско-ленинской методологией, но и обладать историческим чутьем, чувством меры в показе различных сторон и явлений в общественной жизни. Этих качеств, к сожалению, в должной мере не хватило А.Айдамирову при написании первых двух книг трилогии «Долгие ночи»…

Попробуем встать на точку зрения читателя – механизатора, хлебороба, врача, учителя и т.д. и представить, какие мысли появятся у него после чтения второй книги романа, какое воздействие она окажет на формирование его чувств и мировоззрения, какие ответы он найдет в данном историческом романе на такие вопросы: «Какую роль сыграла царская Россия в исторической судьбе чеченского народа, какое значение имело вхождение Чечни и Ингушетии в состав России… В целом после чтения рукописи второй книги на-

прашивается такой вывод: вхождение Чечни в состав России и установление господства царизма имели не прогрессивное значение, а, наоборот, принесли с собой неисчислимые бедствия и страдания для чеченского народа, т.е. здесь явно затушевывается объективно прогрессивное значение вхождения Чечни в состав Российского государства, которое избавило ее от посягательств бесчисленных завоевателей извне и создало благоприятные условия для относительно мирного развития, несмотря на жестокий национальный и социальный гнет...

В рукописи большой акцент сделан на стороне противоборства, чем на стороне единства судеб чеченского народа с судьбами великого русского народа...чрезмерно большое внимание автор уделил изображению в романе теневых сторон, показу жестокостей царской военной администрации на Кавказе... описывает сцены подавления восстания, насаждая одну жестокость на другую. Здесь автор доходит вплоть до натурализма. Нет смысла спорить относительно того, имели место эти жестокости или нет, но резонно поставить вопрос: «Целесообразно ли с точки зрения интернационального воспитания так подробно описывать эти жестокости, которые могут воскресить в памяти читателя прошлые обиды и издевательства.

Автор и некоторые писатели, давшие отзывы на рукопись, считают правомерным показ этих жестокостей, мол, это способствует антинародной сущности царизма. Эту задачу, на наш взгляд, можно решить и не нагромождая жестокости, что всегда ведет к однобокому показу действительности и искажению исторической правды. Приведем несколько примеров по поводу сказанного.

... Навряд ли у читателя, прочитавшего обо всех этих жестокостях, возникнет мысль о прогрессивной роли России в исторических судьбах народов Кавказа, в том числе и чеченцев... Нам кажется, что автор романа «Долгие ночи» в решении проблемы объективно прогрессивной роли России в

судьбах чеченского народа не на правильном пути. Надо бы в романе больше места уделить раскрытию развивавшихся и укреплявшихся экономических, социально-политических, дружественных связей чеченцев с русскими и другими народами, проживающими на Кавказе…

…Народы нашей страны живут в дружбе и братстве и поэтому нежелательны в художественном произведении нелестные отзывы и высказывания о других народах или какие-то сравнительные характеристики, которые имеют место в рукописи А.Айдамирова, например…/рецензент приводит ряд издерганных из текста диалогов героев романа. – М.А./…Нет надобности объяснять автору, что подобные высказывания снижают воспитательное значение книги, что они только могут повредить делу интернационального воспитания читателя… А.Айдамиров при написании второй книги не учел замечания, сделанные рецензентами первой книги в связи с ее переводом на русский язык… Слабые стороны первой книги – неконкретно-исторический взгляд на явления общественной жизни чеченцев, националистические высказывания по отношению некоторых соседних народов и т.д. оказались не только не изжитыми во второй книге, а, наоборот, усиленными…

…Незакономерно и нехарактерно крестьянским восстаниям быть свободными от религиозной формы. При этом ход восстания воочию показал, что массы были в плену религиозного дурмана… Поведение руководителей восстания смахивает на авантюризм. У них нет никакой уверенности в победе /прошлый опыт учил их этому/, но тем не менее толкают народ на такую авантюру, которая обернулась для него бедствием.

…В основу произведения положен не чеченский литературный язык, а ножай-юртовско-веденский или нохчмахкинский говор…Абсурдно было бы говорить, что народный писатель Чечено-Ингушетии А.Айдамиров не занает чеченского литературного языка. Помимо всего прочего, он десятки лет работает в школе директором и языком должен владеть

во всех отношениях. Если все это верно, то остается непонятным, почему автор, несмотря на неоднократные замечания рецензентов, упорно навязывает читателю вместо чеченского литературного языка ножай-юртовско-веденский говор? Не связано ли это с определенной тенденцией автора, а именно: стремлением показать Нохчмохк /букв. Чеченская страна – в XIX веке в литературе называлась Ичкерией, территория, занимаемая в наше время Ножай-Юртовским и Веденским районами/ центром Чечни…

Чечня и Ингушетия в это время все глубже втягивались в русло капиталистического развития. Объективно процесс этот носил прогрессивный характер. Но положительные герои, примыкающиеся к лагерю имама Алибека-Хаджи, воспринимают этот процесс как падение нравственности и всего лучшего, что имелось в народе. На протяжении всей рукописи автор не упускает случая, чтобы не подчеркнуть нравственное падение, убожество представителей чеченского народа, перешедших на сторону власти. Они называются отщепенцами и отбросами народа… Упуская из виду социальные, классовые критерии, автор явно симпатизирует героям, которые борются за сохранение существующего патриархально-общинного уклада жизни…

…Таким образом, указанные выше недостатки делают невозможным издание рукописи второй книги романа А.Айдамирова «Долгие ночи». Более того, возникает вопрос об актуальности избранной автором темы второй книги: восстание в Чечне и Дагестане в 1877 году, особенно с учетом ее разработки. Идейное содержание и направленность, художественный уровень и эстетическая ценность рукописи не отвечают современным задачам интернационального и эстетического воспитания читателя в канун приближающегося 200-летия добровольного вхождения Чечено-Ингушетии в состав России.

А.Лепиев, ст.редактор книжного издательства.
30 октября 1980 г.»

* * *

Оцу заманахь яздархо я 1илманча партина, 1едална хьалха бехкевеш коча ухкучу ярлыкех коьртачарех яра «национализм». Делах тешар, Далла г1уллакхдар, динехьа г1о даккхар, иза хестор а. Абузарна дуьхьал баьхначу рецензенташа оцу аг1ор иза бехкевеш бахьанаш лоьхура романаш т1ехь. Романийн турпалхоша шайн хьекъале, кхетаме хьаьжжина, харц а, бакъ а къамелаш деш ца хуьлу, къаьсттинчу адамех а, дийнначу халкъех а лоций. Церан диалогашна юкъара цхьацца исторически нах, я лулара къаьмнашна луьйш аьлла дешнаш схьа а лехьош, автора и нах, я къаьмнаш сийсаздо бохуш яздора цара. Исторически произведени т1ехь оцу заманан адамийн хьекъал, кхетам, амалш, г1иллакхаш, васташ гайта ма деза. Цхьа-ши б1е шо хьалха даьхначу адамийн хьекъал, кхетам, амалш, г1иллакхаш автор вехачу заманан хьежамашца гайтича, иза харц ма хуьлу. Цхьаболчу рецензенташа Абузар бехкевора цуьнан романан турпалхой Делах тешаш, Далла г1уллакхдеш х1унда бу, автор динна пропаганда еш ву, бохуш. Кхечара бехкевора цхьаболу турпалхой атеисташ бу, и тайпа нах оцу заманахь хуьлийла дацара бохуш.

Ткъа хууш ма ду массо заманахь, массо халкъашна юкъахь нaггахь атеисташ бовлуш меттигаш хилар а, цхьаболчу наха шаьш Делах тешаш белахь а, Далла г1уллакхдеш ца хилар а, ч1ог1а Делах тешаш а, ч1ог1а дин лелош долчу халкъа юкъахь а динадайх паьцна забарш лелаш хилар а.

Х1ун дара а хаац, литературехь болх бан воьлчхьана Абузарна дуьхьалваьллера Ахмадов 1умар. 1965 шарахь араяьллачу «Генарсолтин хьуьнарш» ц1е йолчу цуьнан гуларна а критика йинера цо.

1973 шарахь яздархойн Союзехь «Еха буьйсанаш» йийцаре еш а, цунна критика ян г1оьртинера, х1инца «Лаьмнашкахь ткъес» романна а дуьхьалваьллера. Амма цуьнан рецензи цхьана а аг1ор к1орге йолуш яцара. Шен хьекъале, кхетаме, хааршка а хьаьажжина, шен ницкъ ма кхоччу критика еш кхочушдинера цо издательствон куьйгалло шена т1едехкина декхарш.

АХМАДОВ 1УМАР. «... В биографиях и действиях исторических героев писатель должен находить общечеловеческий смысл, его должны волновать не факты сами по себе, а то, что вытекает из них и имеет отношение к вопросам нравственной жизни современных людей. Если проанализировать рукопись с этих позиций, увязать ее с приближающимся 200-летием добровольного вхождения Чечено-Ингушетии в состав России, то придется отметить и весьма нежелательные увязки. В произведении имеются такие выражения, слова, которые создают неприятные представления о взаимоотношениях между народами... Из рукописи неясны подлинные причины восстания. Автор старается показать, что причинами восстания были: притеснения горцев, голод, нищета, безземелье и любовь к свободе. Тогда почему в нем приняли участие и некоторые зажиточные люди, религиозные авторитеты? Почему к восстанию не примкнули жители плоскостных районов? На эти вопросы нет ответа.

...По всему произведению назойливо повторяется, что за последние 100 лет, т.е. после вхождения Чечни в состав России, половина чеченцев погибли в войне за свободу и половину земли у них отобрали и раздали казакам, а также офицерам и чиновникам из местного населения...

...Как ни старался автор доказать, что во всем этом движении религия не играла главенствующую роль, не получилось. Думается, что религиозные авторитеты сыграли здесь большую роль. Они обманули народ и принесли ему много несчастий, страданий, вместе с царскими властями. Все это надо было показать не эпизодами, а подробно. Показывая классовое расслоение в горах, автор большое значение придал влиянию местных богачей и офицеров на народ, отводя при этом несколько меньшую роль влиянию мулл, хаджи и других религиозных авторитетов. А ведь в то время среди населения первая категория эксплуататоров была значительно меньше, чем вторая...

...Абросимов говорит, что европейская цивилизация уничтожила многие народы во всех концах земли и Россия не отстала от них ни на шаг. Нельзя ставить такого знака равенства. В горах Кавказа чеченцы самый большой и храбрый народ, говорит он в одной беседе. Если сравнить чеченский народ с другими народами мира, то в двух случаях он превосходит их: чеченец никогда не был рабом и он храбро борется за свою свободу. Встает вопрос: разве другие народы не боролись за свою свободу?.. В записках Абросимова чрезмерно хвалятся чеченцы, их обычаи, а адат прямо идеализируется... На стр.436 мальчик говорит Абросимову: оставьте нас спокойно в горах, мы никогда не приходили в вашу страну. Этот тезис неоднократно повторяется в рукописи. Его надо вычеркнуть. Не следует писать, что русские смотрят на туземцев как на зверей, об убийстве чеченцев казаками и наоборот. Нет надобности сравнивать права казаков и чеченцев...

Главные положительные герои, да и сам автор иногда высказывают мысли, отнюдь не способствующие укреплению дружбы народов. По рукописи проходит мысль, что положение чеченцев среди других народов России этого периода было самым худшим. Так, сам автор пишет, что царские власти «в тюрьме народов» чеченцев держали в особой камере... В рукописи имеются и другие многочисленные выражения, высказывания и т.д., которые по своему содержанию не отвечают современным требованиям идейно-политического, интернационального и патриотического воспитания населения. Там, где можно и нужно писать царское, автор нередко заменяет «русское»: русские власти, русский царь и т.д. Думается, что писать слово «колониальный» по возможности надо избегать. В рукописи есть места, где восхваляется мужество чеченцев, а по отношению к некоторым другим народам высказываются нелестные отзывы...

Произведение А.Айдамирова в таком виде нельзя издать, его необходимо основательно переработать. Прежде всего

**следует сократить за счет ненужных описаний передвижения войск, кровополитных сражений, излишних жестокостей солдат... Классовое расслоение в горах Чечни следует показать более четче и убедительней. Роль религиозных авторитетов надо показать значительно шире и глубже...**

**У.Ахмадов»**

Ахмадов 1умаран рецензи шайга кхачаре а ца хьоьжуш, издательствос сихха кехат даийтира Абузаре. Умаров С., Лепиев 1. рецензишна т1е а доьг1на, шаьш роман ара ца йоккху аьлла. Хьалхарчу шимма аьллера ала дезарг дерриг а. Ткъа Ахмадовс муха х1ун яздийр ду царна хууш дара. Цхьамма яздинарг кхечунга а луш, издательствон куьйгалхошца а, вовшашца а консультациш а еш, язйора цара рецензиш.

**3 ноября 1980 г. №516.**
**ЧИАССР, Ножай-Юртовский р-он,**
**с.Мескеты**
**т.Айдамирову А.А.**

**Уважаемый Абузар Абдулхакимович!**

**Издательство познакомило Вас с рецензией С.Умарова и редакционным заключением А.Лепиева. Издательство согласно с выводами рецензента и старшего редактора и вынуждено отказаться от публикации романа.**

**И.о. главного редактора**
**Г.И.Яблокова.**

* * *

Оцу дуьхьалончашца къийсам марсабаьллачу хенахь кхин т1е а чолхеевлира партин обкоман уггар кхерамечу, стешхачу чиновниках коьрта волчу Тацитовн а, Абузаран а юкъаметтигаш.

1980 шеран декабрь чекхболуш областан партийни организацин ХУ11 конференци хилира. Оцу шерашкахь, харц эладитанаш т1е а кхоьллина, хьийзош волчу яздархочун мелла а сий айба дагахь Нажи-Юьртан партин райкоман хьалхарчу секретара Харсанов Лечас районан парторганизацина т1ера конференцехь къамел дан билгалвинера иза.

Партин райкоман, обкоман пленумашкахь, районни конференцешкахь а дан деза къамелаш хьалххе д1а а яздойтий, толлура партийни аппараташкахь. Конференцехь Абузара дан деза къамел таллар т1едиллинера обкомерчу школийн, вузийн, 1илманан учрежденийн отделан заведующина Тимошенко Раиса Николаевнина.

Обкоман номенклатурехь болчу партийно-советски, административни, профсоюзни куьйгалхойн бакъо яра шайн удостоверени д1а а гайтина, обкома чу баха. Кхечарна леррина бакъо езара. Секретараша шаьш оцу дийнахь т1еоьцур болчу нехан, сахьт билгал а деш, 1уьранна список лора не1арехь лаьттачу милиционере. Отделийн заведующина т1е воьдучо цаьрга телефон тухура, цара – милиционере чуваийта олий.

Тимошенкос т1екхайкхина Абузар милиционеро чу ца витира. Цуьнга телефон а тохий, бакъо яккха бохура. Ткъа и телефон а яра арахьа, урамехьа не1 йолуш долчу цхьана жимчу ц1а чохь.

- Цо т1екхайкхина хилча, ас х1унда туху цуьнга телефон? – х1оккеран низам шена дика хуушехь хаьттира Абузара.

- Ишта низам ду кхузахь.

-Дера дац, ас кхочушдийр долуш-м. Тимошенкос обкоман г1уллакхна б1е километр генара, Нажи-Юьртара со кхайкхина охьавалийча, х1инца со чувита аьлла ас цуьнга дехар дан а деза?

- Ца дахь, хьо чувита бакъо яц сан.

- Х1ета, ас Нажи-Юьрта вуха а вахана, цигара схьа Тимошенке телефон тухур ю-кх, ахь кхайкхича со обкоме охьа а веанера, милиционеро чу а ца витина ц1а веана, аьлла.

Цо йийриг забар йоцийла а,иза д1аваха воллийла а хиънaчу милиционеро, ша телефон а тоьхна, чу вахийтира.

Тимошенкос леррина дийшира цуьнан къамел.

- Дерриг а дика ду, ахь цхьа масех мог1а т1еязбичхьана. Ярташкарчу ишколашкахь болх беш болчу оьрсийн хьехархошна бахархоша новкъарлонаш еш меттигаш ю республикехь. Кегийрхоша сийсазбеш, ца буьтуш, республикера д1аоьху къона оьрсийн мехкарий. И зуламе, къаьмнашна юкъара барт бохош долу г1уллакхаш 1орадохуш масех мог1а т1еязбехьа.

Республика меттах1оттийча ярташкарчу ишколашкахь хьехархой ца тоьаш, уьш дехарш а деш, Россин областашкара балабора кхуза. Дукхахберш шайн лаамехь а ца бог1ура, х1унда аьлча царна хаьара кхузара 1ер-дахаран г1ийла хьелаш. Кхуза бог1учу оьрсийн хьехархойх дукхахберш къона зударий, мехкарий бара. Г1аланашкахь баьхна, цигахь дай-наной дитина баьхкинчу царна хала дара кхузахь баха. Кхачанан сурсаташ ледара дара, некъаш, туьканаш, культуран учрежденеш яцара, ц1ахь бисинчу шайн гергарчаьрга сатуьйсура цара. Доцца аьлча, хала а, сингаттаме а дара церан 1ер-дахар. Кхаа шарна кхуза балха хьовсийна уьш, халла цхьана шарахь са а деттий, д1абоьлхура.

Берриг бохург санна и оьрсийн хьехархой шайн болх хууш, безаш, оьзда адамаш дара. Цара шайн ницкъ, хаарш д1алора оцу халчу хьелашкахь нохчийн бераш 1аморна. Цара нохчийн халкъ, цуьнан истори, мотт, культура, г1иллакхаш а лоьрура. Иштачийн сий дора меттигерчу бахархоша, массо а аг1ор церан 1ер-дахар аттачу даккха, самукъне хилийта, шайн берийн санна, церан дола дан г1ертара. Царах цхьаберш меттигерчу кегийрхошка маре а боьлхий, доьзалш кхуллий, нехан лерам болуш, кхузахь буьсура.

Уьш д1абаьхча, буьсу оьрсийн к1еззиг хьехархой шина декъе бекъалора. Царах цхьа дакъа дика хаарш долуш, говза хьехархой бара. Амма царна нохчийн къам ца дезара, аьтто баьллачухула цуьнан мотт, культура, г1иллакхаш а аьшнаш дора цара. Х1уъу бахьана лехна а, сихха кхузара д1аоьхура уьш.

Кхоалг1а дакъа, уггар к1езигнаш – оьзда боцу хьехархой бара. Цара к1ез-к1езиг малар а молура, меттигерчу шаьш саннaчу оьз-

да боцчу кегийрхошца даррехь са а къоьрура. Х1окхара оьрсийн къоман сий дойу бохуш, оцу хьалхарчу дукххаболчу оьрсийн хьехархошна б1аьрга ган ца безара х1орш. Дукха хьолахь х1орш кхузара д1а лелхабора хьалхарчара. Шаьш ца дезарш а, оьзда боцурш а меттигерчу бахархошна а ца безара.

И т1аьхьара ши тайпа оьрсийн хьехархой бара нохчашна шаьш ца деза, кхузахь шаьш болх бан дитац бохуш, 1едална т1е меттанаш кхоьхьуш, эладитанаш даржош леларш. И бахьана а х1оттош, х1окху махкара д1а а боьлхура уьш.

-Суна-м ца хааélла тхайн районехь оьрсийн хьехархой ца безаш а, уьш хьийзийна а меттиг, - элира Абузара Тимошенке.

- Дукха хан йоццуш шун районерчу Сесанахь хилларг ткъа?

- Х1ун хилла цигахь?

- Буса шина хьехархочун, оьрсийн шина йоь1ан х1усам чу г1иртина цигара кегийрхой.

- Иза хулиганство ю.

- Нохчийн мехкарий болчу х1унда ца г1ерта уьш?

- Нохчийн цхьа кица ду, зуьдо ц1ога ластийча, ж1аьла т1аьхьа х1утту бохуш. Шайна ц1ога ластийча, кегийрхошна башха а яц нохчо а, оьрси а. Цара магийтича, нохчийн мехкарий болчу а г1ерта. Нуьцкъах ида а бо.

- Иза шун къоман 1адат ду!

- Иза тхан къоман 1адат дац. Оьзда боцчу, адамалла доцчу кегийрхоша леладо и саннарг. Иштанаш тхан дайша нажжаз бина ца 1аш, юьртах, тайпанан, махках арабохуш а хилла. Хьо дика партийни белхало ю, Раиса Николаевна, республикерчу зударех лаьцна цхьа брошюра а язйина ахь, амма партийни куьйгалхочунна шен пхи п1елг санна дика хаа дезаш долу цхьа х1ума ца хаьа хьуна: нохчийн къоман истории а, г1иллакххаш а, ламасташ а. И оьрсийн хьехархой берриг а цхьа Делан маликаш ду хьуна моттахь, хьо галъяьлла.

Абузара оцу хьехархойн, лакхахь ма дийццара, ма дарра хьал довзийтира.

- Ткъа хьо, Раиса Николаевна, оцу оьзда боцчу нохчийн кегийрхойн а, оьрсийн мехкарийн а хулигански дов къаьмнашна юкъар-

чу политикан т1ег1ан т1е а даькхина, дийнначу нохчийн халкъан коча националистически ярлык олла г1ерта. Хилларг-лелларг нийса ца хууш а, хиънарг нийса къасто ца лууш а долу шу ду-кх къаьмнашна юкъара барт бохош. Х1инца соьга а шайн декъашхо хила боху ахь. Сан ц1е а йохуш, кхана цунах йоккха политика ян. Республикан ишколийн сийлахьчу хьехархочо, халкъан яздархочо Айдамировс а ч1аг1до меттигерчу бахархошна оьрсий безаш цахилар, т1ебаьхкина говзанчаш хьийзош хилар, бохуш. Х1ан-х1а, Раиса Николаевна, и харц эладитанаш даржош сох накъост хир вац шуна. Ца хуьлчу далахь, шу 1орадохуш дуьхьалвала а мега.

Тимошенкон юьхь кхохкийра. Абузарах изхь хетта доцуш, ткъа цо бакъдерг юьхьадуьхьал д1а а аьлла, ша сацорна.

Х1инца обкомехь яздархочо шена шолг1а мостаг1 кхоьллира.

Литературехула – Тацитов волуш вара хьалхе дуьйна. Оцу дийнахь ишколехула – х1ара Тимошенко а.

Конференцехь дан деза къамел районерчу г1уллакхех лаьцна дара, диканиг,кхиамаш, кхачамбацарш дуьйцуш цхьа доза тоьхна критика еш. Тимошенкос шен къамел теллина, къобалдинчул т1аьхьа яздархойн Союзан, издательствон белхалошна критика еш иттех мог1а язбинера Абузара. И къамел доцца зорба тоьхнера 1980 шеран 28 декабрехь арадаьллачу «Грозненский рабочий» газета т1ехь:

**«... В заключение хотелось бы сказать несколько слов, заявил оратор, о работе писательской организации республики. Некоторые наши писатели, к сожалению, отошли от активного участия в общественной жизни. Они забыли, что знание жизни народа, связь с коллективом трудящихся, живое, действенное участие в их делах – это составная часть литературного профессионализма, без которого немыслимо высокое мастерство. То же самое можно сказать и о литературно-художественной критике и литературоведении. В них до сих пор не изжиты методы и приемы, осужденные в постановлениях ЦК КПСС «О литературно-художественной критике» и «О дальнейшем улучшении идеологической, политико-воспитательной работы».**

**Писательская организация и книжное издательство – это два отвественных участка идеологического фронта, которые должны работать в тесном контакте. К сожалению, руководство книжного издательства в последние годы решительно перестало считаться с мнением правления Союза писателей по вопросам издания художественной литературы».**

Къамел дерзош аьлла и дешнаш ч1ог1а новкъа деанера критикашна, литературоведашна, издательствон куьйгаллина а. Къаьсттина иза новкъа деана хиллера оцу организацишна, учреждениШна 1уналла деш волчу партин обкоман пропагандин, агитацин отделан заведующина Тацитовна.

Конференци чекхъяьллачул т1аьхьа цхьа бутт гергга хан яьлча обкоме ша волчу д1акхайкхира Тацитовс Абузар.

- Ахь, Абузар, тешнабехк бина тхуна, - сихха элира цо.

- Х1ун дина ас?

- Айхьа тхоьга гайтинчу хьайн къамела т1ехь доцург а дийцина ахь конференцехь.

- Трибуна т1е хьалаваьлча, дагадеара суна иза.

- Ишта шен лаамехь къамелаш дан мегар ма дац.

- Уставо коммунистана бакъо елла партин муьлххачу органна критика ян.

- Бакъдерг дуьйцуш критика ян бакъо елла. Ткъа ахь дийцарехь, КПСС ЦК сацамаш дахарехь кхочушбарехь х1умма а ца дина. Конференцехь х1орамма йинчу критиках оха отчет яла еза ЦК. И айхьа дийцинарг бух боцуш хиларна духаоьцуш обкоман ц1арах кехат яздехьа.

- Ой, трибуна т1е хьала а ваьлла, масех б1е коммунистана хьалха айса дийцинарг харц дара аьлла, ас кехат муха яздо? Т1е, цхьа а бух боцуш къамел дан со 1овдал хетта хьуна?

- Мичхьа ду факташ?

- Хьуна ма дезза шорта ду! 1979 шарахь «Грозненский рабочий» газетехь зорба тоьхначу сан «Ответственность» статья т1ехь ас далийнарш, яздархойн У111 съездехь ас далийнарш а тоьар ду, кхин ца хилча а. Керланиг а дуьйцур ду ас. Яздархойн Союзо

издательстве арахеца аьлла шозза рекомендовать йина сан «Лаьмнашкахь ткъес» роман. Амма цигарчу куьйгалло цхьана а хьесапе ца лерина яздархойн Союзан лаам.

Ша оьг1азвахча цкъа а аз ца айдора Тацитовс. Шена хьалхара кехаташ кегадора, цхьанхьара кхечухьа дохуш. Х1инца а сихдинна кехаташ кего вуьйлира иза.

- Хьан роман араяккхар бен, кхин болх боцуш ю обком? Я айхьа дина къамел духаоьцуш, я айхьа дийцинчунна бух буьллуш бакъдерш далош кехат язде тхоьга!

- Бакъдерш далош яздийр ду. Маца хила деза иза?

- Ма хуьллу сиха!

- Тахана п1ераскан де ду. Цхьа к1ира далале и бакъдерш хир ду хьуна.

1981 шеран 4 февралехь Айдамиров Абузара Тацитовна хьалха охьадиллира критикехь, литературоведенехь, издательствехь долу кхачамбацарш дуьйцуш «объяснительни записка» а, лаккхахь ц1е яьккхина статья а, яздархойн У111 съездехь ша дина къамел а.

Оцу дийнахь дуьйна д1аболабелира цаьршинна юккъерчу къийсаман керла мур.

И къийсам, дено-дено марсабуьйлуш, масех шарахь бахбелира...

* * *

Умаров С., Лепиев 1., Ахмадов 1. роман ца магош далийна масалш цхьа а тайпа бух боцуш хиларна дуккха а тоьшаллаш далош дехха къамелаш а, къийсамаш а хилира Абузаран издательствон куьйгалхошца. Иза бакъ вуйла хаара царна, амма царна ца оьшура цуьнан бакъдерг.

Цаьрга корта лебар эрна дуйла хиъначул т1аьхьа, 1980 шеран 4 декабрехь А.В.Власовга 32 аг1он т1ехь кехат яздира Айдамировс. Обкомехь идеологихула секретарь Бузуртанов Мохьмад велахь а, амма идеологин г1уллакхийн т1ам пропагандин, агитацин

отделан заведующщин Тацитовн буйнахь бара. Цундела, шен кехатна жоп хьеделча, цунна т1е вахара яздархо. Цуьнца цхьаьна Ахматова Раиса а яхара. 1981 шеран 7 январехь дара иза, Абузаран а, Тацитовн а дов далале цхьа бутт гергга хьалха.

- Ахь Александр Владимировиче яздина кехат къастор а, хьоьца къамел дар а сунна т1едиллинера, - элира Тацитовс. - Амма масех де хьалха хиллачу конференцина кечамбеш, цуьнан жам1аш деш а сан хан ца хилира хьан г1уллакх къасто. Цунна са ма гатде, х1окху деношкахь со цунна т1евоьрзур ву. Хьан шолг1ачу киншкех дерг къастаза ду х1инца а. Шина рецензенто хала магийна, кхоъ сацам боллуш дуьхьал ву иза арахецарна. Цундела, цунах дерг ц1ена къастталц цкъачунна иза 1адда а йитина, хьан «Еха буьйсанаш» оьрсийн маттахь арайоккхур ю вай. Цунна цхьа компетентни редактор а лехна. Кхузахь ца каравахь, Москвара лехна а. Таронаш хилахь, и роман экранизировать ян ойла а ю обкоман. «Еха буьйсанех» лаьцна а ду дуьхь-дуьхьал хабарш. Царах бакъхарц мила ву, цунна т1ехь дерг ма дарра сайна хаа, иза айсса еша лаьара сунна, ахь соьга лахьара.

- Къахьегна х1ун дан воллу хьо? – дуьхьал вистхилира Абузар. – Хьала а, охьа а иза арайоккхург ца хилча, эрна къахьегна х1ун дан волу хьо? И роман бахьана долуш шу массаьрций т1ом бан к1ордийна суна. Д1адаханчу шарахь айса Власовга яздинчу кехат т1ехь а аьлла ас изза.

-Ас дош ло хьуна, нагахь со цунна реза хилахь, иза араяккха!

Абузара ойла йира. Роман арайоккхур йоцийла-м дика хаьара цунна. Ша ешча, х1окхунна хуур дара кхуза, обкоме кхоьхьучу эладитанех бакъ-харц муьлха ду. Абузаран а аьтто хир бара х1ара ца кхетачух кхето. Т1е, х1окхунна х1ун хир дара роман йоьшуш Тацитовс къахьегарх?

Цхьа бутт баьлча, роман ешнехь, цунах Тацитовна х1ун хета хьажа обкоме вахара яздархо. Тацитовс дуьйцург цхьаьна дог1ура В.Федоровс, Н.Гриценкос, Г.Яблоковас, Ю.Поваляевс, И.Минтяка а шайн рецензиш т1ехь романна дуьхьал яздинчарца. Схьахетарехь, уьш ерриг а цо лерина ешнера. Амма романах лаьцна Тацитовс дуьйцург дерриг а цхьа беламе къамел дара. Цунна ца

хаьара исбаьхьаллин литература х1ун ю. Цо гайтинчу цхьана «кха-чамбацарх», Аьрзун 1ожаллех лаьцна аьлларг а тоьаш дара. Юьхь-анца Тацитовца къийса вуьйлира Абузар, амма и къийсар эрна дуйла хиъча, куьг ластийна, дийца витира.

Авторо, шаьшшиннан къамел чекхдаьлча, роман схьайийхира.

- Иза соьгахь яц. Москва, Госкомиздате яхьийтина ас иза.

- Х1унда?

- Абузар, и хьан роман халкъо дика т1еэцна. Амма цунна т1ехь дуккха а меттигаш ю, вайн партин, пачхьалкхан политикаций, идеологиций цхьаьна ца йог1уш, х1инца ша ма ярра и роман арахецахь къаьмнашна юкъарчу доттаг1аллина зуламе 1аткъам бийр болуш. И меттигаш хьуна гайтина рецензенташа а, издательствос а, цаьрца реза ву со а. Уьш бакъ лоь, амма ахь цаьрга ла ца дуг1у. Хьо цхьаъ хьекъале, биснарш берриг а сонта хетта хьуна. Иза нийса ма дац. Ас РСФСР Госкомиздатаца барт бина, хьан романна лаккхара корматалла а йолуш, компетентни редактор карийна. Иза романна т1ехь болх боло кийча ву, шеца болх бан реза ву аьлла ахь яздина кехат шен кара ма кхеччи. Ишта яздина кехат ахь соьга схьаделча, ас сихха Госкомиздате д1адохьуьйтур дара.

- Соьгара и тайпа кехат долуш ма ца бинера кхузарчу редакторша оцу романа т1ехь болх?

- Цундела деза цунна и кехат. Госкомиздатехь дика хаьа, оцу романна т1ехь болх бина Яблокова, Минтяк, т1аьхьа Мальсагов а ахь ца магийний. Шеца болх бан хьо реза а воцуш ша болх бича, ша хьегна къа эрна хиларна кхоьру иза.

Абузара цхьана минотехь ойла йира.

Къаьмнийн республикашкахь, къаьсттина х1окху Нохч-Г1алг1-айчохь, ч1ог1а д1ах1оттийна бара политически, идеологически болх. Москвахь маьрша дуьйцуш, яздеш долу дуккха а х1умнаш кхузахь багахдаха а ца ваьхьара цхьа а. Хьанна хаьа, оцу Москвахь цуьнан романна цхьа хьекъале, майра, компетентни редактор нислахь, цо ларъян тарлора авторан идейни принципаш. Г1уллакх хилахь – дика ду, ца хилахь – дерриг а хьалха санна дуьсур ду-кх аьлла, ши-кхо мог1а т1е а язбина, буха куьг а та1ийна, и кехат Тацитовга д1аделира цо.

Абузар цкъа а ца тешара партин а, органийн а белхалойн г1иллакхечу, к1еда-мерзачу хабарех. Цундела шен ма хуьллу ларвала г1ертара иза х1илланах, мекарлонех, тешнабехках.

Амма цунна дага а ца дог1ура и Тацитов, дуьхьал хаза хабар а дуьйцуш, шена къайлах ямартло кечъеш хилар.

* * *

Власовга яздина кехат жоп доцуш хьеделча, цкъа хьалха 4 февралехь Бузуртанов Мохьмаде кехат а яздина, цуьнгара а жоп ца деача, 1981 шеран 13 апрелехь цунна т1евахара Айдамиров.

Власовга яздинчу кехатна х1инца а жоп дац аьлча цецвелира Бузуртанов.

- Ой, оцу кехатца долу г1уллакх ша хьоьца къастийна, хьо реза а хилла аьлла, Власовга цхьа йоккха справка ма елла Тацитовс? Т1е и справка ша хьуна йовзийтина а аьлла тхоьга1

- Суна дуьххьара хезаш ду-кх ахь дуьйцург. Тхойшиннан кхин къамел хилла т1аьххьар а со цуьнца цхьаьнакхетча.- Абузара дийцира Тацитовн а, шен а хилла къамел.

- Делхьа ма изхь доцуш стаг ву-кх иза! – оьг1азвахара Мохьмад. – Хьоьга цхьаъ, тхоьга кхин дийцина. Дийцина а ца 1аш, яздина. Ас Подпоринна т1едуьллур ду и справка хьуна йовзийта аьлла. Кху сохьта чохь вац иза, хьо кхиъначухула вухаволахьа? Т1аккха дер вайша къамел.

Дог кхиира Тацитовс цхьа йоккха ямартло йина хиларх. Шена хьалха гора ца вожар тешнабехкаца декха г1ерташ иза хиларх. Цундела Власовн г1оьнча Подпорин В.В. волчу воьдуш Абузара шеца Ахматова Раиса а йигира. Тацитовс лелочу боьхачу г1уллаккхийн иза теш хилийта.

Тацитовс х1оттийна справка д1айийшира Подпорина, ткъа цунна «документальни бух» кхуллуш гулйина материалаш яздархочуьнга шегга ешийтира.

Шен справки т1ехь Тацитовс д1агулдинера 1969-1980 шерашкахь Абузаран дуьхьалончаша цунах лаьцна мел аьлла боьханиг

дерриг а. Цхьадерш шеггара маь1на доккхуш, кхин т1е а харцахьа а дохуш. «Маршонан ц1арах», «Лаьмнашкахь ткъес», «Еха буьйсанаш» романех а, «Лаьмнийн некъашкахула» дийцарийн, очеркийн гуларх а В.Федоровс, Н.Гриценкос, Г.Яблоковас, Ю.Поваляевс, И.Минтяка, кхечара а вуон мел аьлларг а. Къаьсттина билгалдоккхура нохчаша Умаров С., Лепиев 1., Ахмадов 1. «Лаьмнашкахь ткъес» романах яздинарг. Амма оццу произведенех дика дош аьллачу цхьана а стеган ц1е яцара.

Тацитовс шен справки т1ехь яздинера еа произведениш марксизм-ленинизмаца, советски исторически 1илманца, партин, пачхьалкхан политикица, идеологица йог1уш яц, къаьмнашна юккъерчу доттаг1аллина зуламе 1аткъам бийр болуш ю, исбаьхьаллин аг1ор ледара а ю бохуш. Ткъа авторан марксизман-ленинизман, исторически 1илманах болу кхетам кхин хилча ца маггал бодане бу бохура. И дерриг а цо ч1аг1дора, лакхахь ц1ераш яьхначу рецензишна т1ера масалш а далош.

Доллучул а тамашийна дара, рецензенташа, издательствос, ша а гайтинчу кхачамбацаршна Айдамиров къера а, реза а ву аьлла Тацитовс ч1аг1дар.

Тацитовс х1оттийнчу справкина буха ехкина яра В.Федоровн рецензи а, Айдаев Ю.А., Туркаев Хь.В., Гриценко Н.П., Маршаев Р.Г., Ахматова Р.С., Албогачиев М.Э. «объяснительни запискаш», Галаев Хьасана обкоман культуран отделан заведующина Сайханов Р.А. яздина арз а, «Еха буьйсанех» лаьцна «Современник» издательствос яздина кехат а, 1973 шарахь яздархойн Союзан «литературни пятницехь» «Еха буьйсанаш» йийцаре йина протокол, московски редакторца болх бан реза хуьлуш яздина автора Тацитовга делла кехат а.

**АЙДАЕВ Ю.А. «... Айдамиров Абузар политически безграмотен, не имеет представление о партийной политике, подвержен национализму. В народе он имеет огромный авторитет не потому, что он хороший писатель, а потому, что, восхваляя историческое прошлое чеченского народа, играет на его националистических чувствах. Его произведения худо-**

жественно посредственны, идейно вредны. Он переоценил себя.

...В Бачи-Юрте один учащийся ПТУ №24 мне, ведущему встречу с писателями, задал вопрос: «Абузар Айдамиров не сидит в тюрьме?» На мой вопрос ему: « А за что сидеть Айдамирову в тюрьме?», учащийся ответил: « За его антисоветскую книгу!».//Б1ачи-Юьртахь хилларг бакъ дара, Юша1а далийна оцу дешархочун т1аьххьара и дешнаш доцург. –Вайн халкъан историх лаьцна цхьа дика книга язйина цо. Иза язъярна бехке вина чувоьллина бохуш хабарш ду дуьйцуш...- иштта бара жимчу стеган хаттаран чулацам. Ткъа Айдаевс и къамел нийса харцхьа а даьккхина яздинера /М.А./

...Положительную рецензию на его книгу «Долгие ночи» профессор Джусойти Н.Г. написал по просьбе самого Айдамирова. Я не уговаривал Маршаева Р. написать отрицательную рецензию на роман «Долгие ночи», не видел его, говорил по телефону, когда он звонил мне по поводу гонорара за рецензию. Книга «Долгие ночи» идейно вредная, написана в националистическом духе.

Книга воспринята народом положительно потому, что она напоминает народу трагедию 1944 года...»

ГРИЦЕНКО.Н.П. «В первой рецензии я сделал серьезные замечания автору, он их не признал, издавать книгу в таком виде нельзя».

МАРШАЕВ Р.Г. «Айдаев не уговаривал меня написать отрицательную рецензию на книгу «Долгие ночи».

ТУРКАЕВ Х.В. «Русский перевод книги «Долгие ночи» я не читал, на чеченский текст дал рецензию, указал недостатки, автор их не устранил. Почему в таком виде издали книгу, не знаю. Признаю, что переоценил книгу».

**АХМАТОВА Р.С. «Я не знакома ни с чеченским, ни с русским текстом книги «Долгие ночи», ничего о ней сказать не могу».**

* * *

1973 шарахь Айдамиров Абузарна дагадеара Нохч-Г1алг1айчоьнан историн хронологи х1отто. Х1етахь 1илманца теллина шен истори а йоцчу, шен исторически д1адахнарг а ца хуучу халкъана иза довзийта, шен истори езийта, цунна т1е тидам бахийта, иза талла луучу къоначу нахана некъ гайта 1алашо яра яздархочун. Цунна дагадеанарг къобалдира х1етахь 1илманан-талламан институтан директора Сангераев Саид-1аднана. Абузарца договор а х1оттийра, авансана ахча а делира.

Шина шарахь сов къахьийгира цо и хронологи х1оттош. Б1еннаш киншкаш, газеташ, журналаш кего дийзира. Роман язъярал хала бара цунна и болх, амма халкъана ч1ог1а оьшуш бара.

Х1етахьлера идеологи ца евзарг кхетар воцуш, ца оьшуш хетар болуш дуккха а хиламаш бу оцу хронологи т1ехь. Масала, Россихь, дуьненан кхечу мехкашкахь хилла т1емаш , г1овттамаш, къаьмнийн шайн маршонехьа боламаш, революциш, и.д1.кхин а. И хиламаш автора хронологи т1ехь гайтаран доккха маь1на дара. Х1етахь советски историографехь кавказски ламаройн, къаьсттина нохчийн къоман шайн маршонехьа боламаш «реакционни», «религиозни», «антирусски» хиллера бохуш яздора. Иза бакъ доцийла хаийта оццу хенахь Россихь, дуьненан кхечу мехкашкахь а иштта хилла боламаш гайтинера Абузара хронологи т1ехь.

Хронологина рецензиш язйира 1илманан - талламан институтан масех 1илманчас, т1аккха оцу институтан 1илманчийн советехь йийцаре а йира иза.

Юкъара жам1 ишта хилира: XVIII-XIX б1ешерийн хронологи т1ехь гайтина паччахьан эскарша йина т1еман, та1зарийн экспедициш, ярташ йохор, ягор, колонизаторийн кхи йолу къизаллаш а йийца оьшуш дац, оцу меттигаша г1о дийр дац бахархой патриотически, интернациональни дог - ойланехь кхиорна, къаьмнашна юкъара

доттаг1алла ч1аг1дарна. Иштта меттигаш юкъара д1аяьхча, араяккха магийра цара.

Автор реза ца хилира. Цара бохург дича, цуьнан хронологи еккъа цхьа мужалт бен ца хуьлура.

Иза ялхийтта шарахь цуьнан архивехь 1иллира, 1991 шарахь цхьа а хийцам боцуш араелира.

Цхьацца кхеташонашкахь а, зорбанехь а сих-сиха олура, цхьаболу яздархой кхузаманан дахарх ца яздеш, истории кегош бу. Исторически темина язйийриг веккъа цхьа Айдамиров бен вацара, и 1иттарш цунна йора. Цуьнан исторически произведениш ара а ца хоьцура. Цундела, Гайтукаев Казбека сих-сиха олура яздархочуьнга, оцу нехан муц1арш совцо цхьаъ мукъна а кхузаманах произведени язъехьа.

Абузарна а лаьара иза. Яздан дуккха а дара. Цунна дика девзара кхузаманан дахар. 1960 шарахь дуьйна виллина д1а КПСС райкоман член а, райсоветан депутат а, областан партийни организацин ерриг конференцийн делегат а хуьлучу цунна дика гора «лакхенийн» дахар, вукху аг1ор халкъа юкъахь вехаш хиларна мог1аречу адамийн 1ер-дахар а хаьара. Бригадан учетчикна т1ера хьала, районан куьйгалхой а цхьаьна, бохкалуш, эцалуш бара. Уьш цхьа а вацара адамийн, халкъан бала болуш. Мог1аречу адамашна юкъахь цхьа наггахь бен ца нислора юкъарчу долаллина къола ца деш. Харцонаш, хьаьг1наш яра гуобаьккхина лелаш. Оьздангалла, иэхь-бехк, г1иллакх, къинхетам к1ез-к1езиг д1ахерлуш д1адолуш дара.

Х1ун, муха яздийр дара? Дахар ша ма дарра яздича, киншка арайоккхур яцара, ткъа оцу дахаран даь1наш д1а а хьулдеш, парти, 1едал, дахар дика ду бохуш Абузарна язлур а дацара.

Амма кхузаманах яздахь, бакъдерг яздан дезара. Х1етахь исбаьхьаллин произведени т1ехь атталла колхозан парторганизацин секретарь вуон гайтича а ца магийтора, лакхара партийни куьйгалхо-м хьехочохь а дацара. Ткъа Айдамировн оцу лакхарчарна т1е кховда ойла яра. Историн учебникаш т1ехь а, зорбанехь а хаддаза ч1аг1деш дара СССР-хь 1930 шарахь т1аьххьара а белхазалла д1аяьлла бохуш. Пачхьалкхехь бан болх боцуш стаг ву алар а дих-

кинера. Ткъа х1окху республикехь бан болх боцуш масех б1е эзар стаг вара. Уьш СССР массо а маь11ехь баьржина бара. Болх лоьхуш, белхаш беш а. Я цхьана ханна балха боьлхура, цхьаберш гуттаренна а цигахь баха совцура. Шайн гергарчех, халкъах а къаьстий. Цхьаболу белхалой, къаьсттина зударий, йохка-эцар лелош, пачхьалкхан яккхийчу г1аланашкахула буьйлабелла лелара. Церан бехк бацара. Республикехь бан болх цахиларна лелара и хьалхарнаш а, шолг1анаш а. Оцу шина а тайпанчу адамаша зуламе 1аткъам бора нохчийн къоман культурана, могашаллина, оьздангаллина .

Лайн амале йирзинера къоман интеллигенци а. Хьаькамаллин дарже кхаччалц ц1ена, оьзда волу нохчо, цхьана дарже ша кхаьчча бухxенца хийцалора, шен халкъах дог лозучуьра соцура. Партийно-советски системина муьт1ахь хилларг шен даржехь вуьсура, кхин лакха а воккхура, цунна ца вохкалург юьстах тосура. Шен халкъах доглозучу хьекъалечу, оьздачу, ц1енчу стагана меттиг бацара партийно-советски номенклатурехь.

Уьш а, кхин а ма дарра яздойла дацара. Яздича, и киншка арайоккхур яцара. Амма яздан дезара. Дерриг ца яздахь а, ах мукъна. Цо дагалаьцнарг х1инццалц схьа республикерчу цхьана а яздархочо ца яздинера.

1981 шарахь Айдамировс болх д1аболийра «Ирхеш» романа т1ехь. Амма болх д1абаха ца буьтура. Цо болх д1аболош – цуьнан дуьхьалончаша рог1ера инсинуацеш а язйой, иза юкъахвоккхуш. Цаьрца латточу къийсамо хан йойура Абузаран, могашалла а г1елйора.

Тацитовс язйинчу инсинуацис романна т1ехь бечу балхах масех баттана юкъахваьккхира яздархо. Иза коьртехь а волуш, масех стагах цхьаьнакхеттачу оцу г1ерано х1окху масех шарахь шена т1е кхоьллинчу харцонех лаьцна 40 аг1он т1ехь яздина, 1981 шеран 16 сентябрехь Власовга кехат дахьийтира Абузара. Дерригенал а цунна новкъа деанера, рецензенташа, издательствос, ша Тацитовс а романашна йинчу критикана автор къера а, реза а ву аьлла, Тацитовс шен справки т1ехь яздинарг. Оцу кехат т1ехь Тацитов 1оравоккхуш х1ара мог1анаш яздинера Айдамировс:

«... В начале февраля я зашел к тов.Тацитову А.И. за рукописью первой книги «Долгие ночи» и другими материалами.

Тов.Тацитов А.И. сказал мне, что он внимательно прочитал рукопись, высказал о ней свое мнение, которое точно сходилось с мнением работников книжного издательства, в основном – с замечаниями доктора исторических наук, профессора МГУ Федорова В.А. на книгу «Именем свободы». Сперва я начал возражать на эти субъективные замечания, которые никак не сочетались с законами художественной литературы, но затем не стал спорить с ним, видя бесполезность этой дискуссии.

Рукопись мне не вернули, сказали, что ее направили в Госкомиздат РСФСР, с которым он договорился о закреплении за книгой опытного редактора, что рукопись будет читать будущий редактор. Но Госкомиздат обещает редактора при условии, если автор даст письменное согласие работать с редактором и внести в книгу ряд дополнений и изменений.

Я дал требуемое согласие.

Как же я был удивлен и разочарован в тов.Тацитове А.И., когда спустя два месяца мое письменное согласие увидел среди материалов, приложенных к справке, составленных им по результатам разбора моего письма на Ваше имя от 4 декабря 1980 года! Оказывается, никакого договора с Госкомиздатом РСФСР об «опытном редакторе» не было, да и не думали об издании книги «Долгие ночи» на русском языке, рукопись была направлена в Госкомиздат не для ознакомления «будущего редактора», а с заказом новой рецензии, которая нужна была тов.Тацитову А.И.

И мое письменное согласие внести дополнения и изменения в рукопись, которые необходимы были, чтобы внести в ходе работы с любым редактором, тов.Тацитов А.И. демонстрировал, как вещественное доказательство о моем официальном признании всех замечаний тов.Тацитова А.И. и всей клеветы работников книжного издательства.

Если в ноябре 1979 года я написал Вам, что теперь не про-

шу издавать первую книгу «Долгие ночи» в русском переводе, что я устал от этих бесполезных споров с книжным издательством и во все время нашей беседы с тов.Тацитовым А.И. повторял то же самое, - это вовсе не значит, что я отказался от своей книги. Если я не стал опровергать замечания тов.Тацитова А.И. по первой книге «Долгие ночи», это вовсе не значит, что я признал его замечания объективными.

Я утверждал, утверждаю и буду стоять на этом, что книги «Долгие ночи» написаны в полном соответствии с марксистско-ленинской научной теорией о классовой, революционной науке и социалистического реализма.

Меня не ознакомили с новой рецензией, но говорят, что в ней нет ничего нового, а повторяются все замечания профессора Федорова В.А., самого Тацитова А.И. и заказных рецензентов книжного издательства. Когда Госкомиздат сам затребовал рукопись, она получила положительную оценку, а когда ее послал тов.Тацитов А.И., получилось наоборот. Разве это не странно?

Возникает законный вопрос: а почему послали рукопись в Москву? Неужели в республике, где имеются научно-исследовательский институт истории, социологии и филологии, два высших учебных заведения, где работают сотни ученых, не нашлись люди, которые смогли бы объективно оценить идейное содержание и художественное качество этой книги? А если обязательно нужно было мнение ученых и критиков, которые живут и работают за пределами республики, эти мнения были под рукой: известного кавказоведа, доктора исторических наук, профессора Смирнова Н.А., доктора филологических наук, профессора и писателя Джусойты Н.Г., кандидата исторических наук, доцента, старшего научного сотрудника института истории СССР АН СССР Маршаева Р.Г., московских критиков, членов СП СССР Степаненко В., Чернолусского М. и других.

Что же еще надо было? Только желание работать с автором и издать эту книгу, а его как раз не было. Мне говорит

одно, а делает другое. Мне дает обещания, а их и не думает выполнять.

...В справке сказано, что первая книга «Долгие ночи» вышла в свет в 1972 году из-за попустительства и безответственного отношения председателя правления СП ЧИАССР тов. Ахматовой Р.С. к своим служебным обязанностям. В том же обвинили и заведующего сектором литературы ЧИНИИИСФ тов.Туркаева Х.В., который дал положительную оценку в внутрииздательской рецензии на рукопись чеченского текста этой книги.

Сперва отмечу, что тов.Туркаев Х.В. дал объективную, принципиальную оценку рукописи и если с выходом книги в свет в ней остались недостатки, указанные рецензентом, это не вина тов.Туркаева Х.В., а автора книги. Тов.Тацитову А.И. не следовало приглашать его вместе с директором ЧИНИИИСФ тов.Бейбулатовым Н.К. в обком партии и отчитывать при нем как провинившегося ученика.

Тов.Ахматову Р.С. обвиняют в том, что она допустила выход в свет первой книги «Долгие ночи», не дала ей партийную оценку во время обсуждения книги на заседании правления СП в 1973 году.

Во-первых, книгу «Долгие ночи» никогда не обсуждали на заседании правления СП, тов.Тацитов А.И. путает «литературную пятницу», на которой действительно обсуждали книгу, с заседанием правления СП.

Во-вторых, тов.Ахматова Р.С. – не прозаик, а поэтесса, да и не все прозаики могут анализировать исторический роман, тем более такой, как «Долгие ночи», написанный на малоисследованную и сложную тему по истории Чечено-Ингушетии.

В-третьих, тов.Ахматова Р.С. как председатель правления СП не обязана читать или ставить на обсуждение все рукописи произведений писателей, которые издаются в местном книжном издательстве.

В-четвертых, книжное издательство до сих пор никогда не опрашивало мнение Ахматовой Р.С. о рукописях или книгах

писателей, которые планируются к изданию, а издают их по своему усмотрению.

...Но я имею право поставить перед Тацитовым А.И. такой принципиальный вопрос: а почему Р.Ахматова должна была остановить выход в свет первой книги «Долгие ночи»? Что крамольного в ней нашел тов.Тацитов А.И.? Книга вышла в 1972 году. Читательская масса приняла ее с большой признательностью. В официальной критике в партийных документах ей дана высокая оценка. Книга вошла в учебную программу и изучается в средней школе. Ее читают чеченцы, проживающие в Турции и Иордании. В течение десяти лет со дня выхода книги в свет о ней я не слышал ни одного плохого слова. Вот объективная оценка этой книги доктора филологических наук, профессора, известного прозаика Джусойты Н.Г. и выводы доктора исторических наук, профессора ЧИГУ тов.Гриценко Н.П...

...Могу привести аналогичные выводы и рецензентов Маршаева Р.Г., Айдаева Ю.А., Сулаева М.А., Туркаева Х.В., Вагапова Я.С. и других.

Почему же тов.Ахматова Р.С. должна была помешать выходу книги «Долгие ночи», написанной «с марксистско-ленинских позиций», в которой «воплощены идеи интернационализма, дружбы народов», роман «идейно и художественно вполне зрелый, стоящий на уровне современной исторической романистики в советской литературе», книги, которая, если издать ее на русском языке, могла «упрочить репутацию чеченской художественной прозы в глазах не только чеченского, но и всесоюзного читателя»?

Шен ницкъ ма кхоччу Ахматова, Туркаев бехказдаккха г1иртира Айдамиров Абузар. Амма партийни органаш ца кхерош верг наггахь бен ца нислора. Ца кхеравеллачо а, шен дарж лардархьама, бохаме нисвелла накъост, доттаг1 а д1атосура. Цхьа ах шо даьлча Ахматовас обкоман пленумехь критика йира цунна. Ткъа Туркаевс Тацитовца шен къамел хиллачул т1аьхьа масех шарахь

шен литературни талламаш т1ехь диканна-вонна а Абузаран ц1е ца яьккхира.

**«Уверен , что в письме Чечено-Ингушского книжного издательства не только говорилось о «договорных отношениях с переводчиком тов.Албогачиевым», а преподнесли им мою книгу в самых мрачных красках, ибо издательство «Современник» отказалось ознакомить меня с письмом Чечено-Ингушского книжного издательства.**

**Зачем понадобился тов.Галаеву Х.М. этот вероломный ход?**

**Ведь наше книжное издательство вовсе не думает издавать эту книгу на русском языке. А выход ее в московском издательстве сделало бы честь нашей республике, да и принесло бы широкую известность чеченской литературе. Ответ очень простой: он хотел добить меня морально и материально. И не без ведома тов.Тацитова А.И.»**

Шена т1ехь лелочу ерриг а харцонашна машинкица зорба тоьхначу 40 аг1он т1ехь Тацитов бехкевора Абузара.

Иза партин обкоман пропагандин, агитацин отделан заведующи хилла ца 1ара. Иза КПСС обкоман хьалхарчу секретаран Власов А.В. аьтто куьг, фаворит вара.

Вуьйцург Тацитов велахь а, цуьнан ц1арца яздархочо бехкейора ерриг а обком. Болх Делан кара а белла, обкомана дуьхьал г1еттинера Айдамиров Абузар.

* * *

И кхераме г1улч цуьнга яккхийтира Тацитовс а, издательствехь гулбеллачу цуьнан ялхоша а.

Издательствон керла коьрта редактор Лорсанукаев Сайд-Ахьмад «Грозненский рабочий» газетан корреспондент волуш наггахь гуш, т1е-каре йолуш вара, кхин гергара вевзаш вацара цаьршинна.

Лорсанукаев издательствон коьрта редактор х1оттийча иза декъал а вина, цуьнга дехар дира Абузара.

- Делхьа, Сайд-Мохьмад, вай дуккха хенахь дуьйна девзаш, дезаш ду. Х1окху издательствон куьйгаллина а, суна а юккъехь дов ду, масех шарахь схьадог1уш. Ахь соьгахьа г1о даккхарх со тоьлур волуш а, хьо дуьхьалваларх кхин т1е галдер долуш а дац сан г1уллакх. Х1окхара соьца латториг харц дов ду. Муьлхха а вайнехан стаг ямарт хилча халахетара суна. Сан дехар ду хьоьга х1окху девнехь, соьгахьа г1о ца даккхахь а, суна дуьхьал ца волуш, юьстах латтар.

Умаровн, Лепиевн, Ахмадовн рецензишна т1е а доьг1на, февраль баттахь издательствос сацийнера «Лаьмнашкахь ткъес» араяккхаран г1уллакх. Оцу хьокъехь Абузара шеца къамел дича Бузуртановс ша волчу д1акхайкхира иза а, Лорсанукаев а. Бузуртановс цуьнгахула издательствона т1едиллира киншка араяккхаран болх сихбар. Обкомера араваьлча Сайд-Мохьмада элира, и роман ша ца ешча, цунах дерг ала ца хаьа, цхьана баттахь ша иза ешна вер ву, т1аккха къамел дийр ду вайша, аьлла.

И къамел цаьршиннан 1981 шеран 13 апрелехь хиллера, 19 майхь Абузар издательстве вхара. Лорсанукаев роман йоьшуш юккъе а ца ваьллера, амма ша иза кхи д1а еша а ца оьшу, Умаровс, Лепиевс, Ахмадовс цунах лаьцна аьллачунна ша реза ву, элира.

Дов къасто и ший а Галаев волчу вахара.

Галаевс а, Лорсанукаевс а бохура, оцу кхаа рецензенто гайтина кхачамбацарш д1а ца дахахь, шаьш роман араяккхар т1ехь болх болор бац.

-Цкъа хьалха сан киншкина редактор х1оттаве, - элира Абузара, - Истори а, литература а хууш верг. Шун издательствехь болчу редакторех мелла а г1оли верг Осмаев Асламбек ву. Иза редактор ло суна. Цо роман а, рецензеш а ешча, охашимма цхьаьний болх бийр бу. Издательствон «Положеница», законехь лелаш йолчу авторан бакъонашца а иштта хила деза. Умаровс, Лепиевс, Ахмадовс гайтина «кхачамбацарш» цхьа а тайпа бух болуш а, хьекъал, кхетам болчу, догц1енчу редакторо т1елоцур долуш а

дац. Галаев дуьхьалвелира киншкина редактор х1отто. Х1оттош хилча а, авторо гойту Осмаев Асламбек х1отто. Редактор къастор шен г1уллакх ду, цкъа хьалха рецензенташа гайтина кхачамбацарш д1а а дохуш, романа т1ехь болх бе, т1аккха дуьйцур ду редакторх дерг, бохура цо.

-Тамашийна стаг ву хьо, Абузар! – элира Галаевс, цо шайна к1елхьардовла некъ ца битича. – Хьан роман ца магош редзаключени язйина прозаик, СССР яздархойн Союзан член, коммунист волчу Эдилов Хасмохьмада. Цунна а хьо реза вац. Романна объективно, принципиально рецензиш язйина партин обкомехь жоьпаллин балхахь лаьттинчу яздархочо Ахмадов 1умара, г1араваьллачу 1илманчас, исторически 1илманан кандидата Умаров Сираждис, политически грамотни, философ волчу Лепиев 1айндис. Царна ахьо реза вац. Хьо цхьаъ хьекъале, массо а 1овдал х1унда хета хьуна?

Галаевс Лепиевн ц1е йоккхуш, издательствехь цхьа г1уллакх хилла иза ша чу а веана, охьахиира.

- Суна уьш 1овдалш ца хета, Хьасан. Со царал хьекъале а ца хета. Х1оранна а шен-шен болх дика хаьа. Эдилов – дика поэт ву, амма прозаик, историк а вац. Умаров – археолог ву, цунна дика хаьа кешнаш ахка. Ахмадов – математик ву, цунна а шен алгебраш дика хаьа хир ю. Ткъа х1окху философна Лепиевна х1ун хаьа ца хаьа суна. Оцу веаммо а шайна ца хуург дийцина. Я нийса аьлча – аш дийца аьлларг. И виъ стаг ву аш хаддаза суна дуьхьалветтарг. И роман арахеца магийна филологически 1илманан кандидаташ Вагапов Якъуб, Туркаев Хьасан, СССР яздархойн Союзан член Шайхиев 1алвади а, и роман арахеца шуна рекомендавать йина яздархойн Союзан правлени членаш – и верриг а уьш итт стаг ма вац шун хьахош? Уьш итт – 1овдал, важа виъ – хьекъале а шуна х1унда хета?

- Оцу кхаа рецензенто а, редакторо а хьайн романна йина критика нийса ца хетахь, иза нийса цахиларна тоьшаллаш далош, аргументаш ялош издательстве язде, - тохавелира Галаев.

- Ой, иза дан волахь, ас-м дийнна диссертаци язъян ма еза? Лаххара а цхьа б1е аг1о йолуш. Х1ун до ахь соьга совнаха къа хьегийтина?

- Ахь барта дуьйцучух ца теша тхо. Оьрсийн кица ца хезна хьуна: «слово к делу не пришьеш».

- Дика ду. Х1ара г1уллакх бахьана долуш ас шуьга а, кхечаьрга а яздинчу б1еннаш кехаташна т1е и б1е а яздийр ду ас! – Т1аккха Лепиевна т1евирзира Абузар. – Ахь суна йина ямартло ас хьуна марах йоккхур ю!

Лепиев ша хиъна 1ачуьра хьалаиккхира.

- Хезирий шуна цо аьлларг? Сан тешаш хилалаш!

- Цаьрга тешаш хилар х1унда доьху ахь? Айса аьллачунна т1ера со вухаваларна кхоьру хьо? Хьуна лаахь, и айса аьлларг кехат т1е д1а а яздина, буха куьг а та1ийна, ас х1инцца д1алур ду хьоьга!

И къамел хиллачул т1аьхьа цхьа иттех де даьлча Абузар яздархойн Союзе веача Ахматова Раисас элира цуьнга, Соьлжа-г1ала веача обкоме, пропагандин, агитацин отделан инструктор волчу Хучиев Адамна т1евола бохуш, шега телефон тоьхна аьлла. Иза цига воьдуш, обкомехь шен г1уллакх ду аьлла Раиса а яхара цуьнца.

- Хьайна арз яздиний хаьий хьуна? – элира Адама, маршалла хьаьттинчул т1аьхьа.

- Ца хаьа. Хьан яздина?

- Лепиев 1айндис.

Деша аьлла, Адама схьадиллира куьйга пхеа-ялх аг1он т1ехь яздина арз.

Арз Власовн ц1арах яздинера. Хьо воккха партин, пачхьалкхан деятель вара, лераме Александр Владимирович, - яздора Лепиевс, - хьан кочахь яккхий г1айг1анаш яра, делахь а ца ваьллачу денна х1окху сайн кехатца вуьшта а хьан к1езиг йолу хан д1аяккха дийзи сан. Айдамировн киншкех лаьцна ц1ена а, даггара а сайна хетарг аьллера ас, амма сан бакъдерг цунна ца дезаделла. Издательствон директор Галаев Х.М., коьрта редактор Лорсанукаев С., коьрта редактор Яблокова Г.И. тешаш а болуш, оцу Айдамировс нохчийн 1адатехь, нохчийн маттахь соьга ч1ир хьейина, цунах со ларвар доьху ас хьоьга…

Кхин д1а киншкех лаьцна дерг ца дийшира Абузара.

- Х1окхунна кхайкхина аш со обкоме?- хьаттира цо.

Адам ша оьзда, г1иллакхе жима стаг вара.

- Кхайкхина. Хьуна дан г1о дацахь а, тхо цхьадолчара лоруш, сий деш, тхуна везаш а стаг ву хьо, Абузар. Хьайн дуьхьалончашка тера хьо лелча, хьайна х1ара тайпа арз яздан бахьана доккху ахь. Х1инцачул т1аьхьа иштачу ямарт нахах ларлуш, собаре хилахьара хьо ала кхайкхина оха хьо.

Абузар велавелира.

- Делхьа, Адам, и Лепиев вен ойла хилла вара со, х1инца, партин обкоман дуьхьа ца вуьйш вуьтур ву ас иза!

Абузара шена п1елг хьакхорна кхоьруш а ца яздинера Лепиевс и арз. Обкомана хьалха иза бехван 1алашо йолуш яздинера.

Цул т1аьхьа дукха хан ялале, августехь, Ленинан ц1арахчу культуран ц1ийнехь ишколийн куьйгалхойн конференци хилира. Иза чекхъяьлча арахь х1оьттина лаьттара Абузар а, Эсхаджиев Якъуб а, Индербиев Гилани а. «Ленинан некъ» газетан редакцера кхуза веана Лепиев оцу кхаанна т1е1оттавелира. Якъуб, Гилани, 1айнди хьехархойн институтехь цхьаьна дешна а, вовшашца уьйраш йолуш а бара. Оцу шинна т1е ца веача а ца волуш, Абузар новкъа а волуш, ша х1ун дан деза ца хууш, дика д1аса а хьийзина, эххар а царна т1евеара 1айнди. Цаьршиннан куьг лоцуш мара а иккхина, Абузар 1аддавитира цо. Цунна х1ун дийр ду ца хууш, воьхнера иза.

- Схьаволахьа, 1айнди, суна а мараэккхахьа, - аьлла, вела а воьлуш, куьг кховдийра Абузара цуьнга. – Сох ма кхера, ас обкомана дош дела хьо ца вен!

Ган а гуш, юьхь ц1ийъелира 1айндин. Яздархочун куьг а лаьцна, цунна а мараиккхира иза. Иштта чекхделира цаьршиннан дов.

* * *

Эдиловс, Лепиевс шайн редзаключенишна а, Умаровс, Ахмадовс шайн рецензишна а т1ехь «Лаьмнашкахь ткъес» романна йина критика нийса ца хиларна тоьшаллаш далош Галаевс изда-

тельстве кехат язде шега аьлча, кхин болу белхаш д1а а тийсина, «Авторская справка по рецензиям на вторую книгу «Долгие ночи»» язйира Абузара.

Цо хьегна и къа а эрна дайра. Галаевн а, цуьнан накъостийн а дош – дош а, дийцинарг – дийцина а дацара. Машинкица зорба тоьхна 75 аг1он т1ехь язйина и справка 1981 шеран 9 июлехь Галаевга д1аелира цо. Иза карахь д1аса а хьовзийна, Лепиевн ред-заключенина а, Умаровн рецензина а т1е а доьг1на, февраль баттахь шаьш и роман араяккхаран г1уллакх д1акъевлина, иза шаьш х1еттахь хьоьга д1ахаийтинера, элира Галаевс.

Х1ун дуьйцур дара иштачу нахаца? Кхин иэхь, яхь а йоцчу?

Т1аккха цхьа хан яьлча цо х1оттийна и сравка къастор шаьш Умаровна а, Лепиевна а, Ахмадовна а т1едуьллур ду, цаьрца къастаде и дов, элира.

Тацитовс, издательствон куьйгалло а шена т1ехь латточу харцонех лаьцна 1981 шеран 3 августехь Бузуртанов Мохьмаде 21 аг1он т1ехь яздина кехат дахьийтира Абузара. 6 августехь Галаевга а, Лорсанукаевга а кехат а делира, х1ара лехамаш т1ехь болуш:

**«... Во время нашей беседы тов.Лорсанукаев С.М. сказал мне, что представленная мною справка будет обсуждена с рецензентами С.Умаровым, А.Лепиевым и У.Ахмадовым, и только после этого будут приняты практические меры по подготовке книги к изданию.**

**Я полностью поддерживаю эту инициативу, больше того – настаиваю на этом, только при одном условии. При обсуждении рецензий и моей справки каждая сторона будет отстаивать свои позиции и в конечном счете мы разойдемся ни с чем. Поэтому в обсуждении требуется участие третьих, незаинтересованных лиц – историков, литературоведов, кроме того, необходимо присутствие тех рецензентов, которые дали положительную оценку той же книге.**

**Поскольку данный вопрос является принципиальным, чрезвычайно серьезным для меня и носит чисто научно-те-**

**оретический характер, я решительно настаиваю на следующем:**

**1. На участии в обсуждении кандидатов филологических наук языковеда Вагапова Я.С. и литературоведа Туркаева Х.В., которые ранее дали положительную оценку книге.**

**2. На участие в обсуждении кандидатов исторических наук, декана исторического факультета ЧИГУ т.Хасбулатова А.И., преподавателя ЧИГУ т.Исаева С.А. и зав.сектором истории СССР дореволюционного периода ЧИНИИИОФ т.Ахмадова Ш.Б.**

**3. Участие т.Ахматовой Р.С., как писателя, председателя правления СП, члена обкома КПСС, депутата Верховного Совета ЧИАССР.**

**4. Срочно размножить на несколько экземпляров рецензию С.Умарова, А.Лепиева и У.Ахмадова и составленную мною справку, вручить их для тщательного изучения т.т.Ахматовой Р.С., Ахмадову Ш.Б., Вагапову Я.С., Туркаеву Х.В., Исаеву С.А. и Хасбулатову А.И.**

**5. Решение данного вопроса организовать безотлагательно; во-первых, книг стоит в плане 1981 года, во-вторых, тт.Хасбулатов А.И. и Исаев С.А. с 1 сентября будут заняты со студентами на уборке.**

**6. Если один из вышеназванных товарищей не примет участие в обсуждении данного вопроса, его решение буду считать формальным».**

Иза дича шаьш 1орабовларна кхерабелла, издательствон куьйгалхой цунна реза ца хилира.

Дов юха а доладелира.

Абузаран кехат шега д1акхаьчча, Бузуртановс шена т1екхайкхира иза а, Галаев, Лорсануакаев. Церан къамелехь дакъалоцуш яра пропагандин, агитацин отделерчу зорбанан секторан заведующи Бенкевич Н.Т.

- Хьан дуьйцу аш х1окху г1уллакхах лаьцна? – хаьттира Бузуртановс издательствон куьйгалхошка.

Лорсанукаев хьалхатеттира Галаевс. Ши нохчо вовшашна коча а тесна, юьстах 1ен атта дара цунна. Цхьа туп «шпаргалкаш» шена хьалха схьа а яржийна, къамел дан волавелира Лорсанукев. Цо дуьйцург цхьа а керла дацара Абузарна. В.Федоровн, Ю.Поваляевн, И.Минтякан, Г.Яблокован,В.Чалмаевн, С.Умаровн, 1.Лепиевн, 1.Ахмадовн рецензешна т1ера авторх а, цуьнан произведенех а аьлла вуон, боьха мел дерг схьа а лахьийна, иза дара цо дуьйцург. Айдамировн ерриг исторически произведениш антинаучни, антипартийни, къаьмнийн доттаг1аллина зуламе ю бохура. «Еха буьйсанаш» романна т1ехь, д1адаханчу б1ешарахь нохчий Турце кхалхор дуьхьал а лоьцуш, 1944 шарахь нохчий, г1алг1ай Казахстане «командировке» бахийтар яздина, цунах халкъ дика кхетта. Шина а романа т1ехь кхи долу къаьмнаш лахдеш, нохчийн къам хестадо, иза майра, турпала, оьзда ду бохуш. «Лаьмнашкахь ткъес» роман х1инца ша ма ярра араяккха мегар яц, цо нохчийн халкъан националистически кхетам самабоккхур бу, цунна т1е зуламе 1аткъам бийр бу, и.д1а кхин а...

Хьекъалечу, оьздачу къонахчо ша цхьа стаг бехкевеш, юьхьа дуьхьал цуьнга бакъдерг олуш, ша мел оьг1азвахнехь а, и стаг мел къонах вацахь а, иза сийсазварх ларлуш, оьздачу дешнашца, г1иллакхехь къамел до. Ткъа Лорсануакаевн къамел цхьана а г1иллакхца а, оьздангаллица а ца дог1ура. Юкъа цхьацца «жаргонаш» а ялош, наггахь цавашаре, толаме Абузаре а хьоьжуш, шен ницкъ ма кхоччу иза сийсазван г1ертара иза.

Иза дийцина валлалц цуьнга собаре ла а доьг1на, Галаевга вистхилира Абузар:

- Хьан дуй кхин т1етоьхна ала?

- Дац. Цо дийцинарг къобалдо ас.

- Ахь муха до и къобал, айхьа роман ешна а ца хилча?

- Со рецензентех, коьртачу редакторх а теша. Уьш 1илманчаш, яздархой, коммунисташ а бу.

- Со фашист ву ткъа?

Т1аккха хьала а г1еттина, шен ницкъ ма кхоччу собаре хила г1ерташ доцца къамел дира яздархочо.

- Лорсанукаевс дийцинарг цхьа а тайпа бух болуш дац. Уьш дерриш а харц эладитанаш, инсинуациш хилар ас гайтина, Мохьмад, айса Власовга, хьоьга а ядинчу кехаташна а, издательстве айса еллачу справкина а т1ехь. Цундела, уьш юха-юха а дуьйцуш, хан йойур яц. Х1ара ши стаг коммунист а, партин идеологически жоьпаллин учреждениn ши куьйгалхо а ву. Амма х1окху шина стеган тахана шаьш дийцанарг кхана дац, харц дерг дийцар, ямартло яр а дош ца хетта. Ши бутт хьалха х1окху Галаевс элира соьга, Умаровс, Лепиевс, Ахмадовс шайн рецензишна т1ехь хьайн киншкина йина критика хьайна нийса ца хетахь, иза нийса цахиларна бакъдерш далош издательстве язде, шаьш и г1уллакх къастор ду аьлла. Кхи болу сайн белхаш д1а а тийсина, цхьана баттахь къа а хьегна, 75 аг1он т1ехь язйина и справка цхьа бутт хьалха х1окху Галаевга д1аелира ас. Цул т1аьхьа цхьа бутт хан яьлла, амма х1окху шимма оцу справки т1ера цхьа мог1а а ца бешна. Х1инца х1ун боху х1окху шина стага? Ас далийна бакъдерш талла и справка шаьш Умаровга, Лепиевга, Ахмадовга д1ало боху. Оцу кхаамма мук1арло дийр ма дац шаьш харц хиларна. Цундела, Мохьмад, айса хьоьга а, издательстве а т1аьххьара яздинчу кехаташ т1ехь ас дехна оцу кхаа рецензентан рецензиш а, ас х1оттийна справка а йийцаре ян историкех, литературоведех, яздархойх компетентни комиссии кхоллар. Иза дан реза вац Галаев, Лорсанукев. Х1унда аьлча, оцу комиссис 1орайохур ю рецензентийн, издательствон куьйгалхойн аьрталла, харцонаш, ямартлонаш а. И комисси кхоллар доьху ас хьоьга, Мохьмад. Ткъа сайн романаш т1ехь ас нохчийн къам хестош, кхи долу къаьмнаш лахдеш язйина меттигаш ю бохуш, Лорсанукаевс дуьйцург дуьххьалд1а харц ду. Лорсанукаевс сан киншкаш ца ешна, царна т1ехь ас х1ун яздина а ца хаьа цунна. Я хаа корта а бац цуьнан. Нохчийн къам майра, оьзда, доьналле ду ас ца аьлла романа т1ехь, ткъа оьрсийн, гуьржийн, эрмалойн, кхечу къаьмнийн векалш аьлла. И дешнаш ас сайггара кхоьллина дац, ткъа романан турпалхой болчу Россин пачхьалкхан, т1еман деятелийн йозанаш т1ера схьа а эцна, церан бартахула схьаалийтина. И цхьаъ ду. Шолг1а, сан бакъо а ю, декхар а ду кхи долу къаьмнаш ца лахдеш, сайн халкъан турпала хьуьнарш, май-

ралла, доьналла , оьздангалла а хесто. Соьга иза ца дайта бакъо яц цхьаьннан а.

Цигахь кхачийра Абузаран собар. Х1инца иза нохчийн матте велира.

- Сайд=Мохьмад, оцу сайн романаш т1ехь ас дуьйцург а, хесториг а б1ешерийн дохалла 1азап, баланаш лайна, эххар а «Казахстане командировке» дахийтина хьан а, сан а декъаза нохчийн халкъ ду. Х1окху обкомана хьалха дикачу ц1арла хила г1ерташ, хьесталуш, ахь тахана сийсазвийриг со вац хьуна, ахь сийсаздийриг хьайн халкъ ду. Ахь тахана суна йина ямартло хьайн халкъана йина ахь. Шайн декъаза даржаш шайгахь лардан г1ерташ тахана суна дуьхьалдовла иэхь ца хеттарш, кхана б1аьрнег1ар ца тухуш нохчийн халкъана дуьхьалдовла а тарло…

Абузаран аз т1аьхьа-т1аьхьа айдала доьлча, иза генаваларна кхеравеллачу Мохьмада, хьалаг1еттина, сехьа а ваьлла, цуьнан пхьарс схьалецира.

- Абузар, хьо сихвелла, ишта мегар дац…

- Со сих ца вела, Мохьмад, - озийна, цуьнан буйнара шен пхьарс схьабаьккхира оьг1азваханчу яздархочо. – Масех шо ду х1окхеран харцонаш, эладитанаш, питанаш ловш ас собаре садетта. Х1орш совцош шу а дац. Д1а охьахаа хьайн меттиге, айса эриг со аьлла ваьлла. Дийцарх кхета а, иэхь хета а нах бац х1орш!

Бузуртанов Мохьмад хьекъале, оьзда стаг вара. Абузаран г1уллакхан бала болуш, шен ницкъ ма кхоччу цунна г1о дан а г1ертара. Амма обкоман идеологин секретарь велахь а, иза маьрша вацара шен даго хьоьхург кхочушдан.

Айдамировс йоьху комисси ца кхоьллира. Роман рецензина елира ЧИНИИИСФ. Цигахь рецензиш язъяр т1едиллира исторически 1илманан кандидаташна Ахмадов Явузна, Ахмадов Шарпуддина, Исаева Т1аусана, филологически 1илманан кандидатана, ЧИНИИ-ИСФ литературан секторан заведующина Туркаев Хьасанна а.

Обкомехь и институт курировать еш йолчу, мацах Абузаран дов даьллачу Тимошенко Р.Н. цигарчу куьйгаллина т1едиллинера роман ца магош рецензиш язъяйтар. Иза а Тацитовс боьзна маша

бара. Амма оцу кхаа историко кхочуш ца бира Тимошенкон а, Тацитовн а лаам. Цара лакхара мах хадийра романан. Туркаев а шен хьалхалерчу позицехь сецнера, перестраховкина цхьацца хийцамаш а бина.

Церан рецензиш издательстве схьаелира ноябрь бутт юккъе бaьлча. Обкомо шайга роман араяккхарна т1ехь болх болабе бахарх, иза болош бацара куьйгалхой.

Дуккха а къийсинчул т1аьхьа, автора шайга воьху Осмаев Асламбек х1оттийра романан редактор. Цо ца дира Галаевг1арна луург. Эдиловс, Минтяка, Лепиевс санна, ша цаьрга ца ловзавайтира. Абузара шега аьлла цхьа дош а доцуш, объективно, принципиально романан мах хадош редзаключени язйира цо. Редзаключени ерзош, жам1 деш х1ара дешнаш далийра Асланбека:

**«...Событийная сторона романа поступательно выдержана и ведет к назревающей в России пролетарской революции. Есть, конечно, места, которые нужно сократить /частые повторы характеристик царских прислужников, чрезмерно развернутые описания передвижения войск и т.д./ или стилистически и лексически выправить. В целом же книга, несомненно, достойна быть изданной».**

Осмаев Асланбека яьккхинарг майра а, оьзда а г1улч яра. Оцу хенахь Абузарах доглозуш, атталла цуьнан доттаг1ий а ца баьхьара официале цуьнгахьа дош ала. Асланбек шен куьйгаллина а дуьхьалвелира иза бахьана долуш. Иза дича, ша балхара д1аваккхур вуйла а хууш. Цхьа шо даьлча ваккха а ваьккхира. Издательствехь Абузарна дуьхьал бинчу бартана доккха ков даьккхира цо.

Шен дог-ойланца Абузарехьа, ца хуьлчу даьлча цунна г1о лоцур долуш Саракаев Хьамзат а вара цигахь.

Т1аьхьа, и де т1ех1оьттича, Абузарна улло а х1оьттира иза.

* * *

**Лаьар-кха сайн оьмар**
**Жима яхлойла,**
**Хьомечу халкъана,**
**Махкана ваца.**
**Цаьршиннан ирс кхуллуш.**
**Даггах къахьега,**
**Т1аьххьара ц1ийн т1адам**
**Царна д1алойла**

**А.АЙДАМИРОВ**

Нохчийн, г1алг1айн халкъаш «шайн лаамехь Россих д1акхетта 200 шо» а, Нохч-Г1алг1айн автономин 60 шо а кхачаран юбилей 1982 шеран гурахь язъян кечлуш яра республика. Цунна кечамбар д1адолийра 1979 шеран 2-3 октябрехь Соьлжа-г1алахь гулйинчу «Прогрессивная роль России в исторических судьбах народов Северного Кавказа» 1илманан конференцина т1ера. Цигахь дакъалоцуш бара Кавказера, Москвара, Ленинградера, кхечу республикашкара а 1илманчаш, партийно-советски куьйгалхой а. Конференци схьайиллира КПСС ЦК члено, КПСС Нохч-Г1алг1айн обкоман хьалхарчу секретара Власов Александр Владимировича. Цигахь къамелаш динчу 77 1илманчин материалех киншка а йина, 1982 шарахь Соьлжа-г1алахь арахийцира, «Великий Октябрь и передовая Россия в исторических судьбах народов Северного Кавказа /ХУ1-70-е годы XX века/» ц1е йолуш.

Х1етахь дуьйна республикехь цхьана газетан номер, цхьа а теле-радиопередача ца хуьлура оцу юбилейх материалаш йоцуш. Конференцешкахь, пленумашкахь, сессишкахь, кхеташонашкахь докладаш, къамелаш, 1илманчийн, яздархойн, журналистийн статьяш а цунна т1ера д1аюьйлайора. Цунах лаьцна лозунгаш яра предприятешкахь, учрежденешкахь, организацешкахь, урамашца, некъашца а д1айиттина.

Партис, пачхьалкхо а х1окху республикехь айдина лелориг а, Абузаран исторически романаш т1ехь яздинарг а дуьхь-дуьхьал дара.

Х1етте а, мацах цкъа мохан хьераца къийсина Дон-Кихот санна, партин, пачхьалкхан политикан а, идеологин а нуьцкъалчу машенца къийса ваьллера Айдамиров Абузар.

Оцу къийсамо юкъахьарчийнчу Абузаран юьхьанца тидам а ца хилира, я ойла а ца йира шена т1ехула гуллучу дорцан морхийн.

1975 шарахь дуьйна яздархочун произведенеш арайохуш яцара. 1979 шеран май беттан 15 дийнахь дуьйна 1983 шеран 2 март кхаччалц газеташа Айдамировн статьяш, очеркаш зорба ца туьйхира.

1980 шеран декабрь чекхболуш обпастан парторганизацин XVII конференцехь Абузара къамел динчул т1аьхьа 1982 шеран 15 октябрь кхаччалц цуьнан ц1е ца яьккхира зорбанехь а, телевиденехь а, радиохь а.

1980 шеран 11 июнехь «Грозненский рабочий» газетехь «Во имя братства./Национальное и интернациональное в чеченской и ингушской литературах/» ц1е йолуш Айдаев Юша1ан статья зорба туьйхира. Массо яздархойн ц1ераш яра оцу т1ехь, Абузарниг яцара.

1981 шарахь Москвахь араелира Ахматова Раисин «Рассвет и горы» ц1е йолуш, лакхахь йийцинчу юбилейна лерина публицистически киншка. Республикан литературах, искусствох дуьйцучу декъахь къеначу а, къоначу а берриг яздархойн ц1ераш яра, халкъан яздархо волчу Айдамиров Абузаран ц1е яцара. Киншка язйинарг республикан яздархойн Союзан председатель а, киншкин редколлегин кхаа декъашхочух цхьаъ обкоман пропагандин, агитацин отделан заведующи Тацитов А.И. а хилча, царна иза вицвелла вуьсийла а дацара.

Оццу шарахь издательствехь араелира «Слово о современнике» ц1е йолуш И.Минтяка х1оттийна яздархойн, журналистийн публицистически статьяш, очеркаш йолуш гулар. Оцу гуларна юьртбахамах, халкъан дешарх лаьцна шен шиъ очерк еллера Абузара. Араяьлча цу т1ехь цуьнан очеркаш яцара.

Шен дуьхьалончийн Айдаев Ю., Минтяк И., Тацитов А.И. болх бу иза, цара шена х1уьттаренна дина хир ду иза аьлла, оцу т1е а тидда, дитира Абузара.

Амма дукха хан яллале цунна хезира партин обкомо серлонан министерстве юккъерчу ишколан нохчийн литературан програм-

мина а, учебникашна а юкъара «Еха буьйсанаш» д1а а яккха, газеташка, телевиденига, радиога яздархо санна Айдамиров пропагандировать вича мегар а дац аьлла, бохуш.

И хабарш зерхьама 1982 шо доладелча «Ленинан некъ», «Грозненский рабочий» газеташка, радиога шен шолг1ачу киншкин цхьацца дакъа делира яздархочо. Цунна кестта жоп деара, язйина аьлла, официале къобал йина йоцчу произведенийн дакъош шаьш зорба тухуш дац, аьлла.

Иза бакъ дацара. Х1унда аьлча, х1етахь цхьа бутт хьалха, язйина ялаза йолчу А.Ведзижевн романан дакъош «Ленинан некъо» а, И.Базоркинан, Е.Чебалинан романийн дакъош «Грозненский рабочийс» а зорба тоьхнера масех номерехь.

Шена хезна эладитанаш эрна цахиларх тешначу Абузара Власовга телеграмма елира, сихонца ша т1еиэца аьлла. Цо ша т1е ца ийцира иза, цуьнца къамел дар Бузуртановна т1едиллира. 1982 шеран 21 январехь яздархо Бузуртанов волчохь хилира.

- Д1адаханчу шеран сентябрехь ахь Власовга яздина кехат цо а, ас а лерина дешна, - элира Бузуртановс. – Х1инца цкъа хьо т1еиэцца мукъа хан яц цуьнан. Оцу кехатах лаьцна т1аьхьа шен хьоьца доккха къамел хир ду, ткъа тахана хьоьга ладог1ар суна т1едиллина цо. «Еха буьйсанаш» роман х1инца ша йолчу вариантехь я нохчийн, я оьрсийн маттахь шолг1а арайоккхур яц х1инца х1иттинчу хьелашкахь. Цхьа хан яьлча иза араяккхаран г1уллакхе хьожур ю обком. Шолг1а киншка нохчийн маттахь араяккха сацам хилла. Х1унда аьлча, ЧИНИИИСФ литературан, СССР революци хилале хьалхалерчу историн секторша цунна т1ехдика рецензиш елла. Цара гайтина кхачамбацарш хьо д1адьхна ма велли иза арайоккхур ю вай. Ткъа «Еха буьйсанаш» программашна а, учебникашна а юкъара д1аяккха а, газеташка, телевиденига, радиога пропагандировать ма е а ца аьлла я хьалхарчу секретара а, я ас а. Иза хьан аьлла а хьовсур ду, бехкениг жоьпе а озор ву.

Власовна а, Бузуртановна а иза хууш хилла хир дацара. Амма серлонан министерстве, газеташка, телевидени, радио обкомерчу цхьамма иза алар бакъ дара. Иза а Тацитовн болх хиларан цхьа а тайпа шеко яцара.

Цул т1аьхьа кхо бутт баьлча 1982 шеран 23 апрелехь арадаьллачу «Грозненский рабочий» газетехь зорба тоьхначу «Критерий – правда жизни. Заметки о чечено-ингушском романе» ц1е йолчу цуьнан доттаг1 лоручу Туркаев Хьасанан статья т1ехь а яцара Абузаран ц1е. 1981 шеран 1 апрелехь дуьйна схьа иза дуьххьара гучуелира «Грозненский рабочий» газетан культуран отделан заведующщин Калита Людмила Владимировнин Москвара схьа йинчу репортажехь/Л.Калита. Прекрасен наш союз. «ГР», 15 октября 1982 г./. Республикан юбилей Москвахь язъеш цига баханера литературан, искусствон белхалой. Царах лаьцна яра и репортаж. Амма республикан кхечу газетийн корреспонденташа ца яьккхира цуьнан ц1е. Людмила а, цуьнан х1усамда, оццу газетан кхечу отделан заведующи Беловецкий Вадим а гергарло лелош дара Абузаран доьзалца.

1979 шеран май беттан 15 дийнахь дуьйна схьа 1983 шеран 3 мартехь «Грозненский рабочий» газетехь дуьххьара зорба туьйхира цуьнан статья. Иза а - Бузуртановс редакцина т1едилларца.

* * *

Институтерчу 1илманчаша а, издательствон редакторо а роман арахеца магийча, терзанан дозалла Айдамировгахьа делира. Х1инца ишта нисделира г1уллакх:

Цхьа ладам боццу хийцамаш бичхьана, роман арахеца магийнера:

1.Ахмадов Явуза – исторически 1илманан кандидата.

2.Ахмадов Шарпуддис – исторически 1илманан кандидата.

3.Вагапов Якъуба – филологически 1илманан кандидата.

4.Исаева Т1ауса – филологически 1илманан кандидата.

5.Туркаев Хьасана – филологически 1илманан кандидата.

6.Шайхиев 1алвадис – СССР яздархойн Союзан члена.

7.Осмаев Асланбека – издательствон редактора, поэта.

8.Яздархойн Союзан правленис.

Роман араяккха маггане а ца магийнера:

1.Ахмадов 1умара – радиокомитетан редактора, литератора.

2.Лепиев 1айндис – издательствон лакхарчу редактора.
3.Умаров Сираждис – исторически 1илманан кандидата.
4.Эдилов Хасмохьмада – СССР яздархойн Союзан члена, издательствон редактора.

Амма издательствон куьйгалхой киншка араяккха куьг д1а1уттуш а бацара. 21 январехь Бузуртановца къамел хиллачул т1аьхьа, редактор Осмаев Асланбек ша волчу а валийна, т1аьхьарчу рецензентийн лаамаш, хетарш тидаме а оьцуш, нисдан, хийца мегарш тодеш итт дийнахь болх а бина, 8 февралехь роман Галаевна хьалха стола т1е охьайиллира Абузара.

Т1аккха, Лорсанукаевс, ша еша еза аьлла шега д1а а эцна, цо цхьа мог1а а ца боьшуш, беа баттахь цуьнгахь 1иллира иза. Абузара шаьш сагатдеш ца дитича, Галаевс а, Лорсанукевс а и киншка рецензина яхьийтира... Умаров Сираждига!

В.Б.Виноградов а, Умаров С.Ц. а оцу шерашкахь нохчийн, г1алг1айн халкъийн керла истори язъеш вара. Масех б1ешарахь историкаша яздинарг хуьйцуш. Обкоман, КГБ тешамечу оцу шимма къобалдинарг бен, цхьана а историкан талламан болх зорба а ца тухура. Ерриг роман ца еллера Умаровга, ах еллера. Важа ах ша еша дагахь. Ткъа Умаровс и шега елла ах а ца йоьшуш, куьйга цхьана кехатан эханна т1ехь заключени еллера роман арахеца ца магош.

Церан и дов марсадаьллачу хенахь, 1982 шеран 30 мартехь КПСС обкоман У пленумехь критика йира Абузарна.

Яцйина газета т1ехь зорба тоьхначу А.В.Власовн доклада т1ехь Абузарах лаьцна аьлларг дацара. Иза газета т1е ца даьккхинера. Пленумехь къамел динчу Ахматова Раисас аьлларг зорба тоьхнера:

**«Известно, что художественное освоение прошлого и настоящего требует от писателя большой политической зоркости, глубокого, с партийной, марксистско-ленинских позиций, осмысления того, о чем он пишет, того, что он несет своим творчеством широким массам. К сожалению, не всем нашим литераторам удается с четких классовых позиций показать**

**события прошлого и настоящего. В этом отношении совершенно правильно подвергнут в докладе критике выпущенный в начале 70-х годов роман Абузара Айдамирова «Долгие ночи». Виноват в этом и Союз писателей республики, не увидевший идеологические просчеты этого произвдения. Но в связи с этим возникает вопрос, как наши критики и рецензенты могли обойти существенные недостатки этого романа».**

**/Пятый пленум Чечено-Ингушского обкома КПСС. «Воспитывать патриотов-интернационалистов». Газета «Грозненский рабочий», 1 апреля 1982 г., №77/.**

Пленум чекхъяьллачул т1аьхьа, цхьа к1ира даьлча Соьлжа-г1ала веана Абузар издательстве вахара. Нохчийн г1иллакх ду, жима а, воккха а стаг чу веача, хьалаг1оттуш. Ша волчу кабинета иза чувеача, Лорсанукаев ша хиъна 1ачура метах а ца хьайра. Толаме, цавашаре цуьнга а хьаьжна, шена хьалха 1охку кехаташ кего вуьйлира.

Цигара ваьлча яздархойн Союзе вахара Абузар. Ахматова Раиса а, секретарь-машинистка Сацита а шаьш яра цигахь. Иза чоьхьаваьлча Раиса йилхира.

- Соьга нуьцкъах алийтира хьох лаьцна критика еш дош. Х1ара Сацита теш ю-кх. Тацитовс ала бохург ас ца яздеш, х1окху Саците борх1азза зорба тохийтира сан къамел. И критика ас ца йича, со ца йитира Тацитовс… Со зуда ма ю…Х1инца массеран а луур даьлла. Хьо цхьаъ вара суна дуьхьал ца волуш висина… Х1инца хьо а дуьхьалвер ву бохуш, вовшашна кхаьънаш дохуш бу…

Раиса хала амал йолуш зуда а, куьйгалхо а яра. Цо дов даккхаза, шен ала дерг цо алаза цхьа а яздархо ца висинера. Цундела т1аьхьарчу шина съездехь иза яздархойн Союзан председателан декхарех мукъаяккха г1оьртира яздархой. Шоззе а Абузара цуьнгахьа г1о даьккхира. Цуьнан амалшна резахилар а дацара иза. Хала стаг елахь а, нохчийн зуда яра иза, цуьнца къийсар боьршачу стагехь товш ца хетара Абузарна.

- Ма елха, Раиса, - элира цо. - Ахь и къамел хьайн даггара динехь а, со дуьхьалвер вацара хьуна. Со зударшца къуьйсучу къонахойх вац. Оцу аг1ор сапарг1ат хилалахь.

Оцу пленумехь бертахь я бертаза ша цунна критика йинехь а, Раисас доккха г1о дира «Лаьмнашкахь ткъес» романна гонах марсабаьллачу къийсамехь. Романан цхьа мог1а ша бешна боццушехь, ша иза еша а ешна, иза исторически бакъдерг гойтуш, халкъийн доттаг1алла ч1аг1дарна т1ехьажийна, политически, идеологически, партийни позицехь нийса язйина аьлла яздина КПСС обкоме кехат делира цо.

Пленум хиллачул т1аьхьа цхьа бутт баьлча ЧИНИИИСФ шен доттаг1 Туркаев Хьасан волчу вахана Абузар хиъна 1аш, шена хьалха 1охкучу масех кехата т1ехь ларамза б1аьрг сецира цуьнан. Иза Дахкильгов Ибрах1иман, Хьасанан цхьаьний язбечу цхьана литературан талламан белхан проект яра. Кехаташ хоьрцуш, юкъ-юкъа б1аьрг туьйхира цо. Массо а яздархойн ц1ераш яра иза воцчуьнан. Цул къоначийн а. Базоркин Идрисах язбина иттех мог1а бара, хьакъ волуш иза хестош.

- Сан ц1е ма яц х1окху т1ехь? – хаьттира цо Хьасане.

- Кхузткъалг1ачу шерашкахь киншкаш араевлла яздархой бу оха оцу юкъа бахийтинарш.

- Ой, сан барх1 киншка ара ма яьлла кхузткъалг1ачу шерашкахь? Шун-м х1етахь цхьа а книга ара ца яьлла яздархой а ма бу х1окху т1ехь!

Хьасана, ручка кара а лаьцна, Абузарна хьалхара кехаташ д1аозийра.

- Дита х1инца, - кехаташ совцийра яздархочо. - Ас хьайга и аларна ма язвелахь со х1окху т1е. Базоркин Идрис ас лоруш, сий деш а, оьзда стаг, къонах, воккха яздархо а ву. Иза хесто хьакъ ву вай массар а. Шен халкъана т1е хала киртиг х1оьттанчу деношкахь цунна улло х1оьттина аьлла партера д1а а ваьккхина, помещикан к1ант, белогвардески полковникан вешин к1ант хилла бохуш, зорбанехь бес-бесара ярлыкаш т1е а летийна, хьийзийра иза цхьайтта шо хьалха. Х1етте а Дахкильгов ца кхийрина х1окху т1ехь цунах лаьцна хьакъ долу дешнаш ала. Ткъа обкоман пленумехь суна

критика йина аьлла, шу цхьа а шайн белхаш т1ехь сан ц1е яккха ца ваьхьа. Хьайн т1аьххьарчу статья т1ехь а ца яьккхира ахь сан ц1е!

Хьасана стоьлан г1утакх чуьра схьа а эцна, оцу шен статьян оригинал гайтира Абузаре.

-Хьан ц1е ас язйинера х1окху т1ехь. Гой хьуна, газетан редакцехь д1аяйина.

- Т1аккха, ахь бакъо яла ца езара-кх царна и статья араяккха!

-Суна ца хиира иза, статья араяьллачул т1аьхьа а бен.

- Аш-м со дийна воллуш д1авоьллина! Со велла вац шуна. Ца веллийла ас хоуьйтур а ду. Ледара нах ду шу, Хьасан. Шаьш оцу обкомо дайарна кхоьру шу?

Х1инца а цхьана ханна Тацитов а, цуьнан г1ера а тоьллера.

Амма Абузаран къарвала ойла а яцара. Пленум хиллачул т1аьхьа жимма ойла а йина, Власовга телеграмма елира цо:

**<u>«Телеграмма. Срочная. 16 апреля 1982 года. Грозный, Чечено-Ингушский обком КПСС, тов.Власову А.В.</u>**

**<u>Я в полном неведении о происходящем вокруг моего литературного творчества. Третий раз обращаюсь к Вам с просьбой принять меня и разъяснить мне, что делается со мною.»</u>**

Цхьана баттахь ла а дег1на, кхин Власовгара жоп ца деача, юха а телеграмма елира Абузара:

**«Телеграмма. Срочная. 23 мая 1982 года. Грозный, Чечено-Ингушский обком КПСС, тов.Власову А.В.**

**Четвертая с октября 1981 года. Прошу срочно принять меня для личной беседы».**

Власовс ша т1е ца ийцира иза х1инца а, цо т1едилларца 9 июнехь Бузуртановс т1еийцира. Кхин къамелана а доцуш, юбилейн г1уллакхаш чекхдаллалц ша мукъа хир вац, октябрехь юбилей Москвахь язйийр ю, цигара ц1а вирзича ша хьо т1еоьцур ву ала аьлла, и д1аалар т1едиллинера цо Бузуртановна.

Шаьшшиннан цхьанакхетарх пайда а эцна, цо Мохьмаде диййцира оцу т1аьхьарчу хенахь Галаевс, Лорсанукаевс лелийнарг. Цо телефон а тоьхна, сихха шена т1е кхайкхира Лорсанукаев а, Бенкевич а.

- Кхаа историко а, цхьана литературоведо а т1ехдика отзываш шелла роман, Умаровга х1унда елла аш? – шого хаьттира Мохьмада.

- Рецензенто критика йина меттигаш авторо муха нисйина хьажийта шозлаг1а а рецензенте ешийта езаш закон ду издательствон.

- Ой, авторо болх Ахмадовг1ара, Исаевас, Туркаевс йинчу критикана т1ехь бина хилча, аш Умаровга х1унда елла?

-Оцу веамма хестийна и роман. Со царах ца теша. Х1ара бу оцу романан нийса хадийна мах!

Лорсанукаевс стола т1е кхоьссира Умаровс цхьана кехатан эханна т1ехь язйина шпаргалка.

Оьг1азвахана Абузар цаьршиннан къамела юкъавуьйлира.

-Хьо х1унда ца теша оцу кхаа историках? Уьш кхуьй а исторически 1илманан кандидат а, т1е Ахмадов Шарпудди историн секторан заведующи а хилча? Умаровс и роман шолг1а ешна а яц, ахь цуьнга цхьа дакъа а бен ца делла! Я цо и дакъа а ца дешна!

-Романа т1ехь ахь бина болх хаа иза ерриг еша оьшуш а дац, юкъа б1аьрг тоьхча а гуш ду ахь динарг. Историкех дерг аьлча, тахана болчу историкех цхьа Умаров воцург ас къобал ца во, цо къобалйинчул т1аьхьа а бен оха хьан роман ара а йоккхур яц. Иза сан т1аьххьара а дош ду!

-Дика ду, хьо балхара д1аваккхалц, Умаровн шарлатанство 1оряккхалц собардийр ду ас. Истори, литература х1ун ю хаьа хьуна а, Умаровна а. Умаров историк вац, археолог ву. Цуьнан говзалла кешнаш ахкар, Дела, дин, эвлаяаш сийсазбар ю. Ткъа журналист волчу хьан говзалла, хьайна кхаъ белларг хастор, ца белларг – сийсазвар ю. Шуьшиннан говзаллина 1илма, хьекъал, кхетам а ца оьшу. Оьздангалла хьехор а яц вай.

Церан дов гена даллале сацийра Бузуртановс.

-Кхид1а цадийцарх, дерриг а кхеташ ду. Шуьшиъ мукъа ву, - элира цо Лорсанукаевга а, Бенкевиче а. – Ткъа хьо, Абузар, жимма т1аьхьасаца.

-Ванах, Абузар, - элира Мохьмада и шиъ араваьлча, - со цецвуьйлуш собаре стаг ву хьо, цкъацкъа сихло-кх хьо.

-Ва, Мохьмад, собаран а ма ду цхьа доза. Оцу Тацитовс, Галаевс, Лорсанукаевс, церан хьадалчаша а лелориг а, уьш харц лоьй а, иэхь доцуш буйла а суначул дика хаьа хьуна. Х1етте а, уьш ца совцош, цаьрга ла а доьг1уш, х1ара г1уллакх масех шарахь дахдина схьадаладо аш. Иэхь ца хеташ, б1аьрнег1ар ца тухуш юьхьа дуьхьал х1иттина цара харцдерг дуьйцуш хилча, оьг1аз а муха ца воьду, собар а муха ца кхачало? Оцу Тацитовс лелориг цкъа хьоьга, т1аккха Власовга яздина ас, х1унда ца сацайо аш и г1ера? Я цхьабарт бу шун?

- Суна-м хаьара и дерриг, амма Александр Владимировична ца хаьа. Ахь цуьнга яздо, ткъа Тацитовс и харцхьа а доккхий, кхечу аг1ор дуьйций, шекончу воккху. Кхечухьахула а кхочу цунна т1е эладитанаш. Республикан юбилей Москвахь чекхъяьлча, ша парг1ат хьо т1еоьцур ву, хьоьца шен доккха къамел хир ду аьлла цо. Бакъ мила лоь, харц мила лоь а къастор ду. Билггал дерг цхьаъ хаьа суна: Александр Владимировича хьо ч1ог1а лоруш хилар. Шена т1екхоьхьучу тайп-тайпанчу хабарша вохийна хьийзаво иза. Х1ара г1уллакх т1аьххьара а, гуттаренна а къасто цхьа х1ума дагадеана суна: обкоман ц1арах компетентни комиссии кхолла.

- Ой, шуьга иза дахьара ас боху дукха хан ма ю! Шайна лаахь, Москвара академикаш а балабай, уьш цхьана аг1ор, со цхьаъ кхечу аг1ор дуьхьа-дуьхьал а ховшадай, цаьрга соьца къовсийтийша бохуш, дехар деш кехат а ма яздинера ас Власовга. Литературни, исторически, политически, идеологически, 1илманан а аг1ор со бакъ хилар ч1аг1дан, уьш къарбина совцо а ницкъ ма бу соьгахь1

- Вайна Москвара академикаш ца оьшу. Иза къасто 1илманчаш кхузахь а бу. Хьекъале, оьзда а болуш. Царах хьо реза верш комисси юкъа бохуьйтур бу вай. Суна хетарехь, оцу комисси юкъахь хила беза хьан роман магош т1аьххьара рецензиш язйина историкаш Ахмадов Явуз, Ахмадов Шарпудди, Исаева Т1аус, литературовед Туркаев Хьасан, роман ца магош дуьхьалваьлла Умаров Сиражди а.

- Умаровна дуьхьал ву со!

- Хила веза. Роман магийна виъ комисси юкъахь хилча, дуьхьал волу цхьаъ а хила веза.

- Ой, иза шениг дуьйцуш бен 1ийр ма вац.

- Дийцийтахьа. Мелхо а дика хир ду. Харцдерг дийца волахь, вукху историкаша сацор ву иза, ша ма варра 1ора а ваькхина. Кхин мила хила лаьа хьуна?

- Оцу институтера воцург мегий?

- Х1унда ца мега?

- Делахь Гайтукаев Казбек хила лаьа суна. Дика литературовед, критик, принципиале стаг а ву иза. Кхи берш айххьа къастабе.

- Комиссин куьйгалхо обкомера хила веза. Роман шена йовза а евзаш, кхечара бакъдерг, харцдерг дийцича хуур а долуш. Нашхоев Русланна реза вуй хьо?

- Дер ву. Руслан хьекъале, оьзда а к1ант ву.

- Дика ду. Х1орш ворх1 нисвелла вайшиннан. Кхин т1еэшахь, айсса къастор ас. Х1окху г1уллакхан хьокъехь ас тахханехь барт бийр бу Александр Владимировичца.

Т1аьхьа комисси юкъавахийтина философски 1илманан кандидат Гадаев Ваха а, филологически 1илманан кандидат Мунаев Исма1ал а Абузар реза волуш нисвелира.

Иштта кхоллаелира «Лаьмнашкахь ткъес» романан кхоллам т1аьххьара а къастийна обкоман комисси.

Нохч-Г1алг1айн республикан историхь дуьххьара а, т1аьххьара а КПСС обкомо комисси а кхоьллина, 1илманан-талламан институтан 1илманчийн советехь йийцаре йина исбаьхьаллин произведени «Лаьмнашкахь ткъес» роман яра.

* * *

Комиссин декъашхой, цхьа Умаров воцург, берриг а шегахьа хирг хиларх тешна вара Абузар. Цкъа-делахь, уьш массо а хьекъале, оьзда, шайн 1илма дезаш, нохчийн халкъан историн бакъдерг меттах1отто а, лардан а лаам болуш бара. Шолг1а-делахь,

оцу кегийрхоша иза даггара лорура, цунах дог лозуш а бара. Кхозлаг1а-делахь, уьш сацам боллуш дуьхьал бара В.Б.Виноградовн, С.Ц.Умаровн «керлачу концепцина», амма шайна хетарг цаьрга д1а ца олуьйтура зорбанехь, радиохь, телевиденехь а. Цундела Абузаран принципаш ларъярца церан аьтто хуьлура шайн принципаш ларъян а, шайн безам боцу Умаров 1ораваккха а.

Нашхоев Руслан КПСС обкоман пропагандин, агитацин отделан заведующин Тацитовн хьалхара заместитель вара. Цунна х1ора дийнахь гора шефо лело харцонаш, цунна реза а вацара, амма хьалхарчу секретаран оцу нуьцкъалчу фаворитца къийса ницкъ а бацара цуьнан. Русланна шен халкъ а, цуьнан истори а, литература а езара, журналист волчу цо дика очеркаш, дийцарш яздора.

ЧИНИИИСФ 1илманчийн Советехь роман йийцаре йира 1982 шеран 27 июлехь.

Умаров, хьалха санна, романна дуьхьалваьллера. Амма цуьнан сонта къамел сихха 1орадаьккхинера вукху историкаша. Ахмадов Явуза, Ахмадов Шарпуддис, Исаева Т1ауса, Гайтукаев Казбека, Гадаев Вахас, Мунаев Исма1ала цхьацца меттигашна цхьа ладам боццу критика яр бен, роман сацам боллуш къобалйинера. «Еха буьйсанаш» нохчийн маттахь араяккха магаярна Тацитовс хьийзийна Туркаев Хьасан х1инца ларвала г1оьртинера. Ша хьалха язйинчу шина рецензина т1ехь доцу х1ара мог1анаш т1етоьхнера цо кхоалг1а язйинчунна:

**ТУРКАЕВ Х.В. «...Думаю, что никто не станет оспаривать тот очевидный факт, что после добровольного вхождения чеченцев и ингушей в состав России в 1781 году отношения между официальной Россией и Чечней и Ингушетией /как, впрочем, и другими северо-кавказскими народами/ не были идиллическими. Это правда. Но правда заключается также и в том, что с тех пор исподволь складывалось единство широких масс Чечни, Ингушетии и России. Этот процесс все больше прогрессировал, он привел трудящихся к закономерному результату – к Великому Октябрю.**

**В романе Айдамирова хорошо показаны цели, формы и средства достижений этих целей только России официальной… К сожалению, Россия прогрессивная, революционной демократии, сыгравшая большую роль в деле подъема национального самосознания передовых горцев уже в 70-х годах XIX века, в романе слабо показана…Иначе говоря, надо взять, как учил В.И.Ленин, «всю совокупность относящихся к рассматриваемому вопросу фактов, без единого исключения». В настоящем виде роман – это в большинстве своем хроника военных действий, относящихся к восстанию, публицистических авторских оценок фактов и событий. В нем мало живых полнокровных художественных образов, которые всесторонне характеризовали бы собой эту эпоху… Для подлинно творческого решения и осмысления всех этих вопросов, может быть, необходимо престроить структуру романа, его композицию… Только такой многоаспектный подход к истории явится гарантией того, что описываемые в романе события не будут поняты читателем /однобоко/, в отрыве от других общественно-политических процессов, происходивших в истории горцев в последней трети Х1Х века.**

**Нынешний вариант романа выгодно отличается от первых двух его вариантов. Но и он, на мой взгляд, сегодня еще не готов к печати. Писателю необходимо еще раз вернуться к оценке и осмыслению описанных в романе событий с тем, чтобы создать произведение большой художественной силы. У А.Айдамирова для этого есть все данные».**

Туркаевн рецензи т1ехь Абузарна уггар новкъа дерш г1арадевлла В.И.Ленинан дешнаш дара. Хьасана юьззина ца ялийнера и цитата, амма юьхь ешчхьана кхеташ дара т1аьхьа дог1ург:

**«…необходимо брать не отдельные факты, а всю совокупность относящихся к рассматриваемому вопросу фактов, без единого исключения, ибо иначе неизбежно возникнет подозрение, и вполне законное подозрение, в том, что фак-**

**ты выбраны или подобраны произвольно, что вместо объективной связи и взаимозависимости исторических явлений в их целом преподносится «субъективная» стряпня для оправдания, может быть грязного дела. Это ведь бывает ... чаще, чем кажется»/ В.И.Ленин.ПСС, т.30,с.350-351/.**

1илманчийн Совето сацам т1еэцнера, комиссин членаша йина критика тидаме а оьцуш, авторо болх бинчул т1аьхьа роман арахеца магош. Критика еш аьлларш ладам болуш х1умнаш а дацара, романан чулацам ца талхош нислур долуш дара.

Нашхоев Руслана ша лерина йийшира роман. 1илманчийн Советан сацам къобал а беш, романан лаккхара мах а хадош, обкомана справка х1оттийра цо. Рецензентийн лаамаш тидаме а оьцуш, авторо болх бинчул т1аьхьа, уьш кхочуш муха бина таллар яздархойн Союзана т1едиллича бакъахь хетар а гайтинера.

Шозлаг1а а Осмаев Асланбек Мескатa а валийна, романна т1ехь иттех дийнахь болх бира цаьршимма. Цхьацца меттигаш яцъеш, амма идейни чулацам, исторически бакъдерг ца хьедеш.

Нашхоевс роман йоьшуш а, т1аккха Абузара цунна т1ехь болх беш а ши бутт хан д1аелира. Оцу ерриг хенахь республика яра октябрехь шен юбилей Москвахь язъярна кечлуш. Цигахь дакъалаца кечбинера республикан литературан, искусствон белхалой. Цига боьлхучу яздархошна юкъа язвина вара Айдамиров а. Нохчийн халкъ шен лаамехь Россих д1акхетта бохучу оцу фальсификацина дуьхьал волчу цо сацам бира Москва ца ваха. Амма цунах доглозуш болчу доттаг1аша, къаьсттина Гайтукаев Казбека ца магийра иза.

- Оцу концепцина даррехь хьо дуьхьал хилар ерриг республикана хаьа, - бохура цо, - Обкомо хьо билгалвина Москва ваха. Ца воьдуш хьо ц1ахь 1ийча хьайн коча кхин а цхьа ярлык олла бахьана долуьйту ахь царна. Хьо ц1ахь 1ийча х1ун нислур ду? Юбилей юкъахъюьсур ю? Х1ун г1уллакх ду дов дардан?

Москвахь вовшахтоьхначу республикан выставкехь берриг бохург санна республикерчу яздархойн киншкаш яра. Абузаран цхьа а киншка яцара. Цхьаннахьа а цуьнан ц1е а ца яьккхира.

Обкоман комиссис гайтина кхачамбацарш авторо д1а муха даьхна талла яздархойн Союзо «экспертни комисси» кхоьллира кхаа стагах: яздархойн Союзан правлени ц1арах – редактор Осмаев Асланбек, 1илманчех – Гайтукаев Казбек. Яздархойн Союзана справка х1оттийра Шайхиев 1алвадис, Осмаев Асланбека а. Цаьршимма бинчу балхо и роман араяккхарехь доккха г1уллакх дира:

**СПРАВКА**

**О реализации Абузаром Айдамировым критических замечаний рецензентов на рукопись второй книги трилогии «Долгие ночи».**

**Мы, сознавая всю ответственность возложенных на нас задач, внимательно изучили рецензии кандидатов филологических наук К.Гайтукаева, Х.Туркаева, И.Мунаева, кандидатов исторических наук Т.Исаевой, Ш.Ахмадова, Я.Ахмадова и кандидата философских наук В.Гадаева на рукопись второй книги трилогии Абузара Айдамирова «Долгие ночи» /новый вариант – «Молния в горах»/ и сам окончательный вариант романа и пришли к выводу, что автор подошел к критическим замечаниям и рекомендациям рецензентов со всей серьезностью.**

**При дополнительной работе над рукописью произведены значительные сокращения и изменения на протяжении всего романа. Они коснулись, главным образом, моментов, иллюстрирующих жестокие методы подавления восставших аулов, и тех мест, где приводятся подробности перемещений войск.**

**В общей сложности, на первой части исключено или переработано 32 страницы текста, из второй части – 88 страниц, за счет чего произведение в целом сократилось более чем на 5 печатных листов, не считая изменений редакторского плана.**

**Однако некоторые описания произвола царских властей в России и на Кавказе сохранены в необходимой мере, так**

как без этого историческое произведение, посвященное событиям последней четверти прошлого века, не может существовать как таковое. Так, в более сокращенном, чем ранее, виде представлены наиболее крупные сражения у с.Майртуп /стр.279-290/, в с.Симсир /стр.447-450/, на горе Кожалк-Дук /стр.503-519/, у с.Дышни-Ведено /стр.660-664/, под с.Центорой /стр.678-688/, на горе Дюрен-Корт /стр.914-925/, в дагестанских селениях Тилитла и Согратли и т.д.

На семи страницах уместились описания боев у селений Махкеты, Зумс, Гáти-Юрт и других, причем опущены подробности жестокостей, которые чинили каратели над жителями, на что указывали рецензенты. Сохранены в основном картины жизни горцев в обстановке наивысшей опасности, претерпевшие, на наш взгляд, даже несколько излишние сокращения.

Одним из основных моментов, являвших собой предмет подчас довольно противоречивых мнений рецензентов, были записки журналиста Якова Степановича Абросимова /стр.317-334 и 720-756/.Необходимость присутствия этих записок в романе признавали почти все рецензенты. Однако отдельные суждения Абросимова вызывали у них спорные толкования, хотя ясной марксистской позиции у демократа Я.Абросимова в то время еще не могло быть в силу объективных причин, как не могло ее быть и у кого-либо из повстанцев. Все же автор почти полностью переработал эти моменты с учетом сделанных замечаний. Рецензентам надо, очевидно, вновь просмотреть эти места и честно высказаться по поводу того, насколько, по их мнению, автором реализованы в последнем варианте их замечания. Мы считаем, что в данном виде авторская позиция, которая, кстати, и раньше была не настолько уж уязвимой, не может вызывать никаких нареканий, ибо она отражает дыхание времени обостренных классовых битв.

Перед читателем в романе предстает целая галерея художественно ярких, убедительных образов представителей

разных народов, объединяемых классовыми интересами и чаяниями.

Автор правильно отобразил обстановку в Чечне второй половины XIX века, сложившуюся после подавления восстания Шамиля и обусловленную усилением царского гнета, с одной стороны, и развитием капиталистических отношений, с другой. Общественно-экономическая формация в Чечне претерпевает коренную ломку вековых социальных устоев, классовая градация принимает еще более ярко выраженный характер. В эих условиях, когда народные массы доведены до отчаяния, вспыхивает восстание под предводительством имама Алибек-Хаджи.

Это уже новый этап освободительной борьбы. Если Шамиль поднял зеленое знамя газавата и тем самым лишил свое движение притока представителей народов-мусульман, то Алибек-Хаджи с самого начала выступает против того, чтобы восстание, во главе которого он оказался, носило отпечаток национальной обособленности или зиждилось на признаках вероисповедания.

Как отмечает сам автор, по одну сторону баррикад стоят русские – генералы Свистунов, Смекалов, офицеры Батьянов, Григорович, Козловский, священник Викентий и другие; чеченцы – генерал Чермоев, офицеры Мустафинов, Саралиев, Ойшиев, главный кадий Юсуп, муллы Товсолта и Хайрулла, богачи Хорта, Бисолта; грузины –офицеры Накашидзе, Авалов, Эристов; аварцы – офицеры Нурид, Гиреев и многие другие. По другую сторону – русские – писатель Немирович-Данченко, журналист Абросимов, народники Евгений Иванович, Петр Данилович, беглые солдаты Василий Лопухов, Елисей Попов, казаки Андрей, Корней, Иван, Агеев, Астафьев, крестьяне Яков, Михаил, чеченские крестьяне Кайсар, Янарка, Акта, Арсамирза, аварцы Хайрулла, Мусакай, Раджаб и многие другие.

Как видно из этого далеко неполного списка отрицательных и положительных героев, напрасно было бы упрекать

автора в идеализации чеченцев и принижении других народов/национальностей/. Все взаимоотношения действующих лиц имеют под собой, прежде всего, классовую основу.

На наш взгляд, нет необходимости в данной справке приводить все критические замечания и рекомендации всех рецензентов и подробно останавливаться на их реализации автором. Каждый рецензент после вторичного прочтения рукописи сможет убедиться в том, что Абузар Айдамиров ни одно из них не оставил без внимания. А что касается отдельных критических замечаний, то они носят спорный характер и во многом необоснованны. Они убедительно опровергаются Абузаром Айдамировым в авторской справке и нет надобности здесь нам повторяться. Мы полностью разделяем точку зрения автора романа.

Роман Абузара Айдамирова – крупноплановое, сложное произведение. В нем с исторической достоверностью дается картина одного из сложных периодов в жизни чеченского народа в последней четверти прошлого века. Тут вспоминаюся слова Ф.Энгельса о том, что «из романов Бальзака он даже в смысле экономических деталей узнал во много раз больше, чем из всех ученых сочинений экономистов и философов вместе взятых». Читатели смогут эти слова полностью отнести и к роману Абузара Айдамирова.

Благодаря серьезному и доброжелательному прочтению рукописи рецензентами, вдумчивой и серьезной работе автора над устранением их критических замечаний, последняя редакция рукописи претерпела значительные изменения в лучшую сторону в идейно-художественном отношении.

Мы со всей ответственностью просим правление Союза писателей ЧИАССР рекомендовать рукопись в таком виде в печать.

А.ШАЙХИЕВ<br>
Член правления СП ЧИАССР<br>
А.ОСМАЕВ<br>
Редактор книжного издательства

Комиссин членийн рецензиш шега схьаелча, уьш тидаме а эцна, романа т1ехь ша бинчу балхах справка а х1оттийна, 1982 шеран 28 декабрехь яздархойн Союзан правленига а, х1ора рецензенте а д1аелира Абузара. Справки т1ехь цо тоьшаллаш далийра, Туркаев Хьасана авторо шен романа т1ехь «Россин цхьа аг1о» бен ца гайтина бохуш йина критика нийса цахиларна. Дуккха а бакъдерш далийнчул т1аьхьа Абузара яздинера:

**«И, наконец, считаю крайне необходимым обратить внимание всех рецензентов на выводы рецензента Х.Туркаева, которые идут вразрез с выводами всех остальных рецензентов.**

**Х.Туркаев считает, что автор в полной мере показал в книге официальную Россию, но не отразил Россию трудового русского народа, ее прогрессивную общественность. Введение в книгу прогрессивного русского писателя В.И.Немирович-Данченко и журналиста Я.С.Абросимова, считает Х.Туркаев, нисколько не изменяет общее впечатление. Одним словом, рецензент обвинил меня в преднамеренном одностороннем подборе фактов, извращении действительности, в приемах, осужденных В.И.Лениным, осуждаемых партией.**

**Как отметили все рецензенты, во второй книге к художественному отображению описываемой эпохи я подошел с марксистских, классовых, интернациональных позиций, в предельных рамках показал прогрессивные последствия вхождения Чечни в состав России, его экономическое, культурное и революционное влияние на Чечню и чеченский народ. Конкретно оно отражено в следующем…**

**…Я мог бы составить довольно большой сборник добрых высказываний представителей передовой русской общественности о Чечне и чеченцах. Но ввести в книгу всех прогрессивных деятелей России невозможно. Прогрессивный русский писатель, автор очерка «Вдоль Чечни» «Русские ведомости», 1888 г., январь-февраль,№27-28/ Немирович-Данченко, журналист, автор очерка «Кавказские горцы» /1883 г., пере-**

**издание. Краснодар,1927 г./ Я.С.Абрамов в книге являются представителями передовой русской общественности, они и говорят и действуют от имени всей передовой русской общественности.**

**Я не упустил ни одного факта, который мог бы свидетельствовать о прогрессивных последствиях вхождения Чечни в состав России. Если Х.Туркаев конкретно подскажет мне упущенные мною таковые факты и историческую правду, я готов ввести их в книгу...»**

Комиссин декъашхойн рецензиш яздархойн Союзе д1алуш Исаева Т1аусан рецензи д1аяьккхинера. Дуьйцу бахьана, цо романа цхьа дош аьлла а критика ца еш, иза хестийна бохуш дара, амма боккъал а долу бахьана кхечухьа доллура. Т1ауса, рецензентийн ц1ераш а ца йохуш, бакъдерш далош, 1илманан буха т1ехь йийна охьайиллинера Абузаран дуьхаланчоша «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романашна йина критика. Антинаучни хиларна юкъара д1аяьккхинера Умаров Сираждин рецензи а.

Берриг а кечам хилла баьллачул т1аьхьа, эххар а яздархойн Союзан правленин заседанехь йийцаре йира роман. Цигахь дукха диканиг элира цунах. Заседанин доцца протокол х1ара дара:

**ПРОТОКОЛ №2**

**расширенного заседания правления Союза писателей от 20 января 1983 г.**

**Присутствовали: Р.Ахматова, Ш.Арсанукаев, А.Айдамиров, А.Боков, Г.Гагиев, И.Минтяк, А.Шайхиев.**

**Приглашенные: К.Гайтукаев, А.Осмаев.**

Председатель – Р.Ахматова.
Секретарь - А.Шайхиев.

ПОВЕСТКА ДНЯ:

1. Обсуждение романа А.Айдамирова «Молния в горах».

СЛУШАЛИ:

1.Информацию Р.Ахматовой по первому вопросу повестки.

ВЫСТУПИЛИ:

А.ШАЙХИЕВ, член правления СП ЧИАССР: Он зачитывает справку о реализации Абузаром Айдамировым критических замечаний рецензентов на рукопись романа «Молния в горах». / Справка прилагается/.

А.Осмаев, редактор Чечено-Ингушского книжного издательства, член комиссии.

- Мы с автором Абузаром Айдамировым работали над композицией романа, уточняли некоторые детали. Все это было направлено на улучшение структуры романа. В процессе редактирования романа мне приходилось слышать от некоторых товарищей: «Настолько важен ли этот период в истории нашего народа? Стоило ли посвящать восстании Алибек-Хаджи целый роман?» Мне кажется, что это восстание имело очень важное значение для нашего народа, ибо Алибек-Хаджи впервые в истории объединил людей разных национальностей, независимо от их вероисповедания. Это уже новый этап освободительной борьбы.

В составе комиссии, созданной правлением Союза писателей, я вновь ознакомился с романом, т.е. его последним вариантом. Автор очень добросовестно отнесся к критическим замечаниям рецензентов. Роман стал намного лучше. Его надо рекомендовать в печать.

К.ГАЙТУКАЕВ – доцент ЧИГУ, член комиссии:

- Мне этот роман дали, по-видимому, в исправленном виде, ибо на станицах были многочисленные наклейки, зачеркнутые места и т.д. Тем не менее я автору сделал ряд замечаний, с которыми он согласился и исправил. В целом мое мнение – роман в таком виде надо рекомендовать в печать. Он сыграет определенную роль в деле патриотического воспитания трудящихся. Автор исторически достоверно показал общую освободительную борьбу народов России. Об этом говорит и подбор персонажей. Конечный итог этой борьбы – Великая Октябрьская социалистическая революция. Но о ней речь пойдет, по-видимому, в третьей, завершающей книге трилогии.

Хотя автор устранил все замечания, сделанные рецензентами, все же в рукописи немало работы и для редактора, и для корректора. Поэтому автору надо дать доброжелательного редактора и грамотного корректора.

А.БОКОВ – член правления СП ЧИАССР.

-Мы должны воплотить в художественную литературу все периоды жизни нашего народа, т.е. создать своеобразную художественную летопись. Над этим романом Абузар Айдамиров давно работает и давно занимается этим периодом истории. Его роман проливает свет на один из важных периодов в истории чеченского народа – на освободительную борьбу горцев во главе с Алибек-Хаджи.

Я всецело доверяю рецензентам и членам комиссии. Исходя из их мнения, надо сделать так, чтобы вопрос об издании романа был решен положительно. После шести рецензий авторитетных товарищей и заключения членов комиссии нет смысла отдавать рукопись на повторную рецензию. Ее надо рекомендовать в печать. В издательстве работают грамотные редактора. Их работа с автором положительно скажется на романе.

Г.ГАГИЕВ – член правления СП ЧИАССР.

- Я с романом не ознакомился, так как плохо понимаю по-чеченски. Но у меня нет никаких оснований не доверять членам комиссии. Предлагаю принять к сведению заключение комиссии и согласиться с ним, т.е. рекомендовать рукопись А.Айдамирова в печать.

Р.АХМАТОВА – председатель правления СП ЧИАССР.

-Я вместе с Абузаром Айдамировым здесь проверяла буквально каждую переделанную им по замечаниям рецензентов страницу. Должна отметить, что он терпеливо и без обиды очень много и серьезно поработал. Результат сейчас налицо. От такой работы рукопись выиграла. Она стала лучше и в художественном и в идейном отношении. Я тоже рекомендую ее в печать.

Ознакомившись с выводами рецензентов – кандидатов исторических наук Ахмадова Ш.Б., Ахмадова Я.З., кандидата философских наук Гадаева В.Ю., кандидатов филологических наук Гайтукаева К.Б., Мунаева И.Б., и Туркаева Х.В., приняв во внимание сообщение членов комиссии – члена правления СП ЧИАССР т.Шайхиева А.Х., кандидата филологических наук, доцента ЧИГУ т.Гайтукаева К.Б., редактора Чечено-Ингушского книжного издательства т.Осмаева А. о том, что автор книги «Молния в горах» полностью устранил замечания рецензентов, реализовал их предложения и пожелания, правление Союза писателей

ПОСТАНОВЛЯЕТ:

1.Одобрить рукопись второй книги трилогии народного писателя республики т.Айдамирова А. «Молния в горах», рекомендовать ее к печати Чечено-Ингушскому издательству.

**К протоколу прилагаются:**

**1 Шесть рецензий: Ахмадова Ш.Б., Ахмадова Я.З., Гадаева В.Ю., Гайтукаева К.Б., Мунаева И.Б., Туркаева Х.В. и письменные потверждения этих же рецензентов о том, что автор устранил их замечания по рукописи.**

**Председатель Р.АХМАТОВА**
**Секретарь А.ШАЙХИЕВ.**

---

Оцу шерашкахь къаьсттина 1ер-дахаран г1уллакхаш т1ехь аьттонаш боьхнера Абузаран доьзалан.

Цхьа а киншка ара ца яьллера. Латточу къийсамо а г1елвинера яздархо. Обкомо д1акхайкхина, я кхечу г1уллакхашна г1ала вахана ц1а веача Мух1ажара хоттура:

- Бузар, цара х1ун боху хьоьга?

- Г1уллакх бертадог1уш ду, - олий, масла1ат дора цо. Шена хуьлу цатемаш Мух1ажаре ца буьйцура. Мелхо а, цуьнан догдохар бен, нисдала х1ума дацара...

Соьлжа-г1алара ц1а веача, шена хилла цатам Мух1ажарх къайлабаккха г1ерташ, велалой-векхалой хуьлура Абузар. Амма цуьнан б1аьргаш чу ма хьаьжжи Мух1ажарна куьзганахь сана гора шен х1усамден кийрахь дерг. Цкъа Власовца цхьаьна а кхетта, иза ц1а веача, и шен даимлера хаттар дира Мух1ажара. Вукхо ша 1емина жоп делира.

- Бузар, ахь бакъдерг ца дуьйцу соьга, - б1аьргех хиш хьаьлхира цунна, - Хьо не1саг1ех чоьхьаваьлча, хьан б1аьргашка хьаьжча хаьа суна, хьо цхьа цатам хилла веанийла. Сох х1унда лечкъадо ахь айхьа лелориг?

- Хьоьга дийцарх х1ун нислур ду, Мух1ажар. Хьуна а бала хир бу-кх.

- Дерриг хьоьца цхьаьна ловш схьайог1уш ма ю со, Бузар, вайша вовшийн девзичхьана. Хьайна хуьлу цатемаш хьайн кийрахь ма къийлахьа. Цхьаьнга балхийча, дагна масла1ат ма хуьлу…

- Х1умма а ца боху. Киншкаш т1ера цхьацца меттигаш д1аяьхча, шаьш уьш арайохур ю боху.

- Цара бохург дан ца мега, Бузар? Вайшинна т1ехь нехан дукха декхарш ма ду. Кхетта цхьаъ лахь, велларг д1аволла ахча а дац-кх вайшиннен. Вайшиннал т1аьхьа бераша нехан декхаршна а х1ун дийр ду-те. Хьуо санначара дийриг ахь дан ца мега, Бузар…

- Ишта-м ма дара иза, Мух1ажар. Цара бохург дан йиш яц сан. «Еха буьйсанаш» халкъо ешна. Ас шолг1ачу киншки т1ехь яздинарг а хаьа нахана. Цкъа цхьаъ яздина, х1инца кхин яздича, со 1едалх кхеравелла, я вайшиннан аьтто бац аьлла вухаваьлча, со халкъана дуьхьал муха х1отта веза? Сан сий довр ма ду, ас бераллехь дуьйна схьа лардина сан сий….

Кучан нуьйданаш тухуш 1ачу цо и коч шина а буйна 1аьвдира. Юьхь т1ера бос хийцабелира цуьнан.

- Хьан сий?.. Хьалххе х1унда ца алара ахь иза? Суна а ца хууш, цара бохург ахь динехьара, ма доккха изэхь дара вайшинна!

И шиъ цхьаьнакхетчхьана, ша 1ожалло цунах д1акъасттолц, Абузар к1адвелча, г1елвелча, жимма а цунна сиркхо хьакхаелча, т1е а йоьдий, цуьнан коьртах, букъах куьг хьоькхуш, хьостуш, догъиэца г1ерташ хуьлура Мух1ажар. Х1инца а, шен карара коч охьа а йиллина, г1еттина т1е а яхана, цуьнан коьртах куьг хьекха х1оьттира иза.

- Бузар, ма дика ду-кх цара бохург ахь ца дина! Цхьана стагана хьалха хьоьга корта ца та1абайта, хьо юьхь1аьржа ца х1оттийта, цхьа чо а хьан сий ца лахдалийта, къелла а, мацалла а х1унда хьехайо вай, сайн са д1адала реза ю-кх со! Кхин к1елхьарадовла некъ ца карабахь, вайша ца девзачу цхьана гена махка а дахана, ги таьлсаш тийсина, саг1а а дехна, д1атокхур ду вай и декхарш. Варлахь, Бузар, ма делахь цара бохург…

Х1усамден букъа т1ехьа а х1оьттина, и майра къамел дора Мух1ажара. Амма багах мел долучу х1ора дашца дегадора цуьнан

аз. Абузарна иза гуш яцахь а, цуьнан б1аьргех комаьршша хиш леший хаьара цунна. Ша т1ехьа хьаьжча иза елхарна кхоьруш, цо масла1ат дира.

- Х1ара цхьа юкъ д1аяьлча, керла киншка арайоккхур ю, ткъа х1инца цкъачунна сан хьалха араевлларш шозлаг1а араховьцур ю боху. Цунах а цхьа аьтто хир ма бу вайна…

- Х1умма а дац цхьа а ца яьккхача а. Хьо могуш хилчхьана, хьуна юьхь1аьржо ца хилчхьана, дерриг а ловр ду вай…

Миска Мух1ажар!

Дукха зударий хуьлу шайн х1усамдайша х1усаме ахча деачхьана, цара дийнахь-буса а са ца до1уш къахьегарх шек д1а ца бовлуш. Уьш могуш ца хилча а, къанбелча а сада1а ца буьтуш. Нехан дерг шайн кертахь, даа, т1едуха, когадуха ца хилча майранашна т1ехдетташ, церан юьхь йохуш, наха царна х1уъу аларх шек д1а ца бовлуш.

Ший а жима долуш байлахь а дисинера Абузар а, Мух1ажар а. Цкъа а нахе тарделла догдика а ца хиллера. Х1усамден ца хуьлучу аьттонаша халонаш хьегийтинера Мухажаре. Х1етте а цкъа а леткъам ца беш дерриг а ловра цо. Абузар могуш хилчхьана. Цунна цатемаш ца хилчхьана. Цуьнан сий ларделчхьана…

Д1а ойла йича, к1елхьаравала некъ ца карабора. Цхьаьнгара ахча доккхуш – кхечуьнан декхар д1алуш цхьа хан яьхьира Абузара. Иза дина а вер ма вацара. Юьхьанца шен шира произведениш шолг1а араяха дагадеара. Т1аьхьа обкомо ша а дийхира цуьнга, шаьш уьш ерриге а арайоху, «Лаьмнашкахь ткъес» араяккхар цо ца хьехийчхьана. Амма оцу шина романца дерг къовсаме даьлча, иза ша вухахьавелира, я «Лаьмнашкахь ткъес» араяккха, я ша язбина цхьа мог1а а х1окху республикехь зорба тохуьйтур бац, аьлла.

Кертахь йохка х1ума а яцара, Мух1ажара хала кадетташ эцна масех куз боцург. Эххар а ойла шен библиотекерчу киншкаш т1ехь сецира Абузаран. Уьш яра цо Киргизехь волуш дуьйна хала гулйина. Дуьненан иссбаьхьаллин литературан классика. Комиссионни туьканашкахь лакхара мехаш а болуш, цхьаннахьа а карош йоцуш.

Уггар безчу механ, уггар цунна дукхаезачу исбаьхьаллин литературан, шен мехаш т1е а язбеш, йоккха список а х1оттийна, республикански книготорган директор Мальсагов Руслан волчу вахара иза.

Руслан цунна вевза дукха хан яра.

- Делхьа, Руслан, къелла къикъ воьлла хьан доттаг1, - забарна т1ера д1адолийра Абузара къамел, - Со къийвалар нахана хаьийла а ца лаьа суна. Иза хиъча хазахетар дерш а хир бу. Соьгара къайллах х1ара киншкаш д1аэцахьара аш...

- Х1окхеран шайн мах барх1 сом бу, - элира Руслана, лерина список а ешна. – Оха схьаоьцуш цхьайолчийн мах охьабер бу, цхьайолчийн мах лакхабер бу. Ахь тхуна йоьхкича оха ткъа процент ахча сацор ду хьан. Иза хьуна доккха зен ду. Х1ара киншкаш туькана охьаяхка а кхиале наха д1аоьцур ю. Вайша цхьа х1ума дийр ду. Ас х1окхеран мах х1оттабойтур бу, д1аэца стаг а карор ву, иза хьо волчу д1а а воуьйтур ву.

Дукха хан ялале «УАЗ» машенца Абузар волчу веара цхьа г1алг1а. Цо кхузза д1аяьхьира киншкаш. Кхозлаг1а веана иза новкъа а ваьккхина, Абузар чу веача, яссаеллачу полкашна хьалха а хиъна, шина куьйга корта а лаьцна, юхаерза ца туьгуш йоьлхуш Мух1ажар карийра цунна. Цуьнан дагна хьаам хиллалц, вист а ца хуьлуш елха йитира цо иза.

- Ахь х1ун до, оццул хьайн дагна бала бина йоьлхуш? Киншкаш бен юй уьш? Т1е, ас йоькинарш сайна ца оьшурш а ю.

Цхьа хан яьккхира цо са уьйзуш.

- Бузар, ахь хала ма гулйинера уьш... Вайша Сибрех долуш дуьйна... Хьан берриг болх а, самукъа а цаьрца ма дара... Цаваьллачу денна ма йоьхки ахь уьш...

Жимма а 1ийна, юха х1усамдена масла1ат дан х1оьттира иза.

- Х1ун дийр ду ткъа? Хьо могуш хилчхьана, дерриг а ловр ду. Вайшиннан ког ма х1оьттинехь, кхин диканиш, хазаниш оьцур ю...

Июнехь Власовс Бузуртановгахула Абузарна дош деллера Москвахь республикан юбилей чекхъяьлча, октябран т1аьхьарчу деношкахь ша иза т1еоьцур ву аьлла.

2 ноябрехь Власов волчохь хилира Абузар.

Оцу т1аьхьарчу шерашкахь шен г1айг1анаш бахьана долуш Власовца цхьаьнакхетарш дукха нислора цуьнан. Хьекъале куьйгалхо а, говза политик а, аьлларг аьлла а, дийцинарг дийцина а, шен дешан да а волуш стаг вара Власов. Ша кхуза веанчу хьалхарчу шерашкахь республикана даккхий а, дукха а г1уллакхаш дира цо. Амма хьесталуш, иза 1ехош а цунна гонах хьийзинчу вайнаха т1аьхьарчу шерашкахь оцу шен юьхьанцарчу г1иллакххех, ч1аг1аллех а вохийра.

Айдамиров чу вог1уш не1аре дуьхьал а вог1ий, куьг лоций цунна мараоьккхура иза, араволуш не1аре кхаччалц т1аьхьа волура. Къаьсттина ч1ог1а цуьнца т1е-каре а, г1иллакхе а хуьлура иза дуккха а адамаш цхьана гулделлачохь. Иза юьстах х1оьттина гича, т1е а вог1ий, Маршалла а хоттий, цуьнца къамеле волура. Иштта яздархочунна т1е тидам бахийтина, цо цуьнан лерар я даггара дара а хаац, я халкъана хьалха лелош моттарг1анаш, мекара политика яра а хаац.

Абузаран исторически произведенеш араяхарна дуьхьал вара иза, амма оцу т1ехь а ша шен бехказваха а, цуьнан само к1адъян а хаьара. Власовн къамелехь шера гуш хуьлура, яздархочуьнца йолчу юкъаметтигашна т1ехь иза ч1ог1а ларлуш хилар. Цунна дика хаьара халкъан цуьнга болу безам, лерам а. «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» а романаш араяхар цо ца хьехийчхьана , кхиболу муьлхха а дика болх цунна бан реза а вара иза.

1964 шарахь КГБ органаша яздархо тидаме иэцнехь а, 1977 шарахь цуьнан «туркойн очеркашна» ша критика йинехь а, оццу шарахь республикехь дуьххьара «халкъан яздархо» сийлахь ц1е а тиллинера Абузарна. Ииколехь цо бина болх билгалбоккхуш 1981 шарахь Къинхьегаман Ц1ечу Байракхан орден а еллера. Керла харжамаш мосазза хуьлу яздархойн Союзан правленин член а хоржура. Цига хоржуш а ма къастабора партин обкомо. Даима д1а партин райкоман член а, райсоветан депутат а хоржура.

Массо аг1ор а Айдамиров хьоьстура партин обкомо, амма цуьнан киншкаш араяхарна сацам боллуш дуьхьал яра. Ша хьестарх иза вуха а ца волура. Доцца аьлча, вовшийн 1ехо г1ерташ, я уьш

а, я иза а шайн позицеш т1ера буха ца бовлуш, дарехь а, къайлах а луьра къийсам лаьттара царна юккъехь оцу т1аьхьарчу шерашкахь.

И къийсам дика гинера цунах лаьцна т1аьхьа доцца яздинчу Шайхиев 1алвадина а, Осмаев Асланбекана а / А.Шайхиев, А.Осмаев. «Фальши не приемлю никакой…» Журнал «Ичкерия», 1993 г., №1/.

Оцу суьйранна шина сохьтехь къамел хилира Власовн а, Айдамировн а. Иза доладелира обкоман пленумехь яздархочунна йинчу критикана т1ера.

- Оха критика хьуна ца йинера, хьан киншкина йинера, - элира Власовс, цуьнга ла а доьг1на. – Ас даггара лоруш стаг ву хьо. Догц1ена, оьзда, тешаме хьо хиларна. Хьо санна ас даггара лоруш кхин цхьа стаг а ву – Ошаев Халид. Цо сайга официале доцуш яздина кехаташ папки юкъа д1атегна, ц1ахь 1алашдо ас. Хьуна дерриг хаац. Суна ца хууш хила а тарло. Пленумана суна кечйинчу доклада т1ехь хьох лаьцна яздинарг айса дешча, коьрта т1ера массо а чо ирах1оьттира сан. Хьуна т1е ца 1анош боьха нехаш ца йитинера. И дакъа яздинарг чу а кхайкхина, хаза нехан санна дов дира ас цунна. Хьан «Еха буьйсанаш» оьрсийн маттахь арайолуьйтийла дац тхан. Х1унда аьлча, иза нийсса дуьхьал ю партис, пачхьалкхо д1ахьочу къаьмнийн политикана.

Ма-дарра аьлча, хьуна хьайна хаа а ца хууш партис, пачхьалкхо дуьненан империализмана дуьхьал латточу политикана а, къийсамна а дуьхьал г1ерта хьо. Империализман идеологис хаддаза пропоганда лелайо, паччахьан Россис нуьцкъах, т1амца т1едерзийна, д1алецна мехкаш, лолле доьхкина халкъаш советийн пачхьалкхо марша ца доху, лоллехь латтадо, х1инца Советийн Союзо д1акхоьхьуш ерг паччахьан Россин изза имперски политика ю бохуш. Ткъа историн 1илмано бакъдерш далийна, паччахьан Россис цхьа а халкъ нуьцкъах шена т1е ца дерзорна а, уьш дерриг а шайн лаамехь Россих схьакхетта хиларна а тоьшалла деш. Иштта шайн лаамехь Россих схьакхетта нохчий а, г1алг1ай а. Уьш шайн лаамехь Россих схьакхетта 200 шо кхачар даздечу муьрехь хьан киншка оьрсийн маттахь араяьлча х1ун хир дара? Цунна т1ехь

яздина ду ма боху, х1ара мохк а, кхузара халкъаш а Россис туьрца, ц1арца нуьцкъах д1алецна, лолле дерзийна, царна т1ехь колониальни къиза 1азап латтийна, царна Россис бохам боцург цхьа а диканиг ца деана бохуш. Иза а цхьадерг харц дац, амма Россис прогресс, культура, цивилизаци а ма еана кхуза. Иза а ма ду бакъдерг. И юбилей суна дагаеана а, ас кхоьллина а, вовшахтоьхна а ма яцара. КПСС ЦК сацамца ма дина и дерриг а. Х1ан, арайоккхур вай хьан «Еха буьйсанаш». Иза ешча хаттар х1уттур да: «Мила ву бакъ? Айдамиров, я г1арабевлла советски историкаш?»

- Бакъ-м со ву, амма ницкъ а, 1едал а оцу историкашкахьа дукх, - ца 1евелира Абузар.

- Ткъа историкашна и бакъдерг мичара девлла?

- Шайггара кхоьллина-кх. Олуш ма-хиллара, п1елгаш а ц1убдеш даьхна. Ас хьеха ца оьшу хьуна Ленинан белхаш. Цо дика ма аьлла фактех лаьцна.

- Ой, нохчийн старшинаша шайн 1едална к1елхьарчу ярташца цхьаьна шаьш Россина чуиэца аьлла дехарш дар бакъ ца до ахь?

- Ца до. Нийсса аьлча, масех юьртан старшинаша оцу договорана куьйгаш та1ийна хила тарло. Амма муьлаш бу и старшинаш, муха, х1унда, мича хьелашкахь та1ийна цара и куьйгаш? И къайленаш ца юьйцу оцу «г1арабевллачу историкаша». Цкъа-делахь, договоршна т1е куьйгаш та1ийнарш, уьш муха та1ийнехь а масех юьртан старшинаш бен бац. Шолг1а-делахь, и масех старшина – нохчийн халкъ дац, халкъе цара хьттина а дац. Кхозлаг1а-делахь, оьрсийн эскарша ярташ д1а а лоьцуш, уьш х1аллакьярна кхерам а туьйсуш, договораш т1е нуьцкъах куьйгаш те1адайтина цаьрга. Оьрсийн эскарийн Нохчийчу карательни экспедициш а, договораш х1иттийна денош а цхьаьнадог1у. Юха а боху ас – старшинаш нохчийн халкъ дац. Уьш массо юьртара хилча а. Масала, татаромонголаша Росси д1алоцуш цхьамог1а оьрсийн элий шайн лаамехь цаьргахьа бевлла ца 1аш, шайн халкъана дуьхьал г1уллакхдан х1иттира. И масех оьрсийн эла оьрсийн халкъ ма дацара. Халкъо шен маршонехьа турпала къийсам а латтийра, татаро-монголийн лолла шена т1ера д1а а кхоьссира. Нохчийн халкъо буьрса дуьхьало йина оьрсийн паччахьан 1едална дуьхьал 1781 шо кха-

чале хьалха а, цул т1аьхьа иттаннаш шерашкахь а. Октябрьски революци т1екхаччалц. Т1аккха шалхо йоцуш Советийн 1едалехьа а даьлла, цуьнгахьа турпала къийсам а латтийна. Со историк ву. Суна ца хаьа историхь шен маршо, дозуш ца хилар а дитина, шен лаамехь кхечу халкъан, кхечу пачхьалкхана к1ел дахана халкъ. Уьш нуьцкъалчу халкъаша, пачхьалкхаша нуьцкъах, т1амца, политически а, экономически а блокадаш еш, арахьара мостаг1ий царна т1етуьйсуш, чоьхьа питанаш туьйсуш, г1орасиз деш т1едерзийна. Оцу берриге а г1ирсех жигара пайдаэцна паччахьан Россис Нохчийчоь д1алоцуш а, нохчийн халкъ шен лолле дерзош а. Нохчийн халкъ шен лаамехь Россих д1а ца кхетта, туьрца, ц1арца, нуьцкъах т1едерзийна. Иза дуьненна а хаьа.

- Б1ешераш хьалха хилларш кего ца деза вай. Халкъашна юкъахь хилла т1емаш, паччахьаша халкъашна бина ницкъаш, латтийна 1азап а. Уьш карладаха вай долахь, вайн махкарчу къаьмнашна юкъахь барт, доттаг1алла ч1аг1лур ма дац. Ткъа таханлера вайн политика къаьмнийн доттаг1алла ч1аг1дарна т1ехьажийна ю. Оьрсийн, нохчийн халкъашна юкъахь б1ешерийн дохалла лелла диканиг, пайдениг яздар декхар ма ду 1илманчийн а, яздархойн а.

- Аьшпаш буьттуш кхоллина доттаг1алла гена ца доьду, Александр Владимирович. Сайн киншкаш т1ехь ас ший а аг1о гайтина. Диканиг а, вуониг а. Диканиг дерриг а гойтуш, вуониг к1езиг а гойтуш. Шайн политика лелайе аш, со харц лоь, ас яздинарг бакъ дац а ца бохуш, суна т1е харц эладитанаш а ца кхуллуш, со хьийза а ца веш.

- Хьо хьийзош вац цхьамма а. Дера, хьох лаьцна суна т1е боьха меттанаш ма кхоьхьу. Амма ас уьш тидаме а ца оьцу. Юха а боху хьоьга, со даггара теша хьох. Хьайн произведенеш ахь ц1енчу даггара язйинийла а хаьа.

- Ткъа хьайна т1е меттанаш, эладитанаш кхоьхьурш совца х1унда ца бо ахь?

- Иштанаш совцалур бац соьга а, цхьаьнгга а. И цамгар церан ц1ийх йоьлла. Суна мел дукха яздо ЦК. Цкъа а ас динарг, дан дага ца деанарш а т1е а яздеш. Х1етте а суна орден елла. Хьох лаьцна тхоьга а яздо, х1етте а оха хьуна «Халкъан яздархо» ц1е елла, орден а елла…

- Ас ц1арна а, орденашна а ца язйо сайн произведенеш. Халкъана язйо.

- Ма тамашена стаг ву хьо, Абузар! – корта хьовзийра Власовс.

– Ч1ог1а вухахьара, айхьа аьллачунна т1ера вуха ца волуш. Ас хьоьца деш долу къамелаш цкъа а обкоман хьалхарчу секретаран къамелаш ма дац. Хьо г1алатах ларван г1ерташ, доттаг1аллин къамелаш ду…

- Баркалла хьуна, Александр Владимирович, суна дика хаьа иза.

- …Ас хьуна доттаг1чо санна хьехарш ло, ткъа ахь уьш т1е ца оьцу. Кху заманахь вехаш волу стаг мелла а мекара хила ма веза. Ирачу маь1агашна т1енисвелча, гуотесна т1ехвала а хууш. Ткъа хьо дуьххьалд1а ма1аш т1е г1ерта. «Еха буьйсанаш» романна т1ера хьалхара ши дакъа д1адаккхахьа. Важа, Турцехь нохчийн хилла кхоллам буьйцу кхоалг1а дакъа мега тхуна. Иза дан хьо реза хилахь, оха оьрсийн маттахь арайоккхур ю. Шолг1ачу киншкана а реза ду тхо, ахь цхьацца меттигаш хийцичхьана. Хьан хьалха араевлла ерриг произведениш а шозлаг1а араховьцур ю. Оццул тхо духадевлча, хьо а вухавалахьа жима мукъна а.

- Х1ан-х1а, Александр Владимирович, т1аьхьа ду со вухавала а, ас сайн амал хийца а. Со воккха хилла, шовзткъе итт шарал т1ех иккхина. И сайн вуон амал ц1ийх, т1амарх йоьлла суна. «Еха буьйсанаш» оьрсийн маттахь ара ца яккхарх а могуьйту ас. Иза нохчийн маттахь нохчаша ешна, царна шайн истори евзина. Сайн шира произвденеш шолг1а араяхар а ца оьшу суна.

- Х1унда? Материальни г1о ца оьшу хьуна?

- Сайн принципаш материальни г1оьнах юхкийла а, хуьйцийла а дац сан. И сан керла роман араяккха, я ас айса язбина цхьа мог1а а х1окху республикехь зорба тохуьйтур бац.

Тацитовн а, Абузаран а юкъаметтигашна т1евелира и шиъ эххар а.

- Айхьа т1аьхьхьара 40 аг1онна т1ехь яздинчу кехатца юьхьера дуьйна чекхваллалц Тацитов бехке во ахь, хьайн берриг бохамашна. Хьуна ма моьтту вуон стаг вац иза, Абузар.

- Ахь ма-аллара, суна шалхонаш лело а, хьаставала а ца хаьа. Цундела ас бакъдерг, я сайна хетарг дуьххьалд1а аьлча хала ма

хеталахь. Тацитов – т1ехдика партийни белхало хила а мега, иза хьан тешаме стаг а ву, Александр Владимирович. Массарна а хаьа, Бузуртанов идеологихула секретарь велахь а, идеологина т1ехь куьйгалла дийриг Тацитов хилар. Я вуьшта аьлча, Тацитовх тешар алсам ду хьан. Амма Тацитовна бала бац нохчийн къоман кхолламца. Мелхо а, цо лелочу интригаша, шалхонаша доккха зулам до республикехь партис д1ахьочу политикана а, идеологина а. Ас хьоьга яздинарг цхьа а тайпа шеко йоцуш, ц1ена бакъдерг ду. Суна дуьхьал латто къийсам вовшахтохархо а, цуьнан дирижер а, сан бохамашна бехкениг а и Тацитов ву.

Власовс иза бехказа вохуш, Абузара шениг дуьйцуш, къамел дахделира цаьршиннан.

- Александр Владимирович, суна диканиг хила лууш хьо велахь, оцу издательстве, шолг1ачу киншкина соьца договор а х1оттадай, иза араяккха болх болабе алахьа. Ас дош ло хьуна, хьоьга хьаъа, х1уъа дийцахь а, оцу киншки т1ехь исторически, политически, идеологически со бехкевеш ала х1ума дац цхьаьннан а.

Власовс селектор т1е п1елг та1ийра. Иза балхара д1аваххалц шен кабинета чохь хиъна 1еш волу Тацитов вистхилира. Цо схьа дуьйцург Абузарна а хезара.

- Александр Иванович! Айдамировца цуьнан шолг1ачу книгина договор а х1оттаде, иза сихха араяккха болх болабе алий т1едиллахьа издательствона.

- Иза дойла яц, Александр Владимирович…

- Х1унда?

- Издательствон шен законаш ду лелош. Договор х1оттош йолу произведени, компетентни шина рецензента а. издательствон редактора а къобалйина хила еза.

- Ткъа Айдамировн киншкин г1уллакх мича хьолехь ду?

- Кхаа рецензенто магийнера иза. Амма уьш кхоъ Айдамировн доттаг1ий хиларна цара озабезам бина аьлла, издательствос кхечу кхаанга елира роман. Т1аьхьарчу кхаамма а, издательствос а, редакторо а ца магийна. Царна юкъахь ву вайна вевзаш волу историк Умаров а.

- Ткъа обкомо кхоьллинчу комиссис х1ун аьлла?

- Роман магийнарш а, ца магийнарш а бу боху. И магийнарш х1инца а Айдамировн доттаг1ий а болуш. Магийнчара критика йина, х1инца ша йолчу вариантехь иза араяккха ца магош.

- Роман арахеца магош цхьайтта рецензи а, издательствон редакторан редзаключени а ю алахьа цуьнга ... - юкъавуьйлира Абузар.

- Айдамиров со волчохь ву. Х1окхо-м и роман арахеца магош цхьайтта рецензии а, издательствон редакторан редзаключени а ю ма боху?

- Соьга кхаьчна хаамаш ишта бац...

Власовс селектор д1аяйира.

Абузаран аьтто хилира Тацитов 1ораваккха.

- Александр Владимирович, х1инца тийшин хьо и Тацитов ц1ена стаг цахиларх? Ас т1аьххьара кехат хьоьга яздинчул т1аьхьа шо а сов хан яьлла. Т1аьхьарчу шарахь хилларг ца дуьйцу Тацитовс. Юьхьанца дан а дара г1уллакх цо ма дийццара. Филологически 1илманан шина кандидата а, цхьана яздархочо а роман магийнера араяккха. Амма иза арахеца ца луучу издательствон куьйгалло шайн нахе елира – историке Умаровга а, издательствон редакторе а, радиокомитетан редакторе а. Цара шайна т1едиллина декхар доггах кхочушдира. Иза хьуна хаьа. Со девне ваьлча, ас хьоьга кехат яздинчул т1аьхьа роман ЧИНИИИСФ елира, цигахь исторически 1илманан кхаа кандидата а, филологически 1илманан цхьана кандидата а – веа стага магош рецензиш язйира романа. Магийра иза романна т1еч1аг1винчу издательствон редактора а. Тацитовс хьоьга ца дуьйцу оцу еа рецензих а, редзаключених а дерг. Тацитовна 1аламат дика хаьа обкомо кхоьллинчу комиссис дина жам1аш. Комиссин исс декъашхочух барх1амма магийна роман. Дуьхьалваьлларг веккъа цхьа «вевзаш волу Умаров» бен вац. Романна дика рецензии язйинарш сан доттаг1ий бу боху Тацитовс. Аш, обкомо, кхоьллина а, ч1аг1йина а ма ю и комисси. Шайн жоьпаллин белхало цунна коьрте а х1оттош. Тацитовс цкъа а ца дийцина хьоьга бакъдерг. Кхин изэхь ца хеташ, х1инца а дийци цо хьоьга харцдерг. Нагахь хьайгахь ницкъ а, лаам а белахь, сацавехьа и Тацитов, ма г1ертийтахьа сан г1уллакхашна юкъа и питанча!

Власовн юьхьа т1е хьаьжча, гуш дара иза оьг1азвахана хилар.

- Дика ду, Абузар. Тховса дуьйна д1а хьан г1уллакх сайн тергамна к1ел латто дош ло ас хьуна.

Цул т1аьхьа Тацитов Абузаран г1уллакхашна юьстахваьккхира Власовс.

Амма Тацитовс ша републикера д1аваххалц ца сацийра къайлах цунна ямартлонаш яр…

1983 шеран февралан хьалхарчу деношкахь Бузуртановс обкоме кхайкхира Абузар. Цуьнан кабинетехь вара Галаев Хьасан, Лорсанукаев Сай-Мохьмад а. Бузуртановс массарна а хозуьйтуш дийшира «Лаьмнашкахь ткъес» йийцаре йинчу ЧИНИИИСФ 1илманан советан, яздархойн Союзан праленин заседанийн протоколаш, экспертни комиссин справка, Ахматова Раисас яздархойн Союзан ц1арах обкоме яздина кехат а.

- Хезин шуна? – хаьттира цо вукху шинга. – Обкоман хьалхарчу секретара накъост Власовс суна т1едиллина, «Лаьмнашкахь ткъес» роман арахецаран хьокъехь кхин цхьа а тайпа рецензеш, йийцаре яр ца хьехош, тахханехь Айдамировца договор х1оттор, законехь дог1у аванс цунна д1адалар, кхана дуьйна д1а роман араяккхарна т1ехь болх болор а шуна т1едилла аьлла. Кхин цхьаъ ала а аьлла цо. Таханчул т1аьхьа Айдамировна а, цуьнан кхоллараллина а дуьхьал цхьана стага цхьа дош шена хазадахь, ша могуьйтур доцийла шуьга д1ахаийта. Оцу т1ехь вайн къамел чекхдолу, шу мукъа ду.

Обкомера араваьлча издательстве вахара Абузар. Договор х1оттадайта. Галаев, Лорсанукаев вацара. Цхьа к1ира даьлча юха а Соьлжа-г1ала вахара иза, амма Галаев вацара. Уьш Бузуртанов волчохь хиллачу дийнахь дуьйна могашалла дика йоцуш балха ца ваьлла иза элира. Кхозлаг1а веача, иза отпуске ваьлла карийра.

- Договор а яздай, аш т1е куьйгаш та1адейша, ас Галаевн ц1а а вахана цуьнга куьг та1адойтур дара, - аьлла дийхира цо Лорсанукаевга.

- Цо хьалха куьг ца та1ийча, тхан бакъо яц куьйгаш та1о, - элира Сайд-Мохьмада.

- Х1ета, договор яздай, шаьш куьйгаш ца та1ош соьга схьалойша, ас церан ц1а а вахана, цуьнга хьалха куьг та1адойтур дара.

Иза дира Лорсанукаевс. Т1ехь цхьа а куьг доцуш и договор карахь, Плиев Мохьмад-Саь1адцца Галаевн ц1а вахара Абузар. Х1инца цо нийсса юханехьа дуьйцура. Коьртачу редактороо, лакхарчу редактороо хьалха та1ийча бен, ша куьг та1ор дац аьлла дуьхьалвелира иза. Плиевс ч1ог1а дехар дира цуьнга, куьг та1адахьара аьлла. Амма Галаевс аьттехьа а ца дитира цуьнан дехар а.

Цуьнан кертахь ала ца лиъна ша дитинарг, Галаев шаьшшинна т1аьхьа ураме ваьлча элира Абузара цуьнга.

- Хьасан, соьца х1ара договор х1оттаде аьлла т1едиллина шуна партин обкоман хьалхарчу секретара. Оьрсийчо. Х1етте а соьца х1уьттаре девлла, я нисса аьлча оцу Тацитовх кхоьруш, х1ара г1уллакх чекх ца доккхуш д1атоьтту аш. Тахана ца та1адахь а, кхана х1окху т1е куьг та1ор ду ахь. Ца та1о хьо ваьхьар а вац. Обкоман хьалхарчу секретара ахь дан деза аьлла хьайна т1едиллина г1уллакх дохьуш со хьайн керта веача, иза ца деш д1ахьажош ву ахь со. Х1ара-м к1адда боцург ду, мел доккха г1уллакх дохьуш хьо сайн керта веача, обком хьовха, ерриг ЦК сайна дуьхьалъяларх, и дича цара со йоккхачу тоьпаца кхуссург хилча, т1аккха а хьан г1уллакх дина хьо ц1а хьажор вара ас. Дуккха а г1алг1ай бевзина суна. Массо а ях, г1иллакх, оьзданагалла, доьналла а долуш. Царах тера вац хьо, Хьасан.

Ша отпускера ваьлла, балха веача, 1983 шеран 22 февралехь яздархочуьнца договор х1оттийра Галаевс. Амма авансаца ахча а ца делира, романна т1ехь редакторе болх а ца болабайтира. Абузарехьа а ваьлла, шайна дуьхьал болх бина Османев Асланбек балхара д1аваьккхира цара. Амма Галаев, Лорсанукаев а ца лаьттира шайн балхахь. Аьхка Галаев пенсе вахара, ткъа Лорсанукаев – «Сельская жизнь» газетан корреспондент.

1983 шо доладелча Ахматова Раисас Айдамировн юбилей язъяр хьахийра. Амма яздархочо и т1е ца дуьтуш 1аьненга д1адахара юбилейн г1уллакх.

- Обкомо суна т1е ма диллина иза вовшахтохар. Иза ца хуьлуш дисахь со хьийзор ма ю!- балхамаш бора Раисас.

- Обкоман г1уллакх дац со винчу денца а, веллачу денца а. Соьца бала хиллехь, кху масех шарахь суна т1ехь х1ара харцонаш латтор яцара цара, - олий дьутура Абузара цунах лаьцна къамел.

Декабрь а т1екхечира. Цхьана суьйранна иза волчу веара КПСС Нажи-Юьртан РК хьалхара секретарь Сагаев Ваха.

- Хьо лаа вуй? – хаьттира Абузара.

- Обкомера вог1уш ву-кх, Власов волчура. Сой, Ахматова т1е а кхайкхина, хьо бахьана долуш к1а диъча санна хьийзи-кх тхойшиъ!

- Х1унда?

- Хьан юбилейна кечамбеш х1унда дац бохуш.

- Ас бакъо ца ло х1унда ца элира аш?

-Охашимма иза аьлча, уггар а карзахвелира. Хьан юбилей яр политически г1уллакх ду боху. Халкъа юкъахь хьан боккха лерам бу, хьо вина 50 шо кхачар билгал ца деш дитахь, халкъо обком бехке йийр ю боху. Т1аккха, халкъо шен инициативаца вовшахтоха тарло и юбилей. Шена лаахь Айдамировс шен ц1ахь ца даздер шен юбилейн шо, боху Власовс. Кху иттех дийнахь и г1уллакх чекхдаккхар т1едиллина суна а,Ахматована а. Хьо дуьхьал х1унда ваьлла? Массарна а деш дерг, хьуна х1унда ца мега?

- Со а, кхиберш а цхьаъ бац, Ваха. Суна т1ехь деш долу пхьола ца дина цхьанна а т1ехь.

- Суна хетарехь, хьан г1уллакхаш бакъахьа дог1уш ма ду. Хьан киншка араяккхар издательствона т1е а диллина. Доцца аьлча, суна т1едиллина хьо бертавалор. Ас дош а делла. 15 декабрехь Соьлжа-г1алахь хьан юбилей билгалъян барт хилла тхан. Ахь х1уъу дийцахь а.

Ши-кхо де даьлча Абузар волчу Харсанов Леча ваийтира Власовс. Цаьршинна юккъехь шатайпа доттаг1алла дуйла хаьара цунна. Ткъа Власовна, Лечин а юкъаметтигаш а яра даима дика.

- Власовцв хиллачу къамелехь хиъна суна, иза шен ма хуьллу хьоьца йолу юкъаметтигаш ваьшта яло г1ерташ хилар. Хьан киншка хьоьца договор х1оттаде, иза араяккха сихха болх болабе аьлла издательствона т1е а диллина ша, хьуна дуьхьал дош аьлча могуьйтур дац ша аьлла а боху. Оццул иза хьайца бертавеача, хьо вуха ма г1ертахьа. Х1ума дардича пайда ма ца болу. Со чохь а волуш, Сайханов Русланца къамел хилира цуьнан. «Айдамировна х1ун совг1ат дан ойла ю шун?» - хьаттира цо Руслане. «Кхечарна санна, Лакхарчу Советан Президиуман грамота лур ю-кх цунна а», - элира Сайханновс. «Айдамиров декъалвеш обкоман ц1арах адрес кечдан деза», - боху Власовс. «Х1инццалц схьа цхьанна а делла-м дац вай обкоман ц1арах юбиляр декъалвеш адрес», - элира Руслана. «Ца деллехь, мелхо а дика ду. Айдамировна дуьххьар лур ду-кх. Кечдей, хьажийта соьга схьало». Оццул цо хьо пийрича, тоа ма дезара хьуна.

Ерриг республикан векалша дакъалоцуш, коьрта суьйре хилира 15 декабрехь, Соьлжа-г1алахь, республикан профсоюзийн ц1а чохь. Зала чуьра 400 стагана лерина г1анташ хьалхxе д1алаьцнера. Т1ехьа а, аг1онашцца а ирахь лаьтташ дуккха а адамаш дара.

Президиумехь бара Ахматова Раиса, Сайханов Руслан, Нашхоев Руслан, Харсанов Леча, Сагаев Ваха, Эльмурзаев Г1ерсолта, культуран министр Гапаев 1абдулла, цуьнан заместитель Митрофанов Анатолий, серлонан министран заместитель Самойлов Михаил, кхачанан, серлонан министерствийн белхалойн профсоюзан куьйгалхой Исханов Элаха, Герзелиев Хизир, художникийн Союзан председатель Ахмадов, книжни издательстван керла директор Дзейтов Хьажбикар. Зала чохь бара берриг яздархой, 1илманчаш, хьехархой, массо министерствийн векалш а.

Царна юкъахь к1езиг бара шайн даржаша декхарийла бина кхуза баьхкинарш. Кхуза баьхкинера гена ярташкара дуккха а нах. Айдамиров Абузар ган а, декъалван а лиъна. 1аьнан шелах, вуончу некъашкахула.

Яздархочун кхоллараллех лаьцна доклад йира Гайтукаев Казбека. Цигахь дина къамелаш даггара дара. Амма «Еха буьйсанаш»

романан ц1е ца яькххира еккъа цхьа хьехархойн корматалла лакхаяккхаран институтан балхало Вагапова Асет йоцчо. Бакъду, Гайтукаев Казбека шен доклада т1ехь яздинера оцу романах. Абузара бакъо ца еллера цунна оцу романан ц1е яккха. Казбек а вара, иза санна, «националистически хьежамаш» болуш ву бохуш, органийн бага вахана.

Дуккха а наха юбиляр декъалвеш къамелаш динчул т1аьхьа Сайханов Руслана дийшира КПСС обкоман Айдамиров декъалвеш адрес:

**ТОВАРИЩУ АЙДАМИРОВУ АБУЗАРУ АБДУЛХАКИМОВИЧУ-НАРОДНОМУ ПИСАТЕЛЮ ЧЕЧЕНО-ИНГУШСКОЙ АССР.**

**Чечено-Ингушский областной комитет КПСС горячо поздравляет Вас, талантливого писателя, активного общественника, учителя и наставника подрастающего поколения, много сделавшего для развития чеченской советской литературы, в день Вашего пятидесятилетия.**

**Желаем Вам, Абузар Абдулхакимович, доброго здоровья, долгих лет жизни, постоянно радовать Ваших читателей яркими призведениями, дальнейшей плодотворной работы на благо советского народа, во имя торжества идеалов коммунизма.**

**Секретарь Чечено-Ингушского**
**обкома КПСС А.В.Власов**

Халкъана гуш яра Абузарна т1ехь 1едало латто харцонаш, 1едалний, цунний юккъехь оцу т1аьхьарчу шерашкахь лаьтташ болу къийсам а. Халкъан дог а лозура цунах, дуккха а наха кехаташ яздора цуьнга, эзарнаша т1екхаьчча довхачу дешнашца яздархочун дог-ойла айба, цунна ницкъ бала г1ерташ къамелаш дора. Амма х1етахьлерчу тоталитарни рожца къийса а, тола а г1орасиз дара халкъ а , яздархо а.

Х1ара юбилей билгалъеш, х1инца мукъна а и къийсам чекхбаларе, я малбаларе сатеснера наха.

КПСС обкоман ц1арах Айдамиров Абузар декъалвеш Сайхановс адрес дешча, зала чохь болчара дехха т1араш диттира. Х1етталц кхоьлина хилла церан яххьаш екхаелира.

Оцу кехатца шайн а, Абузаран а, дерриг халкъан а толам гора царна.

* * *

15 декабрехь Соьлжа-г1ала а, 26 декабрехь Нажи-Юьрта а баьхкира Абузаран доьзал – Мух1ажар, Яхийта, Машар, Мохьмад а. Совдан ц1ахь йисира.

- Х1окху шелах, вуочу некъашкахула цига ма дуьйлийша, Мух1ажар, - дийхира Абузара Мух1ажаре. – 1едало вовшахдеттахь а, башха сан шовкъ йолуш г1уллакх а дацара х1ара.

- Дахкийтахьа, Бузар, - дийхира Мух1ажара. - Оха цкъа а ца аьлла хьоьга хьайца д1асадовлийта. Хьан 60 шо кхаччалц вайх мила вехар а хаац…

Шиннахьа а тийна-таьа1на хевшина 1ийна ц1а баьхкира уьш. Нажи-Юьртара ц1а дирзинчу буса шаьшшиъ дисча Мух1ажара элира цуьнга:

- Бузар, ахь бераллехь дуьйна хьегна къа а, вайша цхьаьна лайна халонаш, баланаш а эрна ца хиллийла хии суна х1окху деношкахь.

- Х1унда боху ахь, Мух1ажар?

- Адамашна дукхавеза хьо. Цул доккха совг1ат дац стагана. Иштта дуьненахь адамашна дукхавезаш волу хьо, Дала мукъалахь, эхартахь а декъал хир ву. Иштачу адамийн дуьхьа ваха а, къахьега а, халонаш лан а мегар долуш хилла…

Ахмадов Муса Абузарна мосазза а гинера къоначу яздархойн семинарашкахь, кхеташонашкахь. Вовшашка вист а хуьлуш, 1978 шарахь вевзира. Цхьана дийнахь ЧИГУ студенташца цхьаьнакхета кхайкхира яздархо. Телевиденера а баьхкинера. Х1орш библиотекан зала чу боьлхуш Мусас сацийра Абузар.

- Абузар, кхузахь хьийзо долийна тхо, тхан «Пхьарматах» лаьцна дика дош алалур дацара хьоьга?

- Ала ваьхьар варий боху-кх ахь, Муса? Ваьхьар ву, эр а ду!

Цунна хезнера университетехь, Муса коьртехь а волуш, «Пхьармат» ц1е йолуш литературни юкъаралла ю бохуш а, кху т1аьхьарчу хенахь иза КГБ бага яхана бохуш а. Схьахетарехь, цуьнан декъашхошна орца оьшура. Цундела оцу цхьаьнакхетарехь, зала чохь университетан партийни, комсомольски куьйгалхой а болуш шен ма хуьллу «Пхьармат» литюкъаралла а, цуьнан декъашхойн литературни кхолларалла а хестийра Абузара. Иза телевиденехула а хезира.

Цул т1аьхьа дукха хан яллале, 1980 шеран 14 июлехь хиллачу обкоман III пленумехь, А.В.Власовс шен докладехь «Пхьармат» сийсазъеш дешнаш элира: «Серьезную тревогу вызывает тот факт, что молодежный клуб под названием «Прометей», работающий в госуниверситете, превратился в сборище, где протаскиваются националистические взгляды и настроения»/ «Грозненский рабочий», 17 июля 1979 г., №163/.

Обкоман пленумехь и дешнаш аьлча кхин т1е а хьийзо болийра «Пхьарматан» декъашхой. Цара КПСС ЦК арз яздинера. Иза талла ВЛКСМ ЦК комисси яра ян езаш. Комиси схьакхачале «пхьарматхошна» дуьхьал компроматаш гулъян буьйлира. Церан литературни кхоллараллах уьш гулъяр т1едиллира яздархойн Союзана.

Цкъа Абузар Союзе веача Раисас хьахийра цуьнга и г1уллакх. Схьахетарехь, х1ора яздархочуьнца къаьст-къаьстина и къамел хуьлучух тера дара цуьнан.

- Оцу кегийрхойн произведенеш а ешна, церан политически мах хадо беза вай. Власов, обком юьхь1аьржа х1оттайойла ма дац. Х1уъу дина а, Власов к1елхьараваккха веза.

- Раиса, х1инца шозлаг1а деш ду ахь соьга и къамел. И бераш бехке хилча а, Власов а, обком а к1елхьарайоккху аьлла, уьш бехке а беш, ас дош эр доцийла ца хаьа хьуна? Власов кхана кхузара д1аг1ур ву, и бераш, вайн, нохчийн бераш, кхузахь буьсур бу. Ста-

гана ямартло ас йийр йоцийла ца хаьа хьуна? Кхин цкъа а ма делахь соьга и тайпа къамел!

Оцу къоначу яздархойн произведенеш йийцаре еш правленин шорийна заседани хилира, членел совнах кхин яздархой дакъалоцуш а болуш. Берриг а яздархоша, цхьаболчара дукха, кхечара к1езиг еш, критика йира царна. Ша цигахь дендолу къамел хьалххе кечдина, зорба а тоьхна веанера Абузар.

- Ас лерина ешна оцу кегийрхойн произведенеш. Царна т1ехь суна ца карийна аш юьйцу политически крамола. Оцу кегийрхошна нохчийн мотт, литература а еза, церан произведенеш ешча гуш ду уьш пох1ма долуш литератораш хилар. Оцу кегийрхойн карахь, царах тешна ю вайн къоман литературни кхане. Иза ларъян, кхин т1е кхио а хаарш, лаам, пох1малла а цаьргахь хиларх даггара теша со. Ваьш къона долуш дагадовла а, ваьшна г1о дан а бакхий накъостий эшна вайна. Суна-м х1инца а оьшу. Мила вахана вайх царна хьехар дала, царна г1о дан? Цхьа а ца вахана. Суна-м ца го церан г1алаташ. Нагахь церан уьш делахь а, бехке университетан куьйгалла, партком, комсомолан комитет, ВЛКСМ, обком, къаьсттина – яздархойн Союз, цуьнан правлении а ю, оцу кегийрхошна г1о ца дина, царна хьехарш ца дина. И кегийрхой бехке беш кху чохь динчу къамелашна со реза вац. Х1ара сан къамел, цхьа дош гал ца доккхуш, протокола т1е д1аяздар а доьху ас, - аьлла, шен къамелан текст Ахматовага д1аелира яздархочо.

Цул т1аьхьа цхьа хан яьлча Абузар волчу веара Ахмадов Муса а, цуьнца ши накъост а.

- Абузар, яздархойн Союзан правленехь «Пхьарматан» болх бийцаре беш, ахь тхоьгахьа г1о доккхуш къамел дина бохуш хезнера тхуна.

- Г1о даьккхина-м х1ума ца дира ас, амма бехке а ца дира.

-Айхьа цига д1аеллачу хьайн къамелан текстан копи юй хьан?

- Дера ю.

-Еша мегар дарий?

- Еша а еша, шайна езахь шайца д1а а хьо.

* * *

Цкъа Бузуртанов волчохь дов даьлча, Лорсанукаевс аьллера, ша издательствехь коьрта редактор а волуш Абузаран «Лаьмнашкахь ткъес» оцу вариантехь арайолуьйтур яц. Ткъа Абузара жоп делира, иза а, Галаев а цигара д1аваккхалц, ша сатоьхна 1ийр ву.

Цара шина а аг1орчара дош лардира.

Айдамировца договор х1оттийнчул т1аьхьа цунна аванс а ца луш, киншки т1ехь редакторе болх а ца болабойтуш, 1983 шеран аьхка а, гурахь а издательствера д1авахара и шиъ.

Типографехь зорба а тоьхна, редактора а, корректора а ешначул т1аьхьа бен лито /цензуре/ талла луш яцара издательствон продукци. Цигахь мукъна а иза цамагоре догдохуш, машинкица зорбатоьхна йолу «Лаьмнашкахь ткъес» цензуре талла еллера Галаевг1ара. Иза а дара республикан историхь дуьххьара хилларг. Амма цигахь а шаьш сатийсинарг кхочуш ца хилира церан. Литон белхалочо Дадаев Хьасана романан лаккхара мах хадош справка х1оттийнера шайн куьйгаллина а, издательствона а.

Иза справка хилла ца 1ара, иза к1орггерчу хьекъалца, боккха чулацам а болуш рецензи яра.

Ша издательствон директор х1оттийнчу хьалхарчу дийнахь дуьйна шен ницкъ ма кхоччу Абузарна г1о дан г1оьртира Хьаьжбекар. Уггар хьалха киншкина йог1учу гонорарах 40% ахча д1аделира цо, т1аккха, цуьнан г1уллакхаш дика доцийла хиъча, шен дала бакъо йоццушехь, кхин т1е 20% а делира. Киншки т1ехь болх бан Саракаев Хьамзат а ч1аг1вира. Иза говза редактор а, дика яздархо а вара. Уггар коьртаниг цхьаъ дара: Хьамзат цхьаннах возуш воцуш, шен лаамехь къонах а вара.

Амма роман араяккхар цкъачунна сацийнера коьрта редактор цахилар бахьана долуш. Тахана-кхана цхьаъ х1оттаво бохуш, иза воцуш масех бутт хан елира.

- Коьрта редактор ца хилча киншка арахоьцийла дац сан, - бохура Дзейтовс, - Нохчийн мотт дика хаахьара, айса еша а ешна дерриг а жоьпалла сайна т1елоцур дара ас. Т1аккха а, керлачу коьрта редакторна луур дац ша ешна йоцу киншка арахеца куьг

та1о. Кхин цхьа х1ума дага а деанера суна. Роман кхузахь Эрна 1уьллуьйтучул, Сулаев Мохьмаде рецензина яла. Иза дика яздархо, критик а, хьан доттаг1 а ву. Диканиг дукха аларх, зен дер ма дац. Иэшахь а, совнаха страховка а хир вайна.

Оцу хенахь, 1984 шеран аьхка хийцамаш хилира КПСС обкоман куьйгаллехь. Бузуртанов Мохьмад КГБ председателан заместителан балха вахийтира. Цуьнан метта х1оттийра Яндиева Зина. Власов Москва, КПСС ЦК д1авигира, цуьнан метта цигара схьаваийтира Фотеев Владимир Константинович. Обкомехь Абузар т1ома к1ел лаьцна ши куьйгалхо д1авелира, амма уггар цуьнан кхераме мостаг1а Тацитов цигахь висира. Шеко яцара яздархочунна дуьхьал цо керла кампани йолориг хиларан.

Тацитовс кестта корта айбира. Цунна х1умма а хала дацара, Айдамировх лаьцна харцдерг а дийцина Фотеев а, Яндиева а 1ехо. 1985 шо долалуш культуран, серлонан министерствоша кульучреждениშна а, ишколашна а т1едиллира библиотешкарий, ишколашкарий Абузан «Маршонан ц1арах», «Еха буьйсанаш» д1аяха аьлла. Библиотекашкахь уьш йоцу дукха хан яра. Ишколашкахь хьехархоша а, лакхарчу классийн дешархоша а ийзош, иэт1ош а учебникашна юкъара д1адехира оцу шина киншкин ц1е т1ехь йолу дерриг а кехаташ. Программашна юкъара а д1аехира уьш. Церан метта учебникана а, программина а юкъаяхийтира цхьанна оьшуш йоцу «Ненан дог» повесть.

Дзейтовна дика хаьара обкомерчу шен куьйгалхочо Абузарна дуьхьал долийна г1уллакхаш. Цундела иза а, цуьнан роман а цунах лардан некъаш лоьхура цо.

- Абузар, ахь «Лаьмнашкахь ткъес» оьрсийн матте гочйина бохуш хезна сунна. Соьга ешийтахьа иза. Со хьайх ца теша ма моттталахь. Со теша хьуна хьох а, оцу романах диканиг аьллачу накъостех а. Оцу киншкина дуьхьал хилларш совцур бац иза вай араяьккхича а. Харцдерг дуьйцург сацо, диканиг ала а, оцу киншки т1ехь дерг суна ма дарра хууш хилча бакъхьа хетара суна.

Иза оьрсийн маттахь книга ешна ваьлча юха а къамел хилира цаьршиннан.

- Х1окху киншкех лаьцна хьан дуьхьалончаша дуьйцург харц дуйла хии суна. Исбаьхьаллин, политически, идеологически, исторически а аг1ор х1окхунна ала х1ума дац цхьаьннан а, ша х1уьттаренна, доцург кхоьллина ца алахь. И харц эладитанаш кхолла иэхь хетар доцурш а, кхуллур дерш а буйла хаьа вайна. Церан меттанаш совцо цхьа дарба дагадеана суна, нагахь хьо реза хилахь. Хьан дуьхьалончех уггар жигара волу Айдаев Юша1 оцу киншкин редактор х1отто. Юша1ан доттаг1чо Сулаев Мохьмада т1ехдика мах хадош рецензи язйина романа. Шен гергарчу стага къобал йина киншка бехъеш официале дош ала ваьхьар вац Айдаев. Цул совнаха, шен ц1е т1ехь а йолуш араяьлла киншка кхечара критика ечух а ларийир ю цо. Доцца аьлча, и киншка арайоккхуш Айдаев декъашхо ван лаьа суна. Хьо реза вуй?

- Дера ву. Юша1а сайна ямартлонаш йинехь а, я цунах кхоьруш а, я цуьнца мостаг1алла долуш а вац со. Киншкина редактор х1оттийча, оцу т1ера ша реза воцург соьга юьхьадуьхьал схьаала дезар ду цуьнан. Цо нийса дерг алахь т1елаца а, доцург дийцахь иза сацо а аьтто хир бу сан а.

Айдаевца барт хилла, иза редактор а ч1аг1вина, цуьнца договор а х1оттийна, йолана ахча а делла, киншки т1ехь цуьнга болх болабайтира Дзейтовс. Амма цхьа-ши бутт баьлча, и болх бан реза вац ша аьлла, киншка а, ша д1аэцна ахча а издательстве духадерзийра Юша1а. Т1аьхьа хиира иза дохковаларн бахьана. Айдаев роман араяккха кечъеш болх беш вуйла хиъначу Тацитовс, иза шена т1е а кхайкхина, оцу киншкин редактор хила реза х1унда хилла хьо бохуш, чехош, хьийзийна хиллера иза.

Айдамировн киншка ларъян 1алашо йолуш, хьалхxе кхин цхьа страховка а йинера Дзейтовс. Власов кхузара д1авахале, 1984 шарахь Ахматова Раиса яздархойн Союзан правлени председателан декхарех мукъаяьккхинера. Власовн лаамца оцу дарже х1оттийра Чебалин Евгений. Обкомехь а, яздархойн Союзехь а куьйгалла хийцаделча, Чебалин Тацитовн 1аткъамна к1ел ваххале, Абузаран романан хьокъехь 1983 шеран 23 январехь хилла сацам карлабаккха лиира Дзейтовна. И г1уллакх доцца чекхдаьккхира правленехь.

## П Р О Т О К О Л

**Заседания правления Союза писателей ЧИАССР от 16 апреля 1985 г.**

**Присутствовали: Е.Чебалин, Ш.Арсанукаев, А.Айдамиров, М.Лукин.**

**Приглашенные: М.Сулаев, Х.Саракаев, А.Шайхиев.**

**ПОВЕСТКА ДНЯ:**

**1. Обсуждение рукописи романа А.Айдамирова «Молния в горах».**

**СЛУШАЛИ:**

**Информацию Сулаева М.А. и Саракаева Х.Б. о реализации А.Айдамировым критических замечаний по рукописи романа «Молния в горах».**

**М.СУЛАЕВ: Рукопись романа я прочитал три раза. До меня были многочисленные рецензии и заключения. Первоначально рукопись составляла 1040 страниц. Автор внес много поправок, учел и устранил все замечания рецензентов. Рукопись сокращена на 190 страниц. Много было споров вокруг романа, но в настоящем виде роман никаких претензий не вызывает. Я могу поручиться за его идейно-художественный уровень.**

**Е.ЧЕБАЛИН: На каких документах основан роман?**

**А.АЙДАМИРОВ: Основой для романа послужило крестьянское восстание в горах Чечни в 1877 году. Оценка исторической достоверности событий, описываемых в романе, дана в 25 рецензиях. Работала специальная комиссия, созданная обкомом КПСС. Было указание первого секретаря обкома КПСС т.Власова А.В. издать роман. Все замечания и претензии рецензентов мною учтены.**

**Х.САРАКАЕВ: Я долго работал с автором. Все мои замечания и замечания других рецензентов автор учел и устранил. Роман в настоящем виде сыграет определенную роль в интернациональном воспитании читателей.**

**ПОСТАНОВИЛИ:**

**Принять к сведению информацию М.Сулаева, Х.Саракаева и рекомендовать рукопись романа А.Айдамирова «Молния в горах» к изданию.**

**Председатель Е.ЧЕБАЛИН.**
**Секретарь А.ШАЙХИЕВ.**

Иттаннаш рецензентийн лаамаш, обкоман комиссин, яздархойн Союзан сацамаш а, дерриг а эрна хилира. Х1инца Фотеевн фаворитан – Тацитовн бекхаме куьг дара лелаш. Цунна ца дицделлера Абузарца хьалха хилла девнаш а, цо шена корта ца та1ор а, ша 1оравоккхуш цо Власовга яздина кехат а. Фотеевн бертахь Тацитовс издательстве д1ахьединера, роман ара ма яккха аьлла.

Цхьана дийнахь Абузар издательстве вахча, Дзейтов чам байна карийра цунна.

- Абузар, хьуна хьалха х1оттаран г1айг1а йолуш, хьо дагавеача буьйсанна наб ца кхеташ 1иллина со х1окху т1аьхьарчу хенахь, - элира цо цуьнан юьхьа дуьхьал а ца хьожуш, - Дела ву гуш, ас хьо мел лоьру а, сайн вешина айса бенболу дика болх хьуна бан сан дог дуйла а хууш. Амма тахана цкъа сайн даго хьоьху г1о хьуна дан ницкъ бац соьгахь. Тацитовс хьох лаьцна зурма лекхна Фотеевн лерехь. Яндиева церан буйнахь ю. Хьан киншка ара ма яккха аьлла хаам бина соьга.

- Д1авалахьа, Хьаьжбекар, цунна ву хьо чам байна хьийзаш? – цунна масла1атна велавелира Абузар. – Суна ахь ца аьлча а дика ма хаьа, хьайн ницкъ хилча, и киншка тахханехь ахь арайоккхург хилар. И бахьана долуш суна хьалха вохий ма хьийзахьа!

Цхьаъ ала ца х1уттуш, шена хьалхарчу кехат т1е сизаш а хьоькхуш, вист ца хуьлуш, дикка 1ийра Дзейтов.

-Х1инца цкъа галдаьллехь а, хенан йохалла нислур и г1уллакх. Я Фотеев кхетар, я и Тацитов боху ж1аьла кхузара д1аг1ур ду. Цуьнан д1аваха ойла ю бохуш хабарш а ду дуьйцуш. Т1аккха, Дала мукълахь, хьан роман арайоккхур ю вай. Ткъа х1инца, Абузар, хьоьга ала иэхь-м хета суна, амма ца аьлча ца долу...

- Ой, х1ун ду оццул хьо ала ца х1уттург?

- Оха авансана ахча дела хьуна. Законехь дог1учул а т1ех а луш. Хьалха схъаеъначу ревизис иза хьоьгара схьадаккхар т1едожор ду тхуна. Т1аккха, я ахь хьайн лаамехь духадерзо деза иза, я оха суьдехула схьадаккха деза. И ший а аг1о а суна иэхье ю. Тхуна схьадала хьан ахча ма дац. Суна хезна, хьайга Власовс дехча а, хьайн шира произведениш шолг1а арахеца ахь пурба ца дела бохуш. Х1унда ца делла а хаьа суна. Ахь суна пурба лахьара, уьш ерриг а сихха ара а хецна, хьуна т1ера тхайн декхар д1адоккхур дара ас. Оцу хьайн керлачу романна т1ехь айхьа беш болу болх чиха чекх а бакхий, иза а схьалохьа тхоьга. И ши киншка кху шарахь цхьаъ, т1едог1учу шарахь важа а араяьккхича, хьуна т1ера декхар д1а а дер дара, «Лаьмнашкахь ткъес» вай араяккхалц доьзална таро ян жимма а дуьсур а дара хьуна.

Х1инца Абузаран ойла ян дийзира.

«Лаьмнашкахь ткъес» роман ара ца яккхийтахь, х1окху республикехь шен цхьа мог1а а зорбатохуьйтур бац аьлла, цуьнан ч1аг1о йоха герга яра. Х1инца хаза кхоччуш соне та1ийнера иза. Издательствона духадерзо кепек а ахча дацара. И хиларе догдохуьйлаш а яцара. Х1ара г1уллакх суьде даьлча, доккха иэхь ма дара кийчча. Уггар коьртаниг , цуьнан аьтто бан г1иртина Хьаьжбекар юьхь1аьржа х1отто а ца лаьара. Ревизис хьийзор вара иза а. Абузар а, цуьнан декхар а бахьана долуш.

- Бакъду иза, Хьаьжбекар, ас ч1ога ч1аг1о йинера, нагахь и сайн «Лаьмнашкахь ткъес» ара ца ялийтахь, сайн произведенийн цхьа мог1а кху республикехь зорба ца тохийта. Иза сацам боллуш д1ахьединера ас Власовга а. Сан произведениш зорба ца тохарх церан-м галдала х1умма а дацара. Мелхо а, цхьаболчийн луур дер

дара. Х1етте а, со мел халчу хьелашка нисвеллехь а, со мел къен валлахь а, царна яхь д1а ца яла г1ерташ таханенга схьавеана со. Х1инца кхочушхили Тацитовс а, цуьнан г1ерано а сатийсинарг. Дера дац издательствона духадерзо сан кепек а ахча. Я хила меттиг а ма бац. Делахьара, оцу сайн ч1аг1онах ца воха, ас кхана схьа а дохьур ма дара. Со бахьана долуш цхьана стаге хьоьга бехк ца баккхийта, и сайн роман сийна ц1е тесна яго реза ву со. Мел дийцича а, тахана т1аьххьара а гатте хьовзийна со. И айхьа боху ши киншка ара ца яьккхича а волура хьо. Ахь х1инццалц сайна дина вошалла а, х1инца деш дерг а ас а, сан доьзало а дицдийр дац. Дела реза хуьлда хьуна, Дала аьтто бойла хьан.

Иштта, 1985 шо чекхдолуш шозлаг1а араевлира «Ненан дог» ц1е йолуш Айдамировн шира произведениш. Авторна аьтто бан г1ерташ Дзейтовс оцу юкъа, прозел совнаха, ерриг стихаш а яхийтира.

Яздархо т1ехь болх чекхбаьккхина а валале, оццу бахьанашца 1986 шарахь араяьккхира «Ирхеш» ц1е йолу роман а.

* * *

«Лаьмнашкахь ткъес» ара ца йоккхуш сацоран г1уллакха т1ехь доккха дакъалецира Айдаев Юша1а.

1985 шо чекхдолуш издательствехь Абузаре елира оцу романна цо язйина рецензи.

Х1унда язйинера цо и рецензи? Хьанна оьшура иза?

Цуьнга и рецензии язъяр а ца дехнера издательствос. И рецензи оьшуш а, йоьхур йолуш а цхьа а стаг вацара, веккъа цхьа Тацитов воцург. Айдамиров Абузаран роман «Еха буьйсанаш» библиотекашкара а, программашна, учебникашна юкъара а д1аяккхийтарна, «Лаьмнашкахь ткъес» ара ца йоккхуш ша сацаяйтарна а бух билла, нагахь и г1уллакхаш яздархочо меттаххьадахь д1агайта, ша бехказвала и тайпа документ дезара Тацитовна. 1илманчас, литературоведа, критика, партийни белхалочо, нохчочо яздина. И дерриг даржаш шегахь долуш Айдаев вара.

Шен рецензи т1ехь оцу романах лаьцна цхьа а дика дош ца аьллера Айдаевс. Х1окху юкъайог1уш а йоцу, мацах цкъа марксистски, интернациональни позицешкахь, исторически бакъдолчун буха т1ехь, классически литературан шедевр ю бохуш ша хестийна «Еха буьйсанаш» а, нийсса юханехьа дуьйцуш, сийсазйинера цо. Иза а Тацитовна оьшург дара.

Лакхахь ма аллара, Турцехь бехачу кавказски ламаройх Абузара яздина «Некъан йозанаш» бахьана долуш, типографехь зорбатоьхначул т1аьхьа, 1978 шарахь оьрсийн маттахь ара ца йоккхуш сацийра «Лаьмнийн некъашкахула» ц1е йолу цуьнан дийцарийн, очеркийн гулар. Х1етахь авторан «Некъан йозанашна» т1ехдика рецензи язйинера Айдаевс. Х1инца х1окху рецензи т1ехь царах лаьцна а нийсса юханехьа, уьш сийсаздеш дош аьллера.

«Лаьмнашкахь ткъес» араяларан кхоллам т1аьххьара а къастийнарг Айдаев Юша1ан рецензи хиларна, цхьа а дош юкъара ца доккхуш, юьззина ялайо кхузахь.

## РЕЦЕНЗИЯ

**На рукопись А.Айдамирова «Молния в горах». Роман-хроника,**

**1012 страниц машинописи.**

**Автор настоящей рукописи в республике известен как писатель, который многие годы работает над историческими событиями, имевшими место во второй половине Х1Х века. Самый большой его роман, увидевший свет на чеченском языке в 1972 году, - это «Долгие ночи». В его основе лежит известное переселение чеченцев в Турцию после окончания Кавказской войны. Критика отмечала в свое время, что автор собрал большой фактический материал, но не справился с идейно-художественным его осмыслением, допустил неверную оценку исторических событий, противопоставление одних народов другим, за что роман получил отрица-**

тельную оценку общественности. Освободительное движение горцев Сверного Кавказа он рассматривал как войну русских против чеченцев, дагестанцев и т.д. Попытка издать роман на русском языке не увенчалась успехом, т.к. автор оказался не в состоянии устранить недостатки, указанные самыми доброжелательными и компетентными рецензентами.

Такую же участь постигла в 1977 г. и другая книга А.Айдамирова – «По горным дорогам».

Многие годы работал А.Айдамиров над рукописью второй части романа «Долгие ночи», которая называется «Молния в горах». Она также получила отрицательную оценку многих рецензентов и требовала самой серьезной доработки.

Настоящий вариант мне был предложен как вариант, над которым полностью закончена авторская и редакторская работа и готовый к сдаче в набор.

В основе сюжета «Молния в горах» лежит восстание горцев Чечни и Дагестана, имевшее место в 1877 г. Центром его на первом этапе являлась внутренняя Чечня / в основном села современных Ножай-Юртовского и Веденского районов.

Самое объективное и доброжелательное знакомство с настоящей рукописью приводит к твердому мнению, что она совершенно не готова к изданию и что, при обязательной необходимости ее издания над ней предстоит очень серьезная авторская и редакторская работа. Рукопись необходимо довести максимум до 15-20 п.л.

Попытаемя обосновать этот тезис.

Во-первых, о самом восстании 1877 года, несмотря на его несостоятельность во всех отношениях и иллюзорность замыслов его руководителей, автор считает, что оно было величайшим благом для народа. Это главная идея писателя.

В полном соответствии с марксистско-ленинским подходом к оценке освободительных движений, который считает положительным всякое выступление народных масс против деспотии эксплуататорского строя, следует подумать о подготовленности, объективных условиях, материальной базе

и последствиях восстания 1977 г., в котором участвовала очень незначительная часть местного населения и которое было с самого начала обречено на жестокое поражение. По существу оно не было поддержано народом. Но оно принесло новые неисчислимые бедствия жителям сел, оказавшихся в зоне его действия. Другого исхода и не могло быть, т.к. участники восстания были беднейшие крестьяне, фанатично верующие, Темные, а во главе его стояли люди, в своем социально-политическом развитии недалеко ушедшие от масс. Да и готовилось оно в известной мере авантюрно – в расчете на русско-турецкую войну, в результате которой Россия была бы ослаблена Турцией, что должно было способствовать победе восстания.

Один из зачинателей чеченской советской драматургии Д.Шерипов в 1923 г. написал пьесу «Алибек-Хаджи». Можно сказать, что драматург шел по свежим следам и хорошо знал цели, характер и хронику восстания. Поэтому трудно поверить, что Д.Шерипов менее достоверно знал события 1877 г. В пьесе на вопрос царского генерала, неужели он думал, что с горсткой людей он мог победить царя, имам Алибек-Хаджи отвечает: «Я слышал, когда дерутся два здоровых быка, побеждает подбежавший бычок, который боднет их в бок. Я был тем бычком. Русский царь и Турция терпели поражение». Эти слова из народной пословицы, повторенные имамом, стали в известной мере крылатыми. В рукописи же романа А.Айдамиров приложил максимум усилий, чтобы доказать, что Алибек-Хаджи возглавлял движение, которое по характеру своему было атеистическим и интернациональным. И начиная с этого постулата, который, естественно, невозможно доказать, вся рукопись состоит из сплошных противоречий.

Алибек-Хаджи совершил хадж в Мекку, был в Турции, вернувшись, открыл собственную духовную школу и учит в ней Корану детей, с удовольствием принимает от единомышленников и верующих сан имама /высший духовный сан/, но ав-

тор на протяжении всей главы пытается убедить читателя, что имам Алибек-Хаджи не был приверженцем религии, даже в своей школе он пытался всячески дискредитировать религию. Но это совершенно не соответствует исторической действительности . Если спустя более века после восстания 1877 г. и гигантской работы, проделанной КПСС в условиях строительства социализма в нашей стране, мы вынуждены констатировать о высокой религиозности местного населения, то о какой безрелигиозности в ту эпоху может идти речь? В рукописи же рядовые крестьяне нарисованы неверующими. Но автору очень трудно все время игнорировать действительность и он, забыв о том, что написал одну-две страницы раньше, с умилением отмечает, что Алибек-Хаджи был «...ша тап аьлла эвлаяъ»/стр.66/, т.е. имел точный лик святого. На стр. 96-й «атеист», ультрреволюционер и «просветитель» становится вместе с другом своим и молит Аллаха, чтобы тот помог ему в его деле, т.е. в восстании, а в У1 главе /стр.161-162/ в присутствии всех руководителей восстания, представителей с мест клянется на Коране, что не изменит восстанию. За ним молятся и клянутся все остальные. Ясно и без того, что имам никак не может быть неверующим. Далее автор утверждает, что восставшие чеченцы не использовали мусульманское знамя с полумесяцем и звездами, у них было чисто чеченское, старинное знамя, но тут же говорит, что на этом «чеченском» знамени было написано по-арабски «Аллах, помоги нам в нашем правом деле»/стр.166/.

На стр. 445 он воодушевляет повстанцев в бою:

- К1ентий! Т1етоха Делан мостаг1ашна!

-/Джигиты! Бейте по врагам Бога!/

Речь идет о русских и других солдатах.

Во главе «безрелигиозного» восстания стоят все хаджи: Алибек-Хаджи, Сайдул-Хаджи, Лорса-Хаджи, Хаки-Хаджи и другие.

А вот каково понимание имамом-атеистом причин поражения всего восстания: «Доцца аьлча, Делан кхел лийли-кх»

стр. 912- «Короче говоря, состоялся Божий суд»/, «...Дала лиънарг хир ду» /стр. 913. – «Воля Бога сбудется»/, «Азаллехь яздинчух девр дац вай»/стр.914 – «Нам не уйти от того, что написано Богом при сотворении»/ и т.д. и т.п.

То автор утверждает, что у руководителей чеченского восстания ничего не было связано с религией /стр.985/. То эти «не связанные с религией» люди, разбитые и окруженные, поют героическую песню об исключительности чеченцев, об их смелости и непобедимости. Как и положено в таких случаях, запевает их вождь, имам Алибек-Хаджи. Вот одна строфа из нее:

Бакъо яц нохчочун – маршонан к1ентан
Ша Дела воцчунна хьалха гор х1отта,
Тхешан сий лардийр ду, къарлур дац хьоьга,
Стогаллех ца духуш, лийр ду тхо леташ.

Не имеет права чеченец - сын свободы,
Стать на колени пред кем-либо,
кроме как пред Богом,
Свою честь будем беречь,
не сможешь покорить нас,
Не теряя мужество, погибнем в борьбе мы.

/стр.909/.

На протяжении всей рукописи автор сотни раз повторяет, что восстание готовилось чеченцами на протяжении 15 лет, во главе этой подготовки стоят виднейшие люди, но они так и не знают целей восстания и не видят его перспектив. Один из теоретиков восстания Берс /кстати, фигура тоже исключительно противоречивая/ и наставник будущего имама рассуждает с Алибеком о будущей форме правления чеченского государства, в случае, если восстание победит, но они не могут никак выбрать этой формы. Теократическая, монархи-

ческая, буржуазно-демократическая формы правления их не устраивают, а дальше этих форм они ничего не знают и поэтому решают сначала поднять восстание и решить этот вопрос после победы.

В книге из главы в главу проходит сквозная мысль по полной дискредитации тех чеченцев, ингушей, осетин, дагестанцев, которые добровольно вступили в народную милицию и верно служат России, а также тех, кто участвует в русско-турецкой войне на стороне России. Их называют лакеями, собаками, блюдолизами, предателями, наделяют другими подобными эпитетами. Все те, кто не восстал на стороне имама Алибек-Хаджи – это враги чеченского народа. Но известно, что его не поддержала основная масса. Не учитывая ни исторических условий, ни уровня общественного развития, героями, настоящими чеченцами в рукописи называют только те несколько сот человек, которые восстали. И вообще автор настолько идеализирует само восстание, что невольно приходишь к выводу, что весь чеченский народ страдал неизлечимой болезнью любой ценой воевать, драться, восставать, быть организатором этого среди других народов. Синдром восстания и неосознанной борьбы под лозунгом «Свобода или смерть» - вот основной двигатель истории чеченского народа. Идея перманентной войны с Россией проходит главной идеей рукописи. На 44-й странице читаем: «Народ терпел, однако он был готов восстать против этой несправедливости. Однако, как всегда, ждал удобного случая».

Не может же быть такое, что народ всегда ждал восстания и всегда готов был подняться. Каждому герою рукописи отцами и дедами завещано восстание и борьба. Коьра, один из главных сподвижников Алибека, специально поступил на службу в турецкую армию, чтобы подготовиться к восстанию и вернуться в Чечню. На 95-й странице читаем: «Вайнах, сасьмгал санна, ц1ерах лата кийча бу… ткъа кхидолу къаьмнаш собаре ду» /Вайнахи, как порох, готовы загореться, а другие народы терпеливы»/. Хочет автор или нет, но получается, что

он объективно стоит на стороне антинародной позиции дореволюционных буржуазных историков и царского официоза, которые обвиняли горцев в их диком природном и необузданном рефлексе воевать, разбойничать, не признавать никакой власти и т.д. В уста офицеров царской армии Смекалова, Авалова и других автор вкладывает слова о превосходстве, мужестве, храбрости чеченцев как исключительной черте этого народа.

Очень противоречивы образы и мысли духовных наставников руководителей восстания Берса и Овхада, которые получили образование в российских учебных заведениях. Образы их надуманны. Особенно Берса. Он знаком с трудами К.Маркса, русских революционных демократов, с идеями народников. Причем Берс считает, что Россия отстала в социально-политическом и революционном развитии от Чечни. Так, о своем друге офицере Гусеве Алексее он говорит так: «Иза г1аьттинера массеран а г1уллакхана. Халахета иштта к1ентий Россихь х1инца а цхьа к1езиг бен цахилар»/ стр.522. «Он поднялся во имя дела свободы всех. Обидно, что сейчас в России таких парней /молодцев/ немного/. Выходит, что в полупатриархальной Чечне таких революционеров было больше, чем в России. А Овхад говорит не ниже уровня современного пропагандиста /стр.640 и др./. В своем материалистическом мировоззрении ему не уступают крестьяне Вассал /бывший русский солдат, очеченившийся, принявший исламскую веру, но атеист, как утверждает автор/, Мачиг, Янарка и многие другие. Все это наивно, неубедительно, надуманно, искусственно. Чуть ли не как марксист рассуждает имам Алибек-Хаджи. Словом, очень много противоречивых суждений о революционной ситуации в России, о борьбе горцев и т.д.

Большое место в рукописи занимают записки некоего русского прогрессивного публициста Якова Степановича Абросимова. Ему отведено несколько глав. Эти главы совершенно лишни, ибо все, что в них написано, многократ разбросано по всей рукописи. Абросимова автор нещадно эксплуатирует в

целях исключительной идеализации чеченских адатов, быта, общественного уклада. Он же однообразно и на уровне своего времени разглагольствует о броьбе внутри русского общества, его пороках, взаимоотношениях с малыми народами. В лучшем случае это мировоззрение народника и так настойчиво, некритически вкладывать в его уста огромные тексты, представляется, нет никакой необходимости.

Пытаясь формально избавиться от замечаний предыдущих рецензентов, но не разобравшись в них глубоко, чувствуется, автор бросился в другую крайность, от чего рукопись проиграла в достоверности фактов, событий, явлений и убедительности авторской позиции в оценках всего присходящего. В итоге она стала еще более рыхлой, совершенно неоправданно многословной, идейно и художественно слабой.

Умелое сочетание исторической достоверности с высокой идейностью – одно из основных требований, предъявляемых к произведениям социалистического реализма. Этого основного требования рукописи А.Айдамирова «Молния в горах» очень не хватает. Она требует очень серьезной авторской и редакторской работы. В ней столько стилистических неровностей и повторов одних и тех же мыслей, что даешься диву, как можно считать ее готовой к печати. Рукопись необходимо максимально сжать, выбросить все лишнее.

Такие мысли вызывает чтение рукописи А.Айдамирова «Молния в горах».

На уровне рукописи написано и предисловие к ней, автором которого является А.Осмаев.

17 декабря 1985 г. Ю.А.Айдаев.

Ишта Айдаевс мах хадийна «Лаьмнашкахь ткъес» роман араяккха реза цахиллачу обкоман керлачу куьйгалхошна бехк буьллийла а дацара.

Шен рецензина юьххьехь «Еха буьйсанех» х1инца аьлларг а, х1етахь итт шо хьалха цунах лаьцна официале яздинарг а йоккха

башхалла йолуш дара. Лакхахь ма аллара, 1974-1975 шерашкахь Айдаевс ч1ог1а хестийнера и роман, ша цунах лаьцна язйинчу шина статья т1ехь: Ю.Айдаев. Борьба за умы и сердца. Сборник литературно-критических статей «Писатель и правда жизни», Грозный, 1974 г.стр.17-19; Изза статья: «Грозненский рабочий», 29 март 1974 г., №74/15072/. Ю.А.Айдаев. От эпической песни до эпопеи. Грозный, 1975 г.,стр.85-87. Изза статья: «Комсомольское племя», 23 декабря 1975 г., №153/1281/.

Кхузахь шолг1аниг ялайо. Цунна т1ехь «Еха буьйсанех» лаьцна ишта яздинéра Айдаевс:

**«Наиболее значительным произведением на историческую тематику по охвату событий, явлений людских судеб в современной чеченской литературе, пожалуй, является роман Абузара Айдамирова «Долгие ночи», который вышел в 1972 году. В нем с позиций метода социалистического реализма дана объемная историческая картина жизни чеченского народа второй половины Х1Х века.**

**Писатель, опираясь на архивные и литературные документы, кропотливо изучал жизнь народа, сумел воссоздать антиколониальную национально-освободительную борьбу горцев, создать крупные, живые образы людей со сложными, порой противоречивыми чертами характера. Автор глубоко увидел социальную неоднородность и классовый антагонизм чеченского общества. Им нарисованы горская беднота, богачи, шамилевские и царские чиновники, мусульманское духовенство. А.Айдамиров в соответствии с исторической правдой показал классовую солидарность русского и чеченского народов, их сочувствие друг другу. Даже в разгар кровопролитной войны простые рядовые русские люди, одетые в солдатские шинели и насильно пригнанные на Кавказ, не только сочувственно относились к горцам, но часто переходили на их сторону, селились в аулах и вместе боролись против общего врага – царской монархии. Несмотря ни на что, не прерывались кунацкие**

связи между горцами и казаками. Они начинают понимать, что в их несчастьях и бедах виноваты местные и царские эксплуататоры. Бедняк Ахмед говорит о тех, кто сосет кровь народа: «Одни с Кораном в руках, другие с выставленными крестами, третьи с аршином».

Писатель утверждает, что не религия или национальность определяют отношения между народами и отдельными людьми. Так, подстрекаемые царскими служаками и состоятельными людьми из своей среды, часть горцев отправились в поисках лучшей доли и справедливости в значительно более отсталую, чем Россия, «единоверную» Турцию. Однако столкнулись с жестокостью властей, голодом, эпидемиями, презрением. В то же время писатель показал положительное влияние России на общественное и политическое развитие кавказских народов. При всем негативном, что вытекало из колонизаторской политики русского царизма, Россия, как отмечал К.Маркс, играла на Кавказе цивилизующую роль. Эту прогрессивную сторону присоединения Чечено-Ингушетии к России А.Айдамиров увидел верно. В романе показан и рост классового и национального самосознания трудящихся масс горцев.

В целом роман «Долгие ночи» свидетельствует о том, что его автор проделал большую и полезную работу. Однако в романе имеются и определенные недостатки. Писатель не совсем справился с огромным фактическим материалом, не до конца осмыслил его. Особенно это отразилось на художественности образов и композиционной структуре романа. В романе так много героев и событий, что главные из них нелегко выделить. Писатель оказался в плену большого архивного материала. Порой повествование в романе носит характер исторической хроники. Много места занимают главы, где нет никакого действия, они строятся на сплошных разговорах. Главы романа не всегда связаны между собой внутренней логической связью, что создает впечат-

**ление некоторой эклектичности. Порой писателю не хватает чувства меры в характеристиках героев и оценке исторических событий».**

**Ю.А.Айдаев. Будущее рождается сегодня. В его книге «От эпической песни до эпопеи». Грозный,1975 г., стр.85-87.**

1975 шарахь Айдаевс и дерриг дика а, нийса а аьллера «Еха буьйсанех».

Критика а нийса яра.

И кхачамбацарш цунначул дукха а, к1орге а, шуьйра а гора Айдамиров Абузарна. Амма 1975 шарахь и нийса критика ша еш Айдаевна цхьацца, олуш ма хиллара, оцу кхачамбацарийн «объективни бахьанаш» ца хаьара.

Цкъа-делахь, «Еха буьйсанаш» ерриг а советски литературехь дуьххьарлера роман яра Кавказски т1амах а, ламарой Турце кхалхорах а лаьцна язйина.

Шолг1а-делахь, Абузара иза язъечу хенахь нохчийн халкъан историх язбина цхьа а талламан болх а бацара, я нохчийн къомах цхьа а 1илманча-историк а вацара 1илманан дарж долуш. Оцу бахьанашца цхьа наггахь нохчо бен вацара шен халкъан истори хууш. Цундела романна т1ера цхьаццаболу исторически хиламаш, исбаьхьаллин маттана т1ера д1а а вуьйлуш, публицистически маттахь, боццачу хаамашца язбан дезачу хьелашка нислора автор. Т1аьххьара а, и роман цо язъечу хенахь Абузар къона яздархо вара, ткъа Айдаев 1илманехь, литературехь цхьанна вевзаш воцуш, хьехархойн институтан студент вара.

Юкъаралло «Еха буьйсанаш» романан вуон мах хадийнера бохуш Айдаевс яздинарг харц дара. Лакхахь ялийна Айдаевс шен статья т1ехь йина критика йоцург, цхьана стага оцу романах официале критика еш вон дош ца аьллера иза араяьллачул т1аьхьа даьллачу ткъа шарахь. Амма диканиг яздина б1еннаша.

Иштта, шен рецензин юьххьехь Айдаевс юьйцу «Лаьмнийн некъашкахула» дийцарийн, очеркийн киншка, лакхахь ма аллара,

оьрсийн маттахь ара ца йолуьйтуш сацийра оцу т1ерачу «Хийрачу стигал к1ел» ц1е йолуш, Турцехь бехачу кавказски ламаройн дахарх, кхолламах а лаьцна яздина «Некъан йозанаш» бахьана долуш . Оцу очеркашна 1974 шеран май баттахь рецензи язйинера Айдаевс. Царах жам1аш ишта дара рецензентан:

**«О тяжелой доле переселенцев кавказцы хорошо знают еще с тех пор, как они переселились, но как они живут сейчас, каким социальным и демографическим процессам они подвергались – эти вопросы нередко возникают и в наши дни. Заслуга А.Айдамирова в том, что он в результате своих турецких наблюдений сумел показать две судьбы горцев: расцвет национальной автономии, науки, культуры у горцев Советского Союза и национальное и социальное бесправие, застой культуры и деградация у «турок Северного Кавказа»/ как их официально именуют в этой стране/, живущих в Турции. Писатель живо и увлекательно воспроизводит свои встречи, беседы с горцами, наблюдения над их образом жизни, бытом, экономическим и социальным положением. В очерках предстают забитые, угнетенные, придавленные нуждой и политическим бесправием, тоскующие по Кавказу граждане современной буржуазно-демократической республики. Автор показал «свободу», при которой все, вплоть до человеческого тела, продается и покупается. Публикация очерков несомненно будет полезна, особенно для нашего молодого современника».**

**24 мая 1974 г. Ю.А.Айдаев.**

И статья а, рецензи а язйинчул т1аьхьа итт а, цхьайтта а шо даьлча «Еха буьйсанаш» романна а, «Хийрачу стигал к1ел» очеркех а ойланаш буххенца хийцаеллера Айдаевн…

* * *

«Лаьмнашкахь ткъес» араяккхар сацийча, 1986 шеран 13 январехь керла х1оттийнчу КПСС обкоман хьалхарчу секретарна В.К.Фотеевна т1евахара Айдамиров Абузар.

Лакхахь ма дийццара, А.В.Власовс даима лоруш т1еоьцура яздархо. Ша нах т1еэца къастийнчу дийнахь а, оццу г1уллакхана къастийнчу кабинетехь а доцуш, нах т1е ца оьцучу дийнахь шен белхан кабинетехь.

В.К.Фотеевс иза ца дира. Кхиболу нах т1еоьцучу дийнахь, оццу г1уллакхана къастийнчу кабинетехь.Власовца къамел ханна доза тухий ца хуьлура, иза сохьтехь, цкъацкъа шина сохьтехь сов дахлора. Ткъа Фотеевца къамел дан цунна елларг 15 минот яра.

Фатеев стомма, лекхачу дег1ара, ехо юьхь йолуш, куьзганаш лелош, Абузаран хеннара стаг вара. Т1аьхьа, Айдамиров СССР халкъан депутат хаьржича, депутатан декхаршца доьзна кест-кеста цуьнца цхьанакхетарш хуьлура цуьнан. Хьекъалца а, культураца а, къонахаллица а иза дукхе дукха гена вара Власовна. Республикаца а, нохчийн, г1алг1айн халкъийн кхолламана цуьрриг бала болуш а вацара.

Цаьршиннан къамелана и пхийтта минот а ца ийшира, иза сиха чекхделира. Къамел дола ма делли кхийтира Абузар иза хьалхе Тацитовс кечвина хилар.

- Хьан роман историн аг1онгахьара даккхий г1алаташ долуш а, нохчий, г1алг1ай шайн лаамехь Россих д1акхетар бакъ ца деш а, къаьмнийн доттаг1аллина т1е зуламе 1аткъам бийр болуш а ю боху. И тайпа произведени халкъа юкъа йоккхийла дац тхан, - долийра цо, г1иллакхана а т1екере а ца еш.

Абузар оьг1азвахара.

- Хьан боху иза?

- Накъосташа дийцина соьга.

- Цхьаьннан ц1е яккхахьа?

Яздархочун хаттарх а, цунахчул а оцу хаттаран озах а цецваьлла Фотеев, куьзганаш т1ехула къаьрззина цуьнга хьаьжира.

- Обкоман жоьпаллечу белхалоша дийцина-кх. И дерриг а дика хуучара. Со декхарийлахь вац церан ц1ераш хьуна йийца.

- Ткъа оцу хьан информаторша дийциний хьоьга и роман обкомо лерина вовшахтоьхначу, итт стагах кхоьллинчу комиссис а, ткъаяссана 1илманчас – историкаша, филологаша, философаша, яздархойн Союзо арахеца къобалйина хилар а, хьол хьалха обкоман секретарь хиллачу Власовс и роман арахецар издательствона т1едиллина хилар а? Х1инца х1ун галдаьлла?

- Власов д1авахана кхузара.

- Иза д1авахарх обком ма йисина кхузахь?

- Хьан книгах жоп дала дезарг обком яц, хьалхара секретарь волу со ву.

- Х1ета, и сан роман ахь ара ца яккхийтахь, КПСС ЦК хьалха жоп дала дезар ду-кх хьан. Хьан информаторша хьоьга кхачийнарш харц хаамаш бу. Хилар ас хоуьйтур а ду хьуна.

Айдамировс обкоман комиссис а, ткъаяссана рецензенто а, яздархойн Союзо а и роман къобалйина аларо а, сацам боллуш цо динчу къамело а вохийра Фотеев.

- И роман ахь оьрсийн матте гочйина боху. Иза соьга схьалохьа, ас Тацитовна т1едуьллур ду, комисси а кхоллий, цунах дерг къастаде аьлла.

- Обкоман комиссис цкъа къастийна и г1уллакх, х1инца шозлаг1а а стена оьшу комисси?

- Г1алатах лардала. Хьанна хаьа, нохчийн маттахь иза ешнарш цунах муха кхетта?

- И роман нохчийн маттахь ешнарш обкомо къастийна ц1е йоккхуш болу 1илманчаш, коммунисташ ма бу. Царах ца теша хьо?

- Теша, амма ларвала г1иртинарг Дала а ларвина олуш цхьа кица ду. И роман г1алаташ доцуш араяьлча хьуна а, тхуна а дика ма ду.

- И роман ас лур яц шуьга, Владимир Константинович. Ца яла ши бахьана ду сан. Иза ешна ткъаяссана 1илманча а, яздархойн Союзан правленин пхиъ декъашхо а я хьуна 1овдал хетта, я уьш нохчий хиларх царах ца теша хьо. Со а ву уьш санна нохчо. Царал т1ех нохчо. Оцу ткъе веа нохчочух ца тешачу шуьга айса и роман елча, цкъа-делахь, царна тешнабехк бийр бара ас, шолг1а-делахь, айса иза дича, сайна сайх иэхь хетар дара сунна. Сан моральни бакъо яц иза дан. Шолг1а бахьана. И г1уллакх къасто комисси

вовшахтохар Тацитовна т1едуьллур ду боху ахь. Тацитовна шера хаьа сан г1уллакхан истори. Иза ву кху т1аьхьарчу исс шарахь, дийнна г1ера вовшах а тоьхна, суна дуьхьал болх бинарг. Ахь ц1е ца яккхарх а хаьа суна, изза Тацитов ву кхузахь керла волчу хьуна сох лаьцна харц хаамаш бинарг а. Цундела ца лаьа суна и роман обкоме яла.

Абузара даррехь, юьхьадуьхьал тоьхначу хьалхарчу бахьано ган а гуш вухаваьккхира Фотеев.

- Нохчийн къоман кадрех ца теша аьлла, со бехке во ахь. Иза суна дага а ца деана. Соьга дийцинарш, дерриг дацахь а, цхьадерш бакъ хила а тарло. Цундела, тешам боллуш оцу киншки т1ехь дерг х1ун ду хаа лаьара суна. Соьга ешийтахьа иза?

= Ахь йоьшур ма яц иза. Я иза еша хьан хан а хир яц. Соьгара схьа а эцна, Тацитовга д1аяла волу хьо.

- Ас дош ло хьуна иза еша а, цхьана Тацитовга д1а ца яла а.

Цуьнга и роман яларх, шен х1ун галдер дара аьлла ойла а йина, реза хилира яздархо. Цо иза йоьшур ю бохучух а ца тешара иза. Тацитовга ца яларх таллийта иза д1аяла кхин меттигаш а ма бара цуьнан. Иза а хаьара цунна. Х1етте а, цхьа масех де даьлча, и роман а, Фотеевн ц1арах яздина кехат а цуьнан г1оьнче д1аделира Абузара. Пхийтта аг1он т1ехь яздинчу оцу кехатца цо дийцира Фатеевга оцу т1аьхьарчу масех шарахь шена т1ехь латтийнчу харцонех лаьцна.

Цхьа-ши бутт баьлча Фотеев Нажи-Юьрта веача цхьаьнакхийтира и шиъ.

- Хьан романан ши б1е аг1о йийшира ас, - элира цо яздархочуьнга, - Айса ешнарш 1аламат ч1ог1а езаелира суна. Цунах лаьцна хилла сан шеко а д1аелира. Кхид1а хан а ца хилла, иза ешар Яндиевана т1едиллира ас. Роман арайоккхург хиларх тешна хила мегар ду хьуна!

Масех бутт баьлча Яндиева Зинас д1аелира цуьнга роман. Цунна ала шайн х1умма а дац, арайоккхур ю аьлла.

Амма Абузар ца тийшира Фотеевх. Цуьнан цатешам эрна ца хилира. Цул т1аьхьа а шина шарахь 1иллира роман издательствехь.

Иза араяьккхира 1989 шо чекхдолуш.

Пачхьалкхехь бакхий политически хийцамаш хилча.

Айдамиров Абузар СССР халкъан депутат хаьржича…

* * *

Пачхьалкхехь демократически хийцамаш хила боьлча, х1оран-нан шена хетарг ала бакъо яьлча а, Абузарна дуьхьал къийсам ца сацабора цуьнан дуьхьалончаша. Амма х1инца шаьш лелориг къайлах леладора.

1986 шеран август чекхболуш КГБ Нажи-Юьртан районтделан начальника подполковника Владимир Евгеньевич Гужвас Абузаре телефон туьйхира.

- Абузар Абдулхакимович, хьо кхана ц1ахь хир вуй?

- Хаац, со ц1ера вала везаш х1ума-м дац х1инца цкъа гучудаьлла. Х1унда хоьттура ахь?

- Кхана вайн районе вог1уш ву республикан КГБ председатель Архипов Петр Михайлович. Дийнахь кхо сахьт долуш хьо партин райкомехь хилийтахьара аьлла т1едиллина цо суна.

- Хила везахь хир ву-кх. Сох х1ун до цо?

- Ца хаьа суна.

Мел ца ян г1ертарх а оцу дийнахь-буса дукха ойланаш йира Абузара. КГБ лахара белхалой-м, цо х1ун дуьйцу, х1ун леладо хьуьйсуш, даима цуьнан лар толлуш лелара. Республикан КГБ шефан бала кхаччал х1окхунах х1ун даьлла-те? Цо язйина произведенеш а царна гуш ю, шен дагахь дерг а, цхьаннах къайла а ца доккхуш, миччахьа а цо юьхьадуьхьал д1аолура, д1а а яздора.

Ойла йича, цунна дагадеара 1985 шеран декабрехь, областан партийни организации Х1Х конференцехь т1е1оттавелча, республикан КГБ цхьана отделан начальникца Хатуев Ахьмадца шен хилла къамел. Цига вахале Ахьмада церан районехь КГБ районтделан начальникан заместителан болх бинера масех шарахь. Х1етахь дуьйна вевзаш вара цунна иза.

Хьал-де хьаьттинчул т1аьхьа къамел Абузаран литературни кхолпараллина т1едаьккхира Ахьмада. Шен шолг1а киншка ара ца йоккхуш сацийна элира яздархочо.

- Иза тхоьга схьалохьа, оха г1о дийр ду хьуна иза араяккха, - элира цо.

Цхьана аг1ор Абузара ца лечкъадора царах шен дагахь дерг, вукху аг1ор х1уьттаренна а иза юьхьадуьхьал д1аолура цо.

- Шун г1оьнца ара ца яккха оцу киншках сийна ц1е тосур яра ас, - аьлла, велавелира Абузар. - Оццул сонта а вац со!

- Ткъа ишта д1а йиллина 1ен воллу хьо?

- Ца воллу. И роман эцна, ЦК ваха ойла ю сан . Кхузахь аш лелориг дерриг а д1адийца.

Иза харц а дацара. Оцу 1алашонца гочйинера цо и роман оьрсийн матте. Ша КПСС обкоме мел яздина кехаташ дерриг а, кхаа экземплярехь зорба а тоьхна, кийчча латтош дара. Цаьршиннан и къамел хуьлуш т1ехволуш цхьа оьрси сацийра Ахьмада. Цаьршинна вовшийн вовзийтира цо.

Иза КГБ председатель Архипов П.М. вара.

Х1инца ойланаш еш Абузарна дагадеара, х1етахь цо аьллачу дешнашна вог1уш ву-те иза цуьнца цхьаьнакхета?

Шолг1ачу дийнахь, тоьхначу хенахь райкоме кхечира Айдамиров. Гужва инзаре оьзда к1ант вара. Цо даггара лоьрура Абузар, цуьнан сий а дора. Цига кхочу х1ара тергал а вина, т1е а веана, шина-кхаа дашца хаийтира иза стена кхайкхина.

Архипов райкоман шолг1ачу секретаран кабинета чохь ша вара.

- Х1ара Владимир Евгеньевич новкъа-м хир вац хьуна, вайшиммо къамел деш? – хаьттира Архиповс, т1е-каре чекхъяьлча.

- Суна-м новкъа хир дац, кху районера дерриг адам вайшинга ладоьг1уш хилча а. Сан къайле йолуш х1умма а дац, нагахь хьан дацахь.

Архиповс д1асахьийзор доцуш ша деана г1уллакх долийра.

- Тхоьга хаамаш кхаьчна, кхузахь ара ца йоккхуш сацийна хьайн киншка туркойн маттахь араяккха ахь Турце яхьийтана бохуш. Бакъ дуй иза?

- Хьан бина шуьга и хаам?

- Турцера схьа.

Абузар велавелира.

- Турцера схьа-м ца беанера шуьга и хаам. Муха бо, цигахь ахь юьйцу сан кинشка ца хилча. Кхузарчу сан мостаг1аша сох лаьцна кхоьллина харц эладита ду иза.. Цул, мекарлонаш йитий ма-дарра бакъдерг дийца вайша?

- Тхайга кхаьчна хаамаш талла декхар ду тхан.

- Ой, оццул мехала бу и хаамаш, уьш бахьана долуш леррина хьо Нажи-Юьрта схьаван?

- Леррина цунна ца веана со, кхин г1уллакхаш а ду кхузах. Амма хьоьца дерг айсса къасто лаьа суна, кхечарах тешийна а ца дуьтуш. Хьо сайн б1аьргашца ган а, вовза а, хьоьга ладог1а а лаьара. Хьан ц1арна гонах дукха къамелаш лела республикехь.

- Дера, ас даржош-м дац уьш. И эладитанаш даржош лелаш цхьа иттех стаг ву. Республикехь даржадо аьлча-м бакъ хир дац иза. Партин обкомана а, шуна а т1е сох лаьцна харц эладитанаш кхоьхьуш. Сох ца теша шу, ткъа оцу изхь-оьздангалла х1ун ю а ца хуучу йовссарех теша.

- Иза т1аьхьа дуьйцур ду вайша. Бакъ дуй и кинشка ахь дозанал дехьа яхьийтина бохург?

- Ас бакъдерг дийцича а, хьо тешар вац сох, Петр Михайлович. Аш со мел хьийзавахь а, шу сох ца тешахь а – со СССР ц1ена гражданин а, коммунист а ву. Сайл ц1ена гражданаш, коммунисташ хир бу аьлла а ца хета суна. Ас дуьйцург пачхьалкхана а, партина а г1уллакх дар дац. Оцу аг1ор г1уллакхаш ас к1езиг дина. Ас юьйцург гражданинан а, коммунистан а яхь, оьздангалла, деган ц1еналла ю. Цундела, шу сайна мел реза дацахь а, аш сайна т1ехь мел харцонаш латтаяхь а, и сайн кинشка кхузахь цкъа а арайоккухр яцахь а, со чохь вехачу пачхьалкхан законаш а талхош, ямартло а еш, и сайн кинشка дозанал ара йохьуьйтур яцара ас. Иза деш оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а дуккха а яздархой бу, амма со иштачех вац. Ас иза дарна кхерам бац шуна. Сан яхь ю, Петр Михайлович.

- Ткъа х1унда кхолладелла х1ара эладита? И хаам Турцера схьабеана боху. - Архипов ша гучувелира.

- Иза шуна хаа деза. Оцу киншкин машинкица зорбатоьхна кхо экземпляр ю. Шиъ – издательствехь, цхьаъ - соьгахь. Сайниг сан ц1ахь ю, важа шиъ издательствехь а карор ю шуна.

Шен сийна, кегий б1аьргаш Абузарна т1е а боьг1на, корта хьовзийра Архиповс.

- Х1етте а цхьа бух боцуш ма бац тхоьга кхаьчна хаамаш. Турцехь цхьа а киншка юй хьан арайоккхуш?

- Араяккхаран болх-м ца хаьа суна. Араяккха ойла ю, гочъеш ю бохуш хабар-м хезна суна.

- И х1ун киншка ю?

- «Еха буьйсанаш».

- Кхузахь араяьллий иза?

- Яьлла дера. 1972 шарахь. Цул совнаха, Иорданехь 1аьрбийн маттахь араяккха кечъеш сан кхин ши киншка ю бохуш хабар а ду.

- Уьш х1ун киншкаш ю?

- «Маршонан ц1арах» а, «Лаьмнийн некъашкахула» а.

- Кхузахь араевллий уьш?

- Евлла, 1968,1975 шерашкахь.

- Ахь бакъо еллий царна уьш цигахь араяха?

- Ца елла. Соьгара бакъо царна оьшуш а яц. Суна хетарехь, дуьненан юкъахь лелочу, вайн пачхьалкхо а къобалдинчу законаша бакъо ло авторан махкахь араяьллачул т1аьхьа кхечу махка нисъелла произведени цуьнан авторе ца хоьттуш араяккха. Масала, и юкъаметтигаш лелочу Москварчу цхьана организацица барт а бина. И барт церан хилла, я ца хилла а хаац суна.

Архиповс сапарг1атдаьлла куьг ластийра.

- Кхузахь араевллачех-м шайна луъург дахьара цара! Цаьрцам бала бацара тхан. Оцу т1ехь чекхдолу ас хьоьца къасто деза г1уллакх. Х1ара къамел ас хьайца дина алий са ма гатделахь.

- Са муха ца гатдо, х1окху т1аьхьарчу итт шарахь сох лаьцна х1ора дийнахь харц эладитанаш шуна т1екхоьхьуш хилча? Царах шу тешаш хилча? 1975 шарахь дуьйна сан цхьа а произведени зорбанехь арайолуьйтуш ца хилча? Кхаа шарахь гергга зорбанехь, телевиденехь, радиохь а сан ц1е яккхар дихкина латтийна хилча? Ишколашкахь хьехархойн а, дешархойн а куьйгашца, иэхьечу инк-

визиторийн методашца ишколийн программашна, учебникашна юкъара сан произведенеш д1аяхийтина хилча? Беккъа цхьа бехк бу-кх сох баьлларг: цхьа а тайпа шалхо, макхо йоцуш нохчийн къоман историх ас бакъдерг яздар. Нохчийн халкъ, шен истори ца хууш манкуртан иэсехь суна даха цалаар!

Т1аккха цхьана сохьтехь Абузара охьадиллира оцу т1аьхьарчу итт шарахь латтийнчу харцонех лаьцна шадерриг а.

- Х1ара х1инца суна т1екхоьллинарг а х1ун ду? – дерзийра Абузара т1аьххьара а, - Б1е шо хьалха Россихь, х1окху ламанан Нохчийчохь, паччахьан 1едална дуьхьал нохчийн ахархойн г1аттамах лаьцна язйина сан роман хьанна оьшу дозанал арахьа? ЦРУ, НАТО оьшу? Я малхбузерчу антисоветски центрашна оьшу? Сан киншка цхьа антисоветчина хилча-м, вайн пачхьалкхана дуьхьал идеологически диверсина цунах пайда эца г1орта а мегара уьш. Ткъа туркошна а, 1аьрбашна а эшшане а ца оьшу и киншка. Цигахь сан киншкаш 1аьрбийн, туркойн меттанашкахь араяха г1ертарш нохчий бу. Туркошка а, 1аьрбашка а ешийта ца йоху цара уьш. Цигарчу нохчашна кхузарчу йозанца ненан маттахь язйина уьш еша цахаарна, шайн къоман истори, культура йовза а, 1амо а лууш лела. Ткъа малхбузерчу историкашна суначул, нохчашначул, советски историкашначул а т1ехдика евза нохчийн халкъан истори. Сан киншки т1ера царна д1аэца пайде цхьа а керла х1ума дац. Цуьнан ойла а ца йина аш? Х1ара эладита шуна т1едеанчара вайн пачхьалкхан, даймехкан бала болуш ца деана. Суна х1уьттаренна, 1едална хьалха со бехвархьама, со сийсазвархьама, сох тешам баккха, со морально х1аллакван 1алашо йолуш кхоьллина эладита ду иза. Ткъа шу, ас хьалха ма аллара, мозанах пийл а йина г1евттина! Ас и киншка нохчийн халкъана язйина. Цунна шен истори йовзийта, иза манкуртан иэсах самадаккха. Цундела суна ца оьшу нохчашна ца хуучу цхьана а маттахь иза араяккхар. Х1окху дуьненара дерриг хьал-бахам сайна белча а йоккхуьйтур яц. Сайна а хууш, ас пурба а делла. Нохчийн халкъо шен ненан маттахь иза ешначул т1аьхьа дерг ша ду. Т1аккха шайна эшахь китайцаша а гочъер иза шайн матте. Амма иза нохчийн маттахь араер ю. Мацца яьлла а. Х1етталц сатухур ду ас. Т1аьххьара а цхьаъ ала а лаьара

сунна. Со бохкалучу нахах вац шуна. Дуьненан даьхний, сий, хастам сайна баларх вохкалур волуш а вац. Цхьанна а! Сайна т1ехь мел ницкъ барх а, суо мел яккхийчу халонашка, къелле х1оттарах а.

- Дика ду, - элира Архиповс, цуьнга леррина ла а доьг1на, - суна хьо гина а, вевзина а, хилларш-лелларш а ша ма дарра ахь соьга схьадийцина а. Х1ара тахана вайшиннан хилла къамел цхьа дош буха ца дуьтуш, ас Фотеевга д1акхетор ду хьуна.

- Х1ара дерриг а цунна хууш ду, Петр Михайлович. Ас доцца д1аяздинера цуьнга. Амма х1окху г1уллакхах цхьа а аг1о ца яьккхина цо. Ас хьоьга ц1ена бакъдерг дийцина. Нагахь ас дийцинчух хьо тешнехь, ахь д1адийцахь, иза хьох а тешар ву. Хьан адамалпин декхаре д1ало ас и г1уллакх.

Цигара ц1а вирзинчу буса ойланаш еш, наб ца йира Абузара.

Х1инца иза дара х1окхуьнан дуьхьалончаша цунна т1екхолла дисинарг!

Царна шера ма хаьара «Лаьмнашкахь ткъес» цуьнгара а, издательствера а д1аса ца яьллий. Ша мацалла велча а, цигара дешех д1аехча а иза цо дозанал ара лур йоций а. 1едал кхин а т1е цунах тешамза даккха, иза бехван, цуьнан синтем байа, и роман а, цуьнан кхийолу произведенеш а кхузахь ара ца йовлийта бина мотт ма бара иза.

...1989 шарахь СССР халкъан депутатийн хьалхара съезд йолуш Абузарна т1е а веана, цуьнан ц1е а яьккхина, куьг делла маршалла а хьаьттина, цуьнца т1е-каре велира сийна, кегий б1аьргаш а болуш, лохачу дег1ара, кхузткъа шо хенара оьрси. Цо Нохч-Г1алг1айчоь а, Нажи-Юьртахь шен цуьнца хилла цхьаьнакхетар а хьахийча вевзира иза Абузарна. Архипов Петр Михайлович!

Цаьршиннан къамел хиллачул т1аьхьа дукха хан ялале республикера д1аваханера иза. Мича вахана а, х1унда вахана а дуьйцуш а ца хезнера. Ша Туркменехь республикан КГБ председатель а ву, цигахь СССР халкъан депутат а хаьржина ша, бохура цо. Шаьшшиннан Нажи-Юьртахь хилла къамел шолг1ачу дийнахь Фотеевга д1ахаийтина хилар а дицира.

Я цо аьллачунна делахь а, я пачхьалкххехь хиллачу хийцамаш-

ца доьзна хиллехь а, цул т1аьхьа севцира Абузарах лаьцна лаккахула лела эладитанаш.

* * *

Айдамиров Абузаран романаш араяхарехьа, царна т1ехь яздина исторически бакъдерг лардарехьа а къийсам 1970 шарахь болабеллера, амма иза марсабалар 1976 шарахь доладелира. Х1етахь дуьххьарлера, к1орггера чулацм болуш кехат 1976 шеран 4 ноябрехь яздира КПСС обкоман хьалхарчу секретаре А.В.Власовга. Т1аьххьарниг – 1986 шеран январехь – В.К.Фотеевга. Оцу итт шарахь бахбеллачу къийсаман мелла а сурт х1утту, х1етахь цуьнан романашна язйинчу рецензийн а, партийни, пачхьалкхан органашка яздинчу кехатийн а х1ара хьесап далийча.

| Рецензиш | Дарж | Маца язйина | Маса язйина | Маса аг1о | Магош Цамагош |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **1. «МАРШОНАН Ц1АРАХ»** /оьрсийн маттахь/ | | | |
| | | **1. Республикан издательствехула:** | | | |
| **1.** Ошаев Халид. | Яздархо. | 16.10.69. | 1 | 12 | магош |
| **2.** Лиин Эдуард. | Партбелх. | 29.3.70. | 1 | 9 | магош |
| | | 2. РСФСР Госкомиздатехула: | | | |
| 1. Власенко А. | канд.филол. наук, доц.литинст. | 12.7.70. | 1 | 8 | цамагош |
| 2. Федоров В.А. | докт.ист.наук, проф.МГУ | 1970 | 1 | 3 | цамагош |
| | | **ЕРРИГ** | **4** | **32** | **2/2** |

## 11. «ЕХА БУЬЙСАНАШ» /оьрсийн маттахь/.

### 1. Республикан издательствехула:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1.Гриценко Н.П. | док.ист.наук | 29.5.78. | 1 | 12 | магош |
| | проф.ЧИГУ | 19.12.80. | 1 | 11 | цамагош |
| 2.Джусойти Н.Г. | докт.филолог. | 11.4.78. | 1 | 14 | магош |
| | наук,проф. | 29.1.79. | 1 | 5 | магош |
| **Рецензенташ** | **Дарж** | **Маца язйина** | **Маса язйина** | **Масо аг1о** | **Магош цамагош** |
| 3.Яблокова Г.И. | ред.изд. | апр.дек. 1978 | 2 | 6 | цамагош |
| 4. Поваляев Ю.С. | ред.изд | 17.9.79. | 1 | 10 | цамагош. |
| 5. Минтяк И.И. | ред.изд. | 23.10.80. | 1 | 6 | цамагош |

### 2. РСФСР Госкомиздатехула:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. Маршаев Р.Г. | канд.ист. наук.доц. | апр.80 | 1 | 7 | магош |
| 2. Чалмаев В.А. | критик,М. | 1981 | 1 | 11 | цамагош |

### 3. «Современник» издательствехула:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1.Смирнов А. | критик,М. | 1973 | 1 | 9 | цамагош |
| 2.Степаненко В. | критик, М. | 1973 | 1 | 15 | магош |
| 3.Чернолусский М. | критик,М. | 1973 | 1 | 6 | магош |
| 4.Нефедов Н. | критик,М. | 14.6.75. | 1 | 8 | цамагош |
| 5.Смирнов Н.А. | док.ист. наук,проф. | 25.3.76. | 1 | 4 | магош |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 6. Редакция издательства | | 31.1.77. | 1 | 6 | цамагош |
| 7. Бровман Г. | критик,М. | 27.12.79. | 1 | 4 | цамагош |
| | | **ЕРРИГ** | **17** | **134** | **8/9** |

**111. «ЛАЬМНАШКАХЬ ТКЪЕС» /нохчийн маттахь/.**

| Рецензиш | Дарж | Маца язйина | Маса язйина | Маса аг1о | Магош цамагош |
|---|---|---|---|---|---|
| 1.Эдилов Х.Э. | поэт,ред.изд. | 15.6.79. | 1 | 8 | цамагош |
| 2.Вагапов Я.С. | канд.филол.н. | 14.9.79. | 1 | 15 | магош |
| 3.Шайхиев А.Х. | поэт | 28.10.79. | 1 | 6 | магош |
| 4.Туркаев Х.В. | канд.филол.н. | 26.11.79. | 1 | 8 | магош |
| - // - | | 23.4.80. | 1 | 8 | магош |
| - // - | | 23.7.82 | 1 | 5 | цамагош |
| 5.Изд .заключ. | Айдаев Ю. | 22.10.79. | 1 | 6 | цамагош |
| 6.Умаров С.Ц. | канд.ист.н. | 27.10.80 | 2 | 15 | цамагош |
| 7.Лепиев А.С. | ред.изд. | 30.10.80 | 1 | 11 | цамагош |
| 8.Ахмадов У. | ред.радио | 1980 | 1 | 13 | цамагош |
| 9.Ахмадов Я.З. | канд.ист.н. | 2.11.81. | 1 | 11 | магош |
| - // - | | 7.82. | 1 | 17 | магош |
| 10.Ахмадов Ш.Б. | канд.ист.н. | 11.11.81. | 1 | 13 | магош |
| - // - | | 23.7.82. | 1 | 6 | магош |
| 11.Гадаев В.Ю. | канд.философ.н. | 7.82. | 1 | 7 | магош |
| 12.Гайтукаев К.Б. | канд.филол.н. | 27.7.82. | 1 | 9 | магош |
| 13.Исаева Т.А. | канд.ист.н. | 6.11.81. | 1 | 10 | магош |
| - // - | | 25.7.82. | 1 | 23 | магош |
| 14.Мунаев И.Б. | канд.филол.н. | 27.7.82. | 1 | 9 | магош |
| 15.Осмаев А.Д. | ред.издат. | 1983 | 1 | 4 | магош |
| 16.Шайхиев А.Х. | поэт | | 1 | 4 | магош |
| Осмаев А.Д. | поэт | 23.1.83. | | | |
| 17.Нашхоев Р.М. | обком КПСС | 1983 | 1 | | магош |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 18.Дадаев Хасан | лито | 1983 | 1 | 8 | магош |
| 19.Правление СП | 5 членов | 23.1.83. | 1 | 4 | магош |
| - // - | 5 членов | 16.4.85. | 1 | 2 | магош |
| 20.Саракаев Х.Б. | пистатель, | 1984 | | | магош |
| | ред.издат. | | 1 | | магош |
| 21.Гапаев А.С. | гл.ред.издат. | 1984 | 1 | | магош |
| 22.Сулаев М.А. | писатель | 4.11.84. | 1 | 17 | магош |
| 23.Айдаев Ю.А. | канд.филол.н. | 17.12.85. | 1 | 6 | цамагош |
| | | **ЕРРИГ** | **30** | **245** | **22/8** |

## Ж А М 1 А Ш

| | | | |
|---|---|---|---|
| «МАРШОНАН Ц1АРАХ», оьрсийн маттахь | 4 | 32 | 2/2 |
| «ЕХА БУЬЙСАНАШ», оьрсийн маттахь | 17 | 134 | 8/9 |
| «ЛАЬМНАШКАХЬ ТКЪЕС», нохчийн маттахь | 30 | 245 | 22/8 |

| | Верриг рецензент | Ерриг рецензиш | Рецензийн аг1онаш | Магош цамаг. |
|---|---|---|---|---|
| 1. «Маршонан ц1арах» | 4 | 4 | 32 | 2/2 |
| 2. «Еха буьйсанаш» | 14 | 17 | 134 | 8/9 |
| 3. «Лаьмнашкахь ткъес» | 26 | 30 | 245 | 22/8 |
| **ЖАМ1:** | **44** | **51** | **411** | **32/19** |

## КПСС ОБКОМЕ, ПАЧХЬАЛКХАН ОРГАНАШКА А ЯЗДИНА КЕХАТАШ

| | Хьаьнга яздина | Дарж | Маца яздина | Кехатийн аг1онаш |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Власов А.В. | обкоман 1 секретарь | 4.11.1976 | 24 |
| 2. | Власов А.В. | - // - | 16.1.1978 | 10 |
| 3. | Власов А.В. | - // - | 5.11.1979 | 22 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 4. | Власов А.В. | - // - | 4.12.1980 | 32 |
| 5. | Власов А.В. | - // - | 16.9.1981. | 40 |
| 6. | Фотеев А.К. | - // - | январь 1986 | 15 |
| 7. | Магомадов Л.Д. | обкоман 11 секретарь | 3.8.1981 | 3 |
| 8. | Бузуртанов М.О. | обкоман секретарь | 10.1.1976 | 4 |
| 9. | Бузуртанов М.О. | - // - | 4.2.1981 | 2 |
| 10. | Бузуртанов М.О. | - // - | 3.8.1981 | 21 |
| 11. | Тацитов А.И. | отделан заведующи | 8.12.1979 | 2 |
| 12. | Тацитов А.И. | - // - | 15.1.1981 | 6 |
| | | **Дерриг обкоме -** | **12** | **181** |
| 1. | Галаев Х.М. Тацитов А.И. | директор книж.изд. | 8.12.1979 | 2 |
| 2. | Галаев Х.М. Шанин В.Ф. | нач.упр. по печати | 15.12.1978 | 16 |
| 3. | Шанин В.Ф. Галаев Х.М. | | 30.6.1979 | 4 |
| 4. | Шанин В.Ф. Галаев Х.М. | | 25.9.1979 | 2 |
| 5. | Галаев Х.М. Айдаев Ю.А. | | 22.6.1978 | 8 |
| 6. | Галаев Х.М. Лорсанукаев С. | гл. ред.издатель. | 8.7.1981 | 2 |
| 7. | Галаев Х.М. Лорсанукаев С. | | 6.8.1981 | 2 |
| 8. | Умаров С., Лепиев А., Ахмадов У. | рец.справка | 8.7.1981 | 112 |
| 9. | Айдаев Ю. | рецензина справка | апр.1986 | 40 |
| | | **Дерриг респуб. изд.** | **9** | **188** |
| 1. | Карелин П.А. | Председатель Госком-издата РСФСР | 24.8.1970 | 13 |
| 2. | Чукреев В. | Зав.редак. лит. Народ.РСФСР | 6.3.1975 | 2 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 3. Михалков С.В. Предс.СП РСФСР<br>Прокушев Ю.Л. Дирек.изд-ва<br>«Современник» | сент.1976 | 62 |
| 4. Справка к рецензиям Федорова В.А. | 1971 | 26 |
| 5. Справка к рецен.Федерова В.А. и<br>Власенко А. | 1971 | 55 |
| **Москва дахьийтанарш** | **5** | **156** |
| **ЯЗДИНА ДЕРРИГ КЕХАТАШ -** | **26** | **527** |

Лакхахь далийнарш дерзина терахьаш ду.

Амма оцу терахьашна т1ехьа къайлехь лаьтта Айдамиров Абузара набарза яйина б1еннаш буьйсанаш, лайна халонаш, балацаш, хилла халахетарш, цатемаш, сингаттамаш, инзаре боккха къинхьегам а.

КПСС обкоме, кхечу органашка а цо яздинарш кехаташ хилла ца 1а, уьш ц1ийца, хьацарца яздина йоза ду. Масала, Айдамировн романаш ца магош 146 аг1онна т1ехь 20 рецензи язйина, х1ора аг1онна т1ехь масех «кхачамбацар» гойтуш, ткъа цара т1екхоьллина и эладитанаш шена т1ехь ца дита г1ерташ 527 аг1о кехаташ яздина. Федоров В.А. яздархочун «Маршонан ц1арах» романна 3 аг1онна т1ехь рецензи язйина, ткъа цо яздинарш бакъ цахилар гойтуш Абузара 81 аг1о язйина. Умаровн, Лепиевн, Ахмадов 1умаран рецензиш ерриг цхьаьнатоьхча 39 аг1о ю, ткъа цара дуьйцург харц хиларна тоьшаллаш далош яздархочо х1оттийна справка 112 аг1о ю. Айдаев Юша1ан рецензи 6 аг1о т1ехь язйина, ткъа Абузара дуьхьал х1оттийнчу справкано 40 аг1о д1алоцу.

И справкаш, обкоме, кхечухьа а яздина кехаташ а, охьа а хиъна, тховх хьала а хьоьжуш ма ца язлора. Уьш яздан кечамбеш дуккха а исторически, политически, философски, литературоведчески, марксизман-ленинизман литература еша езара. И 527 аг1о кехаташ яздарал дуккха а атта хир дара цунна «Еха буьйсанаш» санна йолу кхин а цхьа роман язъян. Царах цхьадолу кехаташ ц1ена 1илманан талламан белхаш бара, кандидатски диссертацица нисбан мегар долуш.

Абузарна дуьхьал мел язйинчу рецензи т1ехь коьртачу декъана массара а иза бехкевора Росси, оьрсий дикачу аг1ор ца гайтина, оьрсийн 1едало нохчийн халкъана т1ехь латтийна къизаллаш, 1азап дукха яздина, бохуш цхьана аг1ор, ткъа вукху аг1ор – цо нохчийн къомах диканиг аларна, бусалба дин а, динадай а, къоман 1адаташ а цо сийсаз ца дарна.

Цундела и романаш, х1уъу мекарлонаш лелийна а, араяха, халкъе д1акхачо г1ерташ, КПСС обкоме ша яздинчу кехаташ т1ехь цкъацкъа аьшпаш а буттура яздархочо. Масала, бусалба дин, нохчийн къоман 1адаташ а хестадо бохуш шена критика йича, и тайпа меттигаш шен романаш т1ехь йоллушехь, уьш яц, мелхо а царна критика еш меттигаш ю бохуш ч1аг1онаш йора авторо. Оцу кехаташ т1ехь цо яздина цхьацца мог1анаш дешначунна моьттур ду х1етахь цул партина муьт1ахь коммунист хилла а хир вац аьлла. Х1уъу дийцина а, аьшпаш боьттина а, и романаш зорбане а яьхна, халкъе д1акхачо г1ертара яздархо. Амма ша цаьрга х1уъу дийцахь а, шен коьрта 1алашо кхочушъеш болу цхьа мог1а а романна т1ера д1а ца боккхура. Рецензентийн лаам кхочушбеш редакторо хийцина меттигаш а къайллах юха меттах1иттайора.

Айдамиров Абузара шен дагалецамашкахь дуьйцура:

**«…Х1етахьлера тхан къийсам дукха тера бара охьатохарх латаран а, боксерийн а къийсамех. Башхо х1ун яра аьлча, со – цхьаъ, уьш – дуккха а, цаьргахь 1едалан ницкъ а хилар, оцу аг1ор со г1орсиз хилар а. Амма уьш мел дукха белахь а, 1едалан ницкъ цаьргахьа белахь а, со мел г1орасиз велахь а, къарвелла к1ел ца саца, корта ца та1о вала а сацам хилла дуьхьалваьллера со. Цара йоккхачу тобанца т1етаь1ий соне та1авора со, я массара т1ебетталой к1елвохуьйтура. Т1аккха оьг1азвоьдий, дарлой, жимма са а до1ий, сайн болу-боцу ницкъ т1е а гулбой т1ета1ий, уьш соне та1абора ас, я к1елбохуьйтий т1ехуура.**

**Ткъа дагна мел боккха там хуьлура царна т1ехь цхьана йоццачу ханна а толам баккхабелча!Церан хьекъалан аьрталла,**

харцо, ямартло гучуяккхарца айса уьш соне та1ийча! Цундела, цкъацкъа цхьана ханна тхайна юккъехь машар х1оьттича сагатлора сан. Амма и машаре хан гена ца йолура. Тхо шиний аг1орнаш керлачу тасадаларна кечамбеш хуьлура. Юха а д1аболалора тхан луьра къийсам.

Со цхьаъ велахь а, уьш алсам а, 1едалан ницкъ цаьргахьа белахь а, моральни ницкъ соьгахь бара. Сан къийсам бакъонгахьа, бакъдолчунгахьа , халкъан дуьхьа хиларо ницкъ лора суна. Цул совнаха, и сан дуьхьалончаш 1илманан, хьаькамаллин даржаш долуш белахь а, цара суна дуьхьал даьхначу герзийн г1ирсаш сайнчарал ледара бара. Партбелхалочунна истори, литература ца хаьара, историкана – литература, литературоведана, литературни критикана – истори ца хаьара, къаьсттина нохчийн халкъан истори. Ткъа цаьрца т1ом бан 1еминчу суна церан мела меттигаш, хьекъалан, хаарийн а аьрталла а гора, цара сайна муьлхачу аг1онгахьара, мичхьа тухур ю а, айса сайн муьлха меттиг ларъян еза а, царна дуьхьал муьлха герз тоха деза а хаьара. Х1етахь оцу хьелашка ца нисвеллехь цкъа а айса йоьшур йоцу марксизм-ленинизман классика, КПСС съездийн, ЦК Пленумийн материалаш, партин, пачхьалкхан куьйгалхойн сочиненеш а йийшира ас. Ткъа мел дукха исторически, политически, философски, литературоведчески а литература еша дийзира!

Кхин цхьаъ а дара оцу къийсамехь суна ницкъ луш – дуккха а нахера соьга дог1у кехаташ. Къеначаьргара а, къоначаьргара а, зударшкара а. Сан исторически романаша шайна нохчийн къоман истори, г1иллакхаш, оьздангалла йовзийтина бохуш, суна баркалла олуш. Нехан бала бара сан ара ца йолучу шолг1ачу киншкин, «Еха буьйсанаш» оьрсийн маттахь ара ца яккхаран. Официале обкоме яздина соьгахьа г1о даккха ца х1иттинехь а, амма сан г1уллакх яздархойн Союзан правлени диллича доггах сан г1о лецира Ахматова Раисас, Арсанукаев Шайхис, Боков Ахьмада, Гагиев Гирихана. Сан роман араяккхарна т1ехь доккха дакъалецира Шайхиев 1алвадис, Осмаев Асланбека, Саракаев Хьамзата, Сулаев Мохь-

**мада. Оцу сан романах диканиг ма ала бохуш, шаьш обкомо мел хьийзадарх диканиг олуш чекхбевлира 1илманчаш Ахмадов Явуз, Ахмадов Шарпудди, Исаева Т1аус, Гайтукаев Казбек, Гадаев Ваха, Мунаев Исма1ал .»**

Айдамиров Абузарна хала шераш дара уьш.

Атта-м иза дуьненчу ваьлчхьана ца хиллера цуьнан дахар.

Оцу 1976-1986 шерашкахь яздархочунна т1ехь и харцонаш ца лелийнехьара, нохчийн къоман историна а, литературана а, кхин а даккхий г1уллакхаш дан ницкъ а, лаам а бара цуьнан. Амма Абузаран дахарехь уггар хьекъална а, кхетамна а, дег1ан ницкъана а иза кхиъна и шераш, цунна т1ехь лелийна и харцонаш бахьана долуш, я цунна а, я халкъана а пайде доцуш, эрна д1адахара.

Т1аьхь-т1аьхьа а цхьацца наха, х1етахьлерчу оцу нуьцкъалчу, къизачу 1едалца къийсана хьо майра стаг, къонаха хилла шега аьлча, Абузар дуьхьал велалора:

- Духхьалд1а майра хиларх стаг къонаха хуьлуш вац. Майрачу стага х1уъу а леладо. Лета, туху, стаг воь, къола до, нахана халахетарш, цатемаш бо, цунна къинхетам, оьздангалла а х1ун ю ца хаьа. Иза Делах а, нахах а ца кхоьру. Уллохь хьекъал, оьздангалла йоцу майралла дукха хьолахь оцу стагана шена а, адамашна а зуламе йолу. Къонахчуьнгахь майралла, оьздангалла, яхь, собар, къинхетам, иман хуьлу, иза Делах а кхоьру. Къонах хила атта дац, иза эзарнашна юкъара цхьаъ волу.

Ас лелийнарг лело къонахалла ца оьшура. Шен халкъ боккъал а дезачу, яхь йолчу муьлххачу а стага лело декхар дерг дара иза. Бехк-гуьнахь доцу нохчийн халкъ шен даймахках а даьккхина, дуьненан историхь цхьана а 1едало цхьана а халкъана т1ехь ца лелийнчу оцу акхачу къизаллина бахьанаш лоьхуш советски тоталитарни ражо т1е харц эладитанаш кхоьллина халкъ а, бехйина цуьнан истори а ц1анъяр, исторически бакъдерг меттах1оттор а сайн, нохчочун, адамаллин декхар хетара суна. Суо мел дег1ана эг1аза велахь а, г1орасиз, дог к1еда велахь а, сан дакъазалла д1ога цхьан-

хьа деган к1оргехь богуш къармазаллин суй бара сан. И суй бара суна синтем хила ца бутьтург, даима д1а со хьалха д1а тоьттург, вухавала ца вуьтург. Майра а, къонаха а со цкъа а ца хилла. Ишколехь харцахьа лелачу берана т1екхаьчча, айса иза човхийча , т1аьхьа цунах вас а хуьлий, иза хьаьстина айса къинт1ера даккхалц кхача а ца баалуш, буьйсанна чомахь наб ца кхеташ ма хилла со. Сайн са а кхеташ, даг чохь хьаг1-гамо йолуш дош а ца аьлла цкъа а, цхьана а стагана халахетар а ца дина ас. Цкъа а, цхьана минотана а даг чу куралла а ца йоьссина сан. Дуьненахь айса яьккхинчу хенахь даима г1ийлачун, мискачун дог иэца, царна г1о дан а г1иртина со. Ас латтийна къийсам суо майра стаг, къонаха хилла ца латтийнера. Дуьххьалд1а сайн къомана т1ехь лелийна а, лелош а йолу харцонаш ца лалуш г1еттинера со!

Бакъдерг мацца тоьлий а, тоьлу олуш ду. Иза бакъ дац. Бакъдерг бакъ а хуьлий дуьсу, амма цо толам ца боккху. Цкъа а ца баьккхина. Дуьненахь даима толаме лелларг харцо, шалхо, иэхьбехк дацар, къизалла ю. Делахь а, оцу харцо лелочу, оьзда доцчу, къинхетам боцчу адамашна дуьхьало еш, цаьрца къийсам латтош оьзда, къинхетаме, хьекъале нах ца хилча оцу хьалхарчара тоххара дуьненахь адамалла х1аллакдина хир дара.

Адамашна моьтту дуьненахь бакъдерг, адамийн бакъо ларъян, харцонна дуьхьал г1уьттурш майра, турпала нах бу. Ткъа д1а теллича уьш уггар г1ийла, къинхетаме нах хуьлу. Ца хууш зингат хьаьшна а, цуьнан са даккха а кхоьруш болу. Делах а, нехан не1алтах а кхоьруш болу нах. Ишта адамаш хилла берриг пайхамарш а, эвлияаш а. Шаьш мел г1ийла-миска, г1орасиз белахь а, царна ца лало шайна гонах лелош йолу харцонаш, зуламаш, къизаллаш. Адамаша дин, оьздангалла, бакъдерг а хьешар. Г1ийланаш, мисканаш хьийзор, сийсазбар. Царна ца лало и харцонаш, церан иэхь-бехк ца 1ело к1илло д1атаь1на, шайн бертаза церан кийрара орцане мохь болу. Уьш харцонна, къизаллина дуьхьал, бакъдерг, адамалла, оьздангалла ларъян г1овтту, цундела уьш ца кхоьру къеллех, мискаллех, мацаллех, 1ожалах а. Г1овтту, шайна толам баккхалур боцийла хуъушехь.

Иштачу нехан дахар декъаза хуьлу. Цара дукхе_дукха халонаш, баланаш лов. Церан дегнаш т1ехь цхьанна а гуш йоцу дера чевнаш хуьлу. Уьш хеназа дуьненара д1акхелха. Я бойу, я махках боху, я оцу чевнашна са а детташ, къен, миска, халонаш, баланаш ловш, Делан 1ожалла т1екхаччалц беха…

Иштачу нехан даржехь вара Айдамиров Абузар а.

Цкъацкъа цхьа юкъ йог1ура оцу къийсамо к1адвича, г1елвича цуьнан собар, сацам, ойла а лесташ. Кертахь кепек ахча а доцуш, хила меттиг а боцуш. Хийлазза меттигаш нислора Ленински библиотекера, я архивашкара араваьлча юкъара1ойле д1аваха трамвайна, автобусна дала кисанахь пхи кепек ахча доцуш. Хийлазза иштта Соьлжа-г1ала а вахана, ишколан, колхозан, я районерчу учрежденийн машенашца.

Т1аккха ойла кхоллалора, ванах, х1окху къелле доьзал а боьллина, ша х1ара къа х1унда хьоьгу-те? Цул, кхечара санна, Ленин, парти, Советийн 1едал, сийлахь-доккха оьрсийн халкъ а хестош, къоман г1иллакхашна, динадайшна 1иттарш еш киншка а язъеш , уьш х1ора шарахь ара а йохуш х1унда ца 1а ша? Т1аккха, уьш нохчийн а, оьрсийн а маттахь шозза а, кхузза а арайохур ма яра. Цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш. Т1аккха нехан санна, цуьнан х1усамехь импортни йийбар, хрустал, фарфор, безачу механ кузаш, хехка машен а хир яра. Х1ора шарахь доьзалца курорте, санаторе, х1орда т1е сада1а г1ойла а хир дара…

Ишта и ойла хьаьвзара цкъацкъа коьрте. Цкъа а, мацалла велча а, и тайпа произведенеш ша язйийр йоццушехь. Т1аккха лаамза цуьнан б1аьргаш пенаца кхозучу сурташна т1ебоьрзура.

Оцу заманахь даьржина дара х1усамашкахь хьурматечу меттигашкахь д1ах1иттийна я пенаца кхозуш, шайн лераме хьаьжжина къастийна Ленинан, генсекийн, Пушкинан, Лермонтовн, Толстойн, кхечеран а суьрташ. Абузаран х1усамехь цкъа а ца хилла и тайпа суьрташ. Оцу гениале яздархошна цо хамталла яр а, уьш цаларар а дацара иза. Цо ч1ог1а лоьрура уьш, къаьсттина Лермонтов, Толстой а. Амма стенна оьшура уьш, царах ж1араш йина, х1усамехь латто? Цо болх бечу ц1а чохь ши пен д1алаьцна кхин

суьрташ дара. Нохчийн къоман турпалхойн суьрташ. Мансур, Шемал, нохчийн наибаш, 1аьлбаг-Хьаьжа, 1умма-Хьаьжа, эвлаяаш, Зеламха, Чермоев 1абдул-Межед, Шерипов Асланбек а. Куьйга диллина Турцера цунна даийтина Таймин Бийболатан сурт а. Кавказски т1еман цхьацца эпизодаш гойтуш сурташ а.

Оцу суьрташка хьаьжча, юха а ойла хийцалора Абузаран. К1адделлачу, г1елделлачу дег1е юха а ницкъ бог1ура. Оцу къонахийн б1аьргаш бехк боккхуш шега хьуьйсуш санна хетара. Царах дукхахберш шовзткъа шарахь а ца баьхнера дуьненахь. Уьш танг1алкхаш т1ехь, набахтешкахь, генарчу, шийлачу Сибарехь беллера. Нохчийн къоман, дайн лаьттан маршонан дуьхьа. Цара халкъан маршонехьа къийсинера шайн хьекъале, кхетаме, ницкъе хьаьжжина. Амма майра, догц1енна. Халкъан, даймехкан, бусалба динан а дуьхьа. Т1еман арахь ца хилахь а, шаьш иэшахь шайн 1ожалла танг1алкхаш т1ехь, набахтешкахь, Сибарехь хир юйла шайна хьалхxe хуъушехь.

Советан 1едал т1едеачхьана, къаьсттина 1949 шарахь дуьйна уьш сийсазбора 1едало. Церан хье т1е ца та1ош цхьа а иэхьан сетал ца йисинера. «Реакционераш», «динан фанатикаш», «мракобесаш», «туркойн агенташ», «Россин, оьрсийн мостаг1ий», и.д1а кхин а ц1ераш техкина сийсазбеш. Нохчийн халкъана ма ца хаьара церан турпала дахар, турпала 1ожалла а. Уьш бицбан бакъо яцара халкъан. Уьш эзарнаш шерашкахь халкъан даг чохь, халкъан иэсехь баха безаш бара. Уьш а, халкъана ц1ераш ца хууш, амма шайн халкъан маршонехьа къуьйсуш иэгна эзарнаш къоман турпалхой а.

Кхеравелла, к1адвелла х1ара а, кхин а севцча хьан бовзуьйтур бу уьш халкъана? Оцу къонахойх иэхь ма ду церан ц1ераш къоман истори т1е ца язъеш йитича…

Т1аккха - нахера баркаллица дог1у кехаташ а. И эзарнаш адамаш а дара Абузарах догйовха…

Т1аккха юха а д1аболабора яздархочо шен исторически произведенеш т1ехь болх. Дуьхьалончаша шена керла т1елатар доладаллац. Т1аккха а, шен коьрта болх д1а а тосий, царна дуьхьал т1ом бан волалора.

Иштта д1адахара и ялхийтта шо. 1970-1975 шерашкахь к1ез-к1езиг кхоллалуш кхоллабелира и къийсам.

1976 шарахь дуьйна марсабелира.

1986 шарахь чекхбелира.

Уьш тоьлла а боцуш, Айдамиров Абузар къарвелла к1ел а ца соцуш.

СССР-хь демократически хийцамаш ца хиллехь, кхин а д1а гена г1ур бара и къийсам. Амма 1989 шеран 26 мартехь Абузар СССР халкъан депутат хаьржича, шайн герз охьадилла дийзира парткократийн а, церан хьадалчийн а.

Ша Абузарна делла къонахчун дош кхочушдира Дзейтов Хьаьжбекара Хьусайновича. Уггар хьалха, 1989 шарахь цо араяьккхира «Лаьмнашкахь ткъес» /7000 экз./. 1990 шарахь шозлаг1а арахийицира «Еха буьйсанаш» /3000 экз./, 1991 шарахь арахийцира ялхийтта шарахь 1иллина «Хронология истории Чечено-Ингушетии»/15000 экз./, оццу шарахь шозлаг1а а араяьккхира «Лаьмнашкахь ткъес»/7000 экз./. И берриг а Дзейтов Хьаьжбекаран болх бара.

* * *

1988 шеран декабрь баттахь цкъа а ца гинчу тайпана доккха ло дилла доладелира. Лайн дозалло дитташ кегдора, г1ишлойн тхевнаш т1едеттара, некъаш дуькънера, яккхий саьнгарш а х1иттина. Цхьацца деношкахь соцура т1едуьллу ло, юха а хьалхачул а карзахдолий, т1едог1ура. Цхьана дийнахь техникаца ц1андина некъаш шолг1ачу дийнахь юха а дукълора.

Оцу деношкахь г1аьрташкахь ан долуш, хала г1оттий 1асанашца ара а волуш, чохь 1уьллура Абузар. Иштачу цхьана дийнахь иза волчу веара ши накъост. Цхьаъ стоммачу, лохачу дег1ара, б1аьргех куьзганаш долуш, шовзткъа, шовзткъе пхиъ шо хенара, важаткъе пхийтта шо хенара.

Абузар волчу дукха адамаш дог1ура х1ора дийнахь. Цхьацца, шишша а, ткъа кегийрхой-масех цхьаьнакхетий а. Церан массеран сибташ, ц1ераш дагахь а ца лаьттара цунна. Цхьа хан яьлча бевзаш, я юьхь-сибатца бевзича а, ц1ераш дага ца йог1уш меттигаш а нислора. Х1ара шиъ а иштачех хир ву-кх бохуш, мила ву а, ц1ераш а къамелаца хуур=кха бохуш, чай мелла довллалц а 1ийра х1усамда. Парг1атдевлча шаьш деана г1уллакх дийцира воккхах волчо.

- Шелан, Веданан, Советски районашкахь хьо СССР халкъан депутаташка хьалхатеттина оха. Хьоьгара реза волуш пурба даккха леррина нах бог1ур бу хьо волчу. Церан дехар духа ца тохар доьху хьоьга. Шолг1а, хьоьга и пурба ца далийта а, хьо кандидаташна юкъа ца вахийта а г1оьртар ду 1едал. Обкомо хьайга мел дехарш дарх, вуха ца валар а доьху хьоьга. И г1уллакх дохьуш веана тхойша.

Корта а ластийна, велавелира Абузар.

- Хьан ц1е х1ун ю? – хаьттира цо куьзганаш долчуьнга.

- Сан ц1е Леча ю, Салигов Леча. «Халкъан фронтера» ву со.

- Делхьа, Леча, соьга а ца хоттуш, вуон дина аш иза. Цкъа-делахь, наха хаьржича а, сох депутат а хир вац, х1унда аьлча, со политик вац, пачхьалкхан, юкъараллин г1уллакхашна ох1ла а вац. Шолг1а-делахь, депутаташка кандидаташ хьалха муха тотту а, хьалхатеттинарш муха хоржу а суна дика хаьа. Нахана мел лаарх а, партин обкомо, КГБ, советски органаша а сан кандидатура чекхйолуьйтур яц. Депутаташ муха хоржу а вайна дика хаьа. Оцу органаша гайттинарг хьалха а тотту, харжа а хоржу. Ткъа царна со мел веза суна хаьа. Сох дагадовла дезара шу и г1уллакх доладале.

- Абузар, тхо халкъан лаам кхочушбеш ду. Халкъана хьо мила ву хаьа, ахь динарг а, хьан дагахь дерг а хаьа. Халкъана хаьа нохчийн къомана ахь дина г1уллакхаш, хаьа шена луург ахь духатухур доцийла а. Халкъо хьо шена хоржуш ву, обкомана, КГБ хоржуш вац. Царна мел ца лаарх хоржур а ву. Цара депутаташ хоржу хан д1аяьлла. Хьан кандидатура хьалхатеттина Советски районан халкъан дешаран отделан коллективо а, Веданан районерчу Эг1ашта юьртан бахархоша а. Кхин масанхьа а кечамбеш а бу. Массара а хьо депутаташка кандидат хьалха а тоьттуш, хьан юьртахой юьстах

1ийча г1иллакхехь хир дуй-те аьлла дагадеана, кхузахь гуламна кечамбан даьхкина тхо.

Шен юьртахой политически г1уллакхашна 1аламат ледара буйла кхеттачу Абузара дуьхьало йира.

- Х1ан-х1а, кхузахь гулам бийр бу оха, - элира Лечас. - Хьоьца дерг дуьззина чекхдаьлла тхан. Хьо Союзан Совете хьалхатеттина. Къаьмнийн Совете депутат хьалхататта билгалвина цхьа накъост ву тхан. ЧИГУ хьехархо, физико-математически 1илманан кандидат Гойтемиров Рамзан. Иза цхьаннахьа а хьалхатеттина вац. Цундела Месктахь гулам бина хьо – Союзан Совете, ткъа Гойтемиров – Къаьмнийн Совете хьалхататтийта ойла ю тхан.

- Делхьа, Леча, сан дуьхьа х1ара г1уллакх кхузахь вовшахтухуш хилча-м ас аьттехьа а дуьтур дацара. Амма оцу Гойтемировн г1уллакхана аш гулам беш хилча, дуьхьало йойла а дац. Районерчу куьйгаллина а ца хууш и гулам аш бича, сайн дуьхьа ас байтинарг хир ву со. Шаьш 1анне а ца 1ахь, Нажи-Юьрта а г1ой, цигарчу куьйгалхошца барт бейша.

И шиъ ц1енчу «УАЗ» машенца вара. Амма оцу машенца а саьнгарша дуькъначу некъашкахула Нажи-Юьрта ваха а ца вела, маьрк1ажал т1аьхьа Меската вуха а веана, юьртсоветан председатель Тамара йолчу ц1а вахана хилла и шиъ. Шолг1ачу дийнахь делкъанна, шийтта сахьт даьлча гулам бан цуьнца барт а бина, д1авахана хиллера Салигов а, цуьнан накъост а. Амма оцу буса ша царна дош деллачул т1аьхьа ойла хийцаелла хилла Тамарин.

СССР халкъан депутаташ харжаран хьокъехь даьлла керла закон дара. Оцу законаца депутаташ харжамхоша харжа безара. Ткъа КПСС, ВЛКСМ, профсоюзашна, кхечу юкъараллин организацешна а бакъо еллера шайна т1ера. Уьш кхаа т1ег1анах луьттуш чекхбаха безара: юьхьанцарчу организацеша, цигахь къастийнчарна юкъара – КПСС, ВЛКСМ, кхечийн а Централньи органашкахь. Ерриг а КПСС 100 депутатан меттиг беллера. Ткъа лахара дуьйна хьалхатеттинарш масийтта эзар коммунист вара. Нажи-Юьртан партийни организацис а билгалвинера масех коммунист. Царна юкъахь яра и Тамара а. Оцу г1уллакхах ца кхеташ йолчу Тамарина, Абузаран кандидатура хьалхатеттича, шен г1уллакх галдер ду моттаделлера.

Шайна йиллинчу хенахь, шолг1ачу дийнан, делкъа хенахь Меската схьакхечира Салигов Леча, Алиев Дадаш, Абдулмуслимов Хьусайн а. Амма Тамарас нахе гулам хьокъехь цхьа дош а ца аьллийла хиъна, хьеший схьакхаьчначул т1аьхьа арабевллачу Эльгериев Межеда, Висуров Сайд-Мохьмада ши б1е сов стаг гулвира, ткъа хила везарг пхи б1е вара.

Суьйранна, гулам чекхбаьлча Абузар волчу ц1а баьхкира хьеший. Цаьрца цхьаьна чуеана Тамара, ша эшахь я юьртсоветехь, я ц1ахь хир ю аьлла д1аяхара. Протоколаш кечдина, царна т1е мух1ар тохийта д1алехча, цхьаннахьа а ца карийра Тамара. Г1аддайча, ишколан мух1ар а мегар дара шайна аьлла, директор Сайдуллаев Хьасан лехира. Иза а ца карийра. Оцу шина дийнахь къа а хьегна, шаьш айдина лело г1уллакх х1окху юьртахь чекх а ца даьлла, д1абахара Салиговг1ар.

Советски /Шуьйта/ районехь халкъан дешаран отделан коллективо Абузаран кандидатура хьалхатоттуш х1оттийна протокол сихха ч1аг1динера райисполкомо. Суьйранна иза волчу веанчу Ахмадов Мусас цуьнгара пурба даьхьира, баллотировать дан ша дуьхьал вац аьлла.

Шолг1ачу буьйсанна юккъехь Абузар волчу баьхкира Ведана районерчу Эг1аштара нах. Церан г1уллакх чолхе хиллера. Цуьнан кандидатура хьалхататта уьш гулам бан г1ерташ буйла хиъча, райисполкоман председатель, милицин, КГБ начальникаш а Эг1ашта а баьхкина, юьртан кулуб д1акъовлийтина хилла. Не1аран дог1а а дохийна, кулуба чу а бахана, гулам бина хилла наха. Т1аккха районера баьхкина куьйгалхой кулуба чуьра ара ца бовлийтина, райисполкоман председатело, шайн мух1ар т1е а тухуш, протокол ца ч1аг1дича.

Салигов Леча дуьххьара Абузар волчу веача цо цуьнга дийцинарг хуьлуш д1адоьдуш дара. Айдамировн кандидатура хьалхатеттинчу №397 территориальни округа чуйог1уш барх1 район яра – Ведана, Гуьмса, Надтеречни, Наурски, Нажи-Юьрта, Советски, Шела, Шелковски. Оцу барх1е районийн КПСС райкомашна а, райисполкомашна а КПСС обкомо т1едиллинера цуьнан кандидатура чекх ма ялийта аьлла. Оцу округехула депутат харжа обко-

мо билгалвина вара Веданан районерчу Орджоникидзе ц1арахчу колхозан председатель Хусаинов Абу-Хьасан. Иза ша Махкат1ера вара, иза а, цуьнан ваша, философски 1илманан кандидат Хусаинов Сайд-Ахьмад а дика к1ентий, Абузара лоруш нах а бара.

Абу-Хьасан ч1ог1а лоруш вара республикан куьйгалло. Иза республикан Лакхарчу Советан Президиуман член а, КПСС обкоман членашка кандидат а, республикан Колхозийн Советан председатель а вара, КПСС XXУ11 съездан делегат а хиллера. Абузаран кандидатура хьалхатоттуш йолу Эг1ашта иза председатель волчу колхозана юкъайог1уш а яра. Цундела Веданан районан дерриг а куьйгалла дуьхьалдаьллера эг1аштахошка цуьнан кандидатура хьалхатоттуш гулам ца байта.

№ 397 территориальни округехула Союзан Совете депутаташка кандидаташ хьалхатеттина пхи стаг вара: Айдамиров Абузар, Хусаинов Абу-Хьасан, Шелковски районерчу «Шелковский» племсовхозан директор Балмасов Н.Т., Надтеречни районерчу Знаменски юьртара технически 1илманан кандидат Супьянов Рамзан, оццу районерчу «Братский» совхозан механизатор Бамбиев Супьян а. Обкоман ойла яра оцу пхеаннах Хусаиновн, Балмасовн ши кандидатура кхожа юкъа а яхийтина, Хусаинов чекхваккха.

СССР халкъан депутаташ харжаран хьокъехь даьккхинчу закона т1ехь кхин а цхьа керла х1ума а дара. Къинхьегаман коллективашна бакъо лора дуккха а кандидаташ хьалхататта, муьлххачу стагана ша шен кандидатура хьалхататта а. Амма оцу дуккха а кандидатех цхьаъ, я альтернативни шиъ кандидат къасто везара харжамаш хилале хьалха хуьлучу и кандидаташ хьалхатеттинчу коллективийн векалийн гуламо. Цигахь къайлах кхаж тесча 51% кхаж баьлла кандидат харжамхойн кхожа юкъа воьдура, ткъа бисинарш юкъара д1абовлура. Нагахь санна векалийн гуламехь цхьана а кандидатан 51% кхаж ца нислахь, дукха кхаьжнаш девлла шиъ харжамийн кхожа юкъа воьдура. Ткъа депутат хоржучу дийнахь оцу шиннах алсам кхаж баьлларг депутат вуьсура.

Харжамел хьалха хуьлуш болчу оцу гуламехь кандидатехьа кхаж алсам хилар, цахилар дозуш дара иза хьалхатеттина коллективаш

дукха-к1езиг хиларх. Масала, Хусаинов ткъех коллективо хьалхатеттинера, гуламехь оцу х1ора коллективана т1ера пхиппа векал вара. Абузар шина коллективо хьалхатеттинера, цундела цуьнан итт векал бен вацара. К1езиг коллективаша хьалхатеттинчу кандидатан к1езиг догдохуьйлаш яра гуламехь кандидат чекхвала.

26 мартехь харжамаш хилча депутаташ ца хоржуш йисинчу округашкахула керла кандидаташ хьалхатоттуш и чолхе закон д1а а даьккхина, коллективаша хьалхатеттина берриг а кандидаташ кхожа юкъа а бахийтина, кхаж тосучу дийнахь харжамхошка шайгга къастабайтира депутаташ.

Эг1аштойн а, шотойн а юьхь йина, шен кандидатура харжамашна юкъаяхийта официале Абузара пурба деллехь а, харжамашна хьалхарчу гуламехь шен кандидатура чекх ца яларе сатуьйсура цо. Амма и г1уллакх бен ца хеташ йолу цуьнан ойла хийцира гулам хилале хьалхарчу буса иза волчу баьхкинчу эг1аштоша.

№397 территориальни округан харжамийн комисси Гуьмсехь, КПСС г1алин райкоман ц1еношкахь яра. Шайн гуламан протокол дохьуш эг1аштой цига баьхкича, окружной комиссис царна дуьхьало йина хилла Айдамировн кандидатура регистраци ян. Иза хиъча Эг1аштара ши б1е сов нах баьхкина цига, Абузаран кандидатура чекхъяккха аьлла. Комиссис т1е ца дитина церан дехар. Т1аккха Салигов Леча, цуьнца Наургазаев Зиявди а Москва, харжамийн Центральни комиссе а вахийтина, Айдамировн кандидатура регистраци ца яхь, шаьш г1алин комитетан ц1енош чуьра арадевр дац аьлла, севцца хилла эг1аштой. И буьйса а, шолг1а де а цигахь даьккхина цара. Х1орш цигара д1а ца бевлча, КПСС г1алин комитетан хьалхара секретарь Хадзагаров А.В. обкоме вахана, цигахь х1оьттина хьал дийца. Цуьнца Гуьмсе веана обкоман секретарь Беков С.М. Шаьш дехарш дарх а, кхерамаш тийсарх а, эг1аштой цигара д1а ца бевлча дог а диллина, Абузаран кандидатура регистраци йина хилла.

Мухха делахь а, шотоша шайниг комиссех чекхдаьккхинера.

Абузар волчу баьхкинчу эг1аштоша и дерриг а шега дийцича, оцу буса т1аьхьхьалц 1ийра иза наб ца кхеташ. Депутат хаьржича х1оккхуьнгара шайна цхьа г1о хиларе догдохуш, цунах тешаш лела-

ра и миска нах. Х1инццалц массара 1ехош, те1ош латтийна. Абузар чекхваккха г1ерташ, генара Гуьмсе а баьхкина, 1едалца къуьйсуш шина дийнахь-буса цигахь лаьттина-кх ши б1е стаг а, зуда а. Оцу буса цо Деле дийхира, т1аьхьа харжамаш хуьлчу дийнахь Ахь х1уъу дахь а, оцу мискачу нехан дуьхьа, кхана гуламехь царна а, шена а юьхьк1ам белахь аьлла.

Нажи-Юьртан районерчу цхьана а къинхьегаман коллективо хьалха ца теттинера Айдамировн кандидатура. КПСС обкомо шайна т1едиллина декхар кхочушдеш, районан куьйгалло масех коллективехь хьалхататтийтинера Хусаиновн кандидатура. Оцу коллективийн векалш бара автобусахь Гуьмсе боьлхуш. 1уьйранна исс сахьт долуш Зами-Юьрта царна дуьхьал а ваьлла, цаьрца Гуьмсе вахара Абузар.

Гуламехь х1ора  кандидата ша депутат хаьржича ша х1ун дийр ду, я вуьшта аьлча, шен программа йийца езара, ткъа иза хьалхатеттинчу х1ора коллективан векалех цхьаццаммо  шайн кандидат хестош, цуьнгахьа кхаж тасаре кхойкхуш къамелаш дан дезара.

Нажи-Юьртара баьхкинчу векалшна хьалхе дихкинера Абузарна кхаж тасар а, ткъа кхузахь  цо къамел дича т1араш тохар а.

Къайлах кхаж тесча, векалех 54% Абузарна кхаж белира.

1989 шеран 26 мартехь хилира депутатийн харжамаш.

Халкъан дуьхьа дуккха а халонаш, баланаш ловш Айдамиров Абузара къахьегарна, ц1енчу даггара халкъо яздархочунна аьлла баркалла дара иза депутат харжар.

СССР пачхьалкх йоххалц, 1991 шо чекхдаллалц, кхаа шарахь гергга депутатан декхарш кхочушдира Абузара. Дийнахь а, буса а иза волчу дукха адамаш дог1ура. Цуьнан округера боцурш а, Россин областашкара а. Шайн г1айг1анаш, баланаш, бохамаш, иэшамаш бохьуш. Царах цхьа а стаг, зуда, бер а дог ца оьцуш д1а ца хьажийра цо. Доггах, шен ницкъ ма кхоччу церан г1уллакхаш дан а г1иртира. Делан г1оьнца дуккха а г1уллакхаш дан  аьтто а хилира. 1едалан куьйгалхоша нахана т1ехь латто харцонаш совцийра. Районашкахь, ярташкахь больницаш, поликлиникаш, ишколаш яйтира, некъаш тодайтира, хиш, газ ялаяйтира. Цомгашчарна санаторешка путевкаш йохура. Колхозашна техника, ярташкахь маьж-

дигаш деш коьчаллин г1ирсаш бохура. Ц1ахь къена дай-наной, я дуккха а доьзал болуш хенаш тоьхна чубоьхкина нах, и хенаш гечйойтуш, шайн доьзалшна т1е ц1аберзийра. Депутат хаьржинчу хьалхарчу шарахь ша бинчу белхан отчет елира цо зорбанехь /Год испытания. «Грозненский рабочий», 22 апреля 1990 г./. Х1етахь Абузара бинчу белхан документаш цуьнан архивехь ду.

* * *

СССР халкъан депутатийн хьалхарчу съездан болх д1абоьдуш хиира Абузарна СССР пачхьалкх йоха новкъа яьллийла. Цхьа а тайпа культура йоцуш керла бевллачу «демократийн» дуьхь-дуьхьал шовкъе маьхьарий, Прибалтикан республикийн депутатийн бертахь антисоветски позици, царах масал иэцна Гуьржех, Молдавии а, Москван масех майданахь дийнахь-буса а хаддаза лаьтта иттаннаш эзарнашкара митингаш, «Россия» гостиницана хьалха лаьтта пикеташ, демонстрацеш.

Къаьсттина шера гучуделира д1адаханчу кхузткъе итт шарахь СССР пачхьалкха чохь дехачу къаьмнашна юкъахь барт а, доттаг1алла а цахиларал совнаг1а, даима вовшашка цабезамаш, цатешамаш лаьттина хилар а. Халкъан депутаташ шайн политически 1алашонашца кхаа декъе бекъабеллера: «воккхах ваша», «юккъера вежарий», «кегий вежарий» а -Росси, союзни республикаш, автономиш а. Оьрсийн депутатийн великодержавно-шовинистически, имперски позици яра, я вуьшта аьлча СССР ларъян лаьара, лакхе шайгахь, оьрсашкахь а йолуш. Союзни республикашна шаьш политически, экономически йозуш цахилар, перспективехь шайн йозуш йоцу пачхьалкхаш кхолла лаьара. Оцу аг1ор цхьабарт болуш г1уьттура Прибалтикера республикийн депутаташ. Оцу аг1ор ойла лестина бара гуьржий, молдаванаш, амма прибалтийцийн санна ч1аг1ъелла яцара церан позици. Росси, Украина, Белорусси цхьана позицехь лаьттара. Бусалба республикаша, девнна юкъа ца г1ерташ, тийна-таь1на Горбачевн г1о лоцура. Схьахетарехь, х1етахь церан ойла яра,

оцу девнна юьстах а 1ийна, цара СССР йохийча, т1аккха шайн йозуш йоцу пачхьалкхаш кхайкхо. Т1аьхьа иза дан а дира цара. Ткъа «кегийчу вежарийн» бала берш к1езга бара. Автономни республикаш, областаш, округаш шайн г1уллакх съездехь дийцаре дан юкъадилла г1оьртича, уггар хьалха царна дуьхьал бовлура и тайпа автономиш шайн республикашна чуйог1учу Гуьржи, Азербайджанан, Узбекистанан, Таджикистанан берриг депутаташ а, оьрсийн къомах дукхахболу депутаташ а. Шайна массо аг1ор бакъонаш, маршо езара союзни республикашна, амма изза бакъонаш, маршо а автономиша шайна езар хьахийча, царна дуьхьал бовлура «бакхий» а, «юккъера» а «вежарий». Шайн эшамех къамел дан трибуни т1е хьалаваьлла автономийн депутат зала чохь т1араш детташ, когаш бетташ, маьхьарий хьоькхуш чувоссавора.

Тбилисехь ткъех стаг вийначарна луьра та1зар дар доьхура гуьржийн депутаташа, х1ора дийнахь хаддаза трибуни т1е хьала а буьйлуш. Амма Гуьржехь репрессиш йина, шайн исторически даймахках баьхна Узбекистане бигначу туркошна т1ехь цигахь къиза акхаралла йина аьлла съезде хаам кхаьчча, цхьана а гуьржийн депутато цхьа дош а ца элира. Шайн республикехь, шайн къомах болчу наха эзарнаш туркойн ц1ий 1анорна бехказбовла г1оьртина цхьа дош узбекийн депутаташа а ца элира. Оцу трагедин г1уллакх съездехь дийцаре а ца х1оттийра.

Доцца аьлча, съездан белхан хьалхарчу дийнахь дуьйна гуш дара СССР пачхьалкх йоха новкъа яьлла хилар, кегийчу къаьмнийн хинболу декъаза кхоллам а.

Съездашкахь Айдамировн цхьаьнакхетар нислора пачхьалкхан гоьбевллачу деятелшца. Х1етахь пачхьалкхан коьртехь болчу нахах Абузаран даго къобалбеш бара М.С.Горбачев, Н.И.Рыжков, Э.А.Шеварднадзе, В.Бакатин, дуьненчохь ц1еяххана академик А.Сахаров а.

Сахаров съезде валавора цхьана оьрсичо шен тишчу «Москвич-412» машенахь. Шен дахаран т1аьххьарчу дийнахь трибуни т1е хьала а ваьлла, Афганистанехь Советски эскарша лело къиза акхаралла иза йийца воьлча, зала чохь волчу шина эзар сов депу-

тато маьхьарий хьоькхуш, шакарш етташ, къамел дан а ца витина, чувоьссира Сахаров. Оцу буса дог а иккхина веллера и хьекъале, къинхетаме, оьзда стаг.

Горбачевга шозза вистхилар нисделира Абузаран. Кхана хьалхара съезд йолало аьлча, 1989 шеран май беттан 24 дийнахь депутатийн векалийн кхеташо хилира. НГ1АССР депутаташна т1ера цигахь векал вара Айдамиров а, Дарсигов Муса, Фотеев В.К. Оцу кхеташонехь хьалхататта безара Лакхарчу Советан шина а палате членаш. Нийса аьлча, уьш-м кхуза схьа а дахкале ц1ахь, х1ора республико, областб хьалхxе къастийнера. Х1ара дуьххьалд1а формальность яра. Кхузахь гучуделира Союзан Советан палате Г1алмакхойн, Бурятин, Туван автономни республикийн векалш билгалбина цахилар. Трибуни т1е хьала а ваьлла, Абузара шен къамелехь элира оцу жимчу деа къомах векалш Союзан Совете ца харжар къаьмнийн бакъонаш талхор ду, церан векалш хила беза оцу палатехь.

Трибуни т1ехьа хиъна 1ачу Горбачевс иза юкъахваьккхира.

- Накъост Айдамиров, церан векалш Къаьмнийн Советехь хир ма бу, - аьлла.

- Михаил Сергеевич, Къаьмнийн Советехь массо а къоман векалш бу. Оццу къаьмнийн векалш бу Союзан Советехь а, и диъ къам доцчийн. И диъ къам жима ду аьлла хедайо аш церан политически бакъонаш? Барамехь даккхийчу а, кегийчу а къаьмнийн бакъонаш цхьатерра хила еза. Со сацам боллуш дуьхьал ву аш лелочунна!

Айдамировс аьлларг къобалдеш къамел дира масех депутато. Оцу деа къомах векалш Союзан Совете билгалбехира, юха съездехь харжа а хаьржира.

**Ма мотта, сан корта сирбелла байча,**
**Сан шерийн дукхалло къежбина и.**
**Ма мотта, б1аьргаш к1ел хебарш дайча,**
**Къеналлин нахарца юьхь аьхна ю.**

**Дагт1ера заз дожо, т1е марха хьарчо**
**Дахарехь тоьуш ду цхьа буьрса де,**
**Доттаг1а! Чот йича ишттачу денойн,**
**Цецвуьйлу кху кепехь дисарехь дог!..**

**А.АЙДАМИРОВ**

Иорданера схьабог1учу нахах масаммо а шаьш долчу хьошалг1а кхайкхира Абузар.

«Маршонан ц1арах», «Лаьмнийн некъашкахула» ши киншка 1аьрбийн матте гочйина, цигахь араяьккхинчу инарла 1абдул-Хьамида кхайкхар яийтира яздархочунна. Амма оцу шерашкахь цхьана аг1ор 1едало хьийзош, вукху аг1ор материальни хьелаш ледара долчу цуьнан аьтто бацара кхечу махка, хийрачу нахана т1е хьошалг1а ваха.

1990 шеран октябрь бутт чекхболуш ц1еххьана цуьнга хаам бира Иордане ваха веза аьлла.

Оцу деношкахь 1аламат кхераме хьал х1оьттинера Гергарчу Малхбалехь. Ирако Кувейте агресси йича, Иракана дуьхьал оцу районе оьзнера США, Англин, Францин, Италин, ткъех сов пачхьалкхан герзан ницкъаш. Х1ора минотехь цигахь т1ом болало бохуш ладоьг1уш дара дерриг дуьне.

1990 шеран 31 октябрехь Иордане д1акхечира Айдамиров Абузар а, Туркаев Хьасан а, Плиев Мохьмад-Са1ид а.

Аэропорте царна дуьхьал веара 1абдул-Хьаддад, кхин ши нохчо а. 1абдул-Хьаддад цигарчу «Даймохк» юкъараллин секретарь а, 1абдул-Бакъи Джамон гергара а вара.

1аьрбан мехкашкахь дика вевзаш пачхьалкхан, политически, динан деятель вара 1абдул-Бакъи Джамо. Кест-кеста Нохчийчу

вог1уш волу иза кхузахь а дика вевзара. Иорданехь парламентан г1уллакхашкахула министр ц1е йолуш дарждара цуьнгахь х1етахь.

Иорданерчу нохчийн шиъ-кхоъ юкъараллин организаци яра, царах цхьаъ цигарий, Нохчийчуьрий нохчашна юккъехь з1енаш латтош а йолуш. Хьалхарчу шина организацин декъашхошца цхьаьнакхетар хилча, т1аьххьара «Даймохк» юкъараллин декъахошца цхьаьнакхийтира делегаци. Цигахь дуккха а нах бара. Цхьаьнакхетар д1ахьош куьйгалла деш вара 1абдул-Бакъи Джамо.

Цигахь хьалаг1еттинчу 40-45 шо хенарчу цхьана инарлин дар-жехь волчу стага доцца къамел дира:

- Шун цигахь къаьмнашна, къаьсттина, – нохчашний, суьйлашний юкъара барт боьхна боху. Иза ч1ог1а халахета тхуна. Шемал сийсазван г1ерташ жайнаш яздеш яздархой бевлла а боху. Масех б1е шарахь дика а, бохамаш а цхьаьний ловш, цхьа вежарий санна бертахь баьхна нохчий, дег1астанхой. Шу вовшашца тардала дезара, вовшашлахь барт хила безара. Шу лулахой ма ду, мостаг1ий а хилла дахалур ма дац шу.

Иза Абузарна йина 1оттар яра. Иорданера схьабог1учу наха хьалххе дуьйна цуьнга д1адийцинера, инарла 1абдул-Хьамида 1аьрба матте гочйина цигахь араяьхначу цуьнан киншкашна цхьаболу нах реза бац бохуш. Къаьсттина «Шемалан леламашна» а, «Жерочун дийцарна» а.

Эххар а цигахь д1адолийра хьалхxе дуьйна яздархочуьнга ала шаьш кечдинарг. Иза къамел дина ваьлча, Абузара доцца жоп делира.

- Шемалх лаьцна, я нийса аьлча, Шемалан заманах лаьцна жайнаш ас цхьамма бен ца яздина. Сайн жайнаш т1ехь ас сийсаз ца вина Шемал. Х1унда аьлча, суьйлийн къомачул хьалха иза нохчийн къоман турпалхо хиларна. Сайн жайнаш т1ехь Шемал хьекъале, майра, хьуьнаре, доьналле къонах а, воккха 1еламстаг а гайтина. Ламанан халкъаша-м хьовха, дерриг а дуьнено а лоруш, сий деш а волуш. Оцу дикачу аг1онашца цхьаьна иза къиза стаг хилла аьлла а яздина ас. Иза ишта къиза хиларан бахьанаш а яздина. Дуьненахь а нуьцкъалчу Россин пачхьалкхана дуьхьал шайн маршо ларъян г1еттинчу, ткъе пхеа шарахь шайн маршонехьа т1ом

бинчу ламанан халкъашна т1ехь куьйгалла дина стаг г1алат доцуш а хуьлийла дацара, куьг ч1ог1а ца хилча цуьнга и куьйгалла а далур дацара. Къушна, ямартхошна, кхечу зуламхошна та1зарш дан ма дезара цо. Уьш та1зарш ца деш хецна битича Шемалан 1едал а, маршонехьа къийсам а шаре бер ма бацара. Ишта ду ас яздинарг, шу мухха кхеттехь а.

Уьш вовшех кхетта, оцу т1ехь яздархочун произведенех долу къамел чекхдаьлла хеташ Абузар 1аш хьалаг1еттинчу доктор Т1ах1ас юха а долийра и къамел.

- Абузарна бехк буьллур бац вай, - элира цо, ша къамел долошшехь, - Коммунистийн 1едало шена т1едиллинарг кхочушдина цо.

Абузар оьг1азвахара.

- Коммунистийн 1едало бохург ас динехь а,ца динехь а, Далла а, цигарчу нохчашна а, кху чохь волчу сан шина накъостана а хаьа. Сталин дуьненахь волуш, коммунистийн 1едал уггар ч1ог1а долчу хенахь, Шемал бехвинчу хенахь, цуьнгахьа г1о доккхуш цхьа а стаг дош ала ца ваьхьначу хенахь, махках баьхна нохчий Юккъерчу Азехь цхьа а бакъо йоцуш болчу хенахь и Шемал сийсазвинчарна дуьхьал сайн ницкъ ма кхоччу къийсам латтийна ас, Москва массо газеташка, журналашка кехаташ яздеш. Оцу хенахь Шемал сийсазвинарш цуьнан шен къомах болу суьйлий Даниялов 1абдурахьман, Гамзатов Расул, кхин а, кхин а бара. Оцу Шемалца оццул шайн бала кхаьчнехь, цаьрга баккхийша и бехк. Шемалх лаьцна ас яздинарг, иза нийса делахь а, гома делахь а, сайна хетарг ду. Цхьаммо а язде аьлла а ца яздина. Тахана айса яздеш хилча а, изза яздийр дара. Х1инццалц схьа луларчу къаьмнашца цатарлурш нохчий, г1алг1ай бац. Уьш даима собаре а, г1иллакхе а хилла. Суьйлаша махках ваьккхина Шемал т1е а лаьцна, ткъа шарахь гихь лелийна нохчаша. 1аьлбаг-Хьаьжа коьртехь волуш хилла нохчийн г1аттам хьошуш итт эзар дег1астанхочо жигара дакъалаьцна. И г1аттам хьаьшначул т1аьхьа дег1астанхошна г1оьнна бахана нохчийн г1аттаман тхьамданаш, Сог1рат1лахь суьйлаша схьа а лецна, паччахьан инарлашка д1абелла. Обарг Зеламхина т1аьхьа толлуш леллачу паччахьан эскаршна юкъахь а дукхахберш дег1астанхой бара. Имам Узун-Хьаьжа т1елаьцнарш а нохчий бара.

Нохчийчохь кхелхина иза, Нохчийчохь д1авоьллина иза, цуьнан кошах зиярат дина 1а нохчий. Нохчий махках баьхча ц1ахь висина Зелимхин т1аьххьара к1ант а дег1астанхоша вийна бохуш дуьйцу. Нохчий махках баьхча церан ярташка кхалхийнера дег1астанхой. Шаьш даймахка ц1а бирзича, мах луш оцу дег1астанхошкара шайн ц1енош иэцна нохчаша. Ткъа аьккхийн ярташкара х1инца а д1а ца бовлу уьш. Дийца воьлча, дуккха а ду уьш. Хьо нийса кхеталахь, Т1ах1а, оцу г1уллакхашна ас берриг а дег1астанхой бехке ца бо хьуна. Ямарт, къиза, стешха адамаш, зуламхой массо къомана юкъахь хила а хилла, долуш а ду. Ас нохчийн, г1алг1айн къаьмнаш а ца къастадо царах. Г1алг1айн ах мохк д1а а лаьцна 1аш х1ирий бу, аьккхийн мохк схьа ца луш дег1астанхой бу. Х1етте а цаьрца дика юкъаметтигаш ларъеш, г1иллакх лелош схьадог1у тхо х1окху ткъе итт шарахь. Нагахь шайна цигарчу къаьмнийн юкъаметтигашца бала белахь, кхузара д1а хабарш а ца дуьйцуш, уьш нисъян г1орта, цига д1а а дуьйла. Х1ирашка – г1алг1айн, дег1астанхошка – аьккхийн мохк д1ало ала. Шуна атта ма ду кхузара д1а тхан г1алаташ дийца а , тхуна хьехарш дала а. Тхо цхьаьнцца а дов дезаш дац, лулахошца тардала а, бертахь даха а г1ерта. Тхаьш бахьанехь лулахошца юкъаметтигаш галъяха ойла а яц.

Цхьаьнакхетар чекхдаьлча, арадовлуш доктор Т1ах1ин а, х1окхарна хьошалла лелош волчу 1абдул-Г1анин а дов хилира.

Т1аьхьа хиира Абузарна и Т1ах1а суьйлех схьаваьлла нохчо хилар а, хьалха къамел дина инарла цуьнан йишин к1ант хилар а.

* * *

СССР демократин хийцамаш болабелча, шайн ойланаш, бакъдерг а зорбанехь, телевиденехь, митингашкахь даррехь д1аала бакъо а, маршо а яьлча, я нийса аьлча – х1етталц тоталитарни ражо аьчган з1арашна чохь латтийнчу халкъашна маршо елча, и маршо шайна зуламехьа хьийзо йолийра импери чохь даьхначу халкъаша. Халкъаша аьлча-м нийса хир дацара иза, адамаш а, халкъаш а до-

хийна хьийзадора керла бевллачу «демократаша». Шайн-шайн партиш, боламаш кхоьллина, шайн-шайн программаш кхайкхош, цкъа-делахь, къаьмнашна юкъа херонаш юхкуш, шолг1а-делахь, шайн халкъаш масех дакъошка доькъуш. Коммунистийн 1едалан заманахь тутмакхийн хьелашкахь лаьттинчу халкъашна, моьттура оцу наха шайна маршо, нийсо лур ю, токхе дахар а кхуллур ду. Оцу демократех цхьаберш хьекъалш, кхетам болуш бара, халкъан бала кхаьчна, догц1ена а лелара. Амма цара диццдора кхузткъе итт шарахь а сов коммунистийн 1едална к1ел даьхна и адамаш а, халкъаш а массо аг1ор кхетамна т1аьхьадисина хилар, я вуьшта аьлча оцу ражо адамаш оьздангаллех, динах дохийна хилар, церан вовшашка безам, лерам, къинхетам бийна хилар, ц1еххьана демократически юкъаралла кхолла уьш кийча цахилар.

Шайга кхаьчначу маршонах анархи йира адамаша.

Москвахь, Ленинградехь, СССР кхечу яккхийчу шахьаршкахь х1ора дийнахь итт, б1е эзарнаш адамийн митингаш, демонстрацеш яра КПСС, КГБ, пачхьалкхан кхечу органашна, я церан куьйгалхошна дуьхьал лаьтташ. Пачхьалкхан массо маь11ехь зуламаш доладелира, законаш лардеш, тергалдеш цхьа а вацара.

1990 шо доладелча и ун кхечира Нохч-Г1алг1айчу.

Юьхьанца митингаш йолаелира районашкахь, т1аьхьа Соьлжаг1алахь а. Районашкахь хуьлу митингаш уггар хьалха КПСС райкомийн хьалхарчу секретарашна дуьхьал вовшахтоьнера. Митингашкахь дакъалаьцначу нехан лехамашца уьш шайн даржех мукъабехира, амма цигара мукъабаьхна уьш кхечу районашкахь оццу даржашка, я партин обкоме, я Министрийн Совете д1анисбора. Цуьнан ойла а ца йора наха. Митингахошна коьртаниг – хьалхалера куьйгалхой балхара д1абахар дара. Диканаш а, вонаш а - башхо а йоцуш. Уьш д1абаьхчхьана, церан метта х1уьттурш муьлаш бу, цаьргара халкъана пайда хир бу, я зулам дер ду - цуьнан ойла а ца йора цхьамма а.

Ткъа оцу анархех пайда а иэцна, 1едалан коьрте г1ертара цкъа а къоман кхолламан бала хилла а боцу, я цкъа а хир боцу нах.

Юьххьехь дуьйна а оцу митингашна сацам боллуш дуьхьал вара Абузар.

Цкъа-делахь, нохчийн къоман г1иллакхашца, оьздангаллица, бусалба динца ца йог1ура уьш. Масех б1е, я масех эзар стаг, зуда райкомийн ц1еношна хьалхарчу майданашка а гуллой, цхьа а тайпа бух, чулацам боцуш, куьйгалхой сийсазбеш оьзда доцу къамелаш дора. Оцу куьйгалхочуьнца адамаш доцчохь, ша цхьа нисвелча, цуьнга вистхила ваьхьар воцчу стага, эзарнаш адамашна юккъе д1а а х1уттий, и куьйгалхо сийсазвеш оьзда доцчу дешнашца мохь хьоькхура.

Шолг1а-делахь, оцу митингаша халкъ тобанашка доькъура, оцу тобанашна юккъе вас юллура, дов дожадора, мостаг1алла кхуллура, къоман цхьаалла йохайора, къам г1иллакхах а, оьздангаллех а дохадора.

Кхозлаг1а-делахь, и митингаш вовшахъеттарш дукхахберш цкъа а халкъан кхолламца бала ца хилла, я цкъа а хир боцу нах бара. Оцу куьйгалхоша хьалха даржаш ца делла а, я даржашкара д1абаьхна а нах. Х1инца болуш болу куьйгалхой д1а а баьхна, церан меттигаш д1алеца, я шаьш цига ца нислахь а, уьш д1абахарца царах бекхам иэца 1алашо йолуш.

Ткъа оцу митингашкахь дакъалоцучех цхьаберш даггара тешара цара дуьйцучух. Уьш хьанал къинхьегамхой бара, даима 1едало бацийна. Амма митингашкахь к1езиг ца хуьлура цхьаннахьа балхахь боцурш, цкъа а ца хилларш а, къахьега ца луурш , малархой, наркоманаш а. Дукха хьолахь и тайпа нах хуьлура митингашкахь къамелаш дийраш, маьхьарий хьоькхурш а.

Цкъа Сесана воьдуш Нажи-Юьрта чувирзича, райкоман ц1еношна хьалха гулделлачу масех б1е адамана т1енисвелира Абузар. Бакхий нах, кегийрхой, зударий а бара. Райкоман хьалхарчу секретаран кабинетан корашкахьа хьала а бирзина, кубинцех тарлуш буйнаш х1аваэ хьала а лоьцуш, маьхьарий хьоькхура кегийрхоша. Д1аяздан ца мегачу дешнашца сийсазвора. Ц1ог1анаш хьоькхура зударша а.

Абузарна цкъа а гина а, дуьйцу хезна а, шен б1аьргашна гина ца хилча иза тешар воцуш а сурт дара цигахь х1оьттинарг. Телевизор чухула бен ца гинера цунна митинг.

Т1енисвелча, вухаваьлла д1аваха бакъхьа а ца хетта, коьрта т1ера месаш яхъелла, пхьаьрсашна т1ехь кан даьлла, б1аьргаш ц1ийбелла болу кегийрхой д1аса а теттина, райкоман не1арх чоьхьавелира иза. Цигахь цхьаьнга вистхуьлуш воллуш, цхьана шина къонахчо ткъех зуда райкома чухийцира.

- Тоха ма тохалуш цунна, - бохура цаьрга шина стага, - Багош лее, д1аса а ийзаве!

Цхьа иттех минот яьлча яздархочунна т1ееара Нажи-Юьртарчу юккъерчу ишколан директор йолу цхьа йо1.

- Абузар, ма доккха иэхь ду-кх оцу зударша лелориг! Ахь аьлча мукъна а арабевр бацара-те уьш...

Чу ваханчу цунна гира, х1етахь райкоман хьалхара секретарь волу Бибулатов Хьусайн шен г1онта а горгвина, гуо бина, цуьнга багош лееш йоллуш и ткъех зуда. Царна юкъахь вара ши «къонаха» а. Бехкаш дохуш а, дехарш дина а арабехира Абузара и зударий.

Жимма а ойла еш болчу нахана оцу митингаша гайтира нохчийн халкъ кхерамечу, бохамаш бохьур болчу новкъа доккхуш хиларх. Халкъ оцу бохамех лардан 1алашо йолуш цунна хьехар дала лиъна цхьамог1а статьяш язйира Абузара: «Къоман ях»/»Ленинан некъ», 6 сентябрь, 1989 шо/, «Люди, судьбы, нравы» / «Грозненский рабочий», 12 декабря 1989 г./, «Халкъан доьналлин хьоста»/№Ленинан некъ», 11 апрель, 1990 шо/, «Связь времен»/ «Комсолоьское племя», 26 июля, 2,9 августа 1990 г./.

Амма Айдамиров Абузаран а, кхечийн а орцане аз хезаш дацара шовкъе хилла адамаш...

* * *

Союз йоьхна 1анаяха герга яра.

«Юккъерчу вежарша» х1ун до хьуьйсуш, тийна-таь1на ладоьг1уш 1ара «кегий вежарий».

Уггар хьалха шайн исторически кхолламан ойла ян буьйлира сталински заманахь репрессиш йина хилла Поволжера немцой,

крымски татараш, туркой-месхетинцаш, курдой, грекаш, кхин а, кхин а.

1944 шарахь нохчий, г1алг1ай махках баьхча г1алг1айн исторически хилла ах мохк а, Пригородни район а Къилбаседа-Х1ирийн АССР д1аеллера, ткъа 1958 шарахь г1алг1ай даймахка ц1абирзича и мохк схьа ца белира. Схьа ца баларал сов, г1алг1ашна бакъо ца елира оцу шайн махка т1е бухаберза. 1едалан бертаза шайн ярташка баханчу нахана прописка ца йора, болх ца лора, ишколашка деша бераш д1а ца оьцура. И шайн мохк схьабалар а, граждански бакъонаш ца талхор а доьхуш 1975 шеран юьххьехь Грознехь, КПСС обкомана хьалха майданахь иттаннаш эзарнаш адамаш а гулделла, митинг йира г1алг1аша. Шайн мохк схьа-м ца белира царна, амма граждански бакъонашна тоьхна дозанаш д1адехира.

Шайн мохк бухаберзор доьхуш 1990 шарахь Назранехь шозза къоман гулам гулбира г1алг1аша. Т1аьхьа, Нохч-Г1алг1айн республиках д1а а къаьстина, шайн къаьсттина Г1алг1айн Республика кхолла лаар а гучудаьккхира цара. И г1уллакх д1адолорхойн 1алашо яра шайн республиках Сунженски, Малгобекски районаш д1атоха. Ткъа оцу шина районна чудог1уш дара исторически нохчийн хилла дуккха а барамехь латтанаш. Нийса аьлча, оцу шина районан мохк цкъа а г1алг1айн хилла а бацара.

Теркан г1алг1азкхаша а гулбира шайн гулам.

Церан а ойла ю бохура Нохч-Г1алг1айн республиках йозуш йоцу шайн, г1алг1азкхийн, Сунженски округ кхолла. Т1аккха г1алг1азкхийн а, Шелковски районехь бехачу ног1ийн а цхьаьнакхетта гулам хилира. Хабар дара, цара оцу гуламехь г1алг1азкхийн-ног1ийн цхьаьнакхетта автономни республика кхолла барт бина бохуш.

Цунна т1аьххье дерриг ног1ийн къоман съезд хилира. Цигахь а барт хилла бохуш дуьйцура НГ1АССР,ДАССР, Ставропольски крайхь а бехачу ног1ийн автономни республика кхолла.

Г1алг1азкхийн ши район – Наурски, Шелковски, хьалха шаьш хиллачу Ставропольски крайх д1акхета ойла йолуш ю бохуш эладита а дара.

Оцу экстремистийн 1алашонаш кхочушхилча т1аьхье ишта хила езара: нохчашкара д1айовлура Сунженски, Малгобески, Шелковски, Наурски районаш. Аьккхийн мохк схьа ца луш бара дег1астанхой а.

Тап аьлла тийна 1ачу Соьлжа-г1аларчу оьрсийн бахархойн х1ун ойла яра а ца хаьара. Доцца аьлча, шайн ницкъ кхачахь, нохчийн къоман исторически махках ах шайн дола баккха ойла яра гонд1арчу къаьмнийн экстремистийн.

Республикехь а, Къилбаседа Кавказехь а уггар доккхачу нохчийн къоме, оцу мехкан дега хоьттуш х1умма а дацара.

Оцу г1уллакхан ойла еш нах а бевлира нохчашлахь.

Къаьсттина къона нах.

1990 шеран аьхка республикан лакхарчу Советан сессехь Абузар дакъалоцуш волуш цунна т1евеара къона ши стаг – Умхаев Леча, Эльмурзаев Юсуп. Кхунах дагабовла г1уллакх дара шайн аьлла, юьстахбевлла охьахевшира уьш.

- Хьуна ма хаъара, г1алг1ай, г1алг1азкхий, ног1ий шайн къоман гуламаш беш, х1ара республика дакъош дина екъа ойла йолуш бу. Т1е, исторически нохчийн хилла цхьадолу латтанаш шайн дола а дохуш. Ткъа вай, нохчий, цара лелочуьнга а хьуьйсуш, тийна-таь1на 1а. Вешан мохк муьлха бу а, цуьнан дозанаш мичхьахула ду а, вешан мехкан дола дан дай дуй а хаийта, вешан истори, культура, мотт, г1иллакхаш юхакхолларалллан г1уллакхаш а дийца, тахана кхолладелла политически, социально-экономически хьелаш а довзийта, вовшех дага а довла, нохчийн къоман гулам вай а гулбича муха хир дара-те аьлла, хьох дагадовла дагадеанера тхуна.

- Массара а дийриг вай а дича бакъахьа хир ду-кх, - резахилира Абузар.

- Гуламна кечамбан оргкомитет кхуллур яра оха, цуьнан председатель хила хьо реза хилча.

- Сох председатель хир вац. Цунна т1ехь даккхий жоьпаллин декхарш а, цо бан безаш дуккха а болх а хир бу. Ткъа со воккха а ву, могашалла а дика яц, депутатан декхарш бахьана долуш хан а яц сан. Къоначех къаставе председатель.

- Хьо болх бан ца оьшу тхуна. Берриг болх оха тхаьш бийр бу. Оха дагалаьцнарг къоман гулам бу, дозанал арахьа бехачу нохчийн векалш кхойкхуш. Кхечара санна, цхьана районехь ца гулъеш, кхузахь, г1алахь. Обком дуьхьал ю оцу гуламна. Тхуна хьан ц1е оьшу.

Гуламна кечамбаран комитета юкъабахара Ахмадов Муса, Бексултанов Муса, Бисултанов Апти, 1илманчаш Ахмадов Явуз, Хизриев Хьажи, республикан Лакхарчу Советан депутаташ Умхаев Леча, Эльмурзаев Юсуп, т1аьхьа республикехь хиллачу политически г1уллакхийн жигара дакъалацархой Сосланбеков Юсуп, Зубайраев Чингиз, кхин дуккха а. Дийнахь-буса а са ца до1уш, кхаа баттахь къахьийгира цара съездана кечамбеш.

Гуламо шен болх д1абаьхьира 1990 шеран ноябрь беттан 23-25 деношкахь.

Гуламна кечам а дика бинера, дуккха а дакъалацархой а бара, дика низам а дара. Съездан шолг1ачу дийнахь дуьйна Абузаран галморзахаллаш хилира оргкомитетан цхьаболчу декъашхошца, коьртачу декъана цуьнан боккъал волчу председательца Умхаев Лечица.

Съездан резолюцин проекта т1ехь цара билгалдинера Россих йозуш йоцу къаьсттина Нохчийн Республика кхайкхо.

Иза-м дерриге а Айдамиров Абузаран дахаран сатийсам бара, амма х1инца х1иттинчу политически, социально-экономически хьелашкахь кхочушбалур болуш бацара. Нохч-Г1алг1айн Республикех дакъош а ца деш, Россих йозуш йоцу Нохч-Г1алг1айн Республика кхайкхо реза вара иза. Кегийрхоша бохура, вайна лаахь а, ца лаахь а нохчех д1а а къаьстина, г1алг1ай шайн автономни республика кхолла кечлуш бу. Ткъа Абузар даима а дуьхьал вара нохчий а, г1алг1ай а вовашхкъастарна, уьш шина къоме бекъарна а. Цо даима а ч1аг1дора нохчий а, г1алг1ай а цхьа мотт, цхьа истори, культура, цхьа дин, г1иллакхаш долуш, цхьа къам ду, д1адаханчу б1ешершкахь исторически хьелаша шина декъе декъна. Историн йохалла дика а, вуон а цхьаьна лайна. И ши халкъ вовшех къесто ца деза, ницкъ ма кхоччу цхьаьнатоха деза. И ши халкъ ши ваша ву, бохам т1ебеача арахьа орца ала кхин гергара стаг

воцуш. Д1аса а къаьстина, цара ши республика кхоьллича, и шиъ политически, экономически г1орасиз хир ду. Ткъа цхьаьна хилча, оцу шина халкъана атта хир ду цхьаьнатоьхначу ницкъашца и халонаш лан, мотт, культура, г1иллакхаш, дин а лардан. Х1ирашкара шайн мохк схьабаккха аьттонна къаьста шаьш цара бахахь, нохчех д1акъаьстича и 1алашо кхочушъян мелхо а хала хир ду царна.

Шолг1а бахьана а даладора Абузара. Нагахь вайн республика нохчийн а, г1алг1айн а шина декъе екъахь, г1алг1азкхий а, ног1ий а шайн автономи кхолла г1оьртар бу. Уьш Россина юкъара д1абевр бац. Хьалха Ставропольски крайна юкъайоьдуш хилла Наурски, Шелковски районаш юха а цига д1акхета ойла ю бохуш дуьйцу. Соблжа-г1аларчу бахархойх дуккхахберш оьрсий бу, цара х1ун дер а хаац. СССР ерриг пачхьалкхехь г1алг1азкхийн болам болабелла. Къаьсттина уьш карзахбевлла Къилбаседа Кавказехь. Шайн областаш кхуллуш, атаманаш х1иттош, герз кечдеш. Цундела Нохч-Г1алг1айн Республика, дакъош ца деш, ша ма ярра ларъян еза.

Амма ша реза ву, бохура Абузара, Нохч-Г1алг1айн Республика РСФСР юкъара д1а а яьлла, Союзни республикийн бакъонашца Республика кхайкхо. Т1аккха хенан йохалла, вай политически, экономически ч1аг1делча, вайн аьтто хир бу вешан цхьаннах йозуш йоцу пачхьалкх кхолла. Т1аьххьара а бохура цо, х1окху съездан бакъо яц и тайпа цхьа а сацамаш т1еиэца. И бакъо ю халкъо хаьржинчу Лакхарчу Советан. Съездан лаамаш цуьнга д1абелчхьана довлу вай.

Эххар а ша бохучунна т1ебeрзийра уьш Абузара.

Кхоалг1ачу дийнахь делкъал т1аьхьа Нохчийн дерригкъоман конгресс а ( Общенациональный конгресс чеченского народа), цуьнан исполком а хаьржира съездо. ОКЧН ИК юкъабахара дуккха а Вайнехан Демократически партин декъашхой. Председатель хаьржира СССР дуьххьара х1етахь хилла инарла Дудаев Джовхар.

Масех бутт баьлча ОКЧН ИК юкъара д1абевлира Нохчийн къоман хьалхара съезд вовшахтоьхна уггар жигара декъашхой. Газета т1ехь цара д1акхайкхийра, ОКЧН ИК дукхахболу декъашхой Нохчийн къоман хьалхарчу съездан сацамашна т1ера д1абевлла, уьш халкъан кхолламца бала болуш а бац, мафин буйнахь болу

уьш муьлххачу а хьарам некъашца 1едалан коьрте баха 1алашо лаьцна бу, шайн ойланаш а, 1алашонаш а цаьрца цхьаьна ца йог1у, цундела шаьш ОКЧН ИК юкъара д1адовлу, аьлла.

Нохчийн къоман хьалхарчу съездан лаам кхочушбеш, Нохч-Г1алг1айн АССР Лакхарчу Совето 1990 шеран 27 ноябрехь т1еийцира «Декларация о государственном сувернитете Чечено-Ингушской Республики».

Х1етталц хилла йолу Нохч-Г1алг1айн АССР ц1е д1а а яьккхина, Нохч-Г1алг1айн Республика аьлла ц1е а тиллира.

* * *

Йоха герга яханчу СССР пачхьалкхехь х1етахь х1иттинчу чолхечу политически хьелашкахь нохчийн, г1алг1айн халкъашна шайн маршо ларъян а, бохамех лардала а, т1аьхьа йог1учу хенахь шайн йозуш йоцу пачхьалкх кхолла а, цхьаъ бен боцу нийса а, хьекъале а некъ бара Деклараци т1еиэцарца республикан Лакхарчу Совето къастийнарг. РСФСР чу йог1учу автономни республикашкахь уггар хьалха и Деклараци т1еизцарца НГ1АССР Лакхарчу Совето дуьххьара а, хьалхара а ков даьккхира, союзни республикаша СССР йохош санна, Российски импери йохо.

Х1инца СССР махка т1ехь керла ялхийтталг1а союзни республика яра.

Амма Лакхарчу Совето къастийна и исторически хиндолче некъ ца безабелира шайн халкъийн д1адахнарг а ца хуучу, кхана хиндолчун ойла я ян хьекъал, кхетам а боцчу, я цуьнан бала а боцчу, массо аг1ор б1аьрзечу керла бевллачу нохчийн, г1алг1айн политически лидершна. Х1уъу дина а, и ши халкъ вовшах къастийна, ши республика кхолла 1алашо лаьцна эладитане болх бора цара халкъа юкъахь. Церан х1етахьлера и политика т1аьхьа боккхачу бохаме а елира оцу шина халкъана.

1990 шарахь дуьйна республикехь хиллачу политически г1ул-

лакхийн, церан т1аьхьалонан талам бан хадо воьлча, масех том язъян дезар ду. Иза историкаша, политикаша дийр ду мацца а цкъа.

Ткъа кху белхан авторан 1алашо ю шен лаамехь, я лаамза Айдамиров Абузар декъашхо хиллачу г1уллакхех лаьцна доцца дийца.

Нохчийн къоман 1 съездо сацам бинера, шен сацамаш дахарехь кхочушхиллалц кхин векалш ца хоржуш, оццу векалшца съездаш гулъян. ОКЧН ИК 1991 шеран июнь бутт болабелча 11 съезд гулйира. Съездо болх бира Октябрьски районерчу цхьана Культуран Ц1еношкахь. Хьалхарчу съездана кечамбечу комитетан а, съезд д1ахьош а Абузар председатель хиллехь, оцу съезде хаьржина векал а вацара иза.

Юьртахь съезде векалш хоржуш цо ша ца харжийтира, ца хаьржича а ша цигахь дакъалаца дезаш хиларна. 1уьйранна цига д1акхаьчча, регистраци еш волчу накъосто спискаш т1ехь вац аьлла чу ца витира Абузар. Уллохь болу нах карзахбевлира, хьалхара съезд кечйинчу комитетан а, съезд д1ахьош а председатель хилла волу иза чу ца вуьту бохург х1ун ду, аьлла.

Президиумехь бара Дудаев Джовхар, Яндарбиев Зеламха, Чокаев Кати, Нунуев Сайд-Хьамзат, кхин а Абузарна ца бевзарш а. Зала чохь бацара 1 съездехь дакъалаьцна дуккха а векалш, амма керла адамаш дара дуккха а. Схьахетарехь, «Вайнехан демократически партин» декъашхой. Юккъехула аьлча, и парти кхоьллинарг а, цуьнан председатель а Яндарбиев Зеламха вара. Т1аьхьа цунна «Вай дакъаздаьхна парти» аьлла ц1е тиллинера наха.

ОКЧН ИК председателан Дудаевн докладана реза а ца хилла, докладан а, сацамийн проектан а шолг1а экземпляраш шега схьа а эцна, леррина йийшира Абузара. Х1окхара лелориг дукхе дукха гена дара 1 съездан сацамашна а, Лакхарчу Совето т1еиэцначу Декларацина а. Царна ша резавацар, г1еххьачул уьш човха а беш, д1аэлира цо Дудаевга а, Яндарбиевга а. И шиъ дуьхьал вист ца хилира.

Докладах лаьцна шена хетарг олуш хьекъале къамел дан воьлла Нунуев Сайд-Хьамзат «Ельцинна вохкавелла хьо!» бохуш маь-

хьарий хьекхна, шакарш йиттина, юкъахваьккхира зала чохь болчу кегийрхоша.

Съездо сацамаш т1еиэцале трибуни т1е а вахана, доцца къамел дира Айдамировс.

- Аш т1еиэца безачу сацамашна т1ехь, суна хетарехь, дуккха а пункташ ю т1еиэца мегар йоцуш. Х1ара нохчийн къоман елахь а, яцахь а, нохчийн къоман съезд ю бохуш ц1е ю х1окхуьнан. Кхузахь аш диканиг, нийсаниг, пайдениг, оьзданиг леладахь, дика ц1е йоккхур ю вайн къоман, амма аш шаьш кхеташ, я ца кхеташ галдаьлларг леладахь, къоман сий дайна ца 1аш, къомана бохам а хир бу. Цундела, шаьш сацамаш т1еиэцале, х1окхара кечйинчу проектан х1ора дешан ойла елаш, сихаллехь, ойла ца еш дина г1уллакх бохаме, бале долу шуна.

Проект редактировать ян къастийнчу комисси юкъахь бара профессорш Ахмадов Явуз, Гакаев Жабраил. Трибуни т1е хьалаваьллачу Явуза элира, проект ишта ма ярра т1еиэца мегар йолуш яц, цунна т1ехь дуккха а болх бан беза. Амма Дудаевс а, Яндарбиевс а, оцу т1ера цхьа дош а ца хуьйцуьйтуш, нахе куьйгаш а айбийтина, чекхдаьккхира и г1уллакх. Х1ора пункт къаьст-къаьстина т1еоьцуьйтура векалшка. Цкъа-шозза цара куьйгаш айбича, Абузара ша 1ечура хьала г1еттина, зала чу мохь туьйхира:

- Нах! Шаьш и куьйгаш стенна уьйу хаьий шуна? Шаьш дийриг х1ун ду а ца хууш, и куьйгаш ма ийде!

Амма шовкъе хиллачу нахана ца хезара шайга бохург. Массо пункт т1е а эцна, хьалаг1евттина гимн элира, т1аккха «Нохчийчоь! Нохчийчоь!» бохуш маьхьарий хьоькхуш, съездан болх чекхбаьккхира.

Съездан векал воццушехь ваханера Абузар цига.

Цигахь галдаьлларг дийцахь, нагахь шега ладог1ахь уьш нисбан а, диканиг дийцахь хазахета а.

Амма хьекъалечу даше ладог1а лууш стаг вацара цигахь цхьа а. Я оцу дийнал т1аьхьа даьхкинчу б1еннаш деношкахь а…

Оцу съездо бух биллира т1аьхьа халкъана хиллачу бохамашна. И съезд хиллачул т1аьхьа ОКЧКН ИК даррехь къийсам болийра республикан Лакхарчу Советана дуьхьал.

* * *

1991 шеран 21 июнехь Нохч-Г1алг1айн Республикан халкъийн съезд хилира. Цигахь дакъалоцуш бара республикехь дехачу дерриг халкъийн, диаспорийн, Къилбаседа Кавказерчу республикийн векалш а, г1алг1азкхийн областийн атаманаш а, Москвара хьеший а.

Москварчу хьешех Абузарна вевзаш шиъ вара – Ибрагимбейли Хьаьжмурд а, Сергей Станкевич а. Оцу съездехь къаьмнийн барт хир болу, хьекъале къамелаш дира, массара а даггара къобалйира д1адаханчу шарахь республикан Лакхарчу Совете т1еиэцна Деклараци. Къаьсттина мехала дара Дег1астанан, Къилбаседа-Х1ирийн республикийн векалийн къамелаш.

Августан 21 де билгалдинера союзни республикаша Москвахь Союзан Договор буха куьйгаш яздан. РСФСР ц1арах куьйгаш яздан дезара федерациин куьйгаллин векалша а, автономни республикийн, автономни областийн, округийн делегациша а. РСФСР юкъара д1а а яьлла, ша Союзан суверенни пачхьалкх кхайкхийнчу Нохч-Г1алг1айн Республико Договорна буха куьг ша къаьсттина яздийр ду аьлла барт хиллера Лакхарчу Советехь. Цул совнаха, г1алг1айн дехарца, СССР, РСФСР куьйгалло г1алг1айн, аьккхийн г1уллакхах нийса къастам баллац НГ1 Республико Договорна буха куьг яздийр дац аьлла барт а хиллера.

Нохч-Г1алг1айн Республикан ц1арах Договорна буха куьйгаш яздан пхеа стагах делегаци ч1аг1йинера Лакхарчу Совето: Айдамиров А.А., Лакхарчу Советан Председатель Завгаев Д.Г., Министрийн Советан Председатель Беков С.М., Лакхарчу Советан депутат Храмченко Л.А., муфти Газабаев Шах1ид-Хьаьжа а.

15 августехь республикан Лакхарчу Советан сессехь дийцаре диллира Договора буха куьйгаш яздаран г1уллакх. Цигахь Завгаевс дина къамел хьалха хиллачу бартаца ца дог1ура. Цо дуьйцура, аьккхийн г1уллакх нисдан 1алашо йолуш ДАССР Лакхарчу Совето сацам т1еиэцна, ткъа г1алг1айн г1уллакх иштта дерзо болх беш шина республикан комиссеш ю, цундела 21 августехь РСФСР яздечу дийнахь вайн республико а Договора буха куьйгаш яздан деза, бохуш.

Амма Завгаевс ца элира, НГ1 Республико РСФСР д1акъаьстина, я цуьнца цхьаьна яздо и куьйгаш. Депутаташа дуьхьал дош ца олура.

Абузар трибуни т1е хьалавелира.

- Масех де хьалха, Горбачевн советника Шахназаровс «Известия» газетана ша еллачу интервью т1ехь ч1аг1дора, РСФСР чуйог1учу автономийн Москвахь хиллачу кхеташонехь, еккъа цхьа Татарстан йоцчун, ерриг автономни республикийн Россица цхьаьна Договора буха куьйгаш яздан барт хилла, бохуш. Оцу кхеташонехь дакъалоцуш хьо а хилла, Докка. РСФСР цхьаьна Договора буха куьг яздан хьо реза ца хиллехь, Татарстанан санна, вайн республикан а ц1е йоккхур яра Шахназаровс. Ткъа вайн барт ма хиллера, г1алг1айн а, аьккхийн а г1уллакх Москвас нийсонца дерзадаллалц Союзан Договора буха куьйгаш а яздийр дац, РСФСР а доцуш, вукху союзни республикашца ваьш къаьсттина а яздийр ду, аьлла. Со хаъал хилчхьана сайн даго къобал ца до г1уллакх ца дина ас. Х1инца, къанвеллачу хенахь, и сайн амал хийца а ца лаьа суна. Г1алг1айн г1уллакх цхьана дийнахь а, я цхьана баттахь а цхьалхадер дац. Дег1астанан лакхарчу Совето аьккхийн г1уллакх нисдан сацам т1еиэцна. Нагахь г1алг1айн г1уллакхах лаьцна Къилбаседа-Х1ирийн Лакхарчу Совето ишта сацам т1е а иэцахь, РСФСР цхьаьна а доцуш, Договора буха вай къаьстина куьйгаш а яздахь, со Москва вог1ур ву, иза ца дахь, со вог1ур вац. Цундела, тахханехь сан метта кхин векал харжа Договора буха куьг яздан.

Вуьшта а, х1ирашца долу шайн г1уллакх цхьалхадаллалц Договора буха куьйгаш ма яздахьара бохуш, дехарш деш болчу г1алг1аша Абузара аьлларг къобалдеш къамелаш дира. Уггар хьалха Беков С.М., т1аккха Богатырев Бимболта, Кодзоев 1исас, кхечара а. Договора буха куьйгаш яздан ч1аг1винчу пхеаннах х1ара шиъ – Айдамиров А.А., Беков С.М. юкъара ваьлча, республикан делегаци Москва яхар дуьйхира.

Сесси чекхъяьлча цхьана ц1а чу кхайкхира уьш Завгаевс. Абузар, т1е мел кхаьччо сецош, т1аьхьа а висина чувахара.

- Абузар, ас динарг даима дохадо ахь, - элира цо. - Х1инца, ахь ца бохабахь, цхьа барт хилла тхан.

- Ахь дуьйцучух со ца кхеташ вац, Докка, - элира Абазара. – Сайн са а кхеташ, цкъа а хьан некъ ца хадийна ас. Бакъду, ала дезачохь, со ала декхар верг аьлла ас, иза нийса делахь а, гома делахь а. Иза сан дакъазалла ю. Амма хьуна х1уьттаренна а, хьоьца хьаг1-гамо йолуш а ца хилла.

- Вай-м хьуна луург дийр ду. Амма, хьо реза хилахь, 21 августехь РСФСР а, цунна чуйог1учу автономни республикаша а Договора буха куьйгаш яздеш церан лерам бан цигахь хила. Вайн Лакхарчу Совето оцу Договора т1етоха аьлла билгалдина ши нисдар цига д1алуш ду, вайна хетарг цигахь д1а а олуш. 18 августехь Москва д1аг1ур ду вай. Реза вуй хьо?

Оцу т1ехь барт хилира церан.

Амма Абузар, ност а ягийна, и чов кхин д1а ца йоьрзуш, цхьана батте гергга д1аяхара. Оцу бахьанашцa иза ц1ахь висира, ткъа 18 августехь Москва бахана цуьнан накъостий ГКЧП путча т1енисбелира.

* * *

ГКЧП дозаделла, 1аламат чолхеделира республикера хьал.

Союзни республикаш шайн йозуш йоцу пачхьалкхаш кхолла йоьлча, СССР кхид1а а 1алашъярх халкъан лаам хаа 1991 шарахь референдум йира. Дукхахдолчу адамашна СССР пачхьалкх 1алашъян лиира. Амма Российско-Советски империн оьмар чекхъяьллера, мел чу са ийзарх денлур йоцуш. Т1етекхаш йолу цуьнан чарх мелла а ирахь сацо 1алашо йолуш, керла кхоллаеллачу пхийтта пачхьалкхана юкъара политически, экономически, культуран з1енаш ларъян 1алашо йолуш Союзни договор кечдира С.М.Горбачевс. Амма х1уъу дина а советско-российски импери 1алашъян 1алашо йолчу СССР великодержавно-шовинистически куьйгалхоша, Договора буха куьйгаш яздан кхо-диъ де дисча, пачхьалкхан карчам бира, я нийса аьлча-бан г1оьртира. СССР президент М.С.Горбачев отпускехь садо1уш волчу юкъах пайда а иэцна, иза могашалла галъялар бахьана долуш пачхьалкхана т1ехь

куьйгалла дан ницкъ болуш вац аьлла бахьана а х1оттийна, цкъачунна пачхьалкха т1ехь куьйгалла дан Луьрачу хьолехула йолу Пачхьалкан комитет (Государственный комитет по чрезвычайному положению- ГКЧП) кхоьллира цара.

Оцу комитета юкъахь бара вице-президент Г.И.Янаев, СССР оборонан Советан председателан хьалхара заместитель Бакланов О.Д., СССР КГБ председатель Крючков В.А., СССР премьер-министр Павлов В.С., СССР МВД министр Пуго В.К., СССР оборонан министр Язов Д.Т., СССР Лакхарчу Советан председатель Лукъянов А.И., Стародубцев В.А., Тизяков А.И.

1991 шеран 18 августехь шаьш советски халкъе бинчу кхайкхамехь цара бохура, демократически маршонах пайда а оьцуш, цхьацца политически партиш, экстремисташ, националисташ, уголовни элементаш лахахь а, лакххахь а массанхьа 1едалан коьрте г1ерта, цара къаьмнашна юкъара барт бохабо, уьш вовшийн ц1ий 1анорна т1етоьтту, СССР йохо новкъа бевлла, махкахь зуламаш даьржина, адамаш оьздангаллех дохош ду. Шаьш халкъана хьалха т1елоцу СССР 1алашъян, къаьмнашна юкъахь ц1ий 1енор сацо, законашка болх байта а, зуламаш совцо а, пачхьалкх бохамах к1елхьараяккха а, бакъдолу Союзни Договор кечдан а, иза къобалдар халкъан лааме дилла а, и.д1а кхин а.

ГКЧП дагахь х1уъу хиллехь а, цо халкъе бинчу Кхайкхама т1ехь дуьйцург нийса а, дика а дара.

ГКПЧ дуьйцург даггара а хиллехь, иза кхочушдан цуьнан ницкъ а, лаам а хиллехь, иза кхочушдан иза йитина а хиллехь, Азербайджанехь, Арменехь, Таджикистанехь, Приднестровьехь, Абхазехь, Къилба-Х1ирийчохь, Къилбаседа-Х1ирийчохь, Нохч-Г1алг1айчохь, кхечу республикашкахь а, районашкахь а халкъан ц1ий ца 1ено а, СССР махка т1ехь анархи, зуламаш ца хила а мегара. Россин президента Б.Н.Ельцина Указ даьккхина парламент а, халкъан депутаташ а д1асахоьцуш, дерриг 1едал шен каралецира. Халкъан депутаташа дуьхьало йира Конституцица нийса ца дог1у Ельцинан Указ кхочушдан. Уьш герзаца шаьш шайн ларбан парламентан ц1енош чу къовлабеллера, ткъа спецназан эскарш царна гобина лаьттара. Тахана-кхана Россехь граждански

т1ом болало бохуш ладоьг1уш 1ара миска халкъ. Россехь юьззина анархии яра.

ГКПЧ 1едал кхаа дийнахь бен ца лаьттира, цуьнан куьйгалхой а лоьцуш чекхделира иза. Къаьсттина цунна дуьхьало йира х1етахь Б.Н.Ельцин коьртехь волуш хиллачу Российски Федерацис. Халкъ а цуьнгахьа даьллера. Амма оцу деношкахь тийна-таь1на 1ийра кхийолу союзни, автономни республикаш, еккъа цхьа Нохч-Г1алг1айн Республика йоцург. Соьлжа-г1алахь, КПСС обкома хьалхарчу майданахь ГКПЧ дуьхьал митинг вовшахтуьйхира Вайнехан демократически партис.Оцу партин председатель Яндарбиев Зеламха КГБ органаша лецира, амма цхьана дийнахь чохь а латтийна, д1ахийцира. Оцу деношкахь Российски парламент ларъеш кхо б1е сов нохчо, г1алг1а ву бохура Москвахь. Царах дозалла деш, царах турпалхой а бина, уьш буьйцуш цхьа хан яьхьира нохчаша а, г1алг1аша а. Куйна к1ел бохккал бен боцчу нохчийн а, г1алг1айн а х1ун г1уллакх дара ГКЧП дуьхьал Соьлжа-г1алахь митинг ян а, Российски парламент ларъян д1ах1итта а?

19 августехь хиллачу митингехь, дийцарехь, ВДП членаш бен бацара, амма ГКЧП карчам кхиамза чекхбаьлча Соьлжа-г1алахь Министрийн Советана хьалха йолаелла керла митинг х1ора дийнахь стамлуш, цхьана баттахь сов лаьттира. Юьхьанца цара доьхура Завгаев Д.Г. Лакхарчу Советан председатель волчура мукъаваккхар. ГКЧП аг1онгахьа хилла бохуш а, коррупцина а бехкевора иза. Т1аккха Завгаевца цхьаьна Лакхарчу Советан Президиум мукъаяккхар, т1аьххьара а ерриг а Лакхара Совет д1асахецар доьхура митингехь дакъалоцучара, я нийса аьлча – и митинг вовшахтохархоша. Ткъа митингехь лаьттачу адамашна шаьш х1ун лěладо а ца хаьара.

Цхьана баттахь итт эзарнаш адамаш лаьттира цигахь. Кхаш т1ера белхаш д1а а тийсина, 1аьнна чуберза г1айг1а ца беш ярташкара а, производствон предприятешкара белхаш битина г1алара нах а. Митингера адам лаг1делча, цхьана наха машенашкахь ярташка а боьлхий, кхайкхамаш беш, дехарш деш а, адам г1ала д1агулдора. Митингехь лаьттачех цхьаберш яхьана-юьхьана баьхкинарш а, 1ехийна балийнарш а бара, цигахь лелочуьнга хьовса баь-

хкинарш а бара, кхин митингаца бала а боцуш. Цигахь лаьттачарна цхьана наха даар-малар а латтадора.

Къаьсттина карзахбевллера бакхий хьажой а. Майданахь хаддаза зуькарш дора, шайн-шайн вирдашка а бекъабелла. Ч1агаран, я хьийза зуькар, жирг1анаш тухуш а, хьалха-т1ехьа кортош лестош а. Цкъацкъа зударийн тобанаша а дора хьийза зуькар. Ткъа Москварчу Центральни телевиденис кест-кеста и суьрташ гойтура дерриг а дуьненна: «Хьовсал, ишта акха адамаш ду-кх шайн пачхьалкх кхолла г1ерта нохчий!», - бохург санна. Лакхарчу Советан депутаташа шайн мандаташ шайга схьа ца делча, кийра рицкъа дохуьйтур дац шаьш бохуш, мацалла лаьцна, майданахь цхьана г1онта т1ехь доьжна 1уьллура ЧИГУ хьехархо Эсенбаева а, кхин цхьа воккха стаг а. Дийнахь-буса а хаддаза микрофонашна хьалха а х1иттина, къамелаш дора баккхийчу наха а, зударша а, кегийрхоша а. Дуьйцург а дацара цхьа а тайпа хьекъале чулацам болуш. Депутаташ, республикан куьйгалхой а, коммунисташ а сийсазбеш, нажжазбеш маьхьарий хьоькхура.

Оцу чолхечу хьелашкахь юкъаваьлча масла1ат, машар хиларе догдохуш а, шайн политически девна юккъехь Айдамиров Абузарах пайдаэца лууш нах бевлира.

Оцу митинге кхойкхуш нах баьхкира Абузар волчу мосазза а. Иза ца воьдура. Бакъдерг, хьекъале дерг, нийса дерг олучуьнга ладуг1уш, хезаш а стаг вацара цигахь. Иза ала воьлларг нажжазвой, сийсазвой иэккхавора. Иза ала г1оьртинарг КПСС, Россин хьадалча, агент, халкъан мостаг1а кхайкхавора. Ткъа оцу митингашкахь лелош дерг нийса ду олийла а дацара. Цара схьалаьцнарг халкъ бохаме дуьгу некъ бара. И бакъдерг шайга аьлча цатешара цхьа а. Воккха а, жима а, къена а, къона а. Йиш-ваша а, гергарнаш а. 1едал шайн каралаца г1ертачу цхьана наха дуьйцучу хазачу хабарех 1ехаделла, шовкъе хиллера адамаш. Хьанна хаьа, и нах шаьш а теша хир бара шаьш дуьйцучух, цхьаберш муххале а.

Эладитанаш дара, и митингаш Москван бертахь еш яра бохуш. Иза бакъ делахь-дацахь а, амма Москвана товш а, цо къобалдеш а дара х1етахь Соьлжа-г1алахь хуьлуш долу чолхе, хьовр-з1овре г1уллакхаш. Советско-Российски импери йоьхнера.

Х1инца Российски импери екъаярх 1алашъян дезара оьрсийн великодержавни шовинистийн. Амма мацах цкъа Россис нуьцкъах мехкаш д1алецна, б1ешерийн дохалла шен олаллина к1ел латтош долу кегий къаьмнаш х1окху т1аьхьарчу шерашкахь самадевллера. Царах х1ораммо а сатуьйсура, Россих йозуш йоцуш, шайн маьрша пачхьалкх кхолла. Иза дан ницкъ бацахь, мелла а шайна политически бакъонаш яха.

Оцу аг1ор дуьххьара шен аз айдира Нохч-Г1алг1айчоьнан Лакхарчу Совето. 1990 шеран 27 ноябрехь цо Россих йозуш йоцу Нохч-Г1алг1айн Республика кхайкхош Декларации т1еийцира.

НГ1АССР РСФСР юкъара д1аялийтича, цунах масал а оьцуш д1акъестар яра важа йисина автономни республикаш а. Т1аккха Российски империи юхура. Иза хуьлуьйтийла дацара Москван. И Деклараци т1еиэцна НГ1АССР Лакхара Совет а, цуьнан председатель а та1зарза бубтийла дацара. Иза д1аса а хецна, цуьнан метта керла марионеточни Лакхара Совет харжа езара. Даррехь Москвара схьа а доцуш, меттигерчу популистийн куьйгашца. Мокквара т1аьхьий-хьалхий кхуза схьаоьхура Б.Н.Ельцинан герггарчу гуонера нах – Г.Бурбулис, оборонан министерствон, КГБ лакхара инарлаш, муьлш бу ца хуурш а. Уьш Дж.Дудаевца а, ОКЧН ИК куьйгалхошца а цхьаьна а кхетара, цаьрца цхьаьна а, шаьш къаьсттина а телевидени охьа а ховший, къамелаш а дора.

Азербайджанера, Гуьржехара. Дег1астанара, Абхазера, Г1ебартара, Татарстанера, Прибалтикера схьа а бог1уш, митингехь, телевиденехула а къамелаш дора цигарчу тайп-тайпанчу партийн, боламийн векалша. Цара даггара къобалйора «нохчийн революци», хестайора нохчийн майралла, доьналла, нохчий тешабора тахана «Кавказан кхоллам Нохчийчохь къастош хиларх». Цара дуьйцучух тешаш, 1ехабелла нохчий дийно-дийно карзахбуьйлура.

Оцу чолхечу хьелашкахь мало йоцуш, къайллах жигара болх беш кхин цхьа ницкъ а бара – нохчийн мафи. Митингера адамаш лаг1делча, шайн тешаме нах ярташка д1аса а бохуьйтуш, схьагулдора цара. Оцу дерриг а халкъана даарш-маларш а латтадора цара, царна д1ах1иттийна автобусаш а яра.

Тамашийна болх бара иза. Баттахь сов оцу митингехь эзарнаш адамаш лаьтташ, бохаман новкъа даьллачу халкъе цхьа дош аьлла а вистхуьлуш вацара Лакхарчу Советан председатель Завгаев Д.Г., республикан кхи болу куьйгалхой а. Я митинге баьхкина а, я ярташка бахана а. Я и куьйгалхой а, я Лакхарчу Советан депутаташ а. Цара шайн округашкахь а, митингехь а, зорбанехь а, телевиденехь а къамелаш деш, халкъа юкъахь кхетаман болх бина хиллехь, оцу т1аьхьарчу шерашкахь хилла бохамаш ца хила а мегара.

Амма уьш бист ца хилира. Лакхарчу Советан заседанеш хьулучу политпросвещенин Ц1енош чу а къовлабелла 1ийра. Халкъана т1ебаха ца башара а хаац, кхоьрура а хаац, я оцу х1оьттинчу чолхечу хьолах ца кхетара а хаац.

* * *

Лакхара Совет а, республикан куьйгалла а г1орасиз дара и х1оьттина чолхе хьал, политически кризис цхьана бакъахьарчу аг1ор листа. Дукхахболу Лакхарчу Советан депутаташ партийни, советски, бахамаллин куьйгалхой бара, царах цхьаболчара хьалхxе гайтинера халкъан кхолламца шайн к1езиг бала хилар. Царах ца тешара халкъ. Оцу х1оьттинчу чолхечу хьолах к1елхьарадовла цхьа некъ бара х1етахь: сихха Лакхарчу Совете керла харжамаш бар, цига хьекъале, оьзда, доьналла долуш, халкъана тешаме нах харжар.

Амма иза ца лаьара Лакхарчу Советана а, ОКЧН ИК а. Х1ара т1аьхьарнаш реза бара керла харжамаш бан, амма 1едал шайн кара схьаиэцначул т1аьхьа. Т1аккха шайн тобанах болу нах цига харжа.

Т1аьхьа иза дан а дира цара. Цхьана наха 1едал къуьйсура, ткъа цара лелочух ца кхеташ долу халкъ б1арзделла хьийзара, ша хьанна т1аьхьах1уттур ду ца хууш.

Х1оьттина хьал гуттар а кхераме даьллачу хенахь яздархойн Союзан председатела Арсанукев Шайхис Абузаре телеграмма яийтира, т1аккха т1аьххье телефон а туьйхира, сихха г1ала ваг1аьхьара аьлла.

Айдамиров А. Союзе д1акхаьчча, цигахь бара Арсанукаев Шайхи, Шайхиев 1алвади, Туркаев Хьасан, Гакаев Жабраил, Межидов Вахьид, Магомадов Мухтар, Гапуров Шахруди, Дадашев Райком, Музаев Мохьмад, Хожаев Далхан, Хасбулатов Ямлихан.

Церан къамел доцца хилира. Муьлххачу а минотехь майданахь ц1ий 1ана тарлуш х1окху х1оьттинчу кхерамечу хьолехь къоман интеллигенцин, шен дош ца олуш, юьстах латта бакъо яц, вай машарна, масла1атна юкъадовла деза. Шайн ц1арах халкъе Кхайкхам язбира цара.

## СОГРАЖДАНЕ!

**В Чечено-Ингушетии политический кризис достиг наивысшей остроты. Он грозит разразиться кровью. Как всегда в подобных случаях, прежде всего пострадают невинные люди. Дальше никто не вправе молчать. Нужно сделать все для того, чтобы предотвратить столкновения, стабилизировать обстановку в республике.**

**Главной причиной создавшегося положения считаем неспособность нынешнего состава Верховного Совета и его руководства последовательно и решительно проводить демократические преобразования, защищать интересы большинства тружеников. События показывают, что нынешняя власть исчерпала кредит доверия и не может далее руководить республикой.**

**Мы согласны с тем, что в составе Верховного Совета и правительства имеются недостойные люди, сознаем, что при прежних выборах практиковались махинации и подлоги. Но мы все допустили это. И в этом есть и наша вина.**

**Вот почему мы поддерживаем требования общественных организаций: Исполкома общенационального съезда чеченского народа, ВДП и др. – создать новые структуры власти, которым бы доверяло абсолютное большинство народа.**

**Но мы решительно протестуем, чтобы это происходило противоправным, насильственным способом. Мы не же-**

**лаем, чтобы на волне справедливого народного возмущения к власти дорвались люди неконституционным путем, под какими бы лозунгами и знаменами они ни выступали.**

**Для выхода из взрывоопасной ситуации считаем целесообразным следующее:**

**1. Верховному Совету принять решение о новых парламентсикх выборах в кратчайший срок.**

**2. Призываем Верховный Совет ЧИР, Исполком общенационального съезда чеченского народа, ВДП и другие общественные организации немедленно сесть за стол переговоров и принять все меры к недопущению столкновений и кровопролития, памятуя, что ответственность за это народы республики возложат именно на них.**

**Мы не желаем участвовать ни в каких политических играх по захвату власти и выступаем против обмана народа, от кого бы это ни исходило.**

**Призываем наших соотечественников, людей всех наций и религий не дать эмоциям захлестнуть разум.**

**Не допустим действий, за которые потом нам и нашим потомкам будет стыдно!**

**А.Айдамиров, Ш.Арсанукаев, В.Акаев, А.Дадашев, А.Гапаев, Ш.Гапуров, С.Магомадов, В.Межидов, М.Музаев, А.Мазаев, М.Ошаев, Я.Хасбулатов, Д.Хожаев.**

/Газеты: «Голос Чечено-Ингушетии», 3 сентября 1991 г., №171/20402/, «Даймохк», 1 сентябрь, 1991 шо, №106 /10388/.

Оцу Кхайкхамца, Абузар коьртехь а волуш, делегаци яхийтира Лакхарчу Совете а, ОКЧН ИК а.

Абузарца вара Гапуров Шахруди, Дадашев Райком, Музаев Мохмад, Хасбулатов Ямлихан, Хизриев Хьаьжа, Хожаев Далхан. Лакхарчу Советан сессехь и Кхайкхам бийшира Музаев Мохьмада, т1аккха Завгаев Доккига д1абелира иза.

Цигара арабевлча ОКЧН ИК бахара уьш. Цуьнан штаб яра хьалха КПСС горком чохь хиллачу ц1еношкахь. Ха дара ара не1арехь а, г1аттийн ламеш т1ехь а. Абузар вевзинчу кегийрхоша ца совцош чубахийтира уьш.

Коьртачу декъана, къамел дийриг Айдамиров вара.

- Делхьа, Жохар, оцу Лакхарчу Советаний, ОКЧН ИК юккъера галморзахаллаш бахьанехь 1аламат чолхе а, кхераме а хьал х1оьттина х1окху республикехь. Аренашкара докъарш, ялташ чу а дерзош, 1аьнна кечамбан дезаш долу эзарнаш адамаш шун къийсамаш бахьана долуш масийтта дийнахь оцу майданахь лаьтта. Оха данне а къобал ца до республикан куьйгалла. Цо харцонаш а лелийна, халкъ шех тешамза а даьккхина, х1ара галдевлла хьелаш нисдан ша г1орсиз хилар а гайтина. Амма х1инца, аш, ОКЧН ИК схьалаьцначу новкъа д1аг1ертарх, и г1уллакхаш нислур ду аьлла ца хетта тхуна. Х1унда аьлча, тахана вайн республикехь, вайнаха лелош дерг цхьана а республикехь, цхьана а къомо ца лелош дерг ду. Вайн къам хьекъале, ткъа важа дисина къаьмнаш сонта хеташ верг саметтахь вац. Тхо Лакхарчу Советехьа а, я шуьгахьа а дац. Аш шина а аг1орхьарчара лелочу г1уллакхаша, шун къийсамаша халкъана бохам баккхарна кхоьруш, масла1атна, машарна арадевлла тхо. Тхаьшна хетарг Лакхарчу Совете д1аальлла оха. Изза шуьга ала а даьхкина тхо.

- Машар а, масла1ат а дезаш тхо а ду, - элира Жохара. - Амма Лакхарчу Советана ца лаьа тхан лехамашка ладог1а.

- Нагахь шу шиннахьарнаш а, аш ма дийццара, къоман бала болуш лелахь, шайн амбицеш а йитина, оцу майданара адамаш шайн ц1а , балха д1а а дахийтина, цхьаьна охьа а хевшина цхьана барта т1е дахка деза шу. Тхуна цхьа некъ бен ца го х1окху кризисах к1елхьарадовла: Лакхарчу Совете керла харжамаш бар. И харжамаш демократе, хьанал а хила беза. Депутаташка кандидаташ юкъаг1ур бу царах а, шух а. Харжамаш хуьлучу дийнахь халкъо ша къастор бу депутаташ хила хьакъ берш.

- Керла харжамаш бан реза ду тхо, амма Лакхарчу Совето 1едал тхайга схьаделча. Кхо де далале цара 1едал машаре тхайга схьа ца лахь, оха иза схьадоккхур ду цаьргара.

Т1аккха, царна политически темина лекци еша вуьйлира Дудаев. Дуьненаюкъара демократически законаш, демократически пачхьалкхийн д1ах1иттамаш. Шайна г1о дан кийча ю бохура Латви, Литва, Эстони, Грузи, Абхази, Дагестан, Кабарда, кхин , кхин республикаш а. Шаьш схьалаьцнарг демократически некъ бу, демократически принципаш ларъеш а ду, бохура цо. Цуьнан къамел дахдала доьлча, иза юкъахваьккхира Абузара.

- Делхьа, Жохар, ахь дуьйцучух кхета со политик вац, амма х1ара соьца волу виъ историк, т1е х1ара Гапуров Шахрудди дозанал арахьарчу пачхьалкхийн историн говзанча ву. Демократих дерг аьлча, аш дуьйцурш а, лелориш а цхьаьна ца дог1уш санна хетта суна. Дуьненарчу ерриг а демократически пачхьалкхашкахь лелаш низам ду, законодательни органийн, я правительствийн кризис хилча, цара отставка кхайкхайо, керла харжамаш бан хан юьллу, и харжамаш хиллалц шайн болх бо, т1аккха 1едал керла хаьржинчу парламенте, я конгрессе д1ало. Иза дан ца лаьа Лакхарчу Советана, ткъа цо иза даре а ца хьоьжуш, цуьнгара 1едал схьадаккха 1алашо ю шун а. Шу шина а аг1орнаш гена бу демократически принципашна. Шолг1а, ахь боху Кавказера дуккха а халкъаш шайна г1о дан кийча ду. Хьуна вайн къоман истори ца хаьа. Вайн халкъ цкъа а цхьана а къомана дезна а дац, мел боккха бохам цунна т1ебарах, цхьана а къомо цкъа а цунна г1о дина а дац. Хьуна дало дуккха а масалш ду сан, амма ас цхьаъ бен дуьйцур дац. Б1е дейтта шо хьалха дег1астанхоша, абхазаша - церан тхьамданаша нохчашца барт бинера: аш г1аттам болабе, шаьш шуна т1аьххье г1овттур ду, аьлла. Г1ебартоша, ног1аша а иштта дош деллера. Нохчаша г1аттам болийра, амма важа къаьмнаш меттах а ца девлира. Барх1 баттахь нохчийн ярташ ягош, йохош, ламанан Нохчийчохь кхерстара ткъе шийтта эзар оьрсийн регулярни эскарш, царна г1о деш итт эзар дег1астанхойн лаамхой а, х1ирийн, г1умкийн, г1алг1айн, нохчийн лаамхойн отрядаш а. Шайн лаамехь нохчийн г1аттам хьаша баьхкинчу дег1астанхошна, г1алг1ашна, х1ирашна, г1умкашна йолана ахча а, цул совнаха дийна, я вийна шайна т1евалийнчу г1аттамхочун ц1арах ткъе пхи сом а лора оьрсийн командованис. Дег1астанхой г1евттира нохчийн г1аттам хьаь-

шначул т1аьхьа, ткъа абхазаш, г1ебартой, ног1ий меттах а ца бевлира. Оцу халкъийн тхьамданийн бартаца болийна нохчийн г1аттам чекхбелира иттаннаш ярташ ягош, эзарнаш адамаш дойуш, эзарнаш Сибрех а бохуьйтуш, г1аттаман кхойтта куьйгалхо ирх а уллуш. Ас хьалха ма аллара, вайн къомана т1е бохам беача, цхьана а къомо цунна цкъа а г1о дина а дац, я дийр а дац. Вайна атта дицло ваьш селхана дийлийтина г1алаташ. Вай атта 1ехало нехан хазчу хабарех. Вешан сонта майралла цхьамма хастийча ц1ерга лелха вай. Иза деш буй-те, кхуза схьа а оьхуш, вай хестош болу гуьржий, азербайджанаш, абхазаш, дег1астанхой, г1ебартой, татараш, прибалтикахой а? Цара дуьйцучу хазчу хабарех а теший, вайн декъаза къам бердах ма таса. Царна хьалхеш ма яха. Вайна машар беза, вайна масла1ат деза.

Амма Дудаевна а, цуьнан г1оьнчашна а ца хезара Абузара дуьйцург.

Революцин шовкъо иэс д1аиэцнера массеран а. Ша а, накъосташа а дуьйцург эрна дуйла хиъна, т1аьххьара а элира Абузара:

- Оцу майданахь латтташ эзарнаш адамаш ду. Иштта дуккха а адамаш гулделлачохь сонтаниг, сиханиг, вехнарг, питанчаш а нисло. Иштачу наха а цхьа бохам баккха тарло. Цигара и адамаш д1а-дах, Жахар.

- И адамаш ас кхайкхина гулделла а дац цига, ас д1адовла аларах, д1а а девр дац цигара, - элира Дудаевс.

- Дика ду х1ета. Амма цигахь цхьана стеган ц1ий 1анахь, халкъана хьалха бехке Лакхара Совет а, ОКЧН ИК, оцу шинна коьртехь лаьтта Завгаев а, хьо а хир ву шуна. Х1ара тхешан кхайкхам Завгаевга а белла оха, хьоьга а ло, - аьлла арабевлира яздархойн, 1илманчийн векалш.

И цхьаьнакхетар дагалоцуш Абузара дуьйцура: « Дуьненан исторехь, веккъа цхьа де Голь воцург, т1еман цхьа а стаг ша пачхьалкхан коьрте х1оьттича, шен халкъана пайдехьа хилла меттиг ца хааелла суна. Халкъан а, пачхьалкхан а коьрте нисбелла т1еман нах, диктаторш хуьлий, шайн къомана бохаме бовлуш хилла даима. Оцу дийнахь Дудаевца хиллачу къамелан ойла йича, иза церан мог1арехь ма нислахьара, аьлла дагадеара суна. Ас дийци-

нарг цхьа дош а т1е ца лоцуш, шена хетачунна т1ера вуха ца волуш, чекхвелира иза оцу дийнахь тхан хиллачу цхьаьнакхетарехь...»

* * *

1991 шеран август бутт чекхболуш митингехь лаьттачара Завгаевна шен даржера д1авалар т1едожош резолюци т1еийцира. 9 сентябрехь 19 сахьт даьлча Лакхара Совет чохь болх беш йолчу КПСС политпросвещенин Ц1енна чулилхира уьш. Завгаевс ша даржера д1авалар д1акхайкхийра.

Шайн мандаташ депутаташа охьа ца дехкича, кийра рицкъа дохуьйтур дац шаьш бохуш, оцу т1аьхьарчу деношкахь Совмина хьалхарчу майданахь цхьана г1онтахь «мацалла лаьцна» хиъна 1ара ЧИГУ хьехархо, филологически 1илманан кандидат Эсенбаева Разита а, Дуби-Эвлара цхьа воккха стаг Миназов 1абдул-Хьамид а. 14 сентябрехь оцу ц1еношкахь хиллачу 36 депутато шайн мандаташ охьадехкира. И къона зуда а, воккха стаг а мацалла ца далийта. Шаьш бахьана долуш нахе вовшийн ц1ий ца 1анадайта. Телевиденехула гойтура Миназовс, целлофанан п1аьлдига чу а тийсина, и мандаташ д1ахьош.

Оцу юккъехула цхьацца 1еламнаха ира-кара х1иттийнчу Исламан институтан студенташа оццу майдахь митинг йира Газабаев Шах1ид-Хьаьжа муфтин декхарех мукъаваккхар лоьхуш. Иза а бусалба динца дог1уш дацара. Доцца аьлча, жима а, воккха а, 1еламнах а, хьаьжой а- массо а эсах ваьллера.

Москвара схьабог1учу наха даррехь имперски политика д1ахьош хилар шера гуш дара. Ткъа, «Росси вайн мостаг1 ю, вай вешан йозуш йоцу пачхьалкх кхуллу» бохуш, маьхьарий хьоькхучу ОКЧН, ВДП лидерша Москван векалш доггах т1еоьцура. Наха дуьйцура, Лакхарчу Советан а, ОКЧН ИК вовшашца къийсам лаьттачу деношкахь ОКЧН ИК лидерша Хасбулатов Русланца йиллина д1а латтош з1е яра, иза волчохь цуьнан векалш а бара бохуш. Лакхахь ма аллара, оцу т1аьхьарчу хенахь кхуза схьаоьхура Ельцинан гонера нах. Сентябран хьалхарчу эхехь кхуза веара

Афганистанан маршо хьаьшна, йоьалг1ачу армин командующи хилла инарла-полковник, х1инца армин инарла, т1еман министр Павел Грачев, Россин госсекретарь Г.Бурбулис, хаамийн г1ирсийн министр М.Полторанин, кхи болу т1еман министерствон, КГБ инарлаш а. Церан цхьаьнакхетарш хуьлура Лакхарчу Советан а, ОКЧН ИК а, ВДП а куьйгалхошца, шиний аг1орхьарчаьрца къаьст-къаьстина охьахуьйшуш, телевиденехула къамелаш а дора.

Хала дара оцу цхьаьнакхетаршлахь Лакхарчу Советан, ОКЧН ИК, ВДП куьйгалхойх нохчийн къомах доглозурш муьлханаш бу хаа. Иза т1аьхьа историс къастор ду. Амма даррехь гора Москвас, шен 1алашо кхочушъеш, оцу шина а аг1орчех говза пайдаоьцуш хилар, ОКЧН ИК, ВДП схьалаьцна некъ оцу муьрехь Москвас къобалбеш хилар. Х1унда аьлча, Москвана лаьара и къармаза Лакхара Совет а, цуьнан куьйгалхой а популистийн куьйгашца д1асалахка. Иза дан республикехь цхьаъ бен политически ницкъ бацара – ОКЧН а, ВДП а.

Лакхара Совет д1асалоллуш жигара дакъалецира Хасбулатов Руслана а, Аслаханов Асланбека а.

15 сетябрехь сесси хилира Лакхарчу Советан. Цигахь ОКЧН ИК, ВДП лидерщца Хасбулатовн барт хилира 17 ноябрехь керла Лакхара Совет харжа а, республикехь президентан урхалла оьшу я ца оьшу халкъан лаам къасто референдум ян а. Керла Лакхара Совет харжжалц йолчу юкъана урхалла дан а, керлачу харжамашна кечамбан а 32 депутатах, ханна Лакхара Совет /Временный Высший Совет/ кхоьллира, цуьнан коьрте х1оттийра ОКЧН ИК председателан хьалхара заместитель Ахмадов Хьусайн. Оцу деношкахь цхьана суьйранна телевиденехула шен къамелехь ч1ог1а хастийра Дудаев Жохар, ткъа Завгаев Докку ишта ч1ог1а нажжаз а вира. Оцу взяточнико, жулико дуьхьалонаш яхь, ша иза аьчган з1арашна юккъехь чохь Москва д1авуьгур ву, бохура Хасбулатовс.

Амма Хасбулатов Москва д1авахана масех де даьлча, ОКЧН ИК а, ВДП а лидерша бохийра шайн цуьнца хилла барт. Адамийн кортошкара революционни шовкъ д1аяллале, уьш ойла ян, иэсе

бахка кхиале, шайн тобанах сихха президент а, парламент а харжина, законах терачу некъашца 1едал шайн каралаца сихбелира уьш. Референдум яр т1е ца дуьтура цара. Октябрь беттан 27 де билгалдира цара президент а, парламент а харжа.

Амма Москван 1алашо чекхъяллалц кхочуш ца хилира.

Завгаев коьртехь волу Лакхара Совет д1асалаьллира, амма марионеточни Лакхара Совет харжар ца нисделира. Цхьацца экстремистийн тобанийн г1оьнца ОКЧН ИК а, ВДП а 1едал шайн каралецира. Х1инца республикехь ши 1едал дара: цхьана аг1ор – ВВС, вукху аг1ор – ОКЧН ИК. Цхьамма цхьа закон доккхура, ткъа вукхо иза конституцица дог1уш дац олий д1адоккхура. Ткъа г1алин майданашкахь дуьхь-дуьхьал митингаш лаьттара. Дуккха а политически партиш, боламаш, къинхьегаман коллективаш, 1еламнах, 1илманчаш шина тобане барт хиларе кхойкхура.

Т1аьхьалонан ойла еш болчу наха доьхура республика шина декъе ца екъар, нохчийн, г1алг1айн цхьа1алла ларъяр, харжамаш бан сих ца далар. Ткъа ОКЧН-е къаьсттина доьхура цо вовшахтоьхна законехь йоцу «къоман Гварди» а, кхи йолу т1еман тобанаш а д1асахецар, цара гуобина телевидени, радио мукъаяккхар, референдум ца еш президент ца харжар а, и.д1. кхин а.

«Нохч-Г1алг1айн республикан цхьа1алла ларъярехьа» комитет а кхоьллира. Амма ОКЧН ИК а, ВДП а шаьш схьалаьцначу некъа т1ера д1а ца бовлура. Ткъа 1едал шайн карахь сацо г1ертачара а, иза шайн каралаца г1ертачара а б1аьрзе дина халкъ, ша х1ун дича х1ун хир ду ца хууш, б1арзделла хьийзара »ГЧР», 17 октября 1991 г., №202/20433/, 24 октября, №207 /20438/, 1 ноября, №213/20444.

Октябрь бутт юккъе баьлча, харжамаш хила ши к1ира хан йисча, керлачу 1едало сихонца т1еийцира харжамийн хьокъехь законаш, инструкциш а. Уьш харжамхой кхетар боцуш, муьлххачу а хьарамлонашна некъ буьтуш яра. Парламенте депутаташка хьалхатоьттура х1етталц халкъана бевзаш боцу нах, дукхахберш ОКЧН ИК а, ВДП а декъашхой, революцин жигархой а. Харжамаш хила цхьа к1ира хан йисча телевиденехула халкъана бовзийтира парламенте кандидаташ. 8-12 кандидат цхьаьний охьахаавой, царна пхиппа минот хан а луш, цаьрга юьйцуьйтура шайн биографи а, программа а. Пар-

ламенте хоржуш верг 41 депутат вара. Харжамийн участкаш ехкинера Дег1астанахь, нохчий бехачу Россин а, кхечу республикийн а областашкахь. Ткъа Гуьржерчу Ахметовски районехь округ а йиллинера. ВВС а, «Нохч-Г1алг1айн республикан цхьа1алла ларъярехьа» боламо а кхайкхам бира и харжамаш конституцица нийса бог1уш бац, бахархошка оцу харжамашкахь дакъа ца лацар доьхуш. Изза кхайкхам бира РФ Лакхарчу Совето а.

Харжамашкахь дакъа ца лецира дуккха а харжамхоша, дийнна ярташа а. Амма октябрехь 1аьларахь гулбеллачу 14 юьртарчу «революционераша» кхайкхам т1еийцира, харжамийн округ а йиллина, президент а, парламенте депутаташ а харжа.

Харжамийн жам1аш ца довзийтира халкъе: харжамашкахь дакъалаца дезарш а, дакъалаьцнарш а, кандидаташкахьа я царна дуьхьал кхаж теснарш а маса ву ца хаийтира зорбанехь. Дуьххьалд1а, харжамашкахь дукхахболчара кхаж белла президент а, х1ара депутаташ а хаьржина аьлла, газеташ т1ехь спискаш гайтира. ВВС председатель Ахмадов Хьусайн парламентан председатель хаьржича, цуьнан метта ВВС председатель хаьржира Бахмадов Бауди. ВВС сацам т1еийцира харжамаш законехь ца хилар кхайкхош. 2 ноябрехь иштта сацам т1еийцира РФ Лакхарчу Совето а.

Ткъа керлачу парламенто 2 ноябрехь сацам т1еийцира ВВС законехь ца лоруш. Т1аьхьарчо сацам т1еийцира 17 ноябрехь Лакхара Совет харжа а, оццу дийнахь республикан цхьа1алла ларъяран г1уллакх а, президентан урхалла изшар я ца эшар а халкъе къастадойтуш референдум ян а. Т1аккха 2 ноябрехь юха а сацам т1еийцира цо и харжамаш 8 декабре д1атоттуш.

Оцу деношкахь керлачу 1едална дуьхьал г1алин майданахь лаьтташ эзарнаш адамийн митинг яра. Цигахь резолюци т1еийцира законехь доцуш, конституцина дуьхьал г1уллакхаш лелочу ОКЧН а, ВДП а дуьхьал халкъ кхойкхуш. Халкъ дуьхьал дара президентан указаца 15 шарера хьала 55 шаре кхаччалц болу боьрша нах «къоман гвардин ополчене» кхайкхарна, республикан экономика х1аллакьеш ю, халкъ дакъошка декъна вовшашна дуьхь-дуьхьал даьккхина, дийно-дийно зуламаш алсамдуьйлу, хуьлуш болчу бохаман т1аьхьалонах жоьпалла ОКЧН ИК-на, ВДП-на, церан лидер-

шна Дудаев Жохарна, Яндарбиев Зелимхина, Ахмадов Хьусайнна, Арсамиков 1ийсана, Темишев Мусана, Удугов Мовладина, цаьргахьа болчарна а т1едожадо халкъо, бохура резолюции т1ехь. Митинго кхойкхура «къоман гварде» ца х1иттар а, Нохч-Г1алг1айн республикан цхьа1алла, демократии ларъян самооборонан тобанаш кхоллар а /ГЧР», 24 октябрь 1991 г., №207 /20433/, 1 ноября 1991 г., №213 /20444/.

Оцу юккъехула Кавказерчу къаьмнашна юкъарчу а, церан чоьхьарчу а г1уллакхашна юкъа а г1ертара ОКЧН ИК, ВДП куьйгалхой. Цара Грузин президентехьа, Гамсахурдигахьа г1о дохура. 22 октябрехь арадаьллачу «Республика» газетехь зорбатоьхнера гуьржийн ворх1 демократически партин, боламийн лидерийн нохчийн, г1алг1айн халкъашка кхайкхам. Цара бохура: вайна юкъахь б1ешершкахь схьадог1уш вошаллин гергарло, доттаг1алла а дара, шайн къоман чоьхьарчу г1уллакхашна юкъа ма г1ертахьара шу, уьш къастор шайн г1уллакх дара. Амма мацах шайн революци дуьненахь яржо г1иртина большевикаш санна, нохчийн революци Кавказехь яржо г1ертачу ВДП куьйгалхоша и дехар тидаме ца ийцира. Т1аьхьа Гамсахурдиа эккхийча Нохчийчохь цунна туш делира, цунна гонах волу масех б1е стаг, Соьлжа-г1ала а валийна, шарахь сов кхебира. Гуьржин Лакхарчу Советан депутатех шегахьа берш Нохчийчу а балош, кхузахь сессиш йира Гамсахурдиас, вайн типографехь тайн газет ара а доккхура.

Т1аьхьа Гамсахурдиа Гуьржичохь вийча, Соьлжа-г1ала а валийна, кхузахь д1а а воьллира.

* * *

Президентан дарже кандидаташ хьалхатоьттуш кампани йолаелча, цига Айдамиров Абузаран кандидатура хьалхататта шайна пурба лахьара бохуш дехарш деш шина к1иранах дукха адамаш даьхкира иза волчу Соьлжа-г1алара а, районашкара а.

Ша политик, куьйгаллин белхан ох1ла а вац, президентан болхам хьехор а бацара, х1окху ша вехачу юьртахь юьртден болх бан а пох1ма долуш а вац ша, аьлча а ца вуьтура. Ша къанвелла, мога-

шалла дика яц аьлча а ла ца дуг1ура. Шаьш хьуна дика г1оьнчий хоржур бу олура. Пачхьалкхан куьйгалхо, шен декхаршца ца ларош волу стаг, хьарам стаг балхара мукъа а воккхуш, зуламхошна та1зар а деш, дог ч1ог1а хила веза, ткъа ша дог к1еда, къихетаме ву аьлча а, бахьана карадора царна. Шайна ишта къинхетаме стаг веза олура. Делхьа, къена велахь а, могаш вацахь а, мацах Рузвельт санна, коляски т1ехь лелаш а болх бан хьожур вара ша, цхьа кхетам, иман, низам долчу къомана т1ехь куьйгалла далур дара шега, амма нохчашна т1ехь куьйгалла дан ларор вац ша, царна т1ехь куьйгалла дан Шемал, Сталин санна, дегнаш ч1ог1а нах оьшу аьлла, церан дехар т1е ца лецира Абузара.

Амма иза волчу баьхкинчу нахах цхьамма телевиденехула хаам байтинера, президентан дарже шен кандидатура хьалхататта Айдамиров реза а ву, пурба а делла аьлла. И хаам а хезна, Ахмадов Муса веара яздархо волчу шолг1ачу суьйранна. Шайна ца делла пурба, цо хьанна делла-те, я цуьнан бертаза кхайкхийна-те аьлла, бала а кхаьчна.Оьг1азваханчу Абузара кехат яздира телевидене:

**«До меня дошли слухи о том, что 12 октября с.г. по республиканскому телевидению было передано сообщение о том, что якобы выдвинута моя кандидатура в президенты республики.**

**С просьбой дать согласие на выдвижение моей кандидатуры на пост президента ко мне обращались несколько товарищей, которым я отказал решительно и категорично.**

**Отказ мой обосновывается на том, что я никогда не занимал никакой руководящей должности, ибо это противоречит моему духу, принципам и жизненным позициям.**

**Более того, у меня нет ни организаторских способностей, ни здоровья, мне более 60 лет, нет у меня и других качеств, необходимых человеку, претендующему на этот ответственный пост.**

**Прежде чем передать сообщение о выдвижении моей кандидатуры на пост президента, которое не имеет под собой никакого основания, телевидению следовало бы связаться со мною и узнать правду.**

**Прошу данное заявление срочно передать по телевидению и опубликовать в печати.**

**Абузар Айдамиров**
**14 октября 1991 года»**

И заявлени шолг1ачу дийнахь телевиденехула д1акхайкхийра, шина газето зорба а туьйхира ; «Не хочу быть президентом» «Республика», 16 октября 1991 г., №47; «Даймохк», 16 октябрь, 1991 ш., №125/10407/.

* * *

2 ноябрехь парламенто шен сацамца ноябран 9 де билгалдира халкъана тешаме хила т1елоцуш президентана дуй бао. Оцу г1уллакхна кечамбан оргкомитет кхоьллира, Ойсхарара мола Израилов Абубакар коьртехь а волуш. Амма оцу деношкахь президентан, парламентан кхоллам кхерамна к1ел х1оьттира. Царна дуьхьал эзарнаш адамаш лаьттара Ленинан ц1арахчу майданахь.

Керла 1едал шен лаамза кхерамна к1елхьарадаьккхира Москвас.

7 ноябрехь Ельцина Указ даьккхира Нохч-Г1алг1айчохь Чрезвычайни хьал х1оттош /ЧП/. Оцу Указо цхьаьнатуьйхира керлачу 1едалехьа а, цунна дуьхьал а шина декъе декъаделла халкъ. Х1етталц президентан куьйгалли к1ел яха дуьхьало еш хилла милици а цуьнгахьа елира.

8 ноябрехь чрезвычайни бакъонаш елира парламенто. Президента Указ даьккхира Оборонан Совет кхуллуш. Цуьнан председатель вара Дудаев Жохар. Советан декъашхой – Сосланбеков Юсуп, МВД министр полковник Алсултанов Умалт, подполковникаш Мержоев Муса, Сулейманов Ибрах1им.

9 ноябрехь 1уьйранна х1аваан кеманашца Соьлжа-г1аларчу т1еман аэродроме охьадиссийра Россин спецназан дакъош. Керлачу 1едало радион, телевиденин а г1ирсашца халкъе кхайкхам бира массо боьрша стаг Соьлжа-г1ала д1агулло аьлла. Цига баьхкинчу дуккха а нахе герз а делира.

Оцу дийнахь къеггина гучуелира Оборонан Советан а, парламентан а декъашхойн хьекъалан б1аьрзалла. Герзаца кечъелла «къоман Ггарди» г1алахь а йитина, ярташкара нах Шела, Аргуне, Хьалха-Мартант1а, Г1ойт1а, Атаг1а, Гуьмсе д1а а гулбина, царах т1еман дакъош кхоьллина, царна коьрте эпсарш х1иттийна, т1еман низаме балийна т1амна ца кечбеш, Нохчийчуьра берриг а боьрша нах жа санна Соьлжа-г1ала д1агулбира цара. Нагахь санна Россин ОМОН г1али чу а еана, царна т1еттехь, и нах цхьана сохьтехь х1аллак а хилла, корта боцуш дуьсур дара нохчийн халкъ. Цигахь вовшийн хьешна а х1аллакь хир дара адамаш.

Оцу юккъехула д1ахьош яра президентана дуй баош церемони. Телевиденехула гойтуш яра иза. Сцени т1ехь д1ах1оьттина дара сийлаллин ха. Цига хьалавелира парламентан председатель Ахмадов Хьусайн, Мехк-Кхиэлан председатель Адизов Сайд-Ахьмад, Иорданера кхуза веана 1абдул-Бакъи Джамо а. Дудаев Советски эскарийн инарлин духарца кечвелла вара. Къор1ан кара а лаьцна, юьстах лаьттара Адизов. Ахмадовс доцца къамел дича, Дудаевс халкъана тешаме хила дуй биира. Нийса аьлча, иза дуй бацара. Цо Къор1анах куьг а ца хьакхийра, цунна улло а ца вахара, аттала цуьнан ц1е а ца яьккхира.

Дудаевс «дуй» биъначул т1аьхьа иза декъалвеш къамелаш дира 1абдул-Бакъис а, Исламан институтан ректора Насуханов Майрбека а, РФ халкъан депутата яздархочо Нунуев Сайд-Хьамзата а, халкъан артиста Дудаев Мусас а. Церемони д1аерзийра, 1абдул-Бакъис до1а а дина. Т1аккха президент арахь лаьттачу халкъана гучувелира. Наха герзаш кхуьйсура, х1аваэ хьала а лоьцуш.

1абдул-Бакъи Джамо воккха 1елам стаг а, 1аьрба мехкийн паччахьашца цхьаьна охьахуьйшуш говза, хьекъале политик а вара. Амма оцу деношкахь цуьнан а хьекъал ца кхечира Нохчийчохь хуьлучу г1уллакхийн т1аьхьалонан ойла ян, уьш къомана бохамехьа девриг хиларх кхета.

Соьлжа-г1ала Россин спецназан дакъош далийний Абузарна хиира 9 ноябрехь суьйранна. 10 ноябрехь 1уьйранна хьалхxе г1а-

ла вахара иза. Совмина хьалхарчу майданахь лаьтташ эзарнаш адамаш дара. Автоматаш, таллархойн тоьпаш ги а тийсина. Кхерам д1абалаза бара.

Айдамировс сихха х1ара телеграмма яхьийтира Ельцине:

**«Телеграмма. Срочная. Правительственная. Москва. Кремль.**

**Президенту РСФСР Ельцину Б.Н.**

**Русский царизм в течение двухсот лет вел беспрерывную войну против чеченского народа, в которой погибла половина его населения и потеряли жизни сотни тысяч русских крестьян, переодетых в солдатские шинели.**

**Чеченский народ безоговорочно перешел на сторону Октябрьской революции, поверив обещаниям большевиков дать ему свободу и вернуть землю, отобранную в ходе Кавказской войны, десятки аулов и десятки тысяч его сыновей погибли за власть Советов. В благодарность за это Советская власть выселила его в степи Казахстана и горы Киргизии, где вымерла половина народа.**

**В предвыборной президентской кампании Вы обещали малочисленным народам России сувернитет, и чеченцы, поверив в это, единодушно отдали свои голоса за Вас и Руцкого. В благодарность за поддержку Вы и Руцкой без каких-либо на то оснований направляете в ЧИР войска МВД, чтобы пролить кровь чеченского народа и русских ребят.**

**Неужели Вам мало двухсотлетней трагедии и страданий несчастного чеченского народа?**

**Немедленно отмените свой бесчеловечный Указ о ЧП в ЧИР и прекратите клевету на чеченский народ, распространяемую средствами массовой информации.**

**Абузар АЙДАМИРОВ**
**Народный депутат СССР**
**10 ноября 1991 г.»**

И телеграмма зорба туьйхира «Голос Чечено-Ингушетии» газето /12 ноября 1991 г., №218/20449/.

Нохч-Г1алг1айчохь ЧП х1отторан а, цига эскарш дигаран а хьокъехь Россин президентан Указ ца ч1аг1деш, 11 ноябрехь суьйранна сацам т1еийцира РФ Лакхарчу Совето. И Указ ца ч1аг1дарехь боккха болх бинера Хасбулатов Руслана, Аслаханов Асланбека.

12 ноябрехь кхузара д1адигира Россин т1еман леррина дакъош.

13 ноябрехь д1асадахара г1алахь митинге гулделла адамаш а. Ельцинан Указо к1елхьарабехира халкъан цхьа дакъа дуьхьалдаьлла президент а, парламент а. Дуьхь-дуьхьал декъаделла къам цхьана ханна цхьаьна а тухуш. Дудаевх къоман турпалхо а хуьлуш, д1адирзира х1етахь х1оьттина и кхераме хьал.

* * *

Районашкахь митингаш юьйлаелча, цара къам дикане дуьгург хиларх шекваьлла, оцу митингашна дуьхьал «Халкъан доьналлин хьоста» ц1е йолуш статья язйира Айдамиров Абузара «Ленинан некъ», 11 апрель, 1990 шо/.

Оцу т1ехь цо яздора и митингаш бусалба динца а, нохчийн къоман г1иллакхашца а ца йог1у, цара къам дуьхь-дуьхьал дакъошка доькъур ду, къоман цхьа1алла йохор ю, г1орасиз дийр ду, яхьах, оьздангаллех дохор ду, юккъе хьаьг1наш, гамонаш юхкур ю, бохаме дуьгур ду. Вайн къам эзарнаш шерашкахь доьналлех ца духуш латтийнарг оьздангалла ю, цунах довла ма г1ерта. Х1ара х1иттина чолхе хьелаш, масех эзар стаг майдана а гулвелла, митингашкахь къасталур дац, нислур дац, уьш 1едалан куьйгалхоша, цхьаьна охьа а хевшина, вовшашлахь бертахь къасто деза.

1991 шеран сентябрь беттан юьххьехь йолуш йолчунна дуьхьал шолг1а митинг вовшахтоха боьлча, телевиденехула юха а изза къамел дира Абузара. И йолуш йолу митинг а д1айохаяхьара, шолг1аниг а ма гулъяхьара аьлла, халкъе дехар а дира.

Оцу цхьана-шина шарахь митингашкахь къеггина гучуевлира ехачу хенахь къайлехь лаьттина нохчийн къоман ерриг а сиркхонаш, амалш, къинош, лазамаш, цуьнан хьекъал б1аьргашний, лергашний чохь хилар, я вуьшта аьлча – иза шена гинчух атта тешаш, 1ехалуш а хилар, х1оьттинчу хьолан ойла ян хууш цахилар а, юкъара хьаьг1наш, гамонаш, сутаралла, къизалла д1аяха цунна цалаар а я, доцца аьлча, – нохчий бусалба динехь нисбала гена хилар.

И митингаш юьйлаеллачу юьххьехь дуьйна, жимма а ойла ян хьекъал а, лаам а болчунна гуш дара, цхьана наха халкъ 1ехош 1едал къуьйсуш а, ткъа шиний аг1орчийн къоман кхолламца к1езиг бала а хилар.

Цхьана аг1ор лаьттара лахара дуьйна хьала лакха кхаччалц болу хьалхалерчу 1едалан куьйгалхой, цара шайна т1еозийна бузийна нах а. Царна ца лаьара шайн карара 1едал д1ахеца. Шена т1ехь харцонаш латтийна коммунистийн 1едал а, цуьнан куьйгалхой а ца безара халкъана. Диканаш а, вонаш а ца къестош, цхьатерра. Царна дуьхьал халкъ а г1аттийна, цуьнан г1оьнца цаьргара 1едал схьадаккха 1алашо яра шолг1ачу тобанан. Цунна юкъабог1ура партократис харц-бакъ бахьанашца номенклатурни даржаш ца делла а, даржашкара д1абаьхна а, номенклатуран лахарчу т1ег1анаш т1ера лакха ца бовлийтина а нах, мафиозни элементаш а.

Царна юкъа нисбеллера боккъал а шайн къоман кхолламан бала болуш, дог ц1ена, хьанал цхьа к1езиг нах а. Оцу тобано митингашкахь халкъана карлабохура паччахьан Россис а, советско-коммунистически 1едало а х1окху т1аьхьарчу шина- кхаа б1е шарахь цунна бина бохамаш, лелийна харцонаш, латтийна 1азап а. Х1оккхара нохчийн къомана маршо, нийсо, барт, йозуш йоцу маьрша пачхьалкх а кхайкхайора. Уьш дерриг а нохчийн къомо б1ешершкахь сатийсинарш дара.

Оцу шолг1ачу тобанна т1аьхьах1оьттинчу халкъан хьалхарчу мог1арехь лаьттара цкъа а къахьега ца лиьна малончаш, малархой, къуй, питанчаш, зуламхой. Царна маршо, маьрша пачхьалкх езара, амма цхьа а 1едал а, низам а доцуш. Царна нийсо езара, амма шаьш къа а ца хьоьгуш, къахьегначаьргара схьа а доккхуш. Царна барт оьшура, амма къуйн, талорхойн а барт. Митингашкахь массарал дукха а, ч1ог1а а маьхьарий хьоькхурш уьш бара.

Важа дисина халкъ б1аьрзе, амма дог ц1енна тешара оцу шолг1ачу тобанан кхайкхамех. Т1е, т1аьхьа х1уъу хилахь а, шена т1ехь акха харцонаш латтийна, ша махках даьккхина хьийзийна компартин 1едал нуй хьаькхна д1адаккха лаьара цунна. Цундела халкъо лоьхура хьалхалерчу 1едалан берриг куьйгалхой, коммунисташ а шайн даржашкара д1абахар. Церан метта х1итточу керлачу куьйгалхойн къомана маршо яла а, къоман барт бан а, нийсо ян а, маьрша пачхьалкх кхолла а хьекъал, хаарш, кхетам, лаам, доьналла, корматалла хиларан я цахиларан ойла а ца йора. Халкъан, я нийса аьлча – иза г1аттийнчу тобанан лаамца нуьцкъах д1асахийцира Лакхара Совет, правительство, йохийра хьалхалерчу пачхьалкхан органийн ерриг а структураш.

Амма 1991 шарахь хиллачу «нохчийн революцин», я «къоман маршонехьа боламан» тоба а, царна дуьхьал хилла тоба а тоьлаш, ткъа къинхьегаман халкъ оьшуш а чекхделира и г1уллакх.

Шиний аг1орнаш куьйгалле д1атарбелира.

Пачхьалкхан ерриг а органийн структурашкахь балхахь гора «революционераш» а, партийно-советски органийн чиновникаш а, коммунисташ а.

Керлачу 1едалца ца тарбелларш Россихь дика д1атарбелира.

Масех баттахь митингашкахь б1аьрзе лаьттина халкъ декъаза дисира.

Кхетамечу къаьмнаша кхин, хьекъале некъ къастийра. Масала, узбекаша, туркменаша, киргизаша, татараша, башкираша. Шайн Лакхара Советаш, правительствош д1аса а ца лаьхкира. Пачхьалкхан структураш а ца йохийра. Коммунисташ бара, коммунистийн 1едалан куьйгаллехь лаьттинера аьлла, диканаш, вонаш нуй хьаькхна д1а а ца бехира. Халкъана тешаменаш, хьекъал, кхетам, доьналла дерш, хьаналнаш балхахь, даржашкахь а битира. Хьекъалечу татараша Россигара шайн къомана дуккха а, яккхий а бакъонаш ехира, уьш к1ез-к1езиг кхуллуш шайн йозуш йоцу, маьрша пачхьалкх кхолла новкъа бевлира.

Ткъа майрачу нохчаша и сатийсам оцу шина-кхаа баттахь бийна д1абаьккхира.

Я цхьана б1е шарна гена д1атеттира…

## Зударий – къоман сий,
## къоман оьзданаллин куьзга ду...

**А.АЙДАМИРОВ.**

Къонаха шен къонахаллех а, оьзда стаг шен оьздангаллех а ца вохало мел яккхийчу халонашна, баланашна, бохамашна, маццаллина, цамгаршна, дуьхьал х1оьттинчу 1ожална а.

Къонаха къонахаллех а, оьзда стаг оьздангаллех а вохош, цуьнан сий дойуш цхьа х1ума ду дуьненахь – оьзда йоцу х1усамнана а, ша санна оьзда боцуш цо кхиийна доьзал а.

Хьекъалечу, дикачу, оьздачу х1усамнанна шен х1усамда къонаха вацахь цунах къонаха ца вало, амма иза нахала ца волуьйтуш, ларван хаьа.

Хьекъалечу, дикачу, оьздачу х1усамнанас ша санна оьзда кхиадо шен бераш, шен сил а ч1ог1а лардо шен х1усамден сий, цуьнан оьздангалла, къонахалла.

Х1усамнанас шен х1усамден сий дахь, бераша а сий до шайн ден. Доьзало сий ца дечу, ца лоручу стеган сий-ларам ца хуьлу йиша-вешийлахь а, юьртахь а, арахьа а.

Оцу хьокъехь дуккха а хьекъале кицанаш, дийцарш, туьйранаш а ду нохчийн халкъан.

Бералла а, къоналла а Абузаран декъаза хиллехь а, х1етахь йиша-вешера цкъа а аьтто а, там а ца хиллехь а, т1аьхьа цуьнан дахаран некъаш мел хала хиллехь а, уьш дерриг а диццдеш, Дала цхьа ирс делла, боккха къинхетам бира яздархочух – хьекъале, оьзда, къинхетаме, комаьрша, собаре, тешаме, цунна доза доцуш муьт1ахь х1усамнана а, ша санна цо кхиийна доьзал а.

«Дуккха а наха забаренна олучуха соьга олура, соьх яздархо а, халкъо лоруш стаг винарг а Мух1ажар ю. Иза бакъ дара. Бусалба дино а, нохчийн къоман 1адаташа а, адамаллин г1иллакхаша а х1усамнанна т1едихкинчу дахарех уггар дезачех цхьаъ ду х1усамдена дика а, тешаме а, муьт1ахь а хилар, доьзал иманехь кхиор а. И декхарш доггах а, ц1ена а, дуьззина а кхочушдеш яьккхира Мух1ажара ша соьца дуьненахь яьккхина шовзткъе цхьаъ ах а шо хан!» - даггара яздора Абузара шен дагалецамашкахь.

Доьзал иманехь кхиор, оьзда кхиор – 1аламат хала, чолхе, доккха собар, хьекъал а дезаш 1илма ду. Амма уггар халаниг – х1ор сохьтехь, х1ор минотехь доьзалца собаре болх бар ду. Берашна хьехамаш барах кхачо ца хуьлу. Цаьрца къамел маца, муха, хьаьнга муха дан хаа деза. Х1унда аьлча, доьзалерчу х1ор беран шен-шен хьекъал, кхетам, амал, г1иллакхаш а ду. Царна дина хьехарш эрна хуьлу, нагахь да-нана шайгара дикачу аг1ор масал гойтуш дацахь, церан дош а, г1уллакхаш а цхьаьна дог1уш дацахь. Шайн оьздангаллица, собарца, къинхетамца, яхьца, г1иллакхца масал гойтуш да-нана дацахь. Масане ду уьш, цара, къаьсттина а нанас, шеца лардан дезаш, лело а, гайта а дезаш. Нагахь нана барта цхьаъ а дуьйцуш, г1уллакхца кхилелош елахь, бераш а иштта шалхонаш йолуш хуьлу.

Доьзал иманехь, оьзда кхиор дозуш ду ден а, ненан а юкъаметтигех. Цаьршиннен амалш, г1иллакхаш схьаоьцу бераша. Цаьршинна вовшийн дезахь, цаьршиммо вовшийн лерахь, вовшийн сий дахь, вовшех къахетахь, шайн деца-ненаца а, вовшашца а и шиъ санна хуьлу бераш.

Литературехь а, адамаша дуьйцуш а дукха хеза майрачунна а, зудчунна а юккъехь боккха безам ца хуьлу, нагахь иза ц1еххьана кхоллабеллехь, цуьнан оьмар еха ца хуьлу бохуш. Иза бакъ дац. Зудчунна а, майрачунна а юккъехь боккха безам хуьлуш а, массеран ца хилахь а, шо шаре мел дели ч1аг1луш, к1арглуш, цаьршиннен ерриге оьмарехь иза ларлуш а хуьлу.

Цунна тешалла ду Мух1ажаран, Абузаран а дахар.

Цаьршиннен безам дуьххьара вовшийн ма-гиннехь ц1еххьана кхоллабеллера, хан мел ели т1етт1а т1еч1аг1луш, марзлуш, шиммо а йо1-б1аьрг санна ларбинера. Мел яккхийн халонаш, бохамаш т1ех1иттарх ца маллуш, мелхо а ч1аг1луш, к1арглуш.

Дахарехь алсам нисло зудчо маре йоьдуш стеган амалш, вовшашка безам тидаме ца оьцуш меттигаш. Цхьаболчу зударшна оцу стеган хьал-бахам, хьаькамаллин дарж доцург кхин х1ума а ца го. Шена мерзаниг даа а, хазаниг т1едуха а, къа ца хьоьгуш дахар а хилчхьана и стаг мукха хилча а мега. Амма и стаг къийвелча, хьаькамаллин даржах воьхча, цамгаро лаьцча, сакхат-заь1ап хилча цуьнца галйолу.

Цаьршиннан безам кхоллалуш а, Мух1ажар цуьнга йог1уш а, шен дег1ал сов даьлла х1умма а дацара Абузаран. Хьаькамалла бохург-м хьехо а ца оьшура. Шиннен а жима долуш наной а беллера, шиннен а шишша десте а хиллера, шиммо а декъаза бералла а текхнера. Абузаран-м йиша а, ваша а дара х1етахь, ткъа доьзалехь массарал а жима Мух1ажар а юьсуш цуьнан виъ ваша веллера. Доцца аьлча, дагадала а, т1етовжа а, г1о деха а, г1о дан а стаг воцуш, шаьшшиннан хьекъалца, ницкъаца, къинхьегамца кхиъне-ра и шиъ жима долуш дуьйна.

Абузарах яздархо а, халкъана вевзаш, везаш а стаг хилча а, хьал-бахам т1екхетта г1уллакхаш а ца нисделира цаьршиннан, мелххо а халонаш, г1айг1анаш, баланаш алсам хилира.

Дукха хьолахь боьрша нах нисло, шайн г1уллакхаш тоделча х1усамнанна вон хуьлуш, ямарт хуьлуш, кхечу зударшна т1аьхьабовлуш. Да-нана, йиша-ваша доцуш цхьа йисана зуда атта хеташ, цунна халахетарш деш, сийсазъеш. Нагахь и шен зуда дешна яцахь, цунах д1акъастий, я цунна т1е лакхара дешар дешна къона зуда ялош. Мух1ажар кхоалг1ачу классехь доьшуш йолуш, махках даьккхинера вайн халкъ. Х1етахь дешарх юкъахъяьлла иза кхин ша санна итт эзарнаш бераш санна, юха ишколе ца йоьдуш йисира. Даккхийчу элпашца хала яздеш цхьа тарой йора цо, меллаша йоьшуш «Еха буьйсанаш» шозза ешнера цо, кхозлаг1а йоьшуш 85 а1гонна т1ехь юкъахйисира, шен дахаран т1аьхьарчу дийнахь. Цунна ч1ог1а халахетара шена оьрсийн мотт цахаар. Кхечу г1уллакхашна а ца эшара цунна иза, нохчийн къомах воцу стаг керта веача, цуьнца т1е-каре ян бен. Ша йист ца хуьлуш 1ийча, шена хьаша ца веза моьттур ду царна, олий вас хуьлура цунна.

Мух1ажар шега еанчу хьалхарчу шарахь дуьйна, нохчийн халкъан истори т1ехь а, литературехь а болх бан волавелира Абузар. Мехкадаьттанан чиркх улло а х1оттабой, ц1енкъахь, буьйсанна сахила доллалц къахьоьгура цо. Москвара архивашкара документийн, Ленинан ц1арахчу библиотекара а нохчийн историх лаьцна язйинчу материалийн копиш йохуьйтуш, ша язйинарш машинкица зорба тохуьйтуш а дойура, колхозехь болх беш доккху, ахча. Амма

Мух1ажара цкъа а 1оттар ца йора х1усамдена ахча дойу, я кертахь г1уллакх ца до, аьлла. Йоза-дешар ца хууш йолу и 16-17 шо хенара йо1, Дала шена деллачу хьекъалца кхеттера, Абузара хьоьгу къа цхьа генна хьалха йоьдучу 1алашонца хиларх. Т1аьхьа, шераш мел довлу цунна хаьара дуьненан бахаман дуьхьа хьоьгуш доцийла, нохчийн къоман дуьхьа, цунна т1екхоьллина харцонаш ца лаелла, цуьнан сий юхаметтах1отто 1алашо йолуш цо къахьоьгуш хилар.

Х1усамдеца ерриг а халонаш, къелла ловш, цунна синтем лоьхуш, цуьнан самукъа даккха г1ерташ, иза цатемех ларвеш, йо1-б1аьрг санна леррина цуьнан сий лардеш, т1ебог1у хьеший бе-заш, оьздачу г1иллакххехь д1аберзош яьккхира Мух1ажара Абузарца и шовзткъе цхьаъ а ах а шо хан.

Дукха хьолах могаш ца хуьлура Мух1ажар, цунна хала дара и деза дукъ ийза. Иштта чекхъяла зудчунна доккха хьекъал, кхетам, яхь, собар, оьздангалла, доьналла, къинхетам, шен х1усамдега боккха безам а оьшу. Уьш дерриг а дара Мух1ажарца. «Нагахь нохчийн къомана ас мелла а г1уллакх динехь, цунах доккхах долу дакъа Мух1ажаран ду, суна уллохь и тешаме накъост ца хиллехь, ас бина хир бацара и болх!» - иштта ша аьллачу дешнашна тешалла деш, нохчийн исторехь дуьххьара яздархочо шен «Лаьмнашкахь ткъес» роман Мух1ажаран сина «Сайн некъан тешамечу накъостана Мух1ажарна» аьлла, лерина яра

Абузар цхьана денна ц1ера араваьлча а сагатлора Мух1ажаран. Сарралц хьо ца гуш ша муха 1ийр ю-те, олура. Х1ора дийнахь, изаеншколе балха воьдуш кет1а кхаччалц цунна т1аьхьайолура, ц1а чу вог1уш, х1усамден когийн тата хезча, дуьхьал йог1ура. Изза дора цунах 1еминчу деа беро а. Ша кертан арахь йолуш, ц1а баьхкина йо1арий сихха ц1а чу хьовсабора, чехкка шайн дена т1ех1итта олий.

Х1усамда машенца гена новкъа волуш, ураме т1аьхьа а йолий, Деле доьхура цо: «Веза, воккха, къинхетаме, сийлахь Дела, ас хьан кара вели-кх Бузар, зенах-зуламах ларвай, могаш-маьрша х1окху х1усаме, доьзална т1е вухаверзавелахь х1ара!» - олий. Т1аккха

машен б1аьргашна гучура яллалц, т1аьхьа хьоьжуш лаьттара. Абузар Москва я кхечхьа гена новкъа волуш, цунна т1ера байшна, жоьра зударшна, г1ийлачарна, мискачарна саг1а лора, дукха хьолахь мовлад доьшуьйтура. Сада1а, я масех денна Москва вахча, ша цигахь йоккху хан тутмакхо санна йоккхура Абузара а, могашалла дика йоцчу Мух1ажарна сагатдеш и масех де б1е шарал дахлора цунна а.

Ч1ог1а Делах кхоьрура Мух1ажар. Цхьа ч1ог1а цомгаш а хилла дег1ан дола ца далуш йисчий бен цхьа ламаз, цхьа марха а ца дуьтура цо. Иштта дисина ламаз, марха а доьхкуш кхочущдеш нисдора. Шен массо а ламаз т1ехь до1ица Абузар Деле воьхуш, шен 1ожалла цунчул хьалхаяккхар доьхуш хуьлура иза.

Шаьшшиммо цхьаьна яьккхинчу ерриг а хенахь, шена караденчу ахчанах цхьа кепек Мух1ажарах а, доьзалх а къайла ца даьккхинера Абузара, цуьнга д1алора. Ткъа Мух1ажара ша, цунна ца хууш цхьа кепек а ца йойура. Ша кертахь цхьацца х1ума эцча, ша х1ун эцна а, царах мел ахча даьлла а дийца х1уттура иза. Шен да Халад дуьненахь волуш, ша цунна кхача, стом, хастом хьуш х1усамдегара пурба доккхура.

- Ва Мух1ажар, соьга х1унда дуьйцу ахь айхьа х1ун эцна а, царах мел ахча делла а? Айхьа Халадана цхьа х1ума хьуш соьгара пурба а х1унда доьху ахь? Х1окху кертахь хьайна луъург дан бакъо ма ю хьан. Ахь ахчанах х1ун дина а, х1ун эцна ма ца хиттина ас хьоьга цкъа а. Вайна оьшучунна дойу-кх ахь и ахча. Соьга ма дийцахьа уьш, айхьа Халадана цхьа х1ума хьуш соьгара пурба а ма дехахьа, - олий, бехк боккхура Абузара цуьнга.

- Хаьа суна, Бузар, ас х1уъа дича а ахь сайга х1умма а эр доцийла. Х1етте а сан декхар ду, х1окху кертахь айса дийриг дерриг а хьоьга дийца. Къахьоьгург, ахча доккхург а, рицкъа лохург а хьо ма ву. Хьох къайле хила ца еза сан а, берийн а. Ас кхузара шена цхьа х1ума еача, Бузаре хьаьттина еаний ахь, ма олу соьга Халада а. Хьуна ца хууш цхьа кепек а яйа бакъо ма яц сан, Бузар. – Т1аккха елалой т1етухуру, - Хьо-м сан «жима дела» вай!

Кхаа йо1а ден ц1а йог1уш шаьшшинна кечбина кхача, стом, хастом беача, церан х1усамдайн пурбанца беанийла хиъча а бен,

царах дезар ца оьцура Мух1ажара, цаьргара пурба доцуш тхан керта, цкъа кхаллал а, рицкъа ма далуш, олура йо1аршка. Х1усамдайшна ца хууш, ког д1атасар ч1ог1а дихкинера цо царна.

Даима д1а Абузарна болх бан, сада1а аьтто лоьхура Мух1ажара. Жимма а иза г1айг1ане, кхоьлина хилча, цуьнан садекъа г1ертара. Хаза, эсала йист хила а, х1усамдеца муха, маца, х1ун къамел дан деза а хаьара. Цаьршимма цхьана яьккхинчуерриге а хенахь, Абузар буьйсанна мел хан яьлчу хенахь ц1а варах, цкъа а чиркх д1абайина, ша охьайижина ца караяйтинера цо. Арахь цуьнан когийн тата хезча, дуьхьал йог1ура, цуьнан могашалла, цо арадаьккхина г1уллакх муха дирзина хоттура. Мух1ажарна дика хаьара, цхьанхьа хьошалг1а вахча цигахь мел мерза, чоме даарш хиларх, цунна кхача ца баалой. Цундела, иза хьошалг1ара ц1а веача, х1усамдена хьалха ша леррина кечбина кхача буьллура. Буьйсанна т1аьххьалц болх беш хьевелча, иза охьавуьжчу улло г1онта т1е, цунна кхалла стом, хастом, нехча, ша тайпа деттина бепиг охьадуьллура.

1уьйранна сатосучу хенахь ламазана хьалаг1оттура Мух1ажар. Ша тас-г1уммаг1а вовшахдетташ, Абузар самаваларна кхоьруш, буьйсанна охьайижале уьш улорчу ц1а чу кийчча охьайохкура цо. Ламаз оьцуш г1уммаг1ане аннаш т1ехь татанаш ца дайта, цунна буха, оццу г1уллакхана ша лелош долу юьхьах хьокху стомма, к1еда гата деалха а тухий, г1уммаг1ана к1ел дуьллура цо. Сатосучу хенахь гуттар ларлуш, меллаша хьала а г1оттий, ишта ларлуш дехьа чу а йолий, тата ца доккхуш не1 т1е а ч1ог1ий, ламаз а оьций, перза а, суннат ламазаш а дой, вирд даккха охьахоура иза.

Цкъацкъа буьйсанна болх бина, дийнахь Абузар д1атевжича, цунна наб озийча сени чохь, я арахь охьахоура Мух1ажар, бераш ц1а чу ца дахкийта, кертахь цаьрга г1овг1анаш ца яйта. Абузарца г1уллакх хилла юьртара стаг веача, нагахь цо деанарг сихо йолуш я сингаттаме г1уллакх дацахь, дехар дора цо:

- Сийсара болх беш 1ийна наб яйна охьавиждна Бузар. Вай иза х1инца самаваьккхича юха наб кхетар яц цунна. Цхьа-ши сахьт даьлча волахьа... - Веанарг хьостуш, дехарийца олура.

Дукха зударий хуьлу, шайн майранаш цхьа ладам боццучу хьаькамаллин дарже нисбелча, курабовлуш, дозаллаш деш, адамашца бист хила ца бешаш. Изза амалш хуьлу церан берийн а. Абузар-м цкъа а хьаькам ца хиллера, амма иза халкъана вевзаш яздархо хилча а оцу аг1ор цхьа а тайпа хийцамаш ца хиллера Мух1ажаран а, цаьршиннен берийн а. Цхьа а адам шайл лахара ца хеташ, къаьсттина а г1ийлачаьрца, мискачаьрца г1иллакхе, к1еда-мерза, къихетаме бара уьш. Дукха адамаш листалора церан керта генара а, гергара а. Къаьсттина Абузар СССР халкъан депутат волчу шерашкахь. Шайн бала,г1айг1а ялхо, г1о оьшуш бог1ура къен, миска нах. Абузар а, цуьнан доьзал а цхьа кура адамаш ду моьттуш эхь хеташ, ийзалуш керта бог1ура уьш. Амма, Мух1ажара ц1а чу а балийна, баьрчче а баьхна, шен миска кхача хьалха а биллина охьаховшийча, иза шайца къамеле яьлча, яххьаш екхалой, шайн нана, йиша, йо1 йолчу х1усаме кхаьчча санна, парг1атбовлура.

- Оцу Дала мукълахь, х1ара Бузар бахьнехь долуш, Дала и хьан г1уллакх нисдийр ду. Бузар беркате стаг ма ву. Дала х1окхуьнан г1о ма до. Варлахь, хьайн г1уллакхана са ма гатделахь. Бузара таххане д1аяздийр ду хьан г1уллакх. Яздича ца нислахь х1ара цига д1аг1ур ву. Дала аьтто болда вайн и хьан г1уллакх, вайн дегнаша ма=бохху, бакъхьа дерзо.

Иштта баьхкинчу нахах цхьа а д1а ца вохуьйтура цо, шен кхачех ца кхоьтуьйтуш. Д1авоьдучу хьешана иза новкъа воккхуш урамe т1аьхьайолура. Машина лелочуьнга новкъахь сиха ма хилалахь, парг1ат, ларлуш г1олахь, Дала зенах-зуламах лардеш, могаш-маьрша шайн х1усамашка, доьзалшна т1е д1акхачадолда шу, шайн доьзалшка тхоьгара маршалла лолаш, шайн аьтто хиллачхула, духа ца дог1уш ма 1елаш, олура.

Цкъа забарна олучуха, Мух1ажаре элира Абузара:

- Делхьа, Мух1ажар, ахь хьайн хазчу хабарца 1ехабой, и нах юх-юха а схьабог1у. Цаьрца хиъна 1аш сан хан йов, могашалла дика йоцчу хьуна а ницкъ хуьлу. Иштта, цхьа г1еххьа т1е-кере а яй, битахьа уьш.

- Бузар, хьоьгара г1о оьшуш ма бог1у уьш. Хьо ган лууш бог1урш а хуьлу. Ахь дог ца эцахьара цхьа а вог1ур вацара. Хьо ваца-

хьара а бог1ур бацара. Дала вахаволда хьо суна а, хьуна т1едог1учу адамашна а.

- Хьо могаш ма ца хуьлу…

- Х1умма а дац. Хьоьгара г1о оьшуш, масла1ат оьшуш генара схьа бог1у и миска нах. Вайгахь 1ен ца бог1у. Цхьана-шина сохьтехь вай сатоьхчхьана, шайн ц1а д1абоьлху. Оцу шина сохьтехь суна х1умма а хир дац.

Мух1ажаран могашалла дика йоцчу хенахь хьеший баьхкича г1айг1а хуьлура Абузарна. Ткъех шо хьалха ч1ог1а корта лозуш, сихсиха меттахь 1уьллура иза. Амма ша мел халачу хьолехь хиларх, хьеший баьхкича хьала а г1оттий, царна шегара хьал ца хоуьйтуш, елалой-екхалой маршалла, хьал-де а хоттий, кхача кечбан д1ахуттура иза. Хьеший д1абирзича, юха а охьаюьжура. Т1аьхьа, йо1арий баккхий хилча, хьеший д1алистар цара д1аийцира цуьнгара.

Къинхетаме яра Мух1ажар. Ша дуьненахь яьккхинчу ерриге хенахь, цхьана а адамана халахетар ца деш, массеран а дог оьцуш, чекхъелира иза. Цунах дагабовла, цуьнга масла1ат дайта бог1ура доьзалехь барт боьхна, сингаттам, бохам хилла къона а, къена а зударий, божарий.

Абузар ишколе балха воьдуш, х1ор дийнахь т1аьхьа а йолий, цуьнга олура цо:

- Бузар, балха т1ехь дерриге а нисделла 1аш цхьа а вац хьуна. Адамах ледарло а йолу, хьекъал, ницкъ ца кхочий, ца кхеташ а, дицлой а дуьсу дан дезарг. Ц1ахь, доьзалехь барт боьхна, цатам, вас хилла, дог доьхна балха веанарг а хуьлу. Иштта веанчун кхин т1е а дог духу куьйгалхочо 1оттаре, човхош дош аьлча. Варийлахь, хьехархошка, белхалошка, берашка шога вист ма хилалахь, царна вас ма елахь. Цхьа а даима куьйгаллин балхахь лаьтташ стаг вац. Хьо а лаьттар вац. Цхьаболчарна шайна дина дика дицло, амма шайна дина халахетар цхьанне цкъа а ца дицло. Хьо дика стаг ву, Бузар, хьоьгахь товш хир дац оьг1азвахар, шога вист хилар, собарх вохар а. Ледарло ялийтанчунга хаза, к1еда-мерза алалахь, ахь хаза аьлча кхетар бу хьуна, эхь хетта нисбала хьовсур бу хьуна. Вай дала дезаш ма ду, варийлахь, адамийн хьайх безам ма баккхалахь.

Кертахь д1айийна кемсийн масех таьлланг яра Абузаран, хаза кхиъна йог1уш. Нехан цхьана бежано керта а дог1уш, шозза-кхузза а йохийра уьш. Доьазлаг1а деача оьг1азвахана, цунна цхьа стомма сараг туьйхира цо. Иза гинчу Мух1ажара цхьа ч1ог1а бехк баьккхира цуьнга:

- Бузар, х1унда туьйхи ахь цунна? Дала кхоьллина, мотт ца хууш хьайба ма ду иза. Мацделла, кхалла х1ума лехна ма деана иза вайн керта. Хьо дика стаг ма ву, хьоьгахь товш ма яц къизалла, нахана хиъча эхь ма ду ахь динарг.

«Дика стаг ву», «эвлаяъ санна стаг ву», олий Абузар хаставой, эхь хоьтийтой вуочу амалх иза ларвора Мух1ажара.

Нехан бехках, юьхь1аьржонах, ледарлонах ша а ч1ог1а ларлора Мух1ажар, доьзал а ларбора. Юьртахь дика-вон хилча, цига ца йоьдуш ца 1ара иза.

Тезет ца дуьтура Абузара ца воьдуш, амма кхин долчарна ледарло йора цо. Ишта иза ваха декхар долу меттигаш даима цунна дагайохкуьйтура Мух1ажара. Цомгашниг волчу, баккхийн нах болчу, эскаре к1ант вигначу я ц1а веанчу, зуда ялийнчу вахар, кхин маса хуьлура уьш, Абузар вицлуш. Дукхах йолчу меттигашка ша йоьдий х1усамда бехках к1елхьаравоккхура цо, ткъа цхьадерш иза ша ца вахча бехк т1ехь буьсуш а хуьлура.

- Бузар, ас даима хьайга аларна хала ма хеталахь. Ас олуш, дагадоуьйтуш а ца хилча, вицлой ледарло йолуьйту ахь. Хьан болх, г1уллакхаш а дукха хиларх, нахаца лело дезаш г1иллакхаш а ма ду. Шеца схьа лелийна г1иллакх д1а ца лелийча, нахана стаг атта ма хета, - олура Мух1ажара, т1аккха т1едахкарш дора, маца, мичхьа ваха веза.

Цкъа Соьлжа-г1алара Магомадов Хьамид веанера яздархо волчу, ша нохчийн маттахь язйина цхьа повесть тояхьара ахь, аьлла. Т1ехь болх барх толур йолуш яцара иза, цул керла язъян атта хир дара. Ткъа и къахьега дуккха а хан езара. Абузара д1а а тесна 1адда йитира иза. Аьхка сада1а вахана иза ц1ахь воцуш, Хьамид веана хилла, повеста т1ехь цо х1ун дина хьажа.

Абузар ц1а веача Мух1ажара хаьттира, оцу Хьамидан книги т1ехь болх бина ваьллий хьо, аьлла.

- Болийна а бац, - жоп делира цо.

- Хунда?

- Ас т1ехь болх барх нислур йолуш яц иза.

- Иза х1еттахье х1унда ца алара ахь цуьнга?

- Х1етахь ас ца ешнера…

- Бузар, и Хьамид хьол дуккха а воккха ву. Хьоьгара г1о эшна Соьлжа-г1алара схьа хьо волчу веанера иза. Ахь г1о дийр ду аьлла дош а деллера цунна. Хьан дашах а тешна, ши бутт баьлча иза вухавера. Ткъа ахь х1умма а ца дина. Иза шозлаг1а веача, цуьнга х1ун ала воллу хьо?

- Т1ехь болх барх, нислур яц ала воллу-кх…

Мух1ажаран б1аьргаш чу хиш х1иттира.

- Бузар, ас оцу Хьамиде ма аьлла, ахь цуьнан киншки т1ехь болх бина… Вайшиннен дош харц хир ду-кх… Цхьа бахьанаш мукъ-ана а леладехьа…

- Мегар ду, Мух1ажар. Сайн ницкъ кхочург дийр ду ас, - масла-1ат дан г1оьртира Абузар.

- Дала дукхавахаволда хьо. Цхьана стагана хьо атта хоьтийла ма ца лаьа суна, Бузар. Дела реза хуьлда хьуна…

Х1ун дийр ду а ца хиъна, Хьамидан повеста т1ехь цхьа бахьа-наш лело вуьйлира иза. Цхьа болх бан охьахиъча, цунна т1ехуттура Мух1ажар.

- Хьамидан болх буй ахь бийриг? – хоттура цо.

- Бу, Мух1ажар.

- Дела реза хуьлда хьуна.

Мух1ажара цунна т1ехь тергам а латтош, Хьамидан повеста т1ехь цхьа бахьанаш лелийра Абузара. Иза-м нохчийн маттахь ара ца елира цуьнан, яккха ледара яра. Т1аьхьа цхьа оьрсийн яздархо шеца накъост а лаьцна, оьрсийн маттахь араяьккхира цо иза.

Шен дахарехь наха бехк баккхарх, юьхь1аьржонах кхоьруш, лар-луш чекхъелира Мух1ажар. Дуьненахь йолуш-м ша ларлора иза, ткъа ша дуьненара д1акхелхинчу дийнахь адамаш гулделча, кер-тахь х1усамехь царна ледарлонаш гарна кхоьруш даима цуьнан г1айг1а а яра.

Йо1арий бакхий хилча, оцу т1аьхьарчу итт-пхийтта шарахь, буьйсанна охьадийшале цаьрга массо а ц1а чуьра йиибар, кад-1айг, кхи ерш а д1алуьстийте, массанхьа нуй, горгам хьокхуьйте, кертан аре ц1анйойтура цо.

- 1ожалла когаш к1ел ю, - олура цо, - Могаш вверг а ц1еххьана лей д1аволу. Ваханчуьра велла валаво. Буьйсанна сахилале х1ун хир ца хаьа. Яьржинчу х1усамашка, керта адамаш даьхкича, х1ок-ху кертахь зударий ца хилла-те бохуш, нах кхаьрдар бу. Оцу денна кийча хила деза.

Ша дуьненахь йолуш оцу т1аьхьарчу итт-пхийтта шарахь, ша д1акхелхича д1аерзо тай-механа т1ех1отталц берриг кечам латтабора цо. И де т1едеача нахера ца гулъяйта кийча латтош цхьа б1е комплект массо тайпа пхьег1аш а хуьлура. Мичхьа х1ун ю гайтинера йо1аршна. Цаьрга сих-сиха олура Мух1ажара:

- Делан 1ожаллех к1елхьараваьлла вац цхьа а. Цхьа стаг ша цунах хьалхавуьтург хилча, 1алай салам вайн пайхамар вуьтур вара Дала. Тхан дай, наной а белла, тхо а лийр ду. И де т1едеача боьлхуш, маьхьарий хьоькхуш, бетталуш, зударша сецош хуьлу бераш. Шу делхарх, аш маьхьарий хьекхарх, шу дала г1ертарх, велларг денлур вац, цхьа а шух цецвер вац. И бохам доьзале кхачаза цхьа а вац, ца кхаьчначунна кхочур а бу. Цхьа Дела воцург массо а вала везаш ву. И де т1ех1оьттича, лелларг Делан кхиэл юйла а хууш, Деле шайна собар а дехий, цхьа доза тохий делха, т1аккха собаре а хилий, и бохам д1аберзо х1итта. Вог1у-воьдучуьнга г1иллакхехь дист хила. Оцу деношкахь гергара зударий 1а кадамехь, дийнахь-буса шайн ц1а а ца боьрзуш. Уьш меца ма биталуш. 1ай нислахь шел ма балийталуш, йовхехь, ц1енчу, к1едачу меттанашка охьабийшабелаш. Царна юкъахь къенаниш, могашалла дика йоцурш а хуьлу, царна там лахалуш. Шайн да-нана, йиша-ваша делча цхьаберш ч1ир кхобу бохуш къелаг бовлий лела, ткъа кхиберш – бутт а балале и велларг а вицвой, кечлой дуьненна т1аьхьабовлу. И ший а дика дац. Массо а х1уманан шен доза ду. И доза ларде, цунна т1ех ма довла, схьанехьа а ма сеца. Веллачунна аш бен болу дика болх х1ун бу? Саг1а даккхар, п1ераска-нан буса саг1ина х1ума ялар, аьтто нислахь цуьнан коша т1ех1ит-

тар, шайн ламаз т1ехь иза Деле вехар. Сайн ламазехь ас даима Деле доьху шун дел со хьалхаяккха бохуш. Дала сан до1ина жоп лур ду, сан д1акхалхар цуьнчул хьалха хир ду. Аш дан дезарг шун дена дика хуур ду.

Дуьненахь шен оьмар чекхъяла герга юйла хууш санна, оцу т1аьхьарчу шерашкахь сих-сиха Абузаре дуьйцура цо, ша д1акхелхича дан дезарш. Уьш весеташ дара, цунна а, берашна а т1едохкуш.

- Бузар, вовшийн дезаш, цкъа а вовшашна вас ца еш шовзткъа шарахь сов цхьаьна даьхна, мерза хан яьккхина вайша. Шиннах цхьанна х1ума хилахь, т1аьхьадисанчунна сатоха хала хир ду. Хьуна хаьа-кх, хьол хьалха д1акхалхар хилийталахь сан, бохуш, ас даима Деле до1анаш деш хилар. Дуьненахь хьоьл гергара стаг воцуш, цхьа йисанчу сох къинхетам бина, Дала хьол хьалха д1аюьгур ю со. Хьол т1аьхьайисахь, сатохалур дац соьга. Оцу дийнахь дог иккхина лийр ю, я эсах ер ю. Дала хуьлуьйтур дац иза. Боьрша стаг цхьана дийнахь а, х1усамнана йоцуш ца мега. Йо1арий а шайн-шайн ц1а боьрзур бу, несана а к1ордор ву. Цара мел дика кхабарх а, цара бинчух хьуна там хир бац. Со дуьненара д1акхелхинчул т1аьхьа, цхьа шо кхаьчча суна саг1а а даккхий, хьайна х1усамнана ялаелахь…

- Хьашт доцург дуьйцу ахь, Мух1ажар! – ца дезаделира Абузарна цуьнан къамел.

- Х1ан-х1а, Бузар, ас дуьйцург хьашт доцург дац. Дуьненахь х1инццалц хилларг, лелларг а, хила дезарг а ду ас дуьйцург. Велларг вуха ца вог1у, со а йог1ур яц. Хьуна со хир яц, хьо х1усамнана ца ялош 1ийча. Ткъа дийна виснарг ваха веза, шен 1ожалла т1еккхаччалц. Ас хьеха ца оьшуш хьекъал долуш, оьзда стаг ву хьо. Х1етте а олу ас. Жима зуда, сонта, дорг1ане зуда а ялаяй, нахала ма валалахь. Хьо нахана везаш стаг ву, хьуна т1е дукха адамаш дог1у. Уьш т1еиэца а, д1аберзо а хьекъале, оьзда, тешаме, доьналла долуш зуда еза хьуна. Хьайна дика хуур ду хьуна, - т1аккха елаелла т1етуьйхира: - Амма айхьа зуда ялийча, со ма йицъелахь, со санна дукха ма езалахь иза, суна санна дика ма хилалахь цунна!

Х1усамден 1ожалла хьалха а яьлла, ша цул т1аьхьайисарна а, ша цамгаро лаьцна меттахь яхъелла доьзална шех бала хи-

ларна а кхоьрура Мух1ажар. Иза кхийринарг Дала ца хилийтира цунна.

1992 шеран 31 мартехь суьйранна исс сахьт даьллачул т1аьхьа Мух1ажарна ц1еххьана коьрте лазар деанера. «Бузаре ма хайиталахь, иза кхералур ву, х1ара х1инцца д1адер ду» - аьллера цо шен к1анте Мохьмаде.

Телефон а тоьхна райбольницера сихонца лоьраш схьакхайкхира. Инсульт хиллера Мух1ажарна. Церан ницкъ ца кхечира 1ожалла сацо.

Шолг1ачу дийнахь 1уьйранна итт сахьт долуш д1акхелхира Мух1ажар…

Иза дара 1992 шеран 1 апрелехь, кхаарийн дийнахь…

«Мух1ажар, сой герггара девзачара олура соьх яздархо винарг, мелла делахь а сан сий айинарг, лардинарг иза яра. Иза ц1ена бакъ ду. Амма кхин цхьа бакъ дерг а ду кхузахь. Нагахь кхин х1усамнана нисъеллехь со нахана х1инца санна вевзаш хир вацара, ткъа кхин х1усамда Мух1ажарна нисвеллехь иза иштта езаш, лоруш а хилла хир яцара. Вуочу, оьзда йоцчу, сонтачу х1усамнанас шен х1усамден сий дойу, ткъа оьздачу, хьекъалечу х1усамнанас цуьнан сий лардо. Хийла оьзда къонаха ву х1усамнанас дуьне къахьдина, ткъа иштта оьзда, хьекъале зударий бу сонтачу, оьзда боцчу божаршца кхоллам нисбелла цара дакъазабаьхна. Мух1ажара олура, Делан лаамца шен кхоллам кхечу стагаца нисбеллехь ша хеназа дуьненара д1акхелхана хир яра. Тхойшиннен амалш, г1иллакхаш, ойланаш цхьаьна йог1ура. Ший а догц1ена, къинхетаме, оьзда, собаре дара. Шинне а вовшийн дагара хаьара, вовшашка ладуг1ура, вовшийн дог оьцура, вовшашна там лохура, шиннах цхьанна халахетар, вас хир йолчу дашах, г1уллакхах ларлора, вовшашца къинхетаме дара.

Ша адамаш а лоьрура Мух1ажара, цаьрга ша лерийта а хаьара. Цхьаммо ша лахара хетта, шена 1оттар, куралла йина дош аьлча, самайолура цуьнан деган к1оргехь лаьтта, ширчу заманахьлерчу нохчийн зударийн майралла, доьналла, куралла а. И тайпа дош шега аьлларг дуьхьал хьекъале, собаре, оьзда дош а олий, д1асацавора цо. Сан дуьхьа, сан сий лардеш шен са д1адала кийча яра иза даима, амма ас ша лоруш, шен сий деш ца

хилча, ас ша сийсазъеш, суна ша атта хеташ хилча, соьца цхьана дийнахь а, хан йоккхур йолуш а яцара»(А.Айдамиров.Сан дахаран некъаш.)

* * *

1991 шарна т1аьхьадог1у шераш хала хилира нохчийн къомана.

Шира 1едал д1адаьккхинчул т1аьхьа а ца севцира политически къийсамаш, я нийсса аьлча – 1едал къийсар. Оцу къийсамашкахь къам тукхамашка, тайпанашка, тобанашка, боламашка а декъна, вовшашна дуьхь-дуьхьал даьккхина ца 1аш, царна юккъе мостаг1алла доьллинера. 1едалан коьртехь болчара а, царна дуьхьал оппозицехь болчара а шаьш къоман маршонан дуьхьа, къоман йозаш йоцу пачхьалкх кхолла, иза ч1аг1ъян, ларъян г1ерта бохура. Иза бокъалла луурш бара шиний аг1орчарна юкъахь, амма царна гонах к1езиг бацара оцу лозунгашна т1ехьа а лечкъаш шайн аьттонаш лоьхурш а.

Оцу тобанаша вовшийн ц1ий 1анош меттигаш а хилира.

Ткъа халкъ ша х1ун дан деза, хьанна т1аьхьах1отта деза ца хууш, б1арзделла, доьхна хьийзара. Экономика а, производство а 1анаяханера. Дукхахйолу ишколаш, больницаш хила ма безза болх беш яцара. Ярташкара культуран учрежденеш д1акъевлинера. Дедийне мел дели алсамъюьйлура белхазалла. Болх бечарна луш алапаш а, къеначарна луш пенсиш а дацара. Адамаш дара дойуш, лечкъош, доьза довш а. Гуобаькхина даьржинера талораш, къоланаш. Мехкарий, бераш а лечкъадора. Наркомани, зина даьржинера. Талош бара пачхьалкхан а, юкъараллин а бахамаш. Мича доьду а ца хууш, х1аллакъхуьлуш дара къоман хьал. Махкахь лелаш я пачхьалкхан законаш а, я шаре1ат а, я къоман 1адаташ а дацара.

Адамаш, Делах а, 1едалх а ца кхоьруш, шайн лааме девллера.

Нохчийчуьра политически, социально-экономически хьелаш долчу т1е а чолхедохура Россин 1едалан политико.

Шайн вовшашларчу девнашкахь, къийсамашкахь, Айдамиров Абузарах байракх а йина, цунах пайдаиэца г1ертара шиний аг1орхьарнаш. Шиний аг1орхьарчара лелориг цуьнан даго къобал ца дора. Цара вовшийн а, бехке доцчу адамийн а ц1ий 1анорна кхоьрура. Цул совнаха, церан юкъаметтигаш марсаевлча даима а Нохчийчоьнан дозанашка эскарш гулдора Россис. Уьш чу а даьхкина, цара халкъан ц1ий 1анорна кхоьрура. Доцца аьлча, Абузарна ца лаьара 1едал къуьйсучу оцу тобанийн девнна юкъаваха, цара вовшийн а, къоман а ц1ий 1анадахь, оцу къизаллин декъашхо а хилла, Далла а, халкъана а хьалха жоьпалла хила. Цуьнан бакъо яцара къам, дакъошка а декъаделла, вовшашна дуьхь-дуьхьал х1оьттича, цхьана аг1онгахьа а ваьлла, вукхунна дуьхьало ян.

Шиний аг1орнаш нохчий бара, бусалбанаш бара, массарна а шаьш бакълоь моьттура. Цундела халкъа юкъахь кхетаман болх бар, цуьнан г1алаташ гайтар, иза нисдан, кхето г1ертар шен декхар лорура цо.

Оцу 1алашонца 1992-1993 шерашкахь газеташ цхьамог1а статьяш язйира Абузара, интервьюш а елира.

Республикехь цхьа масех 1илманча вара, кириллицан графика д1а а яьккхина, нохчийн йоза-дешар латиница т1е даккха г1ерташ. Цунна дуьхьал яра нохчийн къоман ерриг а интеллигенци. Графика хийцарна дуьхьал дош олуш язйира цо «Сихалла – бохаман накъост» ц1е йолуш статья («Даймохк», 24 февраль, 1992 шо, №39 /10476).

«Мехк-Кхиэл» аьлла ц1е а тиллина, цхьа реакционни юкъаралла кхоьллинера республикехь. Иза муха хила езарх лаьцна изза ц1е йолуш статья язйира Абузара /»Даймохк», 24 апрель 1992 шо, №81/10718/.

«...Зорбанехь дийцарехь, Мехк-Кхиэл кхуллуш болх беш вовшахтохараллин комитет ю. Цуьнан декъашхоша дийцарехь, оцу комитетна хьехамаш беш ц1е йоккхуш болу 1илманчаш а бу. Вовшахтохараллин комитето а, цуьнан хьехамчаша а беш болу болх цхьа хьаьрк а шеконе ца буьллуш, оцу Мехк-Кхиэлах лаьцна сайна хетарг ала лаьара суна.

Уггар хьалха «Оьшурий-те вайна Мехк-Кхиэл?» бохучу хаттарна т1ера д1аволало со. Нагахь иза д1адаханчу шарахь вовшахтоьхнарг санна, йоза-дешар ца хуучу, халкъана хьалха шайн декхарш кхочушдан ох1ланаш боцчу, я ц1е езачу, дозалла дезачу нахах, я 1едалан а, пачхьалкхан органийн а ялхой хилла, бахамашкара къуй къайла а бохуш, х1ора денна галдуьйлуш схьадог1учу къоман г1иллакхашна, хуьлуш лаьттачу зуламашка бендоцуш хьуьйсу болчу нахах вовшахтохахь, - иштта Мехк-Кхиэл халкъана ца оьшу.

Суна хетарехь, Мехк-Кхиэл(Къанойн Кхеташо) дерриг халкъо хаьржина, тешам белла, халкъан ламаст хилла д1ах1утту йолу юкъараллин институт хила еза. Пачхьалкхан законаш дохучу а, кхочушдечу а, суьдан а органех а, цхьана а юкъараллин-политически тобанах а, боламах а йозуш а йоцуш, 1едалан коьрте а ца г1ерташ, 1едалан бакъонаш а ца лоьхуш. Пачхьалкхан а, бахамийн а г1уллакхашна юкъа а ца г1ерташ, амма и органаш г1алатех ларъеш, церан г1алаташ нисдан г1о деш. Цуьнан декхарш – кхетаман болх бар, машар-масла1ат дар, оьшучунна хьехар дар. Цуьнан 1алашо – нохчийн къоман оьздангалла, г1иллакхаш меттах1иттор, ч1аг1дар, уггар хьалха нохчийн халкъан барт, т1аккха республикехь дехачу дерриге а халкъийн барт бар, ч1аг1бар а.

Къанойн Кхеташонан тергамна к1ел хила беза аьлла хета иш-колашкахь, хьуьжаршкахь, вузашкахь, маьждигашкахь адамаш бусалба динан а, къоман г1иллакхийн а буха т1ехь кхетош-кхиоран болх; нагахь оьшуш меттиг нислахь , законаш дахаран актийн, кхочушдаран, суьдан органийн сацамийн, лахара дуьйна хьала лакха кхаччалц болчу пачхьалкхан суьдан, бахамийн органийн, учрежденийн куьйгалхойн белхан, юкъараллин-политически тобанийн, боламийн оьздангаллица йолчу аг1онан мах хадор, и шена хетарг хьокъала йолччу инстанцешка д1ахаийтар.

Цхьа масал далор вай. Х1окху т1аьххьарчу шерашкахь, х1инца лелаш йолу нохчийн йозанан алфавит д1а а яьккхина, латинийн графика т1е довлар юкъадаьккхина цхьана масех 1илманчас. Г1арабевллачу метан 1илманчаша дакъа а лоцуш, оцу хьокъехь бинчу гуламо т1е ца лаьцна и г1уллакх, цхьана юкъана д1адижира. Амма хьалхалерчу оццу масех 1илманчас х1окху шарахь юха а

меттаххьадира иза. Т1аккха вайн газеташ т1ехь латийнийн графикна т1е довларна дуьхьалбевлира дуккха а 1илманчаш, кхолпараллин интеллигенцин векалш, хьехархой, журналисташ, къоман меттан, культуран бала болу дукkха а нах. ЧИНИИИЭСФ-н *(Чечено-Ингушский научно-исследовательский институт истории, экономики, социологии и философии)* а, вузийн а 1илманчаша парламенте документ делира, лдатинийн графика т1е довларо вайн къоман мотт, культура кхиарна яккхий халонаш х1иттор ю, цунах юха а йоза-дешар ца хуу халкъ дийр ду, луларчу къаьмнашца йолу юкъаметтигаш халчу а йохур ю, аьлла, бакъдерш а, масалш а далош. Х1етте а, 1992 шеран 8 мартехь №105 йолуш, нохчийн йоза латинийн графика т1е доккхуш, халкъана дуьхьал сацам т1еийцира парламенто.

Къанойн Кхеташонан декхар а, бакъо а хила еза ярташна а, къаьсттинчу нахана а юкъа йоьлла весаш, къовсамаш къасто а, машар-масла1ат дан а, нагахь уьш бакъонаш ларъечу органашний, суьдой къасто дезаш уголовни г1уллакхаш дацахь. Нагахь суьдо а, кхечу органаша а стеган конституционни бакъонаш йохош кхиэл йинехь, и г1уллакх законца дог1уш нийса къастор царна т1едилла а.

Къанойн Кхеташонан машар, масла1ат оьшур дара, масала, культуран министр, телекомпанин председатель х1оттош, парламентна а, къинхьегаман коллективашна а юкъа яьхкинарш санна йолу галморзахаллаш нисъеллачу меттигашкахь а. Къанойн Кхеташоно и тайпа дов къастор дара, цхьана а аг1онгахьа озабезам а ца беш. Доцца аьлча, пачхьалкхан законаш дахаран а, уьш кхочушдаран а, суьдан а органашний, халкъаний юккъехь законехь, бусалба динехь, къоман 1адатехь нийса а дог1уш, машар-масла1ат деш, нийсо еш, царна юккъехь з1е латтош, 1едало харцо йинчу нахехьа г1о доккхуш, церан бакъонаш ларъеш, къоман оьздангаллина г1аролехь хила еза Къанойн кхеташо.

Къанойн Кхеташо суна иштта кхоллар бакъхьа хета.

Цига хаожамаш кхаа т1ег1анехь бан беза: яртийн, районийн, лакхара а. Цкъа хьалха ярташкахь юьхьанцара органаш кхуллу. Церан председательш районан Кхеташонан декъашхой хуьлу. Ткъа

г1аланашкахь шайн коллективашкахь хоржу районан Кхеташонан декъашхой. Яртийн а, районийн а Кхеташонан председательш даиманна а, ала дашна, пхеа шарна, дерриг халкъан(съезадн) векалш (депутаташ) хуьлу. Ткъа оцу гуламо дерриг халкъан Къанойн Кхеташо хоржу.

Къанойн Кхеташонан лакхарчу Советан декъашхой гуламан векалш ца хила а тарло. Оцу жоьпаллечу дарже хоржурш уггар ц1ена, хьекъале, оьзда, Делах тешаш, Делах кхоьруш, бусалба дин лелош, халкъана бевзаш, лоруш болу нах хила беза. Иза цхьа аг1о ю. Цуьнца цхьаьна и нах лаккхара, к1орггера 1илма долуш говзанчаш хила а беза. Масала, юристаш, экономисташ, историкаш, философаш, молланаш, бусалба динан 1илманчаш. Царна юкъахь хила оьшуш бу 1аьрбийн, ингалсан, тюркийн меттанаш хууш нах. Кхечу мехкашкара баьхкинчу хьешашца къамел дан, дийцарш дан, кхечу мехкашка бахийта а.

Къанойн Кхеташо пхеа шарна хоржу. Цо хаддаза болх бо Гулам цхьа гуттар цаторуш хьал х1оьттича бен ца кхойкху. Масала, дерриг халкъах хьакхалуш доккха г1уллакх т1едеъча, я кхеташонан берриг я ах декъашхой хийца безаш хьалх1оьттича.

Вайн массеран орамаш ярташкахь ду. Къанойн Кхеташонан сацамаш кхочушбарехь коьрта меттиг д1алоцуш хир ю ярташкара юьхьанцара органаш. Цундела, ярташкахь кхуллучу оцу органийн декъашхой хьекъале, оьзда, ц1ена нах хила беза.

Вайн халкъ исторически даима а интернационале хилла. Ас юьйцург тоталитарни рожо а, коммунистически идеологис а искусственно кхоьллина а, хестийна а интернационализм яц. Кхидолу къаьмнаш ларар вайн халкъан ц1ийх доьлла ду. Иза вайн дайн г1иллакх ду. Дуьненан халкъийн юкъара бакъонаш а лоруш, вайн республикан махка т1ехь дехачу дерриг халкъашна цхьанийсса бакъонаш кхайкхийна вайн  Конституцис. Цундела Къанойн Кхеташо цхьана къоман (этнически) хила ца еза. Цуьнан декъашхой хила беза вайн махкахь дехачу къаьмнийн – нохчийн, г1алг1айн, оьрсийн, украинийн, эрмалойн, жуьгтийн, г1умкийн, ног1ийн векалш.

Дерриг халкъан Къанойн Кхеташонан декъашхой а, аппарат а алапи т1ехь хила еза, х1унда аьлча, мелана цхьаьна баттахь къа-

хьега тарло, амма х1ара халкъана хьалха жоьпаллин, къинхьегаме болх бу, х1ора дийнахь я буса а бан безаш. Царна алапаш, кхийолу харжаш а стенах йийр ю, аьлла, хаттар х1отто тарло. Нагахь и орган шайна эшахь, халкъо ахча лур ду-кх. Организацеша а, предприятеша а, кооперативаша а, къаьст-къаьстинчу наха а. Г1уллакхна а, саг1ийна а.

Къанойн Кхеташо иштта хила езаш хета суна. Амма х1ара ас дуьйцург данне а дац кхачам болуш. Суна хетарехь, вайн юристаша а, кхечу говзанчаша а, хьекъалечу наха а эр ду шайна хетарг. Массара а ойла а йина, цхьа бег1ийла йолу кеп балгалъер вай.

Цхьа х1ума дагадог1у суна. 1991 шеран аьхка митингаш карзахъевллачу хенахь, дерриг халкъо хаьржина, тешам Белла х1ара Къанойн Кхеташо тайпа демократе институт хиллехь, вайн халкъ таханлерчу чолхечу хьоле х1оттийнчу цхьадолчу г1алатех ларди-на хир дара. Дера, оцу деношкахь а к1езиг ма бацара адам собаре кхойкхуш, хьекъале некъ хьоьхурш, гойтурш. Царна юкъахь вара дуьненахь г1араваьлла вайн махкахо Авторханов 1абдурахьман а. Амма къоман идейша шовкъе дина халкъ оцу к1еззигчу нехан кхайкхамаш хезаш а, цаьрга ладуг1уш а дацара. Ишттачу нахана «партократ», «контрреволюционер», «Россин хьадалча», «Делан мостаг1», кхин, кхин ц1ераш тохкуш, сийсазбеш, хье т1е сетал та1адора. Ткъа х1етахь, х1инца вай юьйцу дерриг халкъо хаьржина, 1едалан коьрте ца г1ерташ, 1едалх а, юкъараллин-политически тобанех а, боламех а йозуш йоцуш, машарна-масла1атна юкъаяла Къанойн Кхеташо яцара.

Дагадан тарло, масийтта юкъараллин-политически тоба а, муфтият , Конституцин суд, Лакхара Арбитраж а хилча, царна т1е х1инца х1ара Къанойн Кхеташо оьшурий-те, аьлла. Суна хетарехь, и юкъараллин-политически тобанаш вайн халкъана оьшуш яц. Иза европейцех я кхиъначу малхбалерчу къаьмнех тардала г1ерташ лелош г1уллакх ду. И бес-беса тобанаш, боламаш бог1уш бац вайн къоман г1иллакхашца а, амалшца а. Цхьана аг1ор, европейцашна т1е хьалха г1ерташ, вукху аг1ор тукхумийн, тайпанийн юкъаметтигашка б1ешерийн к1оргенашка юханехьа г1ерташ, къоман барт бохийна лела вай. Муфтиятан декхарш бусал-

ба дин ч1аг1дар, лардар ду. Конституцин суьдан а, Лакхарчу Арбитражан а декхарш пачхьалкхан законаш нийса лелорна т1ехь тергам латтор ду. Ткъа Къанойн Кхеташонан декхарш вайн къоман оьздангалла, г1иллакхаш меттах1иттор, ч1аг1дар, лардар, нахана, ярташна, халкъана, халкъашна юкъахь барт, машар латтор хир ду».

Республикехь х1оьттинчу хьолах лаьцна динчу хеттаршна жоьпаш луш яра йоккха интервью «Разум должен восторжествовать» /«Голос Чеченской Республики»,31 декабря 1992 г., №233/20917/, 12 января 1993г., №1 /20918/, 13 января №2 /20919/, 15 января №3 /209/»

«Главное обстоятельство, что привело меня к писателю - его исчезновение со сцены общественно-политических баталий. С осени прошлого года его не видно на телевидении, он не выступает по радио, не балует своими призывами и прессу. Все это послужило поводом для всевозможных слухов и домыслов о причинах молчания народного писателя, которого называют совестью народа. Один из наших сограждан, Расламбек Магомаев, обратился даже с призывом к писателю со страниц одной из газет. Напомним его слова: «Где ты сейчас - знаменитый, всеми уважаемый писатель Абузар Айдамиров, который сумел показать своему народу лицо российского царизма и трагедию чеченского народа в прошлые столетия? Разве тебе легко было на протяжении 10 лет совершать путешествие в поисках подлинного материала для исторического документального романа «Долгие ночи»? Тебе понадобилось перепотрошить все библиотеки и архивы стран Ближнего Востока: Турции, Ирака, Сирии и Иордании. А сегодня что - менее значимое положение у нас? Почему ты затаил дыхание? Откликнись, Абузар, на всенародную беду, промолви что-нибудь, но только не молчи!

Что скажешь на это, Абузар?..

- Я не ушел со сцены, так как никогда и не поднимался на нее, ибо я не политик, а писатель, просветитель в силу моих возможностей.

С августа 1991 года бывшее руководство республики и лидеры политических партий, общественных движений раскололи народ, натравили людей друг на друга. В той ситуации я не имел морального права перейти на сторону одной части народа и призывать ее к действиям против другой.

Я не состою членом ни в одной политической партии или общественном движении, ибо, будучи членом любой партии, человек теряет личную свободу. Он становится зависимым от их уставов и программ, лидеров. Я был членом КПСС и не хочу вторично попасть под зависимость от кого бы то ни было. Буду критиковать кого хочу, писать, что хочу, и в то же время поддерживать любого, кто защищает интересы народа, подлинную демократию. В начале девяностых годов я писал о чести нации, связи времен, источнике мужества народа.

Когда в республике начались митинги, я решительно выступил против них. Во-первых, они чужды нашему национальному духу, так как разъединяют народ, деморализуют его; во-вторых, судьбу народа невозможно решать на таких многотысячных сборищах случайных людей под криками, угрозами, взаимными оскорблениями. Я предупреждал, советовал, писал, просил, но никто не слушал. Все были одержимы революционными идеями. В этот период мы, писатели и ученые, обратились с обращением и к исчерпавшему себя Верховному Совету, и к Исполкому ОКЧН, и к ВДП. Предлагали ВС принять решение о новых парламентских выборах в кратчайший срок, призывали ВС, ОКЧН, ВДП и другие общественные организации немедленно сесть за стол переговоров и принять все меры к недопущению столкновения и кровопролития, памятуя, что ответственность за это народы республики возложат именно на них. Мы также заявили, что не желаем участвовать ни в каких политических играх по захвату власти и выступаем против обмана народа и насилия, от кого бы это не исходило.

Обе стороны не хотели уступать друг другу, и наша миротворческая миссия завершилась безуспешно.

- Существует ли в Чечне проблема кризиса власти?

- От мудрости, политической дальновидности, гибкости организаторских способностей правителей, безусловно, зависят безопасность, мир, спокойствие и благополучие любого государства и его граждан. Если бы ситуация, сложившаяся в нашей республике, зависела только от кризиса власти, эту проблему можно было бы решить в кратчайший срок, организовав новые выборы во все властные и законодательные органы, заменив не оправдавших себя должностных лиц на всех уровнях государственных структур. Я думаю, что вопрос стоит намного шире и глубже. Наш народ переживает духовный и нравственный кризис. Отсюда вытекают все наши обострившиеся проблемы - экономические, социальные, политические, идеологические и т.д.

- Людей может заинтересовать ваша точка зрения на выход из этой ситуации...

- Любое государство зиждется на дисциплине, порядке, установленных законами. Если народ не выполняет их, то государство не может существовать долго.

Мы провозгласили независимое демократическое государство, приняли, на наш взгляд, и демократическую Конституцию, но подчиняться ей не хотим, начиная от рядовых граждан и кончая должностными лицами всех рангов. На словах все мы выдаем себя за истинных мусульман, выполняем обряды и ритуалы ислама, а на самом деле в повседневной жизни нарушаем наставления Корана, Сунны. Мы кричим во всеуслышание, что мы гордые и благородные чеченцы, а совершаем поступки, сурово осуждаемые национальными обычаями и традициями.

Законы адата, шариата и Конституция государства запрещают нам воровать, клеветать, торговать алкогольными напитками, употреблять их, требуют уважения к избранной народом власти, если эти власти стоят на защите интересов народа, жить в мире и согласии между собой и со всеми народами, доверять власть над народом только умным, честным, талантливым людям, не взирая на тейповые, родственные отношения, как того требовал пророк. Но разве мы придерживаемся этих требований? Разумеется, не

все из нас поражены этими пороками, но все безобразия происходят с нашего молчаливого согласия, равнодушия, а то и прикрытия и защиты.

Кто же должен и обязан осуществить политику строительства правового государства, духовного и нравственного очищения нации? Конечно же - высший законодательный орган государства. Понятно, что и этот орган, и првительство не могут повседневно заниматься этими проблемами, у них свои четко ограниченные функции, но у них есть свои структуры, можно было бы вопросы духовного и нравственного возрождения в законодательном порядке передать Мехк-Кхиэлу. Не такому самозванному, который действует сегодня, а всенародно избранному и состоящему из самых нравственно безупречных, порядочных людей. Об этом я подробно рассказал в своей статье «Мехк-Кхиэл» на страницах газеты «Даймохк» от 24 апреля 1992 года.

И еще, что может облегчить нам выход из этого тупика. Если каждый из нас будет заниматься делами по своему призванию: писатели - литературой, ученые - наукой, крестьяне - земледелием, учителя - обучением детей, духовенство - духовным очищением ближних, политики - политикой, государственные деятели - государственными делами и т.д. Но вместо этого мы кинулись в политику и государственную деятельность.

Особенно это касается моих ровесников - стариков. Чего они лезут в политику? А еще наши старики из Мехк-Кхиэла формируют свой полк. Если каждая общественно-полити-ческая партия или движение начнут формировать свои вооруженные силы, что будет с нашим обществом? Кто даст гарантии, что они не передерутся между собой или не используют эти силы против беззащитного народа? Разве для стариков мало дел в родных селах? Ведь почти все наши преступники - выходцы из сел. Там у них родители, родственники. Один старик заявил по телевидению, что у нас более трех тысяч хаджей и трехсот имамов. Разве они не знают, кто чем занимается в своих селах? Не видят, кто и как за небольшой срок нажил себе миллионные богатства? Чьи жены, сестры, матери, дети занимаются на улицах торговлей водкой, коньяка-

ми, сигаретами? В каких нищенских условиях живут многодетные семьи, сироты, вдовы, престарелые люди, инвалиды? Как уничтожают наши природные богатства? Вот чем следовало бы заниматься нашим уважаемым старцам. И Аллах воздаст им сторицей за исполненный долг, да и народ будет благодарен.

Вообще, мы странные люди. У нас между собой согласия нет, в республике разгул преступности, а мы пытаемся объединить горские народы. У себя мы не можем укрепить религию, наставить людей на истинный путь, но создали здесь Исламский центр Северного Кавказа, пытаемся укрепить ислам в других регионах. Мы похожи на человека, который, бросив свой горящий дом, побежал тушить пожар в доме соседа. Может ли человек, бессильный создать мир в своей семье, управлять своим селом, тем более своим народом, восстанавливать мир среди других народов?

- В недрах общественного сознания зреет идея о создании в Чечне тайпового парламента. Ваше отношение к ней и вообще к тайповому движению?

- Я категорически против такой идеи. Народом и государством должны управлять мудрые, честные, всесторонне образованные, талантливые люди. А у всех ли тайповых контингентов они найдутся? И доверил бы ты свою судьбу каждому только из-за того, что он из такого-то тайпа? Да и как быть тогда другим народам, населяющим нашу республику и не имеющим тайпов?

Могут спросить, почему в таком случае я возглавил оргкомитет по подготовке и проведению съезда алероевского тайпа? Раз нельзя было остановить этот процесс, я согласился, чтобы подчинить работу съезда общенациональным интересам. Ведь вдумайтесь, с нами происходит что-то непонятное. Исторически развитые, сознательные народы стремятся объединить все слои общества, возродить свои национальные, духовные, нравственные ценности, строят свои государства по цивилизованным образцам, стремятся к установлению экономических, политических, культурных связей со всеми народами. А мы в самый критический момент истории раздираем единство нашей нации. Все ринулись в политику. Стар и млад. По-ленински, по-кухаркински.

Появились десятки общественно-политических партий и движений. В том числе и религиозных. Одни тянут народ назад - к розовому, тайповому общественному строю. Другие - к европейской цивилизации. Подражаем всем. Например, прибалтам понравилось название Чечения. И, не спрашивая мнения народа, даже парламента, наши журналисты, особенно телевизионные, уже применяют его. Моладване и азербайджанцы начали переходить к латинице, и мы туда же. У молдаван до присоединения к СССР письменность была латинской. Они намерены воссоединиться с румынами, с котбрыми у них общий язык, культура, традиции и обычаи, давно перешли к латинице. Те и другие преследуют экономические, политические цели, при осуществлении которых выиграют обе стороны. А мы куда спешим?

Подражая России, мы назначаем вице-премьера, наместников-префектов по районам. Ввели должности: мэр, статс-секретарь, госсекретарь и т.д., много госструктур - целые пирамиды. Бросились обучаться иностранным языкам, но не своему - родному, материнскому. Одеваемся тоже в чужую одежду, но не в свою, национальную.

Кто-то ставит вопрос о создании исламского государства. Даже в газетах появились проекты законов шариатского суда, привезенные из Йемена. Имеем ли мы условия для строительства исламского государства? На этот вопрос умный и исчерпывающий ответ дал И. Хатуев в статье «Исламское государство: угроза или... обнадеживающая перспектива» («Голос Чеченской Республики» от 24 октября 1992 г.).

Нам нельзя в буквальном смысле перенимать опыт ни западных, ни восточных стран. Надо учитывать наш характер и психологию, местную специфику. Иначе мы окончательно потеряем национальное лицо, духовные и нравственные ценности нашего народа. Что касается тайповых движений, то, возвращаясь к заданному вопросу, скажу: есть здесь и плюсы, и минусы, но главное - они дали новые стимулы процессам раздробления нации. В наше смутное время нужно использовать все возможные механизмы для единения нации, стабилизации общественной жизни, искорене-

ния преступности, укрепления государства, духовного и нравственного возрождения.

- В наших местных структурах наблюдается определенное противостояние законодательной и исполнительной властей. Какому направлению в Чечне вы отдаете предпочтение и почему?

- Наш народ не привык к правлению одного человека. И еще, за последние триста лет во главе своего народа чеченец оказался впервые в 1990 году. Через год мы его скинули. А инородных наместников, посланных Москвой, мы терпели на своем горбу сколько им было угодно. Даже лелеяли, холили.

Если заглянуть в историю, первым наш народ против царских колонизаторов поднял, как вы думаете, кто? Беглый башкир из Уфы. Это было в 1708 году. Кто нами правил в XVIII веке? Кабардинские, черкесские, дагестанские феодалы! Спустя двести лет мы вспомнили о шейхе Мансуре. А ведь спустя несколько месяцев после провозглашения его имамом он вынужден был оставить родную Чечню и уйти к закубанским горцам.

В мае 1825 года в селе Майртуп дважды собирался съезд чеченского народа для избрания имама, но так никого и не избрал. Даже Бейбулата Таймиева, известного не только на Кавказе и в России, но и в Турции и Иране.

После завоевания Чечни только два чеченца занимали должность участкового пристава. Кто нами правил при советской власти, тоже известно.

При нашем национальном характере и психологии, думаю, нам более подходит коллективное, парламентское правление. Этого не учел бывший ВС, который принял закон о введении президентского правления в Чечено-Ингуш-ской Республике. Надо было тогда еще провести всенародный референдум, чтобы узнать мнение народа.

- Мы говорили о тонкой прослойке вайнахской интеллигенции, о ее трагической судьбе. И тем не менее мне кажется, что у Чечни все же есть свой авторитетный во всем мире интеллектуальный резерв, способный вывести республику из тупика. Как вы смотрите на это?

- Наши братья из дальнего и ближнего зарубежья любят издалека учить нас уму-разуму, присылать обращения и призывы, периодически наезжать и исчезать, не задерживаясь.

Цигахь къамелаш дира яздархойн союзан председатела Арсанукаев Шайхис, арахьарчу г1уллакхийн министран заместитела Абдуразаков Руслана, Ахмадов Мусас, культуран департаментан

начальникан заместитела Берсанукаева Хедас, Бено Амина, гуманитарни 1илманийн институтан директоран заместитела Вагапов Якъуба, НПУ хьехархочо Верольский Юрийс, Гайтукаев Казбека, Гериханов Ихвана, Дагаев Валида, Сирера веанчу Диаб Ваьппис, «Грозненский рабочий» издательствон директоран заместитела Магомаев Салавдис, Соьлжа- г1алин мэра Музаев Коьрас, Шелан районан культуран отделан заведующис Муцураев Олхазара, НПУ проректора Овхадов Мусас, г1алг1айн яздархойн векало Плиев Мохьмад-Са1ида, Туркаев Хьасана, артиста Эдильсултанов Шит1ас, вице-президента Яндарбиев Зелимхас.

Оцу шийлачу зала чохь деа сохьтехь 1ийра адамаш.

Т1аьххьара Абузара доцца къамел дира.

- Хьоме йижарий, вежарий! Таханлера вайн цхьаьнакхетар сан бертаза хилла. Вайна хууш ду вайн халкъ мел хала, г1елонгехь доллу, х1ор дийнахь хуьлуш болу сингаттамаш. Оцу юккъехула со вазван г1ертар г1иллакхехь ца хетара суна. Т1е, х1ара шийла денош, вуон некъаш, х1ара шийла зал. Х1етте а со лоруш, сан сий деш гулделла шу. Ишта аш лерам бан соьгара даьлла хьуьнар а ма дацара.

Къомана т1е бохам беача, х1етталц мичхьа бу а ца хууш лаьттина турпалхой гучубовлу. Вукху аг1ор – ямарт, к1илло, сутара, къиза нах а гучубовлу. Оццу бохамехь х1аллак хуьлу къоман хьекъале, оьзда, доьналле къонахой а, церан сатийсамаш а. Сан хенарчу берийн яккхий 1алашонаш а, сатийсамаш а бара. 1илманчаш, яздархой, художникаш, лоьраш, хьехархой, инженераш хила, шайн ницкъ, хаарш, дахар а къомана пайденна д1адала. Амма церан сатийсамаш кхочуш ца хилира. Вайн халкъ махках даьккхича уьш цхьаберш хеназа кхелхира, дийна бисанчийн и шайн сатийсамаш а битана мацалла ца бала кхечу некъашкахула сискал яккха дийзира. Беран хенахь суна дага а ца дог1ура яздархо хила. Ас сатуьйсург хьехархочун болх бара. Амма харцо т1е а кхоьллина, вайн халкъ махках даккхаро, хийрачу махкахь иза сийсаздаро со а кхечу новкъа ваьккхира. Ас сацам бира вайн халкъана т1екхоьллинчу харц эладитанех иза ц1андан, цунна шен истори йовзийта, цуьнан кхетам, иэс самадаккха. Оцу бахьанаша ваьккхира со яздар-

хочун новкъа. Вайн халкъ махках ца даьккхинехьара сох яздархо хир вацара. Халкъе болчу безамо, халкъах дог лазаро вина сох яздархо а, историк а. Оцу новкъа майрра г1улч яккха суна ницкъ луш масал гайтира Мамакаев Мохьмада, Мамакаев 1арбис, Гадаев Мохьмад-Салихьа, Ошаев Халида а.

Халкъо езаш т1еиэцначу «Еха буьйсанаш» романна дуьне гина хир дацара, иза араяккха книжни издательствехь коьрта редактор Дыхаев Ваха ца хиллехь, Туркаев Хьасана оцу романан лаккхара мах ца хадийнехь. «Лаьмнашкахь ткъес» роман ара ца йолуьйтуш 1едало сацийча цунах бакъдерг аларца суна г1о дира Ахмадов Явуза, Ахмадов Шарпуддис, Исаева Т1ауса, Гадаев Вахас, Гайтукаев Казбека, Мунаев Исма1ала, Шайхиев 1алвадис, Осмаев Асланбека, Нашхоев Руслана, Саракаев Хьамзата, Ахматова Раисас а.

1едало ницкъ беш со к1адвелча, г1елвелча, сан дог доьхча, со волчу бог1уш а, арахьа т1екхаьчча а, кехаташ яздеш а сан дог оьцура, суна керла ницкъ лора. Нагахь санна ас халкъана цхьа диканиг динехь, соьгара мелла а хьуьнар даьллехь, и дерриг а шу бахьанехь хилла, аш дина сан хьоме йижарий, вежарий. Нохчийн халкъ ца хиллехь, со цунна т1етийжаш, цуьнгара ас ницкъ оьцуш ца хиллехь, сан киншкаш а хир яцара, сох яздархо хилла а хир вацара.

Х1окху 1аьнан шийлачу дийнахь, вуочу некъашкахула со бахьанехь охьадахкарна, х1окху шийлачу зала чохь садеттарна Дела реза хуьлда шуна. Со бахаьна долуш баьккхина ког, аьлла дош, хьегна къа Дала йоле дуьллийла шун. Дала зен-зуламах лардеш, могашмаьрша шайн х1усамашка, доьзалшна т1е д1акхачадойла шу!

Оцу дийнахь Гериханов Ихвана динчу къамелах боккха кхаъ хилира халкъана.

Масех бутт хьалха Гамзатов Расулан 70 шо кхачар даздеш, шеца Нохчийчоьнан йоккха делегаци а йолуш, цунна совг1атна ц1ена «Мерседес» машен а юьгуш, иза декъалван Махачкала вахнера Дудаев Джовхар.

Айдамиров Абузаран 60 кхачар даздеш Дудаевс изза совг1ат цунна дийриг хиларх тешна а дара халкъ. Кацаев Сайд-Хьасана

газете а яздинера халкъ цунах тешна 1аш хилар («Васт», октябрь 1993 шо, №13 /17/.

Халкъан яздархочун юбилей йолуш, масех де хьалха Ираке, Иордане, Судане вахана ц1ахь вацара Дудаев. Цуьнан ц1арах Яндарбиев Зеламхана Абузарна Къор1ан а, баккхийчу нехан коч а елча, зала чохь резабацаран г1овг1а елира нехан.

Т1аккха сцени т1е хьала а ваьлла, микрофона хьалха х1оьттира Гериханов Ихван.

- Абузар, х1окху пачхьалкхан куьйгалхошна хьан сий дан ца хии, я нийсса аьлча, иза дан х1орш къонахой ца хили. Москвахь оьрсийн маттахь кестта арайолуш ю хьан «Еха буьйсанаш». И киншка араяьлча, иза хьалха капота т1е а йиллина, оцу Дудаевс суьйлийн Пат1иматна совг1атна еллачул х1умма а оьшуш йоцуш машина, х1ара шо чекхдалале хьан керта х1отто дош ло ас.

Зал къаръеш, дехха т1араш диттира там хиллачу наха.

- Айхьа кхочушдийр дацахь, хьайн дош духаиэцалахь! – мохь туьйхира цхьаммо.

- Герихановг1еран дош цкъа а шалха хилла дац, - жоп делира цунна Ихвана.

Зала чохь юха а т1араш туьйхира. Ихван сцени т1ера чувуссуш цхьамма мохь тоьхна элира:

- Ихван, ахь лело а мегар ду мекхаш!

Цуьнгахь 1аламат ч1ог1а товш 1аьржа, даккхий мекхаш дара Ихванан. Хьалха шозза бен ца гинера Ихван Абузарна, вовшашна т1екхаьчча маршалла хаттар бен, кхин генадаьлла къамел а ца хиллера. Цо газеташ т1ехь цуьнан материалаш йоьшура, телевиденехула цо къамел деш тидам т1ебохуьйтий ла а дуг1ура. Цо даима майра, хьекъале дош олура, бакъо, нийсо езаш, лоьхуш, оьзда, доьналле стаг вара иза. Цуьнан и ц1ена амалш къеггина гучуевлира иза Конституцин суьдан председатель волуш. Амма ишта нах ца безара керлачу 1едална. Нийсса аьлча, цхьана а 1едална цкъа а ца безна. Цундела, Конституцин суд д1аса а хоьцуш, Ихван шайна юкъара гуттаренна а д1аваьккхира цара.

Ихванан жимха ваша Хожа хьалхе вевзинера Абузарна. Москвахь, «Нефтяник» журналан коьрта редактор вара иза. Ши-кхо шо

кьалха, «Еха буьйсанаш» оьрсийн маттахь арахеца шена бакъо лохьара аьлла, Абузар волчу веанера иза. Цул т1аьхьа Хожас оцу романна т1ехь болх беш кест-кеста цхьаьнакхоьтийла хуьлура царшиннан. Ихван санна хьекъале, оьзда к1ант вара Хожа а.

Ихвана аьлла и дош оцу дийннахье д1асадаьржира Нохчийчохь. Цунна баркалла а элира халкъо, ткъа Дудаев дуккха а адамийн догнаш т1ера вуьйжира.

Веккъа цхьа Яндарбиев Зеламха воцург, кхин цхьа а пачхьалкхан куьйгалхо ца веара яздархочун юбилейга. Дудаев коьртехь а волуш, йоккха делегаци яхнера Дагестане Гамзатов Расул декъалван, амма цигара пачхьалкхан куьйгалхой-м хьехор а бацара, иттаьлла цхьа а яздархо а ца веара Айдамировн юбилей билгалъеш.

Яздархочунна а, дукханна а новкъа дерг нохчашна шайн стеган сий дан цахаар, я цалаар, кхечу къаьмнашна хьесталуш хилар, ткъа шайн сий дайта цахаар дара. Мацах цхьана хьекъалчо аьлла боху, шеца г1иллакх лелийча ца хуург а вир ю, иза лелийча ца хуучуьнца г1иллакх лелориг а вир ю.

* * *

Оццу деношкахь, 26 ноябрехь, п1ерасканан дийнахь, Алсултанов Лом-1ела веара Мескита, Абузар волчу, веара шеца ткъех накъост а валош. Цаьрца вара Дудаев Жовхар а.

Т1аьхьа Лом-1елас дийцира, хьалхарчу дийнахь ц1а кхаьчча Дудаев шаьш Абузар волчу доьлхий хиъча и юбилей ша ц1ахь воцуш нисъеллера, шена т1ехь бехк бисинера, шуьца ша а вог1ур вара аьлла, веанера иза.

Кхин стаг чохь а воцуш, Дудаев а, Абузар а къамел деш 1аш чувеанчу Лом-1елас элира Дудаевга:

- И кабрадинцаш схьакхаьчна, аравала ший а!

И шиъ араваьлча, цигахь х1оттийна лаьтташ яра шен берриг а г1ирсаца кечйина г1ебартойн х1ух 1аьржа говр. Иза г1ебартойн х1ух хиларна аьлла хилла Лом-1елас «кабардинцаш схьакхаьчна».

- Абузар, оцу суьйлийн Гамзатов Расулна совг1атана ас елларг аьчган г1утакх ду, - вистхилира Дудаев, - Вайн дайша дикчу къонахчунна совг1атна дин луш хилла, цундела хьуна совг1атна х1ара дин балош веана со!

1едалера совг1ат ца оьшура Айдамировна. Амма совг1атана керта ялийна говр д1айигийтча а г1иллакхе дацара. Т1е, цхьана дийнахь а иза кхаба меттиг а, аьтто а бацара цуьнан. Цуьнгара и бала хууш санна, шолг1ачу дийнахь Сосланбеков Юсуп а валош веанчу Лом-1елига дехар дира цо:

- Лом-1ела, хьо веача-м даима хазахетара суна, амма тахана санна хазахетта дац суна цкъа а. И говр а ялийна, боккха бала бина суна Джовхара. Хьалхалерчу 1едало цхьайтта шарахь со хьийзош хийла набарза буьйсанаш текхна ас. Амма и цхьайтта шо а диццинера суна сийсарлерчу цхьана буьйсано. Цкъа-делахь, суна 1едалера совг1ат а ца оьшу. Шолг1а-делахь,и говр кхаба меттиг а, стаг а вац сан. Дудаевс совг1атна суна говр еллийла махкана а хиъна. Делан дуьхьа, хьо кхузара д1авахча, и говр цхьанхьа колхозе, совхозе я ипподроме д1айига алахьа цаьрга.

- Цхьана к1ирнахь сатохахьа, оха цхьанхьа кхаба д1алур ю иза, - аьлла масла1ат дира цунна Лом-1елас.

Цо диллинчу дийнахь «КАМАЗ» машенца Шелара ши стаг веара говр д1айига. Цхьаьннан ц1е Хожа яра, тайпана курчало вара иза. И говр цуьнгара эцна хиллера. Иза шен са санна дукхаезаш волу ша, ца юхкуш дуьхьалваьллера бохуш, дийцира цо. Дудаев Айдамиров Абузар волчу хьошалг1а воьдуш ву, цунна совг1атна йига езара, Г1ебарта а дахана, цигара говр яло хан яцара аьлла дехар дича, иза Абузарна юьгуш хилар хиъча йоьхкира.

Кхин стаг чохь а воцуш цхьана сохьтехь къамел хилира Дудаевн а, Абузаран а.

Абузара цуьнга дина къамел республикехь х1оьттинчу 1аламат чолхечу, халчу политически, социально-экономически, криминогенни а хьолах дара. Оцу дерригенна а бехке 1едалан коьртехь болу нах бора цо. Церан г1алаташ а, и хьал нисдан цаьргахь хьекъал, ницкъ, я лаам цахилар а дийцира.

- Нагахь нохчийн къоман пачхьалкх кхолла, ч1аг1ъян, ларъян а лаахь, лахара дуьйна хьала, лакха кхаччалц пачхьалкхан массо а органашна коьртехь 1илма, хьекъал, кхетам болуш, халкъана тешаме, оьзда, доьналле нах х1итто беза. Къаьсттина боккха тидам т1ебахийта беза ярташкарчу 1едална. Х1унда аьлча пачхьалкхаш, 1едалан орамаш цигахь ду. Вузаш, ишколаш, больницаш болх беш яц, культуран учрежденеш д1акъевлина. 1илма, кхетам, могашалла, оьздангалла а, яа сискал а йоцчу къомана пачхьалкх кхоллалур яц, кхоьллича а, цуьнан оьмар гена г1ур яц. Майралла а, герз а дитина, кортошца, хьекъалца болх бан беза. Яртийн, районийн коьрте ахь х1иттийна нах́куьйгалла дан ох1ланаш а, я ц1ена а бац. Цхьана стага куьйгалла дар вайн къоман амалшца ца дог1у, куьйгалла коллегиальни хила деза. Яртийн, районийн Советаш юхаметтах1итто еза. Парламент ахь д1асахецна. Ца хецча а, иза массо аг1ор г1орсиз яра. Парламенте а, меттигерчу органашка а сихха харжамаш бан беза. Царна кечамбан а, уьш д1аяхьа а, пачхьалкхан, юкъараллин, бахамаллин а органашна т1ехь тергам латто а пачхьалкхах йозуш йоцу къоман юкъараллин орган кхолла еза, къомо лоруш болчу хьекъалечу, оьздачу, къомана тешамечу нахах. Уггар хьалха махкара зуламаш совцо деза, уьш совцор а, иза дан ницкъ боцчу, я лаам боцчу пачхьалкхах цкъа а пачхьалкх хир яц. Къаьсттина боккхачу тидамехь хила деза кхечу къаьмнашца юкъаметтигийн г1уллакхаш. Церан чоьхьарчу а, вовшашца а долчу девгашна юкъаг1ерта ца оьшу, массаьрца а гергарлонаш, доттаг1алла ч1аг1дан деза.

Яздархочо дуьйцучуьнга лерина ладуьйг1ира Дудаевс.

- Тахана цкъа Россица йолу юкъаметтигаш чолхе а, кхераме а йолуш парламенте харжамаш вовшахтохар кхераме хетта суна, амма х1ара г1уллакхаш жима ваьштадаьхкича керла парламент а хоржур ю, ткъа важа политически, социально-экономически, криминогенни а хьелаш нисдан г1ерташ болх беш ду тхо.

Цаьршиннан хиллачу къамелехь Дудаевс къаьсттина тидаме ийцира пачхьалкхах йозуш йоцуш къоман юкъараллин орган кхолла езарх Абузара аьлларг.

Цул т1аьхьа цхьа бутт баьлча, Дудаевс ваийтина ша аьлла, Яндарбиев Зеламха веара Меската.

- Нохчийчохь халкъо лоруш болчу нахах цхьайтта стагах Лакхара Консультативни Совет кхолла ойла ю Дудаевн, цуьнан председатель хилахьара хьо аьлла, хьоьга дехаре ваийтина со, - элира Зеламхас.

- Со цкъа а куьйгаллин болх бина а, оцу белхан ох1ла а вац, къанвеллачу хенахь Соьлжа-г1ала веана болх бан хан а, ницкъ а, могашалла а яц сан, - аьлла, деана г1уллакх г1иллакхехь д1адерзо г1оьртира Абузар.

- Хьо реза хилча президента Указ доккхур ду, хьуна г1алахь квартира лур ю, лаккхара алапа а х1оттор ду, машен а лур ю. Ткъа хьуна Соьлжа-г1алахь 1ен ца лаахь, д1аса а лелор ву, - шениг дуьйцура Зеламхас.

Иза дукха лен ваьлча собар кхачийра Абузаран.

- Делхьа, Зеламха, х1инца-м со къанвелла, къона волчу хенахь, дуьненах 1ехалучу хенахь а ца безна суна и куьйгаллин белхаш, даржаш а. Нах-м дехарш деш, кхаьънаш луш а баха г1ертара, баха а боьлхура куьйгаллин белхашка, ткъа со, сайга дехарш дича а, нуьцкъах вахийта хьийзийча а ца вахара. Районехь халкъан дешаран отделан заведующи, культуран отделан заведующи, газетан редактор, КПСС райкоман идеологин секретарь вахийта а хьийзийра, яздархойн Союзан председатель хилахьара бохуш дехарш дира соьга обкомо, амма ас т1е ца лецира и белхаш. Х1унда аьлча, суна ца оьшура даржаш, ас ца лоьхура дуьненан хьал-бахам, суна цхьаннах возуш воцуш, маьрша яздархо хила лаьара. Ткъа х1инца, со къанвеллачу хенахь, уьш соьга хьехор эрна ду.

- Хьо халкъо лоруш, халкъ тешаш, халкъана везаш, оьшуш стаг ву, Абузар, тахана халкъ шен пачхьалкх кхолла г1ерташ холчохь долуш, хьо юьстах хилча нийса хир ма дац.

- Со-м юьстах 1еш вац. Со сайн болх беш, сайн декхарш кхочушдеш а ву. Сайна хуург, со ох1ла верг. Ткъа аш соьга кхийдориг со ох1ла волу болх бац.

- Ахь айхьа хьехар ма деллера Дудаевна, и Совет кхолла аьлла. Ткъа цуьнан коьрте х1оттахьара аьлча, юхаваьлла хьо.

- Ас ца аьллера Дудаевга президентан указца а, я парламентан сацамца и Совет кхолла. Сан дагахь йолчу Советан декъашхой,

цуьнан куьйгалла а , куьйгалхо а къомо къайлах кхаж тасарца харжа а беза, и Совет пачхьалкхах йозуш хила а ца еза. Президентан указца, я парламентан сацамца кхоьллина Совет цара т1едехкина декхарш кхочушдеш, цара шок лекхча хелхайолуш хир ю. Иза ас дийр ду шуна моттахь, бакъ дац. Аш бохург т1е а лаьцна, аш кхоьллинчу Советан коьрте со х1оьттича, вай цхьана дийнахь сарралц а вовшашца тарлур а дацара. Х1унда аьлча, бусулба динехь, шар1ехь, пачхьалкхан законашца нийса ца дог1ург, къомана зуламе дерг, къомана харцо, ямартло хуьлуш дерг ас дийр дацара. Цул совнаха, шаьш х1инццалц бина г1урт а, бан ойла ерг а оцу Советана коча татта, цунах шайн декъашхо ян ойла шун юй-те а моьтту суна. Нагахь и Совет халкъо а харжахь, халкъо со цуьнан председатель а харжахь, халкъо сайна т1едиллина декхар кхочуш ца дича ца волу со лаахь а, ца лаахь а. Ткъа пачхьалкхо луш долу дарж суна ца оьшу, цкъа а эшна а дац.

* * *

1993 шеран 31 декабрехь Гериханов Ихван веара Абузар волчу. Цуьнца цхьаьна вара кхин а ворх1 накъост.

Чай меллачул т1аьхьа шаьш деана г1уллакх дийцира Ихвана.

- 18 ноябрехь г1али юкъа ваьлча бен хьан юбилей юйла ца хиира суна. Ц1а а ца воьдуш, цига д1авеара со. Цигахь айса аьлла дош дозаллина а, я д1аг1орта ницкъ болуш а ца элира ас. Гамзатов Расулан 70 шо кхаьчча юбилей йолуш суьйлийн Пет1аматна /Расулан зудчунна/ «Мерседес» а юьгуш, хьастабала бахара вайн президент а, цуьнан гонера лаккхара куьйгалхой а. Вайн къомана т1е бохам беанчу шерашкахь иза сийсаздеш, цунна т1ехьашхула т1е шеташ йиттинера Гамзатовс. Ткъа ахь хьайн дерриг а дахар вайн халкъана д1аделлера. Оццул халкъана везаш а, лоруш а волчу хьан сий дан вайн куьйгалхойн къонахалла а, г1иллакх а, оьзданагалла а цахилар дагна 1аьткъина элира ас и дешнаш. Х1ара шо чекхдалале оьрсийн маттахь Моквахь араяла езаш яра хьан «Еха буьйсанаш». И киншка хьалха копота т1е

а йиллина, х1окху керта «Мерседес» ялор ю аьлла дара сан дош. Амма и книга араяккха ца кхиийна Хожа. Х1окху шеран т1аьххьара де ду тахана. Х1ара соьца баьхкина накъостий дика а, оьзда а к1ентий хилар бахьана долуш, х1окхеран г1оьнца и сайн дош кхочушдан аьтто хилла сан. Хьуна и машен ялош даьхкина тхо. Хьуна хьарам рицкъа ца дезийла хаьа тхуна а, махкана а. И машен тхаьш хьанал некъашца даьккхинчу хьаналчу ахчанах иэцна оха. Тхан Дала аьтто бина хьанал некъашца рицкъа гулдан. Оха саг1а ло къена нах, заь1апхой, буобераш а кхобучу учреждененешна, больницашна. Оха тхайн ц1арах ца ялийна хьуна и машен, ахь шен дуьхьа хьайн дерриг а дахарехь къахьегначу нохчийн къоман ц1арах ялийна. Делан дуьхьа, Пайхамаран дуьхьа, и машена тхоьгара д1а а ца оьцуш, тхо юха ма хьовсадахьара ахь. И дехар дохьуш даьхкина тхо.

- Ихван. Оцу дийнахь ахь и къамел дича, хьайн дош ахь кхочушдийр дуйла хууш ч1ог1а чам байра суна. Хьоьга иза ма делахь ала со г1ала ваха г1оьртича, х1окху бераша элира соьга, оцу Ихвана аьлла дош х1окху махкахула чекхдаьлла, жима а, воккха а цунна баркалла бохуш ву, ткъа иза ца везарш цуьнан дош-м дош дацара, иза-м хабарча вара бохуш, телевиденехула а цхьаьна иза сийсазван г1ерташ бу. Ахь ваха а вахана, Ихван сацийча нахана хуур ма дац иза ахь сацийнийла. Ихван ца везачийн луур дер ду, халкъана хьалха аьшпаш боьттинарг хир ву. Цул ваха а г1ой, ишта безчу механ машен а ца ялош, цхьа йорахо «Жигули» таръе алахьа. Т1аккха цунна дукха зен а ца хуьлуш, цуьнан дош кхочуш а хуьлуш д1адоьрзур дара. Тхан и къамел хиллачул т1аьхьа некъаш галдевлира, гергарчу нехан масех тезет а х1оьттира. Ишта, вуьсвуьсуш д1аванза висира со. Ихван, къона волуш, дуьненах самукъадолучу хенахь а ца лехна ас дуьненан хьал-бахам. Х1инца, къанвелча, могашалла г1елъелча, сингаттамаш хила боьлча уггар а самукъа ца долу сан дуьненан хьолах, бахамах. Дела сан дог гуш ву, суна ца лаьара аш х1ара дойла. Делахь а, айхьа халкъана хьалха делла дош кхочушдина ахь. Халкъана ахь дош деллера суна машен лур ю аьлла, халкъан ц1арах иза суна ялийна ахь. Халкъан дагахь сан ц1е мел еха, цунна улохь хьан ц1е а ехар ю. Дела реза

хуьлда хьуна а, х1окху хьан накъосташна а. Дала беркате бойла шун белхаш, аш дагалаьцнарш дерриг а кхочушхуьлуш. Дала шуна т1ера, шун доьзалшна, йиша-вешина т1ера саг1а йойда аш ялийна машен. Аш со бахьанехь йина харж Дала сане йоккхуш, беркате еш, меттах1оттайойла шун.

* * *

1994 шеран май баттахь Айдамиров Абузар волчохь хилира республикан культуран министр Мазаева Тамара. Цо дийцира, 1842 шеран июнехь Нохчмахкахь инарла Граббен эскарш дохош нохчаша толам баьккхина 150 шо кхачарна Коьжалка-Дукъахь толаман х1оллам х1отто г1ерташ хиларх.

- Оцу т1амах а, толамах а лаьцна ахь уггар хьалха яздинера, цунах лаьцна телевиденехула къамел дан ваг1ахьара хьо аьлла, Дудаевс хьоьга дехар дан яийтина со.

- Х1окху т1аьхьарчу кхаа шарахь, х1ор дийнахь оцу телевиденихула даима д1а буьйцу т1ом, махках дахар, нохчийн майралла а к1ордийна сих-похах а чекхъяьлла суна, - резавоцуш хьаьвзира Абузар, - Халкъе дийца кхин х1умма а дац шун, проблемаш яц шун? Пачхьалкхан а, юкъараллин а бахамаш талор, адамаш лечкъор, дайар, кхидолу зуламаш муха совцор дара-те х1унда ца дуьйцу? Белхалошна алапаш, къеначарна пенсиш х1унда ца ло ма ца дуьйцу? Ишколаш, больницаш, культуран, 1илманан учреждениш болх бечура х1унда севцца, уьш дерриг а нисдархьама шаьш х1ун деш ду х1унда ца дуьйцу? Со ца вог1у ала.

Кхоалг1ачу дийнахь оццу дехарца Алсултанов Лом-1ела а, Алироев Ибрах1им а веара.

- Шуьшиъ вуон веана, - элира Абузара. - Х1инцалерчу куьйгалхоша а, политикаша а лелочу г1уллакхашна со реза воцийла шаьшшинна хуъушехь. Цара яийтинчу Тамарин дехар духатоьхна ас. Иза айса даггара лоруш зуда йоллушехь. Зударийн дехар духатоьхча къонахчунна иэхь доллушехь. Шуьшиъ дехаре ваийтича а со д1а ца веача, бехк буьллур ма бу. Х1окху 1аларойн уггар бу бохучу наха а шайн вовшийн сий-т1алам ца бо аьлла. Цига со ва-

рах-м х1умма а дац. Цара вовшахдеттарг-м церан шайн г1уллакх дац, къоман г1уллакх, къоман истории ю.

- Абузар, хьо веача дика хир дара, - элира Лом-1елас, - Тахана министрийн кабинетан заседанехь кхузза элира Джовхара, оцу т1амах лаьцна хьалхара дош ала хьакъ волуш хьо бен а вац, хьо воцуш и г1уллакх вовшахтухийла а дац аьлла. И г1уллакх 1 июнехь вовшахтоха билгалдина. Хан билгалъян а, хьайна лаьа историкаш цига кхайкха а хьуна бакъо елла. Д1аволахьа цига, ахь ма аллара, цара вовшахдеттарг къоман г1уллакх ду. Ас д1а а вуьгур вара хьо, ц1а а валор вара.

- Со д1авига а , ц1а вало а ца оьшу. Суна хьалхxе ц1а ван аьтто хилийта, дийнахь 11 сахьт долуш вовшахтоха и г1уллакх. Суна цигахь хила луур ду Арсанукаев Шайхи, Вагапов Якъуб, Гайтукаев Казбек, Гакаев Хьамзат, Ахмадов Шарпудди, Ахмадов Явус, Хизриев Хьаьжа, Музаев Мохьмад, Хасиев Сайд-Мохьмад а.

1 июнехь ша йиллинчу хенахь, дийнахь 11 сахьт даьлча президентан резиденци вахара Абузар дуьххьара.

Болх д1аболабалале Дудаевн дехарца цхьана сохьтехь цуьнца къамел хилира яздархочун. Цаьршиннан къамел хуьлуш чохь вара Яндарбиев Зеламха. Республикехь х1оьттинчу хьолан хьокъехь церан къамел цхьаьна ца дог1ура. Хьежамаш дуьхь-дуьхьал нислора, къаьсттина 1илманан, дешаран, могашалла ларъяран, культуран а г1уллакхаш т1ехь.

Х1етта араяьллачу шен киншки т1ехь Зеламхас шен ц1е яккхарна ша реза цахилар д1ахаийтира Абузара / Яндарбиев З. В преддверии независимости. Грозный, 1994, 35 аг1о/.

- Тхан съездан балхана хьо реза вацара аьлла ас, кхин хьуна ас х1умма а ца аьлла, - элира Зеламхана.

- Аш долош а вацара со шуна реза, тахана а вац. Шуна со реза ца хилча, ахь со кхайкхо веза? Шуна реза муха хуьлу, культуран, 1илманан учрежденеш, ишколаш, больницаш, почта, з1е, транспорт, кхиъерш болх беш ца хилча, белхазалла хилча, алапаш, пенсеш ца хилча, адамаш лечкъош, дойуш хилча, гуобаьккхина къоланаш, талораш хилча, цхьа а та1зар а доцуш зуламхой хецна битина хилча? Мусаг1арца, Аптица сан х1усамехь, сан диканехь-ву-

онехь хилла хьо мосазза а. Цундела ас хьоьца г1иллакх леладо. Пурчах Гермчагехь а аьлла ас хьоьга, диканна а, вуонна а сан ц1е ма яккха. Х1инца а боху.

* * *

Зала чохь лерина кечйина сценари яра. Ахгуо беш х1иттийнчу г1ентийн хьалхарчу мог1арехь хевшена еха, яккхий к1айн мажош йолуш къена нах. Царна юкъ-юкъа д1ах1иттийна къоман духарца кечбина 10-12 шо хенара божабераш. Шолг1ачу мог1арехь охьахевшина эпсарш, царна т1ехьа х1иттина – т1емалой. Абузара кхуза кхайкха ц1ераш яьхначех Арсанукаев Ш., Гайтукаев К., Гакаев Хь., Алироев И., Хизриев Хь. а вара, важа бисинарш ца карийнера. Болх д1агойтуш телевиденин белхалой а бара.

Къамелаш дира Ибрагимов Хьамзата, Гакаев Хьамзата, Арсанукаев Ш., Хизриев Хь., Алироев И., Абумуслимов Сайд-Хьасана, кхечара а. Царах цхьаболчара ХУ111-Х1Х б1ешершкахь къоман маршонехьа т1амехь нохчийн халкъо гайтина майралла, доьналла, турпала хьуьнарш а дуьйцура. Шайл б1озза алсамчу, нуьцкъалчу мостаг1чунна т1ехь цара толамаш баьхна, и майралла а, доьналла а нохчийн халкъехь ларделла, нагахь санна Россис Нохчийчу агресси яхь, вешан даймохк, маршо ларъян вайгахь ницкъ а, майралла а, доьналла а ду бохура.

Абузаран къамел кхечу аг1ор хилира.

- Накъосташа шайн къамелашкахь исторически бакъдерг дуьйцу. Нохчийн къомехь майралла а, доьналла а ца хиллехь цунна иттанаш шерашкахь шен маршонехьа къийсалург цахилар а, шел б1озза алсам, нуьцкъалчу мостаг1чунна т1ехь толамаш бахалург цахилар а цхьа а шеко йоцуш ц1ена бакъду. К1илло стагерчу герзан а, 1илманан а, хьекъалан а пайда бац, нагахь санна цаьрца цхьаьна цуьнгахь майралла а, доьналла а, оьздангалла а яцахь. Амма уллохь хьекъал, доьналла, оьздангалла, къинхетам боцу майралла – сонталла ю. Ишта майралла бохаме, бале, зуламе йолу оцу майрачу стагана шена а, адамашна а. Х1унда аьлча, и тайпа

майралла сонтачу, къизачу, ямартчу, стешхачу адамашдайархошкахь а, зуламхошкахь, акхарошкахь а хуьлу.

Вай юьйцучу заманахь иттаннаш шерашкахь нохчийн къомана шен маршо ларъян, даймохк ларбан, мостаг1чунна т1ехь толамаш баха майраллица цхьаьна цунна ницкъ луш масех хьоста дара. Мехкан х1етахьлера 1аламан хьелаш – лаьмнаш, ч1ажаш, хьаннаш, хиш а. Дуьхь-дуьхьал т1ом бечу шиний аг1орчийн герзаш дукха башхаллаш йоцуш цхьатера дара. Шаьш т1еман академишкахь дешна бацахь а, т1еман говзаллица г1арабевллачу оьрсийн инарлел х1умма а оьшуш бацара нохчийн баьччанаш, наибаш а, ткъа цхьаберш т1еман говзаллица оьрсийн инарлел дуккха а лакхахь бара.

Х1етахь нохчийн къам шен махкахь а, арахьа а кхечу къаьмнашца иэделла дацара, Россин, Европан цивилизацин 1аткъам хилаза ц1ена, оьзда, ийманехь, бертахь дара. Къомана ямарт, стешха, дуьненан хьолах бохкалуш нах наггахь бен ца нислора.

Амма оцу заманахь нохчийн къомана ницкъ луш долу уггар сирла, уггар коьрта хьоста кхин дара – бусалба дин. Иза дара къомана майралла, доьналла, оьздангалла, собар, къинхетам лург, цуьнан барт бийриг, дика мел дерг цуьнца лардийриг. Х1етахьлера вайн дай Делах тешара. Делах кхоьрура, цара Далла еш йолу 1амал ц1енчу дагара яра, цундела Дала церан до1анашна жоп лора. Ша къобалбинчу новкъахь г1о дора, царел алсамчу, нуьцкъалчу мостаг1чунна дуьхьало ян, толамаш баха, шайн даймохк, къоман сий, маршо ларъян ницкъ лора.

Х1етахь нохчийн къоман маршонехьа боламашна коьртехь хилла баьччанаш Делах тешаш, Делах кхоьруш, ийманехь нах бара. Уьш 1едалан коьрте г1ерташ, даржаш къуьйсуш, ахчанан, хьалбахаман дуьхьа ца летта, шайн къам талош ца хилла, оцу сутарчу 1алашонашца нохчийн къам тукхамашка, тайпанашка, тобанашка доькъуш, иза г1орасиз деш, къоман бохамашна, декъийн баьрзнашна т1ехула, ц1ийн 1оврашна чухула, наной, йижарий белхош даржашка ца г1иртина. И баьччанаш а, царна т1аьхьара б1аьхой а бусалба дин, даймохк, къоман сий, маршо ларъеш летта, белла. Т1еман арахь шайн 1ожалла хир юйла а, цигахь 1ожалла ца хуь-

луш иэшам хилла мостаг1чун йийссаре лецахь, шайн 1ожалла танг1алкхаш т1ехь, я набахтехь, я даймахкана генахь шийлачу Сибарен каторгашкахь хир юйла а хууш. Иштта 1ожалла т1еиэцна эзарнаш нохчийн к1енташа, йо1арша, наноша. Къеначара, къоначара, бераша. Эвлаяаша, динадайша.

И зама д1аяьллачул т1аьхьа б1е шо сов хан яьлла. Нохчийн къам кхечу къаьмнашца иэделла. Шайн даймахкал арахьа кхечу къаьмнашна юкъахь бехаш бу кхо б1е эзар нохчий. Оццул Нохчийчохь дехаш кхечу къомах, кхечу динехь адамаш ду. Дукхахболу нохчий европейски цивилизацин 1аткъамна к1ел бахана, дайн г1иллакхех, бусалба динах боьхна, адамаш сутардевлла, шайн къоман, даймехкан кхолламан бала болуш нах к1езиг бу. Къоман барт бац, х1ораммо а шен аьтто лоьху. Къоланаш, талораш, зулламаш даьржина. Адамаш лечкъадо, дойу. Обаргийн юрт хилла яц бохуш цхьа кица ду вайн. Къуйн, талорхойн, зуламхойн пачхьалкх а ца хилла я хир а яц. Вай вешан йозуш йоцу маьрша, бусалба пачхьалкх кхуллуш ду, Росси вайн мостаг1 ю бохуш, митингашкахь, телевиденехула маьхьарий хьоькхуш лелла цхьа нах, кхузахь шайна дарж ца нисделча бовдий Москва боьлхий, оцу шайн мостаг1чун букъа т1ехьа охьаховшу, я кхузахь талораш деш гулдина ахча а оьций, Турце я кхечухьа д1абоьлху. Нагахь санна Россис Нохчийчу агрессии яхь, къам цхьабарт хилла г1оттур ду ала хала ду. И барт а хилла г1еттича а, цуьнан ницкъ кхочур бац кхузаманан тоьлла герз а, т1еман техника а йолчу ши миллион российски эскаршна дуьхьало ян. Хьалха заманахь нохчашна ч1аг1о хилла лаьттанчу лаьмнашкара, ч1ажашкара, хьаннашкара г1о а хир дац. Шайн салтий х1аллак ца байта маситта километр генара яккхий тоьпаш, х1аваэра охьа бомбанаш етташ, ярташ отур ю, адамаш дойур ду. Цундела, вешан майралла а, «б1ов» бахар а дита деза, Россица долчу девнах, т1амах лардала деза, вай машар лаха беза цуьнца а, кхечу муьлххачу лулахошца а, къаьмнашца а, пачхьалкхашца а.

Профессора Ибрагимов Хьамзата шен къамелехь ишколийн доьхна хьал дийцича, шозлаг1а хьала а г1еттина, юха а доцца къамел дира Абузара.

- Кху чу вале, дешаран, могашалла ларъяран, 1илманан, культуран хьокъехь Джовхарца сайн къамел хилла дела, цунах дош ца элира ас хьалха динчу къамелехь. Муьлхха а къам, пачхьалкх беа б1ог1ама т1ехь латта: 1илманна, могашаллина, культурана, экономикана. Царах коьртаниг – дешар, 1илма ду. Цунна т1ера д1адолало къоман дахар. Дешар, 1илма ца 1амийча, вайн къоман лоьраш, хьехархой, 1илманчаш, экономисташ, инженераш, кхин, кхин говзанчаш хир бац. Тахана ишколаш болх беш яц, бераш саг1адоьхуш, къолаш деш, цигаьркаш уьйзуш, маларш муьйлуш, наркотикаш етташ лела. Х1ара г1уллакх ишта д1аг1ахь, къоман таханлера т1аьхье шайн дай санна кхетамна т1аьхьаюьсур ю, кхетамна заь1ап хир ю. Кхетамна заь1апчу, цомгашчу, культура йоцчу, герз кара а иэцна къолаш деш, талораш еш даха г1ертачу къоман цкъа а пачхьалкх хилла а яц, я хир а яц. Джовхар, миччара даккхий а ахча а тардай, хьехархошна алапаш латтаде, ишколашка болх байта, берашка дешийта. Оцу берийн кхолламан жоьпалла хьуна т1ехь ду!

Дерзош ша къамел деш Дудаевс элира:

- Абузар, ахь элира, кхузахь шайна даржаш ца кхаьчна, я хало т1ех1оьттича цхьаболу «патриоташ» Турце я шен мостаг1чун букъа т1ехьа Москва д1ауьду. Иштанаш а бу, хир а бу. Амма со водур вац къомана т1е бохам беача. И ахь бийцина вайн дай санна, со къомана хьалха хир ву, б1аьрнег1ар ца тухуш къоман дуьхьа, даймехкан дуьхьа 1ожалла т1е а оьцур ю.

* * *

Т1аьххьарчу шовзткъа шарахь нохчийн халкъан истори толлуш, цуьнан исторически амалш, психологи, бусулба динах тешар, культура, я вуьшта аьлча – цуьнан менталитет йовзарехь дуккха а къахьийгира Абузара. Т1аьххьарчу шерашкахь цхьа а 1едал, законаш доцуш, шайн лааме бевллачу нохчаша гайтира шаьш дайн г1иллакхех, оьздангаллех, ийманах боьхна хилар, цара иза шайна бохаме даккхар а. Вуочу аг1ор и хийцамаш хила исторически ба-

хьанаш а дара. Нохчийчоь Россих д1атоьхначул т1аьхьа хенаца цхьаьна к1ез-к1езиг лахлуш йовш яра къоман къонахалла а, оьздангалла а, ийман а. Оцу аг1ор боккха 1аткъам бинера цунна 1944 шарахь даймахках даьккхина яьккхинчу хено а, оьрсийн-европейски цивилизацис а, коммунистически идеологис а. Къоман цхьадолу оьзда г1иллакхаш дицделлера, ца дицделларш хьоьшура. Къоман яхь, оьздангалла шайца ларъелла нах к1езиг бара. Сталински заманахь хьийзийнчу, кхерийнчу халкъан деган к1оргехь к1иллолла йииaнера, къонахалла бохург д1адаьллера.

Хьалхалера к1оргге ра бусалба динан 1илма хууш а, ийманехь а хилла динадай сталински заманахь х1аллакбинера, дийна бисинарш дуьненара д1акхелхинера. Керла бевллачу динадайшна бусалба динан 1илманан к1оргенаш ца евзара, цара адамаш бусалба динах нийса ца кхетадора. Даймахках къастийнчу хьалхарчу шерашкахь мацалло, шелоно, цамгарша, халонаша, баланаша, бохамаша б1арздина хьийзочу хенахь къоман оьздангаллина а, ийманна а ун кхеттера. 1ожаллех к1елхьарадовла г1ерташ хьанал-хьарам ца къестош къолаш, талораш дан, яхь-г1иллакх, оьздангалла йицъян а дийзира. Халкъана шен истори ца евзара, шен б1ешерийн бохамийн бахьанаш, орамаш ца хаьара, цкъа дийлийтина г1алаташ юх-юха а дуьйлуьйтура. Бусалба динан а, дуьненан а 1илманаш 1аморна, кхетамна т1аьхьадисина халкъ муьлххачу а эладитанех 1ехалора. Адамийн дегнаш чу хьаг1-гамо йоьллера, къоман барт боьхнера.

Мел хьехамаш, кхайкхамаш барах, х1инцалера нохчий шайн г1алатах кхетар боцийла, ийманехь нисбелла церан барт хир боцийла хаьара Абузарна. Делахь а шена хетарг халкъе д1аалар шен декхар хетара цунна. Х1ара таханлера нохчий ца кхетахь а, т1аьхьарчу т1аьхьенашна бакъдерг хаийта, уьш шайн дайн г1алатех, бохамех ларбалийта 1алашо йолуш 1994 шеран юьххьехь «Вайн амалш. Сиркхонаш, къинош, лазамаш» ц1е йолуш цхьамог1а очеркаш йолийра цо. «Даймохк», «Васт» газеташа зорба тоьхна уьш боккхачу тидамца т1еийцира наха / «Даймохк», 29 май, 1994 шо, !20 /10992/, 31 май, №21 /10993/, 7 июнь, №22 /10994/, 15 июнь, 23 /10995/, 23 июнь, №24 /10996/, 27 июль, №29/11001/, 5 август, №30 /11002/, «Васт», 1994, №10 /30/.

Оцу т1ехь очеркаш чекхйовлийта ойла яра цуьнан. Амма 1994 шеран аьхка а, гурахь а Нохчийчохь хиллачу хиламаша а, т1аьххьа болабеллачу т1амо а уьш кхид1а а язъян дезийтира. Амма т1ом бахьана долуш уьш зорбане ца евлира.

* * *

1991 шарахь дуьйна республикехь ткъех сов юкъараллин-политически тобанаш, боламаш кхоллабелира. Лакхахь ма аллара, царах цхьаболчийн тхьамданаш, Айдамиров шайн тобанна коьрте а х1оттийна, цунах шайн байракх ян г1ерташ, иза волчу бог1ура.

1994 шеран гурахь Абузар волчу баьхкира Хасбулатов Русланан векалш. Иза къоман машар бан Москвара схьа Нохчийчу веана, шена уллохь цунна халкъо лоруш болу накъостий беза, иштачех цхьаъ хьо ву, цо ша волчу Девкар-Эвла кхойкху хьо аьлла.

- Оцу юкъараллин-политически тобанийн а, боламийн а тхьамданийн, республикан куьйгалхойн, оппозицин, дерриг къоман а барт бан г1ерташ зорбанехь, телевиденехула а ас дукха корта биттина. Ас а, сол дуккха а хьекъалечара а дуьйцучуьнга ладуг1уш а, хезаш а стаг вац. Къоман барт хила ца луурш, барт ца хилийта г1ертарш дукха бу, цара тиларчу дигна адамаш царна т1аьхьа а х1иттина. Ша Дела воцчунна, и адамаш нислур дац, къоман барт а балур бац.

- Зорбанехь а, телевиденехула а аьлларг массарна а ца хеза. Ґазеташ массар а ца доьшу. Нахаца цхьаьна а кхеташ уьш кхето беза, - элира хьешаша.

- Дера х1ета, сайна хетарг д1аолуш, со массеран а х1усамашкахула лелалур ма вац. Сан къамелаш хилла республикан цхьаболчу куьйгалхошца а, юкъараллин-политически тобанийн а, оппозицин а векалшца а, тхьамданашца а. Церан барт бан г1иртина. Амма уьш шайна хетачунна т1ера ца бовлу. Цара х1орамма а шаьш къоман бала болуш, къоман барт бан г1ерташ, къомана диканиг лууш ву олу. Важа бисинарш зуламхой лору.

- Нах кхетар бац бохуш хьо а, хьо саннарш а юьстахбевлла 1ийча къам цкъа а маршадер ма дац. Хьо санна волу оьрсийн г1араваьлла яздархо Солженицын халкъаца цхьаьнакхеташ, халкъ кхетош, Россихула волавелла лела.

- Со а, Солженицын а цхьаъ вац. Иза оьрси ву, со нохчо ву. Иза даймахках а къаьстина, шортта хьал-бахам а болуш, Америкехь вехаш ву. Ткъа со къелла къикъвоьлла, сайн халкъаца цхьаьна дика а, вуон а, халонаш а ловш, сайн даймахкахь веха. Оьрсийн вовшашца дов хилча а, т1ом хилча а тарло, цара атта машар бо. Церан шайн йиша-вешица а бала бац. Ткъа нохчийн, Теркайистехь, аренгахь а, Нохчмахкахь, лаьмнашкахь а бехачийн вовшашца гергарлонаш ду, вовшийн бевзаш бу, вовшийн диканехь, вуонехь а бу. Шен къоман кхолламан бала болу нохчо цуьнца цхьаьна дика а, вуон а, халонаш, баланаш, бохамаш а ловш шен даймахкахь, шен халкъаца хила веза, ткъа вайн цхьаболу «патриоташ», кхузахь даккхийн хабарш а дуьйций, шаьш къоман бакъ, ц1ена к1ентий ду, цуьнан дуьхьа шаьш синош д1адала кийча ду бохуш дуйнаца ч1аг1онаш а йой, халкъана т1е бохам беача, иза д1а а тосий, даймахкара д1абовду. Европе, Турце, 1аьрбан мехкашка а. 1991 шеран гурахь республикан Лакхара Совет д1аса а хецна, Хасбулатов Москва д1авахара, х1етахь митингашкахь къамелаш, до1анаш деш лелла 1абдул-Бакъи а, шен Иордане д1а а вахана, тап=аьлла д1атийна. Германехь охьа а хиъна, цигара схьа нохчашна хьехарш деш 1а Авторханов 1абдурахьман. Вайн халкъаца дика а, вуон а лан даймахка ц1аберза ца лаьа царна. Х1ара сан халкъ ду, сан даймохк бу, со кхузахь вина, х1окху дуьненан дерриг хьал сайна схьадаларх, сайн даймахках а, халкъах а къаьстийла дац сан. И цхьаъ ду. Шолг1а. 1991 шеран гурахь Ельцинаг1ара схьаваийтича Хасбулатовс динарг хаьа вайна. Москвара, кхечу пачхьалкхашкара схьабог1учу нохчашна улло х1отта ца лаьа суна. Мичча хенахь а Нохчичу эскарш дало, т1амца халкъ д1ата1о кечъелла 1аш ю Москва. Нагахь санна российски эскарш Нохчийчу а даьхкина, т1ом хилахь, къомана зулам далахь, бехке бацахь а бехке бийр бу наха Москван мотт-эшарца цигара схьа бог1у нах. Уьш а, кхузахь царна улло х1иттина лелларш а. Моск-

вахь цхьа ц1ога долчу нахана улло а х1оьттина халкъе сайна не-1алт алийта ца лаьа суна.

- Хасбулатовгахьа ву Гантамиров а, Лабазанов а, церан т1ема-лой а…

- Машарна юкъ йихкина араваьллачу стагана герз а, т1емалой а ца оьшу, - элира Абузара. – Цуьнан дог а, куьйгаш а ц1ена хила деза.

Оцу деношкахь митингашкахь къамел деш гайтира Хасбулатов. Иза ларвеш боккхачу барамехь ха а дара, герзах доьттана. Хасбу-латовна а, цунна г1оьнна улло бевллачу нахана а къоман барт а, машар а ца бабелира. Мелхо а цхьаццанхьа ц1ий 1анош меттигаш а хилира.

Ткъа, дукха хан ялале, 10 ноябрехь хиллачу Нохчийн къоман конгрессехь цига гулбеллачу наха сацам т1еийцира, Хасбулатов дуьненчура д1акхелхича нохчийн махкахь д1аволлар доьхкуш.

Ткъа масех бутт хьалха Хасбулатов Лефортан набахтин тут-макх волуш, иза маршаваккхар доьхуш, Деле до1анаш деш дара халкъ.

Ц1ена нах бехбеш, хьоьшуш, боьханаш ц1анбеш, лакхабохуш зама яра иза…

* * *

1994 шеран гурахь къаьсттина карзахъевллера 1едалан коьртехь болчийн а, Теркайистерчу оппозицин а юкъаметтигаш. Дуьйцура, Москван г1оьнца оппозици герзаца кечлуш ю, церан Соьлжа-г1али чубахка ойла ю бохуш. Шиний аг1орчех нах бойуш меттигаш а хилле-ра. Къам боккхачу бохамна хьалха лаьттара. Машаре дош, бакъдерг аларх цхьанна а ца хезара. Адамаш изсах девлла, хьере хиллера.

Сентябрь бутт чекхболуш, хьох дагавала Дудаевс ваийтина ша аьлла, Алсултанов Лом-1ела веара Абузар волчу. Цо шена хетарг элира.

- Айхьа дийцинарг яздехьа, ас Жовхаре д1алур дара иза, - эли-ра Лом-1елас. – Хьанна хаьа, цхьаццадерг суна дицлой а.

- Яздеш хилча-м, масех стеган ц1арах яздича дика хир дара, - ойла йина вистхилира Абузар.

Цо къастийра Арсанукаев Шайхи, Вагапов Якъуб, Музаев Мохьмад, Хасиев Сайд-Мохьмад а. Т1аккха шена ма хетта кехат а яздина, Лом-1еле д1аделира.

- Г1алахь уьш виъ цхьаьнатохий, царна хетарг т1е а тухуш, кечдайта, - аьлла.

Цара пхеаммо х1ара кехат яздира Дудаевга:

**ПРЕЗИДЕНТУ**
**ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**ДЖОХАРУ ДУДАЕВУ**

**Уважаемый Джохар!**

**Мы, нижеподписавшиеся, уже немолодые люди, прожившие жизнь, не дав никому повода обвинить себя во властолюбии и в корыстолюбии. В меру своих сил и профессиональной компетентности мы старались, стремились максимально извлечь пользу для народа из своих скромных способностей.**

**В настоящее время наше обращение к Вам продиктовано только одним – болью за настоящее и тревогой за будущее нашего народа, всех граждан Чеченской Республики без деления их на «красных и белых».**

**Сегодняшнее положение в республике и вокруг нее Вам хорошо известно, что освобождает нас от необходимости останавливаться на нем сколько-нибудь подробно. Отметим только все более набирающие силу опасные тенденции: раскол в нашем обществе, все более углубляется с эскалацией непримиримости и враждебности, угроза внешнего вмешательства с громадным морально-политическим и материальным ущербом для нации все более возрастает, приобретая реальные очертания. Чеченскому народу в сегодняшней ситуации не на кого рассчитывать, как на самого себя. Оппозиция не признает правительство, как не оправдавшее до-**

верие народа, правительство обвиняет оппозицию в измене нации. У каждой стороны свои на их взгляд неопровержимые аргументы... Ситуация предельно опасная для судеб Чеченского государства и его народа, которая может привести народ только к катастрофе.

В качестве выхода из этой предельно ненормальной ситуации мы предлагаем на Ваше усмотрение следующие мероприятия:

1. Вступить в прямые непосредственные переговоры с оппозицией о моратории на использование вооруженных формирований в дальнейшей политической борьбе в выработке механизма совместного контроля за осуществлением этого моратория.

2. Объявить о проведении всенародного референдума по вопросам о Статусе Чеченской Республики и форме ее правления:

– президентской или парламентской.

3. Противоборствующим сторонам согласовать вопрос о дате свободных демократических выборов в Парламент Республики.

4. Указом Президента восстановить Конституционный Суд ЧР, подчеркнув, что он подчиняется не каким-либо должностным лицам, а лишь одному Конституционному закону.

5. Выработать соглашение о совместном радио и телевидении в целях разъяснения своих программ и целей. Дать обоим сторонам публичное обязательство воздерживаться в дискуссиях от идеологического и политического экстремизма, взаимных оскорблений, личностных нападок и наклеивания ярлыков друг на друга.

6. На период проведения всенародного референдума о статусе Республики, форме ее правления, парламентских выборов противоборствующим сторонам договориться о режи-

ме работы правоохранительных органов, назначив во главе их нейтральных лиц, которым доверяют обе стороны или иным путем.

7. Референдум и выборы провести под контролем выборных от обеих сторон лиц, под наблюдением восстановленного Конституционного Суда. Поскольку независимость Чеченской Республики Россией еще не признана, считаем целесообразно пригласить на эти выборы наблюдателей из России в лице ее официального руководства.

8. Вновь избранный Парламент назначает Правительство, в связи с чем Президент слагаем с себя полностью полномочия Премьер-Министра.

9. Начать переговорный процесс с немедленного освобождения политических заключенных и всех заложников, захваченных обеими сторонами.

Джохар, на уровне пропагандистского варианта политики каждая из сторон может игнорировать друг друга и взаимную неприязнь их можно понять. Однако на уровне практических действий , преследующих цель сохранения единства, суверенитета и целостности республики и защиты народа от самой бесмысленной и неразумной из всех войн – гражданской войны, необходимо исходить из реальных условий. Гражданская война в Чечне, по нашему глубокому убеждению, закончится тем, что власть, которую оспаривают ее участники, непременно окажется в руках у третьей, совсем не чеченской стороны.

Дала Ша къобалбечу новкъа нисдойла вай!

АЙДАМИРОВ АБУЗАР
Народный писатель
АРСАНУКАЕВ ШАЙХИ
Народный поэт
ВАГАПОВ ЯКУБ
Преподаватель университета

**МУЗАЕВ МАГОМЕД**
**Историк**
**ХАСИЕВ САЙД-МАГОМЕД**
**Этнолог.**
**30 сентября 1994 года.**

* * *

1994 шеран 1 октябрехь Хасиев Сайд-Мохьмадца Абузар Соьлжа-г1аларчу профессоран Айсханов Султанан санаторе сада1а а, дарбанаш лело а вахара.

Амма цунах сада1ар ца хилира. 3 октябрехь санаторе иза волчу веара кхо стаг. Цара шаьш довзийтира: Гунашев Аманчи Атаевич – Казахстанан халкъан конгрессан партин председателан заместитель, «Масла1ат» боламан Советан председатель; Абдуев Нажмудин Сираждинович – «Масла1ат» боламан координацин Советан председателан заместитель; Мурадов Ахьмад Сайдрахманович – «Масла1ат» боламан Советан председателан заместитель. Уьш Казахстанехь бехаш, болх беш бара. Даймахкахь х1оьттинчу чолхечу, кхерамечу хьолан бала кхаьчна арадевлла шаьш лела ши бутт сов хан ю, бохура цара. Казахстанера схьабовлале церан дийцарш хиллера Казахстатан президентаца Назарбаевца а, Лакхарчу Советан председательца а. Шаьш цаьрга дехна бохура Россина а, Нохчийчоьнна а юккъехь машар бан юкъадовлахьара аьлла. И шиъ реза хилла бохура. Т1аккха кхуза схьабаьхкича церан къамел хиллера Дудаевца а, муфтица Мохмад-Хьусайнца а. Т1аккха оцу шиннан бертахь Москва а бахана церан къамелаш хиллера Хаджиевца а, Завгаевца а, Хабулатовца а, кхечу нохчашца а.

Цигарчу нохчийн цхьабарт бац, вовшашца г1оьртина бу, х1ораммо а шен-шен къоман кхолламца бала бу бохура цара, амма массо а цхьацца аг1ор д1асаг1ерта уьш, бохура оцу кхааммо.

Церан къамелаш хиллера Шахрайца а, Абдулатиповца а, Еговровца а.

Шахрайс цаьрга юьхьадуьххьал схьааьлла хиллера, нагахь санна Нохчийчохь адамийн бакъонаш хьешар, адамаш дайар, талораш дар а ца сацадахь, Россин законашца низам а ца х1оттадахь, и низам шаьш кху чу экарш а далийна х1оттор ду.

- Шахрайс аьллачо дегнаш дохийна, сингаттам хилла ц1а даьхкина тхо, - дуьйцура цара, - Нагахь санна Дудаевг1еран а, оппозицин лидерийн а цхьабарт а хилла, къам цхьаьна а тоьхна, Нохчийчуьра кхераме хьал д1а ца дерзадахь, Россис кху чу эскарш а далийна, къомана боккха бохам боккхург хиларан цхьа тайпа шеко яц. Оха муфтица барт бина оцу шина а аг1орхьарчарна т1е а дахна, царна юккъехь барт, машар а бан г1орта. Кхана делкъал т1аьхьа диъ сахьт даьлча ша т1еоьцур ду аьлла дош делла тхуна. Тхо Меската даханера хьо волчу. Хьо кхузахь санаторехь ву, аьлла схьадаьхкина тхо. Хьо тхайца Дудаев волчу ван лаьара тхуна а, кхечу накъосташна а.

- Нохчийн къомана т1ег1оьртинчу бохаман бала кхаьчна, ц1ера арадевлла шу, - элира Абузара, ойла а йина. - Шуна Дела реза хуьлда, аш схьалаьцначу сийлахьчу новкъахь Дала аьтто бойла шун. Ткъа вовшашна дуьхь-дуьхьал лаьттачу шиний аг1орхьарчарна юкъахь барт, машар бан г1ерташ, ас дукха корта биттина. Д1адаханчу шеран ноябрехь иза со волчу веача а, х1окху шеран июнехь г1алахь цуьнца цхьаьнакхетча а оцу хьокъехь Дудаевца къамел хилла сан. Х1инцца, ши-кхо де хьалха оха цхьа пхеа стага оцу хьокъехь тхаьшна хетарг олуш кехат а яздира цуьнга. 1991 шарахь дуьйна Хаджиев ца гина суна. Ткъа Автурханов 1умар цкъа а суна гина стаг вац. Амма со волчохь хилла Хаджиевн, Автурхановн, Завгаевн, Хасбулатовн а векалш. Цаьрга массаьрга а ас доьхура, аш нохчийн къам дакъошка а декъна, юкъа мостаг1алла а кхоьллина, б1арздина хьийзадо, шун цхьа барт хилча, къоман барт а хир бара, аш иза ца дахь, Россис кху чу эскарш далор ду, т1ом хир бу, къам х1аллакьхир ду, шаьш бахьна долуш къомана бохам ма баккхахьара аш. Амма, аш ма аллара, уьш вовшашца г1оьртина бу, шаьш-шаьш бакълоь, ткъа бисинарш харц бу, зуламхой бу олу, шайна юккъехь цкъа а машар, барт а хир бац олу. Цаьрга корта беттар эрна ду. Х1етте а, х1окху хьолан бала кхаьчна

леларна, соьгара цхьа масла1ат хир дацара-те бохуш, сан х1усаме дахана леларна, шуьца д1авог1ур ву со. Шун юьхь йина, шуьца г1иллакх лаьцна.

4 октябрехь суьйранна диъ сахьт долуш накъосташна т1е Абузар д1авига веара Арсанукаев Шайхи, Магомадов Мухтар а. Уьш д1акхаьчча, Президентан г1али хьалха лаьтташ бара накъостий.

Дудаевна т1еваханарг уьш итт стаг вара: Казахстанера хьеший – Гунашев Аманчи, Абдуев Нажмудин, Мурадов Ахьмад, муфти Алсабеков Мохьмад-Хьусайн, цуьнан заместитель а, профессор Айсханов Султан а, цуьнан поликлиникехь болх беш волу, х1етта Юккъерчу Азира ц1а веана кхин цхьа профессор а, профессор Магомадов Мухтар, Арсанукаев Шайхи, Айдамиров Абузар а.

Уьш уьссалг1ачу г1атте хьалабевлча цига гуллуш бара вице-президент а, берриг вице-премьераш а.

Абузаран накъостех цхьаъ т1е а веана, вистхилира цуьнга:

- Абузар, оха Дудаевца барт бинера цуьнца шецца цхьаьнакхета. Ткъа х1орш дуккха а схьагуллуш бу. Д1адахча х1ун дара-те вай?

- Схьадаьхкина девлла вай. Х1инца д1адахар г1иллакхехь хир дац. Уьш дуккха а цхьаьна хилар мелхо а дика ду.

Х1орш цхьаьна жимчу зала чу а бигна, ах гуо беш х1иттийначу столашна улло г1анташ т1е охьаховшийра. Царах къаьстина цхьана аг1ор охьахевшира вице-премьераш. Царна дуьхьал х1оттийна стол еса яра. Масех минот яьлча чу баьхкина цига охьахевшира Дудаев, Яндарбиев, арахьарчу г1уллакхийн министр Шамсудин Юсеф а. Цхьаммо а баьхкинчу хьешашка маршалла а ца хаьттира, шу даьхкина а ца элира, х1орш мостаг1ий болуш санна. Нийсса аьлча, иштта цхьаьнакхеттачохь мостаг1ашка а маршалла хоттуш г1иллакх дара, нохчийн-м хьовха, дуьненахь а лелош.

Алсабековс д1адолийра къамел.

- Джохар, х1ара соьца схьабаьхкина нах, ас ц1ераш ца яьхча а шуна а, махкана а бевзаш нах бу. Тхан схьадахкаран бахьана а хьуна хаьа. Теркайистехь охьахевшинчу тобанна а, шуна а юккъехь х1оьттина кхераме хьал а вайна хаьа. Шиний аг1орчех дайана

а, дойуш а адамаш ду. Х1ара хьал ишта кхид1а а дахлахь, къомана боккха бохам баларна кхоьруш, х1окху хьоло сагатдина, машарна, масла1атна схьадаьхкина тхо…

Джохара цуьнан къамел юкъахдаьккхира.

- Машар бан г1оьртина, ахь х1ун дина? Х1ун деш ву хьо, хьан 1еламнах, имамаш? Теркал дехьа оцу мунафикъашна т1еоьху кхузара нах х1унда ца совцабо аш?

- Делхьа, Джохар, со-м сайн ницкъ кхочург деш а, дан г1ерташ а ма ву. Кхузара-м хьовха, Дег1астанара, Г1алг1айчуьра, Г1ебартара, Азербайджанера 1еламнах схьа а балийна, цаьрга машар байта а ма г1иртира со…

- Хьо х1ун дан г1ерта ца хоьтту ас хьоьга, Теркайистерчу мунафикъашна т1е кхузара д1аоьху мунафикъаш х1унда ца совцабо аш?

И шиъ г1овг1а ян воьлча, сацийра Абузара:

- Дитал и шаьшшиннан дов. Шаьшшиъ шаьш волуш къестор аш шайн галморзахаллаш. Казахстанера схьавеанчу кхаанга дийцийтал цара деанарг.

Оцу кхааммо къамел дира Москвахь шайн хиллачу цхьаьнакхетарех лаьцна. Царах цхьаммо Россин а, Нохчийчоьнан а юкъаметтигаш галйовларна цхьаболу бехк вайн республикан лакхарчу куьйгалхойн беш къамел дича, Дудаевн а, Яндарбиевн а маьхьарий девлира. Кхечо дийцира, шаьш Девкар-эвлана уллохь ха деш лаьттачу т1емалоша совцийча, ша цаьрга хаьттира, герз карахь вовшашна дуьхьал х1унда девлла шу, вовшийн х1унда дойу аш аьлла. Цхьаммо жоп делира, оцу Теркал дехьарчу оппозицехь болчара шен девешин к1ант вийна, ша ч1ир екха веана.

- Дика веана, - элира Дудаевс, - Ша вуьззина нохчийн к1ант волу дела. Иштта, ч1ир йоькхуш бойур бу и мунафикъаш!

Магомадов Мухтар къамел дан ца вуьтура Яндарбиевс, цуьнан дешнаш кегдеш. Мухтар оьг1азвахара. И шиъ вовшашка багош леян воьлча Абузара Мухтар сацийра. Машарна араваьлла стаг оьг1азвахча, дов дан воьлча, машар хир бацара. Къамел дира Айсханов Султана, цуьнца волчу профессора а. Алсабековс Абузаре къамел дахьара бохура, шаьш цунах догйовха даьхкинера кхуза.

Кхузахь къамел дар эрна дуйла хаьара Айдамировна. Къамел долийча и шен накъостий санна, ша шога юкъахваьхча лалур дацара цунна. Ткъа х1окхо, дипломати ца хьехош, шен дагахь дерг дуьххьал д1аолура. Алсабековс шозлаг1а дехар дича Абузар хьалаг1еттира.

- Х1ара вайн цхьаьнакхетар вай вовшашна т1етт1акхаьччахьана а

шийло доладелла. Вай вовшийн девзаш делахь а, х1окху сохьта шу долчохь хьеший ду тхо. Амма аш тхоьга маршалла а, хьал-де а ца хаьтти. Къамел долалушшехь девнаца доладели. Муфтин а, цуьнан 1еламнехан, имамийн керахь боккха ницкъ бу къоман барт бан а, машар бан а. Амма герз керахь дуьхь-дуьхьал лаьтта шу шиний аг1орнаш и барт, машар а бан лууш ца хилча, оцу муфтин а, 1еламнехан а ницкъ бац иза дан. Нагахь санна шу шиний аг1орхьарниш шайна юкъахь а, къоман а барт хила, махкахь машар хила лууш белахь, и нах машарна, масла1атна вовшахтохар а, арабахар а шун декхар дара. И цхьаъ ду. Шолг1а. Къам шина декъе а декъна, иза дуьхь-дуьхьал а даьккхина, царна юккъе мостаг1алла а доьллина 1ачу шуний, оппозициний юккъехь машар, барт бан, ц1ий 1енор кхин гена ца долуьйтуш сацо 1алашо йолуш арадевлла тхо. Со, масала, сехьарчаьргахьа а, дехьарчаьргахьа а вац. Суна шу шиний аг1орхьарниш цхьа нохчий, цхьа вежарий ду. Суна луург – къоман барт, махкахь машар хилар, къоман сий лардар, къам бохамах лардар ду. Изза ойла ю тахана кхуза баьхкинчу сан накъостийн а. Шу шиний аг1орхьарниш боккъал а нохчийн къоман кхолламан бала болуш белахьара, шаьш дага а девлла, тхо саннарш, я тхол хьекъале, кхетаме, халкъо лоруш болу нах а лехна, Делан дуьхьа, нохчийн къоман дуьхьа, тхо шиний аг1орхьарчех харц-бакъ верг а къаставай, тхуна юккъехь машар, барт бахьара аш аьлла дехар а дина, и нах г1овтто декхар дара шун. Иза-м муххале а ца дора аш шиний аг1орхьарчара, мелхо а къоман кхолламан бала а кхаьчна, тхешан лаамехь цхьаьнакхетта схьадаьхкинчу тхуна дезадоь шу, тхоьга мостаг1ашка санна хьуьйсу шу. Цхьацца маь11е охьа а хевшина, тхоьга б1аьргаш къерзочул, стола т1е чай я хи х1оттийна, тхоьца цхьаьна стола гуонах охьа а хевшина,

тхуна хетарг а, луург а шаьш цкъа а т1елоцур дацахь а, тхоьга ладог1а ца мегара аш?

Чохь тийналла х1оьттинера.

- Х1окху т1аьхьарчу шерашкахь Нохчийчохь х1оьттина чолхе, кхераме хьал цхьалхадаккха, къоман барт, машар бан, юкъараллин-политически, социальни, идеологически хьелаш нисдан, гергарчу а, генарчу а халкъашца нохчийн халкъан уьйраш ларъян, ч1аг1ъян, т1ег1ертачу бохамах къам к1елхьарадаккха а сайна хетарг, сайн хьекъал кхочург аьлла ас Дудаевга шега а, вукху аг1орхьарчийн векалшка́а, зорбанехь а, телевиденехула а. Иза ас цхьамма аьлла ца 1а, сол хьекъалечу дуккха а наха аьлла. Амма соьга а, цаьрга а ладуг1уш бац шиний аг1орхьарниш. Цундела ас ч1аг1о йинера шуна т1е ца ван. И сайн ч1аг1о ас йохийра Казахстанера схьа а веана, Мескаta, сан х1усаме а вахана леллачу оцу къоначу кхаа стеган дехар духа ца тоха, цаьрца г1иллакх а лаьцна. Хьалха шуьга, я зорбанехь, телевиденехь айса дийцинчунна т1етоьхна тахана кхузахь дийца х1умма а дац сан. Кхо де хьалха санна, тахана а кхузахь дийца х1умма а дац сан. Цул сов, кхо де хьалха оха пхеа стага президентан ц1арах кехат яздина х1окху х1оьттинчу хьолах тхайна хетарг олуш. И кехат Дудаевга схьакхаьчна я ца кхаьчна ца хаьа суна.

Дудаевс, хьала а лаьцна, кехат гайтира:

- Схьакхаьчна!

Оцу кехат т1ехь шаьш яздинарг чохь болчарна довзийтира Абузара.

- Х1окху чолхечу, кхерамечу хьолах къам к1елхьарадаккха кхин дика некъаш хила а тарло. Оха пхеамма яздинарг тхешан юкъара барт хилларг ду, иза къоман барт, машар а барехь хьалхара г1улч хета тхуна. Кхид1а дан дезарг хено гойтур ду.

- Х1окху кехат т1ехь аш яздинарг оха дийр дац, - элира Яндарбиевс, церан кехат карахь д1аса а хьийзош.

- Х1унда? – хаьттира Абузара.

- Оцу Теркайисте охьахевшина зуламхой, герз охьа а диллина, х1окху махкара д1абевлча, т1аккха дуьйцур ду оха.

- Цара а боху изза! Шу зуламхой, халкъан ямартхой ду, шу куьйгаллера д1а ца довлахь, шаьш машар бийр бац. Шун къийсамаша, девнаша халкъана бохамаш ма боху. Пачхьалкхан, юкъараллин бахамаш талийна х1аллакбина, ишколаш, больницаш, 1илманан, культуран учрежденеш, почта, з1е, транспорт болх беш яц. Нагахь санна шаьш шиний аг1орхьарниш нохчийн къоман бала болуш делахь, вовшийн емалдар, сийсаздар а дитина, амбициш а йитина, цхьаьна охьа а хевшина, компромиссни барт бан ма беза аш!

- Цаьрца барт, машар а балур бац тхоьга. Кхин некъ гайтийша тхуна.

- Тхайна хетарг гайтина оха, ткъа цунна шу реза дац. Х1инца аш лахийша и некъ. Шаьш халкъо, демократин, ц1енчу некъашца хаьржина бохучу аш лаха ма беза халкъ бохамах к1елхьарадаккха некъаш. Иза халкъана хьалха шун декхар ма ду. Уггар хьалха Конституцин законашка болх байтийша, къолаш, талораш, адамаш дайар сацадейша. И законаш лардар, кхочушдар шайна т1ера д1адоладейша. Аш шаьш ма талхадо законаш. Парламентан 41 депутатах президентан Указаца цкъа хьалха 20 д1аваьккхи, т1аккха ерриг парламент д1асахийци. Иза халкъо хаьржина ма яра. Дукха хан йоцуш телевиденехула къамел деш ву республикан прокурор. Шен ц1а чу кхоьссинчу бомбанан гераг а гойтуш боху цо, бехкечух ша ч1ир йоькхур ю, цуьнан ц1а чу бомба кхуссур ю. Чоьхьарчу г1уллакхийн министро телевиденехула боху оппозицехь болчара масех милцо вийна, шаьш исс ээар вуьйр ву, шаьш ч1ир йоькхур ю. Оцу министерствон цхьана отделан начальнико боху, шайн бенойн тайпанах ялх стаг вийна, шайн тайпа доккха ду, шаьш ч1ир йоькхур ю. Джохар, х1инцца ахь а элира, оппозицис байинчу нехан гергарчара ч1ир йоькхур ю. Вайн Конституцис, законаша магийна дуй ткъа ч1ир екхар? Бакъонаш ларъяран органаша дан дезаш дац ткъа зуламхошна та1зар. Прокуроран, министран, доккхачу тайпанан а ницкъ бу шайна зулам динчу нахах бекхам эца. Ткъа прокуроран, министран санна, карахь 1едал, милици йоцчу, доккхачу тайпанах боцчу наха, зударша, бераша, къеначара х1ун дан деза шайна къола дича, шайн стаг вийча? Цара хьаьнга орца ала деза, царна орцах мила вер ву? Аш официале кхайкхадо

республикехь дийнахь-буса пхиъ-итт вийна, лачкъийна, т1епаза вайна бохуш. Телевиденехула гойту байинчийн, т1епаза байначийн суьрташ. Къоначийн, зударийн, мехкарийн, берийн а. Цул сов, дарбанаш лело лоьраш боцуш леш дукха адамаш ду. Больнице стаг охьавижориг даккхий ахчанаш доьху. И ахча доцчара х1ун дан деза? Вайн къам х1аллакьхуьлуш ма ду, цуьнан ойла х1унда ца йо аш шиний аг1орхьарчара? Уггар хьалха аш, куьйгаллехь болчара?

- Тхоьга куьйгаллера д1адовла аьлла даьхкина шу? – ша волччохь тохавелира Яндарбиев.

- Ца даьхкина, - парг1ат жоп делира Абузара, - Масала, со дуьхьал ву х1окху муьрехь, х1окху хьелашкахь шу куьйгаллера д1адахарна. Цкъа-делахь, 1991 шарахь аш нуьцкъах республикан 1едал хийцича халкъана хилла дика болх гуш бу. Ишта нуьцкъах шу д1а а даьхна кхин х1итто, т1аккха уьш д1а а баьхна кхин х1иттош вай лелча, олуш ма хиллара цунах «татин гота» хир ю. Халкъо хаьржина куьйгалхой митингашкахь а, я цхьана тобано а д1абаха ца беза, и бакъо халкъан ю. Шолг1а-делахь, шаьш куьйгаллехь долуш галдевлла хьелаш аш нисдан дезаш а, аш жоп дала дезаш а ду. Хьалха Завгаевг1ар санна нуьцкъах д1адаьхча шу х1окху х1оьттинчу хьолан жоьпаллех к1елхьарадовлу. Конституцица нийса, демократин некъашца харжамаш аш бича халкъо къастор ду шу куьйгаллехь дисаран а, мукъадахаран а г1уллакх.

- Нагахь санна х1ара хьал со бахьана долуш галдаьллехь, со куьйгаллера д1аваьлча нислур делахь, балхара д1авалар-м хьовха, сайх ц1е а тесна, я х1окху уьссалг1ачу этажа т1ера охьа чу а иккхина, вала кийча ву-кх со! – элира Джохара.

- Хьо вала ма лехьа, Джохар, хьо вала лууш цхьа а вац. Дала могаш-маьрша дукха вахавойла хьо. Цул, оцу кехат т1ехь оха бохург дехьа.

Дудаев, хьала а г1еттина, кехат карахь Абузарна т1евахара.

- Абузар, аш Конституцин Суд меттах1оттае боху соьга. Оцу суьдан декъашхой ма бу тхан а, къоман а барт бохийнарш!

- Х1ета, церан метта кхин, ц1ена нах харжийша!

- Сан бац цига харжа ц1ена нах.

- Ой, Конституцин Суьде харжа Нохчийчохь хьекъале , тешаме, ц1ена варх1 стаг ца хилча вай нохчийн пачхьалкх муха кхуллу?

Дудаев вахана шен метта охьахиира.

Айдамировс шен къамел дерзийра.

- Юха а боху ас, шу шиний аг1орхьарчийн а, къоман а барт бан г1ерташ сайн хьекъал кхочург, сайна хуучу маттаца, айса дуьйцург нийса делахь а, гома делахь а сайна хетарг ас шуьга а, зорбанехь, телевиденехула а д1ааьлла. Со бехказа ву Далла хьалха а, халкъана хьалха а.

Чу бог1уш санна бист ца хуьлуш, х1орш чохь а битина арабевлира куьйгалхой. Х1орш итт стаг шаьш висча, х1ара г1уллакх эцна кхана Теркайисте оппозицин тхьамаданашна т1едаха барт хилира накъостийн.

- Со вог1ур вац шуьца, - элира Абузара сацам боллуш, - Церан дагахь дерг суна хаьа. Х1орш а, уьш а цхьаъ бу.

Шолг1ачу дийнахь Теркайисте баханера цуьнан накъостий. Цигара юхавирзича, Абузар волчу веара Казахстанера кхо хьаша. Автурханов, Хаджиев а ца карийра шайна бохура цара. Цаьршиннал лахарчу тхьамданашца къамел хилира шайн, Дудаевг1ар куьйгаллера д1а ца бовлахь цаьрца барт а, машар хир бац аьлла бохура цара а.

Вай маршо яьккхина, вай йозуш йоцу маьрша нохчийн къоман пачхьалкх кхуллуш ду бохуш, шовкъе хиллера халкъ. Ткъа цхьана наха талош болу пачхьалкхан а, юкъараллин а бахамаш, болх ца беш севцца ишколаш, больницаш, почта, з1е, транспорт, къолаш, талораш, лечкъош, дойуш долу адамаш, кхечу къаьмнийн шех бовш болу тешам, кхоллалуш болу цабезам, Россигара схьа т1ег1ерташ болу кхерам - уьш дерриг а ца гора халкъана. Гуш делахь а, цуьнан ойла ца йора.

Маршо яьллера цхьана нахана. Иэхь-иман доцчарна. Делах а, Къематдийнах а ца кхоьручарна. Адамалла а, оьздангалла а йоццарна. Шайн аьтто хилчхьана, гергарниш а, дерриг а нохчийн къам а сийначу ц1ергахь чим хилла дагарх шек ца бовлучарна.

Х1ара тайпа маршо яцара нохчийн дайша сатийсинарг, шина б1е шарахь шегахьа къийсинарг, т1еман арахь а, даймахках бевлла а 1ожалла т1еиэцнарг.

Цара сатийсинарг кхин маршо, кхин пачхьалкх яра.

Делах тешачу, Делах кхоьручу бусулба, оьздачу нохчийн маьрша, машаре пачхьалкх.

Къоман барт а болуш, къома юкъахь нийсо а йолуш. Къомана коьртехь цуьнах дог лозуш, цунна тешаме, хьанал, иза харцонех, чоьхьарчу а, арахьарчу а зуламех, бохамех лардан, нийсо ян, къоман барт бан хьекъал а, кхетам а, оьздангалла а, къинхетам а, доьналла а долуш, Делах тешаш, Делах кхоьруш куьйгалхой, 1еламнах а болуш маршо а, пачхьалкх а яра дайша сатийсинарг. Цуьнан дуьхьа б1е эзарнаш синош д1аделларг.

Иза дара шен дерриг а дахарехь Айдамиров Абузара сатийсинарг а...

* * *

Уьш кхийринарг, ца хилийта г1иртинарг кестта хилира.

Церан и цхьаьнакхетар хиллачул т1аьхьа иттех де даьлча, Абузар санаторехь а волуш, шина аг1орхула Соьлжа-г1али чу г1оьртира Дудаевна а, цуьнан правительствона а оппозицехь болчийн герзаца кечйина ши тоба. Мухха делахь а, герз ца тухуш, ц1ий ца 1анош юхабевлира уьш.

26 ноябрехь Соьлжа-г1али чу яьхкира оппозицин керла тобанаш. Х1инца цаьргахь, герзал совнаха, танкаш, БТР, БМП, российски эскарийн эпсарш-инструкторш а бара.

Правительствон эскарша оцу цхьана буса ерриг бронетехника я аьтта, я схьаяьккхина, г1али чуьра аракхийсира уьш.

Оппозицин ницкъашца Дудаевн 1едал д1адаккхадаларх догдиллина, 1994 шеран 11 декабрехь Нохчийчу эскарш далийра Москвас. Декабран т1аьхьарчу а, январан хьалхарчу а деношкахь Соьлжа-г1алина мосазза а штурм йира российски эскарша. Яккхийчу тоьпаша, танкаша, бронетехнико, авиацис къинхетамза отуш яра г1ала. Итт эзарнаш адамаш дайинера, заь1ап динера, херцорашна к1ел т1епаза дайинера. Нохчий, г1алг1ай, оьрсий, кхечу къаьмнех адамаш а. Агрессорша ца къестадора къаьмнаш, зударий, бераш, къенаниш а. Дийцарехь, правительствон эскарш г1алин йистошка даь-

хнера, уьш т1амехь дакъалоцуш дацара. Г1ала ларийираш шайн лаамехь герз караиэцна леташ нохчийн халкъан турпала к1ентий бара. Зударий а, къенаниш а, кхиазхой а. Масех дийнахь цара йохийнера, ягийнера мостаг1чун б1еннаш танкаш, БТР, БМП, яккхий тоьпаш, кеманаш, вертолеташ, байинера эзарнаш салтий. Г1алахь бисинчу бахархошна а, т1емалошна а кхача, хи, газ, электросерло а яцара. Чевнаш хиллачарна дарбанаш, медикаменташ яцара. Лоьраш ца тоьара. Мостаг1ашкара схьадаьккхинарг бен герз дацара.

Ткъа Россис кху чу тоьттура барам боцуш, хьесап ца дадаллал дукха эскарш, т1еман техника а. Мини-Тог1ина а, Тухчарна а юккъехь т1еман лагерь яра. Российски эскарш х1иттинера Салатави а, 1аьнда а, Г1алг1айчу а. Шеко яцара, Соьлг1а-г1ала йоьжча и эскарш гуобаьккхина, массо а маь11ехула нохчийн ярташка даьржарг хиларан.

Х1окху т1аьхьарчу пхе-ялх б1ешарахь дуьненна а хиънера Россин 1едал – паччахьийн а, советски-коммунистийн а – къиза а, ямарт а, стешха а хилар. Иза кхаа б1ешарахь шен букъа т1ехь лайна нохчийн къомо. ХУ111-Х1Х б1ешершкахь ах къам т1еман ц1ергахь х1аллакдина, цхьадолу дакъа махках даьккхина, ткъа 1944 шарахь дерриг а махках даьккхина.

Х1етахьлерчу Россин «демократически» 1едало а къинхетам бийр бацара нохчийн къомах. Соьлжа-г1алина т1ехь х1оттийна къематде х1оттор дара ярташна т1ехь а. Нохчийчоь Россих д1а ца къастийта къам х1аллакдийр дара. Я цуьнан тоьлла к1ентий а байина, зударий, бераш, къенаниш буьтур бара. Царна кхоллалур юй ткъа къоман йозуш йоцу маьрша пачхьалкх? Дуьненчура д1адаьллачу къомана маршо а, пачхьалкх а ца оьшу. Цунах кхоьруш итт эзарнаш адамаш д1ауьдура Нохчийчуьра.

Яьсси хи т1ехь цхьаъ бен т1ай ца дисинера, дерриг а дохийнера российски эскарша. И т1ай Мескатахь дара. Оцу т1ай т1ехула, дийнахь а, буса а минот хан юкъа ца юлуш, хаддаза, шайн салпал, бераш, зударий, къенаниш, цомгашниш а машенашна, тракторшна т1е ховшийна а, г1аш а д1ауьдура адамаш. Росси, Украине, Азербайджане, Казахстане, Юккъерчу Азе, Турце, 1аьрбийн мехкашка а...

Къам х1аллакьхуьлучуьра к1елхьарадаккха х1уъа дина а машар бан безара.

Оцу ойланаша д1алаьцна Абузар 1аш, Алсултанов Лом-1ела веара иза волчу, х1оьттинчу хьолах лаьцна цунна х1ун хета хьажа Дудаевс ваийтина ша аьлла. Цаьршиннан дехха къамел хилира.

- Х1уъу дина а, т1ом сацо, машар бан г1орта деза, - элира Абузара, шен къамел дерзош. - Хетарехь, тахана т1амехь х1оьттина хьал оьрсашца машар бан вайн аьтто болуш ду. Шина дохьтехь Соьлжа-г1ала, шина к1ирнах Нохчийчоь д1а а лаьцна, кхузахь «конституцин порядок» х1отто ойла хилла ца 1аш, цунах тешна яра Россин генералитет. Царна моьттура шайн т1ом Дудаевн масех эзар т1емалочуьнца хир бу, ткъа уьш цхьаберш байина, шолг1анаш схьалецна, биснарш д1асалелхийна г1уллакх сихха чекхдер ду. Ткъа царна шина к1иранах Соьлжа-г1ала д1а а ца лацаелира. Агрессорна дуьхьал халкъ г1еттинера. Г1али чохь х1аллакбина эзарнаш салтий, эпсарш, б1еннаш бронетехника йохийна, ягийна, схьаяьхна. Амма Россин ши миллион салтий, эпсарш, инарлаш болуш эскар а, кхузаман тоьлла герз а, т1еман техника а ю. Кхузахь х1аллакьхуьлу салтий а, т1еман техника а царна дош а ца хета. Политикийн, инарлийн дог ца лозу кхузахь х1аллакьхуьлучу салтех. Церан шайн политически 1алашонаш ю. Г1ала мацца лаьцна а, цара д1алоцур ю. Т1аккха командованис ерриг а и т1еман армада, кхин т1е ницкъ а балош, ярташка тоттур ю. Г1алахь санна российски эскаршна дуьхьало ян аьтто хир бац ярташкахь. Цара генара схьа яккхий тоьпаш еттар ю, х1аваэра охьа бомбанаш, ракеташ еттар ю. Ярташ отур ю, адамаш дойур ду. Т1аккха т1аьхьа хир ду Россига машар д1ахьебан. Тахана цкъа т1еман а, моральни а толам нохчашкахь бу. Малхбузерчу пачхьалкхийн а, халкъийн дуьненаюккъарчу организацийн а ойла а, дегалазам а шен маршонехьа къуьйсуш леташ, леш а болчу нохчашкахьа бу. Цара нажжазйо Россин пачхьалкхан куьйгалхойн, политикийн бертахь, цара къобалдарца Нохчийчохь еш йолу къиза акхаралла. Россин исторехь дуьххьара оьрсийн халкъо а аз айдина х1окху т1амна дуьхьал. Оьрсийн наношна ца лаьа кхузахь шайн бе-

раш дойийла, халкъана ца лаьа шен киснара ахча политикаша х1окху т1еман ц1ергахь дагадойла.

Т1ом болийнчарна х1ара сацо луур дац, уьш машарна дуьхьал хир бу. Х1етте а, дуьненан дерриг халкъашна а хозуьйтуш, Росси-га машар кховдо беза вай. Нохчийн халкъ т1еман ницкъаца къар-лур доцийла а, гор дужур доцийла а дуьненна д1ахаийтина вай. Цундела т1еман а, моральни а толам ваьшкахь болччуьра, къам х1аллак ца хилийта, машар лаха беза вай.

Суна хетарехь, оцу машаран барт ишта хила беза:

1.Россис т1ом сацабо.

2.Российски экарш, цхьа салт ца вуьтуш, Нохчийчуьра арадоху.

3.Кхул т1аьхьа Нохчийчу агресси, интервенци ца ян т1елоцу.

4.Х1окху т1амна бехке болчу политикашна, пачхьалкхан а, т1е-ман а деятельшна та1зар дар т1елоцу.

5.Х1окху т1амна бехке йолчу Россис т1амо йохийна Соьлжа-г1ала а, ярташ а, кхидолу зенаш а меттах1итто т1елоцу.

6. Х1окху т1амехь байинчийн а, чевнаш хиллачийн а, заь1ап бинчу а нахана, церан доьзалшна компенсаци ло.

7.Нохчаша т1елоцу Нохчийчохь машар х1оьттинчул т1аьхьа я лакхахь гайтина ялх пункт кхочушъян Россис т1елаьцначул т1аь-хьа демократически некъашца, халкъийн юкъарчу организацийн тидам к1ел президент, парламент харжа а, цул т1аьхьа Нохчийн Республикан статусах дерг къастор халкъан лааме дуьллуш ре-ферендум ян а.

8. И барт шиний аг1орхьарчара кхочушбарна т1ехь тергам бар а, Юкъарло лелор а т1елоцу ООН, халкъийн дуьненан юкъарчу организацеша а.

Цул т1аьхьа масех де даьлча Нохчийчоьнан эскарийн Коьрта-чу штаба начальник Масхадов Аслан а, Лом-1ела а цхьаьний веа-ра Абузар волчу оццу г1уллакхах юха а цкъа дагавала. Изза къа-мел юха а дира цо шингге а.

Дукха хан ялале оьрсийн эскарийн командованица машаре дийцарш долийра.

Амма машар ца хуьлуш чекхдевлира уьш.

* * *

Соьлжа-г1ала йоьжча российски эскарш Аргуне, Гуьмсе г1оьртира. Мостаг1ашна дуьхьало ечарна г1оьнна бахана ярташкара кегийрхой ц1а хьийсабора, шайн шуна дала герз дац, герз доцчара кхузахь дан х1умма а дац, ц1а а г1ой, герзан г1айг1а а бай шайн ярташ ларъе бохуш. Дуккха а ярташкара кегийрхой иза дан буьйлира. Иза доккха г1алат дара командованин. Царна герз а мичара хир дара, хилча а бронетехникаца, артиллерица, авиацица схьататтаделла российски эскарш масех автоматца, таллархойн тоьпашца ярташкарчу бахархоша муха сецор дара? Цхьацца юрт отуш, Нохчийчухула чекхдевр дара уьш.

Мини-тог1ина а, Тухчарна а юккъехь туп тоьхна лаьтта российски эскарш схьа чу г1орта кечделла, вай вешан юрт ларъян кечдала деза, аьлла г1евттира мескатхой. Юьртахь иттех автомат а, оццул таллархойн тоьпаш а яра. Танкаш яго бензинах дуьзна шишанаш а кечдира. Зами-Юьртана а, Мескатана а юккъе некъаш т1е минаш а йоьхкира. Асфальт охкуш д1а1иттина уьш генара а къаьстара.

Районан юкъара штаб Мескатахь кхоьллира. Цхьанхьара еана шиъ йоккха топ а х1оттийра кхуза. Яьссин бердашца окопаш а ехира. Ярташка д1асаваханчу масех стага кхуза г1оьнна кхайкхира 1аьларара а, 1аьларойн-Эвлара а, Ялхой-Махкара а, кхечухьара а кегийрхой. Юьртара зударий, бераш, къенаниш а, буса охьа а ца буьйшуш, урамашкахь лаьттара.

Т1ом шайн ярташна гергаг1оьртича, арент1ара бевдда баьхкина дуккха а нах бара Мескатахь. Барамехь бухарчаьрга г1оьрташ. Юьртахь шаьш тхьамданаш хетачу баккхийчу нахе а, 1еламнахе а, кегийрхошка а, уьш кхето г1ерташ, дукха корта биттира Абузара. Шун иттех автоматца, таллархойн тоьпашца, бензинах дуьзначу шишанашца танкаш совцалур яц, аш топ я шиша кхоьссича, кхузахь шайна дуьхьало ян цхьа ницкъ бу моьттуш цара юрт йохор ю, юьртахь бухара а, т1ебаьхкина а зударий, бераш, къенаниш, цомгашниш бу, шу адамаш х1аллакдайта дохку. Аш йиллинарг штаб яц, амма мостаг1ашна юрт йохо бахьана ду. Шун шиъ йоккха

топ кхосса мегаш а яц, я кхийса шун снарядаш а яц. Шу юрт йохаяйта, адамаш дайийта г1ерта, 1адда1ахьара шу. Т1ом бан луурш цхьамма а ца сецабо, ярташна гена а довлий латийша.

Амма цхьаммо а Абузаре ла ца дуг1ура. Штабе гулбеллачу тхьамданаша сацам бира, российски эскарш Яьсси чудиссича, цигара д1аса ца довлуьйтуш х1аллакдан. Кегийрхой г1азоте а кхайкхира. Цхьа салт юьрта чу ца вита ч1аг1онаш а йира.

Оцу деношкахь цхьана буьйсанна яздархо волчу баьхкира Хошкалдера Сумбулатов Дени а, Гезлой-Эвлара Цуруев Шерип а, цаьрца оцу шиний юьртара кегийрхой а.

Цара а бохура шайн ярташкахь изза хьал ду.

- Баккхийчу наха, г1азот дехкий, т1амна кечло боху тхоьга, кегийрхошка. Ваьш дийна а долуш, цхьа салт юьрта вуьтур вац боху. Х1ара тхоьца схьабаьхкина кегийрхой Соьлжа-г1алахь а, Аргунехь а т1амехь хилла. Цигахь байинарш а, чевнаш хилларш а бу тхан ярташкахь. Цигарчу командованис д1а а г1ой, шайн ярташ ларъе аьлла, ц1а хьовсийна кегийрхой. Баккхийчу наха а лата, т1ом бе боху. Лата а, т1ом бан а герз а дац. Толар-м хьехор а дацара. Оха х1ун де-те аьлла, хьох дагадовла даьхкина тхо.

Шен юьртахошка ша аьлларг цаьрга а элира Абузара.

И кегийрхой г1азоте кхайкхинчу, т1аме хьийсинчу баккхийчу наха, март баттахь российски эскарш Гуьмсехула схьаг1оьртича кхерабелла, шайн ярташкара т1емалой арабехира. Шу чохь дитича шайн ярташна бохам хир бу, ярташ йохор ю, адамаш дойур ду аьлла. Иштта шайн ярташкара арабаьхна т1емалой Хошкалдан рег1аца хьаннашка а, Мескатa аг1ор хьаннашка а баьхкира. Оцу т1емалойх цхьаьннан букъа т1ехьа даккхийчу элпашца яздина кехат дара: «КЪОМАНА СОВБЕВЛЛА К1ЕНТИЙ!» - аьлла.

Апрелан хьалхарчу деношкахь Г1алит1ана т1ехула дукъа т1ехь, Дег1астанан дозанца позици а лаьцна, охьахевшира нохчийн т1емалой. Цигахь бара Энгана-Эвлара, Къеди-Юьртара, Хошкалдера, Гезлой-Эвлара, 1аьларой-Эвлара, 1аьлархула, Бенахула лакхарчу ерриг ярташкара к1ентий. Г1алит1арчу ишколехь, лакхохь ДРСУ, колхозан конторехь а севццера уьш. Дукъа т1ера д1а шайна т1емалоша кхиисарш ян йолийча, оцу аг1орчу ярташна т1е а,

гонахьа а яккхий тоьпаш, «градаш», «шилканаш» кхуьйсура эскарша. Х1аваэра охьа кеманаша а, вертолеташа а бомбанаш, ракеташ еттара. Кхечу ярташначул алсам еттара Мескетана т1е а, гонах а. Российски эскарийн командованина хаьара цигахь т1емалойн «штаб» а, шиъ йоккха топ а хилар, х1окху аг1орчу т1емалойн я «фронтан» командующи Мескатара хилар а. Иза советски эскарийн запасехь подполковник вара. Т1еман дешар дешна а вацара, эскарехь г1уллакх дечу хенахь автохозяйствона т1ехь куьйгалла дина вара. Х1усамнана оьрси яра цуьнан. Мескатахь «штаб» а йиллина, цхьанхьара еана кхуза шиъ йоккха топ а х1оттийна, цхьана аг1ор ведда д1авахара иза. Шен стунцахой болчу вахана а бохура.

Цхьа масех стаг бен ярташкахь ца вуьсуш, ярташ а юьтуш д1абевлира Г1алит1ара, Зами-Юьртара, Бетти-Махкара, Балансура, Нажи-Юьртара, Ишхой-Юьртара а бахархой. Мескатара 60-70% бахархой арабевллера. Оцу ярташкара уггар хьалха д1абевдира кегийрхошка г1азотана г1овтта, ваьш дийна а долуш оьрсийн цхьа салтий ярташка вуьтур вац вай бохуш, маьхьарий хьекхна баккхий нах, хьаьжой, маьждиган имамаш а. Мескатана гонахарчу цхьана а юьртахь велларг д1аволла 1еламстаг, молла, имам а ца висинера, Мескатарчу маьждиган имам Арсаев 1умар воцург. Юьртахь адамаш а дитина, иза ца ведира. Белларш, байинарш а цо д1абуххура т1ееттачу яккхийчу тоьпашна, ракеташ етташ т1ехула хьийзачу кеманашна, вертолеташна к1ел. Велларг д1аволла шеца масех стаг бен ца вуьгура цо, дуккха а цхьаьнаккхетча, нагахь т1етохахь, дуккха а адамаш дойур ду бохуш. Дийнахь кхераме хилча, буьйсанна д1абуххура цо белларш. Мескатара берриг а хьаьжой а д1абевдира, цхьа Висуров Вадуд воцург. Иза рузбанехь, стаг веллачохь тезеташкахь а, массанхьа а д1ах1оьттина вара.

Цхьа сиконд а хан тешаме йоцуш, гуобаьккхина гонаха хьийзаш 1ожалла йолуш, ярташкара берриг а бохург санна бахархой Дагестане а, Шелковске а, кхечухьа а бевдда бахча, ц1ахь биснарш подвалаш чохь а, лаьттах боьлла а левчкъина 1ачу оцу шина баттахь, Мескета а, лулара ярташ а ца йохаяйта, цигахь дисина адамаш ца дайийта г1ерташ, Мескатарчу бахархойн дехарца Мини-

Тог1и уллохь лаьттачу российски эскарийн командованина т1е лийлира кхузара Хусайнов Ибрах1им а, Селамханов Хьусайн а. Цара машар ца лехнехь хир долу дуккха а зенаш, зуламаш ца хуьлуш дисира уьш бахьана долуш. Шовхал-Берда уллохь российски вертолет дожийнера т1емалоша. Цунна т1ера шиъ летчик вaьгна веллера. Оцу шиннан декъий шайга схьа ца лахь Шовхал-Берд, Бетта-Мохк, Согунт1а лаьттаца д1ашарйийр ю аьлла, ультиматум еллера оьрсийн командованис. Оцу кхаа юьртахь а, Мескатахь а, и декъий даьгначу вертолета т1ера схьа а эцна, командованига д1адала цхьа а стаг ца ваьлча, и кхо юрт х1аллак ца яйта, хаддаза т1еетташ яккхий тоьпаш а, ракеташ а йоллушехь, и декъий вертолета чуьра схьа а даьхна, командованига д1аделира Мескатарчу Адамов Хьусайна а, цуьнан к1анта, Хьусайнов Ибрах1има а, Селимханов Хьусайна а, Абдулмежидов Саламус а.

1995 шеран апрель-июнь беттанашкахь дийнахь а, буса а, минот хан юкъа ца йолуьйтуш ярташна чу а, гонах а, некъашца а, хьаннашка а яккхий тоьпаш, «градаш», ракеташ, бомбанаш а йиттира цигахь. Уьш совцо, царна дуьхьало ян ницкъ а бацара. Оцу жоьжахатера шен доьзалшца цигара бахархой д1аидарх бехк буьллийла дацара. Гуш лаьтташ вала цхьанна а ца лаьара. Эрна х1аллакьхила а ца оьшура.

Абузара бехк буьллурш кхин нах бара. Вай оьрсашна ярташ д1алур яц, цхьа салт юьрта вуьтур вац, г1азот а дихкина, йолчо топ, иза йоцург диг, шада а эцна летар ду вай, г1азотехь лийр ду вай бохуш, кегийрхой ира-кара а х1иттийна, уьш т1аме а хьийсийна, шайн к1ентий т1аме а ца бохуьйтуш, т1аккха х1ара т1ом кхуза герга г1оьртича шайн доьзалшца, шайн к1енташца бевдда бахана нах бара. Шаьш а, шайн к1ентий а г1азотехь бала а, г1азотехь белла ялсамане баха а ца лаьара царна. И тайпа нах питане, ямарт, стешха, к1илло нах бара массанхьа а, цара бира къомана и бохам.

* * *

1995 шеран март беттан хьалхарчу деношкахь, марха даьстинчу суьйранна, маьрк1ажал т1аьхьа, карахь т1оьрмигаш а болуш,

кхо жима стаг хьошалг1а воьссира Абузаран х1усаме. Юьртахь элетросерло яцара, мехкадаьттанан чиркхан г1ийлачу серлонгахь уьш ца бевзара х1усамдена. Цара шаьш бовзийтира. Уьш «президентан канал» олучу Дудаевн правительствон телевиденера бара.

- Хьох лаьцна тайп-тайпана хабарш дуьйцу наха, - элира цара, - Цхьаболчара хьо цомгаш чохь висина ву боху, кхечара – Дагестане Гамзатов Расул волчу вахана боху, кхозлаг1чара дуьйцу, хьо оппозицехьа а ваьлла, Теркал дехьа ву бохуш. Тахана мархa даьстина нохчаша. Иштта, нехан марханаш къобал а деш, хьо ц1ахь а, могаш вуй а хоуьйтуш, х1окху т1амах а, х1оьттинчу хьолах а хьайна хетарг олуш телевиденехула вистхилахьара аьлла, хьоьга дехаре даьхкина тхо.

- Могашалла дика-м дера яц сан, амма цамгаро к1елвитина а вац, - жоп делира Абузара, - Ведда цхьаннахьа вахна а вац, вахча а Гамзатовна т1е а г1ур вацара. Цхьаннахьа ваха ойла а яц. Цамгарх хилахь а, и схьаеттарш т1етоьхна хилахь а, сан 1ожалла х1окху сан х1усамехь, со т1ехь 1уьллучу сан дечиган маьнги т1ехь хир ю. Ткъа оппозицех дерг аьлча, со даима оппозицехь ву. Коммунистийн 1едална а вара, Дудаевг1еран 1едална а ву, х1инца церан метта схьаг1ертачу оппозицина оппозицехь а хир ву. Харцонаш лелочу 1едална со цкъа а реза хир вац. Х1инца болчу куьйгалхошна реза вац аьлла, оцу схьа чубаьхкинчаьргахьа а вер вац. Оцу шиний аг1орхьарчара лелочунна реза вац со. И цхьаъ ду. Шолг1а, нагахь санна ас Дудаевг1ар хестош, т1ом ма сацабе, г1азотана г1овтта, вай т1аьхьарчу нохчочунна т1ех1отталц летар ду, вай тоьлар ду бохуш, оцу цхьана наха санна кхайкхамаш беш ас къамел дийр ду моьттуш шаьш схьадаьхкинехь, и шайн т1оьрмигаш схьа ма баста. И тайпа къамел ас дийр дац. Со т1амна дуьхьал ву. Суна ца лаьа, ас аьлла дош бахьана долуш т1аме а вахана, цхьана стеган п1елгах ц1ий долийла, цхьана доьзалан х1усамаш йохайойла, бераш байлахь дуьсийла, наной боьлхийла. Со т1амна дуьхьал ву, со машарехьа ву.

- Хьайна ала луург алахьа, тхо генара даьхкинера, деса д1а ма дахийтахьа… - дийхира баьхкинчу хьешаша.

Айдамировс динчу къамелан боцца чулацам иштта бара.

Къиза т1ом бу нохчийн махка т1ехь д1абоьдуш. Мостаг1чо къинхетамза, юьйцу ца хезначу акхараллица аьтта нохчийн коьрта шахьар - Соьлжа-г1ала. Цигахь дагийна х1аллакдина къоман сийлахьниг – истори, культура. Х1инца генара а, х1аваэра охьа а т1еетташ ата йолийна нохчийн ярташ. Итт эзарнаш адамаш дайина, дойуш ду, заь1ап дина, деш ду. Итт эзарнаш адамаш к1ел х1итта тхов боцуш, баа кхача боцуш б1арзделла хьийза. Итт эзарнаш адамаш х1окху т1амах, къизачу 1ожаллех к1елхьарабовла г1ерташ даймохк битина хийрачу мехкашка д1аоьхуш ду. Мостаг1чун къизаллина, акхараллина дуьхьал, къоман, даймехкан сий, маршо, зударий, бераш, къенаниш ларбеш турпала леташ, турпала оьгуш а бу нохчийн къоман сийлахь, тоьлла к1ентий. Уьш х1аллакьхилла чекхбевлча х1ун дан дохку вай? Зударшна, берашна, къеначарна кхоллалур юй, ларлур юй нохчийн пачхьалкх, къоман маршо? Х1аллакьхилла дуьненчуьра д1адаьллачу къомана пачхьалкх а, маршо а ца оьшу. Х1ара сан дехар президенте ду. Х1уъу дай а, и т1ом сацабе, машар лаха, къам х1аллакьхуьлучура к1елхьарадаккха. Шолг1а, х1ара сан къамел 1еламнахе, хьаьжошка, баккхийчу нахе, уггар хьалха муфтега Мохьмад-Хьусайн-Хьаьже ду. Х1окху т1аьхьарчу кхаа шарахь г1алин майданахь митингехь лаьттинчу, телевиденехула къамелаш динчу. Бакъдерг, нийса дерг олуш аз айдечарна не1алт кхайкхийнчу, уьш сийсазбинчу, адамашна юкъара, къоман барт бохийнчу нахе. Кегийрхой ира-кара х1иттош, уьш г1азоте кхойкхуш леллачаьрга. Нагахь Россин эскарш Нохчийчу даг1ахь шаьш 1асанаш етташ х1аллакдийр ду уьш бохуш, 1асанаш хьала а лоьцуш «Аллах1у Акбар!» бохуш, митингашкахь маьхьарий хьекхначаьрга. Шаьш шар1ан полкаш вовшахтухуш ду бохуш, Мехк-Кхиэлан сацам т1еэцна бохуш телевиденехула къамелаш динчу баккхийчу нахе. Нохчийчоь сийначу ц1арах ягош ю, зударий, бераш дойуш ду, аш ира-кара х1иттийна, г1азотана г1овттийна нохчийн сийлахь к1ентий т1амехь леташ, турпала оьгуш бу. Тахана мичхьа ду шу? Мичхьа ю шун 1асанаш, шаре1атан полкаш? Шу т1епаза ма дайна? Шаьш г1овттийнчу кегийрхошна хьалха а девлла, герз карахь леташ ма дац шу? Т1ом сацо, х1аллакьхуьлуш долу къам к1елхьарадаккха, машарна г1овтта!

Т1ом болчу хенахь правительствон телевидени хаддаза болх беш яра. Иза машенахь цхьанхьара кхечухьа йохуш лелайора.

Абузаран къамел д1аяздира эха сохьтехь. Амма телевидененехула ца гайтира.

Церан цензурана ца тайнера халкъан яздархочун къамел.

* * *

Хьалхарчу т1еман юьхь а ца сацаелира. Иштта - шолг1ачу т1еман а.

Оцу шина къизачу т1амо дагна, к1орга муо буьтуш, йина чов а, халкъе беана боккха бала а, шен берриг лазам а кехат т1е биллира Абузара «Корни чеченской трагедии» ц1е йолчу, оьрсийн маттахь язйинчу статья т1ехь. Иза дуьххьара араелира къаьстинчу брошюрехь 2001 шарахь.

Яздархочун шен халкъе, Даймахке, т1еман алуно багийна безам а, дуьнене орца олуш, майра бакъ дош а, цхьана а мостаг1чунна, цхьана а халонашна эша ца елла къармазе амал а гучуйолура оцу йозанашца. Уьш ма-дарра далор вай.

С 1995 года многие политики, деятели науки и культуры России, да и мировая общественность ломают головы над проблемой мирного, политического урегулирования российско-чеченского конфликта, который обрек чеченский народ на величайшую трагедию. По этому поводу регулярно выступают в печати и по российским СМИ чеченские общественно-политические деятели, чеченские диаспоры за пределами своей родины организовывают съезды, научно-практические конференции, круглые столы и т.д., принимают резолюции, обращения, на которые никто не обращает внимания.

Не понимаю, почему мировая общественность и разные политические и общественные деятели тратят время на поиски путей мирного урегулирования «чеченского кризиса», когда ответ лежит на поверхности, на виду у всех: при желании Кремль может в одночасье остановить и установить мир в Чечне, и исчезнут все «главари бандформирований». Ибо война в Чечне запланирована в

Москве и ведется строго по сценарию, в котором главные роли играют российские генералы и главари чеченских сепаратистов.

Российское государство исторически было «злой мачехой» для чеченского народа, российско-советско-российские власти периодически, системно, методически устраивали над ним варварский геноцид. Тем не менее, чеченский народ никогда не питал неприязни к русскому народу, инстинктивно чувствовал, как сказал великий Виктор Гюго, что «правительства подчас бывают бандитами, но народы – никогда». Даже в годы долголетней Кавказской войны чеченцы и русские не прерывали своих добрососедских, дружественных связей. Тысячи русских солдат и офицеров переходили на сторону чеченского народа, вместе сражались и гибли в борьбе за общую свободу, в борьбе против общего врага – царского самодержавия.

В историю Отечественной войны 1812 года своими героическими подвигами вошел чеченец, генерал Александр Чеченский. В истории российской живописи хорошо известно имя портретиста, художника-акдемика, чеченца Петра Захарова.

В русско-турецкой войне 1877-1878 гг. на стороне русской армии против единоверных турок сражался Чеченский конный полк, который за боевые подвиги был награжден императорским штандартом, а все всадники – боевыми медалями.

Чеченские крестьяне решительно поддержали первую русскую буржуазно-демократическую революцию. В первую мировую войну на западных фронтах сражались чеченский и ингушский кавалерийские полки. Император Николай 11 в телеграмме на имя начальника Терской области генерала Фрейшера сообщал, что «ингушский и чеченский полки … в течение нескольких часов разбили лучшую из германских частей «Железной дивизии». Никогда не забудет их подвиги благодарная Россия. Честь им и хвала». / Газета «Зов времени», июль 2000, №9/.

В годы гражданской войны чеченский народ перешел на сторону революции и советской власти, разгромил в Чечне сорокатысячную отборную добровольческую армию Деникина, тем самым сорвал его поход на Москву. Защищая советскую власть, на

Тереке погибли десятки тысяч лучших сыновей чеченского народа.

В Великой Отечественной войне 1941-1945 гг. на всех фронтах против фашистских войск сражались более тридцати тысяч чеченцев и ингушей. В Чечено-Ингушетии в самом начале войны были сформированы 242-я горнострелковая и 217-я стрелковая девизии. В 1942 голу республика проводила на фронт 255-й отдельный Чечено-Ингушский кавалерийский полк и Чечено-Ингушский кавалерийский девизион, состоящие из добровольцев. Среди защитников Брестской крепости было около трехсот чеченцев и ингушей. 255-й Чечено-Ингушский кавполк под командованием подполковника Мовлада Висаитова с боями прошел путь от Терека до Эльбы и первым встретился с союзными американскими войсками на реке Эльбе. До февраля 1944 года пятерым чеченцам присвоили звания Героя Советского Союза. В связи с депортацией чеченского народа 23 февраля 1944 года сотням чеченцев, представленным командованием к высшим наградам и званию Героя Советского Союза, было отказано Президиумом Верховного Совета СССР.

Немецкий профессор К.Т.Преффер писал, что в годы ВОВ «на военную службу к немцам приходили и добровольцы из закавказских и среднеазиатских республик, а также из более мелких национальных групп Советского Союза. Число их составило значительную часть того миллиона бывших советских военнослужащих, которые либо еще раньше открыто перешли на сторону немцев, либо, находясь в лагерях для военнопленных, изъявили желание сражаться на стороне немецких войск. Воинские части были сформированы из представителей почти всех национальностей Советского Союза: армян, азербайджанцев, грузин. представителей азиатских републик, украинцев и т.д. Среди них даже был один казачий корпус... Особое место среди добровольцев занимала «русская освободительная армия» под командованием бывшего советского генерала Власова». /Итоги второй мировой войны. Сборник статей. Перевод с немецкого. М., 1957, СС.512-513/.

После депортации чеченского народа в 1944 году, чтобы оправдать эту варварскую акцию, сталинско-бериевские подручные, идеологические палачи голословно обвиняли чеченцев в пособничестве немецким оккупантам, в измене Родине. Однако, как бы ни старались эти клеветники, они не нашли ни одного факта добровольного перехода чеченцев на сторону немецких фашитов в годы Великой Отечественной войны, тем более, участия чеченцев в военных действиях против советских войск. Чеченцы не могли пособничать немецким фашистам по одной простой причине: на чеченской земле не было и ноги фашистских солдат. А восстание в горах Чечни против сталинско-бериевского засилья было в 1940 году, за полтора года до начала Великой Отечественной войны, когда между СССР и фашистской Германией был заключен договор о дружбе, когда Сталин и Гитлер были закадычными друзъями.

Русский народ внес огромный вклад в создание и развитие народного образования, здравоохранения, науки, культуры, экономики в Чечне, все представители чеченской интеллигенции, как ушедшие из жизни, так и ныне здравствующие, учились у русских учителей, преподавателей и профессоров.

После возвращения из ссылки в конце 50-х и начале 60-х годов десятки тысяч чеченцев оказались безработными. Они выезжали на сезонные заработки во все концы СССР, в основном в края и области РСФСР, где работали животноводами и строителями. Многие из них остались там жить постоянно. До распада СССР в России жило более 200 тысяч чеченцев. Мирно и дружно жили среди русского населения.

В годы последних двух войн в Чечне десятки тысяч чеченских семей уходили в Россию, спасаясь от войны и смерти. Разумеется, не под защиту российских властей, которые развязали и вели эту бесчеловечную войну, а к простым русским людям. Ведь не станет же человек искать спасения и убежища, защиты у своего врага, да и враг не примет его в свой дом.

За всю историю чеченский народ ни разу не шел войной на другие народы, не захватил ни одного вершка чужой земли, никог-

да не посягал на права и свободы других народов. Зато на него шли войной соседние и дальние завоеватели. Татаро-монгольские и тимуровские завоеватели, феодалы соседних народов, а с начала XVIII века беспрерывно – царские колонизаторы, и, наконец, нынешние российские устроители «конституционного порядка», «борцы против терроризма». И каждый из них потоками проливал кровь чеченского народа, превращал в пепел и руины их родные очаги, изгонял из родных мест. Татаро-монголы изгнали чеченцев с равнины в горы. Царские колонизаторы десятилетиями вели войну против них, истребили половину населения, часть изгнали в Турцию.

Коммунисты вовсе до последнего человека изгнали их из родины, под надзором спецкомендатур расселили по обширным степям Казахстана и горам Киргизии. А ныне, на наших глазах, российские псевдодемократы ведут против чеченского народа варварскую, истребительную войну, в которой погибли уже сотни тысяч людей, в основном мирное население, женщины, дети, старики – чеченцы, русские, ингуши, украинцы, армяне, евреи, дагестанцы и т.д.

Чеченский народ по своему характеру трудолюбивый, великодушный, гуманный, мирный. Наряду с этими, у него врожденный национальный порок, несовместимый с цивилизацией: он очень доверчивый, легковерный, не хочет быть рабом, ползать на коленях перед всесильным, не может молча, покорно терпеть несправедливость, насилие, оскорбления, когда посягают на его честь и человеческое достоинство. Поэтому, когда царские колонизаторы приступили к завоеванию Кавказа, со стороны чеченцев они встретили самое решительное и длительное сопротивление, которое продолжалось почти сто лет. Противники окрестили чеченцев «дикарями», «хищниками», «разбойниками», при культе личности Сталина – «бандитами», «контрреволюционерами», «изменниками» Родины. Разумеется, нынешние убийцы чеченского народа по-современному, цивилизованно обозвали чеченцев «сепаратистами», «террористами», «религиозными экстремистами», «работорговцами», и т.д. Потому что чеченцы в прошлом не хоте-

ли иметь собственных феодалов, как другие народы, где помещики наравне со скотом торговали крепостными крестьянами, обменивали на охотничьих собак, заставляли крестьянских женщин кормить грудью щенков, насиловали девушек, невест, молодых женщин на глазах у отцов, братьев, мужей. Чеченцы прекрасно знали об этом и поэтому не хотели порождать и разводить на своей земле подобных тиранов и депотов. Из-за своей гордости, вернее – глупости, в отличие от других народов, населявших СССР, не хотели безропотно терпеть произвол коммунистического тоталитарного режима, периодически совершали дерзкие попытки защищать свои жизни, честь и человеческое достоинство.

Чеченский писатель Сайд-Хамзат Нунуев метко отметил еще одну черту характера чеченцев. «Не по вине чеченцев в начале века армяне и турки сотнями резали друг друга. Все дело в том, что в тяжелейший для чеченцев час отдельные армянские, дагестанские, осетинские, еврейские и прочие политики желают продемонстрировать русским чиновникам свою рабскую, а потому сомнительную преданность. Вот это – действительно не в характере и психологии чеченского народа./С-Х.Нунуев. Чеченцы стали лишними? Газета «Зов времени», июнь 2000 г., №8/.

Хотя и российско-советско-российские власти периодически, системно, методично устраивали над ним геноцид, чеченскому народу и в голову не приходила мысль об отделении Чечни от России и создании своего национального суверенного государства. Эту преступную идею чеченскому народу вероломно подбросили и навязали российские правители, политики, генералитет, которые неразрывно срослись с промышленно-финансовой олигархией и русско-чеченской мафией для осуществления своих далеко идущих преступных планов.

Многие предлагают, даже требуют провести переговоры между В.Путиным и А.Масхадовым. Неужели авторы этой идеи не понимают, что российский генералитет, ВПК, промышленно-финансовая олигархия, одним словом, поджигатели войн в Чечне не допустят встречи и переговоров между президентом России и Ичкерии? Ведь на этих войнах они наживают, одни – баснословные

деньги, другие – политические дивиденды, третьи – головокружительную карьеру. На крови и слезах сотен тысяч женщин, детей, стариков.

«Для военных война привлекательна потому, что дает генералитету, проигравшему афганскую и первую чеченскую войну, надежду на реванш... - говорила Елена Боннэр, - для обедневшего по сравнению с СССР военно-промышленного комплекса война – это деньги и новые заказы. Для кремлевских и думских политиков война нужна, чтобы, жонглируя патриотическими лозунгами, переключить общественное мнение от скандалов, связанных с коррупцией и финансовыми махинациями, на врага, в данном случае на любого чеченца... Взрывы жилых домов, хотя чеченский след в них до сих пор остается недоказанным, и события в Дагестане сделали античеченскую кампанию оправданной в общественном мнении... создали возможность политикам называть эту войну борьбой с международным терроризмом, а военным говорить на весь мир, что они в этой войне пойдут до конца и их не остановят никакие жертвы среди мирного населения».(Елена Боннэр. Чечня: преступление против человечества. Независимая газета Дагестана «Зов предков». Декабрь 1999 г., №2-3/26/).

Спустя четыре месяца после этого выступления Елена Боннэр говорила, что «российский народ находится в состоянии нравственного ослепления. Люди спокойно реагируют на то, что правительство ведет двойную игру. Западу и русской интеллигенции говорят о возможности мирных переговоров, а на самом деле не скрывают, что будут истреблять чеченцев до победного конца». («Новая газета», 27-30 апреля 2000 г., №17/382/).

Газета «Версия» писала, что в Чечне ситуацию усугубляет дичайшая коррупция. Не секрет, что через блокпосты за деньги перевозятся цветные металлы, бензин и, что наиболее абсурдно, оружие... Война выгодна военной верхушке России, ибо тогда возрастает политическое влияние военных. Кем бы были сейчас Квашнин, Казанцев, Трошев, Шаманов, если бы не война? Большинство из них уже получило все политические дивиденды от чеченской кампании. Казанцев стал полпредом президента на юге,

Шаманов, только оттого, что он – Шаманов, наверняка выиграет выборы в Ульяновской области, сместив неугодного Кремлю ставленника КПРФ. Квашнин всерьез рассматривается на пост министра обороны» (Андрей Чертанов. Чеченский капкан. «Версия», 22-28 августа 2000 г., №32/106/).

Помнится, как генерал Шаманов осенью 1999 года по телевидению гневно говорил, что, если политики и на сей раз остановят войну в Чечне, как в первую кампанию, он сорвет свои погоны, растопчет их ногами. Вот один из «подвигов» «героя России», нынешнего губернатора Ульяновской области: «Мертвых женщин положили, закрыли шифером, оставили все трупы и ушли, не взяв с собой даже драгоценности и документы. Когда вышли из села, над нами стал кружить вертолет и стрелять поверх голов. Поднялась жуткая паника, одни люди бежали в село, другие – из села, третьи – падали на землю. Вертолет покружил над нами и сел. В нем, оказывается, был Шаманов. Один из наших жителей, бывший военный прокурор Сатуев, подошел к Шаманову, показал своё удостоверение и говорит: «Что же вы делаете с людьми?» А тот на него матом: «Вы боевиков приютили, обогрели, одели-обули, вот вам! Смотрите, как красиво горит ваше село!» Эти слова все люди слышали, что вокруг собрались. «Мужиков обратно загнать, - говорит, - а женщины с детьми пусть выходят». (Игорь Кляпин, Александр Курсков, Сергей Шимоволос. Чечня-2000: Три фактора воспроизводства войны. Газета «Правозащита», июль 2000 г., №2/39/).

Продолжение войны в Чечне выгодно даже младшим офицерам и солдатам федеральных войск, особенно контрактникам, вернее – наемным убийцам и мародерам. Солдатам в Чечне установлена месячная зарплата в 1000 долларов США и 800 рублей суточных. На блокпостах федералы самым наглым образом занимаются вымогательством. За деньги через блокпосты или КПП можно перевозить любое оружие, хоть ракетные установки. Здесь у населения вымогают деньги, ценные вещи, продукты питания. Задерживают невинных молодых людей, а затем возвращают родственникам за большой выкуп. Служащие ГРУ торгуют не только «живым товаром», но и трупами молодых людей, которых убива-

ют мученической смертью в изоляторах, подвалах, зинданах. Трупы возвращают родственникам за огромные деньги, берут только доллары. Часто жители собирают в своем и соседних селах пожертвования для выкупа трупа.

Так называемые «зачистки» в населенных пунктах – любимое занятие федералов. Они напоминают картины из повести «Набег» великого Льва Толстого, в которой он описал очередной набег русских отрядов на чеченский аул.

«Генерал въехал в аул; цепи тотчас же усилили, отодвинули, и пули перестали летать.

«Ну что ж, полковник, - сказал он, - пускай их жгут и грабят, я вижу, что им ужасно хочется», - сказал он, улыбаясь.

Голос и выражение его были такие же, с которыми он у себя на бале приказал бы накрывать на стол; только слова другие. Вы не поверите, как эффектен этот контраст небрежности и простоты с воинственной обстановкой.

Драгуны, казаки и пехота рассыпались по аулу. – Там рушится крыша, выламывают дверь, тут загорается забор, сакля, стог сена, и дым расстилается по свежему утреннему воздуху; вот казак тащит куль муки, кукурузы, солдат – ковер и двух куриц, другой – таз и кумган с молоком, третий навьючил ишака всяким добром; вот ведут почти голого испуганного дряхлого старика-чеченца, который не успел убежать». (В.Шкловский. Лев Толстой. ЖЗЛ, Москва, 1963, с.159).

Это происходило в середине XIX века. Разумеется, нынешние федеральные солдаты-освободители не станут таскать кур, мешки с мукой и кукурузой, кумганы с молоком. Они берут только ценные вещи. И увозят награбленное не на ишках, а на боевых машинах, вертолетах.

«В Грозном поселок Мичурина почти весь уцелел. Пришли солдаты, согнали жителей трех пятиэтажек в подвалы, заминировали выходы и двое суток держали людей в подвале, пока все квартиры до нитки не обчистили… Награбленное сначала грузят в вертолеты, потом перегружают в железнедорожные эшелоны. Часто

после этого поджигают дома, чтобы следов не осталось». (Игорь Кляпин, Александр Курсков, Сергей Шимоволос. Газета «Правозащита», июль 2000 г., №2/39/).

**Х1етахь, 1990-1994 шерашкахь, нохчашкара оьшург дара барт хилар, хьаькамашкара, политикашкара – лаккхара оьздангалла, къонахчун собар, к1орггера хьекъал, къинхетаме хилар, бакъонна т1етовжар, куьйган ц1еналла, кханенан ойла яр.**

**Халахеташ делахь а, вай ц1ераш яьхначу мехаллех цхьа а кхачам боллуш (я цхьаерш – янне а) яцара вайгах... Цхьана аг1ор, цуьнан т1аьхьало санна лара мегар ду селханлера а, таханлера а хьовр-з1овр. Дала х1окху бохамах ц1инлуш, ц1анлуш хьалхадохийла вай.**

Къоман исторически д1адаханчух, таханлерчу хьолах, кхаченан дийнах тем боцуш к1орггера ойланаш еш стаг ву Абузар. Цунна дуккха а хаьа, дуккха а девза. Уггар коьртаниг – иза маьрша ву шен ойлаярехь. Цхьана а идеологина кара ца вахна и. Къомо турпалаллица маршонехьа латтийна къийсам гайтира Абузара 30 шо хьалха шен «Еха буьйсанаш» романехь. Иза харц ца деш, тахна къоман сакхташ ма-дарра дуьйцу цо «Дарц» романехь а, «Вайн амалш» ц1е йолчу киншкехь а. Цунах олу хир ду диалектически хьажар я, вуьшта аьлча, дахар шен ерриг чолхаллехь гайта хаар. Сийлахьчу адамашкара а довла тарло г1алаташ. Тахна «Орга» журналан дешархойн кхиэле йохкуш йолу Айдамировн ойланаш массара а цхьабосса т1е ца эца тарло. Иза х1ораннан бакъо ю, цул сов, кхечу кепара хуьлийла а дац. Амма, тхуна хетарехь, кхин а йоккха бакъо ю Айдамиров Абузаран массаьрга вистхила а, массарна хезна хила а.

Айдамиров Абузара шена чулаьцна къоман ерриге г1айг1анаш, баланаш… Цуьнгахь б1аьрла гуш ю нохчаллин дика амалш – собар, хьекъал, бакъдолчунна тешаме хилар. Х1окху халчу муьрехь шен къомаца ву иза, къомо ловрриг ловш. Иза д1авоьхуш, д1акхойкхуш дукха нах бара вайн махкара а, дозанал арахьара а. Амма Абузара аьттехьа а ца дуьту и къамел. «Со цхьанххьа а г1ур вац. Лахь – ц1ахь лер со, сайн нахана юккъехь», - элира цо цхьана къамелехь.

- Абузар, Нохчийчохь х1оьттинчу хьолана бехке муьлаш хета хьуна? Оцу бехках вайн, нохчийн, дакъа мел ду, арахьарчу ницкъийн мел бехк бу?

- Оцу хеттаршна дуьззина жоп дала дуккха а дийца, яздан дезар дара. Тахна Нохчийчохь х1оьттинчу хьолана бехке декъашхой дуккха а бу. Нохчий шаьш а, Россин куьйгалла а, Россерий, Нохчийчуьрий мафиозин тобанаш а, цхьайолу арахьара пачхьалкхаш а. Амма уггар хьалха а, уггар коьрта а бехк нохчийн шайн бу. Тахна Нохчийчохь х1оьттинчу бохамна бехке хилла ца 1аш, т1аьххьарчу кхаа б1ешарахь мел хиллачу бохамашна а. Кхидолу дуьненара халкъаш

хьехор дац вай, х1окху Къилбаседа Кавказерчу къаьмнашлахь а кхетамна даима т1аьхьадисна схьадог1у нохчийн къам. Цундела иза массо а хенахь 1ехадо лууларчу а, генарчу а къаьмнаша, пачхьалкхаша. Кхетам лахара хиларна цунна ца го шена гонах а, генахь а хуьлуш, лелаш дерш. Цунна ца евза истори, политика, дипломати, дуьненарчу пачхьалкхийн юкъаметтигаш. Шайн политически, экономически, мехкашд1алецаран 1алашонаш кхочушъярехь цараговза пайдаоьцура нохчех д1адаханчу б1ешершкахь. Х1инца а изза до. Шайн хьекъале, доьналле, тешаме, ц1ена къонахий къасто а, уьш лакхабаха а, ларбан а ца хиъна я ца лиъна нохчашна цкъа а. Тахна а ца хаьа. Арахьара, кхечу къомах стаг та11авой гивуллу, цунах теша, цо п1елг хьажийча бердах а, ц1ерга а лелха. Иза а нохчийн кхетам лахара хилар ду. Оццу бахьанашца, лууларчу халкъашна санна, цкъа а зуламех, бохамех лардала ца хиъна нохчийн халкъана. Цундела х1окху т1аьхьарчу кхаа б1ешарахь сих-сиха бала, бохам буссу Нохчийчу, къам х1аллакьхуьлу. И бала, бохам шайн махка схьабало нохчаша бахьанаш дуьйлуьйту, ткъа жимма а бахьна шайна хилча, нохчашна луьра, къиза та1зар дан кийча долчу Россин 1едало массо а хенахь нохчашна т1ехь х1ара къематде х1оттадо.

- Масех масал далор дарий ахь?

- Масалш дуккха а ду, царах цхьадерш далор ас.

1722 шеран аьхка Дербенте поход йира Петр 1-чо. Цига эскарш шина новкъа дигира: г1ашлойн эскарш, Аштаркхнехь х1ордкеманашна т1е а ховшийна, х1ордаца, ткъа дошлой а, рейтарш а – лаьттахула. Х1ара т1аьххьарниш шайн махкахула чекхбовлуш ламанан цхьана а халкъо муьшка ца йира царна, ткъа нохчаша, шайн махкахула уьш чекхбовлуш, Яьссиний, Ямсуний юккъехь т1елатар а дина, даккхий зенаш дира царна. Дег1астанхоша царна маьрша некъ белира, шайн махка т1ехь Порт-Петровск а йиллийтира. Рейтаршна т1елатар динчу «майрачу» нохчийн «толаман» т1аьхьало муха хилира? Цул хьалха, 1721 шеран аьхка, оьрсийн эскарша шозза та1зарийн экспедици йинера Нохчийчу. Ткъа рейтаршна т1елатар динчул т1аьхьа кхуза масийтта экспедици йира оьрсаша. Оцу «толаман» жам1 – иттаннаш ягийна, йохийна ярташ, эзарнаш дайина адамаш хилира.

1839 шарахь Кавказан эскарийн командованис сацам бира доккха тохар дарца Дег1астанахь имам Шемалца дерг чекхдаккха. Инарла Граббес лаьллина имам ламанан Ахульго юьртахь ч1аг1велира. Оьрсийн эскарша массо аг1ор гуолецира юьртана. Суьйлашна гуш дара Шемалан имамаллин оьмар чекхъялар. Иза лаьцна я вийна д1аваьккхинчул т1аьхьа оьрсийн эскарша шайн ярташ йохош, адамаш дойуш та1зарш дийр дуй хуучу суьйлашна бохамах к1елхьарбовла некъ карийра - виъ эзар герга суьйличо Граббена г1одира Ахульго йоккхуш. Шемал, буса шен доьзалца гона юкъара а ваьлла, ведда Нохчийчу веара, «т1едуьйхина, атталла, чоа а доцуш». Нохчаша баккхийбеш т1елецира ц1а-ц1е, к1ел х1отта тхов боцуш висна и суьйли. Т1елаьцна ца 1аш, иза шайн имам а хаьржира. Цул б1озза майра, хьекъале, доьналле болу иттаннаш нохчийн къонахий а ца хоржуш. Шемал нохчо воцу дела. Шайн коьрте нохчо ца х1отто. Х1етахь нохчаша яьккхинчу оцу г1улчо Ахульгохь «велла» Шемал денвира. Денвина ца 1аш, шайн таррийн юьхьигашца цуьнан ц1е язйина дуьненан историн аг1онаш т1е. Ткъа Шемала, х1ара сонта нохчий «х1окху лаьмнашкахь уггар майра халкъ, исламан б1ог1амаш ду» бохуш, 1еха а беш, ткъа шарахь х1аллакбира.

1842 шарахь инарла Граббес, шеца итт эзар салти а, эпсар а волуш, Нохчмахка поход йира, Даьрг1а д1а а лаьцна, имам Шемал йийсаре а валийна, Кавказски т1ом чекхбаккха. Суьйлаша схьакхоьссина имам ларвеш, нохчаша, кхузахь вийна 1700 салти а, 66 эпсар а вуьтуш, иэккхийра инарла. Ша Кавказан сардал а, кхузарчу эскарийн Коьртакомандующи а х1оттийнчу инарла Воронцовна т1едиллира императора Николай 1-чо, имаматан шахьар Даьрг1а д1а а лаца, Шемал йийсаре а валаве, аьлла.

Воронцовн походехь дакъалоцуш, шена чу 30000 т1емало а вог1уш, йиъ тоба яра: Дагестански, Чеченски, Назрановски, Грознехь т1аьхьалонехь кхин цхьаъ. 1845 шеран 31 майхь инарла Воронцов Дагестански а, Чеченски а шина тобанца Внезапни г1опера лаьмнашка хьалаволавелира . Шина тобанехь 26 батальон, 9 рота г1ашлой а бара, 4 саперни, 3 стрелкови роташ а, 16 сотни г1алг1азкхий а, 46 йоккхатоп а, 4 мортир а яра. Цул сов, 1000 гуь-

ржийн милцо а, х1ирийн, г1алг1айн, г1ебартойн, г1умкийн тобанаш а. Эскарийн декхар дара, Дег1астанан лаьмнашкахула 1аьнда хьала а дахна, Каркетски кевнехула къилбехула Нохчмахка а даьхкина, Даьрг1а д1а а лаьцна, Шемал йийсаре а валийна, Шелахьа д1адаха. Малхбале Нохчийчоь д1а а лоцуш, кхуза кхача езара Назрановски тоба. Грознехь т1аьхьалонехь лаьтташ инарла Фрейтаган тоба а яра.

Оьрсийн эксарийн коьрта ницкъаш Нохчийчу хьовсийна хилар тидаме а эцна, нохчийн наибаш а, эскарш а Нохчийчохь а дитина, Шемал ша Дег1астана вахара д1ег1астанхойн наибашций, эскарщций оьрсашна дуьхьало ян.

Шемалан историкаша Мохьуммад-Тахир аль Карахис, Гаджи-1елас дуьйцу, Дег1астанехь оьрсийн эскаршна дуьхьал т1ом бан а, уьш дохо а баккхий аьттонаш бара, бохуш. Лекха лаьмнаш, к1орга ч1ажаш, гаттий, хала некъаш, чехка хиш, и.д1.кх. Т1е, оьрсийн эскарш кхузахь х1аллакдан кхаа дийнахь лаьмнашкахь ло диллира, дарц хьийзира, некъашкахь ша хьаьхира, аьхкенан духарца кечбелла салтий шелонна б1арзбеллера, говраш мацалла леш яра.

Амма дег1астанхойн наибаша цхьа а тайпа дуьхьало ца йира оьрсийн эскаршна. Наибаш шайн тобанашца бевдда лаьмнашкахь къайлабевлира, Шемал д1а а тесна. Хьекъалечу дег1астанхошна ца лаьара нуьцкъалчу оьрсашна дуьхьало а йина, къиза, мекара имам бахьна долуш шайн ярташ йохаяйта, шаьш х1аллакьхила. Имаман дуьхьа лата а, бала а кийча сонта нохчий ма бара. Нохчийн наибаша кехат яздира имаме: «Оха а, тхан зударша а дуй биъна хьуна тешаме хила, хьан дуьхьа 1ожалла т1еиэца. Дег1астанхоша санна, д1атосур вац хьо, уьш санна, довдур дац тхо, оха т1ом бийр бу». Даьрг1а вухавирзинчу Шемална «ша гаре сатуьйсуш, шена сагатделла карийра нохчий». (Мухаммед-Тахир аль Карахи. Блеск дагестанских сабель в некоторых Шамилевских битвах. Махачкала, 1990. Цуьнан: Три имама. Махачкала, 1990. Гаджи-Али. Сказание очевидца о Шамиле, Махачкала, 1990).

Дег1астанан махкахула цхьа а дуьхьало йоцуш чекхдевлла, 1аьндахула Нохчмахка даьхкина Воронцовн и эскарш кхузарчу хьаннашкахь х1аллакдира нохчаша. Чевнаш хилларш, йийсаре

лецнарш, доьза байнарш хьесапе ца иэцча а, Нохчмахкахь 4000 салтичун, 186 эпсаран, 4 инарлин декъий а дуьтуш, хала к1елхьарвелира Воронцов (оцу походах лаьцна шадерг яздина «Еха буьйсанаш» романехь).

Ахульгохь Граббес толам баккхаро, т1аьхьа Нохчмахкахь изза Граббе а, т1аккха Воронцов а иэшаро ойла яйтира оьрсийн правительстве. Иза кхийтира Россина Дег1аста кхераме цахиларх. Кавказехь кхерамениг Нохчийчоь а, нохчийн халкъ а хилар гучуделира. Иза ч1аг1дора т1еман историкаша а, т1еман дакъалацархоша а. (А.Берже, Р.Фадеев, А.Зиссерман, Г.Властов, А.Карцев, Н.Дубровин, А.Руновский, А.Юров, А.Свистунов, С.Эсадзе, и д1.кх.). Цундела т1едог1учу пхийтта шарахь оьрсийн правительствос Кавказера шен берриг т1еман ницкъаш а, говза инарлаш а Нохчийчу хьийсийра. А.П.Бержес яздина, 1850 шарахь Нохчийчохь мосазза а йохоза, ягоза цхьа а юрт яцара, бохуш. 1856 шарахь Крымски т1ом чекхбаьлча, т1еман театрера мукъадевлла эскарш Нохчийчу далийра.

1859 шеран 15 июлехь чекхделира Нохчийчоь т1аьххьара а караерзор. Шемал, шеца цхьа к1еззиг мурдаш а болуш, ведда Дег1астана вахара.

1839 шеран сентябрехь «берриг бохург санна дег1астанхоша д1атесна Шемал ведда Нохчийчохь къайлавелира» (А.Юров), «т1едуьйхина, атталла, чоа а доцуш» (А.Берже). 1959 шеран июлехь «масех мурдаца Нохчийчуьра ведда Гунибе воьдуш, цо шеца д1адаьхира ша оцу ткъа шарахь халкъ талош 1а1ийна хьал: «6 говрахь ахча, деши, дети, х1ора говрахь 4000 сом долуш, цхьана говрахь безчу механ тайп-тайпана х1умнаш, 17 говрахь киншкаш, кхаа говрахь тоьпаш, кхаа говрахь тарраш, тапчанаш, шаьлтанаш, г1аг1наш, 49 говрахь шен зударийн бедарш, к1адеш, и.д1.кх. а» (Гаджи-1ела). Амма цуьнан и хьарам хьал, Дег1астанан махка т1е ма велли, суьйлаша лаххьийна талийра.

Х1инца кхозлаг1а а Шемална ямартло ярца дег1астанхоша х1аллакьярх к1елхьаръехира шайн ярташ а, адамаш а.

Дег1астанхоша а, церан наибаша а цхьа топ кхоьссина а дуьхьало ца йира оьрсийн эскаршна. Мелхо а, Шемалан наибаш, Рос-

сина шайн муьт1ахьалла гайта сихбелла, Барятинскийна т1ебахара.

Ткъа «майрачу» нохчаша т1аьххьара сахьт т1ех1отталц т1ом бира оьрсийн эскаршца. Шайн ерриг яртех чим хиллалц, миска бахамаш а, ах боьрша нах а х1аллакбаллац, халкъ ч1анадаккхалц...

- Шемалх доккха зулам даьлла хуьлу-кх нохчийн халкъана…

- Шемала ца дина нохчашна и зулам. Иза ги а воьллина леллачу нохчаша шаьш дина шайна зулам. Шемал ца тешара нохчех. Нохчийчохь ша кога-ира ма х1оьтти, хьалхарчу итт шарахь Шемала шена новкъара д1абехира нохчийн хьекъал а, мелла а 1илма а долу къонахий. Бойуьйтуш, махках бохуш а. Ц1онтаройн Шо1ип-Моллина т1ера Кунта-Хьаьжина т1екхаччалц. Шемалан диванехь дакъалацархо вацара цхьа а нохчо. Нохчийн х1ора наибана улло х1оьттина дег1астанхо хуьлура цуьнан. Халкъан барт бохо, церан къайленаш гучуяха нохчийн массо а доьзал иттаннашка бекънера цо. Царах х1ора а декхар бара вовшех даьлларг имамана т1едахьа. Вуьшта аьлча, нохчех сексоташ, доносчикаш бинера цо. Цул сов, вуьшта а лаьттан къелла йолчу Нохчийчохь цхьацсанхьа суьйлийн ярташ ехкира цо. Нагахь санна нохчийн цхьа юрт я тайпа дуьхьалдаьлча, цига дег1астанхойх вовшахтоьхна та1зархойн эскар дохуьйтура, оцу ярташна та1зар дан. И эскар кхоьллинарг а, цуьнан коьртехь а Шемалан к1ант Г1еза-Махьма вара (А.Руновский).

- Нохчийн халкъан маршонехьа хиллачу къийсаман баьччанийн кхолламаш: шайх Мансур, йийсаре вигна, набахтехь кхелхина; Дуин 1умма, Атин Атаби Сибрех вахийтина; Бойсаг1ар, 1аьлбаг-Хьаьжа ирхъоьллина. Имам Шемала царачул еха дуьхьало йира Россина, цул хьалха а, т1аьхьа а хиллачу нохчийн баьччанийн кхоллам цуьнан х1унда ца хилира?

- Шемал хьекъале, мекара, дахарехь генна хьалха хьажа хууш хиларна. Шайх Мансур майра а, оьзда а, хьекъале а къонах вара. Амма иза нохчо вара. Цундела Нохчийчохь шина баттахь бен ца лаьттира иза. Нохчаша д1атесча, Закубанерчу ламаройн – эдагийн, шапсугийн, убыхийн, абазойн, чергазойн махка а вахна, шайн маршонехьа къуьйсучу оцу халкъашна коьрте а х1оьттина, ялх

шарахь паччахьан 1едална дуьхьал т1ом латтийра цо. Цигахь иэшам хилча, х1етахь туркойн долахь хиллачу Анапа г1опе вахара Мансур. Инарла Гудович коьртехь волчу оьрсийн эскарша г1опана гуолаьцча, иза иэккхийта 1алашо йолуш, карахь догуш хьаьштиг а долуш, молха чохь долчу ларми чу воьдуш, салташа, т1е а беттабелла, лаьцнера иза.

Шен цхьа ког, цхьа куьг, цхьа б1аьрг бен доццушехь, т1аьххьара минот т1ех1отталц салташна дуьхьало йинера Бойсаг1ара. Иза дийна схьалаца аьлла, омра дара. Салташа, ехий ж1олмаш т1еетташ, охьа а вожийна, схьалаьцнера Бойсаг1ар.

Ша бахьнехь халкъ ца хьийзадайта, шен лаамехь 1едална т1евахнера 1аьлбаг-Хьаьжа. Амма танг1алкхашна т1евалийча, ворданара ша охьавоссо т1е куьйгаш кховдийнчу эпсаран, бетах мийра тоьхна, цергаш а яьхна, ша танг1алкхаш к1ел а вахна, ша г1анта хьала а ваьлла, ша-шена коча муш а тесна, когаш к1елара г1ант ког тоьхна д1а а кхоьссина, ирхъоллавеллера.

Ткъа Шемал хьекъале суьйли вара. Цунна хиира ша Барятинскийна а, императорна а хьалха муха х1отта веза. Цунна хаьара оьшучохь хаза дош ала а, велавелла хьаставала а, корта та1о а, б1аьрхиш 1ано а, велха а (М.Чичагова). Уггар коьртаниг – шен селханлерчу мостаг1ашна цо хьоьхура Нохчийчохь а, Дег1астанахь а Россин урхалла муха х1отто а, латто а деза. Къаьсттина – Нохчийчохь. «Угар майра, амма тешам боцу халкъ нохчий ду шуна,  - хьоьхура цо. – Къамкъарга т1е х1оттийнчуьра шаьлта д1аяьккхича мегаш бац уьш. Ас цигахь сайн 1едал нохчийн даьхначу кортош т1ехь латтадора»  (А.Руновский). Цундела паччахьо Калугехь цуьнан доьзална уггар хаза ц1енош делира, кертахь жима маьждиг а деш. Шарахь 15000 сом ахча а лора цунна, г1али йистехь дача а, д1асаваха тоьлла пайтон а еллера. Цуьнан зударшна, йоь1аршна механа деза совг1аташ лора. К1енташна дворянство а еллера, цхьана к1антана инарла-майор чин а деллера (М.Чичагова). Макка д1аваха бакъо а елира.

Ткъа ссылкехь 1уммина а, Атабина а баттахь еш йолу ерриг харжаш 6 сом 50 кепек яра, Кунта-Хьаьжина - …3 сом.

Россица шайн т1ом хила герга г1оьртича, цунна дуьхьал даим а нохчий г1овттабора туркоша. Революци хилале, хьалхалерчу историкаша дийцарехь, 1877-1878 шш. оьрсийн-туркойн эскарийн инарлас, Шемалан к1анта, Г1еза-Махьмас, Дег1астанахь ц1е йоккхуш болчу, хьалха хиллачу ханийн-бекийн ц1ийнех нахаца барт бира т1ом болабелча дег1астанхой а, нохчий а Россина дуьхьал г1овтто. Оцу барта юкъабог1ура казикумухски элан к1ант, оьрсийн эскаран майор Джафар-хан, кайтаг-табасарански элан к1ант Мехти-бек, кюрински элан к1ант Муртаз-1ела, оьрсийн эскаран эпсарш ротмистр 1абдул-Мажид, штабс-капитан Фатал-бек. Нохчмахкахь ц1е йоккхуш болчу нахаца цара барт бира, нагахь оьрсийн-туркойн т1ом болалахь, цхьана дийнахь Дег1астанахь а, Нохчийчохь а г1аттам боло.

Даима сонтачу нохчаша, дег1астанхошца барт ма-хиллара, и т1ом болабеллачу шолг1ачу дийнахь, 1877 шеран 13 апрелехь Нохчмахкахь г1аттам болийра. Ткъа Уьстмалара схьа Г1еза-Махьмера хаам хиллалц Дег1астанара бартахой тийна-таь1на 1ийра.

Бакъду, дег1астанхойн тхьамданийн бертаза нохчийн г1аттаман юьххьехь царах схьакхийтира 1аьнда а, Салатави а. Нохчийн г1аттам хьошуш дакъалоцуш бара 104 йоккхатоьпаца 27614 салти, 3361 г1алг1азкхийн дошло, царна жигара г1о деш вара 4000 дег1астанхо а (цхьаболчара 10000 вара аьлла а яздина), нохчийн, г1алг1айн, х1ирийн, г1умкийн лаамхойн тобанаш а.

Ханийн-бекийн т1аьхьенийн бертаза 29 августехь Ламанан Дег1аста г1еттира. Г1овттамхоша 1аьлбаг-Хьаьжина т1е векалш бахкийтира, шайн г1аттаман коьрте х1оттар доьхуш. 1аьлбаг-Хьаьжас т1е ца лецира церан дехар. Т1аккха дег1астанхоша шайн имам хаьржира суьйли Мохьмад-Хьаьжа. Халкъ, шайн тергамна к1елхьара а даьлла, шен лааме даларна кхерабелла феодалаш сихха шаьш г1аттамна коьрте х1иттира. Цара шайн дайн, ханийн, бекийн долахь хилла латтанаш а, адамаш а шайн дола а дохуш, шаьш ханаш кхайкхийра.

Нохчийчуьра г1аттам, ц1ела карчийна, хьаьшна чекхбаьлча, 1877 шеран 17 октябрехь, шеца 60 накъост а волуш, дег1астанхошна г1оьнна вахара 1аьлбаг-Хьаьжа. Шен к1антаца, накъосташ-

ца цига вахара 1умма-Хьаьжа а. Цара жигара дакъалецира Тилитле а, Сог1ратле а г1овттамхошна т1е уггар хала киртиг х1оьттинчу муьрехь ханийн, бекийн ц1ийнах болчу г1аттаман куьйгалхоша ямартло ярца инарлийн Меликовн, Смекаловн кара д1абелира г1аттаман коьртехь хилла къехой – 274 стаг, цаьрца цхьаьна 60 нохчо а. 1аьлбаг-Хьаьжа, церан карара а ваьлла, Нохчийчу веара. Т1аьхьа, 1аьлбаг-Хьаьжа ирхъуллуш, цуьнца вара дег1астанхоша инарлийн карабеллачу нохчех 32 стаг. Царах 12 ирхъоьллира, 20 стаг ткъаткъа шерашна а, ерриг оьмарна а Сибрех вахийтира. Оцу г1аттамах а, цуьнан кхолламах а лаьцна ма-дарра яздина ас «Лаьмнашкахь ткъес» романехь.

Туркойн агенташа а, Шемалан к1анта Г1еза-Махьмас а, Дег1астанарчу цуьнан бартахоша а х1етахь ямартлонца кхузза 1ехийра нохчий: цаьрга цкъа г1аттам болабайтира, т1аккха пхеа баттахь церан ярташ ягош, адамаш дойуш меттах а ца бевлира. Эххар а, шайна г1оьнна баьхкина нохчийн г1аттаман тхьамданаш ямартлонца паччахьан инарлин кара д1абелира. Г1аттам хьошуш, эзарнаш нохчий байира, б1е сов юрт ягийра, б1еннаш доьзалш Сибрех бахийтира.

Вайн лулахоша даима а коьртаца болх бо, ткъа вай – куьйгашца.

- Абузар, ахь далийна масалш XVIII-XIX б1ешершкахь хилла. Х1етахь нохчашна ца бевзара Россин ницкъаш. XX б1ешарахь мелла а кхетаме ца деанера вайн халкъ?

- Ца деанера. XX б1ешо долалуш а. Хьовсур вай Россехь революцин, граждански т1еман шерашкахь Нохчийчохь х1оьттинчу хьоле. Лаккхахь цкъа элира вай, кхетамна т1аьхьабисна нохчий атта тешара, 1ехалора кхечу къомах наха шайга хаза хабар дийцича. Къилбаседа Кавказехь граждански т1ом болуш кхидолчу халкъаша, большевикашкахьа а девлла, к1айгвардейцашна дуьхьало йо шаьш, аьлла, цхьа бахьнаш лелийра. Ткъа нохчийн халкъ, дерриг бохург санна большевикашкахьа а даьлла, Терка т1ехь советийн 1едал лардан д1ах1оьттира. Иза 1ехаделира большевикийн агитацех: паччахьан 1едало нохчашкара д1абаьккхина мохк царна юхаберзор бу, бохуш, дуьйцучух. Кхузахь нохчаша дохийра 40 эзар эпсарх долу Деникинан уггар тоьлла эскар. Амма деникинхоша а

ягийра нохчийн масех юрт, уьш ларъеш хилла б1еннаш нохчий бай-ира. Т1е, Орджоникидзес а, Кировс а хестабора нохчий, г1алг1ай: «Майра, кура нохчий, г1алг1ай! Шун карахь бу Терка т1ехь советийн 1едалан кхоллам!» - бохуш.

Россин, Хонкаран юкъаметтигаш ийг1ича, Мансуран заманахь дуьйна, Нохчийчохь баьржара туркойн, ингалсхойн разведчикаш, шпионаш. 1918-1920 шерашкахь кхузахь жигара болх беш бара церан агенташ туркой, 1аьрбой, г1ажарий... Туркоша Дег1астана хьажийна Шемалан к1ентан к1ант Саь1ад-бек а Веданахь сецира. Кхуза веара, шайна бале вала воллий хиъна, дег1астанхоша шайн махкара эккхийна Узун-Хьаьжи а, Гоцински а. Хьалхарчо ша Дег1астанан а, Нохчийчоьнан а эмир, ткъа Ведана шен эмиратан шахьар кхайкхийра. Узун-Хьаьжина т1аьхьах1иттинарш берриг а нохчий бара. Иза-м дукха хан ялале кхелхира. Амма шайн махка ца витина Гоцински Нажмудди 1925 шо кхаччалц нохчийн лаьмнашкахь кхирстира. Иза бахьанехь эзарнаш нохчий х1аллакьхилира, та1зарийн тобанаша бойуш, лоьцуш Сибрех а бахийтира.

Муьлаш бара Нохчийчохь революци йинарш а, нохчийн куьйгашца Терка т1ехь советийн 1едал лардинарш а? Оьрсий, гуьржий, эрмалой, жуьгтий, абхазаш, азейрбайджанаш, балкхарой, г1ебартой, х1ирий, дег1астанхой, кхин а, кхин а. Кавказехь дехачу дерриге а къаьмнех нах! Ц1ениш, к1айниш, баьццарниш, къорзаниш – массо тайпаниш. Шаьш х1ун до, стенга г1ерта а ца хууш, тобанашка а бекъабелла, б1аьрзе царна т1аьхьах1иттина х1аллакъхуьлура нохчий.

- Оцу хенахь хьекъале нах ма бара Нохчийчохь. Масала, Шерипов Асланбек, Эльдарханов Таьштамар...

- Хьекъале, халкъана тешаме, оьзда, доьналле къонахий даима хилла Нохчийчохь. Амма боданечу халкъо цаьрга ла ца дуг1ура, 1990-1991 шерашкахь а санна. Шерипов Асланбек, шен къоналле хьаьжна воцуш, 1аламат хьекъале, майра, доьналле къонах, халкъана тешаме к1ант вара. Амма иза хьалхе кхелхира. Таьштамар а оцу заманахь лаккхара 1илма, хьекъал, кхетам, доьналла долуш нохчо вара. Ишта хилар бахьна долуш Теркан областерчу халкъаша Пачхьалкхан думе шозза депутат хаьржира иза. Таь-

штамар Нохчийн Автономин ЦИК-н председатель волуш, цунна дуьхьал кампани йолийра нохчаша. Уьш ялх тоба яра, Эльдарханов бехкевеш. Эххар а церан ницкъ кхечира иза кхузара д1аваккха. Цуьнан метта х1оттийра балкхаро Энеев Мохьмад. Нохчо ца мегара нохчашна. Кхечу къомах стаг гивоьллира. Доцца аьлча, Нохчийчохь партийни организаци кхоллаелчхьана, 1990 шо кхаччалц, цкъа а обкоман хьалхара секретарь нохчо вацара. Я Соьлжа-г1ала, Гуьмсе г1аланийн партийни организацийн а. Чоьхьарчу г1уллакхийн, финансийн, лакхарчу суьдан, прокуратуран, ЧК-НКВД-КГБ органийн а коьрте нохчо ца х1оттавора. Ткъа кхечу республикашкахь оцу даржашкахь меттигерчу къомах нах бара.

- Бахьна х1ун дара?

- Уггар хьалхара бахьна – нохчех цатешар. Цул сов, нохчаша шаьш а ца вуьтура оцу даржашкахь нохчо. Массо а инстанцешка аьрзнаш яздеш. Масала, Соьлжа-г1ала, Гуьмсе ца хьехор вай. Берриг бахархой нохчий болчу районашкахь а дукха хьолахь райкоман хьалхара секретарь оьрси я кхечу къаьмнех нах хуьлура. Цхьана юккъехь КПСС Веданан РК хьалхара секретарь оьрсийн зуда яра. Цхьана а районехь царна арз ца дора нохчаша, амма нохчашна яздора. Бакъду, цхьана лакхарчу дарже нисвелча, нохчо ша а ца мегара цигахь. Кураволура, сутарволура. Халкъах д1акъаьстара. Цо халкъан ойла ца йора, шен а, шен гергарчу нехан а хьашташ кхочушдора. Ткъа 1944 шарахь, халкъ махках даккхале хьалха, Нохчийчохь куьйгаллехь лаьттинчарах дукхахберш, атталла, ворх1 класс образовани а йоцуш, бодане нах бара. Тхаьш долчохь хилларш дагабог1у сунна. Маларш муьйлуш, зударшца сакъоьруш, кхаьънаш оьцуш, бехк-гуьнахь доцу миска нах лоьцуш, Сибрех хьийсош, боьха адамаш дара уьш дукхахдерш. Яртийн, районийн т1ег1анарчу нохчийн куьйгалхойн харцонаша, къизаллаша, хьарамлонаша обаргаллин некъа бохура дуккха а хьанал, ц1ена нохчий. 20-чу шерашкахь цхьацца ярташкахь 1едална дуьхьал г1овттамаш хуьлура. Бакъду, оцу г1овттамийн орамаш Нохчийчоьнал арахьа хуьлуш меттигаш а нислора. Масала, 1932 шеран мартехь Нохчмахкахь хилла г1аттам. Цуьнан з1е яра 1931 шарахьлерчу Донехь, Кубанехь, Соьлжан районехь а хиллачу г1аттамца.

Вуьшта аьлча, г1алг1азкхийн атаманийн къайлах мотт-эладитно йинера Нохчмахкахь а хьовр-з1овр.

1940-1942 шарахь Орган лакхенца советийн 1едална дуьхьал хилла г1овттамаш а бевза вайна. Уьш берриге а нохчийн халкъана зуламе а бирзира.

- Х1ета, 1944 шарахь нохчийн халкъ махках даккхаран бахьна Нохчийчохь хилла обаргаш а, г1овттамаш а хуьлу-кх?

- 1едало дуьйцу бахьнаш дара уьш. Талор, антисоветски боламаш, т1еман шерашкахь нохчийн лаьмнашкахь хилла г1аттам, кхин а, кхин а. Бакъду, хьаштдоцурш, зуламе г1уллакхаш дукха лелийра Нохчийчохь 1941-1943 шерашкахь. Масала, тхан районехь колхозийн бахамаш талийра. Обаргаш олу нах шина тайпана бара. Хьалхарниш – 1едалан харцонаша арабаьхна, шайн синош довдийна лела нах. Цара зулам ца дора цхьанна а. Шолг1аниш – обаргаш ду шаьш бохуш, бахархой а, юкъараллин бахамаш а талош лела, боккъал а бандиташ. Х1етахь сан 12-13 шо дара. Хьаннашкахь нохчийн «обаргашца» цхьаьна хуьлура дег1астанхой, ног1ий, г1алмакхой, кхечу къаьмнех нах а. Мацах Ермоловс ма аллара, шайн маххахь зуламаш дина, цигара та1зарх бевдда, Нохчийчу баьхкина зуламхой, дезертираш, дуьххьалд1а бандиташ. Ишта нах Ермоловн заманахь а, т1аьхьа а, х1инца а т1елоцу нохчаша.

Нохчий а, кхин масех къам а махках даккхаран 1едало дуьйцуш долу бахьна, цара немцошна г1о дина, бохуш дара. Ткъа боккъал а долу бахьна х1инца а ца дуьйцу 1едало. Нохчаша немцошна г1о дина ца дaькккхира нохчийн халкъ махках, х1унда аьлча нохчийн лаьтта т1ехь немцойн цхьа салти а ца хиллера.

XVIII б1ешарахь дуьйна схьа Россис дукха сатуьйсура Хонкаран малхбалера гуьржий а, эрмалой а, курдаш а бехаш болу дакъа шех схьатоха. Амма туркошца массо а т1ом кхиамза чекхболура. Дуьненаюкъара шолг1а т1ом болуш Хонкара Германски блокан декъашхо яра. Амма цо т1амехь дакъа ца лецира. Х1етте а иза антигермански коалицин мостаг1 лорура. Германина т1ехь толамхоша «дуьне доькъуш», СССР-о шена бакъо яьккхира, Хонкарна т1ом кхайкхийна, цуьнан малхбалехьара дакъа шен доладаккха. Оцу планна хьалхxe кечам бира советски правительствос. Массо а хенахь оьр-

сийн-туркойн т1ом болуш Къилбаседа Кавказера халкъаш, къаьсттина нохчий, Россина дуьхьал г1овттуш хилар билгалдаьллера исторехь. Цундела сацам хиллера, Хонкарца т1ом болабале, шайна тешаме ца хетта цхьадолу къаьмнаш букъ т1ехьара д1адаха. Тюркски къаьмнех болу крымски г1езалой, кхарачай, балкхарой, монголийн т1аьхьенех болу крымски г1алмакхой, СССР-н махка т1ехь туркойн дозанца беха курдаш, туркой-месхетинцаш. Оцу мог1арехь хьалхарчу меттехь билгалбина бара даима Россина дуьхьал къийсам латтийна нохчий, цаьрца цхьана ц1ийх болу г1алг1ай, Дег1астанара масех халкъ. Цул сов, Геббелсан идеологически аппарато къайлах эладита даржийнера, немцоша Къилбаседа Кавказера бухабовлуш, цигахь «пхоьалг1а колонна» йитина, бохуш. Цундела 1943-1944 шерашкахь и масех халкъ Кавказера а, Крымера а д1адаьккхира советски правительствос. Т1аккха, Германис капитуляци йича, цигара схьадало эскарш туркойн дозане д1ауьйзира. Хонкарца т1ом а болийна, цуьнан малхбалехьара дакъа СССР-х схьатоха. Амма хьекъалечу туркоша и план йохийра: СССР х1ун дан г1ерта а хиъна, цара шайн махка 1аьмаркахой охьаховшийра, цаьрца барт а бина.

- Дег1астанхой муха бисира махках ца бохуш?

- Даима санна, Дег1астанарчу халкъийн тхьамданаш, 1едалан куьйгалхой хьекъале, генна хьалха д1ахьовсуш хиларна. Тхо ссылкехь долуш дуьйна наха дуьйцуш хезна суна, Нохч-Г1алг1айн а, Дег1астанан а республикийн куьйгалхой т1е а кхайкхина, Сталина а, Берияс а хьаьттина хилла боху, шуьга шайн республикашкара бандиташ д1а а бахалур буй, фронте бахийталур буй, аьлла. ДАССР-н куьйгалхоша, шайга иза а, важа а далур ду, аьлла, дош делла боху, ткъа НГ1АССР-н куьйгалхоша, иза дан шайн ницкъ бац, аьлла боху. Иза бакъ ду-дац, ца хаьа суна. Амма суна хууш цхьаъ ду: ДАССР-н куьйгалло шайн махкара бандиташ, дезертираш, кхиболу зуламхой лаьхкина арабахар а, царах цхьаберш Нохчийчу баржар а. Ткъа Дег1астанан зорбанехь т1аьхьа яздина гина суна, х1етахь Дег1астанан ВКП(б) обкоман хьалхарчу секретаран А.Алиевн а, СНК председателан А.Данияловн а кхайкхамца масех дийнахь шайн лаамехь масийтта эзар стаг фронте вахийтира, оцу г1уллакхо Дег1астанара халкъаш репрессех к1елхьардехира, бохуш.

Дийцина х1ун до цуьнан, Дег1астанан куьйгалхошна, политикашна, 1илманан а, культуран а г1уллакххошна даим а некъ карабо шайн халкъашна т1екхозабелла кхерам бухатоха. Масала, Шемалан куьйгалли к1ел Дег1астанарчу а, Нохчийчуьрчу а халкъаша XIX б1ешарахь шайн маршонехьа латтийна къийсам 1едало бехбан болийча, 1950 шарахь Дег1астанан ВКП(б) обкоман хьалхарчу секретара А.Данияловс «Вопросы истории» журнала т1ехь яздира: «Оьрсийн эскарщца дакъалоцуш 3000 сов дег1астанхо а волуш, Ахульгона штурм йича, цигахь вохийнчу Шемална хиира дег1астанхошна юкъахь кхид1а т1етовжа шена г1ортор цахилар, цул т1аьхьа коьртачу декъана нохчашна т1етийжира иза. Шен наибца Ахверди-Махьмица Нохчийчу вахара Шемал.

Нохчаша шаьш аристократаш, лаьмнийн дай ду, ткъа дег1астанхой лай бу, олура. Шемала нохчий хестабора, дег1астанхошка церан цабезам даим марсабохура. 1839 шарахь, Нохчийчохь д1атарвелча, цо шен наибашка омра дира: Нохчийчу бог1у дег1астанхой талабе. Уьш 1еламнах белахь, байа». Дег1астанехь сийларам байна Шемал кхид1а йисинчу хенахь Нохчийчуьра талорхойн аристократина т1етевжира». (А.Даниялов. Об извращениях в освещении мюридизма и движения Шамиля. Вопросы истории, 1950, №9, с.10-11).

Шен поэтически дешнащца партин баьччин г1о лецира Гамзатов Расула:

**Что он охранял? Ярмо непосильного гнета,**
**Черный занавес лжи, униженье, и голод, и страх,**
**Для посевов – пожары, бесправье и тьму – для народов,**
**Для змеиных притонов – гнездовья в чеченских лесах...**

**Так закончил имам двадцатипятилетье обмана,**
**И сдыхать он не вернулся уже в Дагестан**
**Труп чеченского волка, ингушского змея – имама,**
**Англичане зарыли в песчаный арабский курган.**

**(Р.Гамзатов. Имам.**
**Сб. стихов «Год моего рождения». М.,1954).**

Цаьршимма а, шеко йоцуш, бакъдерг аьлла. Шемал шайна бале, бохаме, зуламе вала воьлча, иза д1а а тесна, нохчашна схьаккхуссура дег1астанхоша, нийсса аьлча, цара д1акхоьссича, нохчаша туш а лой, иза т1елоцура. Масала, 1839, 1845, 1859, 1950 шерашкахь. Т1аккха цуьнгара я цуьнан ц1арах шайна пайда хуьлий хиъча, нохчашкара д1авоккхура. Масала, 1956-1959 шерашкахь. Х1инца Шемал, цуьнан к1ентий, Узун-Хьаьжи, Н.Гоцински, шайн къоман турпалш бина, айина цара. Хьекъал ма ду иза, цкъа а нохчашкахь ца хилла!

- Х1ета, б1ешерийн к1оргера схьайог1уш з1е ю-кх иза?

- Ю, юх-юха а дуьйлуьйтучу цхьана г1алатийн з1е. Даим а цхьана ор чу лелхаш.

Х1инца х1окху т1аьхьарчу итт шарна т1едог1ур вай. Бусалба дин коьртачу декъана Дег1астанхула схьадеана Нохчийчу. XIX б1ешарахь хьуьжаршкахь нохчийн берашна хьоьхурш а Шемала кхуза балийна дег1астанхойн молланаш бара. Нохчийчуьра бусалба динан коьрта вирдаш а цигахула схьадаьхкина. Дег1астанарчу а, Москварчу а 1едалшна 1аламат дика хаьара х1окху т1аьххьарчу шерашкахь Дег1астанехь х1оьттина хьал. Премьер С.Степашин хьошалг1ахь а хиллера Карамахехь а, Чабанмахехь а.

1999 шеран августехь Нохчийчуьра д1а Дег1астана чубаханчу моджахедех дукхахберш дег1астанхой бара, цхьа к1еззиг нохчий а, 1аьрбой, узбекаш, таджикаш, афганцаш, славянаш, и.д1.кх. а. Уьш цига бог1ий а хаьара Дег1астанарчу а, Москварчу а 1едалшна хьалххе дуьйна. Амма, дуьхьало ца еш, Дег1астана чубахийтира. Т1аккха цигарчу куьйгалло халкъ г1аттийра моджахедашна дуьхьал. Ярташкахь, г1аланашкахь, белхалойн коллективашкахь митингаш еш. Зорба, радио, телевидени царна дуьхьал болх беш яра дийнахь-буса. Нийсса аьлча, оцу берриг а г1ирсашца нохчийн халкъана дуьхьал кампани йолийра цигахь. Дерригенна а нохчий бехкебира. Х1оьттинчу хьолах нийса ца кхеттачу, ма-дарра аьлча – 1едало 1ехийнчу наха, нохчийн «агрессорш», «бандиташ», «фашисташ» бу, бохуш, маьхьарий хьоькхура митингашкахь. Госсоветан кхайкхамна жоп луш, цхьана к1ирнах герзаца кечвелла 25000 лаамхо д1ах1оьттира «нохчийн агрессорш» Дег1астанара

д1алахка. Бакъду, я оцу митингийн «т1емалоша» а, федеральни эскарша а х1умма а ца дира. Хаза, гонах «сийлаллин ха» а х1оттийна, Нохчийчу схьабалийра моджахедаш. Царна т1аьххье – т1ом а. Иштта план яра Москван.

Оцу деношкахь цигарчу митингашкахь хьекъалечу дег1астанхойн маьхьарий хезара: «Дагестан навеки с Россией!» Нохчийчоьнца долу шайн дозанаш а д1акъеевлира цара. Кхузара т1амах, 1ожаллех уьду нохчийн бераш, зударий, бакхий нах а шайн махка т1е ца бовлийта.

Дуьххьара нохчий Россина дуьхьалбевлча, дег1астанхойн цхьана политико аьллера: «Нохчаша шайна шура ло етт бийна, оха тхайниг ларбо».

Х1инца, май баттахь, Абдулатипов Рамазан г1а1г1абан воьлла Москвахь цхьана майданахь лаьтта Петр 1 х1оллам Махачкала д1абахьа. Махачкала г1алин бухбиллархо Петр 1 ву (Порт-Петровск), цуьнан х1оллам Махачкалахь хила хьакъ бу, боху Абдулатиповс. Шагат1улгах я борзанах бинчу оцу х1олламо дег1астанхошка кхача боьхур бац. Амма, иза цига д1ах1оттийча, цо дег1астанхошна «шура» лур ю! Мел хьекъале долийна г1уллакх ду иза!

Кху шеран май баттахь арадаьллачу «Северный Кавказ» газетехь яздо: «Дег1астанан куьйгалло а, интеллигенцис а сацам т1еэцна, Дег1астанан экономика, 1илма, могашалла ларъяр, культура, дешар кхиорехь шайн дахар ца кхоош г1уллакхдинчу оьрсийн интеллигенцина а, белхалошна а мемориальни комплекс х1отто. Цуьнан проектана къовсам д1ахьош бу цигахь» («Северный Кавказ», 2002, №20).

Нохчийн Республикан куьйгалхошна, интеллигенцина цкъа а дагадог1ур дацара иштаниг. Дег1астанахь дукха х1олламаш бу шайн халкъана пайде г1уллакх дина г1арабевллачу нахана х1иттийна. Ткъа Нохчийчохь цхьана а нохчочунна х1оллам ца х1оттийна. Дег1астанахь советски заманахьлера цхьа а х1оллам ца бохийна (Л.Толстойна, А.Чеховна х1оттийнарш а т1ехь). Цхьа а тайпа пайда хиллий нохчашна, и тайпа «майралла» гайтича?

- Йохорашна а, талорашна а т1ехь-м хьалхе яьккхира вай!..

- Х1инца 1990-1991 шерашка вухавоьрзур вайша.

Росси чохь дехаш б1е гергга къам ду. СССР йоьхча, цхьана а къомо нохчаша лелийнарг ца лелийра. Нохчаша митингаш йолийра – цкъа хьалха районашкара хьькамаш д1абохуш, т1аккха республикан Лакхара совет а, правительство а д1асалоллуш. Иза ца дира нохчий боцчу цхьана а къомо. Цара шайн хьалхалерчу куьйгалхойх дукхахберш шайн даржашкахь битира. Нохчий боцчара, цхьана а къомо ГКЧП дуьхьал митинг ца йира. 1991 шеран августехь Ельцинан кхоллам кхераме нисбелча, иза а, цуьнан Лакхара совет а ларъян нохчийн 300 жимастаг вахнера, бохуш дуьйцура. Ткъа нохчий шозза шена г1оьнна г1овттарна «баркалла олуш», оцу шеран ноябрехь Ельцина Соьлжа-г1ала десант кхоьссира, т1аккха 1994 шеран гурахь Нохчийчохь х1ара къематде долийра.

Политически, экономически кхиъначу, 1илманца а, культураца а, динца а лаккхарчу т1ег1анехь, исс миллион гергга болчу г1езалойн, нохчашца дуьстича, б1озза дукха аьттонаш бара, Россех д1а а къаьстина, шайн йозуш йоцу пачхьалкх кхолла. Т1е, де эшча орца ала, т1етовжа шайца цхьа мотт, цхьа культура, цхьа дин долуш дезткъа миллион тюркски къаьмнаш а дара царна – башкираш, кхазахаш, г1ирг1азой, узбекаш, туркменаш, азербайджанаш, туркой, кхин а, кхин а. Амма уьш Россех д1а ца къаьстира, шайна Москвагара яккхий бакъонаш а яьхна, севцира. Нохчий цхьа миллион бен бац. Х1окху дуьненахь нохчашца цхьа мотт, цхьа г1иллакхаш, цхьа культура йолуш, де эшначохь орца ала, т1етовжа кхо б1е эзар гергга г1алг1а бен вацара. Уьш а нохчех хьалхе д1акъаьстира, вежарех шайна зулам дала герга дуйла а хиъна.

Х1етте а Россехь дехачу оццул дукхачу къаьмнашлахь беккъа цхьа нохчий г1евттира, шаьш шайн йозуш йоцу пачхьалкх кхуллу, аьлла. Ткъа вай, 1овдалш, карзахдаха кхуза схьаоьхура Прибалтикерий, Поволжьерий, ерриг Кавказерий, Москварий политикан а, динан а авантюристаш, Россин а, кхечу мехкийн а спецслужбийн агенташ. Соьлжа-г1аларчу митингехь, зорбанехь, радиохула, телевиденехула, мацах имама Шемала, Орджоникидзес, Кировс санна, нохчий хестош, карзахбохуш, маьхьарий хьоькхура цара: «Майра нохчий! Шун карахь бу Кавказан кхоллам! Шу нийсачу новкъахь ду, тхо шуьца ду шуна, духа ма довлалаш! Аллах1у Акбар!» - бохуш.

Оцу шерашкахь Нохчийчу баьржира, саг1а деха даьхкина шаьш боху – цхьаберш, нохчашна бусалба дин хьеха даьхкина шаьш боху – кхиберш: 1аьрбой, туркой, узбекаш, таджикаш, кхин а, кхин а. Нахехь а, маьждигаш чохь а буьйсанаш йохура цара. Цара лепочун бала болуш цхьа а вацара. Ткъа царна юкъахь кхечу пачхьалкхийн, цхьацца политически а, динан а организацийн агенташ, разведчикаш хиларан шеко яцара. Т1аьхьа вайн халкъана т1ех1оьттинчу х1окху къематденна бух талла, кечам бан бахкийтина хиллера уьш.

Москвахь язйинчу «нохчийн революцин» сценарица, кхузахь шаьш кечбинчу нохчийн «актераша» спектакль муха х1оттийна хьовса цхьацца а, тобанашца а сих-сиха Нохчийчу бог1ура сценарин авторш вице-президент А.Руцкой, РФ Лакхарчу советан председатель Р.Хасбулатов, правительствон председателан хьалахара заместитель Г.Бурбулис, КГБ председатель В.Иваненко, МВД министран заместитель Абрамов, Генпрокуроран заместитель Землянушин, Шахрай, Полторанин, инарлаш П.Дейнекин, Б.Громов, П.Грачев, кхин а, кхин а.

Нийсса аьлча, Нохчийчохь массо г1аттам а, революцеш а кхечу къаьмнех болчу наха вовшахтухура, ткъа нохчийн куьйгашца, ц1ийца кхочушйора.

- Абузар, х1ун декхарш лаьтта нохчех болчу дешначу нахана (интеллигенцина) хьалха? Уггар хьалха, ц1ахь а, арахь а болу нохчийн яздархой, 1илманчаш, журналисташ, бизнесменаш, политикаш, даржашкахь болу нах х1ун дан декхар долуш бу?

- Ахь багарбинчарна т1етухур вай динадай. Х1унда аьлча, дуьненан историхь уггар хьалха кхоллаелла интеллигенцин тоба – динадай бу. Важа йисна тобанаш заманан йохалла т1аьхьа кхоллаелла.

Итт шо хьалха, сепаратистийн идеологаша сийсазъеш, боданечу халкъан бага тесира нохчийн интеллигенци. И дош х1ун ду цахуучу наха галстук йихкинчу муьлххачу а стагах интеллигент олура. Цундела дукхахдолу халкъ «интеллигенци» олучу нахах кхетор вай.

Маь1не даьккхича, хьекъалца болх бечу нехан тобанах олу интеллигенци. Лакхахь ма аллара, интеллигенцин дуьххьарлера тоба – динадай бу. Царна т1аьхьа – хьехархой, лоьраш, поэташ, артисташ, суртдиллархой. Уьш берриг а пачхьалкхана, паччахьна йолах болх беш нах хилла. Заманан йохалла интеллигенцин тобанаш стамъелла: 1илманчаш, яздархой, журналисташ, политикаш, дипломаташ, бизнесменаш, юристаш, инженераш, агрономаш, архитекторш, пачхьалкхан чиновникаш, и.д1.кх. а. Доцца аьлча, хьекъалца болх беш болу нах.

Уьш муьлххачу 1едална а оьшуш адамаш ду. Уьш ца хилча, пачхьалкх кхоллалур яц цхьана а паччахьна, 1едална. Цхьа к1еззиг дакъа доцург, интеллигенци массо а заманахь паччахьашна, 1едална, хьолахошна йохкалуш хилла. Цара шайн хьекъал, говзалла, сий а д1адухку ахчанах, дешех. Йохкаеллачу интеллигенцис доггах г1уллакхдо муьлххачу а рожана. Цуьнан харцонаш, ямартлонаш, къизаллаш къайла а йохуш, и раж хестайо.

Амма массо заманахь а, массо махкахь а интеллигенцин цхьа к1еззиг векалш бовлура паччахьашна, 1едална, хьолахошна ца бохкалуш. 1едалх ца кхоьруш а, церан харцонаш, ямартлонаш, къизаллаш 1орайохуш, царна дуьхьал турпала къийсам латтош, халкъан дуьхьа, халкъан маршонехьа, бакъонехьа къуьйсуш, халонаш ловш а, халкъан, Даймехкан дуьхьа 1ожалла т1еоьцуш а. Амма иштташиш 1аламат к1езиг хилла массо заманахь а, массо махкахь а, массо къомах а, къаьсттина – нохчийн.

ХХ б1ешеран 60-г1а шераш т1екхаччалц нохчийн интеллигенци оцу дешан дуьззинчу маь1нехь хила а ца хилла, ала мегаш ду. Лаккхара 1илма долуш динадай 1аламат к1езиг хилла нохчийн ХУ111-Х1Х б1ешершкахь. Ткъа уьш а, мелла а 1аьрбийн йоза-дешар хуу нах а советийн 1едало х1аллакбира 20-30 шерашкахь. Боккъал а йолу нохчийн интеллигенции д1адаханчу б1ешеран 60-80 шерашкахь кхоллаелла.

Нохчийн халкъана хиллачу х1окху бохамна уггар хьалха бехке ю интеллигенци. 1990-1991 шерашкахь халкъана хьалха шен декхарш кхочушдан цуьнан доьналла хиллехьара, х1ара бохам, бала хир бацара вайн махкахь.

1990 шарахь Нохчийчохь халкъо хаьржина нохчийн депутаташ бара: Лакхарчу советехь – 113, районийн советашкахь – 900, яртийн а, поселкийн а, г1аланийн а советашкахь – 2000. Махкахь 1едал шайн буйна лаьцна обкоман, райкомийн, парткомийн масех б1е секретараш а, декъашхой а бара. Царна т1етоха министарш, пачхьалкхан а, бахамийн а, юкъараллин а органийн а куьйгалхой, дийнна эскар чиновникаш. Т1аккха – итт эзар сов хьехархой, лоьраш, 1илманчаш, яздархой, журналисташ, юристаш, артисташ, суртдилле прхой, инженераш, агрономаш, кхин а, кхин а. Х1етахь лаххара а 50 эзар стагах лаьттара нохчийн интеллигенци.

Цул сов, яра муфтият а, 500 имам а.

Ткъа Дудаевн тобанера берриг а декъашхой юьхьанца цхьа б1е стаг хиллехь, кхин хир вацара. Уьш а бара хьалха коммунистийн рожо партийно-советски номенклатуран хьаьвди т1е ца битина я цунна юьстахкхийсина нах а, 1илманехь, литературехь, искусствехь, спортехь кхиамашка кхача ницкъ, пох1ма, хьекъал ца тоьъна а, лахарчу т1ег1анахь бисна а нах. Цара шайна т1еозийра къуй, талорхой, къа а ца хьоьгуш дуьне даа лууш йолу жуккарш, шайна малар эцча, сом-ком елча гай ятт1алц маьхьарий хьекха кийча алкоголикаш а.

Шайн боламах цкъа хьалха «нохчийн революции» олура цара, т1аьхьа – «нохчийн къоман маршонехьа болам». Оцу боламан идеологаша массо а тайпа пропагандин г1ирсашца халкъана хьалха сийсаздора советско-коммунистически 1едал, карлабохура паччахьийн заманахь дуьйна схьа нохчийн халкъо лайна баланаш, халонаш. Шаьш нохчийн халкъана маршо лур ю, къоман барт бийр бу, махкахь нийсо а х1оттор ю, бохура цара. Т1аьххьар а нохчийн йозуш йоцу «исламски пачхьалкх» кхуллур ю, нахана «дашочу ц1узамашчухула эмкалан шуреш а мийлор ю», бехира.

«Революционераша» х1ора дийнахь 1уьйранна автобусашца г1ала а даладора, суьйранна д1а а дуьгура эзарнаш адамаш. Г1алахь царна кхача а латтабора. Оцу дерригенна а харж йора колхозийн, совхозийн, промышленни предприятийн куьйгалхоший, Нохчийчохь а, цул арахьа а бехачу нохчийн цхьаболчу бизнесменаша а. Вуьшта аьлча, уьш берриг а нохчийн интеллигенцин векалш бара.

Шайн киснара ахча дацара цара харж йийриг, халкъан хьакъ дара, халкъо хьацарца даькккхина. Амма халкъе хоьттуш ца дойура цара цуьнан ахча.

Телевиденехула гойтура г1алин майданахь зуькарш деш хьийза адамаш. Нохчийчуьра дерриг а вирдийн мурдаш. Цаьрца цхьаьна – зударий а, бераш а. Майда къарзйой хуьлура куйнаш т1ехула к1айн, ц1ен, баьццара асанаш хьарчийна хьаьжой. И эзарнаш адамаш шина баттахь лаьттира цигахь, Лакхара совет а, правительство а д1асалаллалц.

Оцу шина баттахь, царна т1е а вахна, уьш кхето цхьа дош аьлла вист ца хилира республикан куьйгалхо Завгаев Доку а, цхьа а депутат а, цхьа а министр а. Ца элира, 1едало нохчий бертахь Россех д1акъостуьйтур бац, бертаза д1акъаста г1ортахь, д1ада-ханчу шина б1ешарахь санна, вайна т1ехь къематде х1оттор ду. Шолг1а делахь, Россис шех д1акъастийтича а, пачхьалкх кхолла, кхоьллича иза ларъян, халкъ кхаба вайн ницкъ бац, аьттонаш, таронаш яц. Россехь вайл даккхий а, кегий а къаьмнаш ду, хьалхеш а ца йохуш 1аш, цкъа цара х1ун до хьовсур вай. Республикан куьйгалхоша митингехь лаьттачу халкъе и тайпа къамел динехьара, депутаташа, шайн к1ошташка д1аса а бахна, шайн харжамхошца а, яртийн, колхозийн, совхозийн, предприятийн куьйгалхоша шайн къинхьегамхошка а, имамаша маьждигашкахь а, доцца аьлча, 50 эзар стагах лаьтта нохчийн интеллигенци халкъ кхето г1еттинехьара, х1ара бохам хир бацара Нохчийчохь. Оццул жимчу нохчийн халкъан 1991 шеран гурахь ши парламент, ши правительство, ши муфти, вуьшта аьлча, республикехь ши 1едал дара.

- Оцу майданахь цхьана адаман а ц1ий ца 1ано даржаш д1аделира шаьш, бохура х1етахь республикан куьйгалхоша.

- Хала ду царах теша. Халкъан ц1ий 1анорна кхоьруш хиллехь, 1994-1995 шерашкахь федеральни эскаран танкаш т1ехь юха Нохчийчу бог1ур бацара уьш. Я, нийсса аьлча, шаьш халкъан бала болуш хиллехь, 1991, 1994 шерашкахь, шайн халкъ а, Даймохк а д1а а тесна, бевдда Россе, Европе, туркойн, 1аьрбийн мехкашка д1аг1ур бацара. Ас буьйцурш х1етахьлера а, т1аьхьарлера а хьаькамаш хилла ца 1а. Вайн интеллигенцин авангард а яхара цаьрца.

Эльмурзаев Г1ерсолтас дийцира сунна, х1ара т1ом болуш, хьалха хиллачу «революцин» цхьана жигархочунна т1екхаьчча: «Шу ду халкъана хиллачу бохамна бехке!» - аьлла, ша бехк баьккхича, цо шега эли бохура: «Валлах1и, ва биллах1и дац тхо-м! Х1етахь тхо ткъех стаг схьа а лаьцна, т1ехьа куьйгаш а дихкина, ц1оганах мийра а тоьхна, набахте кхосса боьрша ца хилла, шу ду-кх бехке! Шун карахь 1едал дара, милиции, КГБ, суд, прокуратура а ма яра х1етахь!!! Амма доьналла дацара шуьгахь!»

И «революционер» бакълийна. 1990-1991 шерашкахь республикан куьйгалхоша, «нохчийн революцин» ткъех коьртахо схьа а лаьцна, набахте кхоьссинехьара, кхетаман болх барца халкъ царна т1аьхьара даьккхинехьара, Нохчийчохь х1ара ши т1ом а хилла хир бацара, б1е эзарнаш адамаш дайина, сакхат дина, махках девлла а хир дацара, вайн ярташ, г1аланаш йохийна а хир яцара...

Оцу бохамашна Далла хьалха жоьпалла долуш хир бу нохчийн динадай а, хьаьжой а. Нохчийчохь 500 маьждигехь 500 имам вара х1етахь, 2000 гергга хьаьжой а бара, шаьш ц1ена бусалбанаш хеташ. Маьждигашкахь, тезеташкахь, саг1а доккхучохь нахе Делан, пайхамаран (Делан салам хуьлда цунна) дош д1а ца кхачадора цара. Х1ора юьртахь иттех стаг вара х1етахь нахана юкъахь питанаш даржош. Шайн-шайн юьртара и итт-итт стаг сацо доьналла ца хилира имамийн, хьаьжойн, юьртахойн. Колхозийн, совхозийн, пачхьалкхан, юкъараллин долалла, ц1ерпошташ талош, адамаш лечкъош, дойуш болу нах совцо ца г1оьртира. Мелхуо а, цхьаболу вайн динадай, «нохчийн революцех» д1акхетта ца 1аш, цуьнан жигара идеологаш хилла д1ах1иттинера.

Вайн интеллигенцин г1оьнца боданечу баккхийчу нахах цхьаьнатоьхна «Мехк-Кхиэл» кхоьллира. Цара телевиденехула, митингашкахь хьаьсарта бахна къамелаш дора, халкъ коммунисташна, Россина, керисташна, мунепикъашна дуьхьал г1аттаре кхойкхуш. Нохчийн цхьаболу динадай, бакхий нах бара вайн кегийрхой карзахбаьхнарш, уьш толам хир боцчу т1амна г1овттийнарш, 1ожаллин бага кхийсинарш. Амма суна ца хезна и «майра» динадай, хьаьжой, баккхий нах, шаьш т1аме а бахна, т1амехь леташ, г1азотехь

белла, бохуш. Уьш шаьш а ца боьлхура т1аме, я шайн к1ентий а ца бохуьйтура.

Х1окху шина т1амехь шаьш нохчийн халкъан маршо, сий лардеш ду аьлла, доггах тешнарш эгна.

Амма и кегийрхой ир-кара х1иттош т1аме а хьийсош, уьш х1аллак а беш, дуьненан хьолах, ахчанах бохкабелла, шайна герга кхерам г1оьртича, Даймохк а, халкъ д1а а тесна, къайлабевлла а, бевдда бахна а нах жоьжахатан 1азапах а, нохчийн халкъан не1алтах а к1елхьарабевр бац, Дала дуьненахь а, эхартахь а бекхам оьцур бу царах.

Тамашийна адамаш ду вай. Ваьш цхьа сонта, галдаьлларг а леладой, иза ваьшна бохаме, бале даьлча, «Дала азаллехь синош кхуллуш ишта яздина хилла иза», «Делан болх бу иза», «Делан кхиэл ю лелларг», олий, дерзадо вай. Вай диннарг д1аяздо Дала. «Болх» бийраш вай ду, ткъа Дала вайн балхана кхиэл йо. Шайн г1алаташ, сонталла, иман дацар а, 1есалла а Далла т1е тоьттучара, я цаьрга ладоьг1учара цхьана а х1уманан ойла ца йо. Х1окху дуьненахь, нохчий боцурш а, эзарнаш халкъаш ма ду, ткъа б1ешерийн дохалла даима а Дала и «болх» нохчашна т1ехь х1унда бо-те, гал мел дерг нохчашна т1е х1унда яздо-те, х1ара та1зарш а, кхиэл а нохчашна т1ехь х1унда йо-те, аьлла. Ойла ца йо, кхечу къаьмнех къастам беш, нохчий тайпанашка х1унда бекъабелла-те, Нохчийчохь бусалба дин масех вирде а х1унда декъаделла-те? Вайн сонталла, 1есалла дуй-те нохчийн къоман барт бохаран, махкахь имам цахиларан, вайна т1ехь сих-сиха х1ара къематде х1отто мостаг1ийн аьтто бийриг?

Иштта, д1а ойла йича, х1окху бохамна бехке вай, нохчий хуьлу. Кхетамна, 1илманна т1аьхьадисна, шайга хаза хабар дийцича тешаш, 1ехалуш, дуьненан хьолана сутара, ахчанах иблисна а дохкалур долуш.

- Х1окху бохамах халкъ к1елхьарадаккха, халкъан барт бан, махкахь машар х1отто муьлха некъаш го хьуна, Абузар?

- Москвахь 1едалан лакхе къуьйсучу политикаша а, генералитетан векалша а, т1еман-промышленни комплексах, финансийн

олигархих хоттаеллачу мафиозин тобанаша а нохчийн куьйгашца беана х1ара бохам Нохчийчу.

Церан 1алашонаш, цкъа делахь, шаьш Россин халкъана йина ямартлонаш, дина зуламаш, лачкъийна къоман хьал, миллиардаш ахча Нохчийчохь латийначу т1еман ц1ергахь, йохийнчу яртийн, г1аланийн херцорашна, дайинчу б1еннаш эзарнаш адамийн декъашна к1ел, ц1ийн 1оврийн татолаш чохь къайладахар яра. Шолг1а делахь, оццу акхачу, зуламечу некъашца керла миллиардаш шайн киснашка дахкар а. Нохчийчуьра т1ом бахьна долуш Россин дукха а политикаша, эпсарша кхечу хьелашкахь цкъа а шайна гур йоцу карьера йина цхьа йоццачу хенахь, миллиардашкахь ахчанаш шайн кисна а дехкина. Кхузахь г1уллакх дечу салташна, эпсаршна лакхара алапаш а, шатайпа дика хьелаш а кхоьллина. Цул сов, цара х1онц йоккху «зачисткаш» еш а, блокпосташкахь адамаш талош а, лецна нах буьгуш а, декъий духадерзориг мах боккхуш а. Кхузахь федаральни ницкъийн салташна, эпсаршна кхерам бац, х1унда аьлча Нохчийчуьра т1ом 1995 шарахь чекхбаьлла, амма иза д1аберзо ца лаьа генералитетна. Федералашна кхузахь орденш, мидалш, сийлахь ц1ерш ло. Цундела кхузахь г1уллакх дан доггах йолахой бог1у. Шозлаг1а а, кхозлаг1а а. Шаьш Нохчийчохь г1уллакхдан бохкуьйтург цара шайн хьаькамашна даккхий кхаьънаш ло, бохуш а дуьйцу.

Нохчийчуьра т1амо «шура» ло луларчу республикашкарчу дукха а адамашна а, къаьсттина куьйгалхошний, чиновникашний. Нохчашлахь а к1езиг бац х1окху хьолах пайдаоьцуш нах.

И дерриг а вайначул дика хууш а, гуш а йолчу Кремлана лиъча, цхьана дийнахь д1адоьрзур дара Нохчийчохь долу х1ара бохаме хьал. Амма иза дерзо иштта атта дац, х1унда аьлча х1окху бохамна бехке адамаш цхьана з1енашца вовшахтесна, д1адихкина ду. Х1етте а, шайна мел ца лаахь а, х1ара г1уллакх дерзо дезар ду церан, х1унда аьлча Россин куьйгаллин ахча а, ницкъ а, г1ирсаш а бац къелла къикъбоьлла россиянаш аьшпашца кхид1а 1ехо. Нохчийчохь ц1ергахь дагадо триллионаш ахча. Машаре адамаш дойу, хьийзадо, «контртеррористически операцехь»

дакъалаца Россин массо а субъекташкара кхуза балош болу салтий а, милици а, йолахой а талораш дан, адамаш хьийзо, дайа 1ема. Я, вуьшта аьлча, дукхахберш шаьш бандиташ, террористаш хуьлий ц1абоьрзу. Т1е, Нохчийчохь т1ом болабелчхьана Россехь шуьйра даьржина адамаш дайар, шовинистийн, расистийн тобанаш кхоллаелла, кхечу къомах, кхечу басахь долу адамаш дайар, хьийзор даьржина. Цунна масал ду 9 июнехь Москвахь, Манежни майданахь хилларг. Пачхьалкхан массо а т1ег1анехь коррупци ю. Уьш дерриг а т1ехдетташ, Россин куьйгалхошна б1аьрга п1елгаш 1уьтту малхбузерчу пачхьалкхаша а, дуьненан халкъийн юкъараллин организацеша а. Нохчийчуьра т1ом а сацийна, Росси шен чоьхьара хьал д1анисдан ца г1ортахь, иза криминальни пачхьалкхе ерзарна кхерам бу.

Иза цхьа аг1о ю. Нагахь санна, 1990-1991 шерашкахь нохчийн къоман барт а хиллехь, и бан а, къоман доладан а цуьнан кхолламан бала болуш, республикан коьртехь доьналле нохчийн къонахий а хиллехь, Нохчийчу х1ара бохам бог1ур бацара, Москварчу 1едалан-м хьовха, дуьненарчу ерриг пачхьалкхашна лиъча а.

Шолг1а. Нохчийчуьра х1ара бала д1аайа а, къоман барт бан а тахна хьекъале, доьналле къонахий оьшу. Хьекъале нах дуккха а бу, амма бала болуш, доьналле къонахий бац. Х1ара бохам Нохчийчу бог1уш республикан коьртехь хилла куьйгалхой а, царна т1аьхьа 1991, 1997 шерашкахь 1едалан коьрте баьхкинарш а, халкъ х1окху бохамехь д1а а тесна, бевдда бахна Россе а, Европе а, Азе а, 1аьрбийн, туркойн мехкашка а. Шайн доьзалшца цхьаьна. Хьалхxе шайна цигахь дика бух а кечбина.

Тахна царах цхьаберш кхечу пачхьалкхашкахула буьйлабелла лела, Нохчийчохь федеральни ницкъашна дуьхьал т1ом бан нохчашна г1о доьхуш. Цхьаберш Нохчийчохь х1ара къематде х1оттийнчу Россин политикашций, ахчанан т1аззашций цхьана тхов к1ел машаре бехаш бу. Оцу нохчийн а вовшашца барт бац, боху. Х1ора а 1едална, хьаькамашна хьалха диканиг хила г1ерташ, даржаш къуьйсуш бу уьш.

Москвахь а, Россин областашкахь а бехачу нохчаша, цхьацца ц1ераш а техкина, тобанаш, боламаш кхоьллина. Царна юкъахь

бу г1арабевлла бевзаш болу нохчийн политикаш, 1илманчаш, яздархой, артисташ, журналисташ, кхин а, кхин а. Церан газеташ ду, цара кест-кеста съездаш, 1илманан конференцеш, «горга столаш» гулйо, цхьацца сацамаш, гайтамаш, кхайкхамаш т1еоьцу, амма церан аз хезаш а, ладуг1уш а бац Россин куьйгалхой.

Х1окху балина юккъехула нохчийн артисташ Россин маь1-маь1lехь концерташ, спектаклаш х1иттош лела. Россин а, кхечу пачхьалкхийн а командашкахь йолах дакъалоцуш бу нохчийн цхьаболу спортсменаш а. Бакъду, Москвахь «Объединенная газета» арахоьцучу масех стага дика г1уллакх до, Нохчийчуьра хьал дуьненна ма-дарра довзуьйтуш. И газет а цара шайн Даймахкахь арадоккхуш хилча, дика хир дара.

Тамашийна болх бу иза. Шайн дайшкахь дуьйна Даймахкал арахьа, кхечу мехкашкахь бехаш болу кхечу къаьмнийн г1арабевлла нах, шайн Даймахкана, халкъана т1е бохам беъча, царна орцахбовлий ц1а бог1у, бохамехь шайн халкъаца хуьлу. Ткъа вайниш, хьалххе дуьйна арахьа бехарш, Даймахка-м муххале а ца баьхкира, мелхуо а кхузахь берш а, шайн синош довдийна, бевдда бахна.

Нохчийн массо а юьртахь х1ора дийнахь тезет ду. Федералех болчара маьрша нах бойу, лоьцуш, д1абуьгуш, доьза бойу, халкъ б1арздина хьийзадо. Ткъа нохчийн «къоман заза», къоман интеллигенцин «элита», къоман «лидерш», и.д1.кх. а, Москва а хевшина, концерташ х1иттош, юбилейш язъеш, даккхий къамелаш деш 1а. Шайн Даймахках, халкъах доглозу, Даймахка ц1адерза хьаьгна шаьш, бохуш, «крокодилан б1аьрхиш» а 1енадо. Ц1а дуьйла. Уьш нуьцкъах махках баьхна а бац, нуьцкъах цигахь сецош а бац. Ишта ц1ийзачех масална вало мега «Исповедь вечного переселенца» ц1е йолуш, «Импульс» газетехь статья язйина журналист С.Лорсанукаев (2001 ш. август, №2).

Къоман барт хьан бийр бу, и барт бан декхар дерш, Даймохк а, халкъ а бохамехь д1а а тесна, бевдда бахна хилча? Уьш кхузахь белхьара, цхьа барт бина, цхьа тоба а кхоьллина, халкъ х1окху бохамах к1елхьарадаккха хьовсур дара.

- Республикан куьйгаллин белхан муха мах хадор бара ахь? Церан х1ун кхиамаш, х1ун кхачамбацарш ду, аьлла хета хьуна?

- Церан белхан мах хадо хала ду, х1унда аьлча и жоьпаллин декхарш цаьрга халчу муьрехь кхаьчна. Нийсса аьлча, х1инццалц республикан администрацин а, правительствон а, церан структурийн а, районийн куьйгаллин а карахь цхьа а тайпа бакъонаш яц я вуно к1езиг ю. Политикан, идеологин, экономикан, бакъонаш ларъяран, кхин дерриг а г1уллакхаш федеральни т1еман ницкъийн карахь ду. Х1етте а, шена хьалха мел яккхий халонаш, новкъарлонаш х1иттаяхь а, шен ницкъ кхочу г1уллакх до республикан куйьгалло.

Кхидерш ца хьехийча а, ишколаш, больницаш, институташ, университет, техникумаш, хила ма беззара бацахь а, болх беш ю. Пенсионерашна, инвалидашна пенсеш шло, берашна г1оьнна ахча ло... Хьехархошна, лоьрашна, кхечу белхалошна алапаш а ло. Юьртбахамехь латта дуьйш-дерзош ду. Уьш цхьа а доцуш 1ийна вай масех шарахь.

Лакххахь ас ц1е яьккхина С.Лорсанукаев реза вац республикан куьйгалхошна. Х1окху т1амах пайда а эцна, республикан куьйгалле юха а «неучи, бездари, рвачи» нисбелла, бохуш яздо цо. Нохчийн къоман берриг бохург санна 1илманийн докторш, профессорш, академикаш, политикаш республикера бевдда д1абахча, кхузахь бисна «неучаш, бездарш» куьйгалле х1итта безаш нисделла-кх. Ша РФ Госдуман председателан советник ву, боху Лорсанукаевс. Кхиберш а иштта «йовхачу меттигашка» д1анисбелла оцу Москвахь. Нохчийчуьрчу бохамна бехкечу я х1окху бохаме бендоцуш хьоьжучу российски политикан «советник» а хилла, Москвахь вехачул, шен Даймахкара ведда д1а а ца воьдуш, цхьанхьа куьйгалле а х1оьттина, халкъана т1ебеанчу балин цхьа маь1иг шен белша т1е х1унда ца лаьцна господина Лорсанукаевс а, кхечара а? Масала, со бохаме нисвелча, сайна уллохь к1илло, ямарт профессор, академик, политик, журналист, кхин а, кхин а хуьлучул, «неуч» велахь а, со д1а а тесна водур воцу, тешаме, доьналле къонах хила луур ду суна!

Цхьабакъду, республикехь куьйгаллехь болчарах дукхахберш оцу бевдда баханчеран накъостий бу – коммунистийн 1едалехь а, Дудаевн, Масхадовн 1едалехь а куьйгаллин, идеологин балхахь

латтина нах. Ленинна т1ера Брежневна т1екхаччалц, цхьаьнцца гал ца волуш, чекхваьллачу Микоянах лаьцна, «от Ильича до Ильича без паралича», бохуш, цхьа анекдот дара-кх. Микоян санна, массарна а хьесталуш а, доггах г1уллакхдеш а схьабаьхкинчу оцу нехан, шайн гайнийн бен, цкъа а халкъаца бала ца хилла. Х1ара бохам д1абирзича, ц1а а бирзина, цхьацца даржаш схьа а лецна, охьаховшур бу и «гарунаг1ар».

- Т1аьххьарчу хенахь харжамаш хьехабо сих-сиха. Цхьаболчара хьалхе ду, боху, харжамаш д1абахьа, кхечара кху шарахь мегар ду, боху. Хьуна х1ун хета, Абузар? Муьлаш бу цигахь дакъалаца бакъо йолуш?

- Харжамаш мелла а хьалхе бича дика хета суна-м. Суна хетарехь, республикехь харжамаш д1абахьа цхьа а тайпа новкъарло яц, федеральни эскарша йийриг бен. 2000 шарахь Россин президент хоржуш Нохчийчуьра хьал х1инцачул уьттазза чолхе дара. Х1етте а харжамаш бира кхузахь. Харжамаш д1атеттаран суна хезна бахьна ду Конституци цахилар а, ах бахархой республикал арабевлла хилар а. Конституци т1е а эцна, и бахархой ц1абирзича бен харжамаш д1ахьойла дац, боху. Конституцин проект комиссеша йийцаре ен шо сов хан ю. Оццул хан ма ца оьшу иза йийцаре ян. Х1инца цунна референдум а хьехайо. Харжамашкахь дакъалаца бакъо ерш х1окху республикехь бехаш болу гражданаш бу. Кхузара д1абахна, Россин кхечу регионашкахь бехачу нохчаша цигахь шайн президенташ, губернаторш, парламенташ хоржур шайна.

- Хьан кхоллараллин новкъахь хьо тахна дохковолуш йина г1улчаш юй хьан?

- Яц. Айса д1а мел яздина дош, хьегна къа, сайна аьтто ца лоьхуш, халкъан дуьхьа хилла сан. Сан цхьа а произведени соьга цхьамма а нуьцкъах ца язъяйтина, вуьззина синкхетамехь а, сайн лаамехь а волуш язйина ас. Х1етахь 1едало язде бохург ца яздора ас, ма язде бохург ца яздеш а ца 1ийна. Сайн дагахь 1аь1нарг, дагна 1аьткъинарг, айса яздича халкъана пайда хир бу аьлла, сайн дог тешнарг ду ас яздинарш, уьш дика делахь а, вуон делахь а.

- Хьайн произведенешна юкъахь къаьсттина дукхаезаш ерг юй хьан?

- Суна-м, дера, уьш ерриг а ма еза. Къаьсттина, айса сайн ц1ийца язйина исторически романаш. Уьш суна езар дац коьртаниг, халкъана езар ду. Уьш халкъана езаш а, оьшуш а яцахь, эрна ду ас хьегна къа а, уьш суна езар а.

- Т1екхуьучу т1аьхьенна пайдаэца, дагахь дита х1ун эр дара ахь, вайн халкъо лайнарш хьесапе а оьцуш?

- Нохчийн къоман историх лаьцна сайна хетарг, хьекъал кхочург сайн исторически повесташкахь, романашкахь аьлла ас. Олуш товш дацахь а, таханлерчу дукхахболчу нохчаша уьш ца ешна, ешначарах дукхахболчара царна т1ехь ас яздинчух к1орггера ойла ца йина, аьлла хета. Т1екхуьучу т1аьхьенна ас «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес», «Дарц», «Кхолламан цхьа де», «Калугера йийсар» произведенеш юьту.

- XX б1ешеран историхь, хьайна хетарехь, нохчийн уггар б1аьрла йолу 6-7 ц1е билгалъяккхахьа.

- Вайн зорбанехь ахь бохучу аг1ор ткъех стеган ц1е йоккху историкаша, журналисташа, мог1арерчу наха а. Цкъацкъа сан ц1е а йоккху царна юкъахь. Амма нохчийн халкъана тешаме, цхьа а тайпа шалхо йоцуш догц1ена, со резаволуш г1уллакх дина вац уьш цхьа а. Уггар хьалха со сайна а вац реза. Бакъду, сан даго къастийна ши стаг ву: къона Шерипов Асланбек а, 1992 шарахь муфти хилла Арсанукаев Мохьмад-Бешир а. Х1окху т1аьххьарчу шерашкахь гучубевлла, суна ца бевзаш кхин а хила мега со реза хир волуш къонахий. Церан ц1ераш, хено луьттуш, гучуйохур ю.

**«Орга» журнал, 2002 ш. №4.»**

* * *

2003 шеран март беттан 23-чу дийнахь Конституцин а, Президент, Парламент харжарехула долчу Законийн а проекташкахула Нохчийн Республикехь д1аяхьа леринчу референдумах шайна хетарг а олуш, бистхуьлуш хезара хьехархой, культуран белхалой, махкара кхиболу бахархой а. Газетийн аг1онаш т1ехь араюьйлура статьяш, телевиденехь д1ахьош яра «Горга столаш».

Оцу хьокъехь шена хетарг олуьйтуш яздархочуьнца сих-сиха цхьаьнакхетарш хуьлура корреспондентийн.

- Абузар, референдумо х1ун г1одийр ду, аьлла хета хьуна, къоман кхид1а долу дахар нисдарехь, низамехь д1адахийтарехь а?

- Нохчийн Республикан Конституци т1еиэцча, Нохчийчохь низам а хир ду, российски эскарша кхузахь халкъана т1ехь лело харцонаш, къизаллаш совцур а ю, блокпосташ д1а а йохур ю, х1окху махкара совнаха эскарш ара а дохур ду, бохуш, кхайкхадо Соьлжаг1аларчу а, Москварчу а 1едалша. Российски Федерацин Президентан г1оьнчас Ястржембскийс «Чечня свободная» радиостанцехула а элира иза февралан 15-16 деношкахь.

Оцу хабарех теша хало ду. «Нохчийчоь Россин субъект ю, иза цунах д1акъаста бакъо йоцуш, бакъонца Россин мохк бу» - бохуш, кхайкхадо Москварчу 1едало х1ара дуьне мел ду. Нохчийчоь Россин мохк белахь, нохчий Россин гражданаш бу. Х1ета РФ Конституци, законаш Нохчийчохь лелаш хила а, нохчий оцу законаша ларбеш хила а безара, кхечу къаьмнийн йоллу бакъонаш нохчийн хила а езара. Ткъа РФ Конституци т1ехь аьлла дац оцу пачхьалкхан субъектан г1аланаш, ярташ йохае, цигара машаре бахархой, зударий, бераш, бакхий нах, заь1апхой байа, б1е эзарнаш махках а бахий, дуьне мадду д1асабаржабе, церан махкахь къематде х1оттаде. Россин Конституци а, законаш а лорур ду, лардийр ду ала 1аламат хала ду. Делахь а, референдумехь Конституци т1е а эцна, вешан республикан президент а, парламент а, яртийн, районийн куьйгалхой а хаьржича, таханлера х1ара къематде вешан махкара д1адаларе догдохийла ю вайн. Масала, тахна Нохчийчохь халкъо хаьржина 1едал а, куьйгалхой а бац. Республикан администрацин куьйгалхо, министраш, суьдхой, прокурораш Москвас х1иттийна бу. Ткъа яртийн а, районийн а куьйгалхой т1еман коменданташа шайн лааме хьаьвссина д1а а х1иттабо, д1а а боху. Россера схьавеъна муьлхха а мог1арера салти а, милцо а, мог1арерчу нохчашна-м хьовха, республикан правительствон декъашхошна а, районийн куйьгалхошна а хьаькамаш бу.

Ткъа Нохчийн Конституци т1е а эцна, вай вешан президент а, парламент а хаьржича, цаьргахула правительство, прокуратура, суд,

пачхьалкхан кхийолу структураш кхоьллича, федеральни округан куьйгалхочун а, ОГВ командующин а, т1еман комендантийн а бакъо хир яц халкъо хаьржина уьш балхара, даржашкара мукъабаха. Амма вай хоржуш волу президент а, парламентан депутаташ а, цара х1итто министраш, суьдхой, прокурораш, яртийн а, районийн а куьйгалхой хьекъале, доьналле, халкъах доглозуш, халкъана тешаме, дуьненан хьолах бохкалур боцуш къонахий ца хилахь, тахна вайн махкахь х1оьттина бохаме хьал дуккха а шерашкахь дахлур ду.

- Хьоьга хаьттича, Абузар, маца д1адахьа мегар ду Нохчийн Республикан куьйгалхо харжар?

- Республика сийсош кхузахь федеральни эскарш долуш, х1ора дийнахь-буса мичча хенахь а етташ бомбанаш, ракеташ, яккхий тоьпаш, кхидолу а герзаш долуш, х1ора дийнахь лечкъош, дойуш адамаш а долуш, референдум ян цхьа а тайпа хьелаш ма дац, олу дуккхамма а. Кхузара совнаха эскар д1а а дигна, царах халкъ маьрша а даьккхина, т1аккха ян еза референдум, боху цара. Нийса ду цара дало бахьанаш. Амма кхин ду цхьаъ. Кхузара хьал машаре дерза ца лууш, республикехь машар хила ца лууш дуккха а политикаш, инарлаш, олигархаш бу Россехь. Кхузара эскарш д1адиггалц вай харжамаш ца беш 1ахь, дуккха а 1ен дезар ду, моьтту суна. Кхузахь эскарш долуш, д1абоьдуш т1ом а болуш, вайнярташна, г1аланашна т1еетташ бомбанаш, ракеташ, яккхий тоьпаш а йолуш, дойуш адамаш а долуш, 2000 шеран мартехь, Нохчийчуьра «контртеррористически операци» чекхъяьлла аьлла кхайкхам а бина, апрелехь РФ Президент а, Госдуме депутат а ма хаьржира вай. Цул т1аьхьа кхо шо герга хан яьлла. Москвас дийцарехь, кхузара хьал машаре дерзорехь бакхий кхиамаш а хилла. Х1инца х1унда ца мега вай харжамаш бан? Вай референдум ца ярах а, парламент ца харжарх а вайн нисдала х1ума а дац, мелхуо а галдала а бен, аьлла хета суна.

- Конституцин проектах х1ун эр дара ахь? Хьуна хетарехь, муьлха статьяш ю хийцамаш бан безаш?

- И проект язйинарш юристаш бу, лаккхара 1илма а, балхахь зеделларг а долуш, цундела цара динарг нийса дац, ала хала ду юридически 1илма доцчарна. Делахь а сайна хетарг эр ду ас.

Проектан 10-чу статьяхь боху: «*Государственными языками в Чеченской Республике являются чеченский и русский языки»*, 22-чу статьян 2-чу пунктехь боху: «*Каждый имеет право на пользование родным языком, на свободный выбор языка общения, воспитания, обучения и творчества»*. Ткъа 99-чу статьян 2-чу пунктехь кхин дуьйцу: «*Судопроизводство в Чеченской Республике ведется на русском языке. Участвующим в деле лицам, не владеющим языком судопроизводства, обеспечивается право ознакомления с материалами дела и участия в процессуальных действиях вместе с переводчиком, а также право выступать в суде на родном языке»*.

Ишта закон дара СССР-н конституцехь. Суьдан процесс д1ахьош ч1ог1а беламе сурт х1уттура х1етахь. Суьдхо а, прокурор а, адвокат а, суьдан секретарь а, бехкениг а, зала чуьра берриг нах а нохчий боллушехьа, дов хаттар оьрсийн маттахь хуьлура. Нохчаша – суьдхочо, прокуроро, адвокато бехкечуьнга оьрсийн маттахь хаттар дора, талмажо и хаттар бехкечунна гочдора. Ткъа бехкечун жоп я къамел талмажо, оьрсийн матте гочдеш, прокуроре, судхочуьнга, адвокате д1аккхетадора. Беламе дац иза? Суьдан документаци оьрсийн маттахь лелор ша ду, ткъа важа беламе чалх стенна оьшу? Конституцис нохчийн мотт пачхьалкхан мотт ч1аг1бина хилча, суьдан процесс д1ахьош нохчаша нохчийн мотт х1унда ца буьйцу?

Суна хетарехь, оцу статья юкъара «*судопроизводство в Чеченской Республике ведется на русском языке»* бохучохь, и т1аьхьара ши дош д1а а даьккхина, **«на чеченском и русском языках»** аьлла яздан дезара.

66-чу статьяхь яздо: «*Президентом Чеченской Республики может быть избран гражданин Российской Федерации не моложе 30 лет»*.

Оцу статьяс бакъо ло Нохчийчохь вина, ваьхна а, болх бина а, кхузара халкъ, цуьнан амалш, г1иллакхаш, хьашташ девзаш а, халкъана вевзаш а воцчу Россин муьлххачу а регионерчу стагна Нохчийн Республикан президент хила. Суна хетарехь, иза нийса дац. Масала, д1адаханчу шарахь Москвас Нохчийн Республикан

Правительствон Председатель х1оттийра кхузахь цхьанна вевзаш а, х1окху махкахь хилла а воцу Михаил Бабич. Масех де даьлча «Версия» газето д1акхайкхийра хьалха болх бинчу шина меттехь иза следствина к1ел хилар (*Премьер в законе. Правительство Чечни возглавил подследственный. «Версия», 18-24 ноября 2002 г.)*

Стаг лакхара дешар дешна волу шен 23-25 шо долуш. Т1аккха пхеа шарахь болх бича, цуьнан 30 шо кхочу. 30-35 шо долчу стеган хьекъал, кхетам, дахарехь а, балхахь а зеделларг хир дуй-те, республикан, халкъан коьрте а х1оьттина, цунах жоьпалла шена т1елаца? Цундела, суна хетарехь, президентан а, правительствон а даржашка хоржуш а, х1иттош а болу нах лаххара а итт шарахь Нохчийчохь баьхна а, болх бина а, кхузара халкъ девзаш а, 40 шарал лахара хан йоцуш а нах хила беза.

72 статья т1ехь аьлла: *«Полномочия Президента Чеченской Республики прекращаются досрочно в случае... г) отрешения его от должности Президентом Российской Федерации»*. Халкъо хаьржина Нохчийн Республикан президент Россин президентан д1аваккха бакъо хилча, вай иза харжа а ма ца веза! Суна хетарехь, **и пункт д1аяккха еза.**

Нохчийн цхьа декъаза амал ю, массо а заманахь царна бале йолуш: кхечу къаьмнашлахь хьалхе а йоккхий, цхьанхьа ор чу лелхаш. Суна ца евза кхечу республикийн конституцеш. Кхечу цхьана а республикехь юй-те шина палатех лаьтташ парламент? Я нохчаша дуьххьара юкъаялийна-те и урхаллин кеп? Суна хетарехь, вайн къоман амалш хьесапе эцча, парламентехь ши палата ца оьшу. Хьаг1-гамо, куралла, сутаралла йолуш, шен дош тола лууш, лакхе езаш нах бу нохчий. Цундела оцу шина палатехь болчу депутатийн галморзахаллаш, къийсамаш хир бу, уьш атта цхьана барте бог1ур бац. Т1ехула т1е оцу шина палатина къаьст-къаьстина, шен-шена декхарш а, бакъонаш а гайтина проектехь. Шина а палатин бакъонаш а, декхарш а цхьаъ хила деза, нагахь санна ши палата йисахь. Амма уьш шиъ оьшуш яц, шина а палате хоржучу 61 депутатах цхьа палата кхоьллича, бакъхьа хета суна.

- Цхьадолчу адамаша боху, Нохчийн Республикехь президентан урхалла хила деза, ткъа кхечара – парламентан. Хьуна х1ун хета, Абузар?

- Оцу шиннах цхьаъ къастор къоман кхиарх доьзна ду. Лаккхара кхетам, барт болчу къаьмнаша шайн республикашкахь президентан урхалла къастийна. Цара шайн президенташ лору, церан сийдо, уьш ларбо. Шен къомо сий деш, лоруш волу президент кхечу къаьмнаша а, Москварчу 1едало а лору. Масала, Дег1астанан, Г1езалойчоьнан, Башкортостанан, Къилбаседа-Х1ирийчоьнан, Г1ебартойн-Балкхаройн президенташ. Ткъа нохчаша шайн ерриге историехь цкъа а шайн хьекъале, тешаме, доьналле къонахий халкъан коьрте а ца х1иттийна, ларамза уьш шайн коьрте нисбелча, церан сий дан, лерам бан, уьш ларбан а ца лиъна, ткъа кхечу къомах болу нах шайн коьшкала а ховшийна 1ийна. Оцу зуламечу, иэхьечу, сонтачу амалх лаьцна ас дерриге яздина «Вайн амалш» ц1е йолчу сайн публицистикан балха т1ехь.

Нагахь санна хинболчу харжамашкахь вайна, кхечу къаьмнашна санна, хьекъале, кхетаме, халкъана тешаме, халкъах доглозуш, дуьненан хьолах 1ехалур воцуш, вохкалур воцуш, халкъ бохамах лардан доьналла долуш, оьзда къонах президент харжа а, цунна муьт1ахь хила а, иза лара а, ларван а хуур делахь, т1аккха вайна президентан урхалла дика ду.

Амма, хьалха ваьш президент хоржуш санна, кханенан ойла а ца еш, гергара, юьртахо, тайпанан, вирдан ваша ву, бохуш, озабезамаш беш, я президент ваха г1ертачо шайна лучу шайкайнах, чайнан пачканах, шекаран кийланах 1ехаделла, я цара туьйсучу кхерамех кхераделла, халкъаца бала боцу, халкъана ямарт хир болу, халкъана т1е бохам беъча, иза д1а а тесна, шен ц1ока ядийна х1окху махкара водур волу к1илло, ямарт президент хоржур велахь, вайна парламентан урхалла къастор г1оли ю. Х1унда аьлча, парламентан ах депутаташ вай лакхахь дагардина сакхташ долуш хилахь а, важа бисинарш и сакхташ шайца доцуш, оьзда, халкъана тешаме, куьйгаш а, дегнаш а ц1ена нах хир бу.

- Референдумах а, президент, парламент харжарх а х1ун эр дара ахь халкъе, Абузар?

- Референдум ян а еза, парламент а, президент а харжа а веза. Амма х1етале вайх х1орамма а ойлаян еза, ваьш мила харжа веза вешан халкъан, республикан коьрте, аьлла. Шиннахьа а кандидаташ дуккха а хир бу. Уьш вайна ца бевзаш хуьлийла а дац. Ц1енабоьха, хьарам-хьанал, иэхь-бехк ца къастош, ях1 йоцчу, оьзда воцчу стагна: «Цицигашка ун деача – дахка хуьлу, дехкашка ун деача – цициг хуьлу», - олуш, цхьа кица ду нохчийн. Иштташиш а вайна бевзина х1окху т1аьхьарчу шийтта шарахь. Муьлхха 1едал т1едеача а башха доцуш, цунна хьесталуш ц1ога лестийнарш а, цунна доггах г1уллакх динарш а бевза. Нохчийчу бохам беача, шен йишваша, юьртахой, халкъ, Даймохк д1а а тийсина, ши кепек мах боцу шайн ц1оканаш к1елхьараяха бевдда бахнарш а бевза вайна. Х1окху бохамна бехке берш а бевза вайна. Ц1убдарш санна, х1окху декъазчу, мискачу халкъан дег1а т1е а летта, цуьнан ц1ий муьйлурш а бевза вайна. Х1окху т1аьххьарчу шийтта шарахь халкъ бохамехь д1а ца тосуш, иза зенах-зуламах, къизаллех, 1ожаллех к1елхьардаккха г1ерташ, шайн синош ца кхоийнарш а бевза вайна. Масийтта шо хьалха, вайн халкъ машаре дехачу хенахь, кхолламо, рицкъанаша кхечу мехкашка бигна, ткъа шайн халкъана т1е бохам беача, цунна орцахбевлла, цунна шайн ницкъ кхочу г1одинарш а бевза вайна.

Тахна вайна т1ех1оьттинарг 1аламат доккхачу жоьпаллин мур бу. Т1амо йохийна г1аланаш,ярташ, нехан х1усмаш, ишколаш, больницаш, 1илман а, культуран а учрежденеш, халкъабахамаш, и.д1.кх. а меттах1итто а, халкъан, Даймехкан чевнаш ерзо а еза вай хоржур долчу 1едало. Керлачу бохамех вайн кегийрхой, мехкарий, т1екхуьу къона т1аьхье ларъян еза цо. Оцу даржашка г1ертачарна хаа деза Далла а, халкъана а хьалха шаьш мел даккхий декхарш, жоьпалла т1елоцу. Шена и деза дукъ ийзалур доцу стаг президентан а, парламентан депутатан а даржашка г1ерта ца веза. Иштташиг цига г1ертахь, вай харжа а ца веза.

Вайна хаа деза царах ц1енаниш а, боьханиш а къасто а, литта а. Диканехь а, бохамехь а шайна уллохь хир болу, бохамехь шаьш д1а а тийсина бовдур боцу, ц1ена дегнаш а, ц1ена куьйгаш а долу, Делах тешаш а, Делах кхоьруш а болу, оьзда, доьналле къонахий

харжалаш президентан дарже а, парламенте депутаташ а. Иза дан вайн Везчу, Ницкъ болчу Дала иэс а, кхетам а, иман а лойла вайна!

Айдамиров Абузара шен халкъе дина т1аьхххьара дехар дара оцу кхайкхамехь...

* * *

Харцонна т1ехь кхолладеллачу, оцу харцонан буха т1ехь лаьттачу 1едале а, стешхачу, ямартчу нахе а иэша ца велла, бакъ волчу яздархочун а, къонахчун а ц1енчу некъах цаьрга воха ца велла Абузар, шен раг1, шен зама ларйеш 1ийначу цамгаро лецира. Цамгар-м Делера ю, Далла дагавеъча бен кхетар яц стагах цамгар, олу 1еламнаха. Абузар-м даима а, бераллехь а цхьаьна, ша вала везий хууш а, бакъонан 1ожалла къобалйина а вара. Я, дуьне эхартал толийна нах санна, кхийрина а вацара лахьтин гатталлех. Деригге а дахар а, дог-ойла а, нигат а – дуьненахь ша мел до х1ума, олу дош деригге а – ц1ена эхарт лахар а, шен т1аьхххьарлера х1усам-лахьта кечдеш кхалор а дара Абузаран. Ц1енна Делах тешаш а, и тешам даггара къобалбинчу а стеган санна дара 1абдул-Хьаькиман во1ан кханалерчу эхарте хьежар...

Х1етте а, цомгашник ша мел синпарг1ат хиларх, ма хала ду-кха цунна т1ехьийзачу йиш-вешина шайна везачу стеган лазарийн бала лан...

Республикел арахьара а, вайн чоьхьара а лоьраш орцахбаьхна, Абузаран цамгарна дарба лохуш хьаьвзира доьзал а, гергарниш а, яздархочуьнца гергарло лаьттина а, и везна а болу нах а... Амма... Амма дац-кха дуьненахь вала кхеттачу цамгарна дарба... Вайна вешан стаг мел везарх, иза д1аваларо вайна мел йоккха чов а, буохам а барах... вай кхоьллинчу вайн Делан цаторийла яц-кха х1умманна а! Цуьнан йоза ду-кха лелаш дерг, Цо тоьхначу хенал т1ехвала ницкъ бац-кха цхьаьннан а. Иштта, Дала доза тухуш билгалйина зама т1екхечира Абузаран а.

2005-чу шеран май беттан 27-чу дийнахь, 1уьйранна 6 сахьт

даьлча, Хьалха-Мартант1ерчу больницехь кхелхира Айдмаран 1абдул-Хьаькиман к1ант Абузар – г1араваьлла яздархо… оьзда къонаха… бакъ бусулба… шен къоман, Дег1астанан, еригге Кавказан бакъволу во1…

Мехкан тезет х1оьттира Мескатахь. Айдамаран 1абдул-Хьаькиман к1ант Абузар верзош дара нохчийн къам.

- Ассалам 1алайкум! – олий салам лора дехьарий-сехьарий, хьаларий-охьарий схьаоьхучу наха.

- Ва1алайкум салам! – олий, салам оьций, до1а доладора бехачу мог1арехь лаьттачу верасийн тхьамдина уллохь 1ачу дешначу стага: - Алхьамдулиллах1 раббил 1аламийн!.. … …Фа-атихьа!

Абузарна до1анаш дора наха, амма оцу до1анашкахь Ницкъболчу Деле нохчаша воьхург Абузар вацара, т1ера 1у д1аваьлла, байлахь дисина шаьш доьхура цара.

Абузар 1у вара. Нохчийн къоман селханенан, таханенан, кханенан 1у… Нохчийн къоман г1иллакх-оьздингаллин, иэхь-бехкан 1у вара. Нохчийн къоман синмаршонан а, дег1амаршонан а верас вара.

Къомо верзош верг веккъа Айдамаран 1абдул-Хьаькиман Абузар вацара, шен 1у вара къомо лаьтте кховдош верг. Цундела дог 1ийжаш а, кханенах кхоьруш а бара нах…

Дакъа д1аойуш тоьшаллаш дора наха. Вуьйцура Абузар, юьйцура цуьнан оьзда амал, хаза г1иллакхаш. Х1ораммо а хьахадора Абузаран доьналла, стогалла, иман.

- Вайнахана т1ехь мел лаьттинчу 1едалех цхьа а ца хилла мискачу халкъан доладеш, вочух и лардеш, - элира шайн баьчча д1аверзо баьхкинчу яздархойх цхьамма. – Мел дог1ург а халкъ хьийзош, ешапо санна, халкъан ц1ий худуш деана… Оцу 1едалх халкъ лардеш лаьттина вара Абузар даима а, халкъана тухучунна шен оьзда дег1 к1елкхуьйсуш. Х1окхунах озалора 1едал а, 1едалан хьаькамаш а. Х1инца, х1ара Абузар д1авахча, 1едал халкъаца эвхьазадаларна кхоьру-кха со…

- Дика стаг вара… Оьзда къонаха вара… Ц1ена бусулба вара… - бохуш, теш х1уьттура гулбелларш.

- Дела реза хуьлда шуна, шайн дикалла а, шайн иман а гайтикха аша, Дела реза хуьлда! – вистхилира верасех хьалхарниг. -

Тхуначул а дика вевзаш хилла-кха шуна х1ара вайн ваша, тхуначул а дукхавезаш хилла. Хазахийти тхуна, арахь, шуна юкъахь х1окхо шех ала дика дош дитина. Шен дикаллица шун дикалла карийна хилла Абузарна, х1инца, х1ара д1авахча, оцу дикаллех тхо хьегош ма 1елаш. Абузар дуьненахь вацара алий, вайн гергарло д1а ма тасалаш…

Белшаш т1ехь айина, Делан ц1е йохуш кешнашка даьхьира Абузаран дакъа… Яьссин тог1ина т1е а кхевдина, дуьххьара дуьнена кхета маьлхан з1аьнарш а лоьцуш лаьтта мескатойн кешнашкара чарташ… Керла чурт, керла барз д1ах1оьттира цига. Шена безначу, ша ц1ахь б1аьрга-куьйга а, арахь ойланца а хьистинчу махкахь, ша а, шен дай а кхаьбначу лаьтте д1авирзира Абузар.

Дика стаг шен букъа т1ехь вехаш хилар беркате долу лаьттана. Оцу лаьттан дола, хама-пусар деш, и латта ц1индан г1ерташ, оцу лаьтта т1ехь Дела реза верг даржош хуьлу ишта стаг. Цундела цуьнга долу сатийсаман гергарло шел ца долуьйту лаьтто…

Дика стаг шен кийра вар а беркате долу лаьттана. Цуьнан дикаллех кхин а хьанло латта, цуьнан оьздаллех уьнах ц1анло…

Дийна волуш а, Делан эхаре вирзича а – дикачу стеган диканан беркат хедаш дац…

Ткъа Яьсси шен болар лахдеш дац. Шен турпалчу кхолламна муьт1ахь ду Яьсси. Шена везначу, шех тарвала г1иртинчу шен мута1еламан Айдамаран 1абдул-Хьаькиман Абузаран кошан борзаца а, т1улган чуртаца а яхь ю ширачу Яьссин. Абузара къобалбина маршонан некъ д1акхоьхьур бу Яьссис, 1аьнаран цинцашца Абузар 1уьллу кешнийн басе а хьоьстуш…

**Меската, 2007 шо**

## Очерки, статьи, интервью, выступления в периодической печати (1957-2003 гг.)

### 1. Очерки

1. Айдамиров А. Шуьйрачу новкъахь. В коллективном сборнике «Ворх1шеран новкъахь». Грозный, 1961 г.

2. Айдамиров А. Хьехархо. Газета «Ленинан некъ», 16.8.1968. № 98, том III, V.

3. Айдамиров А. Айаме дуьгучу новкъахь. «ЛН», 20.9.1968. № 113, том III.

4. Айдамиров А. Школан хьокъехь ойланаш. «ЛН», 1968. т.III

5. Айдамиров А. Сийлахьчу новкъа. Альманах «Орга», 1971, № 1

6. Айдамиров А. Лаьмнашка юхаерзар. «ЛН», июль 1971, № 84. /7405/. Том III. «Орга», 1971 г.

7. Айдамиров А. Ламанан юьртан 50 шо. «Орга», 1972, № 3

8. Айдамиров А. Молодость горного аула. «Грозненский рабочий», 5.9.1972 г. том III.

9. Айдамиров А. Турцехь т1аьххьара де. Отрывки из путевых записок «Хийрачу стигал к1ел». «ЛН», 20.4.1975 г. № 48 (7992), 23.4.1975, № 49-50. Том IV, V. Полный текст рукописи 5 п.л. в архиве.

10. Айдамиров А. Люди нашего колхоза. «ГР», 6.2.1976, № 30. том V.

11. Айдамиров А. След на земле. «Грозненский рабочий». 3.10.1976 г.

### 2. Статьи, интервью, выступления

1. Айдамиров А. Х1ун ду ирс? Статья. Газета «Къинхьегаман байракх», Алма-Ата. 14.6.1957 г. № 24, том II

2. Айдамиров А. Вместо анализа – беглая информация. Статья. «ГР», 11.2.1970 г., № 34, том III

3. Айдамиров А. Шаги истории самой. Статья. Рекламный листок ЧИ книжного издательства «Новые книги». Апрель 1970 г. том III, VII.

4. Айдамиров А. Истори карлаяккха вай. «ЛН», май 1971 г. том III
5. Айдамиров А. Дехаран кехат. «Маяк коммунизма» /«МК»/, 7 мая 1971г., том III
6. Айдамиров А. Дехаран кехат. «Колхозан дахар», 9 мая 1971, том III.
7. Айдамиров А. Мотт – къоман дозалла. «ЛН», 3.11.1971 г. № 135. том III. Статья.
8. Айдамиров А. Русский язык в национальной школе. О преподавании русского и чеченского языков в школе. «ГР», 28.11.1971 г. том III. Статья.
9. Айдамиров А. Взят лишь первый рубеж. Статья. «ГР» февраль-март 1972 г. том III.
10. Айдамиров А. Вайн литературан кхане. О творчестве молодых чеченских литераторов. «ЛН», 9.2.1972 г. Том III, IV. Статья.
11. Айдамиров А. Печальная история. Статья. «ГР», март 1972г. том III.
12. Айдамиров А. Халкъана хьалха декхар. Статья. «ЛН», 21.6.1972, том III, IV.
13. Айдамиров А. Праздник великой дружбы, статья. «ГР», конец 1972 г. том III.
14. Айдамиров А. Для молодых талантов. Статья. «Маяк Коммунизма». 28.12.1973г. том V.
15. Айдамиров А. Писатель-интернационалист. Статья. К 125-летию со дня рождения грузинского писателя Александра Казбеги. Журнал «Литературная Грузия», 1974, № 10. «Комсомольское племя» 19.4.1991 г.
16. Айдамиров А. Прозаик, драматург, переводчик. Статья. К 60-летию со дня рождения М.Мусаева, «ГР», 25.6.1976г., № 148, том V.
17. Айдамиров А. У всех на виду. Статья. «ГР», рубрика «Интеллигент на селе». 11.4.1976 г. № 87 (15725). Том IV, V.
18. Айдамиров А. Дали горного колхоза. Статья. «ГР», 20.12.78. № 291. том VI.
19. Айдамиров А. Ответственность. Статья. О работе правления СП ЧИАССР между VII и VIII съездами писателей республики. «ГР», 15.5.1979. № 111 (16749). Том VI.

20. Айдамиров А. Неиссякаемый источник. Статья. «ГР», 2 марта 1983 г. № 51 (17889), том VI.

21. Айдамиров А. Требуется творчество. Писатели о Проекте ЦК КПСС «Основные направления реформы общеобразовательной и профессиональной школы». «Литературная газета». 7.3.1984. № 10 (4972), том VI.

22. Айдамиров А. За работу сегодня же. О задачах писателей в свете решений апрельского (1984) Пленума ЦК КПСС о школьной реформе. Информационный бюллетень секретариата СП СССР. Июнь 1984. № 6. том VI.

23. Айдамиров А. Даймехкан г1аролехь. Сыны ЧИ в ВОВ. Статья. «Маяк Коммунизма» 7.10.1985 г.

24. Айдамиров А. Хьайн меттиг лаха. Писатели за круглым столом газеты «ЛН». «ЛН», 12.11.1986, № 136 (9803).

25. Айдамиров А. К1еззиг исторех. Из истории колхоза имени А.Шерипова. «МК», 11.6.1987. Статья

26. Айдамиров А. Ирхенаш. Статья. Рубрика «Люди года». «ЛН», август 1987 г.

27. Айдамиров А. Без прошлого и будущего нет. Интервью по вопросам нравственного воспитания и формирования национального сознания народа. «ГР», 5 ноября 1988 г. Беседу вела Катышева М.

28. Айдамиров А. Надо вместе и почему? Интервью газете «Комсомольское племя». Беседу вел Л.Шахбулатов. «КП», 20.5.1989 г.

29. Айдамиров А. Истина рождается в дискуссиях. Интервью газете «ГР», 2.6.1989 г.

30. Айдамиров А. Оправдывать доверие народа. Статья. О работе народных депутатов СССР от ЧИАССР на 1 съезде н/д СССР. «ГР», 2.8.1989 г.

31. Айдамиров А. Къоман яхь. Статья. По поводу митингов. «ЛН», 6.9.1989 г. № 107

32. Айдамиров А. Жоьпаллин мур. Статья. Быть разборчивым при выдвижении кандидатов и избрании депутатов в местные и ВС республики. «МК», 2.12.1989 г. № 144

33. Айдамиров А. Люди, судьбы, нравы. Статья. Чеченский народ на поворотах истории. «ГР», 10.12.1989 г. № 283 (19915)

34. Айдамиров А., Авторханов С. Кто рвется в депутаты? В депутаты выдвигать только честных, талантливых и достойных. «ГР», 29.11.1989 г. № 296

35. Айдамиров А. Кандидат народа. Статья. О кандидате в Совет Национальностей ВС РСФСР Умаре Ханбиеве. «МК», 8.2.1990 г.

36. Айдамиров А. Кто же двуликий? Герой, автор или рецензенты романа «Час двуликого?» О романе Е.Чебалина «Час двуликого». «ГР», 11.2.1990 г. № 36

37. Айдамиров А. Не ошибиться в выборе. Призыв за кандидатуру К.Гайтукаева в депутаты ВС РСФСР. «Знамя коммунизма» (Шали, 24.2.1990 г. Статья.

38. Айдамиров А. Не произнесенное выступление на I съезде народных депутатов СССР. I съезд народных депутатов СССР. 25 мая – 9 мая 1989 г. Стенографический отчет. Том IV. Издание ВС СССР. Москва, 1989 г. стр. 26-31

39. Айдамиров А. Глас народа. Не произнесенное выступление на I съезде народных депутатов СССР. «ГР», 29 марта 1990г.

40. Айдамиров А. Халкъан доьналлин хьоста. Статья. Сила народа в его высокой нравственности. «ЛН», 11 апреля 1990 г. № 44

41. Айдамиров А. Год испытаний. Отчет перед избирателями о выполнении депутатских обязанностей за первый год. Статья. «ГР», 22 апреля 1990 г.

42. Айдамиров А. Не ради славы. Интервью «ГР». Беседу вела М.Катышева (Александрова). «ГР», 29.5.1990.

43. Айдамиров А. Адамийн хьашташна. Интервью «ЛН». Беседу вел С.Яшуркаев. «ЛН», 10.6.1990. № 70

44. Айдамиров А. Связь времен. /Размышления народного депутата СССР, народного писателя ЧИАССР А.Айдамирова над истоками падения нравов у вайнахов. Статья «Комсомольское племя», 26.7.1990, № 30, 2.8.1990, № 31, 9.8.1990 № 32

45. Айдамиров А. Дайн г1иллакхаш. К открытию I Общенационального съезда чеченского народа. «Даймохк». 23.11.1990 г.

46. Айдамиров А. Я верю в наши истоки. Интервью журналу «Нефтяник». Беседу вел главный редактор журнала Хожа Герихагнов. № 11, Москва, 1990 г.

47. Айдамиров А. Не хочу быть президентом. Заявление, сделанное против официального объявления телевидения о выдвижении моей кандидатуры на пост президента республики. Газета «Республика», 16.10.1991 г. № 47

48. Айдамиров А. Республикан телевиденега. То же заявление. Газета «Даймохк», 16.10.1991. № 15.

49. Айдамиров А. Телеграмма. Срочная. Правительственная. Москва, Кремль. Президенту РСФСР Б.Ельцину. 10 ноября 1991 г. С требованием немедленной отмены Чрезвычайного положения, введенного на территории ЧР, о выводе российских войск из ЧР. Газета «Голос Чечено-Ингушетии», 12.11.1991 г. № 218

50. Айдамиров А. Сихалла – бохаман накъост. Статья. Против перевода действующей графики письменности на латиницу. «Даймохк», 24.2.1992, № 39

51. Айдамиров А. Мехк-кхиэл. Статья. Мое видение его структуры, права и обязанности. «Даймохк», 24.4.1992 г. № 81

52. Айдамиров А. Дала шен оьг1азлонах лардойла вай. Статья. Призыв прекратить преступления, раздоры между властными структурами, прийти к единству и согласию. «Даймохк», 5.5.1992 г. № 17

53. Айдамиров А. Тейповый интерес надо оставить. Статья. Против раздробления чеченского народа по тейповым признакам. «Масла1ат», 23.8.1992 г., № 23

54. Айдамиров А. Нохчашна оьший шайн ненан маттахь газета? Круглый стол в редакции «Даймохк». 5.11.1992г., № 172

55. Айдамиров А. Разум должен восторжествовать. Интервью газете «Голос Чеченской Республики». 31.12.1992 г., № 233; 13.1.1993 г., № 2; 15.1.1993 г., № 3.

56. Айдамиров А. Я вижу очищение людей только в религии. Интервью газете «Зори ислама». Май 1994 г. № 2.

57. Айдамиров А. Вайн литература г1ара х1унда ца йолу? Интервью газете «Васт». Июнь 1994 г. № 8.

58. Айдамиров А. Вайн амалш. Сиркхонаш, къинош, лазамаш. Очерки нравственно-философского содержания. «Даймохк» 29 май

1994 г. № 20; 31 май 1994 г. № 21; 7 июнь 1994 г. № 22; 15 июнь 1994 г. № 23; 23 июнь 1994 г. № 24; 27 июль 1994 г. № 29; 5 август 1994 г. № 30.

59. Айдамиров А. Вайн амалш. Сиркхонаш, къинош, лазамаш. Газета «Васт», июль 1994 г.,№ 10.

60. Айдамиров А. Женщина- это сердце нации. Статья «Отечество». Приложение к «Даймохк», 1994 г., № 4.

61. Айдамиров А. К вопросу о характере движения кавказских горцев в XIX в. Газета «Республика», 22 июля 1994 г. № 10; 5 августа 1994 г., № 11.

62. Айдамиров А. 30 шо хьалха дийцира. Статья, написанная 30 лет тому назад. Изучение родного языка в школе. «Даймохк», 12.8.1994 г. № 31

63. Айдамиров А. Без чеченцев что за Кавказ? Интервью спецвыпуску «Российской газеты» о Чечне. Интервью взял Владимир Янченко. 6.10.1995 г. № 4.

64. Айдамиров А. Шаьш баьччанаш хетачийн барт хила беза. «Даймохк», 30.11.1995 г., № 33

65. Айдамиров А. 1ехалур дац вай. Интервью газете «Исламан з1аьнарш». 25.8.1991 г., № 13

66. Айдамиров А. Со дуьхьал ву нохчий бекъарна. «Маршонан аз», 15.10.1993 г., «Даймохк» 16.10.93 г., № 70

67. Айдамиров А. Зударий – къоман сий, къоман оьздангаллин куьзга. Статья. Из очерков «Вайн амалш…», «Вайнах сегодня», 1997 г. № 3-4, 1998, № 1-3 (7-9)

68. Айдамиров А. Мудрый народ войне предпочитает просвещение. «Грозненский рабочий», 6-12 июня 2000 г., № 21 (2086)

69. То же самое, «Независимая газета», 10 июня 2000 г.

70. Айдамиров А. Нам бы обменять автомат на знания. «Даймехкан аз» («Голос Отчизны»), октябрь 2000 г., № 1

71. Айдамиров А. «Думы о прошлом и настоящем». «Гумс», июнь 2000г., № 9

72. Айдамиров А. «Вайн Даймехкан, халкъан чевнаш ерзо еза, бертахь даха деза». «Гумс», 31 декабря 2001 – 6 января2002 г. № 27-29 (6599-6600)

73. Айдамиров А. «Корни чеченской трагедии», «Лам», март-апрель 2001 г. № 3 (7), ноябрь № 8 (12)

74. Айдамиров А. «Как остановить войну?», «Новая газета», 7-13 августа 2000 г., № 36





Халкъан яздархо Абузар Айдамиров



Айдамиров 1абдул-Хьакам (Абузаран да)



Вежарий - Абу, Абузар



1947 шо. Казахстан, Акмолински район



1953 шо. Фрунзе-г1ала



Айдамирова Мух1ажар (Абузаран х1усамнана)





1971 шо. Абузаран доьзал -
Совдан, Мохьмад, Машар, Яхийта



1983 шо. Абузаран доьзал



Айдамирова Седа



Тазуев Ш.,Мамакаев А.,Эдилов Х.,Айдамиров А.,
Джамалханов З. Алма-Ата.
«Къинхьегаман байракх» газетан редакци.1957шо



Мамакаева М.,Мамакаев М.,Сулаев М.,Айдамиров А.
1960шо



Литературни курсашкахь. Москва. 1969шо



Янгульбаев В. (1 секретарь РК КПСС), Власов А.В.
(1 секретарь обкома КПСС), цуьнан г1оьнча Батаева 1.
(председатель райисполкома),Эльсункаев В., Абузар.1976шо



1.Мамакаев, А.Айдамиров



1990 шо. А.Сулейманов, А.Айдамиров

Раиса Ахматова





Осмаев Асламбек



26 декабрь 1983шо. Нажи-Юрт. Культуран Ц1а.
Абузаран 50 шо кхачарна лерина юбилей



Айдамирова Машар, Салигов Леча



Бачи-Юрт.1989 шо.
Харжамхошца цхьаьнакхетар




Июнь,1989 шо. Грозненски аэропорт.
СССР-н халкъан депутат Айдамиров Абузар
1-чу гуламера ц1авоьрзуш



1990 шо. Ноябрь. Иордани, Зарка-г1ала.



1993 шо. 26 ноябрь.  Дудаев Джохар Абузар волчохь



1993 шо. 27 ноябрь.
Абузар, Сосланбеков Юсуп, Алсултанов Лом-Али



2003 шо. 23 октябрь. Гуьмсе-г1ала.
«Вайн амалш» ц1е йолу керла киншка йийцареяр





2004 шо. 3 апрель. Гуьмсе-г1ала.
«Еха буьйсанаш» трилоги йийцареяр





2004 шо. 3 апрель. Гуьмсе-г1ала.
«Еха буьйсанаш» трилоги йийцареяр





2004 шо. 3 апрель. Гуьмсе-г1ала.
«Еха буьйсанаш» трилоги йийцарейр







2005 шо. 9 апрель. Гуьмсе-г1алахь
Абузаран произведенийн ялх том,
«Дагийна латта» фильм йийцареяр





Недерсолта Эльсункаев



Руслан Нашхоев



2004 шо. Октябрь. Г1алара библиотека.
Абузар вина де даздеш.



Т1аьххьара цхьаьнакхетар...



2005 шо.Урус-Мартан.
Абузар д1акхелхана больница



2005 шо. Меската. Абузар д1авоьллина кешнаш



Мух1ажаран чурт.Абузаран а,
Мух1ажаран баьрзнаш ул-уллохь ду





Меската





Абузаран ц1арах урам



Абузар ваьхна х1усам



Абузар дуьненчуваьлла, бералла д1аяхна ц1а





2005 шо. 7 ноябрь.
Москва. Айдамиров
Абузар дагалоцуш
д1аяьхьна суьйре



2006 шо. 2 ноябрь. Айдамиров Абузаран музей схьаеллар




2006 шо. 2 ноябрь. Айдамиров Абузаран музей схьаеллар



2006 шо. 2 ноябрь. Айдамиров Абузаран музей схьаеллар





2006 шо. 2 ноябрь. Айдамиров Абузаран музей схьаеллар
















Абузар, Мунаев Исма1ал



Юнусов Хьамзат, Абузар